This document is part of The Vaynakh Vault archive
You can contribute right now to the conservation of our heritage at
vayvault.com

vaynakh
the vault

# АХЬМАДАН МУСА

# 1



# Нохчийн литература

«ДОШ»

Соьлжа-гIала
2005

# АХЬМАДАНМУСА
## Гулдина йозанаш
*5 жайнехь*

## 1-ра жайна
*Дийцарш,*
*Повесташ*

Соьлжа-гIала
«ДОШ»
2005

«Нохчийн литература» серин редколлеги:
Абдулаев Л. Ш., Айдамиров А. А., Ахмадов М. М. (председатель), Бексултанов М. Э.,
Джамбеков О. А., Минкаилов Э. С., Шамсудинов Б. Ш., Юнусов Хь. И. (жоьпаллин секретарь).

Вевзаш волчу яздархочун Ахмадов Мусан гулдина йозанаш
дуьххьара арахоьцуш ду. Уьш 5 жайнехь зорбатоха лерина.
ХIокху гуларехь цхьаьнатоьхна дийцарш а, повесташ а. Иттех

сов киншка (нохчийн а, оьрсийн а, французийн а меттанашкахь) арахецначу автора хIокху тайпана цхьаьнатоьхнарг ян а яц, ала мегар ду. «БочIа», «Деса бIар», «Десачу цIа чохь буьйса», «Денисолта», «Кхаа вешех туьйра», «Кхайкхар», «Хьан шовданан хиш», кхин дуккха а дийцаршкахь (дерриге 40 ду уьш), «Вокха стаг Очча», «Зингатийн барз а ма бохабелахь», «Иштта, дIавоьдуш, цу некъах ца туьлуш, чекхвала...», кхин а повесташкахь нохчийн къоман ерриг бохург санна синмехаллаш, синъоьздангалла карор ю. И мехаллаш говзачу маттаца, исбаьхьчу гIирсашца, тайп-тайпанчу басаршца, ойланийн бух боцчу маьIданашца ешархочуьнга кховдо хаар - и ю яздархочун говзалла кхиъна хиларан билгало.

С Ахмадов Муса. 2005
С Издательство «Дош». 2005

# …ТIевогIучунна ша а гайта

Шен ерриг а кхолларалла халкъан хазнех, цуьнан культурин буха тIехь кхуллучу яздархочух дийца атта хир ду аьлла хета дуьх хьара, амма хьо цунах, яздархочух, дийца волавелча, хьо халкъах дийца дезаш хуьлу, цо мел бинчу некъах, цу халкъан тахненах а, хIунда аьлча автора, Ахмадов Мусас, дуьйцуш терахьаш а, я гойтуш тIемаш а боцуш, шен турпалхойн амалшца и дерриг а хьох чекхдоккху, атаделлачу куьзган чохь соьцумаьлхан зIаьнарш санна, хIора а хьаьрк шен-шен метта дуьллуш, хьан сих са хьарчош, цIеран меттанаш цIарах санна.

Массо а жанрехь къахьоьгуш волчу муьлххачу а авторан цхьа жанр коьрта хуьлу, цо ша иштта ца ларахь а. Борис Пастернакан поэзи ю механа цунна Нобелан преми делла йолчупрозел а. Иван

Бунин дика поэт а, прозаик а ву, дуьненна прозаик санна вевза, поэт санна а ца вевзаш. Ахмадовс прозехь а, поэзехь а, драматургехь а яздо, амма суна проза нуьцкъала хета цуьнан кхийолчу жанрел а, хIунда аьлча, прозехь автора дуккхачу а адамийн кхолламаш, церан дахар, хиламаш, Iотбаккхамаш, къоман иэс, бIешераш, истори юьйцу.
Суна Ахмадов Муса студент волуш дагавогIу, дагавогIу юха дешна ваьлча а, университете балха вуьтур ву аьллачуьра, коммунизман идеологаша, кхера а белла, ламананюьрта хьажийна волу, Соьлжа-гIалина гена воккхуш.
Цо ишкол дашон мидалца чекхйоккху (схьаелла йоцчу), иштта чекхйоккхууниверситет а. Берахь дуьйна яздархо хила шен кхоллаелла ойла цушерашца чIагIъеш, шина-кхаа накъостаца «Пхьармат» цIе йолу литературни цхьаьнакхетаралла кхуллуцо, ша студент волуш.
Накъосташа иза шайн куьйгалхо а хоржу тIаккха. Уьш дукха хуьлу, ткъа а, ткъе итт а. Мусас цхьа а ца къахкаво, мелхо а юкъаозаво, тIехваларна кхоьруш санна. Тайп-тайпана нисло цу кхерча богIу нах: цхьаберш моттаргIанаш лелош хуьлу, доцург ду бохурш а, хIума хуьлийла ца луурш а, вуьйш боккъал а литература езарш хуьлу, «литература» цамгар кхеттарш.
Ахмадов тIаьххьарчех хуьлуша.
Амма… амма и кхерч а бохабо, цу юкъабогIу уггар а тоьлла яздархой «националисташ» а кхайкхабой, обкоман (хIетахь яр-кх обком а, КПСС а) карзахечу сацамца. Юьхьарлаьцнарг Ахмадов Мусан «Сай» боху поэмий, «Нохчийчоь» цIе йолу стихотворений хуьлу, хьалха цIе йоккхушАбдулаев Лечин «Пхьарматхошка» боху стих а йолуш.
Студенташна выговорш до, университетехь кхелъяран гуламаш а беш, хIорамма а шег-шегара (цхьаъ вукхул тола гIерташ) цхьацца цIераша кхуллуш. «Пхьарматхошна» Iуналла деш хилла яздархо, Музаев Нурди, шен балхара пенси вохуьйту, университетера дIа воккхуш.
«Пхьарматхошка» бистхила баьхьаш кIезиг нах хуьлу, салам далар-м мича дуьйцура; уьш бовзар а бала хилла хуьлу, маццах цаьрга ладегIар а: шен балхах кхоьру хIора а, карьерах, ша-шех.
ТIаьхьуо цхьана тобано, «Пхьарматна» юкъайогIучу, Москохарчу Кремле кехат яздо. И кехат, цхьаболчара байракх а йина дийцина долу (Ахмадовс цубуха куьг ца таIор а хьехош), сан дешар а ца хиллера ткъа шо зама яллалц: иза чIогIа балхаме кехат а дара, махках ваькkхина Солженицын а (иза бакъдеш), шайгара баьлла бехк а (цхьа бехк а

боццушехь), и бехк шаьш хиъна хиллехь нисбийриг хилар а дуьйцуш, яздина. «Пхьармат» тIаккха «юхаденйира», обкоман тIома кIел а хьош, алапица мах хадийна керла пирсдатал а хIоттош.
Амма… амма цунах кхин цкъа а хьалхалера «Пхьармат» ца хилира, «Пхьармат»юьйхира, йоьхна аьлла дIакхайкхийна билгалдаккха де а доцуш.
«Пхьармат» ша-шах дIасаелира, я телхира, бахкабелла стомма талххара, декъашхой а азлуш, юкъ-юкъара тоьл-тоьлла, похIма мел дерг дIа а къаьсташ: дагара дийца дог даьллера, чам бовза чам а ца биснера. Цхьабакъду, нохчийн керла, исбаьхьаллин олуш йолулитература «Пхьарматан» декъашхоша йолийра Нохчийчохь, ткъоалгIачу бIешеран дезткъалгIачу шерашкахь. Царах цхьаъ я коьртачех Ахмадов Муса а вара. Мусан проза, керла хилла ца Iаш, ша къаьсттина, дуьххьара яра, реализмаца цхьаьна гротеск а, Iаьржа забар а, къайлах гайтар а (иносказание), модернизм а, фантасмагори а йолуш шеца.
И дерриг а масех агIо бен йоцчу цхьана дийцарехь а нислора: «Денисолта», «Зама», «Десачу цIа чохь буьйса», «Телефон», «Тиша эчиг гулдар», «Къоьзана-Iам», кхин а. И тайпа дийцарш нохчийн литературехь хьалха хилла а дацара: забаре дерг забаре дара, алхха йолчу цхьана забарца, балхах лаьцна дуьйцучохь, белхан тема ма-хиллара, кхин хьахош хIума а доцуш.
Ахмадовс дийцаран кеп хийцира, яц моьттина таронаш дийцаран хила йишюй а, уьшюкъайохуш верг, я кхечухьа цкъа хилларш шен къоман литературехь йовзуьйтург яздархо вуй а хоуьйтуш.
Муьлхха а жанр яздархочо кхуллуш а, яздархочо денъеш а ю, и цхьа жанр дешархошна марзйийриг а яздархо ву, А. П. Чехов а, Ш. Андерсен а, Ги де Мопассан а, Джек Лондон а, Ю. Акутагава а санна.
Ахмадовсшен кхолларалла дийцаршкара йолийра, юкъ-юккъехь стихаш а йолуш, цу дийцаршца чIагI а йира, ахбIе гергга яздинчу, хIораннан а шен-шен кеп а, композици а, тема а йолуш: бер долчохь бер хуьлура, беран дац моьттучу, шен чолхечу дуьненца («Телефон»), жима стаг а вара иштта къаьсташ, уьйриго эханг санна, бен-бен ханюцуш волу («Зама»), дахарх чекх са гун воккха стаг лакхе а йолуш («Денисолта»).
Дуьххьара дерг дуьххьара хуьлу, цундела хуьлу ца кхеташ а, керлачун мах тIаьхьуо бевза. Ахмадовн цхьаццайолу произведенеш суна хIинца

диках кхета хьалхачул а: «Зингатийн барз а ма бохабелахь», «МаьркIажехь дитташ», «Мохк бегийча», «Буьйсане доьдура хи».
Оцу массо а произведенешкахь гуш берг лазам бу, къинхетамах хьоьгулазам, садеIа доцу адамаллин аьхна хIаваъ, дуьненах абаде еш, ша-ша даьлла хьийза адам а. Уггар а къиза чулацам – адамаллера ваьллачу цхьаммо дийнна мохк хьашар – «Зингатийн барз а ма бохабелахь» цIе йолчу повестехь а хаало суна, цхьа пачхьалкх я дуьне духуш сайна гуш санна хеташ: юрт – иза дуьне ду, цхьа доьзал пачхьалкх а йолуш, цхьана стагах долу зулам кхулаьттан лахьта а ду.
И повесть кхайкхам бара, вайга хилла ца Iаш (вайна-м иза ца хезира), вайн хинйолчу тIаьхьенашка: Дела а, дин а, я кхетам а боцуш волчу цхьана стагера даьржа ун дуьненна а бале долу.
Авторан болчу кхиамех, ша къаьсттина схьаэцча, и повесть коьртачех а ю, кхиерш ца хьехийча а, уггар а лекха лакхе «МаьркIажехь дитташ» а йолуш. Ахмадовс шена дийцаршкахь карийна йолчу хормех (къаьсттина «Зама» цIе йолчу дийцарехь хиллачух) «МаьркIажехь дитташ» роман язъеш пайдаийцира, мискъалазарратал гатдинчудоккхачу дуьненахь турпалхочун дей-буьйсий дуьйцуш. Иза цхьана авторан хилла ца Iаш, нохчийн литературин кхиам а бара. Цигахь, цу романехь, дуьне гар массо а агIонгахьара оьхьна ду, коьртачу турпалхочун сица гайтина ца Iаш, дешархойн хинйолчуойланашцца а гойтуш.
Цигахь дийнна къам ду, цхьана стеган вахарца дуьйцуш, цу къоман хьал, цухьолан башхалла а. Вайна гушхета, кел арахьара, тIехулара долу дуьне дерриге а тIекIелдоккху автора, Аьстамаран деган лехамашцца, синан кхайкхарца, бIаьргашна схьагуш дерг бакъ доций а хоуьйтуш.
Суна дагайогIуи зама, адамаша кеп лелийна зама, моттаргIанех дахар а дина, туьтмIаьжгашца даьхна къам. Аьстамаран гIайгIа иза ю, ша-шеца цхьалха висар, шех кхеташадам а доцуш, ша-шега ден хеттарш. Муьлххачу а къоман литературин хатI, чулацам, цу литературехь лелохорманаш, кепашкъоман амале хьаьжжина хуьлу, тIехула дерш дIадевлча, бухахь къоман амал а юьсуш.
Ахмадовн цу кепехь язйинчех «Сатоссуш, седарчий довш» цIе йолу роман а, «Зингатийн барз а ма бохабелахь», «Лаьтта тIехь лаьмнаш а хIиттош» боху повесташ, цхьамогIа дийцарш а ду.

Вай лакхахь йийцина роман («МаьркIажехь дитташ») нохчийн прозехь экспериментальни ю, дуьненан литературехь лелачу гIирсашца язйина, цундела вайна хала а ю, ца кхеташ санна хеташ, аьлча а вайна ца евзаш. Нохчийн дешархой хабаран прозина Iемина бу, некъан тай санна, нийсса хьалхахь гуш долчунна, элирий-бахарий дерг коьрта хьесап а долуш.
Вайна, нохчашна, коьрта хета яздархой Александр Дюма а, Вальтер Скотт а, Джек Лондон а ву, вайн амалца вогIуш хеташ.
Амма литература иза яц я иза хилла ца Iа, литература Достоевский а, Гоголь а, Маркес а, Фолкнер а, Камю а, Кобо Абэ а, Хуан Рульфо а, Борхес а, Онетти а, Кортасар а ву, цаьрца цхьаьна Ахмадов Муса а волуш.
Дахар чолхе ду, проза санна, цхьана а авторе цкъа а язлур а доцуш, хIора а адам къайле а ю, цхьаъ вукхул йоккха а йолуш.
Мусан тIаьххьара «Буьйсане доьдура хи» цIе йолу романпритча ю, ирреальни реализм, хьере хьал кхетамца гар, цухьолехь воллучунна цкъа а ган йиш йоцуш долу.
Массара а, дешархоша, цхьабосса дика, я цхьабосса вон тIеоьцушйолу произведени къаьсттинчуцхьана заманна ю, цхьана хиламна, цундела ю гIийла а, шерашкахь дахар а доцуш.
Бакъволчуяздархочун произведени, шен заманан хилла ца Iаш, тIедогIучу чкъуран а ю, я, ма-дарра дийцича, цу чкъурана язйина.
Ахмадовн керл-керла араюьйлучу яккхийчу произведенеша цакхетар а, кхетар а кхуллу, дешархой дIаса а боькъуш. Церан кхиам иза а бу – юкъараллехь гIотту къийсам.
Муьлхха а произведени кхуллучу авторан Iалашо, жанр бен а йоцуш, адамна некъ гайтар ю, цунна ша адам дуйла хаийтар, цу адамна даха гIо дар, цунна ша довзийтар а. Айса маццах, ткъа а, пхийтта а шо хьалха ешна хилла Ахмадовн произведенеш шайн коьртачухаттарщца тахана а дуьхьал лаьтта суна, цхьа-ши агIо бен йоцчу жимчу дийцарна тIера кхо бIе агIо йолчу романна тIекхаччалц.
Цупроизведенешкахь хилла долуIаламан сурт а го суна, «БочабIарийндитташа гIовгIа йо»дийцарехьхьекхнамох а хезаш, некъан йистошкахь лаьттачукоьллийн догIано тIадор а гуш(«МаьркIажехь дитташ»).
Суна «Мохк бегийча» повестехь кIантана тIехаьрцина бIов, тахана а иштта херцаш го, денна-денна адамаш а леш. Авторан син хьал,

цуьнан деган гӀайгӀанаш вайн мехкан хьелашду, ца Ӏенаш бузу хӀорд санна, ца нислуш лаьтташ долу. И хьелаш Мусас шен хӀора а произведеница кхайкхадо, дийцаршкара повесте вуьйлуш, романера – пьесашка.
Цуьнан тӀаьхьхьара, «Нохчийн гӀиллакх-оьздангалла» боху Ӏилманан болх цу кхайкхаман орца а ду.
Суна лаьа, ша каралоцучукиншкин автор мила ву, цо и киншка хьанна язйина хӀоранна а вайна хаьийла: цо иза халкъана язйина, кхухалкъахиэс дита, халкъ дахийта, данца дайта, халкъанашен некъ гайта, дагалецамаша бералла санна, хьуна хьуо гайта, суна суо а, тӀевогӀучунна ша а гайта.
**БЕКСУЛТАНОВ МУСА**
# ДИЙЦАРШ
# САРАХЬ
### Сарахь [1]
Шовзткъа километр гойту спидометро. Юкъ-юкъа тохалуш цхьанаэшшарехь йоьду автобус. ХӀора а, цхьацца деш, я хӀумма а ца деш, ойланашка ваьлла, набаран тар туьйсуш Ӏа.
Меллаша автобус а сацийна, неӀарш еллаялийтира шопаро. Чувелира тиллина лекха нохчийн куй а болуш, карахь Ӏаса йолуш волу цхьа воккха стаг. Хьалхарчу гӀенташ тӀера масех стаг хьалаикккхира: «Охьахаа, воккха стаг»; «ХӀоккхуза, со ирахь латталур ву»; «Дера хуур ву-кх»; «Схьавола, кхуза хаа…» – гӀовгӀа елира автобус чохь. ТӀаьххьара а воккха стаг охьа а хиъна, автобус тӀера нах дӀатийра. Юха а меттахӀоьттира тийналла.
КхоалгӀачу гӀанта тӀехь хиъна Ӏачу, ткъеитт сов шо хир долчу цхьана стага шена уллорчу накъосте элира:
– Ас цхьа хӀума дийца хьуна.
– Дийцахьа, – ша доьшуш долу газет портфель чу а кхоьссина, ладогӀа кечвелира важа.
– Дика ладогӀалахь, вай кху чохь Ӏар санна бакъ ду-кх иза…Дахана Ӏа Ӏаламат шийла деара вайна. Цкъа а ца хиллачу кепара доккха ло диллинера, вайн ламанан районехь къаьсттина доккха. Цундела, гӀалара кхуза йогӀучу автобусан маршрут цхьана ханна дӀаяьккхинера.

Некъаш вон дукхузахь. Iаьнан заманахь ша а хьокхий, къаьсттина шера хуьлу. ТIаккха-а, дIадуьйцуш ма вара со.
Автобус дIасацийча, боккха аьтто баьлла хьийзара долахь машенаш ерш. ХIора дийнахь санна, тIетухура цара мах. Цхьана шийлачу дийнахь, суьйренца цIа ван дагахь ваьлла со а ву, со санна дуккха а нах а бу. Эццахь еана схьаикккхин, хьуна, цхьа къона зуда.
ТIедуьйхина, шелонга хьаьжча, ледаро барзакъ а ду кхуьнан.
–Шуьйта воьдуш цхьа а вац шух? – хаьттира цо лаьттачу долахь машенаш йолчаьрга.
– Ву со-м, хIун бохура ахь? – вистхилира царех цхьаъ, хенаро стаг, дукха варстарна даьтта тIе а даьлла йолчушен юьхьах куьг а хьокхуш.
– Деллахь, ма цIа кхача дезаш яра со.
– Юьгур ю-кх, ахча лахь.
– Мел дала деза?
– Мел ца мел хаац суна, тхан мах цхьанна тIера 5 сом бу. Хьайца кхин кхо накъост а лахий, схьайола.
– Пхи сом? Соьгахь-м кхо сом бен дан а дац.
ЦIерачарна а ца хоуьйтуш, тахана больницера араяьлла со, – гIийло эли зудчо.
– Пхи сом дац?.. Пхи сом доцуш, хьо хIунда яьлла
Шуьйта яха, дуй? Пхи сом дацахь, хьайн больнице дIа а яхана, дIайижча тоьла хьуна, дуй, тIехьаьжча а ю хьо беса…Вахь-хьа-хьа…– велавелла, ша аьллачух чIогIа там хилла, ирх хьийзина шен мекхаш кхин тIе а хьовзийра вукхо.
– Деллахь, къонах, хьоШуьйта хьалакхаьчча, аса итт туьма а лур дара хьуна. ЦIахь кегий бераш дара сан, царна сагатделла йоьдура со, – хIинцале а шелъяларна, «гарранцехь» егош, юха а элира зудчо…
Суьйре екхнера, гIоро йолаеллера. Ло «кIанццIехь» цIийзара гIашлойн когаш кIелахь.
– Э, дIаяла, цунах гIуллакх хир дац, – машенан багажник хьала а йиллина, цу чу корта а боьллина, цхьаъ леха хIоьттира важа. – Бераш, дуй, хилар дика ду. Сан а ду бераш. Берашна, дуй, са ма гатде ахь, майра вац хьан цIахь, цо Iалашдийр ду хьуна. Шен сих яьлла хIума, мацах гIалгIачунна а дайна, еза кхоьллина хьуна…Вахь-хьа-хьа…
Уллорчу нахах цхьабершшайна ца хезачуха лаьттара; вуьйшкхузудчух къахеташ, делахь а вукхуьнга хIума ала ца хIуьттуш, лаьттара.
Дуьххьара дуьйна и зуда тергалъеш лаьтташ со а вара, иштта, оцу

шопарна тӀера бӀаьрг дӀа ца боккхуш лаьттара Гураш-дукъара бӀаьрг баьллачу Сайд-Хьамидан кӀант Леча. Цунна со ца вевзара, суна иза вевзара. Цо хӀун до техьа бохуш, и тергалвеш лаьттара со. Цуьнан кхохкийначуюьхье хьаьжча, хаьара иза чӀогӀа оьгӀазвахна хилар. ТӀаьххьара а – кхин сатохаделла хир дацара цуьнга, – тӀе а вахна, багажник чу охьатаьӀна воллушопар хьала а таӀийна:

– Кху машенан мах хӀун бу хьан? – хаьттира цо.

– Муха? Аса-м 9 эзар делла кхунах…

– Аса иза ца боху, Шуьйта вогӀург мел ахча деза хьуна, боху? Цу тӀе хьуна ша санна шера хаа а хаьа, ас хӀун хоьтту.

– ХӀа-ан, и ду и?Ши туьма доккху-кх веанна тӀера, дуй, – мекхех куьг хьаькхира шопаро.

– Делахь хӀара ши туьма ду хьуна, и зуда цӀа кхетаехьа, – кисана куьг а дахийтина, шина туьманан цӀен ши кехат кховдийра Лечас.

Цкъа хьалха, масех сикондана цуьнгарчу ахчане а хьаьжна, тӀаккха, мелла а уллорчу нахаца шен йолчу йохьана, Лечас шега оццул эвхьаза аларна, ла ца делла:

– Ца кхетайо ас, – элира цо.

– ХӀунда ца кхетайо ахь?

– Иштта, аса ца кхетийча, хӀун дан воллура хьо? – шен иштта а тӀедаьлла ге кхин тӀе а даьккхина, вусавелла, боргӀал санна, дӀахӀоьттира важа.

– Хьуна дан хӀума а дац, амма ахьа дуу хӀара дуьне ца дууш сагӀа дехар гӀоли ю хьуна, ге хиларх ца хуьлу къонах.

– Хьан ворхӀе а дена хуьлда ворхӀ наьӀалт! Аса со къонах ву-вац хоуьйтур ду хьуна! – аьлла, багажник чу кхевдина, цу чуьра монтировка а айбина, чухьаьдира гедерг.

Амма иза кхин хӀума дан кхиале, цуьнан айъинчу куьйга кӀелшен аьррупхьарс а тосуш, аьтточуьнца белш тӀера чӀоггӀа иза дӀататта ка делира Лечин. Когаш тӀера галваьлла, машенна юххехула чувуьйжира важа.

– Цу тӀе даьлча-м, хьан хама а боцуш, аса айса кхетор юизаШуьйта. Схьайола, чухаа, – машенан неӀаран тӀам схьалецира Лечас. Бетах чопаш йина чугӀертара важа. ХӀинца-м гена дала доллу хӀара, аьлла юкъагӀоьртира со а, кхин ши стаг а. Царех цхьамма эли:

– Деллахь, къонах, соьга хьалайигийтахь и зуда, аса юьгур ю иза Шуьйта.

– ХӀан-хӀа, цуьнан машенца кхетор ю аса…
– Хьашт доцург дуьйцу ахьа, – эли аса. – ХӀара девнна тӀе а ца доккхуш, ӀадӀе.
Тхо и къамел дуьйцуш лаьтташ гедолчо:
– Со стаг вац хьуна аса хӀара хьуна дитахь, – аьлла, машен чу а хиъна, дӀахаьхкира. Массо а цабезамца тӀаьхьа хьоьжура цунна, машенийн гуламехь цуьнаниг къайлаяллалц.
– Аса кхетор ю иза Шуьйта дӀа, – элира хьалхарчо.
– Деллахь кхетор яц, хӀара ши туьма дӀа а ца оьцуш-м.
– ХӀан-хӀа, ца оьшу, – дуьхьалвелира шопар.
– Аса дуй биъний, дӀаэцал.
– ВаллахӀ ца оьцу-кх, дӀавала. ХӀара-м доккха хӀума дацара, схьаяло, зуда, чухаа, кхин а даккхий хӀумнаш делара аса дан дезаш…
– Деллахь, кӀант, суна эхь хетийти ахь. Дела реза хуьлда хьуна, баркалла. Хьо мичхьара ву а, хьайн цӀе хӀун ю а схьадиийцахь суна, – элира зудчо Лечига.
– Сан цӀарах дан хӀума дац ахь. Хьан некъ дика хуьлда, – аьлла, иза хьала а хьажийна, дӀавахара хьуна и кӀант. Долчуьнгахь ду хьуна гӀиллакх а, хьекъал а, эхьима а, доцчуьнгахь дац…
Лаьмнаш пурх хедош, баьккхинчу, хьийзачу новкъахула йоьдуавтобус. Бухахь, тӀулгӀеш бердех етташ, уьду Орга.
Ткъа автобус чохь хӀора а, цхьацца деш, я хӀумма а ца деш, ойланашка ваьлла, набарна тар туьйсуш Ӏа.

# ШИ СОМ

**Ши сом**[2]

«Мурай байина корта[3] … ХӀун дуьйцу цу топонимически цӀаро? Хетарехь, цкъа дукха хьалха цхьа къам хилла хир ду-кх, «мурай» бохуш. Хаац. Я тайпа хила а тарло. Бакъ ду-кх топонимика меттан Ӏилма хилла ца
Ӏаш, историн а, этнографин а Ӏилма ду бохург. Цхьа доккха исторически хӀума доьзна хила тарло цу цӀарца…»
– Хьусайн, схьаволахьа, – цӀеххьана декначуозо шен ойланех юкъахваьккхира лекхочу дегӀахь волу жима стаг.
– Роберт, ахь хӀун леладо? – тӀевахара иза, машен а сацийна, цуьнан корах арахьоьжучу, багахь узуш цигаьрка а йолуш волчу жимчу стагана.

Машен чохь, тIехьарчу Iойлахь хиъна Iара бен ца хетачу синхаамах дуьзна бIаьргаш долуши йоI.
«Цкъоцкъам хадош жима муо аьрру агIорчу бIаьрга тIехь…Хьаьрса месаш…Уьш цкъа а ца хеттачу кепара стенна хета? Хаза-м ю йоI…»
– Хьусайн – вовзал сан доттагI, – шина йоIехьа вирзира Роберт.
ТIаккха хIоранна а тIе куьг хьажош:
– Кхуьнан цIе – Эмиля ю, цуьнан – Зоя, – аьлла, машен чуьра аравелира иза.
– Соьца уьш шиъ ю. Сакъоьрур ду вай, валохьа – элира цо.
– Ахь, боккъал…И хьаьрса месаш, цкъоцкъам тIехь жима муо а болуш ерг а ю иштта…
– Цхьаъ бара уьш-м, валохьа.
– Ца вогIу со… йиш яц… хIан-хIа…
«Дешин месаш, бIаьрга тIера жима муо…Мила тешар вара цуьнан хазаллица…Хьуна ца моьттург хуьлу-кх.
Кафе а схьакхечи-кх со…
Дикчу динахь аравалахь,
Кхочур тойне я тIам тIе,
Вир тIе хиъна аравалахь –
Вир дежачу бIаьаш тIе,[4] – бохучунна а дайна,
Вуьзна волуш аравалахь,
Кхочур кинотеатре.
Меца волуш аравалахь –
Я кафе, я столове.
Цхьана соьмана хIума кхоллур, вукхунах – билет, кхоалгIачух Дургина кампеташ хьур ю. Ма хазахетар ду цунна! «Ваша, суна яздан а ма хаьа, хьажал», – эр ду цо…
Мурай байина корта… ТIом хилла хила тарло цигахь…Тахана-м дика ма ю бифштекс…»
– Хьоьца кхин стаг-м вац, охьахаа мегар дуй? – хаьттира цуьнга цхьамма.
– Мегар ду.
– Хьо доьшуш хир ву, я болх беш?
– Доьшуш ву…
– Нохчий дукха буй шуьца?
– Дикка бу.

– Вайн халкъах доьшуш нах хилча, чIогIа хазахета суна. Со-м виси хьуна, суьрташ дахкар чIогIа дукхадезаш вара со…
– ХIунда ца дийшира ахь.
– Иза йоккха истори ю… Цу тIе цомгаш а ву со.
Хьажахь, Н. гIаларчуполиклинике хьажийна со, – шен киснара хьаладаьккхина цхьа кехат кховдийра цо Хьусайне.
– ХIара цамгар-м хIинца лоьраша дIайоккху…
– Йоккхура хьаха, хIара дIовш ца мийлахьара-м, – шен карара эхханал тIехдоккхуш доьттина чагIар гайтира цо.
– Иза дита деза.
– Дита-м ца ло. Цига дIавахча – дIавахарх дерг хир ца хир-м ца хаьа суна – дита хьожур ву-кх.
– Ваха веза, лоьраша гIолий йийр ю.
– Муха воьду, карахь кепек ахча а ца хилча.
«Н. гIала воьдург мел лахара а 2 сом ахча доккху.
Соьгахь 2 сом 30 кепек ю. Хьажахь, оццул къона воллушехь, йовхарийн цамгар кхетта… Цуьнан-м ваха, мехкарий беза, кхоллараллин болх бан дезара…»
– Ахчанца «дика» со а вац, делахь а хIара ши сом ахьа дIаэцча, хьайна билет эца, суна дика хетар дара.
– ХIан-хIа, дIавала, мелхо а со ма ву хьуна дала дезарг, хьо студент ву.
– ДIаэца, соьгахь кхин дац хьуна… Хьан цIе хIун ю?
– Казбек.
– Сан цIе – Хьусайн. Эцца Г. урамерчу юкъарIойлехь ву хьуна со. Хьуо гIала веанчухула вола. Хьуна
Дала маршалла дойла.

* * *

«Тахана цIа вахарх дерг а ца хили. Тховса цхьаьнгара сом а даьккхина, кхана Iуьйранна йоьдучу автобусца цIа гIур ву-кх. Казбек… хьажахь, оццул жима воллушехь… Дика гIуллакх хир ду цунна оцу шина соьмах… Больницера тавелла и цIа вогIур ву. Къаьркъа а дитина, ваха охьахиъча, со дагавогIур ву цунна.
Ма баркаллаш бохур ду цо суна…
Массо хIума а нисдала ма-деззара ца нисло дахарехь, ахча а хила дезачуьнгахь ца хуьлу. Бакъдерг дийцича, дерриг а стагана ма-хеттара хилча, хаза а хир дацара ваха. Къийсам, лехам – иза бу дахар исбаьхьа хоьтуьйтург…

Ша лелориг цхьа дош дубохуш лела-кххIара а, мохь хьоькхуш… Къаьркъа дахарехь коьрта Iалашо хилча, адаман сибатара дIаволу стаг…ЭхI, и мила вара? Казбек…»
– Казбек, хIей, ахь хIун леладо?
– Хьан хIун б-бала бу-у…Пошол…
– Хьо больнице дIа ца вахара?
– Хьа-хьа-хьа, хьо вара иза… Больницехь ас хIун до? Цигахь чагIар а ца ло…
– Хьо-х цомгаш ву.
– Со?.. Хьа-хьа-хьа. Аса хьо Iехийра… Иза… иза сан вешин направлени яра… Ва-хьа-хьа-хьа-хьа…
Делахь а хьо воха ма воха, аса, цкъа мацца делла а, дIалур ду хьуна и сом…
– Воьхна вац со-м. Делахь а… Халахета-кх, ас-м сайн доттагIчунна санна, хьехар динера хьуна, хьо ца кхетта-кх.
– ДоттагI?.. Сан цхьа а вац доттагI... О, сан даггара доттагI велахьара, хала дацара хIуъулан а. ДоттагI боху ахь, доттагI цхьа а вац…массо а ша-шена ву…
ДIахьажахьа хIокху гIалане: массо а шений-шений...
ХIаъ, массо а... хьо-хьо кхетий... шений-шений хьаьдда-ведда лелаш ву-кх... Хьоь схьа а хьожур вац цхьа а, хьоьца бала а бац цхьаьннан а... ДоттагIий хилахь а, шайн цхьана аьттонна хуьлу...
– Массо стаг а ма вац цхьатера. Хетарехь, хьуна цхьа гIело хиллачух тера ду, цундела…
– ГIело?.. Суна цхьамма а йийр яц хьуна гIело…
«Хьажахь, ма сиха оьгIазваха. Ша-шена везар-м ду гIехьчул а сов. Хетарехь, цхьа бохам хиллачух тера ду кхунна»
– Ас-м иштта ца бохий, хьо ца кхийти сох…
– Со кхета. Хьуо сан доттагI ву ала воллий хьо. Давай, хилахьа сан доттагI… Суна атта ду моьтту хьуна доттагI воцушваха…ХIаъ, сан даггара доттагIий, суна а, цунна со а везаш йоIIий хилча, соьга ца далушхIумма а хир дацара кху дуьненахь…
ЙоI-м сан яра. Цунна со а везара цкъа… Суна-м и хIинца а еза… ХIун дийр ду иштта хилир-кх: цо со дIакхоьссира…
Жима йолуш дуьйна ма яра суна и езаш…Цкъа тхо цIазамаш лахьо хьуьнха дахча, цунна моьлкъа гинера…

Кхераелла, ерриг егайора иза. Ткъа ас катоьхна схьа а лаьцна, лаьттах тоьхна бийра иза… Ма цецъяьллера иза, аса моьлкъа схьалаьцча…
Хьо сох вела ма велалахь, суна деза хIумнаш ду хьуна уьш…ХIаъ, собар…
Хьо суна хIинца дуйнаш баа хIуттур ву, хьуо ца воьлу бохуш. Нийса элин аса… Хьа-хьа-хьа. Со-м теша хьох…
Цхьана дийнахь ишколехь Зеламхас – тхан классехь доьшуш цхьа кIант вара иза – кIела ког тесна, охьатуьйхира и. ТIулга тIе а кхетта цкъоцкъам хадийра цуьнан. ЦIий дара кIайчу юьхь тIехула охьаоьхуш. Цунах жима муо бисира цуьнан, цкъоцкъам хадош…ХIетахь тхойша вовшашна дезара.
Цо соьга хIун олура хаьарий хьуна: «Казбек, хьо
Казбек-лам санна генахь хилча а кхочур яра со хьуна тIе…» Хийла, суьйранна чувирзича, юх-юха сайн дагахь олура аса и дешнаш…
ХIаъ, дера, Хьусайн, дуккха а хIумнаш хийца ма делла хIетахь дуьйна…Со арме ваханчушина шарахь, дукха хIумнаш хийца ма делла…Элимех – Эмиля хилла, Рамзанах – Роберт… Иза цкъа а цуьнга дIахьажа ешаш а ма яцара…Цунна жима волуш дуьйна суначул а диках ма вевзара иза…ХIинца-м нийсса бIостанехьа хийцаелла цуьнан ойланаш. Аса тхайн безам дагабаийтича: «И бераллин харцахьа леларш дIадевлла», – элира цо соьга…
ХIун тайна Элимина цуьнгахь?..
Цуьнан ден ахча хилча хIун ду, цуьнан шен машен хилча хIун ду?Шен да велла дисарг, и ахча даккха хала ма дац, вайн заманахь-м муххале а…
ХIаъ, иза жима йолуш дуьйна ма яра, шена цхьа жимма а совгIат дича, хазахеташ…Оцушина шарахь
Рамзана шен совгIаташца Iехийна хир ю-кхий иза…
Ас-м Элимин бехк а ца бо. ЙоI – зезаг ма ду, даима шена тIехь Iуналла латто дезаш: Iуьйранна-суьйранна хи тухуш, догIанах-ткъевнах лардеш… Нийсса шина шарахь Iуналла ца деш зезаг ярашлахь дитча, иза царех дIа ма оь. ТIехь Iуналла доцуш доккхуши шо дукха хан ма ю йоIана, хазчу йоIана-м муххале а…
Иштта ду гIуллакхаш, Хьусайн…
ХIинца со цIа кхетавехьа, М. урамехь Iаш ву хьуна со…

* * *

Казбек шайн цIа дIа а кхетийна, цхьана тийначу урамехула схьавогIучу Хьусайнна хезира шен цIе йоккхуш.
– Роберт, хьо суна тIаьхьа лелаш-м вац? – элира цо.
– Хьуна тIаьхьа лелаш-м вацара со, вуьшта дика-м ду хьо сох кхетта. Валохьа, машен чу хаахьа… Эцна малар а, закуска а эрна йовш льаттакх. Тховса, цхьаши йоI а ялийна, сакъоьрур ду вай…
– Ши йоI?..
– ХIаъ. Цушинна ца лиира сакъера. Амма вай доьхна-м дац. Уьш, шаьш дохкобевлла, кханнехь суна къежар бу хьуна. И саннарш хьовха, царел хазаберш вайшинна ткъе иттех сов ца караяхь, со со вац-кх хьуна, вало, чу хаа…
– ДIавала, ца вогIу со… ван йиш яц… ХIан-хIа… ца вогIу.
«…Шен малар, закуский эрна ца яйчахьана, бен а ца хета кхунна-м, ша хIуъу лелийча а…
Ма дика ду и шиъ цуьнца «сакъера» реза ца хилла.
Хьажахьа, ма даг чу йижнера и йоI суна…
Ма тамашийна хIума ду цхьана дийнахь масех стеган кхоллам бовзар…
И сайна мел даг чу йижнехь а, цуьнан, Казбекан безам юха меттахIоттор ду сан декхар. Кханнехь аравала деза и йоI лаха…
Хьажахь, Рамзане и хатта вицвели-кх со…
Сан топонимиках йолу доклад а йиси…»
Эццахь, ойланан кийсикийн тай хаьдда, набаран тар тесира Хьусайнна.

# ДАШО ОР

**Дашо ор**[5]

«Дукха хьалха Гуьржехара цхьа адамаш летта ЦIесайн[6] тайпа дехачу юьртана тIе. МостагIий дукха а, къиза а хилла. Шайн ма-хуьллу дуьхьало йина юьртахоша царна. Амма ницкъаш цхьабосса ца хилла… ТIаккха тайпанан тхьамдас сацам бина юрт юьтуш бухабовла. Оьшшучул ницкъ а IаIийна, юхабахка, мостагI хIаллакван. Бухабовлуш тайпанан хьал – деши, жовхIарш, тхьамдас бIов чохь дIадехкина. Муьлха бIов ю, шен кIанте бен, цхьаьнгга а ца дийцина. «Хьанна хаьа, ас деши мичахь ду массарна а дIадийцича, цхьанна вухаван дагадогIий а, мостагIца берта а вахана, цуьнца доькъий а», – ойла йина тхьамдас. Амма бухабовлуш дагахь доццург хилла. ЦIесашна тIелетта мостагIий: тасадаларехь хIаллакьхилла тхьамда а, цуьнан кIант а.

Дукха хан ялале цIесаша лаьхкина шайн махкара мостагIий. Амма тайпанан тхьамдас деши дIа мичхьа диллина хууш стаг а ца хилла. Цхьацца хабарш-м хилла нахалахь, деши бIаьвна чохь дIадиллина бохуш, амма и муьлха бIов ю цхьанна а хууш ца хилла…»
Иштта дуьйцура дукха хьалха. ХIетахь цунах массо а тешара. ТIаккха гIеххьа хан яьлча, кIезга бара и бакъ хетарш. ТIаьххьара а иза, туьйра санна, дуьйцура наха.
Дукхахболчарна диц а деллера иза. Амма оцу дийцарх тешара ГIубаш а, хIинца 80 шо кхаьчна волу, цуьнан да ГIера а, шен I2I шо долуш кхелхина волу.
– Цхьаъ ца хилча, кхуллур дацара халкъо и дийцар, – чIагIдора ГIерас…

* * *

Ойлане девлча санна, лаьтта кIайн баххьаш долу лаьмнаш. Царал лахахь Iохку тIехь хьаннаш евлла аьрцнаш. Лаьмнийн кIоргера дуьйлу хиш, гола тухучохь малхехь къегаш, тайп-тайпанчуаьзнашца Iенало. Уьш юккъе Iовдуш лаьтта лекха бердаш. Царна тIехь – мацах цкъа дайн тIеман чIагIонаш хилла, хIинца оцу ширчу заманан хIолламаш хилла лаьтташ йолу бIаьвнаш. ЧIогIа хаза меттиг ю хIара!
Кхузахь цхьана ирзутIехь лаьтта накхармозийн яьшканаш. Уьш ши бIе гергга ю. Колхозан накхарш ду уьш…
Коьртах сетка а йоьллина, яьшканаш чуьра раманаш схьайохуш воллу, 80 шо хир долу воккха стаг цIеххьана кийрахь иккхинчулазаро чIичкъашка вахийтира.
– Даки, ва Даки, – меллаша кхайкхира иза.
Ирзу кхачалучу цхьана басах схьадолучу шовданах юьзна кхийра кхаба сихха охьа а хIоттийна, ведда тIевеара I3 шо хир долуш, векъано волу кIант. Берриге а бос баьхьна Iуьллура да.
– Хьуна хIун дина, ва дада? – тIекхийтира иза дена.
– Чу вига со, – элира дас.
Лохочу, тхов тIе латта тесна долчу цIа чу вигира цо шен да. Поднар тIе мотт а табина, охьавиллира.
И де дIаделира дас кIанте кхин цхьаьнгга а ца кхойкхуьйтуш, шена гIолехиларе сатуьйсуш. АммашолгIачу дийнахь кхин а чIогIа кIелвисира иза. Вист а ца хилалора. ТIаккха цо куьйгаэшарца шен кIанте къолам, кехат дийхира. Цу тIе цо Iарбийн элпашца яздинера: «Со кхин толур вац. Суо леш хьоьга дIадийца дезаш цхьа хIума ду сан.

Сан дендас I0 шо хьалха дийцира суна а хIара. КхучIожах йолчу I8 бIаьвнах цхьанна чохь (муьлханиг ю ца хаьа), цIенкъа ахка а аьхкина, лаьттах дIадиллина деши ду. Царах I2 аса аьхкина, йисинарг 6 ю. Уьш Лечанан берда тIера шиъ а, ахкал дехьахь Даьгначу дукъара 4 а ю. Уьш, ахка а ахкий, деши хьайна схьаэца. Дуьненахь кхин хIума а оьшур дац хьуна. Сан кIант, иза цхьаьнга а ца дуьйцуш, къайлахделахь. ХIора бIов а 2-3 метр кIорга ахка еза».
Дуьххьара могIа беша а бешна, кехат шен кисана таIийна, воьлхуш, дена тIеветтавала вуьйлира кIант.
Дукха хан ялале да велира.
КIант ша висира кху Iаннашкахь, бердашкахь, хьуьна юккъехь долчу ирзу тIехь. Воьлхуш, луларчу юьрта боьдучу новкъа велира иза, шен девеше хилларг хаийта. Да, юьрта схьа а веана, дIавоьллира. КIант девашас ша волчу дIавигира.
Масех де даьлча, дас шега делла кехат дага а деана, чекхдаллалц дийшира цо. Цхьана хIумано вагийча санна (хаац, я хазахетарна, я цецваларна, я кхераваларна дарий), ша волччохь тохавелира иза.
ТIаккха цхьанна гарна кхоьруш санна, шен хечин кисана диллира цо кехат.
Масех де делира, иза ша хIун дича хIун хир ду а ца хууш лела. Девеше а ца хоуьйтуш ваьлла вахча, цо ерриге а юрт гIаттийна, тIаьхьа орца доккхур дара.
ТIаккха дерриге а духура.
ТIаьххьара а, дас шега цхьаьнгга а ма хаийта аьллехь а, шен шиче ТIахIире ма-дарра гIуллакх дIадийца сацийра кIанта. Цуьнан шича лекхочу дегIахь, букар сеттина, голашка охьакхочуш деха пхьаьрсаш а долуш, аьрру агIор бесни тIехь пIелг биллал шуьйра муо а болуш, 26 шарера стаг вара. Шен 26 шо бен дацахь а, олуш ма-хиллара, «лелла борз» яра ТIахIир.
Дакис дуьххьара иза шега дийцича, ца тийшира
ТIахIир. Амма цо кехат гайтича, хиира цунна и дерриге а бакъ дуйла. ТIаккха цо барт бира Дакица, цхаьнгга а ца хоуьйтуш, бIаьвнаш ахка волавала.
Кхаа дийнахь цхьа бIов аьхкира цушимма. ХIумма а ца карийра. ДоьалгIачу дийнахь шолгIа бIов 2 метр хиллал кIорга охьа аьхкина, лаьттах лом тоьхча, хара санна, деса дийкира латта. Хазахетта, ши бIаьрг къаьрзира ТIахIиран. Даки юьстахо лаьттара. Цхьана сикондана

шена хьалха деши тардалийтира ТIахIира, тIаккха дагадеара и дерриге а шен хир доций.
«Делахь а шиъ бен вац, тхойшинна тоьур ду…Тоьур ду? ХIун? Деши?.. ХIан-хIа, иза аса сайна схьаоьцур ду».
– Даки, вало, цIа воьду вайша.
– ХIунда, хIинца малх чубуза гергахь а ма бац.
– Тховса дикка са а даьIна, юхавогIур ву вайша.
Iуьйрре гIаьттира и шиъ.
Эвлах ма белли, некъ ламанан чехкачу хин гIарол хилла лаьттачу бердан гIад хадош, чIугъетташ, боьдура. Ул-улло хIоьттина кхо стаг паргIат вахалур воцуш, готта бара и некъ. МалххIинцца кечлушбара Iаьршашка бала. ДIо геннарчу ломал лакха тIера стигал цIийъеллера. Маьлхан зIаьнарша шан лаьмнийн баххьаш, варкъ диллина уьш долуш санна, къегадора.
Уггаре хьалха цига, лаьмнашка, кхочу маьлхан йовхо. Амма цара иза шайна ца юьту. Цара и ерриге а йовхо дIало гондIарчу Iаламна, ткъа шаьшшело, дарц ловш, цунна – оцу зазадоккхучу Iаламна – даима гIароллехь лаьтта.
Цу кIайчу лаьмнел лахара хьаннаш, хIинцца сама а евлла, тхица шен гIаш дуьлуш, къегашяра. Тийна дара.
Наггахь олхазарийн шакарша йохайора и тийналла.
Ул-улло хIоьттина вогIура ТIахIиррий, Дакий.
ЦIеххьана ТIахIиран белшДакинчух дIакхийтира, иза некъа тIера бердах чу а тоттуш.
ТIаккха: «У-у-а-а!» – дерриге а Iаннаш декош, мохь белира.
Юха а ша ма хиллара дIахIоьттира тийналла.
Iадийна, кIоргачу бердах чухьоьжуш, гIеххьа лаьттира ТIахIир.
Адаман лар а яйнера. Бухахь гIовгIа йора чехкачу хиэ. Масех сикондана латта а лаьттина, сихха бIаьвнаш йолчу агIор дIахьаьдира ТIахIир. Хьуьхьа а воьлла, халла садоьIуш, дIакхечира иза селхана шаьшшимма аьхкина бIов йолчу…
Адам экханах къаьста, цо ша дечух, динчух, дийр долчух лаьцна ойлаеш хиларца. «ХIун дика болх хир бу аса хIара дича, мича Iалашоне кхочу со?» – бохуш, хаттар до адамо ша шега, ша цхьа хIума кхочущдале.
Ткъа ТIахIир адам дацара, цунах экха хиллера. Стагана акхаройх схьакъаста эзарнашшераш эшнехь, юха экха хила цунна цхьа де а тоьу.

Гонахара цхьа хIума гуш а доцуш, тIетаьIIина охкуш воллура ТIахIир. Хьацаран хIорд хиллера цунах, наггахь шен кIайчукучан пхьошюьхьаххьокхуш, жимма са духатоха соцура иза. Цхьана сохьтехь болх бича, латта дIа а хаьдда, цхьана тIулган экъанна тIеIоттавелира. И тIулган экъа лом гIортийна дIахилийра цо.
Делкъан хан хиллера, нийсса делкъан хан. Аьхка оцу хенахь малх даим а бIаьвнан цхьана коран меттана даьккхинчу Iуьргехула цIенкъа кхетара. Маьлхан зIаьнарш тахана оцуцIенкъа юккъехь долчу доккхачу ор чукххийтира. Цу чохь цхьа хIума къегира.
«Деши!» – ша волчохь тохавелира ТIахIир. Корта хьаьвзира цуьнан. ХIаъ, хIара ма дара и деши. Тахана дуьйна цуьнан кху дуьненчохь мел оьшу хIума хир ду.
Урана йисте вахана, дIахIоьттира иза. Ор 4 метр хиллал кIорга дара. Чувосса цхьа а аьтто бацара, чуца кхоссавелча. ТIахIир чукхоссавелира. Оццул лакхара, кхин хIума ца хуьлуш, урана буха кхачар тамашийна дара.
Амма иза вай-й хьаланисвелира когаш тIе: хетарехь, цо дуьххьара деш дацара иза. Дерриге а ор серладаькккхинера дешин лепаро. Дешех дина тарраш, шаьлтанаш, пхьегIаш, кхин хIумнаш, барз хилла, Iохкура. Масийтта бIешо хьалха ЦIесайн тайпанан цхьана тхьамдано дIадиллина деши тахана юха а адамна кара кхечира.
ТIахIира бIаьргаш дIахьаббира; дуьхьалтесира
ЦIесайн лам буьззина лаьтта жа, дешица кхелина шаьлтий-доьхкий.
«Суна гург гIан-м дац-те?» – кхеравелла бIаьргаш схьадиллира цо.
Деши-м хьалха санна
Iуьллура. ЦIеххьана ТIахIиран юьхь кхоьлира.
«Гали? ДIа муха хьур ду деши?» Амма иза воха ца вуьйхира. Цо тIера хеча схьа а яьккхина, шина коган буьххье шеддаша дина, чудоьхкира деши. Иза сов кIезга хийтира цунна. (Эрна аьлла дац-кха халкъо: «Мел хили а, дукха деза адамна»). Цо шен коч а схьаяьккхира, иза а хьалаюьзира дешех. Коч а, хеча а вовшах йихкина коча тесира цо. ХIинца иза дIагIур ву, хIара деши дIа а диллина, вуха вогIур ву…
«ДIагIур ву? – бIагор хьаьвзира цунна. – Ткъа кху чуьра тIе муха вер ву?» метр сов ор, схьалаца цхьа а хIума йоцуш, шерачу тIулгех доьттина пенаш. Я лом а, я бел чу а ца кхоьссинера цо. ХIинца хIун дийр ду? Вирана мохь санна, коча тесна деши охьа ца дуьллуш, шен киснара урс схьа а эцна, цуьнца тIулгаш дуттуш царна юккъехь йисна

херонаш лаьттах, кегийчу тӀулгех цӀанъян вуьйлира иза. Цхьаъ цӀанйира, шолгӀаниг а…
Лахарчу херонна юкъа ког а биллина, лакхарчу тӀулгах хьалатасавелира иза. Кочара мохь ца хиллехь, тӀевалалур волу иза, цуьнан йозалла ца лайна тӀулг дӀа а иккхина, чукхийтира. (Эрна аьлла ца хилла-кх халкъо: «Дукха дезаро кӀезга долчух а воккху», – боху дешнаш а). Узар иккхира цуьнга. Чукхеташ, ког цхьа вуон хьаьвзаш, чӀогӀа лазийра иза. ГӀеххьа Ӏиллира
ТӀахӀир, кхин меттах ца хьовш. Ткъа настаран голехь иккхина лазар хӀинца а лагӀлуш дацара. Пха хьаьвзина, вай лазийна хир ма ву со, бохучу ойлано дог жимма меттахь дитинера цуьнан. Амма хила кхин а доьхнарг хиллера: ност чуьраяьллера. Цунна иза хиира шен голе хьаьжча: иза керчина, агӀонгахьа дӀайирзинера.
Къиза ойла иккхира цуьнан коьртехь: «Со кху чохь висахь? Кхуза атта стаг ма ца кхочу…» Оцу ойланах иза чӀогӀа кхеравелира. Иза хӀинцца кхийтира шегарчу хьолан чолхаллех. Мохь хьаькхира цо. Цуьнан мохь адаманчул а, экханчух тера бара. Цуьнан ша-шех тешарх, кураллех цхьа зирх а ца бисинера. Цунна сов чӀогӀа ийшира хӀинца масех сахьт хьалха сов новкъа хилла долу адам. Сохьтехь гергга мохь хьийкхира цо, вилхира иза. Амма хезехь стаг вацара. КӀадвелла, йиш хаьлла, дӀатийра иза. Нийсса ирх хьаьжира. БӀов буьххьера чухаьрцина яра. Цигахула, хьалахьаьжча, схьагора сийна стигал.
Леш, стагана массо хӀума дагадогӀу, олу. Иштта цхьа хала киртиг тӀехӀоьттича а ойланашка волу стаг.
Хьалха наггахь бен ойла ца йора ТӀахӀира. Цо ойла ца йора, цо хӀума дора, ша иза дича хиндолчун ойла а ца еш. Кхойтта шо кхаьчна вара иза, Советан Ӏедало лаьмнашкахь дуьххьара ишколаш йохкуш. Амма цуьнан дас ишколе ца вахийтира иза. «ЦӀахь оьшу, цу пайдабоцчу хӀумнашна эрна хан яйъийта йиш яц!» Бакъду, девашас Ӏарбийн элпаш а, уьш халла вовшахтаса а
Ӏамийра цунна. ТӀахӀир ша а вацара дешарна тӀера.
Жимчохь Ӏемира цунна къола дан. Шайн лулахошна корехула чу а ваьлла, церан чуьрчу стоьла тӀе тесначу килоьнки бухара кхо туьма ахча лачкъорца дӀадолийра цо шен къоланаш дар.
Цхьана дийнахь зӀенан отделени чохь йолчу цӀийнан корахчухьоьжушлаьттара иза. Цучохь, стоьла тӀехь лаьттачу хедар чуьрчу кегийчу ахчано дӀа ца вохуьйтуш, сецавора. Амма схьаэца таро

яцара ахча. Куьзган бIаьрг схьабаьккхича а, решетка яра. ЦIеххьана цхьа хIума дагадеара цунна. Сихха вахана гIаж еара цо. ТIаккха, куьзган бIаьрг схьа а баьккхина, цу гIожан буьххье сацкъар а латийна, решеткинаюккъехулаи гIаж корах чу а яхийтина, цуьнан буьххьера сацкъар ахчанна юккъе туьйхира. Ахча сацкъарна тIелетира…Иштта ахча лачкъийра цо. Амма гучувелира: и ахча кхин цIан а ца деш, хаттах дуьзна доллушехь, туькана даьхьнера цо.
Воккха хилча а ца дитира ТIахIира къола. Цо кхечу ярташка, лаьмнашка воьдий, жа, бежнаш даладора.
Уьш лахенца охьадуьгий, дорах дIадухкура. Иштта къолах вахча хиллачу тасадаларехь шаьлта тоьхна биснера цуьнан юьхь тIера муо…
ДIаелира буьйса. ХIинца керла Iазап тIекхийтира – мацалла. Багара хиш оьхура. БIаьргаш кIорга чуэгнера. Цуьнан юьхь тIера муо кхин а боккха хетара хIинца.
Мацалла хийцира хьогалло. Хьерано доккху мутт кхачийнера. Бага якъаеллера, халла къурд бан а тIуналла ца хуьлура багахь. «ХIара чаккхе ю», – дагатесира цунна. Делахь а дахаре болу сатийсам хIинца а дIа ца байнера.
Ирах хьаьжира иза. Лилула сийна стигал. ХIумма а ца хилча санна, лилула сийна стигал… ЦIеххьанна аьрзу гучуиккхира цигахь. Хазахетта, дог тохаделира
ТIахIиран. Амма иза сиха кхийтира: аьрзуно цунна гIо дийр дацара. Аьрзунна мотт ца хаьа, цуьнан куьйгаш дац. Цхьа адам дара цунна гIо дан таро йолуш…
Де дIаделира. Кху ор чохь буьйса хьалххехь юлура.
Набарна тар тесча санна, Iуьллура ТIахIир. Амма и наб яцара. Мацаллой, хьогаллой гIора дIадаьккхина валарна гергакхачар дара иза. Делахь а Iожалла сиха яцара цуьнца. Iалам орцахделира адамна. Доладелира догIа, ткъес детташ. Аркъал вижина, багаца догIанан тIуналла лоьцуш Iуьллура ТIахIир. Кхаа сохьтехь гергга ихира догIа. Ор чохь гIеххьа Iам хIоьттинера. Цу тIе а воьжна, ца Iебаш, хи мелча, гIеххьа дегIе ницкъ беъча санна хийтира цунна. Хьогалла яйча, юха а марсабелира кхачане безам.
«ШолгIа буьйса. Дийнна шо даьккхича санна хета.
ЦIеранаш хир бац те со лоьхуш…ХIан-хIа…Кхуза ван цхьанна а дагадогIур дац…У-у, сан ког…»Цуьнан узар къарбеш, вуонйиш-маIаш

йира цхьамма. Ор чохь, хIара воцург а, кхин цхьаъ а садолухIума яра!..
Кхераваларний, дукха цецваларний хьекъалх тилаза висира
ТIахIир. ГIеххьа меттавеъча, дагтIе цхьа йовхо хьаьдира цунна: «Адам хилахь!» Бодашкара схьакъаьстира шина кога тIехь цхьа гIаларт.
Кхерам тосуш аз делира цунна чуьра. Иза экха дара… «Ча!» – ткъесах коьрте иккхира и хаам. Ча нийсса кхунна тIе йолаелира.
ХIинца хIун дийр ду?
«Урс»? – цIе хаьлча санна, болхбора хьекъало. Чохь деши долчу шен хечина тIекхийтира иза. Цунна уллохь Iуьллу ден пхьалгIахь ша дина доккха урс схьаийцира.
Ча цунна тIекхохкаелира. Экханна бухара дIа а хуьлуш, шен ницкъ маббу урс ластийра ТIахIира, цунна даг тIе нислург. Ча шен дегIан дозаллица уьрсана тIекхийтира. Макъарна тIекхаччалц чудахара урс.
Оцу мIаьргонехь ча, чIогIа цIогIа хьоккхуш, адамна тIеюьйжира.
ТIахIиран белшах цIий тосуьйтуш, чуяхара цуьнан мIараш. Амма, шен мостагIчунна дан хIума доцуш, цунна тIехь даиманна а дIатийра экха.
Сохьтехь гергга ваьллира ТIахIир ча шена тIера дIахило гIерташ.
Эххар а и дан ницкъ кхаьчна, кIадвелла дIатийра иза. Мел хилларг а, дан дага мел лаьцнарг а – дерриге а цхьаьнаийна, цхьана тамашийначу суьртехь дехара ахнабкхеттачуцуьнан кхетамехь…
Сатоссуш кхетамчу веара ТIахIир. Цуьнан кIорга чуэгна бIаьргаш бIаьвнан буьххье хьаьвссинчохь севцира. Цигахула схьагучу стиглахь гучуделира вертолет.
Чехкка деттадала дуьйлира дог. ТIахIирна хийла гинера вертолет лаьмнашна тIехула хьийзаш. «Цу чохь-м адамаш а хуьлура…» Мохь тоха гIоьртира иза. Амма цунна чуьра цхьа акха, тамашийна, гIийла аз делира.
Иза бIаьвнан пенах дIасакхетта, эццахь хIаллакьхилира…
Ткъа оццу хенахь вертолета чохь деш хIара къамелаш дара:
– Исхьагун бIов йолччуохьадиссича муха хир дарате? – бохура цхьамма.
– Жимма лакхахь хьала а девлла, ширчу кешнашкахь вай беш болу талламаш бина, юха кхуза даьхкича муха хир дара ткъа? – хаьттира шолгIачо.
КхоалгIачо элира:
– Вайн талламаш кхуззара дIаболийча бакъхьа ма хета суна-м.
– Делахь, шуна луъчунна реза ву со-м, – тIетайра шолгIаниг а.

Вертолет охьадосса лахделира.

* * *

…– Суна хIинца а ца хаьа цо со хууш кхоьссира, я ца хууш кхоьссира сел кIоргачу бердах: некъ дукха готта ма бу цигахь, белш хьакхаелчи а бердах гIур волуш.

Амма со нийсса Органа юккъе (Орга оцу меттехь кIорга ду) чукхетарна, вала ца леш висира. Хи чу вужуш, тIулгах кхетта ност йойна хиллера сан. Цундела нека ца далора. Делахь а Орга гомха долчухула берда йисте валавелира со.

Ши де даькkхира аса цигахь. КхоалгIа де долалуш кхетамчуьра велира. ТIаккха сайна хилларг хIун ду а ца хаьа суна. Меттавеача, со тхайн деваша волчохь вара. Тхайн юьртахойх цхьаъ тIе а кхаьчна (ламтIера цIа вогIуш хиллера иза), цо цIа валийна бахара со…

Схьайтахь цигаьрка… ХIм-м… ТIаккха тхайн девеше… сирникаш а лохьа… хIм-м… Тхайн девеше мадарра дIадийцира аса. Цо цкъа хьалха, со хьекъалх тилла аьлла, кхин тидаме а ца ийцира аса дуьйцург.

ТIаккха, со Iанне ца Iийча, бIов йолчу вахара иза. БIов чохь, даьккхинчу ор чохь велла ТIахIир а, цунна юххехь йийна Iуьллуш ча а карийнера цунна.

– Ткъа деший карийнерий?

– ХIан-хIа…Делахь а, бакъдерг дийцича, со теша-м ца теша цу чохь деши ца хилла аьлча.

– ХIунда? Хиллехь, тIаьхьабаханчарна карор дацара иза?

– Иштта-м хетало иза. Делахь а со оцу чохь деши ца хилла бохучух цатешар хIокху бахьанашна ду: цкъа делахь, цу чохь деши ца хиллехь, ТIахIир сел кIоргачу ор чу а кхоссалур вацара; шолгIа делахь, деши ца хиллехь, цо шена тIера хIумнаш схьа а яьхна, царех тIоьрмигаш а дийр дацара; кхоалгIа делахь, со уггаре а цу чохь деши ца хилла хиларх цатоьшуьйтург, нийсса диъ шо даьлча со вахча, суна чохь карийна хIара дашо

Iокъа а ю-кх…

– ХIа-хI?Схьайтал…Цу чохь карийна хьуна хIара?

– Карийна. ХIинца хьо следовател а ву, и деши мича дахана хаа деза-кх хьуна.

– И мича дахана муха хуур ду суна, хIетахь дуьйна хийла хан яьлла хилча.

– Нийсса кхойтта шо-м даьлла. Схьайтал цигаьрка…
– Даки, суна хIара цхьанхьа ган-м гина!
– Иза-м ца гина хьуна. Вайшиннан цIе дIайовш ма лаьтта, аса дечиг да?..
– Гина кхунах тераниг-м…
– ДIавалахь, ца гинера хьуна иза-м… И алу таяй, цIийдарш тIедахкахь.
– ДIавала, шашлык ечохь дац хIара. ХIара суна мичахь гиний? ВаллахI гина тхайн ненайиша йолчохь.
Тап-п хIараю-кх: еакIов, тIехь аьрзонан сурт а долуш…
Цо цхьанхьара эцна-м еанера иза. Хьаьнгара эцнера, цуьнга хоттур ду-кх. Валолахь сихха машена тIе. ХIара цхьана лар тIе долуш лаьтта хьуна. Шашлык ян тIаккхахула вогIур вайша…

* * *

«Муха кхаьчна ча кху чу? Лакха тIера чу-м ца кхоссаелира иза? ХIан-хIа…Ткъа мичара яьлла. Кху чохь хилла-те иза? Кху чохь-м яцара я кхин некъ бу-те, кху ор чу богIуш? Хила тарло…ДIогахь цхьа Iуьрг ма ду.
ХIетахь оцу меттехь чхар ма бара…Хетарехь, иза дIа а хилийна, тIеяьлла хьуна ча, нагахь санна кху уран кхин цхьа бух а белахь. Мегара араволийла хила…»
ТIахIир шен тIаьххьарчуницкъаца хьалха чхар хиллачу, хIинца гуш доккха Iуьрг долчу метте теккхира.
Юххе кхаьчча, Iуьргах чухьаьжира иза. «ХIаъ, хила а хилла-кхураншолгIа бух. Кху Iуьргахчувоьссича, нийсса Орган йисте волу». Амма цу Iуьргах чувосса цуьнгахь ницкъ бацара. «Жимма садаьIча, воссавала а тарло…» Цундела шен корта лаьтта тIе охьабиллина дIатийра иза. Амма эццахь, адаман лер хезна, корта юха а хьалаайбира цо.
– Ой-ой, деши!
– ДIавалахь, мичахь ду?
– ХIара ду-кх!
– ХIан?.. Дан а ма ду… ХIара… ХIара…
– Стоп, меллаша. Профессор ву бIаьвна чохь, цунна хозуьйтур ахьа.
Хийла деношкахь кхушимма сатийсинарг, кхушинна гIенах а дуьхьал тийсинарг, хIара шиъ «историкашархеологаш» хиларан коьрта бахьана хилларг а хIинца хIокхарна гуш дара.
ГIенах санна, и аьзнаш хезаш Iуьллура ТIахIир.

Кхунна нийсса тIехьара схьахезаш дара уьш. ТIаьххьара а, ша наб кхетта цахиларх тешча, шега ма-тоххалумохь туьйхира цо:
– ХIей!
Шиъ тIевеара. Халла корта хьалаайбира цо: товш тIе хIума юьйхина къона ши стаг. Цхьаъ векъано, важа верстана.
– ГIо дейша…
И аьлла а валале, цхьа можа хIума хIоьттира цуьнан бIаьргашна хьалха. ТIаккха…Цкъа тоьхначу мийранах велира ТIахIир…ТIулгаш хилча санна лаьттара важа шиъ. ЦIеххьана царах цхьаъ, вуха а вирзина, ва

# ХЬАННИЙН ИРЗОШКАХЬ

**Хьаннийн ирзошкахь**[7]

Хьаннийн тийналла йохош, етталуш, халла йогIу трактор. Цунна тIаьхьа тесначу аьчгачу салазахь, аннаш а дохкуш, тайинчуметтигашкахь Iа гIеметта хIиттина кегийрхой а, 13-14 шо кхаьчна кхиазхой а.
Кегийчу наха а, мехкарша а, цкъа дIабулий, мохь бетташ беламе хабарш дуьйцу, тIаккха берриш а шайх цхьамма дийцинчух буьйлу. И кIордийча, вовшийн кар-кара оьцуш, дечиг-пондарца тайп-тайпана эшарш лоькху: нохчийн маттахь шайна мел хезнарг а, оьрсийн маттахь «Солнце встаёт над горами» боху йиш а. Дерриге а аьзнаш: кIентийн стаммийнаш, йоьIарийн зевненаш, кхиазхойн хIинцца гIаргIдола доьлларш – тракторан гIовгIанца цхьаьна а оьй, «шайтIанан озах» геннахь Iаннашкахула дека. ЦIеххьана хелхаран йиш локху, массара а тIараш детта, мехкарех цхьамма вота йолайо, цхьамма эццахь: «Эйт, горалера дика йиш яI!» – олий, мохь туху. Баккхийчарах тарбала, цара леллорг лелон гIерташ, юкъ-юкъа догIучохь а, ца догIучохь а хабарш дуьйцукхиазхоша. Вовшашна Iиттарш йо, дуьххьара кхайкха IемачунIаьна-кIорнийнчарах тера долчу аьзнашца маьхьарий детта, мехкаршца бегаш бан гIерта... Мехкарий-м, хIорш хIинца а цу «гIуллакхашна» бераш хеташ, кхеран хьалхе баккхий хила гIертарх буьйлуш, вовшашца бIаьцаш а еш Iа.
Салазна хьалхахь хиъна Iа вуьрхIийтталгIачу шаре йирзина, хаза куц-сибат долу йоI. Са мел даькkхи ийалучу цуьнан некхехь, юткъачу гIодаюкъал лахарчу дегIан, гIеххьа шорлуш, горгдаларехь, къаьсттина

цуьнан цIечу алунах догучу балдашкахь хаалора цхьа къона ховхалла а, Iаламалла а.
– Оцу тракторе дукха ма хьежа, Асмаъ, бIаьрг хуьлуьйтур бу ахьа, – хьийзайо иза мехкарша.
Трактор чуьра наг-наггахь корта арабоккхий, кхуьнга схьахьожий, велакъежа I8 шо хир долу жима стаг.
Малхо Iаржйина цуьнан юьхь а, къонахалла хаалун белшаш а, комаьрша велакъажар а дика цхьаьнауьйра, жимчу стеган товш куц-сибат хIоттош.
Иза иштта корта ара а баьккхина, тIехьахьаьжча, кегийчу наха шайн накъост хьийзош:
– Баудди, хьалхахьа хьажа, вай юханехьа доьлхуш дац хьуна, трактор бердах кхуссур ахь, – олу.
Кхарна мелла а тIаьхьа йогIу кхин цхьа трактор а.
Цу тIехь баккхий нах бу. Цхьана маьIIехь, салазна тIе дIа а дихкина, Iохку мангалш а, шодмаш а.
Хьалха йоьдучу салаз тIера гIовгIа хезча, шайн къоналла дагайогIий, юкъ-юкъа: «Ойт, горалера жималла яI»! – бохуш, маьхьарий детта баккхийчу наха.
– Кхушарахь дика-м ю бецаш, – боху цхьамма.
Вукхо:
– Адамаша пайда ца оьцуш, дуккха а шерашкахь эрна, хьаха, йов хIорш...
– Дени, дагадогIий хьуна, вайша цхьана Iаьржачу
Iаьнан буса, синкъерам лоьхуш, сатассалц ирзошкахула хьаьддий-веддий лелла? – боху кхарах массарал а зоьртала хетачу стага юьстахо Iачу, малхехь, мохехь яхчийна юьхь а, малха дуьхьал хьоьжуш санна, тIехабийна бIаьргаш а долчу шен накъосте.
– Дера догIу. ДIогахь цIа ду олий дIавоьдуш, ло диллина басе карош; дIогахь вота етта олий дIахьодуш, дIакхаьчча гIовгIа йийриг Iин чуьра хи карош, вайша кху варшашкахула лелла буьйса-м... Хьа-хьа-хьа!
– Хьа-хьа-хьа! – воьлу хьалхарниг а. – ХIаъ, карара долуш лаьтта дуьне. Хьажал хьо цаьрга, – хьалха дIайоьдучу тракторехьа корта тосу цо, – шайн жималла ю цара лелорг…
Делкъал тIаьхьа дIакхочу тракторш колхозан гIота а, даьхнилелорхой чохь Iен цIа а долчу метте.

Схьа ма-кхеччинехь хелхаран бал боккху кегийрхоша. Баккхий нах болх бан буьйлало, мангалш тусуш, царна гӀайракхаш хьоькхуш.
–Юкъьелла дӀайовлушлаьтта хӀара меттигаш, – боху баккхийчарах цхьамма.
– Адамо дола деш ца хилча, иштта ма хуьлу, – билгалдоккхукхечо.
– Цхьана хенахь йоккха юрт яра хьуна хӀара С...
ХӀинца...
– Дера яра йоккха юрт-м. ХӀора буса цхьанхьа я шинхьа синкъерам а хуьлуш, – боху зоьрталчо.
– ДӀо басахь Іийна МӀаьчиг дагавогӀий хьуна?
– ХӀаъ.
– Деллахь ма ницкъ болуш стаг вара иза, уьстагӀан настаран даьӀахк кагйора цо атта.
– ХӀинца бац хьуна иштта ницкъ болу нах...
– Дера бу, телевизор чохь схьагойтучуи аьчгаш хьалауьйучара кагйийр яра хьуна, уьстагӀан хьовха, бежан ност а...
Дукха хан ялале дека долало мангалш. Кесаршка юьллу зезагаша къарзйина ховха буц. Мангалхошна тӀаьхьа а хӀиттина, буц литтанашка юьллушбохку кхиазхой а, мехкарий а. Царна тӀеххьа йогӀу тракторш. Керла буц салазашна тӀе а юттуш, силосни оьрнаш чохь охьаяссайо. Бауддин тракторан салаз тӀехь болх беш Асмаъ а, кхин цхьа йоӀ а, ши кӀант а ву. КӀенташа, мехкаршка ца кхочуьйтуш, салаз тӀе ютту буц.
«Ма хаза ду зезагаш! Ма къа дуцеран: мангало цоьстур ду уьш», – ойлайо Асмаа.
– Деллахь, ма дика буц ю хӀара, ерриге а зезаг-патар а хилла дӀаяьлла-кх. Дохнна ма дика кхача бу моьтту, хьуна, хӀара, – боху цхьана мангалхочо шен накъосте.
«Ма хаза курс хир яра оцу зезагех Асмаана яла», – коьрта чу эккха Бауддина. Салаз тӀера буц охьаяссочу юкъана трактор чуьра араволий, тайп-тайпанчу зезагех курс йой, Асмаэ дӀакховдайо цо иза. Вукхо дӀа а оьций, цхьана агӀор эхь хетий, вукху агӀор хазахетий, цӀий а лой, гӀийлла:
– Баркалла, – олу.
ТӀаккха, бацалхула йодий, юьстахо йолчу цхьана кулла тӀе охьаюьллуцо зезагийн курс...
Мангалийн зов, мангалхойн «Іайт-вайт», тракторийн гӀовгӀа, бригадиран «иза де, кхин ма де» бохумохь

– кхухьаннаш юккъерчуирзу тIехь кхехкаш бу«дохнна токхе Iадоккхийла хилийтарехьа» болу белхаш...
Суьйренца бай мела мох хьокху, диттийн генаша, лесташ, «шушшанехь» гIовгIа йо. Ека йолало цаьпцалгаш. Орцаца хьалаевллачухьаннашлахь бов малх. Ткъа цуьнан хIинца а яза йолчу серлоно можа сиз хьоккхий, екхначу стиглан Iомахь схьакъастадо диттийн кортош.
Стигал а ю можа – цIен бос болуш.
– Кхана де дика хир ду! – олу, оцу цIийеллачу стиглане а хьожий, цхьана мангалхочо.
ДIадовчу аьхкенан дийнан серло а, керла хьаькхначу бецан хьожа а, цаьпцалгийн гIовгIа а кху ирзу тIехь цхьаьнаэро кIадбалар дойу мангалхойн.
Бода булу. Кхузара хьаннаш санна, тийна серло
Iанайо беттасо бацала...
Суьйранна хIума йиъча, баккхийчу нахах цхьаберш божалан тхов тIе агIорбовлу, вуьйш кегийчара латийначу цIера улло а богIий, дечигаш тIе охьаховшу. Туху вота, локху пондар. Бал баккхийчара дIаболабо:
– Волало, хIай, хьо муха ву...
– Чуоча, валол, вало, вало! – юкъавоккху зоьрталниг. Ира а хIуттий, цунна тIараш детта кегийчара.
– Хьовзаелахь, вайн нанас йина яц хьуна! – маьхьарий детта цуьнан накъосташа. Цхьамма, ирах а ерзайой, ший а йолуьйтуш, «горров» олий, шалго топ кхуссу.
Чекхболу бал. КIадлой, вехьаш, гонна юкъара схьаволий, охьахуу воккха стаг.
Хелхарш дIадевлча, кегийрхойн маршонна баккхий нах, юьстахбовлий, охьаховшу, цхьацца шайна дагадогIурш дуьйцуш. Кегийрхоша эшарш йолайо.
Тийначу Iаннашкахула, эхь хеташ Iеначушовданийн озах дIауьйш, масийтта шо хьалха адамаша дIатийсина ирзош самадохуш, дека иллеш, эшарш...
Дахарехь адамашна диц ца луш, шолгIа шеца Iоттавалар хилча я халахетар а, я хазахетар а доцуш, цу шинна юккъера цхьа тамашийна синхаам даг тIе оьккхуьйтуш, цхьацца хIумнаш хуьлу. И тайпа синхаам хуьлу стаганашен бераллехь лелла меттигаш гича, я шира, цкъа хазахетта илли хезча... Хетарехь, цу тайпана догойла яра кху

кегийрхойн эшаршка ладоьгӀуш, кху кегийрхойн ловзар тергалдеш, бӀаьргех хиш а девлла, ойлане вахна Ӏачу зоьрталчу воккхачу стеган. Ткъа къона аьзнаш-м дека кху байлахь дисначу ирзошкахь, даьржа зезагийн хьожа йогӀучу бацалхула, тийначу беттан тийна серло санна. Гобаьккхина, элан холанаш санна, ирхъихна лаьмнаш-м, кху метта юха а адамаш дахкарна хазахеташ, кхеран башхачуиллех цецдевлла, къонделла, кхин а айаделла лаьтта.
– Ахьа лакхахьа, Баудди, – хьаьрса месаш а, даима йоьлуюьхь а йолчу кӀанта шегара пондар шен лулахочуьнга кховдий.
Баудди, пондар схьа а оьций, мехкарий болчу агӀор дӀахьожу.
– ХӀара-м кийча ю хьуна, дӀалакха ахь, – боху Асмаана уллорчу жерочо.
Пондарх бай пӀелг а тухий, Баудди волало:
Со гӀаьттича хьалагӀоттуш,
Волавелча тӀаьхьа оьхуш,
ДӀалелхийча дӀа ца доьлхуш,
Цхьа полларчий дайра суна.
КӀентан гӀоргӀа аз сецча, жимма пондаран мукъаме ладоьгӀуш а Ӏай, Асмаъ а йолало. ЙоӀ эхьхеташ, юьхь цӀийъелла хилар цӀеран серлонехь а къаьста; цо сихсиха доьӀу са, цундела мукъам дешнийн чаккхенашкахь хиэдаш хуьлу. Делахь а, цхьа шатайпана цӀеналла, доггах цо и йиш локхуш хилар хаало йоьӀан озехь:
ДӀалелхийча дӀа ца доьлхуш,
Хьуна дайна и полларчий
Безамашлахь алсамбуьйлу
Вайшиннан безам бара хьуна.
Юха кӀанта локху:
Со суьйранна чувирзича,
Сирла стогар дӀабайъича,
Тхан бий а пен серлабохуш,
Цхьа серлонаш яйра суна.
ЙоӀа:
Шун бий а пен серлабохуш,
Хьуна яйна и серлонаш,
Хьан бӀаьргашна дуьхьал хьоьжу
Сан бӀаьргийн нур дара хьуна.
КӀанта:

Буьйса юккъе яхначу хенахь,
Мерзачу набарха вулучу хенахь
Сенчу стиглахь тIомабаьлла
Цхьа кIайн кхокха байра суна.
ЙоIа:
Сенчу стиглахь тIомабаьлла
Хьуна байна и кIайн кхокха,
Дуьне кхуллуш декъалхилла,
Хьо везна со яра хьуна.
ТIаккха шимма а локху:
Вайша вовшийн хила деза,
Бертахь зама яккха еза,
Безам-марзо алсамйоккхуш,
Вайша цхьаьна даха деза.[8]
– Деллахь, ма дика йиш ю иза, ма дика а лекхи цу шимма и... Хьенан-мила ду-те и шиъ, – хьотту зоьрталчу воккхачу стага шена уллорчу накъосте.
– КIант Iабдурзакъан IалавдигIерниг ву, йоI Окин
АьстамаргIерниг ю...
– Боккъаллий?... Iадин некъийн Аьстамарниггий?..
Хир яц... Ткъа оцу Аьстамаран деден карах ма велла
Iалавдин денда Эламирза... И ца хууш ву-те и кIант..
Эхь ма ду хIара-м. Дов дIадирзинехь а, Эламирзин валар ца хууш хиллехь а, гIуллакх ма дац оцу кIанта лелорг... ХIан-хIа, со Iалур вац... тайпана ву бохуш-х вуй Iалавди, дIаала деза цу кIанте…Дан шайна луъур де... Кабийрат!
– ХIо-вай, – дуьхьал мохь тухуАсмаана юххехь Iачу хенарчужерочо.
– Схьайоьл цкъа...
– ХIун боху ахь, Ваши?
– Ахь хIун дей, оцу Iалавдин кIанте оцу Аьстамаран йоIаца эшарш лекхар дита ала, и лелон ца дезийла ца хаъал жима а вац иза, ялол, хIинццехь аьл, йоIе а ала, кIанте а... Суна товш дац цаьрга и бахар... Асмаэ ца Iебаш хьоьжу Баудди, букъ тIе куьг а тухий, юьстахвоккху Кебийрата. Цо цуьнга дIаолу Чуочас шега ала мел аьлларг.
– Тхойшиннан хIун бала бумасийтташо хьалха хиллачу гIуллакхца? – вагийна, аз айдеш олу Бауддис.
– Хаац, сайга ала аьлларг дIааьлча йолу со-м.

Нийсса Асмаана тIейоьдий, иза а, Баудди санна юьстахйоккху цо. Асмаъ, цо шега цхьаъ аьлча, Iадийча санна юьсу. Цо юьхь тIе ши куьг дуьллу. Кебийрат цуьнга и дIа а олий, йоьдий, шен метте синкъерамехь охьахуу.
Асмаъ-м лаьтта, шен юьхь куьйгашца дIа а хьулйина. Бауддина мa-ярра го иза. Баудди ойлане воьжна.
«ХIан-хIа, иштта атта-м бохор ма бац тхойшиннан безам... Аса бохабойтур бац!» – олу цо ша-шега.
ЧингIаз яло гIерташ, мел дукха халонаш лайна оцу кIанта. Цо-м Iаьржа-Хожа а эшийна. Маьлх-Аьзни[9] езаш хиллачу Паччахьан КIанта мел Iазап лайна шен безаман дуьхьа... Ткъа хIара, мацах цкъа хиллачух долчу эладиттанашка ла ца догIар хала хIума а дац: я Iаьржа-Хожех лата а ца деза, я генарчумахкара дашо Iежаш дан а ца деза...
Амма хIокхул а пайдабоцчу хIумано ма бохабо Бештон а, Бусанин[10] а безам. Иштта атта хIума а дац хIара.
Делахь а и хила тарлуш ма дац хIинца. Кхарна ишколехь а ма Iамийра: «Ширчух бухадисинчарна дуьхьал луьра къийсам латтабе». ХIетахь и эрна, маьIна доцу дешнаш хетара. ХIинца тIеккхечи-кх «ширчух бухадисинчарна дуьхьал луьра къийсам латтон» беза хан.
Шен ойланаш юкъахйохий, иза Асмаана тIевоьду.
– Асмаъ, цара хIуъу бахахь а, вайшиннан юкъаметтигаш цкъа а юхур яц хьуна. Уьш цхьа хабарш ма ду, вайн хIун бала бу мацах цкъа хиллачу гIуллакхца... Уьш ширчух бухадиснаршма ду... вайна ишколехь ма Iамийра Iадатех ца теша..
– ХIаъ, Баудди, суна-м хаьара ахьа цаьрга ладугIур доцийла, – дуккха а хIумнаш гинчу, дахар девзинчу стага санна олу Асмаа.
Юха а хIумма а ца хилча санна, ека эшарш, до хелхарш, буьйлу...
...Тийналла. ЦIа чохь цхьанаэшшара синош дохуш бийшина Iохку зударий. Ткъа корал арахь, стиглахь, хьаннийн кортош анайистах хьакхалуччу кхаьчна боьду бутт.
ЦIийнан тхов тIехь а Iохку цхьанаэшшара синош дохуш. ХIорш божарий бу.
Бацалахь цаьпцалг санна, цIевза цIийнан неI.
Тхов тIера цхьаъ чукхоссалуш а долу, «гап-п» олий, тата. Ахнабарха валазчу цхьамма тоьхначу йовхарша дойу иза.
Тхи диллина, беттасехь къега басеш, хIаваъ – шийло-тIуьна. Геннахь, сийно-таьIначу стиглахь къеста тIехь ло Iуьллу лаьмнийн кIайн

баххьаш. Іаьржа, тешам боцуш лаьтта хьун. «Ву-у», – геннахь угІу борз.
Хийла кхераме маьІна даккха мегар долу татанаш хеза хьуьнхара схьа. Амма Бауддина хІумма а дац кхераме. Кхуьнца кхуьнан ЧингІаз, кхуьнан Маьлх-Аьзни, кхуьнан Бусана – кхуьнан Асмаъ ю. Ткъа и уллохь хилча, цо эшор ву мел ницкъ болу а Іаьржа-Хожа, бохьур бу – цо аьлча – мел генара а дашо Іежаш... Асмаана-м хаьа иза. Цундела и шиъ сатассалц вовшашна ул-улло а хиъна Іийр ду кхузахь, шовдана йистехь, генахь йоццуш гІовгІа еш тешам боцу хьун а йолуш.

# ХIАЪ, ХIИНЦА ТIАЬХЬА ДУ…

**ХIаъ, хIинца тIаьхьа ду…**[11]

Тамашийна ду-кх хьо, дахар! ХIора дийно керланиг, хьалха хьуна девзаш ца хилларг дохьу. Иштташ цхьана дийно деара цунна а цо шен дахарехь цкъа а ца лайнарг.

Масех бутт бара иза шайн групперчуцхьана йоIана тIе боьгIна бIаьрг дIа ца баккхалуш лела. И ца гича де а ца даккхалора цуьнга, йоIах бIаьрг кхетча, цхьа йовхо хаалора даг тIехь. Цунна ца хаьара оцу синхаамах хIун олу. Ишколехь итт шо доккхуш цунна ца бевзинера иза.

«ХIара бу-кх сан дуьххьарлера безам... Иштта хуьлий-те безам?» – хоттура цо ша-шега кест-кеста. Занятешкахь, ойланаш ерриге цо дIалоций, цуьнан йистхилар, елакъажар тергалдеш, Iара иза. Наггахь, шен фамили яьккхича бен дага а ца догIурашена гонах, цхьа иза йоцург, кхин а студенташ хилар. Даима а цунна гергахь нисвала гIертара иза, ткъа улло охьахаа-м ца хIуттура. ЙоIе вист а ца хилалора иза. Нагахь хилча а, цIий а лой дIахIуттура. Вукхунна-м хаалора кхуьнан хийцавалар. Иза а цIийлора кхуьнца къамел деш. Оцу минноташкахь кIантана хетара, шегахь дерг цуьнгахь а ду-кх, олий. ХIетахь цуьнан ойла хуьлура, лечкъа а ца деш: «Суна хьо еза», – ала. Цо дуьхьал «хIан-хIа» эр ду бохург дагахь а дацара цунна. «Оццул догцIенчу, оццул дикчу цо муха йийр яра суна дуьхьало», – ойланаш йора цо…

Безам хIора денна марсаболура, цуьнга иза лечкъа ца лора.Мехкаршлахь-м хIинцале а «шуш-ш»деш дара.

«Вайна керла Ромеой, Джульеттий[12] даьлла», – дуьйцура цара. КIенташна, дукхахболчарна, цо ша дуьйцура. Ткъа цара – мехкаршка. Иштта нахала делира цо, къуша къола санна, къайлахь латтийнарг.

– Со кхета хьан ойланех, – элира цкъа цуьнан цхьана накъосто. – Аса гIо дийр ду хьуна.

Иза реза хуьлура шена гIо дан гIертачарна. Цо хьаттинчуьнга буьйцурашен безам, шен догудог: иза жима бер санна вара. Цхьаберш цунах буьйлура, вуьйш кхетара цунах.

Суьйранна занятеш чекх ма-евлли, йоI квартире йоьду ларъеш Iара кIант. Даима йоI лелачу урамашкахула лела гIертара иза. Цунна геннара йоIах бIаьрг кхетча а тоьара. Цо хийла ларйора иза баьццара

басар хьаькхначу кех чоьхьаяллалц. Буса чувирзича, кхана лелон долчун планаш хIиттайора. «Аса кхана-м къамел дийр ду цуьнца», – ойла йора цо масийттазза. Iуьйранна-м вист а ца хилалора.
Цхьана сарахь цуьнан накъосте телефонан номер хьаьттира кIанта. Цо йийцира. Масех ши кепек а эцна, ураме велира иза. Уггаре а Iаьржачу, къорачу меттехь лаьттачу автоматана тIе а вахна, номер ийцира цо.
«Алле, квартира», – дийкира йоьIан зевне аз. Ток тоьхча санна, дегIах зуз деара цунна. Воха а воьхна, ша хIун эр ду а ца хууш, висира иза.
«Ал-ле» декара юха а…
Трубка цIеххьана дIаоьллира кIанта. ТIаккха шолгIа а туьйхира телефон. Изза хилира цунах а…
Сарахь хьалха шега ша гIо дийр ду аьлла волчушен накъосте дIадуьйцура цо дерриге а.
«Аса цуьнга тахана, вайн хIун урокашю, элира. Иза суна тIаккха елакъежира… мел хаза ю иза! Цо соьга тхан иностранни йолуш цхьа дош хаьттира. Аса жоп делира. ТIаккха аса хаьттира цуьнга, сайна хуъушехь.
Сайна а хаалуш, цIийвелира со. Изза хилира цунна а…»
Иштта, цо дуьйцучу къамелашка ла а доьгIуш, ойлане ваьлча санна Iара кхуьнан накъост. (Мехкаршца «лелон дезарг» хууш вара иза).
ТIаккха хьехамаш бора:
«Побольше жгучих взглядов»[13], «Хаза нохчийн къамел де, кара хIума еха», «суьйранна кино кхайкха», иштта дIа кхин а, иштта дIа кхин а. Амма цо деш долу хьехарш вукхо нийсса кхоалгIа дакъа а кхочуш ца дора.
Безам – мох болчу буса хьуьнах яьлла цIе ю. Хьалха жимма летта цIе цIеххьана хьаькхначу мохо дIаяйъаза юьту. Делахь а, кхин а серлайолий, хьуьнах хьаьрча иза.
Иштта безам а шина адамна юккъе лелхачу цхьаццаболчукъовсамаша цабезаме берзоза буьту, амма иза дIа ца бов, иза кхин а чIагIло.
Оцу хенахь кIанте хийламма олура: «Иза дай хьекъал долуш ю, хьайн мах ца хаьа хьуна». И хабарш ца лалора цуьнга. ЙоIа хIуъу дарх, иза массарал цIена а, массарал дика а яра кIантана. Безамо цунах бер динера, безамо иза хьере винера. ЙоьIан бIаьргаш цунна гIенах а дуьхьалтуьйсура. Цо сатуьйсура, иза а ялийна, ша ваха хуучу дийне.
«Ирс бохург хIинццалц хIун ду ца хаьара суна. Ирс

– иза безам хилла. Со мел ирсе вара, нагахь соьга цо, хьо суна веза, аьлча», – бохура цо.
Цхьана суьйранна йоӀ шен накъостаца гӀаш цӀа йоьдуш, царна тӀаьхьакхиира иза.
Суьйре шийло елахь а, хаза яра. Уьссазза тӀекӀелдинчу керлачу цӀенойн тхов тӀехула схьакхетта бутт гора. ХӀинца а дӀатен дагахь яцара гӀала. Некъаца йолчу гӀишлошъечу майданахь шен деха лаг уьйура крано. Баьццаро-сийна басахь серло етталора сварка ечохь. Уллохула дӀасалелара хийла машенаш, трамвайш. Царна чохь а, гӀаш а цхьанхьа хьаьвдда доьлхура хийла адамаш.
КӀантана бала бацара гонахарчу цхьана а хӀумнан.
Цунна гург цхьа йоӀ яра. Цо йоӀана дуккха а хӀумнаш дуьйцура, иза царах йоьлура. КӀантана цул доккха хазахетар дацара – цуьнан йоьлу юьхь гарал.
КӀанта иза дӀакхетийра шен квартире кхаччалц.
ТӀаккха, хазахетаро вахийна, буьйсанна хан яллалц лийлира иза.
ЙоӀ Ӏаш йолчуцӀенна уллохула чекхболура аьчганекъ.
ХӀора минотехь аьлча санна, цигахула, цӀогӀанаш детташ, дӀасауьдура цӀерпошташ. Аьчганекъана тӀехула айдина тиллина тӀай дара. Цкъа хьалха трамвай лелла, хӀинца гӀашлошна диснера иза. КӀантана даима а хазахетара, цу тӀай тӀе а вахна, ойланаш еш садаӀа, сирлачу хиндолчуьнга сатийса.
Оцу сарахь а Ӏийра иза тӀай тӀехь дуккха а. Наггахь уллохула тӀехволу гӀашлой, кест-кеста цӀогӀа тухуш тӀай бухахула уьду цӀерпошташший ца лерича, ша вара иза кхузахь. Кху тӀай тӀера, кераюккъехь санна, схьагора гӀалин коьрта район.
«Охашимма цхьаьний чекхйоккхур ю институт, цхьаьний балха гӀур ду. ТӀаккха даиманна а цхьаьнадузур тхайн дахарш. Ма хир ду тӀаккха! …Ӏуьйранна малх схьакхеташ хир ду и. Корал арахь гуш лаьмнаш а долуш долчу тхан цӀа чохь, ах набарха а ваьлла, чухула дӀасалелачуцуьнан болар хезаш, вижна
Ӏуьллуш хир ву со.
– Хезий хьуна, – эр ду цо дуьненахь а доцчу исбаьхьчу озаца, – хьалагӀатта, юург кийча ю…
Олхазаршхирду, бешахь концерт ахӀоттийна, эшарш лоькхуш!..»
Иштта сатийсаман ойланашхийла хьийзара кӀентан коьртехь. Амма цхьана дийнахь дерриге а хийцаделира. Кхунна хьалха хьехарш дина

накъост хIинца даима а хуьлура оцу йоIаца. Занятешкахь цунна улло хуий, цхьацца къамелаш дуьйцуш Iара иза. Ткъа важа? ЙоIм, кхуьнга схьа а ца хьожуш, паргIат йоьлуш Iара, шега дуьйцучуьнга ла а доьгIуш.
КIант чIогIа оьгIазъоьхура шен накъостана. Хьалха, шех лаьцна цхьаъ дуьйцуш хир ву-кх и, бохучу ойлано сецавора иза цуьнца «дан ма деззара» къамел ца дойтуш. Амма цхьана дийнахь и ойла а ерриге а йоьхна дIаелира. Кхуьнан накъост, и йоI а эцна, шен «Жигулица» цхьанхьа вахара. Иза групперчу массарна а хаьара. Оцу дийнахь чIагIо йира цо шен накъостаца къамел дан.
ШолгIачу дийнахь хилира иза. ГIалин паркехь, цIеххьана вовшашна тIеIоттавелира и шиъ.
– Мовлад, сан хьоьца цхьа къамел ду, – элира цо.
– ХIун къамел?
– Хьан оцу йоIаца хIун ду?
– Мила йоI?
– Хьуна ца хаьа?
– Ца хаьа. Уьш-м дукха яра…
– Луизица…
– А-а-а, иза ду и? Сан-м дац, Мовсар, цуьнца цхьа а хIума. Цуьнан соьца ду-кх.
– Цунах муха кхета веза, ткъа?
– Аса цуьнга хьан гIуллакх дIахьахийча, витахь иза, суна хьо веза, элира цо. Ткъа цо шеца вола аьлча, ца вахча товш а дац…
– И муха ду? – оьгIазвахна, эгош лаьттара Мовсар.
– Очень просто. ХIинцалерчу мехкарша ахчий, машенний лору, уьш сан долахь ду.
– Мовлад, ахьа иза юьгур ма яц…
– Яц цкъа а-м.
– Ткъа хIунда Iехайо ахь и?
– Ас-м ца Iехайо и, цунна а ма лаьа сакъера. Хьуо ца тешахь, цуьнга шега а хаттахьа.
– Мовлад, йитахь иза.
– Ас-м юьту и, цуьнга со вита алахьа.
– Мовлад, хьо стаг вац! Хьо ямартхо ву.
– ХIаъ, тIаккха кхин хIумма а дуй?
– Ду. ХIара-м, – ластийна, шен накъостана юьхь тIе тIара туьйхира цо.

– ХIара ахь дийр дуйла а хаьара суна, амма ахь хIуъу дарх, хьан тадала хIумма а дац, – шен киснара хьаладаьккхинчу кIайчу йовлакхца шен мерах даьлла цIий дIадаьккхира Мовлада.
Иза дуьхьал цалатаро кхин а чIогIа дог датIийра
Мовсаран. Наггахь къовсамхочун собаро чIогIах лазаво буйнал.
– Мовлад, хьо къиза стаг ву… У-у-у, – сихха дIавахара иза.
Масех дийнахь лийлира кIант, йоI шен даг чуьра дIаяккха гIерташ. Амма гIуллакх ца хуьлура. Цунна езара иза, цунна бIаьрга схьаян а ца езара иза, юха а езара.
ТIаьххьара ойла сецира кIентан, йоI цхьана метте кхайкхина, цуьнца къамел дан.
Телефон-автомат тIе а вахна, номер ийцира кIанта.
– Квартира ю, – дийкира аз.
– Луиза чохь юй?
– Ю.
– Трубка цуьнга дIалохьа, хала делахь а.
Масех сиконд елира. Сов йоца, сов еха. Вай Iемина зама деношца, беттанашца, шерашца юста. Цундела хIоранна а йоца хан ю сахьт, минот, сиконд муххале а.
Амма цхьана сикондехь масийтта ойла ян йиш ю адаман, масийтта синхаам кхоллало цуьнан даг чохь.
– Алле-е…
– Луиза, со Мовсар ву, хьан группера…
– ТIаккха…
– Тховса аса аьлларг дехьа, аса чIогIа доьху хьоьга…
– ХIун?
– Хьоьца дан цхьа къамел ду сан, ца дича ца тору.
– Иштта чIогIа къамел ду и, кхана дан ца мега?..
– ХIан-хIа, хIинца пхиъ даьлла, кхин цхьа сахьт даьлча, трамвайни тIай тIе йолахьа, ас доьху хьоьга…
– Хьожур ю со, – цо трубка охьакхоьссира.
«Хьожур ю со… хьожур ю». Ур-атталла йогIур ю а ца эли», – ойланаш йора кIанта.
ДIаделира сахьт. КIант ах сахьт хьалха схьа а веана, йоIе хьоьжуш лаьттара. МаьркIажан бода къовлалуш бара. Электросерлонехь лепара гIала. Итт минот а елира дIа. Ца ян йоллу теша, аьлла, ойла иккхира

кIентан коьрте. «ХIан-хIа, иза ян еза. Оццул чIогIа аьлча, милла а йогIур ма яра».
Оцу хенахь тIехьахь аз дийкира:
– ТIаккха, хIун ду хьан дийца?
КIант схьавирзира. Цунна хьалха лаьттара йоI.
Iаьржа, шайна чу хьаьжча даима цхьа тамашийна йогу йовхо гун бIаьргаш. Нийса мара. Муттане балдаш.
КIант вуьйхира, цуьнан дешнашкахь хьалха ца хилла ша-шех тешар а хааделла. Амма безам бахна дог догIанан мархах тера ду. ДогIанах кхоччуш ша юьзна яллалц, тIехула а хьийзий, юха цIеххьана хецалой, йоьлху и лаьтта. Иштта дог безамах кхоччуш дуьзча, иза цхьаьнга дIа ца балхийча ца мега.
КIанта дукха дийцира йоIе безамах лаьцна. Цуьнан къамел хедаш, цкъацкъа маьIна дохош дара. Цуьнан къамел бIаьстенан юьххьехь хьаьвддачу Iоврех тера дара… Уьш санна, чехка, сацар доцуш Iенара цуьнан дешнаш.
ТIаьххьара и кIант, саца а сецна, йоIе дIахьаьжира.
Цуьнан юьхь тIехь, бенцахетар бен, хIумма а ца карийра кIантана. Делахь а цо шен къамел кхидIа а дира:
– Луиза, хьо кхетий сох… Хьо реза юй сан деган лааме хьажа… Я… Делахь а ас цхьа хIума эр ду хьоьга. И стаг вуон стаг ву хьуна, цуьнан дуккха а бу, хьо саннарш, вита иза… цо хьан ирс дохор…
– Суна сайна а хаьа, айса хIун леладо. Мовлад а хьуначул дика вевза суна…
Иза дIайолаелира.
– Луиза, юхаерзахьа, кхетахьа сох, витахьа и ямарт стаг.
– Хьан хIун бала бу соьца, хьо сан мила ву – хийра стаг!
ТIай бухахула тIехйолучуцIерпошто тоьхна цIогIа а къардеш, дийкира кIентан лергашкахь йоьIан и тIаьххьара дешнаш.
«Хьо мила ву сан… Хийра стаг», – шабаршца элира кIанта, ша волчохь охьа а лахлуш.

* * *

Свердловск. Январь.
«Халкъбахаман институтан студентийн юкъарIойла» аьлла, тIехь яздина у кхозучу, тIекIелдинчу цIенойн неI йиллина, чувахара юккъерчу дегIахь, коьртахь месала куй а, тIеюьйхина палту а, карахь портпел а йолуш, юккъерчу дегIахь цхьа жима стаг. ХIара шолгIа шо

дараМовсара Свердловскехь доккхург. Кхузахь институтехь доьшуш вара иза.
Стоьл тIехь дуккхачу а кехаташна юккъехь шега даийтина цхьаъ карийра цунна. Иза хьаьнгара ду-техьа, аьлла, эзар ойла иккхира кIентан коьрте. Конверта тIехь яздинчун адрес дацара. Сихха чувахна, схьадаьстира цо кехат. Дийшира.
«Маршалла ду хьоь, Мовсар! Яздийриг – хьуна йицъеллехь а – масех шо хьалха хьан группехь доьшуш хилла Луиза ю.
Хетарехь, аса хIара кехат хьоьга яздан ца оьшура: сан хIун бакъо ю хьан синтем бохо, аса оццул халахетарш дина волчу. (Со бахьнехь ма вахара хьо, вайн гIала дIа а тесна, цига дIа а). Делахь а со даго ца юьту, хIара дерриге а дIа ца дийцича. Цхьанна хала ма ду шен даг чохь сел боккха бала, къайле а йина, лелон.
Сан цхьа а даггара доттагI а вац, доттагI а яц. Хаац, иза соьца иштта хIунда нисделла… Цундела хьоьга яздо аса хIара.
Мовсар, дагайогIий хьуна и суьйре? Трамвайни тIай тIехь ахь соьга къамел дина суьйре? (ЭхI, и хан юхаерзон йиш хилча…).
ХIетахь ахь элира:
–Мовлад вуон стаг вухьуна, цуьнан дуккха а бухьуна хьо саннарш.
Аса ойла ца йира оцу дешнийн хIетахь (муха йийр яра аса иза, оцу заманахь со ойла ечохь а яцара). Со тешараМовладан – наьIалт цунна – хазчу дешнех, цуьнан хIиллане белакъежачу бIаьргех.
Цо суна дешийн гIаланаш юттура, ша со куьйгаш тIе йиллина лелор ю бохура, шега еъча. ЦIа йоьдуш, билет а оьций, автобусна со тIе а хаайой, дIавоьдура.
ГIала схьайогIуш дуьхьалвогIура машенца. Шецанна сакъера парке, кино юьгура. Со Iехаелира. Iеха ца яла йиш а яцара хIетахь сан хиллачу хьекъалца. ХIаъ, автобусан билетех, парках, ахчанах аса боьхкира адаман уггаре а беза хила беза синхаам – безам…Со шех мел тийши а, иза кхин а чуьравуьйлура. Цо со хелхаршка кхуьйлура, эвхьаза сан дегIах куьйгаш детта вуьйлира.
Со дуьхьало ян йоьлча, тIаьххьара а вайшиъ вовшийн хила дезаш ма ду, олура цо.
Цхьана сарахь – наьIалт хуьлда цу суьйренна! – цо со ресторане йигира. ЯахIума а, малар а ийцира цо.
Со юьхьанца чIогIа дуьхьалъелира малар ца молуш.

Амма хьесталуш, дехарш деш, цуьнан ницкъ кхечира соьга малийта. Масех минот ялале корта хьийза буьйлира сан… (Кхин дІа ца дийцало, елхаран шодо легашкахь хорам бо).
ТІаккха цо со араяьккхина, машен чу а хаийна, цхьанхьа-м йигира… Мотт а бара биллина. Сайн маларо базбина корта гІайбанах хьакхалушшехь набаран тар тесира суна.
Амма дукха хан ялале неІ йоьллуш а хезна, бІаьргаш биллира аса. Иза и «боьха хІума» яра. (Цунна кхин йогІу цІе ца карайо суна). Иза гича, мохь белира соьга.
Со неІарехьа хьаьдира. Амма цо со нуьцкъаш метта охьахаийра. Маларо яхийна хилар делахь а, я цуьнан къамелах тешар делахь а, со кІадъелира…
ДІаелира и буьйса. Сатесча, чохь аддам а дацара.
Хьала а гІаьттина, араелира со. Деггец йогІуш евлла яраш, буц яра кетІахь. Бешахь а аддам дацара. Кхузахь цхьа бутт хьалха а адам деъна аьлча, стаг тешар вацара. Доьхначу дагца кех елира со. ТІаккха хиира суна суо гІалин йистехь юйла…
ДІаделира масех де. Со, хьалха санна, занятешка оьхура. Мовлад гучу а ца волура. Оцу деношкахь аса тидам бира, сайн накъостий къайлах сох буьйлуш хиларан. Цхьа а соьга вист ца хуьлура…ОхІ-хІай, ма хала дара церан цабашаран бІаьргаш лан.
Ши кІира дІаделира Мовлад кхин гучу ца волуш.
Институтера а дІаваьккхинера иза.
ТІаьххьара а, корта а оллийна, со цІа йоьдуш, суна уллохь сецира машен. ГІеххьа сапаргІатделира сан,
Мовлад гича. «Со дІайига веана иза», – ойла йира аса.
Амма иза иштта ца хилира. (ХІинца ойла йо аса, цуьнан дог хила а хиллий теша, олий).
– Айса юьгучу со хьо йигна ваьлла, хьо хІинца паргІат ю, – элира цо, вуон вела а къежаш.
– Ахь сан дохийна дахар, ахь со дакъаза яккхар?! – цІогІа делира соьга.
– Ас хьан дахар ца дохийна, мелхо а ахьа хьайн накъостел аттох йоккхур ю сискал… Лаахь, аса сайн накъосташна а йовзуьйтур ю хьо, – аьлла, некъан йистехьа куьг тесира цо.
Цигахь тхан къамел тергалдеш лаьттара цхьа адаман тайпанаш. Вортош къайла а яьхна, белшаш тІе охьаетталушмесаш. Ямарта бІаьргаш. Хенех тесна кхозушуьйра хечеш. Берзинчу зударийн

суьрташ дехкина пхьаьрсаш…Уьш, соьгахьа схьа а хьоьжуш, маьттаза белакъежара.
– Лаьхьа, боьха хIума! – цIогIа долуш тIекхийтира со цунна. Аса мIараш тийсина, ерриге а юьхь йоцчу яьккхинера цуьнан. Иза легаш Iаьвдина вуьйр вара аса, кхин со дIаяхъеллехь. Амма цхьамма белшаш тIера лаьцна, схьаерзийра со… Иза вайн группера – хьуна дага ма йогIу и – Яха яра. Соьца даима дика хуьлура иза.
– Ахь хIун до, Луиза. ХIара нах ца го хьуна хьайга хьуьйсуш.
– ДIайигахь со, – дукха гIелъелла, цуьнан кара охьаюьйжира со…
Со хIетахь яла хIунда ца елира? Со цIерпошта буха а иккхина, яла ца леш хIунда Iийра?Цунна бехке нана яра. Нана…Иза сан цхьаъ бен ма яц. Сан ваша а, йиша а, да а вац. Со сайн ненан цхьаъ бен ма яц. Цо со мел хьоме кхиийра! ХIаъ, хIетахь хиира суна суо оцу тайпанчу ненан йоI хила хьакъ йоцийла…
Шина-кхаа дийнахь Iиллира со йоьлхуш. ТIаккха аса сацам бира дерриге а сайца хилларг ненах лачкъо. Суна хаьара, со Iедале яьллехь, суо дIаюьгуьйтур яра Мовладе… ХIан-хIа, со Iелур яцара экханца, кийрахь тIулган дог долчу адаман тайпанца. Цул сов, сан вежарий бацахь а, сан шичой ма бу. ТIаккха… Хьуна-х ма девза вайн нохчийн Iедал. Ткъа нанас хIун дийр дара, иза дIахиъча?…
Уьш дерриге а терзана а дехкина, оза а оьзна, аса сацам бира сайн бала айса лан, цхьаьнгга ца хоуьйтуш.
ТIаккха, суо заочно яккхар доьхуш, заявлени яздира аса декане. Цо бакъо елира.
ХIетахь дуьйна цIахь ю со, ишколехь болх а беш.
Кху шарахь диплом а схьаоьцур ду аса.
ХIетахь дуьйна масехамма тIе хабар даийтина, масехамма шайн безам бийцина соь. Амма аса цхьаьннан а гIуллакх тIе ца лаьцна. Со хьакъ яц цIенчу безамна…Церан бIаьра муха хьожур яра со…
ХIинца хIун дан дагахь ю со? ХIумма а. Иштта сайн болх а беш, сайн нана а кхобуш, Iийр ю-кх…
Сан кехат кхуззахь чекхдолу. Бехк ма билла тамехь доцу хIумнаш аса кху тIе яздарна.
ХIунда яздира аса хьоьга хIара кехат?Стенга сатуьйсуш? Цхьаьнгга а. Иштта дIаяздира-кх. Ткъа стенга сатуьйсур дара аса? ХIинца дерриге а дIа ма даьлла.

ХIинца тIаьхьаду…ХIетахь хьоьга ла ца догIарна кхолламо суна дан ма деззара таIзар ди…
Iодика йойла.
Лаахь, кехат язде, адрес хIара ду.
……………………......………………………….
Луиза».
Кехат дешна а ваьлла, иза леррина конверт чу а диллина, портфель чукхоьссира кIанта. ТIаккха чухула цхьаьннан-м ойла еш волавелла лийлира иза. Эххар а: «ХIаъ, хIинца тIаьхьа ду», – ах-хозуьйтуш элира цо, коре дIа а хIуттуш. Ткъа корал арахь полларчех оьгура лайн чимаш. ХIетахьлера шен шераш дагалоьцуш, юха а ойлане велира Мовсар. Амма цуьнан ойланаш йохийра, неI а ца тухуш, чулилхинчу кегийчу наха а, мехкарша а. Тахана I2 январь, иза вина де ма дара. Тховса, и де билгалдаккха вовшахкхетар бу аьлла, бара кхуьнан накъостий. Иза а диццдинера цунна Луизин кехато…
Цхьана хьаьрса месаш йолчу тамехьчу йоIа, тIе а еана:
– Мовсарик, ахь стенан ойла йо? – хаьттира цуьнга, цуьнан коча шен кIайн ши пхьарс а тосуш.
– Цхьаьннан а.
– Вало, хелха долу вайша.
ДIайолаелира музыка, синкъераме эшарш, дIадуьйладелира хелхарш, тосташ…

# IЕХИЙНА САТИЙСАМ

**Iехийна сатийсам**[14]

«Говзалла лакхайоккху курсаш» тIехь долуш у кхозучу цхьана къорачу кевнах чоьхьа со волуш, гуш аддам дацара. Кхузза тIекIелдина цIенош, кхерам тосуьйтуш, мокха дара. ХIан-хIа, цу чу ваха-м ваьхьар вац. Гонаха дIасахьаьжира со. КетIахь дина цхьа лоха цIенош дара. Сайн ерриг къонахалла гулйина, царах цхьанна чувахара со. Хаац, оцу кхаа цIийнах иза айса хIунда къастийра, хетарехь, цуьнан бахьна и цIа кIайн кир тоьхна хилар (важа цIенош мокхачу тIулгах доьттина дара), я цуьнан неI жимма схьайиллина хилар дара. Чоьхьаваьлча, готтачу сени чохь, «тIох-тIох, тIохтIох», боху гIовгIа яра суна аьтту агIорчуцIа чуьра схьахезаш. Цу чу ваха а ца хIуттуш, вукхушина неIарна тIевахара со, амма и шиъ сан хIуьттаренна санна, къевлина яра.

Масех минотехь латта а лаьттина, цергашца балда лаьцна, и гIовгIа йолчу неIарна тIеволавелира со.
«ТIох-тIох, тIох-тIох», – тоьпан татанах декара сан лерехь. Делахь а хирг дIа хир ду-кх, «цкъа ван а вина, цкъа лийр а ву-кх» аьлла, неI схьаозийра ас. Чохь Iаш тайниг санна, жима зуда а, ткъа цунна хьалха лаьтташ зорбатуху машинка а яра. Со чоьхьа ма-велли, зорба тухучуьра саца а сецна, соьгахьа схьахьаьжира иза.
ТIаккха цецъяьлла, кхераелла, цIийелла:
– Хьуна мила оьшу? – элира дуткъачу озаца (хетарехь, и цецъяларан бахьна – сан чувалар дукха сиха, цIеххьана хилар дара, кхераяларан бахьна – сан юьхь тIехь бос цахилар, ткъа цIийяларан бахьна... со цунна везавалар хир дара).
– Со тхайн йишин командировкех долу ахча схьаэца веанера... Суна бухгалтери мичахь ю дийцахьа.
– ДIогахь, кертахь, кхузза тIекIелдинчу цIа чохь ламеш тIехула хьала ма-велли, куьг аьтту агIор чохь ю, – йиснарг а цIийелира йоI.
– Ю?.. Баркалла, баркалла! – аьлла, дIаволавелира со, амма сан даг чохь гIаьттинчубезамо, цкъа-делахь, ара а ца валийтира со, шолгIа-делахь, «Хи мала мегар дуй» а алийтира соьга. Амма, йоIера бакъо а яьккхина, графин чуьра хи стакан чу доьттича, иза ца молуш вухавала дийзира сан; стака цергех детталуш, «гарранцехь» декара. Стака охьа а хIоттийна, со чуьра араволуш, сан ойла хилира: «Мел ницкъ болуш хIума ю-кх безам, дерриге а дегI, шелделча санна, дегадо-кх сан!». Безамо дайдина сан дегI тIомадаьлча санна делира ламех хьала. ТIе эчиг тоьхна неI яра сан хIинца схьаелла езарг.
Схьайиллира ас. Чохь аддам доцуш, бодане чоь.
Халла, пенаш тIехула куьйгаш хьекхна, дехьачу йолу неI карийра суна. И схьайиллича... Суна-м моьттура цу хьалхалерчу чохь хилларг санна, цхьа «мас-малик» хир ду кху чохь. Амма... суна гира стоьлаш тIера кехаташ кегош йоллу, центнершкахь бен озалур йоцу масех зудий, царна юьстахо Iаш волу, граммашкахь оза а тарлур долу цхьа къонах а. Со чоьхьа воллушехь, цхьабосса шайн тептарш тIера хьала а таьIна, соьгахьа схьахьаьвсира уьш. Со, воьхна, сайна а халла хезачу озаца, цкъа нохчийн маттахь
– «Де дика хуьлда», юха оьрсийн маттахь – «Здрасте», – бохуш, лаьттара.

– Накъост, хьуна хIун оьшу? – элира шех террачу дуткъачу озаца къонахчо.
Суо оццул халчу хьолехь велахь а, суна къахийтира цунах: «Миска-яI, кху андийчу зударша хьийзаво хир ву-кх хьо!».
– Хьуна хIун оьшура? – юха а хаьттира вукхо.
– Суний? Сан цхьа командировочни ахча...
– ХIа-а, схьавола суна тIе, – со юкъахвоккхуш, йистхилира сонехь Iаш йолу, кхолха чIениг йолу зуда. –
Муьлхачу курсашкахь хилла хьо?
– Со... со ца хилла, сан йиша хилла.
– А-а, йишин ахча оха дIа ца ло, иза ша схьаяийта я...
– Я цхьа документ дан деза, кхета со, кхета со, бехк ма билла, бехк ма билла... – араиккхира со.
Сайн Маьлх-Аьзнина зезагаш а эцна, тхайн йишин паспорт а дохьуш, юха а «Говзалла лакхайоккху курсаш» аьлла, тIехь яздина у кхозучукъорачу кевнах чоьхьавелира со. ХIинца-м гIеххьачул майраваьллера со.
БIаьста санна, эсала хьоьжура малх. Дайн дара хIаваъ, дайн дара сан болар а, сирла яра сан ойланаш а. Сихха чуиккхира со кIайн кир тоьхначу цIа чу. Сихха схьалецира тIам, амма... догIа тоьхна дара. ХIинца хIун дан деза?Сайн зезагашка хьаьжира со. «Цо халахетарна таIIийна церг йоьллира шен балдех», – дагадеара суна цхьана книги тIера, тIаккха сайн балдех а йоьллира ас церг, цIий тIе а тосуьйтуш. «Ахча схьаэцца-м деза!» – бохучу ойлано жимма меттавалийра со. Цу чуьра араваьлла, аьчган неI схьайиллира ас.
Со чоьхьаваьлча, стаммийчу зударех цхьа а соьга схьа а ца хьаьжира, вуткъа къонах, кIелхьара сан мачех бIаьрг а тоьхна, «тIах-тIихханехь» шен чот етта вуьйлира. «Соьца хIун бала бу кхеран, со кхарна хьалха мила ву? Студент, цу тIе 54 кийла бен йозалла а яц, тIеюьйхина хIумнаш а лерича!» – ойла йира ас, стаммийчу зударшка а хьоьжуш. Амма, герггарчухьесапехь,
46 кийла а хир воцуш волу къонах сан мачашка хьаьжна, IадIер со кхеташ-м дацара. «Сан юьхьал хаза ю-те сан велветови ботинкаш? Я царах ца веша хьо? Йорах елахь а, хIинца модехь ю хьуна хIорш-м», – ойлайира ас, вуткъачу къонахчун башабеллачу коьрте хьоьжуш.
Iаламо цхьа башхалла елла суна, цхьа гIиллакх – эхьхетар. «Эхьхетар – дика гIиллакх ду», – олу массара а. Амма шайна-м ца хета цхьа

цуьрриг а эхь! Столовехь со массарал а тIехьа рогIе хIоьттина, дукха мацваларна багара хиш а оьхуш льтташехь, сол тIаьхьа чувеанарг а, юккъехула чукхийдаш, шена юург схьаоьций, охьахуу. И ду ткъа эхьхетар?!
«ХIара дуьне эхь ца хетачунна делла», – олу цхьаболчара. И хьаъа деллехь а, вуон-м делла иза. Эхь хетачо хIун дан деза? «Эхь ца хеташ хилахь хьо а», – олу.
Ала атта ду, амма хила хала ду иштта. Хьажал хьо, хIинца а тхан цIахь льттачупопан ишкапах терачуоцу зудче тхайн йишин командировочни ахча схьадеха эхьхетта аравелира со. Делахь а, гена валале, эрна де стенна дойу аьлла, сайна Iаламо делла дерриге эхьцахетар вовшах а тоьхна, цу тIе сайн майраллех масех грамм а тоьхна, юха а аьчган неI йиллина, чоьхьавелира со.
Стаммий зударий схьа а ца хьаьвсира, вуткъа къонах, мачашка а хьаьжна, IадIийра... Амма со хьалха санна
Iадда ца Iийра. Хьалха, тхан цIахь льттачу ширчу ишкапах терчу зудчух эхьхетта, со араваьлла хиллехь, хIинца-м тхайн оцу ишкапан неI схьа а йиллина, цу чуьра леррина суна тхан нанас бина тIо-берам схьаэца воьдуш санна, нийсса цунна тIе а вахна:
– Со командировочни... – аьлла а валале:
– ХIа-а, муьлхачукурсашкахь хилла хьо?
– Со ца хилла, сан йиша хилла, хIара... цуьнан паспорт а дохьуш веънера со... – элира ас, цхьана кинофильмерчу цхьана артисто санна.
– Паспортаца ца ло оха, доверенность хила деза.
– Муха?.. Со генара веъна ву... Лахьара ахь, – цхьа а зIе йоцуш, ахгали хиллал дешнаш охьаIанийра ас.
– Оха паспортаца ахча дIа-ца-ло, – цхьабосса дийкира масех зудчун а, вуткъачу боьршачу стеган а аьзнаш.
Кхеравелла, муха волу а ца хууш, велира со цу чуьра ара.
Цул тIаьхьа нийсса кхузза вахара со, «Говзалла лакхайоккху курсаш» аьлла, тIе яздина укхозучу. КхоалгIа вахча тIаьххьара а схьаийцира сел чIогIа сатийсина и ахча. Хьалха шозза – цкъа доверенность тIехь мухIар дац аьлла, шолгIа и мухIар дика къаьсташ дац аьлла, – ахча схьа ца луш дIавахийтира со. Эххар а, и массо хIума нис а делла, чувелира со. Оцуцхьана кIиран чохь со дIаийнера тIехь у кхозучу кевнах а, мокхачу тIулгах доьттинчу цIенойх а, царна хьалхарчу кIайн кир тоьхначарах а, стаммийчу зударех а, вуткъачу стагах-м муххале а.

Цуьнан йозалла, шу диц ца деллехь, 45,5 кийлане ца кхоччушю.
Хьалха соьга схьахьовсуша ца хилла андий зударий, хIинца со чу мавелли – иттех шарахь шайца со Iийча санна, цхьабосса схьа а хьовсий, лога кIелош кхолха а йохуьйтуш, белакъежара. Сан боьршачу тайпанан векал, хIинца соьга схьа ца хьажахь а, хьалха санна сан мачашка ца хьоьжуш, царал жимма лакха, сан хечин когашка бIаьрг бетташ Iара.
Сайн хечин когаш бахьнехь цуьрриг эхь ца хетара суна: уьш тIаьххьарчумодица догIуш, 35 сантиметр шуьйра дара.
Цундела вуткъачукъонахчундехкан бIаьргаш (хетарехь, и бIаьргаш цо ханна лело эцнера тхан юьртарчу астагIчуУддин дуо бухахь нийсса ворхI шо, аьлча а, нийсса бархI шо хьалха суна гинчу гуро цIога хадийначу мукадехкера) сайн хечин когашка хьаьжча, сайна ца хуучуха, хелхарчас санна, ког (дукхахьолахь аьттуниг, наггахь – аьрруниг а) гIийлла ловзабора ас.
Иштта гIийлла сайн ког а ловзош, ас сел хала даьккхина доверенность стоммачу зудчуьнга дIа а делла, хIинций-хIинций сан йишин памили схьа а карийна, ахча схьало-кх бохуш, лаьттара со. ТIаьххьар а, ченех дуьзна масех тептар кегийначул тIаьхьа, шена хьалха лаьтта чот дуккхазза а дIасайиттинчул тIаьхьа, сан йишин фамили а яьккхина:
– Кхузткъе ткъаессана, – аьлла, юха а чот етта хIоьттира и зуда.
Цо кхузткъе ткъаессана аьлча, бIаьрнегIар тухучу юкъана ас масийтта ойла йира, и ахча айса муха дойур ду бохуш. Йишас соьга и сайна схьаэца ма аьллера.
«Шина туьманах Маьлх-Аьзнина совгIат оьцур ду, шина туьманах цхьа гIийла банкет йийр ю, платформенни туфлеш оьцур, 96 лист долу масех тетрадь оьцур, мажйошург а, цергаш цIанъян шотка а, цу тIе керла фильм а ма ю, цу тIе керла цирк а, цу тIе театр а ю…» – и ойланаш, кинофильм дIаяьллачул тIаьхьа экран тIехь хьалауьдуйозанаш санна, сан бIаргашна хьалхахула чекхлилхира.
– Так, кхузткъе ткъаессана, – чохь мел верг (вуткъа къонах а тIаьхьа) цец а ваьлла, схьахьаьжира. Бакъдерг хIунда ца дуьйцу, цецваьлла со суо а вара, йишас кхузахь даьккхинчу оцу ворхI денна дийнна кхузткъе ткъаессана сом муха лур ду аьлла, хетара суна.
Делахь а, и ахча сихха соьга схьалахьара ахь бохуш, лаьттара со.
– Та-ак, кхузткъе ткъаессана... кепек, кхуззахь куьг таIадел...
Массо а цецваьлла дIатийра, со-м айса хIун лeладо хууш а вацара.
Масех сикондехь яхъелира и тийналла.

ТӀаккха шина стоьлан шинна а агӀор хевшнна Ӏен стаммий зударий бийлабелин хьуна, маӀанийн оркестро санна гӀовгӀа а йоккхуш. Цу деларехь, шедаган аз санна, къестара вуткъачукъонахчун дуткъа велар. Стоьл тӀехь Ӏохку Ӏаьржа кепекаш кисана а хьаькхна, суо муха волу ца хууш, аравелира со. КетӀахь а, сан лергашкахь декара церан бийлар, бӀаьргаш хьалха лаьттара кхолха чӀенигаш йолу андий зударий а, вуткъачу къонахчун башабелла корта а. Уллохула тӀехъэкхаш кӀайн кир тоьхначу цӀенойн корехьа дӀахьаьжира со.
Цу коре а хӀоьттина, елакъежаш лаьттара сан МаьлхАьзни. «ХӀара а сох йоьлуш ю-кх! Маьлх-Аьзни-м,
Къуръанор, яцара хьо, ешап ду-кх, хьуо ма-дарра!» – дагатесира суна. ТӀаккха дукха дог датӀарний, оьгӀазвахарний кхин дан хӀума а ца хилла, корехьа дӀа а вирзина, пхьагална тӀаьхьа идда кӀадделлачу жӀаьло санна, боккха баьккхина мотт гайтира ас йоӀана.Юха ведда сайн корта, «Говзалла лакхайоккху курсаш» бохуш, тӀе яздина у долчу лохачу кех дӀа а тухуш, ураме велира...

# ПОЭЗЕХЬ ДУЬХХЬАРЛЕРА А, ТӀАЬХХЬАРЛЕРА А ГӀУЛЧАШ

**Поэзехь дуьххьарлера а, тӀаьххьарлера а гӀулчаш**[15]

Итт шарахь колхозехь завскладан болх а бина, юха шина шарахь хӀумма ца деш а Ӏийна, тӀаккха деда
Ӏийначу кӀотарахь бежнаш лелош нийсса итт шо а даьккхина, тӀаьххьар а цхьана малх кхеттачудийнахь райцентре веанчу шовзткъа шо кхаьчначу Къаимна дагадеара «дахарехь лар йита». Декхначу дийнахь тоьхна ткъес санна, цӀеххьана коьрта чу иккхинчуоцу ойлано векхавалийтира иза.
«Бадуев СаьӀида йоккха лар йитина нохчийн литературехь», – хезира цунна тахана радиочухула шайна гергарчу нахехь. Хетарехь, цундела иккхира цуьнан коьрте и башха ойла.
«Цкъа делахь, нахана вевзаш хир вухьо, шолгӀа делахь, хӀокху бежнийн кхош-пхьаьжаш даха а ца деза хьан. Хьайн йовххачу чохь – ойлаел ахь: я мохехь, я малхехь, я шелехь а вац – йовххачу чохь хьайн сискал йоккхур ю-кх», – ойла йора цо.
Ӏаламо цхьа дика амал елла вара Къаим: шена дагадеънарг бӀаьрнегӀар тухучуюкъана кхочушдеш.

Нийсса кхо де а далале иттех стихотворени а, поэма а, ткъа иштта дийцарш а, юьйцу а ца хезначу жанрашкахь язйина произведенеш а эцна, районни газетан редактор волчохь вара иза. Церан хилла къамел, цхьа а дош тIе а ца тухуш, я дIа а ца доккхуш, кхузахь даладо ас.
Цкъа хьалха салам-маршалла хаьттинчул тIаьхьа:
КЪАИМ. Шуна газет тIе тоха хIара произведенеш йохьуш веъна со...
РЕДАКТОР. Схьалол, ма дукха ю хIорш...
КЪАИМ. О, дукха яц хьуна, дукха... ас язъян дагалаьцначаьрга хьаьжча... О, ас яйина хан, оцу жехь-бежехь... со санна, хьекъалалла долчу стагана ма кIезиг юуьш.
РЕДАКТОР. Хьекъалалла? И хIун ду...
КЪАИМ. Керла дош, ас кхоьллина – «талант» бохург ду-кх.
РЕДАКТОР. Осто-о-пируллахI, ма тамашийна яккхий таронаш ю-кх адаман коьртехь. Хьажахь оцу даше…Парадоксально, тIаккха-а, бакъдерг дийцалахь, шашлык дика-м хуьлу уьстагIан? Ма хьайн жехь лелаш, шашлык юуш, дIалеллехьара тоьлура хьуна а!
КЪАИМ. ХIан-хIа, произведенеш язъяр суна, хIаваъ санна, оьшуш ду.
РЕДАКТОР. Ткъа со а ву-кх, хIаваъ санна, уьстагIан шашлык оьшуш, тIаккха...
КЪАИМ. Кхета со, кхета со, хьуна могашаллина, шашлыкал сов, цIенчухIаваэхь садаIар оьшу, мукъачу дийнахь со волчу кIотара волахьа....
РЕДАКТОР. Это идея... Хьожур ву со. Но к делу...
Ас цхьа хьехар дийр ду хьуна. Айхьа язъял язъеш хилча, стихаш язъе. Цкъа-делахь, уьш атта а язло, шолгIаделахь, издательствос ахча дика а ло стихех: могIанах
70 кепек. ТIаккха, стихаш язъярехь коьртаниг тема ю.
ТIаккха, дIаязъел хьайна теманаш.
КЪАИМ. Заглавеш юй уьш?
РЕДАКТОР. Ю. Заглавеш, теманаш, названеш - оцу терминийн цхьа маьIна ду. ТIаккха, дIаязъел заглавеш:
«Сан Даймохк», «Шовда», «Сан лаьмнаш», «Орга»,
«Сан хьоме эвла», «Нана», «Безам, я наб цакхетар»,
«Iуьйре», «Суьйре», «Делкъе», «Iай», «БIаьста», «Аьхка», «Гурахь».
ХIинца цкъачунна тоьар ю хьуна. ТIаккха-а, цхьацца стихотворенеш, масала: «Сан Даймохк», «Шовда»,

«Сан лаьмнаш», «Орга», «Сан хьоме эвла», кхиерш – язъян ишта дIайоло еза:
Хаза бу (ду, ю), хьо, сан Даймохк (шовда лаьмнаш, эвла), я: Хьалха хьо боданехь лаьттина, сан Даймохк
(эвла, шовда, лаьмнаш).
ХIинца хьо серлонга (баьлла, яьлла, ваьлла, даьлла).
Чаккхе даима муьлххачустихотворенин иштта хила еза:
Сан накъост (доттагI, йиша, ваша)!
Хьайгарчу ирсан ахь пусар делахь!
Кхетий хьо?
КЪАИМ. Кхета. ДIайоло, чекхъяккха-м хуур дара суна. Юккъехь хIун яздича бакъахь дара?
РЕДАКТОР. Хьайна дагадоггIург...
КЪАИМ. Масала. «Шовда» стихотворени язъеш, иштта яздан мегар дуй?
Шовда молуш лаьтта етт,
Цунна уллохь лаьтта сту.
РЕДАКТОР. Мегар-м ду иштта а. Делахь, иза муьлхачу стихехь дика хир ду хаьий хьуна? «Безам, аьлча а, наб цакхетар» бохучу стихотворенехь. И стихотворени иштта дIайоло мегар ду:
Еза суна хьо сайн сил а дукха,
Хьо дагахь ца кхета суна наб.
КЪАИМ. ХIинца со дIаваха мегар ду-кх? Со хьоьга хьоьжур ву хьуна...
РЕДАКТОР. Мичахь?
КЪАИМ. Ас хьоьга хьошалгIа кхойкху, суо Iачу кIотара.
РЕДАКТОР. Ван йиш-м яцара сан, делахь а вогIур ву-кх. Бакъдерг дийцича, дика кхеташ ву хьуна хьо...
И къамел хиллачул тIаьхьа кхин баккхий хийцамаш ца хилира кху маьлхан дуьненахь. Хийцамаш гуш бацара районехь а. Ткъа редакторан, хIора шоьтан дийнахь шайн юьртах волий, цхьанхьа эхар а, районни газетехь керлачу поэтан цIе гучуялар а кхин боккха хийцам а ца лорура кхузарчу наха. Вайна юкъахь аьлча-м, и ши хIума цхьамма а тидаме а ца оьцура. Масане бара кху юьртах бевлла, цхьаццанхьа оьхурш, шоьтан, кIиран деношкахь муххале а; иштта масане бара кху районехь стихаш язъеш, цу тIехула тIе уьш цхьамма еша а ца йоьшура: баккхийчара иза шех «сом схьадолуш болх» боцу дела, кегийчарна стихел диках романаш хетарна.

Бакъдерг дийцича, газетан белхахошна хаадалаза-м ца дисира шайн редакторан хьалха, къоначу мозгIаран санна, хилла болу беса бос гIеххьа цIийбелла хилар.
Ткъа вайн коьрта турпалхо Къаим? О, Къаим!.. Изам, хьаха, вара тIетаьIIина «дахарехь ларюьтуш...»Произведенеш язъярал сов, цо шен цIийнна юьстахо ор а даькkхира, бахамаллин хьашташна лерина. Иза а ма ю цхьа лар! Хийцавеллий-те, бохий аш иза? Хийцавелла жимма-м. Хьалха бацалхула зезагашна тIе когаш бетташ иза леллехь, хIинца-м хIора зезагна тIе охьатаьIий: «ЭхI, хьо исбаьхьалла!» – олий, барт боккхура цо.
Стенна делахь а, Къаима дахарехь лар мел юьту, цуьнан уьстагIийн лараш кIотарарчу дежийлехь кIезга хуьлура. И тосаделлачуКъаима лахбира доттагIчунна-редакторна шашлыкна дIахоьцучужижиган барам.
Шен рогIехь иза тосаделира редакторна а. «Ма гIалатваьлла хилла со, хIара «дика кхеташ» ву бохуш, хIинца галволуш лаьтта», – ойлайора цо.
Амма дукха садетта ца дийзира цушиннан вовшашна. Цхьана шоьтан дийнахь сарахь дара иза. ДIаян гергга яханчу цIеран алошна улло хиина хIара шиъ Iаш, редактора элира:
– Тахана вайшиннан къаста деза.
– Муха? – цецвелира Къаим.
– Иштта, кхечу балха волуш ву со.
Шен доттагI – редактор кхин а «лакхарчу» балха волуш ву аьлла, дагатесначу Къаима элира:
– Хьо кхечу балха ваьлча, вайша хIунда къаьста?..
Я хьуна кIордийна сан хIусам, ас-м...
Эццахь иза юкъахваькkхира редактора, делахь а, дешархо, хьуна оцу минотехь цуьнан дагахь хилларг дIахаийтар сайн декхар лору ас. Цуьнан дагахь дара:
«Ас-м хIинца дуьйна хIора шоьтан дийнахь цхьацца Iахар буьйр бу, вайн доттагIалла хила деззачу хьолехь, лаккхарчу тIегIанехь...» Цул тIаьхьа ша хIун эр ду хууш вацара Къаимша а, цундела ахь суна а бехк буьллург хир бац-кха, дешархо, лакхахь вай ялийна предложени дукха тIадамаш тухуш чекхъялийтарна.
– Мичара, хIан-хIа... Ган-м гур ду вай. Делахь а... хьуна хьан литературни новкъахь дан гIо долуш хир вац со. Колхозехь завскладан

болх ло суна...
– Муха? Завсклад, хьайн болх а битиний?..
– ХIаъ, суна мел хала ду хаьий хьуна сайн болх дIатаса. У-у,.. – шен корта схьа а лаьцна, узар бира редактора. – Делахь а... дахарехь цхьацца хIумнаш хуьлу иштта, муха эр дара иза, иштта... хьо кхетий...
– Кхета, кхета со-м, – элира Къаима, ша иза ала гIертачух сол башха ца кхетташехь. Ишех оццул атта: кхетарна сапаргIатдаьллачу редактора, доккха са а даьккхина, шен къамел кхидIа а дира:
– Вайша дIасакъаьсташ ас сайн доттагIчун адрес лур ду хьуна. Иза а редактор ву. Цо гIуллакх дийр ду хьан.
Иштта дIасакъаьстира ши доттагI. Масех дийнахь лийлира Къаим къастаран вуо лелош. ТIаьххьар а, цкъа дIадолийна гIуллакх чекхдаккха деза аьлла, шен поэма а эцна, гIала таьIира «сийлахь-воккханиг» (иштта олура
Къаима шехшен дагахь). Поэма – хIунда лечкъадо иза
– редактора еллачу классически хормехь язйина яра: иза дIайолалора хIокху могIанца: «Хаза бу хьо, сан Даймохк», ткъа чекхйолура хIокху дешнашца: «Кегийрхой, шайгарчу ирсан аш пусар делаш».
Хорма керла яцахь а, поэмехь дуккха а дара хьекъале хIумнаш, масала, хIокху тайпана: «Аьхка мангал хьокху»; «ДIадаьлларг юха ца догIу»; иштта кхидIа а!
Поэмех лаьцна къамел вайн лахахь а хир ду, цундела иза кхоьллинчух дуьйцур ду вай... Къаим цхьана декхначу дийнахь гIала кхечира. Шайн кIотарарчу жоьли чу воьдуш санна, кхин оза ца луш, хьаькккхина редакторна тIевахара иза. Могаш-паргIат, зуда-бераш хаьттинчул тIаьхьа, Къаима хаийтира шена хIара дика стаг ву аьлла, районерчу редакторо вийцар а, ткъа иштта ша поэма а йохьуш вар а.
– ХIа, сан доттагIчо дийцира суна хьо дика кхеташ поэт ву, аьлла. Ткъа идея хIун ю хьан поэмин?..
ЭхI, иза дара Къаим кхийринарг. Цунна ца хаьара шен поэмин идея хьовха, ша иштта идея хIун ю а. Делахь а вайн хIинццалц билгалъяккхаза Iаламера цхьа башхалла яра Къаиман: хIуманна атта вицлуш вацара иза. Цунна хIинца дагадеара районерчу редакторца дуьххьара шен хилла къамел. Цигахь редактора а элиркха, шега Къаима: «Мукъачу дийнахь со волчу вола хьо», – аьлча:
– Это идея.
«Хетарехь, цхьа шатайпанчу маттахь соьга

«уьстагӀий дуй хьан?» бохург хир ду иза. ХӀетахь оцо а ма элира и дош, охашимма шашлыках лаьцна къамел дечу хенахь», – ойлайира Къаима.
– Ду. Уьш-м хьаха дударста а дерстина лелаш. Вола хьо со волчу мукъачу дийнахь, – элира Къаима. Редактора, цкъа цӀеххьана воьхна а висна, тӀаккха дерригенах а кхетта, элира:
– ХӀи-хӀи-хӀи! Сан накъост, хьо теминажимма юьстахваьлла. Делахь, дика-м хир дара ахь хӀара поэма язйинчуметтигашка хьаьжча... Ткъа хӀинца хьожур вай хьан поэме... ХӀаъ... ахӀа... ахӀа... Схьадал хьайн куьг...
Кхузахь гуш ду хьан поэмехь цӀечу теца – ас-м цӀечу тросаца эр дара, – чекхйолу гражданственни пафос денъялар, цо зазадаккхарца философски кӀоргаллехула лирически шораллин чолхалле ерзар. Амма, сан доттагӀ, жимма кӀаргъеш, тоян хьажахьа хӀара хьайн поэма. Со вогӀур ву хьуна хьо волчу...
И къамел хилла кхо де а дацара, цхьана екхначу Ӏуьйранна Къаимшен кӀотарахь, хьалха эчиган кхо нуьйда йоллу пиджак а юьйхина, коча шен мекхех терра йолу, полланан суьртахь галстук а йихкина, дукха сагатдаларна цхьана метта саца ца луш, тӀехьа ши куьг а диллина, дӀасахьийзаш. Дерриге кийча дара хьеший тӀеэца: малх санна, цӀандинера баттахь а кхелли дӀакхоссаза долу божал а. Оцу хьолехь яра жоьла а. Шен тӀаьххьара иллеш дагалоьцуш лаьттара, хьокханах дӀабихкина болу цхьана шарера уьстагӀ. Ткъа поэма-м цхьана-шина сохьтехь «кӀаргъеш-тойина» велира «сийлахьвоккханиг», иштта «хьекъалалла»долчунна доккха хӀума а дацара хӀума кӀаргъеш-тояр. Амма, ткъоалгӀачу бӀешеран шолгӀачу эхан дешархой, шу аьллачух тешийта даима а билггала масалш хила деза. Уьш ца хилахь, шу-м тешар ма даций. «ХӀан-хӀа, и хила йиш ма яц!
Муха? Вайн атомни бӀешараххьий? Вайн кибернетикин бӀешараххьий?» – маьхьарий деттар ду аш. Амма, цкъа-делахь, Къаима шен поэма «кӀаргъеш-тояр» доккха хӀума а дац, юха а боху ас, цуьнан «хьекъалалле» хьаьжча; шолгӀа-делахь, Къаима шен поэма кӀаргъештояр тӀечӀагӀдеш долу билггала масалш а ду. Хьовсал шу, нагахь хьалха цуьнан поэмехь хӀокхутайпана хьекъале аларшхиллехь: «Аьхка мангал хьокху», «ДӀадахнарг юха ца догӀу», бохуш, ткъа хӀинца уьш кхин а кӀарглуш, тоделлера: «Мангал хьокху аьхка, наггахь гурахь а»,

«Юха ца догIу дIадаьлларг, дан йиш а яц», и. дI. кх. А.
ТIаьххьар а схьакхечира гIалара хьеший. Редактор ша вацара: цуьнца зуда а яра. Зудчо, хIара ма гиннехь, дIаса а хьаьжна: «О, природа!»[16] – элира.
Дукха хан ялале, хьешашна шун хIоттийна даьлча, массо шайн-шайн гIуллакхе хьажа дIасакъаьстира:
Къаим ша даьккхинчу бахамаллин ор долчу вахара, редактор, кхуьнан шалго топ а эцна, хьуьнхахула волавала, ткъа цуьнан зуда генахь доццуш долчу цIийнан тIехьарчу бай тIехь зезагаш лехьош, царах хьожа а йохуш: «Ах, прелесть!»[17] – бохуш, лелара.
Дукха хан ялале цIийна тIехьа ваьллачу Къаимна гира шен керлачу доттагIчун зуда. Хьаьккхина тIе а вахна, цуьнцанна зезагаш лехьо хIоьттира иза а. Цул тIаьхьа дIадаьллачу сохьта чохь хилларг суна ца хаьа, хIунда аьлча со оцу хенахь хьагвелла, гIеххьа генахь йолчу хьуьнхарчушовдан тIе хи мала вахна хилла дела.
Хи мала воьдуш редактор а гира суна, топ юьстахо-о охьа а кхоьссина, цхьаъ-м язъеш, делахь а кхуо лелочул а хазах вукхушимма лелориг хир ду-кх аьлла, сихха сайн хи а мелла, вухавирзира со. Гучуваларна кхоьруш, халла керта юххе текхча, суна гинарг Къаиммий, редакторан зудий дара. ТIехьара тIехьаьжначо «ма хаза куц долуш зуда а ю хьо» эр долуш, хьалхара и гинчо
«деллахь, оцу меран дакъа алсам ца кхаьчнехьара, ма хаза зуда а яр-кх хьо», эр долуш, яра хьаша. Iаламо цунна делла юьхь-сибат гуш а дацара: басар, пудар, туш, суна цIерш ца евза кхин тайпа хIумнаш (я Iилманан маттахь аьлча, «химически дозарш») хьекхнера цо шен оцуюьхь тIе. Делахь а, мерах дерг асшуьга аьлла, бIаьргаш, цкъоцкъамаш, бIаьрнегIарш, кхийолу цуьнан башхаллаш йовза луург студентийн юкъарIойлехь муьлхха студент дIавуьжучу маьнги лакхахь хьалатоьхначу суьрте хьажа. Мара ца лерича, тап-п цунах тера ю шуна хIара вайниг а.
– Хьо муха Iийна ткъа «без любви». Хьо... хьо, оццул симпатични волу... – бохура зудчо, корта аркъал а туьйсуш.
Дешархо, бехк ма биллалахь хIинццалц Къаиман юьхь-сибат ца гайтарна. Айса цуьнан дог-ойла, цо лело гIуллакхаш гайтичхьана, юьхь ахь айхьа а – Къаиман синхаамийн дахарца йогIуш йолу – лохур ю аьлла, IаддаIара со-м. Делахь а, вайн хьешо Къаимах «симпатични» аьлча, цуьнан сурт-сибат ца довзийтича ца волу-кх. Къаим лоха ву ала

а мегар доцуш, амма лекха вуша хьераваьлла воцчо а эр доцуш стаг вара. Цуьнан когаш дукха боца хетара, вукху дегIе хьаьжча… Верстина совса а севсина вара иза. Цуьнан ши лерг – Къаиман оцуйоккхачу юьхь тIехь бIаьрг тIехь соцург уьш дар-кх, – сацкъарах дан а дина, тIелатийча санна дара.
Хьешо шега и хаттар дича:
– ХIаъ, дера Iийна со зударийн ховхалла ца евзаш нийсса шовзткъа шарахь, – аьлла, тезетахь кадам беш санна, тIехьа ши куьг а диллина, корта охьа а бохуьйтуш, дIа а хIоьттина, шен къамел дора:
– Цкъа хьалха хIокху бежнашна тIаьхьа а ваьлла лийли. ТIаккха – фаэзи...
Иза и дешнаш аьлла а валале, хьешо, Къаиман белш тIе а тевжаш, цхьа куьг хьетIе а дуьллуш, бIаьргаш яла йоьжначу котаман санна дира:
– ОхI, – аьлла, доккха са а доккхуш.
– ЭхI, – Къаима а элира, шен рогIехь.
ТIаккха нохчийн а, оьрсийн а, комин а, кхечу цхьаццадолчу а меттанашкахь мел долу айдардешнаш бехира шимма а, бакъду, цкъа хьешо: «ОхI, нахал!»[18] а-м элира, юха сихха: «ОхI, извини»[19] а олуш. ТIаккха... (цхьаццаболчу яздархоша шаьш ишттачу халчу хьолехь нисбелча, дукха тIадамаш а тухий, дIадоьрзуьйту хIара тайпа гIуллакх. Цундела ас а иштта дийр ду-кх, хьайна лаахь иза плагиат а лара, сан хьоме дешархо).
...ДIаихира хийла беттанаш. Хийлазза веара редактор шен кIотарара доттагI волчу. Хийлазза Къаиман топ а эцна, хьуьнха а вахна, и дIа а кхоьссина, цхьацца хIумнаш яздеш Iийра иза. Масийттаза редакторан зуда
«а-ах, прелесть», бохуш, зезагаш лехьо хIоьттира, тIаккха масийттаза цу шимма кху дуьненахь мел болчу а маттахь айдардешнаш а бехира. Цул сов, масийттаза дукха тIадамаш тоха деза меттигаш а Iиттаелира тIе.
КIотархула хIоршиштта леллашехь, мухайолуа цахууш, араелира Къаиман поэма а.
Коьртачунна (нийса хир ду «в основном» аьлча),
Къаим реза вара арайьллачу шен поэмина. Делахь а цхьа хIума халахеттера Къаимна, аьлча а – ши хIума.
Хьалхара –шен памилий, цIей цIечушекъанца ца язъяр, шолгIа – мужалтал чоьхьарчу агIон тIе тоьхна шен сурт оцу мужалтана тIе ца

тохар.
ТӀекхечира гонорар схьаоьцу де а. И а схьаийцира, поэма «лийча а йира». ШолгӀачу дийнахь, шаьшшиъ набарх ма-велли, редактора Къаиме элира:
– Рецензи язъяйта еза вай хьан оцу поэмина.
ТӀаккха, телефон схьа а эцна, номер ийцира цо:
– Сайдул, хьо вуй и? Со редактор ву. Могаш-мегаш.
Нормално. Да, хьажахь, хӀинцца дукха хан йоццуш
Катаров Къаиман араяьлла-кх«Хьайгарчукхуирсан...» боху киншка. Цунна рецензи язъян езар-кх. Стенах лаьцна ю, бохий ахь? Цу тӀехь авторо уьйурш вайн заманан чӀогӀа мехала проблемаш ю. Дайн дахар, берийн дахар. Да, проблема «отцов и детей». Чекх муха йолу хаьий хьуна: «ХӀай, къонанаш, шайгарчу кху ирсан аш пусар делаш», бохуш. ХӀаъ. Кхин кӀира даьлча хир ю, бохий ахь? Дика ду. Ну, давай, Ӏодика йойла...
И къамел дина ваьлча, шен дистина, картолаш санна долубӀаьргаш редакторе а хьовсош, Къаима элира!
– Мел хир ю и рецензи?
– Суна хӀун хаьа, мелла а хилча а, хӀун бен ю иза?
Хьан поэма хестош хилчахьана?
Цул тӀаьхьа нийсса кӀира даьлча гӀала веана, газетийн киоска тӀехьаьдира иза. Цу хьалха а хӀиттина,
«Литература а, даьхнилелор а» журнала тӀе пӀелгаш а хьежош, буьйлуш лаьттачу нехан тоба гира Къаимна.
ХӀорш стенах буьйлу теша аьлла, цхьаьннан белша тӀехула журнал тӀе хьаьжира иза. «Шайгарчу кху ирсан...» бохучуроманах лаьцна» аьлла, дийнна цхьа агӀо дӀалаьцна, йоккха статья яра оцу наха йоьшург. Къаимна хиира и статья шен поэмех лаьцна язйина юйла.
Амма уьш стенах буьйлу хӀинца а ца хаьара цунна.
–Шу стенах дуьйлу, накъостий? – хаьттира цо, шен огӀазвахар лачкъа а деш.
– Хьажал хьо, накъост, хӀокху «Литература а, даьхнилелор а» цӀе йолчу журнал тӀехь «Хьайгарчу кху ирсан...» бохург роман ю, ткъа хӀокху «Даьхнилелор литературехь» тӀехь поэма ю, тӀаккха хӀокху хьалхарчунна тӀехь...
– Боккъал, доьху, хӀара ший а журнал суна лохьа, – аьлла, уьш цуьнгара бӀаьрнегӀар тухучу юкъана схьа а даьхна, ца оьшу боххушехь

вукхунна пхи сом ахча а делла, некъаш хедош, трамвайшкий, автобусашкий тормозаш туьйсуьйтуш, царна чохь мел верг бертал тоххаза вуьтуш, яйчу машенех кхетта, уьш лазоза а йохуш, шений, редакторний вевзаш волу критик вехачу агIорхьа дIахьаьдира Къаим. Халла са а доьIуш, дукха кIадваларна багара хиш а оьхуш, дIакхечира иза.
Кхуьнан критик, спортивни костюм а юьйхина, кога пошмакхаш а туьйдина, цкъа тIевоьдий, стоьл тIера кофе молуш, тIаккха воьдий, ял-ялхийтта кийла йолу герканаш уьйуш, юха охьахуий, масех минотехь яздеш, тем байна хьийзара хIара дIакхаьчча.
Сихха салам-маршалла хаьттинчул тIаьхьа, хилларг дIадийца дагахь Къаима элира:
– ХIокхужурнала тIехь...
Амма цуьнан кхин дIадийца ницкъ ца кхечира.
Критико, шен куршка дIа а гойтуш:
– ХIара кофе растворимый ю, – элира.
ТIаккха Къаима вистхила дагахь бага хьалагIаттошехь, юха а:
– ХIара кофе растворимый ю, – элира.
Цул тIаьхьа Къаима:
– ХIокхужурналехь... – оллушехь:
– ХIаъ... ХIара суна «Столичный» туькан чохь болх бечу грузчико еана, – элира критико.
– Со... со... – юха а цхьаъ ала гIоьртира Къаим.
– Iуьйранна хIара мелча со-м, гIеххьа кайф хуьлий, лела сарралц, – аьлла, юкъахваьккхира иза критико, ша аьллачух чIогIа там хилла, шен пха тесна шарбал хьала а узуш.
Эххар а Къаиман ницкъ кхечира ша кхуза деанарг дIадийца.
– Ахь хьайн статья тIехь роман аьлла, ткъа и ша поэма ю, хIокху тIехь ма-бохху.
– ХIу-ун, боккъаллий? Роман яц иза?
– Яц.
– Хьажахь, оцуАббасовс телефон тоьхча, кхин цуьнга хьажар а ца хуьлуш, айса дош даларна сихвелла ма язйира ас и статья. Хьажахь, кху балхе. Цо схьаала мегаш дацара те, и поэма ю аьлла. «Вайн заманан мехала проблемаш иййо» цо аьлча, роман хирю хьуна тешна а, аьлла ма язйира ас и статья. Ахь а ца хилла роман язъян мегаш? ХIара-м сенсаци ю. Юй сенсаци?

Алахь, юй сенсаци?
Шена цо юьйцург хIун ю а цахаарна, Къаим, бIаьргаш а бетташ, вист а ца хуьлуш Iара.
Ткъа важа-м иштта хIара вита дагахь вацара. Кхо
«ю» аьлча, дерриг дIанислуш санна:
– Вистхилахь, юй хIара «сенсаци»? – хоьттуш воллура критик.
Цхьаъ хир ду-кх иза, цхьаъ ца аьлча-м ца волий со, аьлла, тIаьххьара а:
– Ю, – элира Къаима.
ТIаккха критико, доккха са а даькккхина, хIокхуьнан сатедеш:
– Хьан кхийолчу произведенешна дика язйийр ю вайшимма рецензи. ХIорш-м хьан поэзехь дуьххьарлера гIулчаш бен яций...
– Яцара, хьаха. Делахь а уьш тIаьххьара а хиларна кхоьру-кх!
– ХIунда?
– Аббасов селхана редактор волчуьра дIаваькккхина. Цо схьадийцарехь, оцу керлачунна со бIаьрга ван а ца веза. Шайл тола воьлларг веза ма ца веза вайнахана...
– Боккъал, дIаваькккхина Аббасов, ва-хьа-хьа! Иза кхин а дика ду-кх. ХIета, ас хьох лаьцна йоккха монографи язйийр ю-кх. «Поэзехь дуьххьарлера а, тIаьххьарлера а гIулчаш» аьлла, корта а болуш. Вахь-хьа-хьа!
ТIаккха, цхьанхьа а балха хIоьттиний хIара?
– Цхьанхьа пивбарехь ву ша-м, бохура цо.
– Боккъал. Кханнехь гIур ву хьуна со цига... – эццахь шен велар хадийна, ойланашка велира критик...

# ДОХКОВАЬЛЧА

**Дохковаьлча**[20]

Цуьнан юьхь цIийъелла, совса а севсина яра. Сийна бIаьргаш – тамашийна даккхий, кхерамах дуьзна.
Коьрта тIе девлла чоьш, зуьнан кIохцалш санна, ирахIиттина дара, малхо гиччош юххера маж а дина.
Цуьнан гIеххьа яьллачу нилхачу можа юккъехь нагнаггахь къежбелла чо а хаалора. Цунна тIехь беркъа барзакъ дара, я и сов боьха долудела иштта хеташ хила а тарлора. Волалуш, букар чу а сеттий, ши куьг хьалха охьа а хоьций (царах цхьаъ, чолакх долуш, вукхул дуткъа дара), уьш леста а ца деш, лелара иза. Цуьнан хьаж тIедевлла гучу пхенаша а,

бIаьргийн хьажаро а, чIичкъашка яханчу юьхьо а хоуьйтура тидаме волчунна цуьнан кхетамо цхьа боккха бала лайна хилар.
Иза хIора Iуьйранна аьлча санна, гIалин базаран кертахула волалора:
– Нана, суна къинтIераяла, нана, суна къинтIераяла, у-у-уйтI, нана, суна къинтIераяла! – бохуш, мохь а бетташ.
Цуьнан мохь хезначунна хуур дара иза массо а санна волчу стеган мохь боцийла. И мохь сов чIогIа а, хьере а бара. И мохь хезча, базарахь даима а шайн йохка-эцар лелочара: «ХIахI, схьакхечи хьуна хIара а», – олура, ткъа и дуьххьара хезаш берш, цецбуьйлуш, хIун хилла теша кхунна бохуш, маьхьаран дега хьуьйсура.
Церан цецбовлар а хаалой, и вевзачара олура: «Хьераваьлла стаг вуиза», вукхарах цхьаболчара: «Деллахь, ма къа ду цуьнан» – олура, цхьаберш цунах самукъадолуш (я иштта шаьш моттийтахь а), цо дуьйцучуьнга ладоьгIуш лаьттара, наг-наггахь: «ХIийт, горалера кIант-яI», – а олуш.
– Сан нана цхьаъ бен ма яц, сан нана дIа хIунда йоьллина? – олура тиларчу ваханчо, шена мохь бетта кIордийча, цхьанна улло а таьIаш. Ткъа вукхо:
– ДIаваьл, ма воьллахь и хьайн боьха хIумнаш а йохьуш схьа, – олий, ша юхкуш я оьцуш йолу хIума дIалачкъайора, цо бехъярна кхоьруш. ТIаккха:
– Нехан шишша ю-м ца моьтту хьуна нана, вахьхьа-хьа! – олий, велалора, гонах дIасахьожий, ша аьлларг хазахеташ цхьа а вац-теша аьлча санна, нагахь иштганиг карийча, цуьнга бIаьрг а таIош.
Иштта шен мохь бетташ, наха шена сагIийна елла хIума а юуш, нагахь йоьжна-йисна я цхьамма елла цигаьрка хилахь, оза гIерташ, цуьнан ахюуш, сарралц лелара тиларчу вахнарг. Ткъа сарахь и, тIапъолий, вовра. Цо буьйса мичахь йоккху хууш стаг а вацара кху базарахь. Iуьйранна цо шен «болх» юха а дIаболабора.
Жимчохь догкIеда а, аьлларг сихха дагах кхеташ а бер дара Чуоча. Цул сов, хIара йоьалгIачу классехь волуш, ког-салазаш хаьхкина басах чувогIуш, охьакхетта, лазийна пхьарс, кхин та ца луш, чолакх бисаро а кхин тIе а дог эшийра цуьнан.
Пхьарс чолакх бисаран бехк, коьртачу декъана, Чуочин шен бара. ХIетахь, шен пхьарс чIогIа лоззушехь, шега мел тохалу садетташ Iийра иза. Чуоча кхоьрура шена хилларг дега дIахаийта. Цуьнан да, даккхий мекхаш а долуш, тIе мохь туххий бен вист а ца хуьлуш, буьрса стаг

вара. Наггахь, цо нанна тIе мохь тоьхча, чIогIа кхералой: «Ва-а, нана», – олий, ненах хьаьрчара
Чуоча.
Дас дихкира цунна салазаш хехкар а, берашца ловзар а... Цхьа болх боцург, дерриге а дихкинера цунна дас. Цундела, цо еттарна кхоьруш, цуьнга хьовха, шен нене дийца а ца хIоьттира Чуочашех Iоттаделларг. Ткъа кхо, кхин са а ца тохаделла, и дIадийцича, кхуьнан нанас иза юьртахь, «хIумнаш хууш ву» аьлла, цIе яханчу Ухина тIевигира. Цо, цкъа хIотталц пхьаьрсе а хьоьжуш: «Дукха тIаьхьа веана, дукха тIаьхьа...» – бохуш, корта а лестийна, юха сохьтехь гергга ийза а бина, тIе котаман хIоьан буьйрах бина белхьам а биллина, зоьпар тухуш, и дIа а бихкина, цIа ваийтира Чуоча. Оцу дарбанах кIентан пхьарс то а ца белира...
Шена дас кест-кеста етташехь, Чуоча дIа ца вулура цу Iазапах, цо иза хIоразза а бокххачу кхерамца, вега а веш, тIеоьцура. Дас сонехь лаьтта гIаж схьа а оьций:
«Ког схьаберзабел», – аьлча, Чуочас: «Ва, Дела!»– олий, мохь а хьоккхий, сихха ког дIаберзабора. Цунна хаьара, ша иза кхочуш ца деш жимма хан ялахь а, дас шена корта а, ког а ца лоьруш гIаж еттар юйла. Чуочас мохь хьекхар, велхар дена дагах ца кхетара, цунна уггаре а нийса хетара шен бер иштта кхетош-кхиоран некъ.
– Серах ца бича, хIоз хьокханах хир бац, – олура цо, кIантана ма еттахьара аьлла, лулахоша шех бехк баьккхича. – Со хIоз беш ву серах. Ткъа наггахь:
– Хьан хIун бала бу сан доьзалан, со бер-х даций ахь Iамо, кхин хьо велла дIаваллалц ма аьллахь соьга и, – мохь тухий, шега вистхилларг аьллачух а дохковоккхура. Цунна хаьара (шена гергахь) хьаьнга хIун ала деза.
Дахарехь цхьа стаг вукхунах кхоьруш, оцу вукхо цхьанна тIехь куьйгалла деш хила деза а, иштта ду а моьттура Чуочин дена. Иза, шеца цхьа а дов ца оьшучу стагана мохь туххуш къамел а дина, и стаг кхералахь кхерош а, и кхера ца велча ша кхералуш а, цул тIаьхьа цунна хьалха, цхьогало санна, цIога хьийзо эхь ца хеташ а стаг вара.
Етташ Чуочина даима а орцахйолуш ерг нана яра.
Иза, кIантана ма тохахьа аьлла, дуьхьалъяьлча, дас цунна а еттара, тIаккха – кIантана а. Цул тIаьхьа нана, шен кIант мара а къовлий, ехха йоьлхура, соне а хуий, шена мел гина халонаш, халахетарш дагадогIий,

логехь хорам а хуьлий. Цуьнан да-нана а, я цхьа а ваша а, йиша а дацара. Йиший, ваший цуьнан цкъа а ца хиллера, ткъа да-нана тIом болчу хенахь деллера... Кхуьнан ден вежарех а ца висира цхьа а. ХIара цхьана юкъана шен дешича волчохь Iаш яра, тIаккха Чуочин дега маре еара, цо йола ма элли...
СийнабIаьргана (иза яра цуьнан цIе) шена етта моссаза етта дагадогIура, шен тIеяха цхьа а воцу дела, шен цIахь цIа доцу дела, атта хеташ, хьийзайо-кх ша олий.
Оцу ойлано иза кхин а таIайора, цуьнан бала кхин а базбора. Делахь а, шена мел чIогIа ницкъ хилахь а, арадоккхий, нахалахь ца дуьйцура цо шегахь латториг.
Ламаз тIехь-м даима а доьхура цо ша балеха яккхар, шайн доьзалан барт чIагIбар. Чуочина а Iамийра цо ламаз дан, Чуочас а доьхура шен ламазан доIанехь дуккха а хIумнаш: шен пхьарс табалийтар, шен цIена вилспет хилийтар, шена даима а, цхьаннах а кхера а ца кхоьруш, ловза йиш хилийтар...
Кхин цхьа бер а дара оцу доьзалехь, Чуочел кхо шо воккхах волу кIант – Iади. Iади шен амалшца а, леларшца а ватIийна-ваьккхина шен да вара. Цунна бен дIа а ца хетара шен нанний, Чуочиний еттарх, иза, шен дена тIаьхьа а хIуттий, иза велавелча велалуш, иза кхоьлича кхулуш, цо аьллачунна «хIаъ, хIаъ» бохуш лелара. Наггахь цо, шен дена хазахетийла а хууш, дуьйцура: «Дада, ахь селхана айина дечиг ма йоккха а яра»,
«Ас селхана, сайна дена хьажийча, шайн кIентан лерг меллаша хьовзийча, сохлата гIоьртира Аказ». (ТIаккха дас: «ХIахI, боккъаллий, хIумма а дирий хьуна цо?» – олура, мохь тухххуш). «Ас, цул тIаьхьа, даде дIаэр ду хьуна аьлча, дIавахар-кх, хIумма а ца олуш».
Цо и тайпа къамелаш деш чIогIа там хуьлий, дас цкъа хьалха вела а къежий, тIаккха шен юьхь кхола а йой, буьрса олура:
– Иштта ала ахь, со ца кхоьру хьуна цара хIума дарна.
Ши шо хьалха Iади ишколехь доьшушвара. Доьшуш вара аьлча а, цхьана классехь шина-кхаа шарахь а Iаш, шел эшначух леташ, тоьллачунна къежаш, каяьлларг лачкъош, кхоалгIачукклассе хьалавелир-кх, еша хьовха, ура-аттала дерриг элпаш а ца девзаш. КIантана хьехар дахьара аьлла, шен керта ишколера стаг веача, иза, Iаьржаниг кIайн ду бохуш, къарван гIерташ, лата кеп хIиттош, нахе ша сеца а войтуш, гIовгIа йора Къурбас

(Iадин дас). ТIаккха Iади, иза кхин лартIе ван а ца тигина, ишколера дIаваькkхира.
Чуочиний, шен нанний етташ гIо-м муххале а ца доккхура Iадис цаьргахьа, мелхо а, цкъа цхьана дийнахь йиттина, гIелъелла Iачу СийнабIаьрга ша-шега:
«Дала кхиэл йойла хьуна», – бохуш, Къурбина къа доьхуш ден шабарш а хезна, «Дада, хьуна дагахь цхьа хIумнаш дуьйцуш юхьуна иза», – а аьлла, шолгIа а еттийтира цо шен нанна.
Чуоча пхоьалгIачу классе ваьлча, цуьнан кхидIа деша йиш ца хилира ишколехь. Кхуьнан да лам чу, кIотара, жа-даьхни лело дIавахара, шеца шен доьзал а эцна. «Цигахь пхи-ялх шо а даьkkхина, цул тIаьхьа машен а эцна, ас гойтур ду кху юьртарчу нахана!» – иза дара цуьнан бахьна. Iедалехьара шега хIума ца алийта, мелла а колхозан жа а Iалашдора цо.
СийнабIаьрга Чуоча эвлахьшен дешар чекхдоккхуш витахьара аьлча, Къурбас мохь туьйхира:
– Ца вуьту, парпессар-м хир вац цунах? Цу тIе и киншканаш ца ешча а хуур духьуна бежнаш дажо.
КIотарахь а кхин хIумма а хийца ца делира. Амма болх дукха бара кхузахь юьртахьчул а, цхьаьннан а охьахаа йиш ца хуьлура. Балха тIехь кIадлой, гIирвулий, кхин а дера хуьлура кхузахь Къурба.
ДIаделира пхи шо. Чуочин ялхийтта шо кхаьчнера.
Адамна массо а хIума цхьа тамашийначу, хазчу суьртехь гуш, цуьнан ша-шех тешар, «Со» бохург гучудолуш, цуьнан даг тIехь уггаре а цIена, сирла синхаамаш кхоллало зама ю иза. Чуочина а иза ишттa хан яра, делахь а бераллехь дуьйна цуьнан дохийначу даго самукъадала ца вуьтура иза. Цхьа минот хьалха цунна хазахеташ долу Iалам, шолгIачуминотехь кхулура, минот хьалха изаша-шех тешаш а, шега дуьненахь хIуъу а далур ду аьлла хеташ а хиллехь, минот дIаяьлча, цунна шел гIийла а, де доцуш а стаг вац моьттура лаьттахь. «Ирча а со ву, чолакх а со ву, дешаза а – со, соьга хIун далур ду хIокху дуьненахь?» – ойла йора цо, шен кхачамбацарш долчул а сов, кхин тIе а шен кхетамехь
Iарждеш.
Иштачу миноташкахь Чуочина, ша мел чаьмза хетахь а, уггаре а сийлахь, хьоме хеташ цхьа ойла яра.
Цунна даима а хазахетара и ойла еш.

Иза иштта яра. Беттаса кхеттачу сирлачу буса хьуьнан юккъехь долчу ирзу тIехула схьавогIу хIара. Оцу хенахь, беттан серлонехь шен кIайн дарин духар а лепош, гучуйолу букъ буззуш охьахецна Iаьржа месаш йолу йоI. Цунна тIехь гIабали ю, кога туьйдина – пошмакхаш, коьртахь хIумма а яц – иштта дIа месаш ю-кх охьахецна. Батте а хьоьжуш, цунна ела а къежаш, хIаваъ санна, яйн, тхи диллинчу бацалхула йогIу и, хIара ган а ца гуш. ЦIеххьана хIокхунах бIаьрг кхетча, цецйолий, юьстахъэккха. ТIаккха хIокхо цхьаъ олу (хIун олу цунна шена а ца хаьара). Юха иза, кхуьнга стешхачубIаьргашца схьа а хьожий, елакъежа…ТIаккха жимма хан яьлча (оцу хенахь шаьшшимма хIун дийр ду а ца хаьара цунна), цу шиннан вовшашца барт хуьлу, и шиъ вовшех кхета, цундела и шиъ, вовшийн куьйгаш а лаьцна, ц и г а дIадаха новкъа долу. Ц и г а х ь адамаша даима ловш цхьа хазахетар, безам бен, хIумма а хир дац...
И ойла еш, дуьненчуьра массо а хIума диц а лой, ша боккъал а ишттачу хьелашкахь нисвелча санна Iара
Чуоча. Ткъа нагахь:
– Чуоча! Чуоча! Хьо хIун деш ву? Схьавоьл, – аьлла, ден аз хезча, иза, ша верзина-цIена, луьйчуш гучуваьлча санна, вухура. И шен ойла, цхьанна йовзарна кхоьруш санна, оцуминотехь дагчуьра дIайоккхура цо.
КIант кхоьрура и шен сел хьоме, цIена хIума цхьамма, юкъа а гIоьртина, бехдарна.
Оцу шарахь, Чуочин вуьрхIийтталгIачу шарахь, бIаьстенан юьххьехь, ломара охьахьаьдда йогIучу лайн токхамна бухахь а висна, докъаза вайра хIара дерриг дуьне а жа-даьхни лелор тIехь чекхдолумоьттуш хилларг.
Да кхелхина цхьа шо даьлча, Iадис, карахь долужадаьхни дIа а доьхкина, СийнабIаьрга юьртахь Iайтахьа боххушехь, гIала охьабигира уьш.
Шен нанний, Чуочиний гIалин йистехь цхьа хIусамтайпа а лехна, ша цхьа жеро а ялийна, аьлча а, цунна тIе а вахна, хьалхара лаба чукагйина шалап а эцна, мекхаш а дитина, гIеххьа ге дIа а яхийтина, столовехь грузчик балха а вахна, цхьаболчарна къиэжаш, вукхарна тIечехаш, ваха хиира Iади, ша къамелдеш хIора даша тIехь аьлча санна «дуй хьуна» а олуш. Бакъдерг дийцича, Iади, жимчохь санна, вон вацара шен ненаца.

Иза кест-кеста вогIура и йолчу, цхьацца кега-мерса хIума а йохьуш. Цул сов, жа-даьхни доьхкина долу ахча а, шена цхьа пайда боццу хIума а эцна, нене дIаделлера цо.
ГIала охьавеъча ша-шехдоглазар кхин а кIаргделира
Чуочин. Цунна гора пхьаьрсаца заьIап хилла ца Iаш, ша шен кхетамца а заьIап хилар. Цо синIийжамца дагалоьцура, ишколехь деша а ца доьшуш, ша лам тIехь даьхна шераш. Доллучул а хала дара цунна, мехкаршна юххе а бевлла, кегий нах гIалин паркехула лелаш гар.
Цунна моьттура, цхьа а йоI а, оцу кIенташна санна, шена улло ер яц. Нагахь цхьа йоI ела а къежна, шега хьаьжча, Чуочина, цкъа хазахетий, кийрахь цIе йолура, тIаккха шен чолакх пхьарс а, ша дешна цахилар а дагадогIий, иза юха а кхулура.
Цунна моьттура и йоI шех къахетта, къинхетам беш хьаьжна шега. Ткъа кхунна тIаьххьарчу хенахь уггаре а цадезарг дара наха шех къинхетам бар. Иза вала а реза хир вара, нахана ша гIийла хетта, церан къинхетаме дешнаш хезачул.
Сарралц гIали юккъехула а лелий, сарахь халахетарша (уьш-м, иза ша шех цец а вуьйлуш, даима, хилла хIумма а доццушехь, кара а дора цунна) хорам бой, гIийлла воьлхура и, ненах а лечкъаш. Нанна-м хаьара цо хьоьгубала. Наггахь СийнабIаьрга:
– Чуоча, хьуна зуда ялае вай, суна накъост а хир яра, – олура.
Шега цхьа а зуда йогIур яц аьлла, дог тешначу Чуочас, ша цунна тIетан кийча воллушехь:
– Суна-м ца оьшу цхьа а зуда, – олура.
Иштта хандIаоьхуш, Чуочина эххар а карийра накъостий, уьш мала хIума чIогIа дукхаезаш а, цундела кисанахь ахча дерг (цунна лаахь а, ца лаахь а) шайн доттагI лоруш а кIентий бара, еха месаш а, шуьйра хечеш а лелош. Чуочехь, СийнабIаьрга, иза дукха кхоьлана волу дела, мичча вахна а шен самукъадоккхур дацара теша аьлла, делла ахча хуьлу дела, иза сихха церан «деган доттагI» хилира, цара кхунна иштта сиха малар а марздира.
Ткъа нанна кхин а базбелира цуьнан бала. Цунна гора шен кIант маларо виснарг а галвоккхуш хилар.
Цкъа цхьана дийнахь, Iади ша йолчу веъча, нанас цунна балхийра Чуочин бала. Цо шен дас деш хилларг дира: йиттира Чуочина. Оцу еттарх малар-м муххале а ца дитира цо, цул сов буса чу а ца воьрзура.

Цундела ланас, цо хIуъу лелийча а, Iадига дIа ца хьевора иза, цо юха а еттарна кхоьруш.
Масийтта де дIаделира, Чуоча иштта лелаш. Цхьана дийнахь мелла а воцуш, нана цецйоккхуш векха а велла, хьасене а волуш, хеннахь веара иза цIа. Шен дагахь дерг дIа ца алалуш, гIеххьа лийлира иза.
Оьшучохь а, ца оьшучохь а эхь хетар цуьнан амалехь долчу дуккхачу а сакхтех цхьаъ дара. Эххар а элира цо нене:
– Нана, со зуда яло воллу.
– Ой, дика ду-кх, со къанъелла, кху цIахь лела ца лун хIун хан ю! – хазахетта хьаьвзира нана.
– Делахь... делахь... – юха а вистхила гIертара кIант.
– Хьан делахь, ца делахь ца хаьа суна, сан нус кханнехь схьаяло еза-кх!
ЭхI, ма хазахеттера нанна и кхаъ. Масийтта шо дара иза доггах елакъажаза, хIинца-м къежира: цуьнан уггаре а дукхавезашволчукIанта зуда ялайо, цо кхин цкъа а къаьркъа а мер дац, цо кхин цкъа а и Iаьржа ойланаш а йийр яц, ткъа кхуьнан дика нус хир ю, тIаккха – берийн бераш а...
– Делахь а, иза нохчи яц, нана. Эльза ю цуьнан цIе, – элира Чуочас гIийлла.
Оцу дешнаша ненан хазахетаран хилла меттиг а яйира. Цуьнан бIаьргех хиш девлира. «Муха мегар ду кериста зуда яло», – бохура цуьнан ойлано. Амма и ойла йойуш, кхин цхьа ойла гIаьттира цуьнан коьртехь: «ХIун башха ю и кериста я бусалба хилча, сан кIентан оццул сапаргIатдаккха цуьнан ницкъ кхаьчча?»
Цундела СийнабIаьрга Чуочина дов ца дира, «Ахь иза сан керта ялор яц хьуна» а ца бехира, цо цуьнга иштта дIа:
– Нохчи ца карайо хьуна, нана яларг? – хаьттира.
ТIаккха Чуочас, и шена дуьхьалъяларна кхера а велла:
– Нана, и мел дика ю хаьий хьуна, цо ахь де аьлаьлларг дийр ду хьуна, – элира.
Ткъа нанас оцудешнашна, цуьнан дог оьцуш:
– Дика ду, реза ю со-м, и дика хилчхьана, хIун бен ду муьлххачу къомах хилча а, – жоп делира...
Эльза Чуочина цуьнан накъосташа йовзийтира цхьана аьхкенан суьйранна.

Иза кхуьнан цхьана ойланехь ехарг санна, букъ буззуш охьахецна Іаьржа месаш йолуш а яцара, я цунна тІехь еха кІайн гІабали а яцара, я цо хІара ц и г а а ца вуьгура, синкъераман, хазахетаран махка. Мелхо а цо чІогІа йоца юбка а, пхьуьйшаш доцу ухта а, хадийна месаш а лелайора. ХІетте а цунна и йоІ езаелира. Оцу йоІа йовзийтира хІинццалц цунна евзаш ца хилла дахаран керла, тайп-тайпана агІонаш. Чуочина моьттура хІокху доккхачу дуьненахь шех ешаш а, я ешар йолуш а и цхьа йоІ бен яц. Цундела, хІуъу дина а, и шена яло дагахь вара кІант.
Ненера бакъо яьккхинчу дийнахь сихха вахара Чуоча Эльза йолчу. Дукха эхь хетарна, цІарула цІий а велла:
– Эльза, соьга йолахьа, – элира цо.
Ткъа вукхо, цкъа кхуо аьллачух цецъяьлла, къаьрззина схьа а хьаьжна, юха, хІара бегаш беш воцийла хиъча:
– Кхин хІумма а лаа а лаьий хьуна, Чуче... Со-м хьаха яц хьуна бераш дан дагахь... Со-м кхана Соче дІайоьдуш ю, – элира.
ТІаккха Чуочас цуьнга кхин хІумма а ца элира, иза, ара а ваьлла, дІавахара. Цунна дагабеара шен чолакх пхьарс, ша дешна цахилар, ша хаза цахилар... Ша иштта гІийла, сакхташ долуш хиларна йина моьттура цунна йоІа шена дуьхьало. Амма йоІана-м дага а ца даьхкинера и хІокхуьнан кхачамбацарш. Цо иза дуьххьалдІа ша маре яха дагахь йоцу дела элира. Цу тІе Чуочас, иштта сихха дог а ца дуьллуш, шен гІуллакх кхидІа а дийцинехьара, тІетан а герга яра иза. Амма цо и ца дира. Цунна моьттура, шел декъаза стаг хІокху дуьненахь а вац, шегахьчул боккха бала цхьаьнггехь хила а ца хилла, я хила йиш а яц аьлла. ИоІ шега ян реза цахиларо кхин тІе а чІагІйира цуьнан и Іаьржа ойла.
Цунна ца хаьара адамийн шайн когаш дІабаьхча а, бІаьрса, меттахъхьар дайна бисча а, – шайна тІе мел хала бохам кхаьчча а, и лан а, шена а, нахана а пайдехь хила а ницкъ кхочийла. Цунна ура-атталла шен нанас хьалха хьегна а, хІинца шен дуьхьа хьоьгу а бала а ца гора. Цунна гург цхьа ша вара…Цундела цо шен бала байбан хІора дийнахь а, буса а, васта а ца луш, къаьркъа муьйлура. Шегахь ахча ца хилча, воьлхий, дехарш дой, ша базара а вахна, сагІа доьхур ду бохуш, кхерамаш туьйсий, ненера доккхура.
Иштта дІабелира масех бутт. Цкъа цхьана дийнахь, иза дукха къаьркъа муьйлуш бале валарна, кхин цунна ахча ца дала сацам бира нанас.

Воьлхуш, дуйнашбууш, цергаш хьекхош:
– Хьайн Делан дуьхьа, хьайн устазан дуьхьа эца суна къаьркъа! – бохуш, адамчух тера доцчу озаца мохь беттара кIанта. Амма нана юха ца йолура шечунна тIера. ТIаккха цо, стоьл тIехь Iуьллу урс схьа а эцна, шена бухара ши ког дIахадийча санна, аркъал а кхетта, шен лога тIе урс а хIоттийна, мохь туьйхира:
– Нана, со Делах волийла, ас сайна урс ца хьакхахь, хьо туькана ца йодахь!
Нанна гира кIентан цхьа тамашийна, хIокхунна ца бевза, хIара шех кхоьру синхаам чохь сецна бIаьргаш.
Цунах и чIогIа кхера а елира. Цунна цхьана сикондана бIаьрга хьалха хIоьттира, лаг хадийна, верриге а цIех а вуьзна Iуьллу кIант.
– Ой, дIаваьллахь, со хIинцца йоьдухьуна туькана, – цуьнга урс охьа диллийтина, сихха араиккхира нана.
БIаьргех оьхучу дуьрчухиша бIаьрса артдина, шена гонах хIумма а ца гуш, хьаьдда йоьдура иза. Цунна ца гира ма хахккало хаьхкина йогIу трамвай, цунна ца хезира ша трамвайн некъана улло гIоьртича, и лелош волчо бехха бекийна горгали а. Иза трамвайна хьалха иккхира. ТIаккха... ТIаккха чекхбевлира цуьнан баланаш, сатийсамаш, сахьийзамаш – массо хIума а...
Йийна Iуьллу хIокхуьнан нана евзинчу кхеран лулахочо вахийтира Чуоча сацийна трамвай а, гулбелла дукха нах а болчу. Цигахь цунна гира трамвайно ерриге а йоха а йина, цIеша а юьзна Iуьллу шен нана. Иза Iадийра. Цхьана юкъана цуьнан кхетам, дог цхьа а ойла я синхаам боцуш, деса дара, тIулг санна даз а делла. ТIаккха и шиъ хьаладуьзира хецаделла доьду сацийна лаьттина хи санна, коьрта чу хьаьвддачу ойланаша, маьхьарша, аьзнаша, суьрташа, синIийжамаша, дагахьбалламаша, дохковийларша...
«Нана... Муха?.. Ас хIун дийр ду?.. Со иштта ма вацара... Ва-а Дела! Бакъ ма хилийтахьа хIара! Бакъду-кх хIара... Бакъду-кх.... Ас хIун де? Ва-а нана, ва-а нана!.. Лоьраш... ТIаьхьабисна!.. Муха?.. Со иштта ма вацара, со,.. ахь... иштта... ас... хьо... ломах хьаьтта йогIу... нана... Со... Ма еттахь цунна... Суна еттахь...
Нано-ов, во-о нана, ас хIун де?.. ас хьийзий хьо... ас... цкъа а дика ца ди... нана... со ца кхии... ас хIун де?.. со... ас... хьо ас... ахь?..»
И дерриге а хилира сикондан уьтталгIачу декъехь.

Цул тIаьхьа цуьнан иштта а цомгашчуккхетамехь цхьаъ, кхин цкъа а юха нислур доцург хилира. Юха цуьнга, хIара дуьне Iадо санна, массо нехан тидам тIе а бохуьйтуш, мохь белира:
– Во-о, хIо-хIо-хIо!
ХIетахь дуьйна дIаяхара цуьнан «хьераваьлларг» аьлла йолу цIе, хIетахь дуьйна вар-кх иза базархула волавелла лелаш а...
Аьхкенан Iуьйре. Малхаца гIевттина, шайн-шайн гIуллакхашка девддий-хьаьвддий лелара адамаш. Самайолуш яра гIала, цуьнца цхьаьна базар а. Базаран майданахь гIопасташдIалоцушшаьшйохка еанаршохьа а ехкина, «Помидораш, мел дика ю хаьий шуна», «Iежаш «Джонатан», чам баккхал аша», «КупIите апIелсины», – гIовгIанаш йора йохка-эцар лелочара.
Базарахь йолу баккхал юхку кегий туьканаш а, пхьалгIанаш а садеIа юьйлира.
Мачаш ечу а, уьш тоечу а пхьалгIахь болх бечу цхьана пхьеро шен накъосте элира:
– И вайн доттагI ма хьевелла тахана.
– Мила доттагI?
– И хьераваьлла стаг вуьйцура аса-м.
– ХIа, иза-м схьакхочур ву хьуна.
Цуьнан дешнаш бакъдан санна, базаран кех чоьхьавелира юккъерчу дегIахь, букар а сеттина волу цхьа стаг, цуьнан некха тIера коч охьаихинчу туйнаша тIадийна яра.
– Нана, суна къинтIераяла! – мохь туьйхира цо.

# БОЧIА

**БочIа**[21]

Воккха стаг БочIа шен дехачу дахарехь (кхузткъе иттех сов шо дара цуьнан) дуьххьара цомгаш хиллера, метта охьа а вуьжуш. Цундела вовза-везачуьнга хьажа вар ца лерича, больницехь дуьххьара нисвеллера иза.
Ахкаргашкахь сингаттам болчу БочIига лоьро апраци ян еза аьллера селхана. Воккха стаг цкъа хьалха, сан хIокху дуьненахь яккха йиснарг дукха хан а яц, кхаьрга сайхкуьйгаш а ца доьттуьйтуш, Iожаллина къера хилла, дIа кIел соцур ву-кх аьлла, чIагIвелира. Амма делкъехь хилла, шена гергахь, тIаьххьара цуьнан и сацам, де суьйренга лестича,

даг чу лелхачу цхьацца шеконаша («Мегара со тавала...») мелла а гӀелбира.
Буьйсанна воккхачу стагана тайп-тайпана гӀенаш гира: цунна гергахь вон а, дика а. Вонаш: даьржина хиш, белла нах, цӀий. Диканаш: сийна екхна стигал, баьццарчу басахь ежа кӀайнговраш. Цундела БочӀас и гӀенаш, хьалха санна, тида а ца туьдуш, Ӏадда дитира.
Цунна хетарехь, иштта бӀостанехьа маьӀна дан мега гӀенаш гар хӀокхуьнан валар иманца ца хилийтархьама, гонах девллачу шайтӀанийн болх бара. Бакъду, хӀокхутӀаьххьарчуиттшарахь цкъа а гӀенахгина а воцчу ден сурт набарх шена дуьхьал тасаро иза, шен цамгар йицъяйтина, ойланашка ваькххира. Макх а велла, цхьа хӀума (цуьнан юьхьах хаалора иза хаза хӀума доцийла) дагалоьцуш Ӏийра иза сатаса серлаяьлчхьана дуьххьарлера маьлхан зӀаьнаршшен корахчукхетталц. ТӀаккха цо: «Дада, хьуна дуьхьал ван йиш йолуш-м вац хьуна со. ХӀун дийр ду ас, сан ницкъ ца кхечи-кх и схьакаро», – элира, метта кӀегар а хууш.
Ткъа апраци яйтарна тӀехь ойла сецира цуьнан.
БочӀина хаьара шен дахарехь яккха йиснарг кӀезиг хан юйла. ХӀетте а цу «бакъ дуьнен чу», – цигахь шен да а, шиъ ваша а, кхин дуккха а бевза-безарш боллушехь, дӀаваха-м ца лаьара цунна.
Екхна бӀаьстенан стигла гича, цунна дагайогӀура шен кертара зазадоккху Ӏежийн, кхорийн беш. Царна тӀехь Ӏуналла дан ма оьшура и.
ЧӀогӀа дӀавоьллера
БочӀа оцу бешах. Цунна наггахь хеталора дитташ а, адамаш санна, чохь садолуш ду аьлла. Цу тӀе, наггахь цунна-м оцу дитташна ша шен юьртахошначул а дукхах оьшуш санна а хетара.
Цул сов, дуьххьара ло тесначу дийнахь, белшах топ а оьллина, хьуьнхахула кӀадваллалц экханна талла ваха араваьлча мел хаза хуьлу...
Ткъа догӀа догӀучу, я дарц долчубуса, кхехкаш кхоьаш я жижиг долуш, шен оза меженаш цӀартӀехь йох а еш, къамелаш дечу Секимате (БочӀин зуда яра иза) ладоьгӀуш Ӏаш?..
И тайпа хазахета, хӀара юх-юха а лан кийча волу, кхуо шайга сатуьйсу хӀумнаш дуккха а дара БочӀин дахарехь. Цундела Ӏуьйранна кӀайн халат а юьйхина, даима ма-хиллара, цхьана хӀумнан ойла еш волу лор – ткъе итт сов шо долу Хьаид шен палати чу веъча, цо дӀахаийтира ша апраци яйта реза хилар.

ТӀаккха дукха хан ялале, цхьана кхоьлинчу дийнахь,
БочӀина апраци йира, стоьл тӀе вахвеш охьа а виллина.
ХӀара, меттавеача, маьнги тӀехь Ӏуьллура, ткъа стигал кхуо синкхетамехь воцуш яьkkхинчуюкъана, цкъа а марха ца гича санна, цӀанъяла кхиъnera.
Лоьро а, медйижарша а тӀехь хаза-дика Ӏуналла а деш, сихха товала вуьйлира БочӀа. «ХӀокху лоьро лелийнчу бахьанина Дала дахди-кх сан дахар. Дала мукъалахь, цунна цхьа дика дийр ду-кх ас, вала ца леш висахь», – бохуш, ойла йора БочӀас кест-кеста. Ишен ойла дахарехь кхочушъярхьама, воккха стаг юх-юха а къамеле вуьйлура шен лоьраца. Цул сов, БочӀас цкъа Секимате цӀера дакъийна уьстагӀан жижиг а даийтира цунна. Иза, БочӀина хетарехь, уггаре а дика совгӀат, лоьро, цкъа хьалха чӀогӀа дуьхьал а ваьлла, юха дархочунна халахетийта а ца лиъна, халла дӀаийцира.
ДӀаэцнехь а, лоьро йинчу дуьхьалонах БочӀина хиира жижиг цунна кхин башха оьшуш цахилар.
ХӀетте а, хьайна дика динчунна дуьхьал дика дан а, вонна дуьхьал вон дан а ницкъ болуш ца хилча, дош ма дац бохучу кхетамо денна а са дуура БочӀин.
Эххар а воккхачу стагана хаа-м хиира Хьаидна оьшург хӀун ю. Иза чен цӀока хиллера.
Цхьана дийнахь меллаша, Ӏасанна тӀе а теӀаш, больницан паркехула хӀара волавелла лелаш, кхунна хезира лоьро шен накъостаца деш долу къамел.
Цо бохура:
– Ткъе итт туьма лур дар-кха аса чен цӀоканах.
– Ой, хӀун дан воллу хьо цунах, оццул боккха мах а белла, эца а эцна?
– Цхьа цӀа кечдеш ву со ширчу куьцехь, цу чу таса езара суна.
Нийсса ши шо хьалха БочӀина Хьаид вевзинехь, цо цунна лур яра шен чен цӀока. Оцу цӀоканан да цо шина дийнахь вийра. Хьалхарчу дийнахь, топ а тоьхна, иза коьллашюккъехь къайлаяьлча, кхин цунна тӀаьхьа ваха ца хӀуттушцӀа вахара. ШолгӀачудийнахь шеца накъост а валош, вуха а веана, оцу меттехула толлуш лелаш,
БочӀа юха а тӀеӀоттавелира ша тӀом бинчу чена. Иза, чов хилла, багах цӀий а оьхуш, и цӀий юха кога тӀера маттаца хьала а дууш, йоьжна Ӏуьллура. БочӀас шозза топ туьйхира цунна, тоьхна ваьллачул тӀаьхьа

чIогIа дохко а волуш. Чено ша леш хьаькхна гIийла, дог лозуьйту мохь БочIина хIинца а биц ца беллера.
Цунна тIера яьккхина цIока яра БочIин чохь кхозуш. Иза цо гIалара шайн юьрта веанчу баьшна корта а, гатанан хеча а йолчу жимчу стагана елира.
Иза ткъе шиъ шо хир долушжима къонах вара, даима шеца лелош суьрташ дохку гIирсаш а болуш. Цо схьадийцарехь, кхеран юьрта сурташ дахка а, «дохновени» боху цхьа хIума яхьа а веънера иза. И хIума кхузарчу баккхийчу нахана цкъа а гина а яцара, цундела кхузткъе пхийтта що хир долчу Къарибата ала а элира гIаларчухьеше:
– КIант, со хIума хаъал хилчхьана, хIокху юьртахь
Iийна а ю, хIетте а суна и ахь юьйцу «дохновени» боху хIума гина а, я юьйцу хезна а яц хьуна. Эрна кхузахь къа а ца хьоьгуш, кхечу юьртахь хIунда ца хьожу хьо?
ГIалара веанчу хьешо, вела а къежаш:
– Суна карор ю хьуна и-м, – аьлла, тесна дитира шена дина хьехар. БочIас и кIант ша волчу Iен чукхайкхира, цо арахь баннаш чохь буьйсанаш йоху аьлла а хезна. Цундела цуьнан хIора суьйранна къамел дан стаг хуьлура.
– И кIозарш охьа а хецна, вайн гIиллакхаш а диццдина, лела хIинцалера кегий нах. Баккхий нах ца лору.
Ткъа аса даима, кхин тIе а ца болуьйтуш, урс хьоккхий дIабошуьйту сайн корта...
БочIина чIогIа хазахийтира гIалара веъначу хьешо шен корта дайн гIиллакхаш лоруш дIабашийтар. Бакъдерг дийцича, Алмохьмада (иштта ю аьллера цо
БочIига шен цIе) цхьа а гIиллакх дагадеъна ца динера и хIума. Корта цо, шен месаш охьаэгга йоьлча, кIунзал баларна кхера а велла, дIабашийтинера.
Юьхьанца чIогIа дика кIант хеттехь а, тIаьхь-тIаьхьа
БочIина ца деза хIумнаш а гучудуьйлура хьешан амалехь. Уьш цо шех лаьцна дукха дийцар а («Со суьрташ дехкина ца Iаш, назманаш язъеш а ву», «ас гайтарехь хьалхара меттиг яьккхира», и. дI. кх.), цул сов, и «чIогIа хьекъал долуш» хилар а дара.
Къамел дечу хенахь Алмохьмада дош а ца кхочуьйтура БочIига. Ша мел ала дезарг а, ца аьлча мегарг а – дерриге а Алмохьмада олура. Цул сов, халла шена дош ала аьтто а баьккхина, дукхахьолахь

баккхийчунаха деш ма-хиллара, хьехаран кепехь БочIас къамел долийча, кхуьнга «хIаа» бохуш ца Iаш, жима стаг, къамел шен кара а оьций, БочIина дагахь мел хилларг а, цуьнан дагахь ца хилларг а дийца волалора. Наггахь БочIа цец а волура, деллахь, тIехьаьжча къона велахь а, сел дукха хуу хIара сол къена-м вац теша, олий.
Шен хьешана, иштта галъевлла амалш цуьнца елахь а, БочIас мел хала хиллехь а, цо еха ма-йийххи, цIока дIаелира. Хьешо ехнарг ца яла йишма яц. Иза БочIина, нанна хьанал хилар санна, деза, кхочушдан дезаш хIума дара.
Алмохьмадна чIогIа хазахийтира шена и цIока елла, цо иза сихха ги тосучу тIоьрмиг чу а йиллира. ТIаккха цо воккхачу стаге дIахаийтира ша и волчу кест-кестта вогIург хилар, дуьххьара вогIуш кхунна масех пачка тоьпан молха а, чаччамаш а, брезентан плащ а, масех метр гена серло туху панар а, кхин дуккха а БочIина юьйцу а ца хезна тамашийна цIераш йолу хIумнаш а йохьуш. БочIа, боккъал а чIогIа уьш схьакхаьчна евлча санна, эхь хетта, шен воккха хиларе ца хьожуш, жима бер санна, цIий а велла, «хIан-хIа, ца оьшу», – бохуш, шабарш деш лаьттара. Цунна даима а стага шен дош кхочуш ца дан йиш яц моьттура. Муха мегар ду и кхочуш ца дан? Дош кхочуш цадар БочIина, верзана эвла юккъе валар санна, акха дара. Цундела цунна дага а ца деара, Алмохьмад шайн юьртахь кхин цкъа а гучу а вер вац бохург. Амма иштта хила-м хилира.
И цIока лур яра БочIас ша товинчу лоьрана, хIинца и елахьара. Елларг елла яьлла. Йоцчунна хIун дийр ду?Ойла йина-а, БочIас сацам бира товелча тIаьххьара цхьа экха ден а, цуьнан цIока лоьрана яла а. ХIетахь чено и гIийла мохь хьаькхчахьана, БочIас чIагIо йинера кхин цхьана а экханна топ ца тоха. Хьуьнха водахь а, иза иштта дIа белшах топ а тосий, волалой лелара.
ХIинца и чIагIо, ша товелча, цкъа йохо сацам бира цо.
Амма и хила-м ца хилира.
Цкъа цхьана сарахь БочIина, шен палати чуьрчу накъостаца къамеле ваьлла Iаш, хезира:
– Вайн Хьаидан да а ву кхузахь Iуьллуш.
– Веца? Муьлхачу палати чохь ву иза?
– Терапевтически отделенехь пхийтталгIачу палати чохь ву.
И къамел хиллачул тIаьхьа БочIа терапевтически отделене вахара, Хьаидан да схьа а лехна, цуьнца къамеле вала, цуьнга Хьаид Iаламат

чIогIа дика стаг хиларх дийца, цуьнга «Дала маршалла дойла хьуна», – ала...
ПхийтталгIачу палати чохь аддам а дацара, хIара дIакхаьчча. Сени чохь лаьттачу цхьана жимчу стага:
– Хьуна мила оьшура? – аьлла, хаьттира цуьнга.
– Суна Хьаидан да везара.
– Хирурган да вуьйций ахь? Иза хIинцца схьавогIур ву, шен гIуллакхе вахна и.
Оцо и аьлла дукха хан а ялале, халла ши ког а теххош, юьхь, пен санна кIай а елла, цхьа адам делира гучу. Жимчу стага БочIига, и вухьуна Хьаидан да, элира. Лекхочу дегIахь, доккха ши лерг а, яьлла маж а йолуш волу и БочIина цкъа цхьанхьа шена гинчух тера хийтира. Бакъду, БочIина и атта вевзар-м вацара, нагахь санна цу шиннан бIаьргийн хьажар вовшех ца кхеттехьара. ОхIо-о, и вара БочIас хIокхудехачушовзткъе итт шарахь лоьхург. Цундела бос баьхьна, хIара дукха цIеххьана хиларна ша хIун дийр ду а ца хууш, воьхна хьаьвзира иза. Цуьнан лахара балда а, куьйгаш а дего дуьйлира. Ткъа важа, хIара вевзина кхунах къаьхкинехь а, я вовзаза, цу чохь цхьа гIуллакх хиллехь а, шен чу схьа а ца вогIуш, луларчу ейтталгIачу палати чу хьаьвзира. БочIа, коьрта чохь ойланех кегари хилла, дан дезарг сихха къасто шен палата йолчу агIор дIавахара, шеца лаьттина жима стаг цецваьллачохь а вуьтуш.
ХIаъ, и стаг БочIас хIокхушовзткъе итт шарахь лехнарг вара. Цо шен куьйга хIаллак ма винера БочIин да а, цуьнан вокккках волуши ваша а. Иза иштта хиллера.
БочIина тахана гина стаг (Барзанакъа яра цуьнан цIе) Варш-юьртахь тIебаьхкинчунахах вара. Ша жима стаг волчухенахь цо БочIин шичин Заманан куьг лаьцнера, цо асар дечу кха тIе а вахна. И бахьнехь БочIин воккхах волчушина вашас – Баудиссий, Iаднаний, Барзанакъа схьа а лаьцна, цунна тIера хеча яьккхинера. И дов-дацар юккъе бевллачу баккхийчу наха, там-текъам бина, дIадерзийра.
Амма Барзанакъина дицделла ца хиллера и хIума.
Цо сацам бина хиллера Овтархин доьзална «бекхам» бан. И цо кхочуш а дира.
Шуьйта-гIаларчу цхьана хьаькимна етт а, пхийтта гирда ялта а луш, барт а бина, харц цIе кхуллуш

(«Iедална дуьхьал болуобаргаш кхобуш бу»), Овтарха а, цуьнан ши кIант Бауди а, Iаднан а лацийтира Барзанакъас.
Шаьш кхоьллинарг дерриге а бакъ хилар (тIулг хи хилар) Барзанакъас а, цуьнан накъосташа а суьдехь, бIаьрга тIе бIаьрг а хIоттийна, чIагIдира. Иштта оцу лацарх кхин цIа ца воьрзуш, тIепаза вайра БочIин дай, ши ваший.
БочIин хIетахь пхийтталгIа шо дара. Цо хIетахь чIагIо йира шен ден лаам, хIуъу хилахь а, кхочушбан –
Барзанакъера чIир эца. Амма Барзанакъа, ша и бохам бинчул тIаьхьа ах шо а далале, Варш-юьртара дIавахара. ХIетахь дуьйна БочIина мел лехарх кара а ца вира иза. Иттех шо даьлча, цхьаболчара дуьйцура иза, цо лелийна харцонаш бахьнехь, лаьцна бохуш.
Амма и билггала чувоьллина мичахь ву хууш стагга а вацара. Ткъа хIинца...
ХIаъ, хIинца къена-къанвеллачу, цамгарша дегI лаьцначу, меженаш малъеллачудийнахь карийра БочIина шен мостагI. Маржа, нийсса итт шо хьалха хилла делара хIара. БочIига-м хIинца экханна а топ ма ца тохало.
«ХIа-хIан, къонах хила веза, хьайна дика динчунна дика дан а деза, вон динчунна – вон... Иза вала воллуш ву... Хилча хIун ду? Могаш воцуш ма вара Дада а, цо лоцуьйтуш. Цо-м кхо стаг вийний. Царна дуьхьал муха гIур ву, церан чIир ца оьцуш? Ткъа хIара лор цуьнан кIант хили. Цо ма ваьккхина со лечуьра кIелхьара.
Везан Дела, хIара иштта хIунда нисдели-техьа. Цхьа гIуда хир ду-кх хIара. Суо Iожаллех кIелхьараваьккхинчун да вен деза-кх сан. Имегар дуй?
Мегар ду. Цуьнан кIанта ца дича а, изза кхечу лоьро а дийр дара. Дала ца товича, стаг товала йиш яц. Сан рицкъа тIаьхьа хиларна цамгарх кIелхьараваьккхи-кх со Дала. Ткъа хIокху лоьраша лелораш «бахьнаш» ду.
ЧIир эца еза-кх цунах, чIир эца».
Иштта яра БочIин тайп-тайпанчу ойланех коьртанаш.
Амма воккхачу стеган тIаьххьара хиллачу сацамна дуьхьал цуьнан кхетаман кIоргенехь Iуьллуш долуцхьа аз дара. Оцу озо и стаг вен ца веза бохура. Ша бохург бакъ хилар чIагIдан оцу озан масийтта бахьна а дара.
БочIа кхоьрура оцу озах, ша ца кхоьру моттийтахь а.

Цундела цо иза нуьцкъаша шен кхетаман кIоргенехь латтадора, и малхе а даьккхина, цо бохучуьнга ла ца дугIуш. Амма и аз ондда ницкъ болуш-м дара.
Суьйранна массаьрца а цхьаьна хIума кхалла вахара БочIа, кхин хIумма а ца хиллачуха. Бакъду, БочIа цига хIума кхалларал дукхах шена урс дан вахара.
БочIин шегахь а, я шеца чохь болчу накъосташкахь а ца карийра жимма а пайде долу урс. Ткъа хIокху столови чохь, юьстахо лаьттачу стоьл тIехь гуттар а бепиг хадош Iуьллуурс ира а, гIеххьачул доккха а дара. БочIас, стенна делахь а, хьалххехь тидам бинера цуьнан.
Столови хIара дIакхаьчча, масех стаг бен ца виснера хIума юуш. Вуьйш дархой, йиъна а бевлла, дIабахнера, схьа ца бахкалуш, юург тIекхехьа дезарш ца лерича. Шен кхачанах мотт дIа а ца тухуш, хаддаза лакха маьIIехь, стоьл тIехь Iуьллучууьрсан тидам бора БочIас. ХIара иштта Iаш тергалвира столовехь юург лелочу цхьана зудчо. «ЦIера мерза хIума еана хир ю воккхачу стагана, цундела кхача ца буу», – ойла йира цо. Ткъа БочIас, иза шега хьоьжийла а хиъна, шена ца еззашехь, жимма кисель мелира.
Эххар а, массо дIа а вахна, ша висира БочIа. Столовин белхахо дIайоьрзу тергал а йина, тIе а вахна, меллаша урс схьаийцира цо. Амма урс шен пхьуьйша чу хьалалачкъийна валале, гучувелира. ГIеххьа воьхна а висина, сихха стоьл тIе, шен метта охьадиллира
БочIас урс. Амма и юург схьалуш ерг дика, эсала зуда хиллера. Цо:
– Воккха стаг, и урс хьайна эшахь хьуо, кхана схьадохьур ахь, – элира.
Цул тIаьхьа иштта ойла йира цо: «ЦIера шена деъна жижиг, я кхин цхьа хIума хадо воллухир ву». Ткъа БочIа, кхин вист а ца хуьлуш, сихха урс схьа а эцна, чувахара.
Чувеъча, шен «герз» гIайби буха дIа а диллина, метта а ваьлла, дIатийра БочIа.
Тайп-тайпанчу ойланаша корта сийсабора воккхачу стеган. Шен дехачу дахарехь иштта хала киртиг
БочIина, цунна дага а догIуш, масехазза бен тIекхаьчна а яцара. «Вонна дуьхьал вуон дан деза. Ас и дан деза», – иштта яра БочIин коьртехь йолчу ойланехуггаре а нуьцкъалниг.
Цунна бIостанехьа а, цунна мелла дуьхьал а, кхин тайпа ойланаш а яра воккхачу стеган. Амма уьш оцу нуьцкъалчу ойлано, дистинчу хиэ такхийна хьо бежана, адам, экха, – чалх санна, цара ен дуьхьало, оцу

хиэ хIаллакьхуьлучу чохь са долчу хIумнаша йийриг санна, атта иэшош, шен новкъа дIахьора.
БочIа иштта ойланаш еш Iаш, итт сахьт а делира, цомгаш нах дIа а тийра. Эххар а воккхачу стагана цуьнан лаамаза набаран тар тесира. Цунна иштта гIан гира.
IаьнтIехь ду иза. Арахь диллина доккха ло а, хьоькхуш шийла мох а бу. Амма кхеран чохь йовха ю. Паднара тIехь, баьрччехь хиъна Iа кхеран да Овтарха. Воккхахволу ши ваша а ву цхьана хIумнах лаьцна къамел деш. БочIин нана хьолтIамаш еш йоллу.
Ткъа оцу хенахь цIийнан неI кагло (цуьнца цхьаьна чухьокхушийла дарц, кхерчара цIе а гIелъеш). ТIаккха
БочIий, жимахйолу йиша Непий, кхеран наний цхьана лаьмнаш юккъехь Iуьллучу есачу арахь хуьлу.
КогашIуьйра бу хIорш массо а. БочIа когаш шеллуш, велха ца велха, халла садетташ лаьтта. Карахь чоьлпа а долуш ю БочIин нана. Геннахь, и аре чекхйоллучохь бодашкара гучудолу кхеран цIа. Кхеххкийна жижиг чохь долу бога а, галнаш чохь кхехка яй а, ара а боккхий, лай тIе охьахIоттабо Барзанакъас. ТIаккха цо, тIехьара тIе дечиг гIортош, дIакъовлу хIокхеран цIийнан неI.
ЦIеххьана цхьа аз а хезий, ирх хьожу БочIа. Кхоьлина стигал, лаьмнаш ду, мархийн, дахкаран йозалла ца лалуш, букар а ситтина, лаьтташ. Юха а аз хеза БочIина.
Иза хьенан ду? Кхуьнан ден аз дац иза? Ду, кхуьнга кхойкхуш. Геннахь гун кхеран цIа даго, гIожа буьххьехь хьарчийначу бехчалгах латийна цIе а оьций, дIаволало Барзанакъа. Оцу цIаро серладаьккхинчу корехь гучуйовлу Овтархин, Баудин, Iаднанан яххьаш.
Уьшкорах арабовла гIерта, амма бовла ца ло – кор дукха готта ду. Ткъа Барзанакъа тIекхочу цIийнна, карахь цIе а йолуш. БочIа ша ма-ваддало дIавада гIуртушайн цIа долчу агIор. Амма ши ког дIалаьцча санна, ша волччохь, мохь а болуш, вуьсу и...
Эццахь, мелчу хьацарх верриг ваша а вешна, гинарг гIенах хиларна чIогIа воккха а веш, самавелира БочIа.
Амма цуьнан воккхавер сихха дайра, гIайби кIелахь
Iуьллу урс а, иза даран бахьна а шена дага ма деъанехь. «Хирг дIа хир ду-кх. Дала къилахь ма лорийла хьо. Сайн ден чIир ца эцча волий со?..» – маьнги тIера лаьтта воьссира БочIа.

Оццу хенахь корах чукхеттачу беттасин серлоно къагийра чоь. ГІийла, гІовгІа еш, лестара палатин коран хьалхара лекхачу таьллийн гІаш. Шен гІайби бухара урс пхьуьйша чухьала а лаьцна, меллаша неІ а цІовзош, сени чу велира БочІа. Массо стаг а дІатийнера. Буьйсанна кхо сахьт даьлла хан яра.
Хорша еъча санна, сихха хирургически отделенехула чекх а ваьлла, лаха маьІІехь йолу цхьа неІ схьайиллира цо. Кхузахь а аддам а дацара. Цхьанаэшшарехь цомгашчунаха доху синош а, юкъа-кара цара туху йовхарш а ца лерича, цхьамма а йоха ца йора тийналла.
Зевне тийналла.
Кху сени чохь яга езачу, дийнан серло лучу еа лампанах йогург цхьаъ бен яцара. Цундела гІеххьачул сов кхоьлина яра сени чохь. «Дукха сирла ца хилча дикох ду», – и ойла хилира БочІин.
Къу санна, тебна, гІовгІа ца ян гІерташ, воьду БочІа эххар а дІакхечира пхийтталгІачу палатин неІаре. Ах тІехъоьккхуьйтуш басар хьаькхначу ангалин неІарх, хьала а айвелла, когийн баххьаш тІе а хІоьттина, чухьаьжира иза. Барзанакъа кора хьалха лаьттачу маьнги тІехь Іуьллура, кест-кеста кІажъоьхуш, йовхарш а еш.
Цуьнан можа, худаелла юьхь серлаяьккхинера корах чукхеттачу беттасо.
«ХІинца, неІ схьа а йиллина, чуэккха веза», – ойла йира БочІас.
Амма цо и кхочуш-м ца дира. Цунна бехке БочІас нуьцкъала шен кхетаман кІоргенехь латтош долу цхьа аз дара. ХІетте а воккхачу стагана хаа-м ца хаьара иза.
«Иза цхьана агІор дІавирзичхьана, чоьхьавер ву со», – ша хьем бар ойланехь кІелхьарадаьккхира цо.
Амма и бахьна дІаделира сихха: БочІа шолгІа корах чухьаьжча, Барзанакъа агІор а вирзина Іуьллура. Схьадала гІерташ санна, детталора дог.
«Лелий вала!» – бохура цуьнга кхетаман лакхарчу тІегІанахь йолчу ойлано.
Амма кхетаман уггаре а кІоргенехь долчу озо къаьсташхІумма а ца бохура, хІетте а и нуьцкъала дара чІире кхойкхучу ойланал. Цундела иза хІинца а сацавелира.
Цу тІе оцу сохьтехь ейтталгІачу палати чуьра цхьа дархо, меллаша неІ а йиллина, сени чу велира. БочІа, ша ца гайта, неІарал сов баьллачу пенна тІехьа лечкъира.

И дархо, кхин хIара волчу агIор схьа а ца хьожуш, дIа а вирзина, шен гIуллакхе вахара.
«ХIара къайлаваьлча, дийр ду ас иза». Амма и къайлаваьлча а, хIумма а ца хилира. Юха а кIелхьаравала бахьна карийра БочIина: «Иза юха чу а вахийтина...»
Дархо юха а вирзира, шен чу а вахна, маьнга а цIовзош, охьа а вижира. БочIа-м Iадда лаьттара. ХIинца цхьа а бахьна дацара цунна карош, ша и сихха кхочуш ца деш хьем бар кIелхьарадаккха. Меттахъхьовш адам а дацара. Барзанакъа букъ берзийна Iуьллура, БочIин карахь урс а дара... ХIун оьшура кхин шен ден, шина вешин чIир эца дезачунна? БочIас халла цхьа ког а баьккхина, пхийтталгIачу палатин неI жимма дIайиллира. Амма цул тIаьхьа, кхехкаш лаьттачу яй тIера негIар схьаэцча, цу чуьра гIуьттучу Iаьнаро дагийча санна, неIаран тIам лаьцна куьг сихха схьадаьккхира цо. Оцу юкъана иза корах чукхеттачу беттасан серло ган а кхиира. (Ткъа сени ахбодашкахь яра).
…– Муха хета хьуна, воккха стаг, са-м ца гатдо ахь? Кестта ира а хIуттур ву. Вала-м кхуьур ву хьо, валар ма хьехаделахь. Цкъа собардел, синпхене хьажа вайша, – кхунна юххе охьалахло кIайн духар дуьйхина стаг.
Корах чукхеттачу малхо серлаяьккхина палата.
Дог-ойла а серлаяьккхина лоьран дешнаша.
– Баркалла хьуна, Хьаид.
...Шен кога тIера цIий хьала а дууш хиъна Iа ча.
Цуьнан бIаьргех хин тIадамаш оьху. ГIийлла «гIам- гIим» до цо. «Горров!» – евли тоьпаш...
Цхьана сикондехь и ши сурт чекхъиккхира БочIин кхетамехула.
Ша неIар тIера, муха волу а ца хууш, цхьа ког вухаваьлча, БочIа кхийтира шега иза цкъеллиг цкъа а далург цахиларх.
ТIаккха цо, йоккха гIовгIа а йоккхуш, охьакхоьссира шен карара урс.
Цуьнан бIаьргех даккхий хин тIадамаш девлира, хIара больница а, дерриге а наб кхетта Iалам а, дуьне а самадоккхуш мохь тоха дог хилира цуьнан.
Халахетар, оьгIазалла, доглазар, кхин дуккха а адамо цIераш тахказа болу синхаамаш чохь болуш хир бара и мохь. Амма кхетаман кIоргенехь долчу оцуцхьана озо сацийра иза дуьнене ца болуьйтуш.
Ткъа БочIа, ша лелориг къасталуш а воцуш, хьалхарчу гIате охьа а воьссина, хиъна Iашшехь набарна тар озийначу, тIехь кIайн халат

йолчу зудчунна уллохула, неIарна тоьхна догIа юха а хьовзош, больницан кетIа велира.
Стигла кхевдина, бIаьстенан мелчу мохо къона гIаш лестош лаьтта таьллаш. Церан деха IиндагIаш Iохку кетIахь. Беттасан серло литтало цIенчу хIаваэхь, таьллийн генашлахь, гIашлахь. Органан гIовгIа хеза.
Ткъа БочIа-м, больницан кех а ваьлла, Варш-юрт йолчу агIор дIавоьдура, хецца, бер санна, гIаггIанехь велха а воьлхуш. Цо наг-наггахь, велхарна юккъехула,
БочIа ша а воцуш, кхин стаг волуш санна, чIоггIа олура:
– Хьайх чекх са гайти ахьа а, БочIа. Дера ца хилла хьо а къонах. Хьайна динчу вонна дуьхьал вон а ца дадели хьоьга...
Амма БочIин кхетаман кIоргенехь долчу озо-м и ца бохура, цо кхин бохура.

# ДЕСА БIАР

### Деса бIар [22]

Цунна дуьхьалтесира: Йоьза гуьйре. ЦIен-можачу гIах юьзна хьун. Хилла стоьмаш, хьуьнан бIараш а охьаэгна. Уьш лехьош, дакъаделла гIаш а хьоьшуш, хьаьдда лела ша (итт шо кхаьчна жима кIант).
Малхехь лепа а лепаш, цIарула цIий а делла, Iуьллу цхьа бIар. ХIокхо водий, коьллашка ша цеста а цоьстуьйтуш, когах масех кIохцал а доьдуш, схьаоьцу иза. Шен цергех цхьаннах ах а йоккхуш, халла кагдо… БIар деса ду…
Иза, юккъерчу дегIахь, даим синтем боцуш уьду бIаьргаш а (билгалдаккха деза, уьш хIинца мелла а синтеме даьхкина хилар), дуткъа, юьхьигаш бета юххехула чухьаьвзина мекхаш а долуш, шовзткъашо хир долу
Iабдул-Бакъи, юьртарчушайн кегийчу цIенойн цхьанна чохь, коре а хиъна, тийна Iара, гIали тIехь йолчу шен кхаа чоьнан хIусамний, банкехь долчу I5 бIе туьманний, «Жигули» машенний тIе хIара цIенош а, кху чохь йолу сал-пал а («Кхарах-м дан хIума дацара»), божли чуьра етт-шинаррий а кхетта. Цул сов, кертахь лаьтташмел лаххара а итт туьма лур долуш (хIокхубIаьстенан юьххьехь-м муххале а) элан литта а дара.
Iабдул-Бакъи, уьшшена дагадахкарна ша-шена оьгIаз а вахна, кхечу хIумнан ойла ян вуьйлира, бешахь цхьа шайн кечам беш долу хьозарчий леррина тергал а деш.

Арахь март беттан юьхь яра. Дийнахь, малх кхетий ло дешара, Іовраш юьйлалора, буса гІорадора тІуьна латта.
Нийсса пхийтта шо хьалха хІара Іаш волу ІабдулБакъи шай-кай яккха ваха дуьххьара новкъавелира, Сибреха агІор йоьдучушайн юьртахойн тобанах а кхетта. ХІетахь кхуьнан могашалла а (бахьна хилча а, ца хилча а вела а, мохь хьекха а дог догІуш), тІехьа хьокхуш хаза хьийкъина яьлла кІужал а яра. Ца оьшу сов ойланаш чохь а йоцуш, дика сирла бара и кІужал тІехь йолу корта а.
Оцу шарахь Іабдул-Бакъи шен накъосташца цІа ца веара, бакъду, цІахь дІало аьлла, мелла а ахча-м даийтира цо.
«Шен кхуюьртахь хІумма а ганза волуи, эцца цхьана жерочо цІога ластийча Іеха а велла, цигахь Іийна», – иштта тидира Іабдул-Бакъи цІа цавар, кхеран юьртарчу цкъа а зуда ялозчу, амма цаьрца долу гІуллакхаш чІогІа девзачуАхьида.
ХІаъ, мелла а бакъ вара Ахьид цу тІехь. Іабдул-Бакъина карийра шен къоначу син, дегІан хьагамна жоп лун ерг.
Цуьнан пхенашкахь довха цІий кхехка могаш дегІ шен Іаламаллин тамана тІетайра, цунна дуьхьало ца йира я даго а, я кхетамо а. Бакъду, наггахь цІий тийча, шен дегІехь мерза кІадвалар а хааделла, ойлане ваьлча, кхуьнан хІара тайпа ойла-м хуьлура: «Деллахь, дика-м дац хьуна дадий-наний а...»Эццахь кхин и ойла дІаян ницкъ а ца кхочий, йоккха бага а гІаттош, шега кестта кхочу долчу (ша хІинцца лайначу) ирсе сатийса волура иза.
Иштта дІаихира хийлабеттанаш. ХІокхо хастам бора ша дуьненчу валарна, ша иштта ирсе хиларна. Цунна я гуьйре а, я Іа а дацара, цуьнан дахар еккъа цІена бІаьсте яра.
Амма цкъа, цхьана дийнахь: «Да кІелвисна ву, тІекхача», – бохуш кхаьчначу зІено мелла а кхолийра цуьнан дахаран екхна-сийна стигал. Иза валале тІе ца кхечира шен дена, дІаволлале кхечира. Цо тІаьххьара бІаьрг туьйхира шен ден можобесачу, чуьра дахар дІадаьллачуюьхье.
ХІинца, шен да дагалаца гІоьртича, цунна даима дуьхьал хІуттуи юьхь. ХІунда? Кхуьнан итт шо долуш хІара шиъ, цхьана бІаьстенан дийнахь хьуьнах вахча, шена олхазарех, диттех лаьцна дуьйцуш хилла юьхь хІунда ца йогІу кхунна дага? Я хІара шена эцна кхо чІург йолу вилспет а хоьхкуш, кхунах воккхавеш, кхуьнга хьоьжуш ден хилла синкъераме дог-дика бІаьргаш?

Я... масане дара уьш. ХIетте а цуьнан царах цхьа а, стенна делахь а, бIаьра хьалха ца хIуттура, шен дех лаьцна цо ойла ечу хенахь.
Да дIавоьллина масех бутт баьлча, Iабдул-Бакъига юха а ша мерза хан йиънацуметтиго дIакхайкхира. Иза дIахьаьдира оцу кхайкхаман озана тIаьхьа. И кхайкхаман аз ницкъ болуш хилира къеначу ненан бIаьрхил а, иштта дIа кхечу хIара цIахь сацо гIертачу бахьнел а.
Амма хIара ша сатийсинчудIакхаьчча, кхуьнца мотт, ирс, бIаьсте, ахча декъа резахилларг, шен керла бен кхолла а, оцу бенахь кхечуьнца ша сатуьйсург каро а кхиънера.
Цундела Iабдул-Бакъин хьалхалера ирс духадерзо хьажарх, буйнара даьлла олхазар юха а юучуьнца, я кхечу кепара Iехийна карадало гIоьртича хирг хилира.
Цхьана дийнахь белхалой чохь Iачу баракан коре а хIоьттина, чахчарех чуIена догIа тергалдеш лаьтташ,
Iабдул-Бакъин ойла хилира: «ХIун ю хIара маьлхан дуьне? Цхьа тамашийна хIума ю-кх: тахана ю, кхана яц. Цундела маьлхан денош долччуьра, догIанаш дуьйладалале, даа деза-кх, хаза самукъа а доккхуш, тIаьхьа дагахьбалам ца хирриг».
И самукъадаккхар, Iабдул-Бакъина хетарехь, бIаьстенан юьххьехь дуьйна Iаьнан шело тIекхаччалц вала хIоьттина къа а хьоьгуш, схьадаьккхина ахча масех баттахь ресторанехь шолгIачу дийнахь шена йицлун йолчу (цунна ша а санна) масех сахьт хьалха евзинчуьнца дIахахкар а, цул тIаьхьа цуьнца, ахкхетамехь а волуш, буьйсанаш текхар а дара.
Оцу самукъадаккхаро тIаьххьара а больнице а кхачийра Iабдул-Бакъи.
– Жимма хьевеллехьара, хьо кIелхьарваккха таро хир яцара, хIинца хьовсур ду…Шен могашалла ларъян ма еза, сел атта дакъазвала а ца гIерташ.
– Лор, хьанна хаьара. Со хIинца толахь-м…
Иштта къамел хилира кхуьнан а, коьрта тIехь цхьа а чо боцчу Iаьржачу аматахь волчу лоьран а аьхкенан цхьа довха де суьйренга лестинчу хенахь.
Больницехь волуш, Iабдул-Бакъина шен деган кIоргенехь, чов санна, лозуш, Iийжаш цхьа тамашийна ойла хааелира. Цо бохура: «Дахарца бегаш лело мегар дац, иза иштта кIезиг хIума а яц. Хьайна (я хьуо) хьоме хетачеран дегнашка а хьожуш, ваха гIорта. Йиш яц хьуна хилларг духадерзо... Кху дуьненахь хоттавалар хадаре доьрзу, уьйраш

– къастаре, велар – велхаре». Амма и аз хаза, оцу ойланан дуьхе кхиа кхуьнан собар а, хьекъал а ца тоьира.
Эххар а Iаьнан чилла чIагIъеллачу хенахь, ун дIа а къаьстина, больницера аравелира иза. Цунна, стенна делахь а, чIогIа лиира цIа ваха. Оцу деношкахь цунна кест-кеста гIенах гора шайн юрт а, хIара а: Аьхке. Малх схьа а кхетале, хьалагIаьттина хIара бежнаш дIалахка. Нана ю етт узуш. Цо куршки чу схьа а йоккхий, кхуьнга схьакховдайо шура. ХIинца а йовха йолушура муьйлуш лаьтта хIара.
ТIаьххьара а цIа ваха сацам бира цо.
Нанас, шена кIант цIа веана мел хазахеттехь а, цуьнан да веллачул тIаьхьа дIавахар дагахь хиларна, мелла а шийло тIеийцира иза.
– Со кхин цхьанхьа а гIур вац, эцца цхьана машен тIе балха а вахна, цIахь Iийр ву, – боху дешнаш IабдулБакъис аьлча, нана цунах ца тийшира.
Амма цIахь Iен Iабдул-Бакъис чIоггIа сацам бинера. Цунна гора шен хеннара, шеца балха ихна накъостий кибарчиган цIенош а, машенаш а, зуда а, бераш а долуш, баха хевшина.
Цунна дахарехь керла Iалашо гира: мухха а, хIуъа лелийна а, бахам вовшахтохар. ТIаккха гIалахь кира лелочу машен тIе балха а вахна, пачхьалкхан балхахь воцуш, мукъа еъначу хенахь нахана а цхьацца гIуллакхашдеш, йоьжнарг, йиснарг цIа ядош, алапан сом соьма тIе дуьллуш, оцу Iалашоне кхача дIахьаьдира иза.
Масех шо даьлча, шена машен а эцна, иза а дIаюьйжира цо ахча даккха. Ламанан некъашкахь иза хийланна коьртах велира ахчан тIехь сутара, иэхь доцуш а, шена пайденна тIахъаьлла а ву, бохуш. Цо машенна бензин а, ша вала а волуш, шен ахчанахца оьцура. Кара ведар а лоций, велакъажарца корта раз а боккхий, машенца тIех мел волучуьнга бензин деха дIахIуттура
Iабдул-Бакъи.
Шопарша бегаш беш, шайлахь: «Дукха бензин доьхуш къежарний, корта раз бахарний юьхь – къежначохь, корта – раз баьккхинчохь бисна цуьнан», – бохуш, хьийзавора иза.
ГIенах санна дIаидира и шераш. Цуьнан ткъе дейтта шо дуьзира. Иза хIинца жимчу машенан а, гIалин йистехь кибарчигах динчу кхаа чоьнан цIийнан а да вара. Цунна оьшург хIусамнана яра.
ХIинццалц нанас зуда ялаяхьара бахарх, и ца деш, шен бахам вовшахкхетталц Iийра Iабдул-Бакъи. «Ткъа хIинца, – ойла йора цо, –

хIара гIаларнаш Iадда а битина (дукха хаьа царна), цхьана кIотарара цхьа къона меъ а далийна, цуьнца жимо доьзал: ши кIант, ши йоI – вовшах а тоьхна, кхидIа а даа деза хIара маьлхан дуьне».
Дукха хан ялале Iабдул-Бакъина карийра ша лоьхург. Иза юьртахь хазаллина а, синкъерамашкахь эшарш дика лакхарна а цIеяххана йолу берхIийтта шо кхаьчна Билкъис яра.
«Зурманаш лекхар а дика дац, цу тIе цIе а хаза яц…
Зурманаш лекхар дехка мегар ду. ЦIе? ЦIе-м керланиг тилла а мегар дара. Масала, Луиза аьлла… Схьаяло еза», – сацам бира Iабдул-Бакъис, йоIшена шолгIа гича.
Iабдул-Бакъин бахам дика бевзаш йолу Билкъисан нана тIех резахилира оцу захалонна. Ткъа Билкъис, ша шеца цхьана классехь итт шарахь дешначу кIанте и эскарера цIа валлац хьоьжур ю аьлла делла дош доллушехь, нанас бохучух Iеха а елла, тIетайра, цхьанашина буьйсанна елха а йилхина.
Iабдул-Бакъий, Билкъиссий масех шарахь Iийра цхьаьна. Бакъду, оцу шерашкахь цу шиннан IабдулБакъина лиъна доьзал-м ца кхиира. Цундела: «Сайл тIаьхьа цхьа а адам а ца дуьтуш кху дуьненчуьра дIавала-м яц йиш», – ойла йира цо.
– Луиза, суна хьо еза-м еза…Делахь а, сан йиш ма яц иштта…кхетий хьо… иштта, цхьа а доьзалхо а воцуш, дуьненчуьра дIавала.
Билкъис ца кхетара цо дуьйцучух. И гучу IабдулБакъис, ша ала гIертарг, иза кхетош, дуьхьлара гIиллакхан кирхьа дIа а оьзна, гучудаькккхира.
– Со доьзалхо а хир волуш йолу зуда ца ялийча вер вац… Хьайна лаахь Iен а Iе, я хьайна лаахь цIа а гIо.
Билкъиса цунна дуьхьал хIумма а ца элира. Иза елха йолаелира. Оцу буса иза, дехьа чу а яхана, ша дIайижира. Цо ойла йора, шен хIунда ца хуьлу-техьа кхечу зударийн санна бер. Иза ехха хьийжира шен дегIе, цунна тIехь бер ца хиларан бахьна долу сакхат каро йиш йолуш санна. Амма цунна и кара-м ца дира.
«Суна ца хууш, цхьаъ хир ду-кх и», – иштта ойла йира цо.
Цуьнан дегIа тIехь дацара цо лехна сакхат, цунах и кхийтира, ша мацах цкъа дош деллачу кIанте маре а яхана, нийссашо кхочушшала шибер: йоIIий, кIанттий
– дича.

Ткъа Іабдул-Бакъис шолгІа зуда – гІалара цхьа жеро ялийра. Керлачу зудчо цІенош дІа а дохкийтина, квартира иэцийтира цуьнга.
Цхьа шой, ахшой делира и шиъ цхьаьна, цхьа а доьзалхо а ца хуьлуш, деха. Эххар а цо шен зудчуьнга элира:
– Суна сайл тІаьхьависа цхьа доьзалхо везара…
– Суна а везара и-м. Цул сов, со кІира хьалха больницехь а хилла. Цигахь лоьро со-м доьзалхо хила декхар долушю бохура.
Зудчо и аьлча, цІеххьана даге ан иккхича санна, хийтира Іабдул-Бакъина. Оцу буса мегарг наб а ца йира цо. «Сан бу-техь доьзалхо цахиларан бехк?» – оцушеконаша са дуура цуьнан.
Ткъа шолгІачудийнахь, бІаьргаш чу а кхетта, бос а баьхьна вара иза больнице воьдуш.
ОхІ-хІай, и де… Оцу дийнахь кху дуьненахь сирла мел хеттарг цунна кхуьйлира, хаза мел хеттарг эрчаделира, цуьнан дуьненах а чам белира.
– Ахь текхна цамгарш ду хьан доьзалхо цахиларан бахьна.
И лоьран дешнаш цуьнан лерехь юх-юха а декара, уьш цунна гІенах а хезара, цара цуьнан синтем байинера.
Оцу дийнахь дуьйна ахча, бахам бицбелла, ойланашна чувуьйлира иза. Цо шен кхетамехь луьттура шен дахаран денош, юхадендора къоналлехь ша лелийнарш. ХІинццалц цхьа доккха маьІна долуш а, деза а, сийлахь а шена хетта гІуллакхаш деса а, лоха а, сий дайна а хийтира цунна.
КхоалгІа де дара кхуьнга лоьро и аьлла. КхоалгІа де дара хІокхо, балха а ца воьдуш, цкъа араволий, корта а оллабой, урамехула лелаш, юха а чу а вогІий, диван тІе бертал а вужий, ойланаш еш Іуьллуш, хан токху. Оцу дийнахь, догІий, лой цхьаьна а ийна, ткъов йолаелира. ЙоьалгІачу гІатерчу шайн квартиран балкон тІехь, коьртахь хІума а йоцуш, оцу ткъевнехь лаьттара Іабдул-Бакъи. Оццу хенахь кхеран цІенна хьалха сецира цхьа киралелон машен. Оцу чуьра араваьллачу шоферо, балкон тІехь лаьтта хІара вовза а вевзина, мохь туьйхира:
– Іабдул-Бакъи, во-о Іабдул-Бакъи!
Амма цуьнан и мохь, ойланашна чувоьллачу Іабдул-Бакъина ца хезаш, бехха бетта-м дийзира.
ЦІеххьана Іабдул-Бакъина, цхьана геннара Іин чуьра схьахезаш санна, хезира и мохь.

ТIаккха цо ойла йира: «Ванах, Iабдул-Бакъи сан цIе а ма ю, елахь, и соьга кхойкхуш а ма ву».
Цул тIаьхьа цо, балконна тIехула чу а кхевдина:
– ХIун боху ахь? Хьо соьга кхойкхий? – аьлла, мохь туьйхира.
– Кхойкху, хьайна тIе хIума юхий, охьавоссахьа, – элира вукхо.
Iабдул-Бакъина, дикка хьаьжча, халла вевзира мохь беттарг. Иза кхеран юьртара колхозан машен тIехь болх беш волуДагIа вара.
Цуьнца веара Iабдул-Бакъи юьрта, цо: «Хьан нана кIелйисна цомгушю», – аьлла, ирча кхаъ а баькххина.
Нана шолгIачу дийнахь дIаелира. Кхуьнга кадамаш а бина, шайн-шайн цIа бирзира нах.
ХIара ша висира кху яссаеллачу хIусамехь.
Тахана иза коре а хиъна, кIорггера ойланаш еш Iара.
Кхуьнан ойланаш юкъах ехира, кара лаьцна ведар а долуш, хитIа боьлхучу мехкарийн а, цаьрца бегаш бечу кегийчунехан а синкъерамечу аьзнаша. Царахшиъ: сов къона йоIIий, кIанттий – чIогIа вовшашка дагара дуьйцуш лаьттара, юкъ-кара вовшашна дела а къежаш.
Iабдул-Бакъин ца хиллера хIара шовзткъа шо шен кхочуш цхьа а стаг, оццул кхо цуьнгара, я цо кхуьнгара а марзо оьцуш. Цхьа а ца хиллера, я да а, я нана а, я деган доттагIа а, я доггах еза йоI а.
ГIеххьа хан яьлча иза, доккха са а даькккхина, хьала а гIаьттина, чухула дIасалела велира. Цуьнан бIаьргех, тIаьхь-тIаьхьа луьста а дуьйлуш, хин тIадамаш дуьйладелира. ТIаккха, цIеххьана паднар тIе бертал охьа а кхетта, иза, ийза а ца луш, хецца велха волавелира, тIаьхь-тIаьхьа чIагI а луш.
БIаьрхишна юккъехула цунна юха а дуьхьал тесира:
Йоьза гуьйре… ЦIен-можачу гIах юьзна хьун…
Малхехь лепа а лепаш Iуьллу бIар…

# ХЬЕР-М САТЕСЧА А ХЬИЙЗАШ ЯРА…

**Хьер-м сатесча а хьийзаш яра…**[23]

ДӀатийна Ӏалам. Хьаннийн хотешка суьйренан тӀуналла йоьссина. ХӀара хьаннаш хедош, шайна ирзош дохуш, цкъа мацах кхузахь баха хевшина нах.
ХӀинца, дуккха а юьртахой лахенга баха охьабахна дела, мелла а жимъелла хӀара юрт. Хийла цӀа дисна хӀокху эвлахь деса. Ткъа деса цӀенош тиш а ло, сиха доха а духу...
Эвлана юьстахо, гӀеххьа лекха арц дӀаболалуччохь, гуш цхьа жима цӀа а, цунах дӀахуттушдина рагӀуй, божлий а дара. ЦӀенна тӀе йиллина кӀайн шипар гора, юкъюккъера Ӏарж а елла, ткъа божлиний, жимчу рагӀуний тӀетоьхна – Ӏаьржа кехат. ХӀора Ӏуьйранна, оцу божли чуьра арадолий, лакха орцах дажа хьаладоьдура масех бежана: цхьа еттий, ши шинаррий, ши эсий. Царна тӀаьхьа а хӀуттий, кхин цӀахь шега дайта хӀума ца хилча, вир а доьдура дажа. Иза кху эвлана юьстахо охьадогӀучу жимчу хи тӀехь йинчу хьера чу а хиъна, ялхийтта шо кхаьчначу, Аьстмар цӀе йолчу, кӀантаца къамел деш Ӏачу, цхьа ког боцчу Уцин бахам бара.
Ткъа аьхкенан де делкъал тӀаьхьене лестича, кара
Ӏаса а лоций, цхьа гӀогӀ а текхош, зӀакардохна теба куьйра я цхьогал дӀаэккхо, «кху-вай» бохуш, мохь бетташ, ков-кертахь дезарш деш лела гӀеххьа къена зуда Уцин хӀусамнана яра, шен цӀе Ӏабадат а йолуш.
Ӏабадат ворхӀ шо сов йоккха яра Уцел. Уцин генаро болчу гергарчунаха, хӀара дика реза а воццушехь, ялийнера иза, тӀом дӀабаьлла масех шо даьллачул тӀаьхьа.
Ӏабадат хӀетахь хенаро жеро яра, шен долахь ши мотт а, «Казань» цӀе йолу кехат-пондар а болуш...
Дера ца ялийра и Ӏабадат дукха Уцина еза а езаш-м.
Кхин дан хӀума дацар-кха, резахила дийзир-кха оцу захалонна а: «Соьга мила йогӀур яра, ах бен воцчу».
ХӀан-хӀа, Ӏабадат яцара Уцис шега сатийсинарг.
Амма...
ТӀамо ца деш хӀун дитира?.. Уци ког а боцуш веара цӀа, ткъа кхуьнан безам, ламанан лу санна, экама, къона Белита и тӀом бахьнехь

хIоьттинчу мацалло хIаллакйинера. Уцина цкъа а йицлур яц цуьнца ша дуьххьара къамел дина Iуьйре а, цуьнан ша Iодика йина суьйре а. И тайпа хIумнаш цкъа а диццдала тарлуш ма дац, хIунда аьлча, уьш цкъа а юха хила йиш йоцу дела.
Оцу юха хила йиш яцарехь ю-кх дIадаханчун хазалла а, шатайпана хилар а...
Ткъа и Iуьйре иштта хилира.
Iаьнан Iуьйре. Ло, мохо лаьтта охьакхача ца дуьтуш, хьийзош дарц долчу оцу Iуьйранна, шалго топ а эцна,
«Гуди, Гуди», – аьлла, буьнчохь хIоз хилла IуьллужIаьла шена тIаьхьа а хьехна, шайн цIенна тIеххьара дIаболалучу орцаца хьалавахара Уци. ХIетахь Уцина ма чIогIа дезара талла эхар. ХIокху юьртахь а вацара, иза санна, дика таллархо, цхьа Неждукъ хьалхараОьрзмик ца лерича. ХIаъ, Оьрзмике хьаха ца кхочураУци. Оьрзмик вешшехь топ а карахь вича санна вара. Мел могашчу, къоначу стеган ницкъ ца кхочура, цо санна, хIара Iаннаш талла. Ткъа топ нийса тохар а, майралла а цуьнгара цхьамма а йоккхур яцара... ОхI, ма дика стаг вара Оьрзмик, ван-м! Дера вара догцIений, жимчуьнца – жимий, воккхачуьнца воккхий-м...
Оцу Iуьйранна-м Уцина дагахь а дацара, я дагадан йиш а яцараОьрзмикан валар сел генахь хирду, я хIокху маьлхан дуьненахь сел боккха тIом бер бу, я и оцу тIамера цхьа гIогI а доцуш цIа вогIур вубохург. Оцу Iуьйранна Уцина дагахь шен талла вахар дара, кхин цхьа хIума а дара...
И кхин цхьа хIума хIун ду дIадийца Уцина шена хуур дацара хIетахь. И цхьа экама, ламанан баппа санна, синхаам бара, и цхьа сирла ламанан шовда санна, синхаам бара, и цхьа дог дохден, бIаьстенан малх санна, синхаам бара…Исинхаам бийца йиш йолуш а, я бийца оьшуш а бац, и синхаам шен даг чохь кхоллабала беза, ша бовзархьама…
Эрна веъна ца хиллера Уци шовдан тIе. Белита, шен кIудал юьзна а яьлла, и шовда долчу Iин чуьра хьалаяла гIерташ йоллура. Белша тIе хIоттийна кIудал а йолуш, ша хьаьхначу басах ши кало а шерший, меллаша юха чуюссура иза. Гучувала ца хIуттуш, шен дагахь, жимчу берах санна, вела а воьлуш, цхьана кегийчу бIаьллинган коьллашна тIехьа лаьттара Уци. Эххар а, тIеяла гIерта кIорда а дина, гIеххьа кIад а елла (цундела беснеш кхин тIе а цIийеллера цуьнан), Белита, шен

кӀудал охьа а хӀоттийна, даккхий синош а дохуш, сецча, ша лахара хьала вогӀучуха:
– Іуьйре дика хуьлда хьан! – олуш, тӀехӀоьттира Уци.
– Далла везийла! – элира Белитас.
– Хьо хитӀа еъна? – и тайпа цхьацца хеттарш Уцис а деш, Белитас эхь хетарца царна жоьпаш а луш, лаьттира и шиъ.
ТӀаккха Белитас, цкъа шен кӀудале а хьажна, юхашен лун ши бӀаьрг ша хьаьхначу басенга а берзийна:
– Со-м хьелуш лаьтта, – элира.
И хьалха, цу гух тӀеяла гӀерташ, холчу хӀоттар гинчу
Уцина дагатесира и хьовзо:
– ГӀуо делахь.
Амма йоьӀан бӀаьргаш дехаре, «ца хаьа хьуна, аса ца аьлча а, хӀун дан деза»…бохучумаьӀнех шега хьаьвсича, ша аьлла дешнаш гӀеххьа новкъа а даьхкина:
– Дера, оцу басах-м кӀудал йоцуш а валалур ма вац, – аьлла, цхьана куьйга кӀудал а лаьцна, цкъа-шозза кхоссавелла басах хьалавелира Уци.
ТӀаккха и, кӀудал охьа а хӀоттийна, басах шершаш, халла хьалайогӀу Белита тергалъян хӀоьттира. Ткъа иза, басе чекхйоллучохь, мачаш шарша а шершина, шен ницкъ ма-ббу чу ца йосса гӀортарна, аркъал а сеташ, охьакхеттаза юьсуш, сецира. Оцуминотехь цунна улло дӀакхечира Уци. Амма цуьнан бӀаьргаша – о, и бӀаьргаш!.. – царна чохь гора-кх Белитин дагахь дерг – хезаш боцчу, амма кхетачу маттаца: «Сох куьг ма хьакхадалийталахь, со леш хилахь а», – аьлла, сацавалийтира иза. Ткъа Белита, ша-шен когаш тӀехь ларъяла ницкъ а кхаьчна, кӀудал белш тӀе а хӀоттийна, дӀайолаелира.
Уцис:
– Хьо юха хи тӀе маца йогӀур ю? – элира, шена иза хӀора Іуьйранна а, хӀора суьйранна а шовдан тӀе йогӀийла (хийлазза талла воьдуш, я цигара цӀа вогӀуш ша иза коьллаш юккъехула тергалйина дела) хуъушехь.
– Со-м хӀора дийнахь Іуьйранна а, суьйранна а йогӀу кхуза, хьо ца вогӀу-кх, – элира Белитас, юха а йоьрзуш.
Цуьнан къамело, аьлча а «хьо ца вогӀу-кх» бохучу шина дашо чӀогӀа хазахетийтина, воьхначу Уцис:
– ХӀинца-м вогӀур ву, деллахьа вогӀур ву-кх, – элира.

Ткъа Белита:
– Суна кӀудалш тӀеяхий? – аьлла, хаттар а дина, кхуьнан жоьпе ца хьоьжуш, ела а къежна, дӀаяхара.
Уцис-м оцу дийнахь кӀезга теллира, цхьа БелитагӀарна хьалхахула хьаладоьду, сарралц ша гездина Ӏин ца лерича...
Ткъа и суьйре, къастаран суьйре?..
ОхӀ, ма тера яцар-кх иза оцу дуьххьарлерчу Ӏуьйренах, хӀунда аьлча и Ӏуьйре дарц долчу Ӏаьнан яра, ткъа хӀара суьйре – хаза яьллачу бӀаьстенан. И башхалла хилла а ца Ӏара и шиъ къастош, уьш дуккха яра. Коьртаниг, цкъа а диц ца лург, иза къастаран суьйре хилар дара.
Оцу сарахь, елхаран къурдаш а деш, дӀабуза лахбелла, хьаннашна юккъехь, цхьа хӀума яйча санна, шен зӀаьнарш ловзо малх а, кхехкаш, мокхазан тӀулгах бухдуьйлу шовда а, кхарна лакхахь гу тӀехь, гӀийла гӀаш а дегош, лаьтта кӀайнши мах[24] а теш долуш, Белитас элира:
– ХӀан, Уци, хӀара сан чӀуг ю хьуна, И хьайца лелае.
Со хьоьжур ю хьо цӀа варе… ХӀора Ӏуьйранна оцу
БӀендукъ-ломах малх схьа мел кхета, со хьоьжур ю, со тешар ю хьо цӀа вогӀург хиларх. ЦӀа воьллахь…
О-о, хӀун дага ца деара Уцина хӀетахь, хӀун синхаам ца кхоллабелира цуьнан даг чохь?.. Цунна хӀара дерриге а дуьне цхьана тамашийначу дахкарлахь гира: хьаннаш – баьццара, баьццара яра, стигал – лилуласийна, сийна, ткъа хӀокху шовданах туьйранехь дийцина стаг денвен хи хиллера – ялсамане яр-кха дуьне, я ялсамане…
Амма дукха хан ялале дерриге а Ӏалам ша ма-дарра хилира, тӀаккха кхуьйлира, Ӏаржделира: «Къаста деза, къаста деза, тӀом, тӀом, тӀом, тӀом!» – ткъес туьйхира цуьнан коьртехь.
ЭхӀ, ма лаьар-кха Уцина хӀара Ӏалам шена хӀинцца ма-гарра, цхьа тамашийна, туьйранехь санна гуттар а гойла. Амма Даймехкан декхар ду-кх уггаре дезаниг, сийлахьниг. И бахьнехь шен дог а ден деза-кх стага, иэшахь ша вала а кийча хила веза-кх иза.
Масийтта бӀешо хьалха дуьйна дехаш схьадогӀу кхеран шира тайпа. Хийла мостагӀий летта цунна тӀе.
Амма царна къар ца луш, царна тӀехь толамаш бохуш схьадеъна иза. Иштта ца хиллехьара-м, тоххарехь хӀалакьхилла хир дара кхеран тайпа.
Ткъа толам ша-шаха ца хуьлу. Оцу толаман дуьхьа, цхьаъ велла ца Ӏаш, дуккха а бӀаьхӀой бала беза, дуккханна а чевнаш хила еза, дуккха а

бовза-безарех хаьдда биса беза…
И дерриге а иштта къастош схьаала ца хаахь а, Уци дика кхетара и иштта хиларх. Цундела цунна хаьара ша цига, нагахь и толамна иэшахь, дахар а дIадала воьдуш вуйла, хIара тховсалерниг шен Белитица тIаьххьара цхьаьнакхетар хила тарлуш дуй.
Цундела делахь а, Уцин генна даг чохь цхьа экама, хIара шех ийзалун, хIокхуьнга цкъа а дешнашца йийцалур йоцу, я йийцаелча а, хIара йийца а хIуттур воцу ойла яра. Лааман ойла.
Уцин дагна лаьара даима хIара шена тIеийзош дерг, амма шех, стенна делахь а, ша кхоьрург хIинцца, тахана, ламанан лу санна йолчу Белитица довза, дог
Iаббалц шовда, цIена хIаваъ мала, маьлхан зIаьнарш, сийна хьаннаш цкъа а ца гинчу кепара ган – безам бовза. Амма цунна луург хир дацара иштточу хьелашкахь, я Белитин шовданан хи санна долчу бIаьргаша хуьлуьйтур а дацара. Цундела Уци шен даг чохь кхаьрдира оцу ойланах.
«ХIан-хIа, иза-х и лоханиг, Iаламо хIора са долчу хIуманна делларг даций, иза безам бовзар, хьаннаша цIандина цIена хIаваъ санна цIенаниг дай», – бехказаюьйлура цунна хьалха и ойла.
Нийса а хетара Уцин дагна и бехказлонаш, амма кхуьнан дахарехь хила-м ца хилира и тамашийна луург, и деза кхоьрург...
ТIаккха – тIом. Буьйцу хезначул а инзаре, ирча бара тIом. Хала, адаме ла ца баллал, хала. Амма лан-м ловра салташа, хIунда аьлча, иза паргIатонехьа, къизчу, акхачу мостагIчунна дуьхьал тIом болу дела. Уцина оьрсийн мотт а ца хаьара, я «пашисташ» бохучу дешан ма-дарра долу маьIна а ца девзара. Амма и кхетара цхьа дош ца аьлча а, шен накъостех, цунна хаьара «пашисташ» мостагIий буйла. Уцина дика хаьара коьртаниг шен гIуллакх дан ма-деззара кхочущдар дуйла, иштта хила ницкъ кхачахь, ша а Толам мелла а гергаузийла. Цундела Уцис дан а дора дан ницкъ берг дерриге а, тийначу дахаран, маьршачу, малх кхеттачу дийнан, Белитин ойла яхь а, цуьнга шен бIаьхаллин декхарш кхочущдарна новкъарло ца яйта стогалла а карошшегахь.
Хийла денош дIаихира, тIеман денош, гIенах санна, хIорш хьаьвддий-бевддий леллашехь. Цкъа иштточу цхьана дийнахь, Уцина хIара дерриг дуьне сов чехка хьаьвзира, тIаккха жимлуш, бурула мажделира цуьнан бIаьргашна хьалха, тIаккха кхоьлира,
Iаржделира.

Шена юххехь иккхинчуйоккхачу тоьпан хIоьан ницкъо ша, лаьттах схьакъастийна, масех метр хIаваэ хьалавоккхуш хааделира Уцина. Юха иза кхетамчуьра велира.
Меттавеъча, гонаха кIарула-Iаьржа буьйса а, декъех юьзна тIеман аре а, ша санна, шийла Iа а дара…
Дуккха а Iиллира Уци оцу шийлачу арахь, дегI гIорон доллалц. Аьтту гIогI, бетонах доьттича санна, дазделлера. Хийла хан елира (я цунна и иштта хийтира?). Эххар а цхьа гIовгIанаш хезира Уцина. Адамаш дара. Церан хабарх хиира цунна уьш вайнаш а, лазийнарш дIакхоьхьучу санитарни бригадера а буйла.
– ХIе-ей, мой кирепко ранийт, мой надо теплу место положийт, – шен гIори-гIоддах мохь туьйхира Уцис.
Хезира цуьнан аз. Носилкаш тIе а виллина, дахкаро хьулйинчу шийлачу арахула цхьанхьа-м ваьхьира иза…
ТIаккха – дархой, чевнийн лазамаш, белларш, бала бохкурш, цIерпошташ, юха – госпиталш, госпиталш, госпиталш, тIаьххьар а – апрацин стол…
ОхI-хIай, и де. И де дагадеъча, Уцина хIара дерриге а дуьне Iаржлора. Оцудийнахь Уцишен аьтту гIогIах велира, цуьнца цхьаьна – дукккхачу хIумнех а (царна юккъехь дара талла эхар а).
Госпитале охьавуьллуш ши ког болуш хиллехь, цу чуьра араволуш-м «кхаа когa тIехь» вара Уци… ТIом дIабаьллера, амма тIамал хала дара схьа мел хеза ирча кхаьънаш лан. Нана елла, Белита кхелхина, доттагI Iаднан тIамехь хIаллакьхилла, Оьрзмик дIаваьлла…
Цхьаъ цхьаннал къиза дара кхаьънаш.
Оцу халахетарийн йозалла ца лалой, кест-кестта
Уцис боккха узар бора, ах-хозуьйтуш:
– Деллахьа, Уци, ма тоьллера хьуна а хьайн хеннахь веллехьара, хIара «дика» болх а ца хьоьгуш, тIеман арахь, хьайн накъостий санна. Петар санна, Реваз санна, Iабдулла санна… Iийт, ма дика кIентий бара уьш! – олуш.
Иштта, гIайгIанаша лаьцна дIаоьхучу деноша Уци хенал хьалха къанвора. Цу тIе цхьацца кара а вора кхуьнан доьхначу даг тIе туьха таса.
ХIун ца до халахетарший, халонаший адамах? Цара адаме шен амал а хуьйцуьйту наггахь… Уци маларе марзвелира.

Иштта лийлира иза масех шарахь. ТӀаккха гергарчу наха, цкъа хьалха къаьркъа дуьтуьйтуш дуй а баийтина, шаьш цхьадика болхбо аьлла, Ӏабадат ялийраУцина.
ТӀаккха, шен баланаш бицбан а гӀерташ, шен бахамна тӀевирзира иза. Шена ваха атта хир ду аьлла, цхьаболу юьртахой санна, Теркйисте, гӀала, АтагӀа, Чуьйрийн-эвла – цхьанххьа а дӀа ца вахара иза. Цундела Уцин цӀа дасса а ца делира, деса доцу дела, тиш а ца делира. Иза цкъа а дасса а лур дац, я тиш а лур дац,
Уци дийна мел ву.
Дика Ӏашвара Уци кхуюьртахь. Цуьнан дахар маьӀне дора, къагадора сирлачу дагалецамаша. Амма тӀаьххьарчу хенахь цуьнан дог Ӏийжош кхин цхьа халахетар дара.
Ша госпиталшкахула дӀасаидош, тӀамехь хилар чӀагӀдеш долу кехаташ дайинера Уцис. ХӀетахь церан тӀе-каре ян хӀокхуьнан карах а ца делира. Цундела делахь а (хаац), Уцина Толаман ткъа шо кхачаран сийнна йолу мидал ца еллера. Иза чӀогӀа халахийтира Уцина. Кестта тӀекхочуш Толаман ткъе итт шо дузу де а дара. Цундела, ша хӀинца а, хьалха санна, тидаме ца оьцуш витарна кхоьрура иза.
– «…Цу аьчгех ахь хӀун до?» – боху соь ВатӀас. Цунна елахь а, суна ма яц уьш аьчгаш. Суна а ма лаьа, нахана санна, айса динарг цхьанна оьшуш, цхьамма лоруш гӀуллакх дуйла хаа…
– Ваши, цу хьайн документийн бух хоттуш кетах хӀунда ца дохьуьйту ахьа?
– Дахьа-м дахьийтина ас цхьа бутт хьалха, гӀалийтӀехь доьшуш волчуАхьмин кӀанте яз а даийтина. Цхьаъ хир ду-кх, доьгӀнарг, – шен Ӏасанашка «закъзикъ» а оьккхуьйтуш, хьалагӀаьттира Уци. –Вало, Аьстмар, чувоьду вайша. Вайна гӀеххьа хан а яьлла, тховса со волчохь буьйса яккха…
Хьеран лоха неӀ тӀе а тоттуш, аравелира и шиъ. Беттасо серладаьхнера хьаннийн аьрцнаш. Бердашна юккъехула охьадогӀу хӀара ахк а къагийнера цо. Чуьра кегийра тӀулгаш а гуш, хьаьъна дара цуьнан хи. Цанаш тӀе тхи диллинера. Халла хаалучу мохо цигара тӀуналла кхоьхьура. Аьхна тӀуналла.
Тийна дара. Цхьанаэшшарехь хьийзачу цхьалхачу хьеран гӀовгӀа ца лерича. Ткъа цуьнан гӀара гӀовгӀа йолуш санна а ца хетара. Иза дика йогӀура хӀокху тийначу Ӏаламца.
Ахка йистехь, цхьана айинчу меттехь дара Уцин цӀа.

Цига хIара шиъ дIакхаьчча, «гIалх» элира жIаьло.
ТIаккха Уцис: «ДIадала, Къуборз», – элира.
Юха, цIийнан неI а тоьхна:
– Iабадат, – кхайкхира иза.
Чохь паднар цIевзира, тIаккха цу чуьра схьахезира:
– Уци, хьо вуй и?
– Ву, дIаеллахьа неI.
ТIаккха и шиъ, Уцис «уьхь-уьхь» аьлла, йовхарш йинчул тIаьхьа, чу вахара. Стогар хьала а ца латош (корах чу кхеттачу беттасо серлаяьkkхинера чоь), шаьшшинна меттанаш тадира Уцис. Чохь йиппаран[25] хьожа йогIура.
АгIор ма-велли, набаран тар тесира Уцина. ГIеххьа хан яьлча цо:
– Суна хIунда ца ло мидал?.. ХIунда? – аьлла, набарх мохь туьйхира. ТIаккха хар дан вуьйлира.
Сатоссуш самавелира Уци. Дукха хьалхе хиларна
Аьстмар хьала а ца гIаттош, шен сийсарлерчу сингаттамо са а дууш, хьера ваха велира иза.
Уцина ца хаьара сийсара почтальоно районера еанчу почти юккъехь шега Ленинградера тIеман-медицински архивера даийтина кехат дуйла а, цу тIехь хIара госпиталшкахь Iиллар чIагIдеш а, муьлхачу эскаршкахь хилла дуьйцуш а дуйла а; юха масех де даьлча ша кхайкхина райцентре а вигна, Толаман де даздечохь шена юбилейни мидал а, пхьаьрсах доьхку сахьт а (шен цIе тIе а язйина) лур дуйла а; тIаккха, и мидал хьалха а оьллина, сахьт пхьаьрсах а дихкина, вела а къежаш, цIа вогIуш, ша юьртахоша декъалвийр вуйла а.
Уцина иза тIаьхьа хуур ду. Ткъа хIинца иза хьера воьдура, шен тайп-тайпана ойланаш а еш.
Хьер-м, сацаза, хIинца а хьийзаш яра.

# БIАЬСТА ХАЗА ХУЬЛУ-КХ АДАМ А, IАЛАМ А

**БIаьста хаза хуьлу-кх адам а, Iалам а**[26]

Ма таьIна догугIалин стогарш…Мархаш. ЦIеххьана хьаькхначумохо гулйи-кх уьшкхустиглахь…ХIун дийр ду? Эрна олуш ца хилла-кх халкъалахь: «Хьо мел кхаьрдинарг хьуна тIекхочур ду».

Мел йогIу буьйса
Кхоьлина йогIу…[27]
ЭхI, тIетоххаза йити-кх цо и машен цунна. ХIаъ, цо соьга мел дийцинарг… Дера дийцира.
Мел йогIу буьйса…
Цхьаъ дан-м ма деза. Стогалла хила еза-кх, къонахалла. Муха дара и дийцар? «Шен ступнваша чу а валавой, хIара хьан йиша аса йити, сайна хьарам а, оцу
Iачунна хьанал а еш». Стигал а кхуьйли. Ма хаза де дара тахана. Дара-те. Стигал. БIаьста ма хаза хуьлу и.
ХIаъ, хIараъ ма ю бIаьсте. Ю дера. БIаьста хаза хуьлу-кх Iалам а, адам а.

* * *

БIаьста хаза хуьлу-кх Iалам а, адам а. Iалам юха денло, адам а цуьнца цхьаьна, самукъадолий, тохало. Кегийчарна шаьш баккхий хилча санна хета, къонанаш цхьа шатайпачу башхачу дахарца беха (царна хIокху дуьненахь цхьа самукъадалар, малх, безам бен, хIумма а доцуш санна хета), къенанаш юха къонлуш, сирлачу дагалецамашка бовлу. Иштачу бIаьстенан цхьана дийнахь (оцу дийнахь стигал екхна, наггахь а марха йоцуш, цIена яра) хIокху
Вахас, хIетахь институтан пхоьалгIачу курсан студента, дерриге а Iаламна елакъежаш, самукъадаьлла лаьттачушега, дикка ца хьожуш, уллохула тIехвалар а къилахь ма ду аьлла хеттал хазчу йоIе:
– ЙоI, хаза-м хуьлу бIаьста адам а, Iалам а, – элира.
Иштта дIа элир-кха. Вуоха а воьхна. Цхьаъ ца аьлча даго а ца витина. Ткъа цо-м, ела а къежна:
– АхIа, – элира.
– Хьо мича йоьдуш ю? – юха а элира кIанта.
ХIокхупхеа шарахь Вахин накъосташна карийнера, массарна а ца карийнехь а, дукхахболчарна, цхьацца йоI-безам. Цхьаболчара-м зударий а балийнера. Царна юкъарIойлин куьйгалло къаьсттина цхьацца чоь елира. Цундела церан чохь гуттар а цIена хуьлура, массо хIума а дIанисдина дара. Ткъа кест-кеста церан чуьра схьа кхихкина яьллачу мерзачу чорпин а, баттахь шозза-кхузза кхерзинчужижиган а хьожа етталора.
Вахина-м ца карийра хIокхудехачу пхеашарахь шен деган доттагIа. Ца карийра. Стенна делахь а, ца нислора цуьнан и. Кхунна езачунна хIара

ца везара, ша везарг кхунна а ца езара. Цундела хIора гурахь, гIа мосазза дужу, я хIора бIаьста зезагашмосазза денло цуьнан дог гIийла хьегIа дулура, ткъа цхьана йоьIан горгделла дегI гича, цуьнан дог тохалора, йоьIан, хилла
Iаж санна, муттане долчу балдаша иза тIеийзавора.
Цуьнан дог хуьлура, тIе а вахна, йоIаца къамеле вала.
ТIаккха цуьнца мелла а волавелла лела, юха цхьанхьа меттиг йилла, тIаккха бIаьстенан екхначу суьйренца бешарчу гIантахь, аьлча а (гIантахь-м дика а хир дацара) Соьлжа йистехь, хезаш машенийн, нехан гIовгIанаш а йолуш, йоIаца волавелла лела, юха... Хийла дара кIентан кхетамехь и «юхий», «тIаккхий». Амма царах цхьа а, хиламе ца доьрзуш, цуьнан коьрта чохь дуьсура.
ХIетте а хIокху дуьненахь цхьа накъост, аьлча а хIусамнана лаха-м ма деза, бохучу ойлано иза юх-юха а зудаберашца къамеле вуьйлуьйтура. ХIоразза и къамел мосазза до, и цIарула цIийлора, цуьнан хьаьж тIе а, мера тIе а хьацар тухура.
Ткъа хIинца оцу йоIаца къамеле валаран бахьна-м цуьнан тахана юьртара гIала веъначу цхьана жимчу стагаца хилла къамел а дара. Цо элира Вахе: «Сих а ма ло зуда яло, хIетте а юьртахь карор ю алий, кхузахь хIинццехь хьайна цхьа гIайгIа ца беш а ма Iе»...
ЙоI-м тера а яцара (иштта кIантана хетахь а) Вахица къамел дан дукха тIера йолчух. Цо кIентан шолгIачу хаттарна иштта жоп делира:
– Цхьанхьа а йоьдуш яц.
– Ткъа хьан цIе хIун ю?
– Ян а яц сан цIе.
– Мичахь Iаш ю хьо?
– Цхьанххьа а.
– Ва, ма тамашийна йоI ю хьо, ахьа хIунда ца юьйцу хьайн цIе? Ас-м ма юьйцу и… Сан цIе Ваха ю, со дIогарчуюкъарIойлехь Iаш ву… Хьуна лаахь, ас-м фамили а юьйцур ю…
– Боккъал а, йиййцахьа ткъа.
– Йийцича, Адамов ю-кх сан фамилии… Хьан цIе хIун ю ткъа?
– Суна хIинца а цхьамма а тилла а ца тиллина цIе, – аьлла, елакъажарца кIентан бIаьргаш чу а хьаьжна, йоьттина йолчу троллейбус чу а гIортаелла, дIаяхара иза.
КIентан дог хилира, цуьнца троллейбус чу а хиъна, дIаваха. Амма хIара шен дагчохь «гIо – ма гIо» боху терза оьзна валале, троллейбус

дIайолаелла, генна елира. ТIаккха цунна дагадеара цхьа такси а лаьцна, цу троллейбусан шолгIачу социйлехь йоIана тIаьхьакхиа. Иза-м хир долуш хIума дацара. Иза-м Вахас шен даг чуьрчу терзан тIе а ца диллира. И хIума кхочущдалла тIаьхъаьлла хилар я «Iовдалалла» Iаламо цунна яла а ца еллера. Цу тIе цуьнан язъян езаш конспекташ а, Iамо езаш занятеш а, дан дезаш кхин дуккха а, дуккха а хIумнаш а ма дара. Цундела иза цIа вахара.
И йоI цунна оцу буса гIенах а гина, шолгIачу дийнахь йицъелира. Амма йоIана-м вицвелла ца хиллера Ваха.
Цхьана суьйранна, исс сахьт доллучу хенахь, гIали юккъехула волавелла лелла, гIеххьа кIад а велла, книга а карахь дIатевжина Iа Ваха, телефоне кхойкху аьлла цхьа накъост веача, коьрта чохь хаттарийн вай гIаьттина («Мила ву соьга телефон тоха? ХIинццалц тоьхна ма яцара? ЦIахь цхьа сингаттам иккхина теша?..»), сихха хьалхарчу гIате воьссира.
– Алло, – элира цо, трубка лере а хьош.
– Алло, хьо Адамов Ваха вуй? – йоьIан аз хезна, цецвала а ца кхуьуш, воьхна, цIарула цIийвелира Ваха.
– Ву. Хьо мила ю? – элира цо.
– Сой, со евзар яц хьуна?
– Евзар ю хьуна, алахь?
– Сой? Со «бIаьста хаза хуьлу-кх адам а, Iалам а» ю-кх…
– Боккъал а…мичахь ю хьо?..
Амма цунна дуьхьал, жоьпан метта, телефонан йоца-хеда эшарш хезира.
Цул тIаьхьа масийттазза а дира йоIа изза. Дукхахьолахь цо: «Хьо Адамов Ваха вуй?» – олий, хатта а хоттий, кIанта ву аьлча:
– БIаьста хаза-м хуьлу адам а, Iалам а, хуьлий? – олура.
ТIаккха, кIант кхин вист хилла а валале, трубка охьаюьллура.
Иштта дуккхаза кIант хьийзийнчул тIаьхьа, йоIа эххар а дийцира шен адарс. Иза гурахь дара. ГIа мажлучу хенахь. Ткъа и гIа дожар а, тIаккха гуьйренан кхоьлина, дерзе денош а, цул тIаьхьа лайна дукха къен долу Iа а Вахассий, Зарассий цхьаьна даьккхира. Оцу юкъана и шиъ масийттаза юьрта а дахара. («Кхузахь Iаш волу массо стаг поэт хIунда ца хуьлу техьа?», «Иштта хилча, бажа бажо стаг а вуьсур вац»…).
Ткъа тахана нийсса шо кхаьчнера кIанта йоIе

«БIаьста хаза-м хуьлу адам а, Iалам а» аьлла. Цундела хIара деза де билгалдаккха, Зарина совгIат а дохьуш, даг чохь дийца дуккха а хIума а IаьIна, балхара хьалххехь ваьлла, цIехьа хьаьдда вогIура и. Ткъа хIинца…

* * *

Ма кхоьлина догу гIалин стогарш… Дохк ду теша вайна?.. «Сол ирсе стаг хила а хиллий теша?» – элира цо сийсара.

Вай делча денлур дац,

Къанделча къонлур дац…[28]

Соь цхьаъ дуьйцуш, дагахь кхин хилла-кх цуьнан.

«Аьшпаш буьттучун бIаьрг болу», – элира дас. ЭхI, ма хаза дара хIетахь… ХIан-хIа, цо-м ца боьттина аьшпаш. И ирс долуш хилла а ма хилла: со Iеха а веш, кхечуьнца са а къоьруш…Дера, хIетахь хаза-м дара, массо хIума а керла, тамашийна дара, бецан хелиг а тIехь.

Цо-м дийнера шен зудий, доттагIий, ишщтта тIекхаьчча…ХIаъ, бецан хелиг а тIехь тамашийна дара массо а хIума…Пхийтта шо делира цунна…

Вай делча денлур…

Мел йогIу буьйса…

«Адам даха кхоьллина ду», – элира цхьана воккхачу стага. Шен сий а, нехан сий а лардеш, хIунда ца деха адам? ХIетахь со бер ма дара, массо хIума а хаза а, исбаьхьа а ду моьттуш… Сий ма ду уггар дезаниг, сий.

Сийл дорах хетта-кх дахар а. Сан дуьххьарлера ойла тасаелла йоI а яра цхьа тамашийна, цхьа хаза, туьйранахь юьйцучу ЧингIазал а хаза. Кхунна ца хетта сий кепекан а меха, я сайниг а, я шениг а. Эцца скверикехь Iа иза… ГIантахь…Сан куьг къийлинчу куьйгаца кхечуьнниг а къуьйлуш…

Ишиъ дуьххьара тIеIотталуш мар-мара кхийтира…

ГIийла догу стогарш… ХIаъ, оцу еха чIаба йолчу йоьIан кора кIел хIоьттина ас сирла са тийсира цхьана буса. Ма хаза яра и буьйса. БIаьстенан буьйса… Апрель. Цкъа догIанца йилхина, яссаелла мархаш, чекх хьаьжча са а гуш, Iохкура малхбалехь…

«Собар хила деза-кх массо хIуман тIехь а, собар».

«Сихалло са даькхина, собаро лам баькхина».

ХIетахь и йоI-м сихъелира. ХIетахь суна и цхьаццадолу хIумнаш дага а дахкале, и маре яхара.

ХIинца хIара… ХIаъ, безам ма бу и царна гергахь.
Хьан сийхIаллакьхуьлда, хьо а хIаллакьхуьлда, мел долу оьзда гIиллакх а хIаллакьхуьлда, кхеран безам кхочушхилчхьана. ХIаъ, иза сол лекхах ву, зоьртала дегI – куц долуш а ву… Цу тIе американски джинсаш ю цунна тIехь… Оцу цхьамма-м шен зудий, доттагIий дийнера… Ткъа вукхо-м шен зудчун ваша схьа а валийна, и Iаш йолу хьан йиша сайна хьарам а еш, дIога Iачунна (цуьнан везарна) хьанал а еш, йити ас…
Хьажахь, со тIекхачарна а ца кхоьруш, кхуззахь шен везарца Iаш ю.
ХIа-а, со цIа ван нийсса ши сахьт ма ду…Со тахана балхара хьалхехь ма велира.
Оцу стага-м Iехийнера шен зуда: масех денна лела воьдуша а аьлла, вуха а веана. Майрачунна цкъа а деш доцу чIепалгаш шен везарна а дина, Iаш хилла иза-м…
ХIаъ, со нийсса ши сахьт хьалха ма велира. ХIара хIун ю сан буйнарниг. Зезагаш, совгIат, цунна хьош, суо цуьнга дуьххьара вистхилла де билгалдаккха…
ХIорш хIинца оьшуш дац. ХIорш аса Соьлжана лур ду.
«Чхоп-п». Иштта «чхоп-п» олуьйтуш, чукхоссавелчхьана, чекхдолу-кх массо хIума а…
Мел йогIу буьйса кхоьлина йогIу…
Кхуьнан нана ма яц кхузара генахь Iаш. Цунах а ца кхоьру. Нийса хилла-кх нийсса бутт хьалха Махьмас суна бина тIехтохам…Къонах хила веза-кх, хала киртиг лан… Суна моьттура цо шен догъIаьржаллина дуьйцу и…
«Вайша газа нийсса кхо шо дар-кха», – суна санна, елакъежаш элира цо. Иза нийсса кхо шо хьалха а хилла цуьнца безам бууш. «Побольше наслаждений»[29], – элира-кха оцу хьаьрса месаш йолчу лохачо а. Иза ду-кх кхо лелориг.
Вай делча денлур дац… Дац-те.
Мел йогIу буьйса кхоьлина йогIу…ЙогIу-те.
Цкъа а бакъ хетар дацар-кха суна, хIара сайн бIаьргашна ца гича. ХIаъ, шена тIекхаьчнарг бакъ ма хилахьара аьлла, хета массарна а.
Цхьаццаболчара и шайна ца гучуха сурт хIоттадо. Къонахий боцчара. Къонахий-м бохамашна юьхь-дуьхьал хьуьйсу.
Хийла шо хьалха хилла-кх и, Дадас дийцир-кха суна. «ГIобин некъаша шайн йоIаца лелларг, вен а вийна, шайн йоI ца юьйш йитинера.

ХIетахъ дуьйна нахана нах а ца хетара уьш, наха царна наьIалт элира».
Со кхузахула ойланаш еш лела, цхьаъ дан ма деза…
Мел йогIу буьйса кхоьлина йогIу…
И накъост дIа ма вахна.
Вай делча…
Ма хаза яра хIетахь апрелан буьйса. Ша Iаш ю. Юте. Дагна там а хилла.
Со гин цунна.
«– О, хьо ма хьалхе вогIу цIа».
ХIумма а ца хилча санна дека цуьнан аз-м.
ОхI-вай, со хIинца теша-кх оцуцхьана мекхаш долчо дийцинчух.
«– Иштта вогIу со, яло, вайша шун нана йолчу доьду».
Оцу мекхаш долчо а дийцир-кх хIара тайпа цхьа хIума.
«– Цкъа чу а гIой, гIо вайша. Мовлад а веъна цIа».
Мовлад хIокхуьнан ваша ву. КАМАЗехь вара и, я БАМехь[30] вара и? Дика ду-кх и цIа веъна а. Цунна а евзар ю-кхшен йиша «– ХIан-хIа, хIинцца гIур ду вайша».
Сапехьатан ду-кх къа. Ма хьакъ яцара хьуна хIара тайпа йоI. Ма юхур ю и. Цуьнан корта кхин а къежлур бу. Цо дийца а дийцина, халла ма яьккхира тхойшинна квартира а. Шен йоIана дика болх хилийта хIуъу дийр долуш ю.
У-у…Мархаш. Ма кхоьлина догу гIалин стогарш.
Хьан эр дара, кхуьнан куьце хьаьжча, хIара иштта ю. Ткъа цо соьга мел дийцинарг. Суна чу садиллина яра и-м. Суна-м моьттура цо шен деган буххера доху и дешнаш. Ткъа кхуьнан деган ши бух хилла-кх, дIо наркотикаш кхоьхьучийн чамданийн санна.
ХIа-хI, хIара ду-кх Сапехьат чохь Iен цIа а…Хетарехь, со сиха воьдучух тера ду. И гIеххьа тIаьхьайисна.
И цецъяьлла, кхераелла а хир ю… Хилийтахьа, сан хIун бала бу.
Къа ду Сапехьатан, хIара ю-кх цуьнан неI. Хийла синкъераме хан дIаяьхьира оха кхаамма. Сапехьатий, асий, хIокхой. Делахь а, Сапехьат, вайна ямарт яьлла хIара. Хьуначул а хала ду хьуна суна хьоьга хIара дийца. ЭхI, куьйгаш а ду сан дегош, хIара нуьйда тIе а ца таIалуш. «Зр-рр», – ма ирча бека. НеI еллаели.
Мел йогIу. Вай делча… буьйса кхоьлина…
«– Вай, ма дика ду шуьша деъна», – гуттар а санна дека Сапехьатан аз. Амма ас деънарг дац хьалха аса кху хIусаме кхехьнарг. Ирча кхаъ бу.

Ткъа хIара… хIара… И… и… кхеран чохь муха ву и?
Кхуьнца гIантахь Iийнарг?
«– Мовлади цIа а веъна йоллуш ю со».
«– Муха?» – муха долу а ца хууш, ша-шах дели багах и.
«– Муха, иштта схьавеъна-кх, кхаа шарахь лелча-м тоьар ма ду».
БIаьста хаза хуьлу-кх адам а, Iалам а, бIаьста!..

# ИЗА САМАВЕЛИРА

### Иза самавелира[31]

Кочахь кхозуш цIен галстук яра цуьнан, цигаьркех боккха кIур а боккхуш иза вола мосазза ло, дIаса а лесташ. Игалстук кхуьнан лаг мукъадоккхушмелла а малъелча, цо юха а шина пIелгаца шад а лоций, дIанисйора.
ТIаккха цо, стоьла тIехь лаьттачу куьзган чохь ша-шен тергал а веш, яй йовхарш тухура. Дийнахь хилча-м, кхуо кхин а чIогIа тухур яра и йовхарш, амма хIинца буьйса юккъе яханчул тIаьхьа масех сахьт даьлла хан яра.
Дехьа чохь гIийлла синош дохуш, набъеш Iуьллуш хIокхуьнан зудий, йоIIий яра. Зудчо, шозза-кхузза самаяьлча, хIара меттахь а ца карийна: «Хьо тховса дIавуьжур волуш ван а вуй», – элира, шен резаяцар лечкъа а ца деш. Ткъа хIокхо, зудчунна луур-м муххале а ца дира, ура-атталла, цунна дуьхьал вистхилла а, ша еш йолукIоргера ойланаш юкъах а ца ехира.
Иштта гIеххьа леллачул тIаьхьа, иза вахна охьахиира. ТIаккха кехат тIе сихха цхьацца йозанаш а деш, уьш дIадойуш, юха яздеш, хан а яйина, эххар а ша яздинарг уллохь лаьттачу машинки тIехь зорбатоха волавелира иза, цуьнан къорачу татанашка и чоь гат а йойтуш.
Иштта жимма хан яьлча, иза, ша Iачу кресли чу аркъал а сеттина, дIатийра; тIаккха ши бIаьрг дIа а хьаббина, ахшабаршца ша-шега къамел дан велира:
– ХIаъ, Вадуд Вахаевич, бехк-м хьан хьайн, хьаха, бара…Стохка хьуо Москва воьдуш цо хьайга я аьлла фински туфлеш ахьа еънехьара, ца карийра аьлла, доцу бахьна а ца хIоттош. Я оцу ГIезе а ца кхочуьйтуш, театрера арадовлуш, хьо цуьнан палту, сихха схьа а эцна, тIеюха гIоьртинехьара. Спектакль чекхъяла цхьа пхиялх минот хьалха, цхьана хьайн гIуллакхе воьдучуха, зала чуьра ара а ваьлла, вешалкаш йолчохь латта а мегар ма дара…ВорхIалгIачу мартехь цуьнан зудчунна

французски духIи деллехьара…АхI, дуьтур вай! Ца динарг ца дина даьлла. ХIинца катоьхна хIара чекхдаккха деза ахь, Вадуд Вахаевич, велла дIаваллалц оцу хьайн «закъ-зикъ» дечу гIантахь Iен ца лаахь. АхIа, хIара дика хир ду, хIара дIаяздан деза…
Сихха ручка хьала а эцна, шена дагадеана маьIна кехат тIе дIаяздан вуьйлира иза. ТIаккха мосуьйттаза дIадойуш, юха яздеш а ваьллина, эххар а машинки тIехь зорбатуьйхира цо оцушена дагадеанчунна. ТIаккха юха а гIийлла ша-шеца къамеле велира иза:
– Бакъдерг дийцича, Вадуд Вахаевич, хьо вара оцу метте хIотта везарг-м. Шун секторехь уггаре а дукха
Iилманан белхаш хьенан бу? Хьан бу. Хьалха диссертаци язйина мила велира? Хьо велира. Амма нийсо, дукха хьолахь, миска юьсу-кх. Мила вахийтира стажировке кхо шо хьалхаМосква? ГIаз яхийтира-кх, ГIаз. Ткъа мила вахийта везара, нийсо ларйинехь? Хьо,
Вадуд Вахаевич, хьо. Хьан ГIезана лела хаьа: къажа везачохь къажа а, ворта сатто езачохь ворта сатто а.
Нахаца йолуюкъаметтигаш дика латто-м хьуна а хуур дара, уьйраш тийса а хуур дара хьуна-м, Вадуд Вахаевич. Амма оцу хIуманна хьо тIаьхьававаьлча, цуьнан сийлалла Iилма тIаьхьа дита деза-кх. Ткъа оцу ГIезо муха леладо ший а хIума? Цо Iилманехь болх а ма ца бо. Хьа-хьа! Iилманан белхахо Iилманехь хIумма а деш а вац! Ма беламе а ду. Амма и дан-м ду иштта. Оцу
ГIезан диссертаци ю? Дера яц. Тайп-тайпанчу белхийн дакъойн конспект ю-кх. ГIурт. ХIинца иза, и ГIаз хир ю-кх суна тIехь куьйгалла деш. Хир яц хьуна иза, сан ницкъ а кхочуш-м.
Ша кхин вон Iилманча а ма вац хьуна и Мараберг.
Со масийттаза хаста а ма вина хьуна цо шен къамелехь. Делахь а, оцу ГIезе озабезам дукхах хир бу цуьнан, цо цунна аса ца еана фински туфлеш а еара Москвара, цул сов, шега ян а ца аьллашехь, дашо кIур биллина запонкаш а. Театрехь, сол хьалха а иккхина, шозза-кхузза палту тIеюхийтира цуьнга... Цу тIе нийсса доьазза изий, цуьнан зудий шайга чу а кхайкхина цо суьйранна сакъера, шампански а дуттуш, дезачунна.
Иштта ГIаззий, цуьнан зудий хилла Мараболчун хIусамехь.
ГIуллакхаш иштта хилча, сатуьйсийла юй хьан,
Вадуд Вахаевич, Мараболчо, шех институтан директор вича, шен метта ГIаз а ца веш, хьо секторан заведующин балха рекомендоват

вийр ву бохучуьнга? Ца хаьа. Тахана къаста-м дийр ду аса иза... Са хили-кх вайна.
Иза хьала а гІаьттина, ванни чу а ваьлла, шен юьхь тІе хи а тоьхна, схьавеара. ТІаккха цошен галсток нисйира, шозза-кхузза яйн йовхарш а тухуш. Наб кхетта Іуьллу шен зудий, йоІІий самаяларна кхоьруш, меллаша хІумнаш тІеюха вуьйлира иза. Уьш тІеюьйхина ваьлча, иза гІеххьа лаьттира, «хІума яа ша, я ца юуш балха дІагІо ша» бохуш, ойла еш. Эххар а цо сацам бира, кухни чу а вахна, цхьа пела кофе мала. И динчул тІаьхьа, стоьла тІе схьа а веъна, ша хІара еха буьйса чекхъяллалц бинчу балхе хьежа хІоьттира: цунна хьалха Іохкуш хІокху ехачу буса кхуьнан синтем бохийна ойланаш ю– зорбатоьхна долу шийтта кехат. Масех минотехь уьш дІасалуьстуш лаьттира иза... ТІаккха гІийла велакъежира – ша бинчу балхах воккхавер дара иза. Эххар а кехаташ шен Іаьржачу папки юккъе а дехкина, меллаша когаа боккхуш, ураме велира иза. Шийло яра гуьйренан хьалхарчу беттан Іуьйре. ХІинцца самайолуш яра гІала. Наггахь бен стаг ца гуш, деса дара гІалин урамаш.
«ГІаш дІаваха веза, нийсса болх дІаболалуш дІа а кхочур ву, физзарядка яр а хир ду», – ойла йира Вадуд Вахаевича.
Цо хьесап ма-дарра, шен хеннахь дІакхечира иза институте. Институтан учахь лаьттара ши стаг, чІогІа самукъадаьлла, къамел деш: цхьаъ – лекхий, важа – лохий. Царах лекхачух шен бІаьрг кхетча, Вадуд Вахаевичан бос баьхьира, шен дагахь: «ГІаз ву, ГІаз!» – элира цо, цу шинна пе а тоьхна, уллохула тІехвала дагахь дІа а волалуш. Амма эццахь:
– ЭхІ, Вадуд Вахаевич, хьо вац и! – аьлла, кхунна нийсса дуьхьал веана, куьг кховдийра ГІезо.
– Ву-те, со ву, – дог ца догІуш цуьнан куьг лецира Вадуд Вахаевича.
– Хьо ма дог ца догІуш ву, билггала сийсара наб ца йина-кх ахь. Хьо-м чІогІа чу воьлла оцу Іилманна.
Хьажал, хІара портфель а ю хьан хІора дийнахь шорлуш.
Цо портпел тІе куьг даьхьча, «цхьап-п» аьлла кхосса а велла, бос баьхьира Вадуд Вахаевичан. ТІаккха сихха метта а веана, портпел шена тІехьа а лачкъийна, цо элира:
– Кхин юткъа-м хьан портпел а яц хьуна.

– Сан портпел юккъехь цIена кехаташ ду, хьайчун юккъехь – яздинарш... – кхидIа а бегаш а беш, шен кабинета чу вахара важа.
Кабинетан неI схьайиллина валале, шега кхойкху хезира цунна.
«Мараберг» – цуьнан озах вевзира Вадуд Вахаевична шега кхойкхург.
Шаьшшиъ салам-маршалла хаьттина ваьлча, Вадуд
Вахаевиче вукхо ша волчукабинета чукхайкхира. «Самукъадаьлла ву хIара, хIун кхаъ боккху теша кхуо?» – ойла йира Вадуд Вахаевича.
– Схьада хьайн биши, – кхуьнан куьг лецира, вела а велла, – хьан доттагI селхана директор хIоттийна.
– Ткъа со? – муха олу а ца хууш, кир санна кIай а велла, элира Вадуд Вахаевича.
Ткъа вукхо, вела а велла:
– Хьа-хьа-хьа! Со, тов! Дукха декъал а вой? Хаза бегаш болуш-м хьаха ву хьо, – аьлла, кхуьнан дешнаш бегаш лерира.
– Декъалво ас-м хьо, – аьлла, велакъежира Вадуд
Вахаевич.
– Иштта алал ахьа, иштта... ХIинца хьуна кхин цхьа кхаъ бу сан-м.
– ХIун кхаъ? – бIаьргаш чохь стогарш летира Вадуд
Вахаевичан.
– И кхаъ иштта дIаала йиш йолуш бац. Ахь цхьа меттиг ян тIе ца лацахь...
– Меттиг ян-м хала дац...
– Делахь, дика ду. Ас хьо сайн меттана секторан заведующи хIотто рекомендоват вина-кх... Ас декъалво хьо.
– Баркалла, баркалла, – Вадуд Вахаевичан бIаьргаш чуьра стогарш дIа а дайна, электрически лампанаш летира.
Вехха Iийра и шиъ, шаьшшиннан хазахетар билгал муха доккхур ду дуьйцуш.
Дика сирла, самукъане яра Вадуд Вахаевичан догойла и де чекхдаллалц, цкъа хIара чIогIа кхеравелла масех сиконд ца лерича.
Ткъа кхуьнан кхеравалар иштта хилира. ХIара шиъ тайп-тайпана къамелаш дуьйцуш Iаш, керлачу директора хIокхуьнан портпел иштта дIа куьйга кIел нисъяларна каралецира. ТIаккха шен накъостан вохар тергал а ца деш:
– Кху чохь хIун ю хьан? – аьлла, дIаяьстира цо иза.
Амма эццахь Вадуд Вахаевича:

– Цу чохь-м хIумма а яцара, – аьлла, катоьхна схьа а яьккхина, и де чекхдаллалц карара охьа а ца йиллира шен портпел.
Суьйранна, и портпел а йохьуш, ша цIа кхаьчча, гIеххьа сапаргIатделира цуьнан.Ша сийсара сатассалц яздинарг, ша тахана оццул хала лардинарг, портпел чуьра схьа а эцна, юкъ-юкъара деша волавелира иза, цигаьрканах гIийла кIур а боккхуш.
«...Хууш ма-хиллара, вайн юкъаралла ницкъ болуш ю хIора стаг лаккхара кхетам болуш хиларца. Вайн заманан, вайн социалистически юкъараллехь кхиъна стаг тIехвала йиш яц шена гуш лаьтташехь хуьлучу зуламна, я кечдечу зуламна. Цуьнан уггар хьалхара декхар ду, ша социалистически мехкан бакъволу гражданин хиларе терра, карьеристаш, шайн дегнаш вуон дерш, царах терранаш ма-барра бовзийтар, уьш Iорабахар.
Цундела хIара лахарниг шуьга яздар сайн оьзда декхар а лору ас».
– АхIа, ахIа, бахьна-м диканиг карийна, мотивировка дика ю, – шен дешар юкъах а даьккхина, меллаша элира Вадуд Вахаевича. ТIаккха жимма цигаьрка узуш а Iийна, юха а шен кехаташ деша вуьйлира иза.
«Дачаевн белхаш, дикка тидам а беш, анализ ца йича, кIорггера Iилманан чулацам болуш хета тарло.
Дукхахьолахь, иза иштта хета а хета юккъерчу дешархочунна. Амма хьо дикка ойла а йина, кIорге кхевдича, цуьнан терминех дуьзначу хабарна тIехьа есалла карайо. Оцу гIуллакхна-м бIаьргаш хьаббина Iен а мегар дара («Къона ву, цхьацца сакхташдоцушмила ву?»), амма оцу белхийн идейни агIо ехка хиларна бендоцуш хила цхьаьннан а бакъо яц.
Масала, схьаоьцур вай цуьнан «Нохчийн литература а, вайн зама а» боху болх. Цу тIехь иза цкъа мацах, халкъан цIий а муьйлуш, баьхначу молланийн лаьтта тIера дахар емалдеш долу, «хьайн валарна кечам бе» боху яздарш исбаьхьаллин литературах дIатоха гIерта меттигаш ю. Ткъа вайна ма-хаъара, дин а, динан дай а адамаллин исторехь гуттар а реакцина гIуллакхдеш хилла. Цу тIе Нохчийчуьра молланаш, Iаьрбийн элпаш вовшахтасий бен, кхин хIума хууш а ца хилла, ура-атталла Къуръан тIехь яздинарг нохчийн матте даккха а.
Кхузахь хаттар хIутту: и дерриге а ца хууш ву-те
Дачаев ша а?Дера вац. Яхуьлийла а ма дац. Ткъа хIунда яздина цо иза иштта?
Цунна вайна жоп дала аьтто бийр бу этимологис.

Мичара схьаяьлла Дачаевна шен Дачаев боху памили? Хетарехь, цуьнан деда ДачIа цIе йолуш хилла хир ву. Хилча хIун ду? ХIумма а хьаха дацара, нагахь накъост Дачаевс шен деден цIеран шолгIа дакъа лачкъа ца динехьара.
Сайн Iилманан гIуллакхашна ярташка эхар кест-кеста хуьлу сан. Иштта, цкъа Х. юьрта вахар нисделира сан. Хууш ма-хиллара, Дачаев оцуюьртара ву. Цигахь баккхийчу нахаца сан къамел мосазза хуьлу, цара кесткеста хьахавораДачIа-хьаьжа: «ДIогахь, ДачIа-хьаьжин туька хиллачохь... ДIогахь, ДачIа-хьаьжин хьераш хиллачохь...», – цу тайпана кхидIа а.
– Мила ву и ДачIа-хьаьжа? – хаьттира аса цхьана воккхачу стаге. Цуьнгара хиира суна иза ХьаьжцIа а вахна, хьажо а, Iаьрбийн дешар дешна молла а, ткъа иштта, шен долахь туьканаш а, хьераш а йолуш, хьолада а хилла хилар. Цуьнан тIаьхьенах дерг аса хаьттича, суна хиира, хIара вайн Дачаев оцуДачIа-хьаьжин кIентан кIант хилар.
И гIуллакх тидаме эцча, комментареш ца оьшуш, кхеташ ду, Дачаев шен лакхахь вай хьахийначу балха тIехь молланех литераторш бан стенна гIерта».
– АхIа, ахIа, – шен дешар юха а юкъахдаьккхира
Вадуд Вахаевича. Юха шийло вела а къежна, ша хиъна Iачуьра хьала а гIаьттина, дIасаволавелла лийлира иза. ГIеххьа хан яьлча, иза шен ойланаш аьзнашкахь денъян волавелира.
– Бакъдерг дийцича, цуьнан балха тIехь цо молланийн яздарийн хадийна мах диалектически материализмо ма лоьххура нийса а ма бу. Бакъдерг дийцича, цуьнан деда Макка вахна а ма хилла, амма ас цу тIехь ма-яздарра, моллалла лелош а ма ца хилла, я цуьнан долахь туьканаш, хьераш а ма ца хилла, хи тIехь цо шен куьйга йина цхьа хьера ца лерича; оцухьерахь лучу болах кхобушма хилла цо шен доьзал а, баккхийчунаха дийцарехь; ткъа оцу ДачIа-хьаьжин кIант, хIокхуМараболчун да, Чахкарахь, Деникинца бинчу тIамехь хIаллакьхилла а ма ву... Делахь а, эрна ца кхоьллина-кх халкъо: «Куьпчичо кхабина тIам шена луъучохь латабо», – боху кица.
– Хьа-хьа-хьа! – юха а велавала гIоьртира Вадуд
Вахаевич, амма цуьнан велавалар-м ца хилира.
ТIаккха иза вахна, шен кресли чу охьа а хиъна:
«Кхин цхьа хаза хIума ма дара сан кху тIехь», – аьлла, шен кехаташ тIера «хаза хIумнаш леха велира. Эххар а иза кара а дина, деша

вуьйлира Вадуд Вахаевич: «Институт санна йолчу учрежденийн куьйгалла дан Дачаевн моральни бакъо цахилар гойтуш кхин цхьа хIума а ду. Хууш ма-хиллара, Дачаев зуда а, шиъ бер а долуш ву. ХIетте а, н. Дачаев, бакъволчу вайзаманхочун нравственни принципаш а йицйина, шен секретаршица «безам» (бехке ма волда со оцу дашо, ца догIучохь ша хьахадарна) дIакхоьхьуш ву».
Шен «хаза» меттиг ешна ваьллачул тIаьхьа Вадуд Вахаевича элира:
– Сан доттагI Мараберг, цхьа минот ца яьллехь хьох директор-м ца хуьлура хьуна, дера ца хуьлура...
ТIаккха иза хьала а гIаьттина, самукъадаьлча гуттар а ша локхучу «Вай деций, вай деций, вай кIентий деций», бохучу иллин мукъам бан волавелира. Амма и мукъам, хьалха санна, дика синъайамца ца хуьлура цуьнан. Мел самукъадаьлла ву моттийтарх, цуьнан кхоччуш самукъа ца долура. Стенна? И цунна буса, наб ца кхеташ, Iуьллуш хиира. Иза кхо сийсара наб а ца еш зорбатоьхна, хIинца кхуьнан стоьлан гIутакх чохь Iуьллу шийтта кехат дара. Вадуд Вахаевича и сингаттам шен амалехь йолу ца оьшу кIадалла лерира. «Бераллин амал ю-кх, оьший эрна сахьийзо?» – элира цо шашега. ТIаккха иза, букъ а берзийна, хар дан вуьйлира.
...Шен Iаьржа портпел тIома кIел а лаьцна, гIали юккъехула схьавогIу хIара. ЦIеххьана кхуьнан карара портпел охьаюжу, чуьра кехаташ дIаса а даьржаш. ХIара тIехьодуоцукехаташна. ХIун дийр дуцо, уьш цхьамма дешахь? Амма эццахь мох болий, хIара тIе ца кхочуьйтуш, дIасадовдадо и кехаташ. Ткъа хIара мила ву?
ХIара иМараберг ву-кх, хIокхо сийсара шена яздинарг доьшуш. Иза ма лекха ву, хьалахьаьжча бохь а ца гуш...
ХIара ма жима ву. Кхо хIун дийр ду? Ва-а-а!
Эццахь, мохь а болуш, самаиккхина Вадуд Вахаевич цхьана юкъана, ша мичахь ву а ца хууш, висира.
«И хIун дара?» – метта кIегар а хиъна, когашца шен кIеда пошмакхаш лехира цо. Хьала а гIаьттина, цигаьрка лато гIерташ, цуьнан тидам хилира шен куьйгаш дегош хиларан. Ца леташ, ши сирник кагъелира.
«Цхьа минот ца яьллехь, цхьа минот ца яьллехь, цхьа минот ца яьллехь…» – шабарш дора балдаша, иза чухула дIасаволавелла лелаш.
ЦIеххьана саца а сецна, ах-хозуйтуш элира цо:

– ХӀун хир дара, цхьа минот ца яьллехь? – гӀеххьа хан елира иза, цӀенкъа юккъе дӀа а хӀоьттина, гӀорийча санна, меттах а ца хьовш, лаьтташ. ТӀаккха меллаша къамел дан волавелира иза: – Цхьа минот ца яьллехь, дийна воллушехь леш хилла-кх со. Дера хилла. Цхьа Делан сагӀа тоьлла, вели-кх хьо оцу зуламах», – эр дара дас, ша схьахилча. Ткъа зулам хилла Ӏарий иза? Эхь.
ЮьхьӀаьржо. Велла дӀаваллалц. Сайн цӀе хьовха, ден цӀе а бехйора. Сох Вадуд аьлла ма ца Ӏа, Вахаевич а тӀетуху. «Цхьа а ца хилла Нажин некъех мотт бетташ, тешнабехк лелош, харцо юьйцуш», – кест-кеста олура цо. Со-м хуьлура, цхьа минот ца яьллехь. Велла вала со делаӀ, ма гӀаддайна а хилла. Баккхийчарна а дайна, цхьа сагӀа тоьлла вели-кх со оцу балех...
Ша хьалхарчу буса кечдина кехаташ, кегий цуьргаш еш, этӀийна, нехаш чу кхуьйсучу ведар чу тесча, гира цхьа боккха мохь охьабиллича санна, сапаргӀатделира цуьнан...

# ДЕСАЧУ ЦӀА ЧОХЬ БУЬЙСА

**Десачу цӀа чохь буьйса**[32]

Дукха хан йоццуш юьртахь кхин цхьа цӀа а дассаделлера. Цуьнан бахьна дара цу чуьра бахархой: воккха стаггий, цуьнан зудий – кхалхар. Воккха стаг, цуьнан цӀе Мада яра, шен дезткъе кхоалгӀа шо доладуш кхелхира, ехха цамгар лелийнчул тӀаьхьа. Ткъа ЖуьхӀирт шен майрачух къаьстина нийсса баттахь а ца ехира. Иза атта елира.
– Хазу, ва-а Хазу, схьайолахьа сихха, – аьлла, шайн лулахочуьнга а кхайкхина, чуяхна, метта охьа а йижина, гуттаренна а дӀатийнера иза. Хьаьдда яхна Хазу а, са далале, тӀе ца кхаьчнера цунна. ХӀетахь дуьйна цхьа шой ахшой даьллера.
ХӀинца бӀаьстенан шолгӀа бутт бара боьдуш. Мадин, ЖуьхӀиртан кертахь гӀеххьа бай баьллера. ХӀетахь дуьйна церан кетӀа, лоха зӀар схьа а диллина, цхьа а стаг ца ваьллера. Цу шиннан хиллачу пхеа доьзалхочух дийна йисна йоӀ Жарадат лахенцарчу цхьана юьртахь, шен доьзал а болуш, Ӏаш яра. Цо цхьана дийнахь, шен майрачуьнца хьала а еана, тӀе жӀара йолуьйтуш гӀожмаш а тухуш, неӀарш а, кораш а дӀачӀагӀдира.
ХӀетахь дуьйна Жарадат цкъа а ца еанера кху керта, ша наг-наггахь юьрта ягӀахь а, иза эвла йистерчу кешнашка а йоьдий, юхайоьрзура.

Буьйсанна хан яьллачу хенахь лоха зIар а диллина, дассаделлачу цIийнан кетIа цхьаъ велира. Иза юккъерчу дегIахь вара, тIеюьйхина гоьлел лаха йолуш палаш а йолуш. Шен карара портпел охьа а хIоттийна, кетIахь динчу гIанта охьахиира иза. ХIетахь, пхийтта шо хьалха, кхунна кест-кеста гора Мада, хIокху гIанта а хуий, чубузу малх а, суьйранна цIа боьду юьртара бажа а тергалбеш Iаш. Ишта-м, хIокхунна хIара гIант
Мадас дина а дагадогIура. ХIара хIетахь жима вара.
Итт шо бен хир дацара кхуьнан. ХIара Мадина уллохь лаьттара, цунна оьшу гIирс: хьостам, жIов я диг дIа а кховдош. И дина ваьлча, хIара шиъ цхьаьний гIанта охьа а хиъна Iийра, шимма а дIабузу малх а, цIа богIу юьртан бажа а тергалбеш. Мадас кхунна оцу дийнахь боккха цIен Iаж а белира.
Амма Мадас цкъа а, шен йоI Жарадат санна, кара а хаавой, хьаста ца хьостура хIара. Цундела кхуьнан, мел лаахь а, Мадин кIайчу можах куьг хьакхарх дерг а ца хуьлура. Жарадата, еларца гIад а оьхуш, и деш, хIара юьстах а волий, боккхачу хьегамца цушинга хьоьжуш
Iара.
ХIарий, Жарадаттий цхьана хенара ду ала мегар дара: хIара ялх бутт бен воккха вацара цул. Цундела ишколе эха а цхьаьний доладелира и шиъ. ХIокхуьнан да вацара. Цундела Жарадатан да Мада шениг ца хетийла хIеттехь тосаделира кIантана. Мада, Жарадат хIокхаьрга еанчохь, я хитIа яханчохь хьеелча, кхойкхура:
– Жарадат, во Жарадат! Схьайоьллахь сихха дадина! – олий.
Амма хIокхуьнга ца кхойкхура иза цкъа а:
– Эдал, во-о Эдал, – олий.
Мадас кхуьнан цIе ца йоккхура цкъа а, иштта дIа
«Схьавоьл кхуза», я «КIант, схьавоьл», олура, шена хIара эшча.
Кхуьнан цIе ЖуьхIирта а ца йоккхура.
ХIетахь иза ца кхетара ЖуьхIирт а, Мада а шеца иштта тамашийна стенна ду бохучух. Цунах и тIаьхьа кхийтира, ишкол чекхъяьккхина кхиаран аттестаташ схьаделлачу шолгIачу дийнахь. Бакъду, хIетахь а мадарра ган-м ца гора цунна и бахьна, хIинца санна.
И бахьна кхуьнан воккхахволу деваша хиллера. Нанас кхунна цкъа а ца вуьйцура и кхуьнан хилла волу деваша, я и кхунна хилла ца хилла а ца хаьара. Кхуьнан нанас да вуьйцура. Иза ламчу колхозан дохнна докъар эцна воьдуш, машен бердах а яхна, веллера.

ХIетахь Эдалан цхьа шо кхаьчна хиллера.
Тховса шен дIаяханчубераллех лаьцна ойланаш еш, кхунна дагаоьхура хIетахь ша тидаме оьцуш а ца хилла цхьацца кегий (хIетахь, шена гергахь, пайдабоцу) хIумнаш. Масала, цхьана а воккхачу стага кхуьнга, хIара хьенан ву хиъча, цкъа а ца олура, кхечу дай боцчу берашка санна, «Деллахь, ма дика стаг вар-кха хьан да.
Ма хеназа хили-кх цуьнан валар а...» Ца олура. «ХIун деш ю Совдат? Ларайой хIара?», – олий, нана хоттура. Иза а деваша бахьнехь хиллера. Мила хилла иза?
Дуьххьара цунах лаьцна мелла а хIума ша аттестат схьаэцначу шолгIачу дийнахь хиира кхунна... И де дагалаца гIоьртича, бIаьргашна хьалха хIутту кхин цул хьалхалера цхьа де.
Иза май баттахь дара. Сенъеллера басеш, тогIеш, цхьадолчу дитташа гIа даьккхинера. ХIокхеран цIеношна уллора дIайолалуш яра хьун.
Оцу хьуьнха дажа дIалохкура бежнаш а, уьстагIий а. Кхунна хIинца а дика дагадогIу шайн цхьа етт, эсий хилла,
ЖарадатгIеран оццул бежнаш а, ялх уьстагI а, ши Iахар а бара. Гуттар а уьстагIий дажо Мада воьдура, догIа догIуш хилча, шена тIе брезентан палаш а кхуллий.
Наггахь, Мада цхьанхьа вахча, я могаш воцуш хилча,
Жарадат йоьдура уьстагIий дажо.
Оцу дийнахь а Мада цхьана бахьнина цIахь а Iийна,
Жарадат яхара уьстагIий дажо. Цунна тIехъ цIен болонан куртук яра. ГIеххьа геннара и тергалъеш лаьттара Эдал. Цунна чIогIа хазахетара, иза куртук кисана ши куьг а дуьллий, корта аркъал а буьллий, гIийла лешачу догIане шен юьхь яшайойтуш, лелаш. ТIаккха цо юьхь тIера хиш, куьг хьоккхий дIа а дохий, юха а иза догIана кIел лоцура. И лело кIордийча: «Сан цIинцIолиг, цIинцIолиг», – олий, шайн Iахарх цхьаъ хьостура. ТIаккха йоьлура цIена, доггах. Цуьнан елар, догIанан Iаннашкахула уьдучу Iоврийн гIовгIанах оьй, бIаьстенан самукъанечу, сирлачуэшаре доьрзура. ХIара меллаша тIевахара цунна.
– Бов-в!
Шаьшшиъ жима долушма-аллара элира цо. ХIетахь чIогIа нийса догIуш а дара и «бов-в». Жарадат ша йолччохь, кхера а лой, тохалора. Ткъа хIара цуьнан кхераяларх кIажъоьхуш велалора... Эххар а, кхин са а ца тохалой, Жарадат а елалора.

ХIинца и «бов-в» цхьа ца догIуш дийкира. ЯЖарадат цунах кхера а ца елира, я хIара вела а ца велира.
ЙоI, Iахар дIа а хецна, схьайирзира. ХIара вист а ца хуьлура. Эдална шена а ца хаьара шена хIун хилла.
Кхуьнан дегIехула яьржира цхьа таме, аьхна йовхо.
(ХIинца а, пхийтта шо дIадаьлча а, бIаьргашна хьалха лаьтта Жарадатан хIетахьлера амат. Цуьнан юккъера дегI дара, бераллин иралла йовш горгдала доладелла.
Дуткъачу цкъоцкъамашна бухара Iаьржа бIаьргаш – гуттар чохь тайп-тайпана синхаамаш беха чоьнаш, – оцу дийнахь цхьа тамашийна севццера. Деса дацара уьш. Амма даима синхаамашца кхехкаш хилла уьш, стенна делахь а, дIатийнера. ХIетахь дуьйна, иштта сецна, хьагаме бIаьргаш масийттаза гинера цунна зударийн. Уьш мосазза го дуьхьал хIуттура хIетахьлера бIаьстенан де. Цул тIаьхьа цунна оцу я кхечу зудчуьнгахь ша сатийсина синхаам, шен сина там ца карабора, дагалецамаша са бIарздора, мерза хеттарг къахьлора).
– Хьо ву иза? – халла хезачу озаца элира Жарадата.
– ХIаъ, со ву, хьо хIун деш ю?
– УьстагIий дажош ю-кх, – стенна делахь а, елакъежира иза.
– Тахана хаза де-м ду.
– Маьлхан догIа а ду.
– ХIаъ, ду, маьлхан догIа а... – иза а велакъежира.
ДогIа дIасецира. Мархашна юккъехула гучубелира малх. БIаьндукъ-лома тIехьара хьалагIаьттинера стелаIад.
– Хьо стенна веъна?
– Иштта дIа. Аьлча а, хьоь цхьа хIума ала...
– Алахьа, ткъа.
– Жарадат, суна вайшиъ даима а цхьаьна хила дезаш санна хета.
Иза гIадъяхна елаелира. ХIара кхин а чIогIа вуьйхира. Йоьлучуьра саца а сецна, цо хаьттира:
– ТIаккха?
– ТIаккхий? ТIаккха хьо... со эскарера цIа валлац,
Iийр ярий хьо?..
Иза жоп а ца луш лаьттара. Эххар а цо хазийра:
– Со-м Iийр яра... Ткъа хьо? – маьлхан зIаьнарш севццера цуьнан бIаьргаш чохь..

– Муха, со? – (ХIара хIетахь ца кхийтира йоьIан оцу хаттарх. ХIинца хIара кхета цунах: безамехь шиннах гIийланиг йоI ю, хIунда аълча, шен даго лоьхург кхочушдан цуьнан таро яц, кIентан санна; я йоIа шен деган неIарш схьайиллича, вукхо шечун ерш тIекъовлахь, кхуьнан мера хьалхха, зов-в аьлла тата а доккхуш? Оцу кхерамо кхоьллира Жарадатан и хаттар).
– Иштта, хьо хийца-м лур вац?
– Муха? Дера вац. Цкъа а-м. Хьо ца теша сох? Хьуна лаахь, ас дуй а буур бу.
– Стенах?
– ДIогарчу дашочу малхах а, сийначу стигланах а...
(Ма дагахь дацара кхунна оцу сохьтехь ша и чIагIо нийсса бутт балале йохор ю бохург. ХIетахь-м хIара малхах, лаьттах, дуьненна тIехь мел долчу дезачух, сийлахьчух дуй баа кийча вара...).
– ХIан-хIа, ца оьшу. Со теша хьох. Ткъа хьо сох теший?
– Теша со-м.
Цул тIаьхьа цу шимма оцу хьокъехь кхин хIумма а ца дийцира. Ишиъ цкъа дIасоцучу, юха долалучу маьлхан догIанехула лийлира, шаьшшиъ цхьаьна хиларан марзо а, хьаннаша литтина хIаваъ а муьйлуш, «Жарадат, ва-а Жарадат», – боху Мадин аз хаззалц.
Мада гIеххьа генахь, гу тIе а ваьлла, лаьттара.
– ХIун боху? – цунна гуччу а яьлла, дуьхьал мохь туьйхира Жарадата. Эдал а цунна тIаьхьа дIа гучувелира. Мада, кхин дуьхьал вист а ца хуьлуш, и шиъ долчу агIор схьаволавелира. Эдал, стенна делахь а, вуьйхира. ХIинццалц ца хиллера кхуьнца иза. ХIара кхин дуьххьара хуьлуш а вацара Жарадатца. ХIетте а, тахана цунна цхьа новкъа деара ша Мадина кхузахь гар. Иза Мадина дуьхьал волавелира. Нийсса дIа ца вахалора, цхьа тамашийна галвуьйлура, когбаккхаран мукъам а боьхна.
– Суьйре дика хуьлда хьан, Мада.
(Малх чубуза лам тIе лахбеллера).
– Диканца вехийла, – хезаш а, ца хезаш а элира
Мадас. ТIаккха кхуьнга схьа а ца хьожуш, уллохула тIех а ваьлла, шен йоIана тIе дIавахара.
Цул тIаьхьа масех кIира даьлча ЖуьхIирта шен йоIе элира:
– Оцу вайн лулахочуьнца долу гергарло Iаддадита деза ахьа, Жара.
– Иза, хьаха, дац дита йиш йолуш, – елакъежира

Жарадат.
– Дита йиш йоцуш хIумма а дац, сан Жара. Ткъа иза ца дитча, ца долу.
– Стенна, нана?
И хаттар а, цул тIаьхьа цу шиннан хилла къамел а
Эдална шера хезира. Иза церан серий дуцуш йинчу керта юххехь лаьттара, ткъа важа шиъ оцу кертал чоьхьа, кхунна букъ а тоьхна, хиъна Iара.
– Иштта. Хьан мах кхочуш вац и кIант.
– И хIун ду, нана? Иштта вон ву иза, я со оццул тоьлаш ю?
– Аса-м иза иштта дIа элира, йоI. Я оцу кIантана а, я цуьнан нанна а ала хIума а ма дац сан-м, ша диканиг ца алахъ. ХIетте а...
– Стенна, «хIетте а?.. – цуьнан къамелехь елхаран эшарш хаалора.
– Хьан да реза вац, йоI, оцу гIуллакхна.
– Стенна вац, цо хIун дина, нана?
– Цо-м хIумма а ца динера, йоI. Цуьнан девашас...
– Хьенан девашас...
– Оцу кIентан девашас, хьуна дагавогIур вац иза.
Оцу кIентан дел воккха вара иза иттех шо. Кху юьртарчу наха неIалт аьлла стаг вара иза.
– Цо хIун динера?..
– Цой? Цо харц меттанаш детташ, харц тоьшаллаш а деш, масех стаг хIаллаквира. Ву аьлла, мел хета къонах. Шен цабезам мел берг цо а, цуьнан накъосташа а, цхьацца цIераш кхуллуш, чубохккийтира, царах цхьаберш тIепаза байра. Царна юккъехь вара хьан деда а.
Вайн ламанан махкахь лоруш кьонах вара иза. ДIа ца доьрзуш, мел эрчадаьлла мостагIалла а, цо говза дош аьлча, гергарлоне доьрзура. Иза а оцу кIентан девашас а, цуьнан накъосташа а лацийтира. Кхунна цкъа а бIаьрга ганза йолу пхоьазза йолу топ кхуьнан цIийнан тховх дIа а йиллина, цу тIе Iедал а далийна…
Суна хIинца а бIаьра хьалха лаьтта и сатосу хан.
Дохк а долуш, тIуьна, бIаьстенан юьхьан Iуьйре. «Дала бекхам бийр бу-кх хIара тешнабехк суна бинчунна, Дала бекхам»... – бохуш, ши куьг тIехьа а дихкина, цхьана хурашкаш йолчунахана хьалха а ваьлла, дIавахна хьан деда. Когаш кIелахь хатто «цкъашт, цкъишт» а деш. Бакъду, цул тIаьхьа дукха хан ялале, оцу кIентан и деваша а, цуьнан накъостий а Iедало ша лийцира. ХIетахь лацарх, кхин цIа ваза вайна иза а...

Эдал кхидIа цара деш долу къамел хезаш вацара.
Цунна дерриге дахар цхьана хIинццалц евзаш ца хиллачу агIор гира. Оцу дахарехь малх а иштта сирла ца лепара, хьаннаш а иштта баьццара яцара, я олхазарийн эшарш иштта тамехь ца екара. Оцу дахарерчу массо а цIийнан корашкара стогарш, милташ чу а оьзна, гIийла догура. Иза Iадийра шена хIинцца гинчу дахаро, цуьнан бес-бесара доцуш, Iаьржий-кIайн хиларо. «Ванах, суна хIинццалц гинарг гIан хилла-кх. Иштта дуй-те хIара?» – хи чу воьдучу стагах аз доцумохь элира цуьнан даго. Иза хьаьдда, ша ма ваххалу чехка чу вахара.
– Нана, мила хилла сан деваша? – элира цо, хIицца асарара чу а еана, садоIуш Iачу нене.
– Мила? ХIун? Хьуна хIун дина? – кхераелла хьаьвзира иза.
– Суна хIумма а ца хилла. Сан деваша мила хилла дийцахьа суна. ХIокху юьрто неIалт аьлларг хиллий иза, нахана тешнабехкаш, зуламаш динарг, харцонаш лелийнарг? Мила хилла иза?
ХIетахь ма йоьхнера миска нана. Цуьнан дегаден, пхенаш тIедевлла даккхий куьйгаш хIинца а бIаьра хьалха лаьтта. ЧIогIа йохийнера нана хIетахь цу хаттаро, хIокхуьнан девашас лелийначунна бехке ша йолуш санна. «Суна-м ца хаьа, кIант, и бакъ ду я харц ду, наха дийца-м дуьйцу иштта. Хьан да цунна тIера сагIа даккха тохавелча, баккхийчу наха цунна и дан бакъо-м ца елира», – и дешнаш элира цо хIетахь халла.
Кхин хIумма а элирий? ХIа-ан, элира: «Хьуна стенна дагавеана иза? Хьан хIун бала бу цо лелийначуьнца? Ахь стенна сагатдо?»
Нанас аьллачуоцудешнашна дуьхьал хIетахь хIумма а ца элира кхуо. Амма хIеттехь хаа-м хаьара, нана нийса йоцийла. Ша иштта бахахь а, нанна шена а хаьара иза иштта доцийла. И иштта хиллехь, хIара вогIур варий хIинца хIокхуюьрта?.. ХIан-хIа, жоп ло кIанта шен дас, шен дедас, вашас, девашас, ворхIе дас а лелийначунна. Суьдана хьалхахь ца лахь а, шен сийнна, шен дагна хьалха. И дерриге а беза мохь хилла дазло цуьнан белшаш тIехь, и мохь охьатаса йиш яц, я вада йиш яц цунах. И мохь дIакхехьа беза, мел хала хилча а, йиш яц цхьаьннан а дIадахнарг куьг ластийна Iаддадита, я ца хилча санна Iен. Хила йиш юй цхьа а дечиг, дитт шен орам боцуш? Иштта ву стаг а. Иза карарчунна хьалха декхарийлахь хилла ца Iа, иза дIадаханчунна, хиндолчунна хьалхахь а декхарийлахь ву. И тидаме ца оьцуш, ша шена

ваха гIоьртича, шена атто лоьхуш, стаг галволу, цунах зулам долу, кхуьнан девешех санна.
Эдал, кхин нене вист а ца хуьлуш, ара а ваьлла, дIавахара. Вехха лийлира иза хьуьнхахула волавелла, ша хIун лeладо а ца хууш. Цуьнан коьртехь яцара цхьа а дийна, чекхъяьлла ойла, цуьнан корта ойланийн, маьIнийн, синхаамийн кийсигаша сийсабен барз бара.
ЦIеххьана цуннaчIогIа къахийтира шех. Ша цхьа ницкъ боцуш, миска хийтира. Иза цхьана попана юххе бертал а воьжна, вехха вилхира. Ша-шех цец а вуьйлуш, чIоггIа, цхьанна хазарна а ца кхоьруш.
Цул тIаьхьа Жарадат кхунна масийттаза гира, генара хьаьжча. Амма тIе а вахна, цуьнга вист ца хилира хIара цкъа а. Даго тIе-м ийзавора цунна, амма кхуо дог а сацийра шен лааман дуьрстанца. ТIаккха Советски Эскарехь гIуллакхдан вахара. Цхьа шо дIадаьллачу хенахь АтагIарчу кхуьнан ненахошкара, Совдат кIелйисна ю, сихха тIекхача, аьлла телеграмма еара.
ХIара шен нана дIайоьллинчу шолгIачу дийнахь кхечира. Иза могаш йоцуш хилча, и лело кхин стаг а ца хилла, цуьнан вежарша шайга охьаялийна хиллера...
Эдалнa, нана дIаяьллачул тIаьхьа, ша цхьана есачу арахь висча санна хийтира. Оцу арахь догIа деача, я дарц хьовзийча, кхунна чу лачкъа цхьа а хIусам а яцара, чохь, кхерчахь йогуш цIе а йолуш, я хIокхуьнца цу аренан шело, цхьалла, хорам, бала нийсса боькъуш цхьа а стаг а вацара.
Оцу есачу арахула – къилбехьа я къилбаседехьа, малхбалехьа я малхбузехьа – мичча агIор буьйса-де ца лоруш дIаэхарх, Iаьнан еха буьйса чекхъяллалц хIара варе хьоьжуш, цхьана а корехь йогуш сирла-можа серло а яцара; цхьа а вацара оцу шийлачу арахь гIорорна кхуьнан кийрахь бина гIайгIанийн ша, ца бийцича а ган а гина, башо ницкъ кхочур болуш. Цундела бен а дацара оцу есачу арахула мичча вахча а, я ца воьдуш мохехь, дорцехь Iадда лаьттича а. И иштта долу дела, эскарера ваьлча цIа а ца вогIуш, Россехарчу цхьана гIала, юьртабахаман институте деша вахара хIара, цигара – Сибреха, керла юьллучу совхозе балха.
ГIеххьа шераш дIаихира, Эдал иштта волавелла лелаш. Цхьа а де дIа ца долура цунна юрт дага ца йогIуш.
Масийттаза тоха а велира, цIа ваха дагахъ. Амма даго ца витира и кхочушдан.

«Хьанна оьшу со? Мила ву соьга хьоьжуш? Ткъа нагахь иза хилахь? Хир яц. Я хилча а, цуьнан дас, нанас юьтур а яцара иза шен лаам кхочушбан. ХIун гергарло хир дара цунах? Ткъа цкъа а юьрта а ца воьдуш
Iен деза те? ХIан-хIа, хIара юьрта гIур ву, уггаре а тоьллачу машен тIе а хиъна, тIе тоьлла хIума а юьйхина.
Ахчанца ларош а, нахана вевзаш а хилча, хуур ду юьртахошна кхунах стаг хиллийла. ТIаккха лаахь а, ца лаахь а, цара лорур а ву. Ахчанна тIе Iилманча ву боху цIе тоьхча а новкъа дацара».
Иштта ойланашхьийзара коьртехь. Ша дага ма лаццара, дукха хан ялале, хила а хилира цунах юьртбахаман институтан аспирант.
– Ма хазахета-кх суна хьо гина, Хьамзат. Кхин хIун ду юьртахь? Болххий, болх-м, хьаха, хир бара хьуна беззарг. Кху совхозехь болчух уггаре а тоьлашха берг.
И дан сан ницкъ бу хьуна. Тхан лулахой хIун деш бу?
Iаш дуй доккха ши стат? Церан йоI марехь ю? Маца дуьйна? Пхи-ялх шо а хир ду? Дика ду, кхин хIун ду цигахь керла?..
И къамел хилира цуьнан кхуза ахча даккха веанчу шайн юьртахочуьнца, цIера араваьлла нийсса исс шо даьлча.
Хьамзата дийцарехь, Жарадат хIара эскарера цIа веана шо даьлча бен маре ца яхнера. ХIинца кест-кеста кхунна хьалха хIуьтту и хеттарш. Бакъо ярий теша кхуьнан хIетахь Жарадатна гучу а ца волуш Iен? Нийса дарий-те кхуо динарг? Ткъа нагахь иза схьаялийнехь? Кху шиннан безамо, кхеран гергарлоно йойур яцара ткъа бакkхийчу нехан дегнашкара цабезаман хьу?Цхьанаюьххьехь уьшчIогIа оьгIаз гIур бара йоIана, иза тIе ца йита а тарлора, амма тIаьхь-тIаьхъа басталуш, басталур бара. ТIаккха... Я кхечу кепара нисдала а тарлора. Хьанна хаьа? Ткъа хIинца кхунна и хеттарш цкъа а ца доьрзу, гуттар а хьегIа дагна хилла даьIнаш дара.
Цул тIаьхьамасехшо даьлча, цIеххьана кхуьнан ойла хилира: «Ванах, боккъал а иштта боьха стаг хилла теша сан деваша? ХIун хаьа, иза бехк боцуш бехкала вахний? ХIетахь и тайпа хIумнаш хуьлушма хилла. Бакъдерг а, харцдерг а, Iаьржа а, кIайн а кегаделла хилла?
И бехке вацахь, цунна реабилитаци яхьара аьлла, кехат яздича хIун дара техьа?»
Аьхкенан довха де дара хIара юьрта веанарг. Урамаш деса дара. Вехха лийлира урамe ваьлла стаг гаре сатуьйсуш. Эххар некъа йистерчу

толлан IиндагIехь жима гIант а хIоттийна, цу тIехь хиъна Iачу стагана тIехIоьттира хIара, де дика а деш. Вукхо кхунна дуьхьал корта таIийра, тIаккха суьлхьанийн буьртигаш сихха «моллина» тIе а кхачийиа, уьш хьарчош кисана а дехкина, хьала а гIаьттина:
– Диканца вехийла хьо, марша а вогIийла! – аьлла вистхилира. – Вало, чоьхьавер ву вайша, со-м сагатделла, кху чохь вижна Iилла кIорда а дина, цхьа а стаг гур вацара теша аьлла, араваьллера. ХIара зуда диканиг а нисъелла, хIокхо кху ткъа шарахь дика кхобу со.
Наггахь-м дов до, нехан санна зуда яло дезаш кIант а ву хьан, дIанисъян езаш йоI а ю, кху цIенна пайда тIебогIу агIо е бохуш. Аса ма хьийзавехьа со, зуда, сан дуккха а «ахча» дара-кх олу. Соьгахь туьманал сов ахча доцийла хуу и цец ма йолу: «Мичахь духьан ахча? ХIун ду ахь юьйцург?» Банкехь ду-кх шортта, Iедало ледара а ца дуьтуш, лардеш Iуьллуш. Аса болх бина схьаэцчхьана. Вахь-хьа-хьа! – воккхачу стага шен бегаш а беш, кертал чоьхьа а ваьккхина, рагIу кIел вигира иза.
– Ахь суна бехк ма биллалахь, жима къонах, и сайн
Iовдал бегаш ца бича ца Iало со... ТIаккха, суна ма ца вевза хьо, – элира цо, шаьшшиъ чоьхьаваьлла охьахиъча.
ХIокхо ша вовзийтира.
– Хьажахьа, воккха стаг хила хилла-кххьох, ма йоккхайийна а ер яцара Совдат-миска, схьаелхьара...
ХIокхо ша деънарг дийцира воккхачу стагана.
– Хьан деваший? Махьмий? Вевзара, хьаха, дукха дика-м, – элира стага, – цунна Iабдулла а ма вевзара хьуна, – шена тIе пIелг хьажийра цо. ТIаккха гIадваххана велавелира. – Бехк ма биллалахь, цхьа хIума дагадеанера суна. Мухха делахь а, хаза-м дара-кхи иза, со цо чу воллийтина кхо бутт а балале, со волчу чу ма кхоьсси и шун девашаМахьма. «Марша вогIийла хьо, – элира аса цуьнга, – хьо а схьакхечи. Хьоьга-м айхьа лоьхург кхаьчнера, со вон воьлли-кх ахьа кхучу...»
Хаза самукъне бегаш болуш стаг ма вара хьуна иза.
ШайтIано хьекъалх талхийнера-кх оцу цхьана юкъана. Сан хIун бехк бара, бохий ахьа? Тхойшиннан а безам болчу йоIа со къастор бара-кх. ЧIогIа дохко а ма ваьллера, хьуна, иза ша лелийначунна. Хаддаза Деле воьлхуш, шена гечдар доьхуш хуьлура. Хьалха ламаз деш, я и дечех вешаш а хилла воцуиза, набахтехь чIогIа суьпаваьллера. Со-м

къинтераваьлла цунна. ХIеттехь ваьлла. Оцу чохь велира и миска. Соьга шена къинтIера валар а дехна. Суна дагахь еса а ца хаьара, сайна хуу аяташ а доьшуш, цунна коьртехь Iийра со, и леш. Ахьа боххучукехата тIе куьг а таIор ду. Аса тоххарехь дIаяьkkхина сайн цуьнца йолу хьагI-гамо. Дера яьkkхина. Махьма бакъ-дуьненчу дIавахна, цигахь

Веза-Сийлахчунна хьалха жоп дала деза хIораннан а Оцу дийнахь кхин цхьана керта а хIоьттира Эдал.

Оцу кертарчу воkkхачу стага чIогIа велавелла, векхавелла тIеийцира хIара.

– Бехkkий? Цхьа а тайпа, хьаха, бацара. Цхьа а тайпа. Дера вара хьан деваша дика стаг. Кхузарчу нахана стенна ца везарий? Шайл тоьлаш верг цхьа а ма ца веза нахана. Цундела харц цIе кхоьллир-кха Махьмина... ХIинца хьажал хьо, хIинца хIокху сайн доьзалца саьрамсекхаш лелош ву со. Уьш Аштаркхне бохка а кхоьхьуш, цхьа да воkkха ца воь хIума а йоkkху ас. И шун керт а ю хьуна ас лелош. Вай мелла а гергара а ма ду. Ца лало-кх нахе, со жимма а ларош. Иштта ма бу нах. Я уьш вайшинга кхета а лур ма бац хьуна. Аса, хьуна лаахь, миччахь а чIагI а дийр ма дуМахьма дика стаг хилар. ДIаваха воллухьо? Iехьа цхьажимма. ХIинцца чай лур ду вайшинна. Шайн керта-м ца вахна хьо?

Ас стенна бохурий? Оцу цIийнна тIера кибарчиг, хьо реза велахь, аса дIаIалашйийр яра. Бераша а, наха а тхов тIе хIумнаш етташ кегйо уъш. ДIавала, суна муха лур ю ахьа уьш?Ца оьшу. Делахь, Дала сагIа йойла хьан уьш. ДIавало ткъа. Iийнехь дика дара. Iодика Дала йойла.

Цул тIаьхьа ши шо гергга зама елира хIокхо ша яздина кехат дахьийта деззачу дIа ца дохьуьйтуш. Масийттаза тохавелира иза, и кехат конверта чу а диллина, почтан яьшки чу кхосса. Амма хIоразза а кханенга тоттура. Муьлхха елахь а, кхуьнан кхетаман кIоргенехь цхьа ойла яра, и гIуллакх чекхдаkkхарна новкъарло еш.

Эххар а, цунна хиира и хIун ойла ю: «Iедало сан деваша реабилитироват вича а, сан юьртахошна цул тIаьхьа а ша хьалхалерниг ма ву иза...»

Эдал чамданаш вовшахтоха волавелира…

ХIара иштта хIоkkхукетIарчу гIанта а хиъна Iаш, тIаьххьара нIаьнеш кхайкха юьйлира. Сатаса гергадахнера. Мела бIаьстенан мох бара дIо аьрцнашкарчу дитташка гIийла узам бойтуш. ГIад стамделла догIучу

ахкан гІовгІа а, пхьидийн хаддаза екар а, юкъа-кара чІоьбан Іехар цхьа хьоме, дагна гергара, бІаьргех хиш даллал мерза а, къаьхьа а хетара. Кхунна хорам хилира, велхаран шад хІоьттира логехь.
Иза хьала а гІаьттина, волавелла шайн цІенош хиллачу вахара. Саьрамсекхаш лелош волчу кхуьнан гергарчу стага, кибарчиг хьовха, кху цІийнан ерриге гІишлон дечиг а дІаІалашйинчух тера дара. ЦІенош хиллачохь, цхьа чхо йоьттина тІулг бен, хІумма а ца йиснера. ХІара хьаьвззина юха а шайн лулахойн керта веара. НеІ чІогІа дІачагІйинера, масех хьостам а тухуш.
Кораш тІе жІаран хьесапехь шишша пІендагІа а тоьхна дитинера. «За-а-къ», – гІовгІа йира хьостамо, кхуо гІаж схьаозийча. «За-акъ», – шоллагІа а. Генахь доцуш жІаьла летира. Ши гІаж схьа а яьккхина, ша мукъадаьккхина кор меллаша схьадиллира цо. Чуьра схьа Іаждарбецан хьожа кхийтира.
...«Цкъашт-цкъишт», «Цкъашт-цкъишт».
– ХІей, мангалхо, маьлхе хуьлда хьан!
– Далла езийла.
– Хьо ма Іуьйрре гІаьттина?
– Иштта ма ву со. Хьо стенна гІаьттина сел Іуьйранна?
– Со бежнаш лахка а яхна, юхайогІуш ю-кх.
– Нах хІинцца лахка боьлхуш бу, хьо дІа а лаьхкина, юхайогІуш ю.
– Иштта ма ю со.
– Иштта-м яра хьо...
– Іаждарбецан чай дац кхузахь?
– Ду, дІогахь-м. Чай мала соь чукхайкхалахь.
Мор буьззина Іаждарбецан цІов а эцна, дІайоьду иза. Ткъа зезагаш? ХІокхо, са ма-тесси схьа а веана, ша мангал хьакха волавалале даьхна. ХІинца а тІера тхи дакъа адалаза, кхуннаюххехь Іохкууьш. ХІинцца хІокхо мохь тухуцуьнга, хІинцща... ХІара дог ма чІогІа деттало. ХІокхо жимма юхаозахьара... Жарадат, гул тІехьа къайла а яьлла, дІаяхара. Зезагаш Іахка дисира. Уьш малхехь дакъаделира, дакъаделира зезагаш, дІадалаза диснарш...
Эдал корах чоьхьавелира. Сонехь лаьтта аьчган маьнгин гІовланаш тІехь йина паднар къаьстира цуьнан бІаьргашна. Оцу тІехь Іуьллура Іаждарбуц. И схьаэцна, ехха цунах хьожа йохуш лаьттира иза. ТІаккха когара мачашдІа а яьхна, паднар тІе хьала а ваьлла, дІатевжира...

ХIорш диъ ду сискаллий, тIо-бераммий, етшурий дууш. Берам хIокхарна юккъехь лаьттачу кеда чохь бу.
Уггар хьалха берам чу шен сискалМадас Iутту, тIаккха
– ЖуьхIирта, тIаккха... гIеххьа хан йолу Жарадатий, кхой вовшашка рагI кхийдош. Эххар а, кхо шен сискалан юьхк Iутту берамала. Иштта рогI-рогIана шура а молу кхара цхьана кедара.
ЦIеххьана кхунна тосало шена гонах цхьа а цахилар. ХIара ша ву-кх сискал а, берам а, шура а юуш.
Вуьйш мичахь бу. ХьалахьожухIара. Юьстахо лаьтташ цхьа нахбу. Уьш цхьа тамашийна белакъежа, кхуьнга а хьуьйсуш. Царнаюккъехь вуМада. Иза, кхунна тIе пIелг а хьежош, цхьаъ-м дуьйцуш ву.
Цавашаран велакъажар сецна цуьнан юьхьа тIехь.
ХIокхуьнан логал чоьхьа ца йолуш юьсуюург. ОьгIазалло, шен гIелалло, мискалло бIаьргех хишдохукIантана. ХIара хьалаэккха, кхуьнан ког кхетий, берам а Iена.
ХIокхуьнга мохь болу.
– Сан хIун бехк бу, сан хIун бехк бу?! Дог ца Iеба хьан сох, Мада?
Эццахь велхаран къурдаш а деш, самаиккхира Эдал.
Хьала а гIаьттина, чухула дIаса а лелаш, къилаваххана велха хIоьттира иза. Цунна дагаеара дахарехь шена мел хилла гIело, шен цхьалла, шен кхелхина нана, шена цкъа а ганза, дуьненах ваьлла да, шен кхочушъяза йисина бераллин мерза ойланаш, сатийсамаш...
Эххар са духа а хьаькхна, цигаьрка а латийна, пеша хьалхахь когаш тIе охьалахвелира иза.
Пешан неI схьайиллира цо. Кхерчан чоь, цIе хьалалато бен ца езаш, буха декъа чIийшаш дохкуш, тIе дуткъа деха дечиг дуьллуш кечйинера. Оцу дийнахь, ша лечу дийнахь, чохь мелла а шийла а хетта, цIе лато тохаелла хир ю ЖуьхIирт. Амма ца кхиъна иза. Ца кхиъна цIе хьалалато а, цуьнан йовхо хааяла а. Ца кхиъна.
Иштта дIадолу-кхдахар. Стаг ца кхуьуцIе лато, латта аха, етт оза... Иза юкъахвуьсу.
Эдална цхьа чIогIа халахийтира, цуьнан бIаьргех хин тIадамаш девлира. Цо шен киснара яьккхина сирник, латийна, пешарчу чIийшашна тIе яьхьира. Кхерчахь хьалалеттачу цIеран серло цIенкъа кхийтира.
ЙогуцIе. «ТIах-тIихханехь»лелха декъа дечиг. Йогу, масийтта шарахь санна. Йогу, цхьа шой ах шой хьалха латоза йисина, кхуо хIинцца

латийна цIе. Кхуьнан юьхьа тIе еттало цIеран йовхо...
Эдала, вахна, кора хьалхха ша охьахIоттийна лаьтта портпел, хьала а эцна, дIайиллира. Цу чуьра цхьа кехат схьаийцира цо.
Иза девешин гIуллакх дуьйцуш яздина дара. Пеша хьалха а лахвелла, вехха цу тIе хьоьжуш а Iийна, иза хьарччийна кхе кхоьссира цо. ЦIе кхин а серлаелира.
Эдал, корах ара а ваьлла, новккъа басах чу волавелира. Вухахьаьжира иза. Сатоссуш серлайолучу стиглахь къаьстара Мадин, ЖуьхIиртан цIийнан туьнкалгах арабуьйлу кIайн-сийна кIур. ХIара Мадин шовдан тIе (иштта йоккхура наха оцу шовдан цIе, Мадас иза
Iалашдо дела) воьдура.
Шовдана тIера Iаь гIуьттура, дохк санна. ТIуьна а, шийла а яра кхузахь. Шовда, шина биргIанна чухула а долий, тIулгаш тIе детталуш духуш, юха массо а цинц цхьаьна а кхетий, жима ахк хуьлий дIадоьдий, бердаш юккъехь довра.
Эдала, когаш тIе оха а лахвелла, канашца эцна, шовданан хи мелира. Кхин а, кхин а, кхин а. Ца Iебашмуьйлура цо шовда.

# ТЕЛЕФОН

### Телефон[33]

Юьрта юккъехь долчу цхьана кIайн кир тоьхначу цIа чохь ю зIенан отделени. Цу цIийнан корехь йиттина эчиган гIожмаш ю: стаг чу ца валийта. КетIахь баьлла бай бу. Аьхкенан довха де делкъе даьллачу хенахь, кхузахь аддам а ца хуьлу. Оццухенахь хIинца пхи шо долу кIант – Зеламха вогIу кхуза хIора денна аьлча санна. Цуьнан хьаьрса месаш а, сийна ши бIаьрг а бу.
Иза юьстахо бай тIе охьа а хуий, корехь лаьттачу телефоне бIаьрг бетташ вехха Iа. Тайп-тайпана ойланаш кхоллало кIентан оцу телефоне хьоьжуш. ЧIогIа цуьнан тидам бо цо, и чохь са долуш йолуш санна хета кIантана.
Цунна телефон цхьа шо хьалха евзира, шен диъ шо долуш. Иштта хIетахь цунна БаIа а евзира. БаIа-м цунна шена нанас дуьйцучу туьйранашкахь а гинера. Амма иштта бакъдолчудахарехь цкъа а ца гинера цунна БаIа.
БаIа бохучу аьзнийн цхьаьнакхетаро кIентан коьрта чохь кхуллура цхьана ирчачу, вочу, кхерамечу, цхьа а хорма а, я кеп а йоцчу хIумнах ойланаш.

БаIа тоххара, дагар а долуш хIара цомгаш хилча а еара кхунна, хIокхуьнга шеца хьуьнха дIавола бохуш.
ХIетахь дуьйна БаIа кхин гучу а ца яьллера, иза лечкъинера нахах. Мичахь? Дуккха а хан елира, Зеламхина и ца хууш. Ткъа цхьана дийнахь цунна хиира и БаIа, ша гучу ца ялийта адамийн сибате а йирзина, нахана вонаш а деш, шайн эвлахь ехаш юйла.
Оцу дийнахь Зеламха шайн учахь Iара. И аьхкенан довха де дара. Малх дIабуза баьццарчу орца тIе лахбеллера. Масех сахьт хьалха деанчудогIанан тIадамаш къегара бай тIехь, кетIарчу диттийн патарш тIехь.
ГIийла хьаькхначу мохехь техкара Iежийн, кхорийн дитташ. ЦIеххьана царах цхьанна тIера охьа а боьжна, маьлхан зIаьнаршлахь масех бос хуьйцуш лепарца, керччина дIабахара цхьа агIо цIарула цIий а елла боккха
Iаж. И хийла тергалбина Зеламхас, цо хийла сатийсинера и охьабожаре. Цундела, хазахетарца ведда тIе а вахна, схьаийцира цо Iаж. ХIан-хIа, цо и берриге а буур бац. Цо, жимма баа а биина, важа нанина дIабуьллур бу. Иза больницехь ю. Ши кIира ду Зеламха Дадица дIавуьжу. Хьалха и Наница вуьжура, цо кхунна хаза туьйранаш а дуьйцура. Дадас а дуьйцу кхунна туьйранаш-м, амма нанас дуьйцурш иштта дацара.
Селхана веана кхуьнан да Денисолта больнице шен зудчунна тIаьхьа ваханчуьра цIа, цунна дика гIоле яьлча санна а хетта. Цу тIе цо ша: «ГIоле яьлла суна-м, кестта араер ю со, хетарехь», – бохудешнаш аьлча, гIеххьа сапаргIат а делира Денисолтин.
– Вайн нана кестта цIа йогIур ю, хьажал цо хьуна яийтина кампеташ, – элира Денисолтас Зеламхе сийсара ша больницера цIавеъча, иза шен кара а лоцуш.
Зеламхина чIогIа лаьара шен нана тховса цIа йогIийла. Ков а диллина, и чоьхьа ер ю. ХIара, ведда тIе а вахна, цунна мара кхетар ву. ТIаккха хIара нанас, генна хьала а кхоьссина, схьалоцур ву. ХIара воьлуш хир ву, нана йоьлуш хир ю, малх а... ТIаккха кхуо эр ду:
– Нана, ас хьуна Iаж а битина.
– Битина? ХIий, хьо ваха дукха. Ткъа ас хьуна хIун еъна хаьий хьуна! – эр ду нанас. ТIаккха цо гучуйохур юша еанарш: кампеташ, пирянгаш, коч, батинкаш.

Иштта и сурт дуьхьал а хIуьттуш Iара Зеламха. Эццахь, ков а диллина, доккхачу белхарца кетIа иккхира лулара Iабадат:
– Ва-а, вайга хIун деа, нанас ца йинарг яла хьан!..
Цуьнан белхам а хезна, арахьаьдда вогIу Денисолта, дерригенах а кхетта, настарш чуьра са дIадаьлча санна, вега а луш, неIар тIехь сацавелира. Цуьнан юьхь тIехь сецнера кхеравалар. (ХIан-хIа, оцу цхьана дашо ца гойтура ма-дарра цуьнан юьхь тIера хьал. Кхераваларал сов, цхьана доккхачу воне шен сирла сатийсам, шен уггаре а дезаниг, сийлахьниг хIаллак ца дайта шен ницкъ цахиларан а, оцу воно ша, цхьана а хьесапе ца лоруш, пайдабоцчу ваккхаран а кхетам, цецвалар, доглазар, къинхетаме болу сатийсам, цуьнца цхьаьна оцу къинхетамах цатешар – и берриге а синхаамаш цхьаьнаийнера цуьнан юьхь тIехь).
Цул тIаьхьа кхеран керт адамех хьалаюза юьйлира.
Зеламхина ца хаьара билггал хилларг хIун ду, амма нехан яххьех, зударийн белхамех, къаьсттина Дадин шега хьежарх цунна тоса-м делира цхьа доккха вон хилла хилар. Иза хIокхуьнан нана гуттаренна а дIаяхар дара.
И бохам баьллачушолгIачу дийнахь Iабадата:
– Схьавола, вай, со яларг, хьайн ненах тIаьххьара бIаьрг тоха, – аьлла, пхьарс а лаьцна, чувигира иза.
– «ТIаьххьара... ХIунда тIаьххьара?.. ХIунда!..»Цуьнга шийла мохь белира, шен ненан сецна юьхь гича.
И, цунна тIе а кхетта, велха вуьйлира.
Шина зудчо халла араваьккхира Зеламха цу чуьра.
ТIаккха иза, кетIарчу ото чу а вахна, цу чуьрчу тIелхигашна тIе бертал а воьжна, гIийлла велха вуьйлира. Иза дуккха а вилхира. И воьлхуш кертара гIовгIанаш мелла а дIа а тийра, ото чохь Iарж а елира.
Ткъа иза, вухаверза а ца туьгуш, воьлхура.
Эххар а меллаша неI а йиллина, цхьаъ велира чоьхьа. Иза Денисолта вара. Иза тIе а веана, кхуьнан коьртах масехазза куьг хьаькхна, кхунна юххе охьахиира.
Ша хьаьстича, кхин а къилавахна велха вуьйлира кIант.
Денисолта вехха Iийра, цунна велха новкъарло а ца еш. ТIаккха цо, куьг лаьцна хьалагIаттийра Зеламха.
– Вало, чу воьду вайша.
Цо, Зеламха чу а вигна, паднар тIе охьахаийра.

ТӀаккха Денисолтас цунна бепиган цастар а, куршки чохь шура а еара.
– Яа.
Зеламха, шурех масех къурд а бина, сецира.
– Яа, ахь тахана хӀума а ма ца йиъна.
– Ца еза суна, – дӀахилира кӀант.
Дукха хан ялале дас шаьшшинна мотт охьакарчийра. ТӀаккха и шиъ, лампа дӀа а яйина, метта а ваьлла, дӀатийра. Хийла хан елира цу шинна наб ца кхеташ.
Эххар а Зеламха гӀийлла кхайкхира:
– Дада!
– ХӀун боху ахь?
– Нана кхин цкъа а схьайогӀур яц?
ГӀеххьа хан елира дас цунна дуьхьал жоп ца луш.
ТӀаккха цо, доккха са а даькkхина, элира:
– Яц.
ХӀан-хӀа, цо ца элира: «ЙогӀур ю, са ма гатде». Цо цуьнга бакъдерг элира. Иштта аттахо ду, хӀора денна иза Ӏехош, цуьнга сагатдойтучул.
– ХӀунда?
– Елла нана.
– ТӀаккха иза ден хӀунда ца йина, и тамашийна хи а хьаькхна.
– И тайпа хи дан ма дац, туьйранашкахь бен.
Зеламха дӀатийра. Корах чу стелахаьштиган серло кхийтира. ТӀаккха ткъес туьйхира. Ангалин пхьегӀа санна, йоьхна дӀаелира тийналла. Доладелира аьхкенан мела догӀа.
– Дада, – тийналла меттахӀоьттича, юха а гӀийлла кхайкхира Зеламха.
– ХӀа-хӀ?
–Ша кхин цкъа а юхайогӀург ца хилча, соьга хӀумма а ца олуш хӀунда яхна и.
– Вайша цӀахь ма вара и леш. Телефон-м еттийтина хиллера цо.
– И хӀун ю?
– Иза мел генахь хилча а, стагаца къамел дан йиш йолуш хӀума ю.
– Ткъа цу тилипоно чӀоггӀа мохь хӀунда ца тоьхна, кхуза схьахеззарг?
– Телефон чохь са долуш хӀума ма яц. И хӀун юй?
Вайн приемник санна, жима а йолуш, хӀума ю. Цхьамма кхечу меттехь и саннaчу хӀуманца хӀокхуьнан номер хьовзайо, ткъа кхузахь и ека. ТӀаккха цуьнан трубка, цхьамма схьа а эцна, лере яхьа еза. Цу чухула

схьахеза деш долу къамел... Ткъа вайн кхузара телефон цу дийнахь ехха екна бохура, цхьамма а хьала а ца оьцуш.
– Дада, ткъа мичахь ю вайн тилипон?
– Эцца, эвла юккъехь, почтехь.
– Ткъа хьала хIунда ца эцна и?
– Цу чохь болх беш йолу Зайнаъ селхана, екаш телефон йолчу хенахь, араяьлла, цхьанхьа яхна хиллера.
ХIетахь дуьйна Зеламхас ойла йора: «Оццул еза, оццул нахана оьшуш йолу хIума оцу БаIех хIунда тешийна, кхин дика стаг ца карийна теша кху эвлахь. И бахьнехь ма ца хилла соьга нана йист».
Массех бутт дIабелира хIетахь дуьйна. Амма Зеламхина даг чуьра дIа ца йолура шен ненах, телефонах,
БаIехйолуойланаш. ТIаккха, бIаьсте а яьлла, арахь якъаелча, иза хIора дийнахь зIенан отделени йолчу воьдура... Цу чохь БаIа хилча, иза юьстах а волий, геннара телефоне бIаьрг а бетташ Iара. Ткъа иза делкъана хIума яа я кхечу гIуллакхна араяьлча, кIант керта а вогIий, бай тIе охьахуура, виллина телефоне хьежарца шен ойланаш а еш. Наггахь Зайнаъ, хIара кIант а гой, кхуьнга йистхуьлура, хIара хьаста а дагахь. Амма кIант, цунах къаьхкий, юьстахволура. ТIаккха Зайнаъ, дIа а йирзина, дIайолаелча, цо шен дагахь масийттазза: «БаIа, хьуо ма-ярра БаIа», – олура.
Тахана, стенна делахь а, гучу ца яьлла БаIа. Цундела хIара Iуьйранна дуьйна Iа телефоне хьоьжуш.
ЦIеххьана ека йолало иза. Сеци. Юха а ека. Юха а ека.
Цхьа тамашийна деттадала долало кIентан дог. ХIинца цхьа доккха хIума хила дезаш санна ю цуьнан ойла.
Иза хьалаиккхи лаьттара. ХIунда ека? И хьалаэца ма еза. Иштта екка хир ю-кх и хIетахь а, кхуьнан нана цомгаш йолуш. Ткъа хIинца? ХIаа, Шарпудин нана а ю больницехь. Шарпуди кхарна гена воцуш Iашву. ХIара шиъ хIора дийнахь го. ХIинца цIахь ву и. Масех де ду Шарпуди кхуьнца ловза ца вогIу: цIахь дан дезаш дуккха а хIумнашду. Нагахь иШарпудин нана хилахь?Иза, кхуьнан нана санна, йистхила лууш хилахь? Нагахь и тахана, хIокхуьнан нана санна, гуттаренна а дIайодахь?.. Телефон хьалаайа-м ма еза. Ткъа муха?Кор ма ду. Ткъа иза хIинца леш хилахь?.. Хьалаайа ма еза телефон. ТIаккхаШарпудин нана йистхир ю. Ткъа кор...

Эцца доьхначу ангалин гIовгIа елира. Зеламхас, сихонца корах чу кхевдда, схьаийци телефон.
Оцу минотехь гIовгIа а хезна, луларчу цIа чуьра схьахьаьди Зайнаъ (цу чохь Iаш яра иза), цуьнца цхьаьна кхин масех зуда а. Зайнаан, хIара кIант а гина, зIенан отделенин корехь телефон карахь лаьтташ, цецъяьлла, ши бIаьрг къаьрзи. Амма кIант цхьа а хIума тергалдеш а воцуш, телефон чу мохь бетташ ву:
– Хьо Шарпудин нана ю? Ас хIинцца схьавалаво хьуна...
Ткъа телефон чуьра схьахезнарг-м оьгIазе боьршачу стеган аз дара:
– Мила ву хьо? Ахь хIун юьйцу? Кто у телефона?
КIант кхийти ша галваьлла хиларх. ТIекхоччушехь
Зайнаа кIант, ши пхьарс а лаьцна, кхоьссина дIавахийти.
– Хулиган, вон хулиган! Эхь дацара хьан хотIана, иштта ца хилча?
БIаьргаш чу хи а хIоьттина лаьттачу кIанта, чIоггIа ши буй а бина, цунна дуьхьал а вирзина, массеран а гIовгIанаш а къаръеш, мохь туьйхи:
– Ткъа хьо БаIа ю! Ахь тилипон хьала а ца оьцуш, соь йистхила йиш йоцуш, гуттаренна а дIаяхна сан нана... ХIинца Шарпудин нана а ю больницехь....
Дехха дуьйцуЗеламхас, велха а воьлхуш, хIокху дехачушарахь шен дагчохь мел IаьIнарг, юх-юха Зайнаана тIе пIелг хьажорца: «Хьо БаIа ю!» – а олуш.
Ткъа зударий, цецбевлла, Iадийча санна лаьтта цунна гонаха.

# МАССО А ДIАТИЙНАЧУ ХЕНАХЬ

**Массо а дIатийначу хенахь**[34]

ДIадоладелира дешаран керла шо. Иза хаалора студентийн юкъарIойлехь а. Хьалхарчу деношкахь студенташ шайн мотт-гIайба схьаоьцуш, дIатарлуш, комендантаца къуьйсуш, гIар эккхийтина, хьаьвддийбевддий лелара. Кху шарахь дуьххьара, студенташ а хилла, кхуза Iен баьхкинарш мелла а ийзалуш, керлачу хьелех дIа ца булуш лелара, къаьсттина юьртахой. Ткъа хIара юкъарIойла хIокху масех шарахь шайн хьоме цIа хилла Iаш болу студенташ, шаьш кху йоккхачу хIусамехь дай хеташ, майрра буьйлабелла лелара, шайн керлачу

накъостийн, уьшмузей чуьра XVI бІешарахьлерчу бІаьхойн мунданаш йолуш санна, лоррий тидам а беш.
ХІорш иштта бІаьра хьаьвсича, цхьаберш, дІа а боьрзий, дІабоьлхура; вуьйшмелхо а эхь а ца хеташ, я ийза а ца луш, шайн баккхийчунакъостийн бІаьргаш чухьежа хІуьттура, тІаккха и баккхийнаш, къарлой, уллохула тІехбовлура; кхоалгІачара ах хозуьйтуш а, ца хозуьйтуш а, «салам Іалайкум» олий, салам-маршалла хоттура. «Баккхийчара» цаьргара салам-маршалла схьа а оьцура, тІекара а бовлура, царна хьехарш деш, дан дезарг а, муха лела веза а дуьйцура. Амма шаьш иштта деха, бала кхаьчна къамел деш а, церан озехь мелла а хаалора, «хІинца а кегий душу, Іама деза, дуккха а къахьега деза шун, тхо санна хилархьама», бохучу маьІнехь кхета мегар йолу эшарш.
«Баккхийчарна» уггаре дезаш дерг хІокху муьрехь керла баьхкинчу мехкаршка хьийсар дара, церан башхаллаш а, сакхташ а (шайна хетарехь) билгал а дохуш.
Цхьацца бахьнашна занятешка шайн хеннахь бахка ницкъ ца кхаьчна бисинчара, шаьш богІуш лаьтташехь бухарчу шайн накъосташка хоттура: «Хаза мехкарий баьхкиний вайна?» Бухарчара «хІаъ» я «хІан-хІа» ца олуш, хІора йоІах аьлча санна (хоьттучарна уьш хІинцца гур боллушехь) дийца хІуттура, цара тІеюьйхина лелочу хІумнаш тІера церан боларна тІекхаччалц.
ТІаьхьабисинчарна юккъехь наггахь бен вист а ца хуьлуш, амма цкъа лен волавелча сацо хала а долуш, цхьа накъост вара, кхоалгІачу курсан студент, шен велавалар миччахь хилча а (хуьлда и аудитори чохь, я гІалин юккъехь), хьуьнхахь волуш санна, чІогІа а долуш. ЦІе Муслим яра цуьнан. Цо:
– Мила ю иза? – аьлла, хаьттира шен накъосте, цо цхьана керлачу йоІах лаьцна хІара дийцича:
– О, цхьа йоІ еана вайна – еккъа цІена Мона Лиза.
Цуьнан хьажар, корта раз а боккхий, цуьнан дегІ! Месаш ю букъ бузуш охьахецна, тІехь готта джинсаш а, цІен кофта а яра цунна. Мел хаза йоІ ю хаьий хьуна, хІинцале а вайн курсера массо а кІант ву и езаелла.
Ткъа Муслиман хаттарна жоп луш цо элира:
– Ца хаьа, цхьа ламаро ю-кх.
– Боккъал?! Джинсаш а лелайо кхуо?
– Хьо ма цецвуьйлу, уьш-м цо дуьххьара лелош яцара...

– Делахь царах ю хьуна.
– Хаац, хIун хаьа, ца хуьлий а...
И къамел хиллачул тIаьхьа Муслимна гира шен накъосто хестийна йоI, цул сов бегаш бан а гIоьртира хIара-м цуьнца. Иза, кхуьнга схьа а хьаьжна, корта агIор а баьккхина, елакъежира.
Юха кхо де а далале, масийттаза и йоI ган а (аьр вай цунахМарем), цуьнга забар еш масех дош кхосса а кхиира Муслим.
Иштта иза лелаш, эххар а цуьнан ницкъ кхечира йоIе цIе (шена хуъушехь) хатта а, кхин цхьацца тайп-тайпанчу хIумнех лаьцна («Шун хIун дисциплинаш ю?»;
«И хьоьхуш мила ву?»; «Са-м ца гатло хьан?»; иштта дIа кхин а), ца дийцича а, я дийцича а галдала а, я тIекхета а хIума доцу къамелаш дан а. Оцу къамелехь кIантана хиира иза цIера мичхьара ю, и кхуза яле мичахь балхахь хилла а, цул сов, иза чIогIа литература, къаьсттина поэзи езаш, цу тIе ша стихаш язъеш а, царна тIехь кхидIа а болх бан дагахь юйла а.
Суьйранна и къамел а хилла ша цIа веъча, Муслима шен чуьрчу накъосташка элира:
– Вайн нус-м хьаха ю поэтесса а йолуш.
– Боккъал?! ДIавала, и йоI еккъа цIена романтика ю, – хазийра, маьнги тIехь агIор а ваьлла, киншка йоьшуш Iуьллуш волчу цуьнан накъосто.
– Романтика хир яра хьуна, кхуо со цунна тIехьовзийтинехьара. ХIара ша хIумма а лелор долуш а вац, – элира вукхо.
– Сих ма ло, Iаббаз, сих ма ло! Сиха дахна хи хIордах ца кхетта, – элира Муслима, шен накъостана керла, «Iаббаз» аьлла, цIе а туьллуш. (Иза цуьнан хьанна а олуш, «накъост», «доттагI»бохучумаьIнехь лелош дош дара).
Кестта Мареман стихаш университетан дукхатиражни газета тIе а евлира, хIетахь дуьйна студенташна юкъахь цуьнан «поэтесса» аьлла цIе дIа а яхара.
Цхьаболчара и цIе иштта дIа бегаш беш йоккхура, вукхара – хIокхунах боккъал а цхьаъ хила а тарлора олий, дага а догIий, кхоалгIачара (бу-кх и тайпанаш а студенташна юкъахь: мухха а, хIуъа дина а диплом даккха баьхкинарш; царна хIуъа делахь а – хIунда, царна шайна а ца хаьа билггала – ца беза «и стихаш язйийраш,
«Iилманчаш»…) – кхоалгIачара Iоттар еш олура Маремна и дош.

Марем хIоранна а, и дош аьллачунна – мухха аьлча а – елакъежара. И цо дича, цхьаболчара: «Ма догцIена а, хаза а ю иза», – олура. Вукхара иза ца алахь а, цунах терраниг олура, ткъа вай оцу лакххахь бийцинчу кхоалгIачара хIара олура: «Ша боккъалла чIогIа цхьа хIума ю а моьтту хIокхунна-м, ма чIогIа елакъежашю хIара... Билггал царах ю хьуна иза».
Муслим-м вацара оцу кхоалгIачарах. Муслим, юккъера деша а доьшуш, я дика дешарца а, я вуон леларца а цхьанна а коьртах ца волуш, даккхий гIуллакхаш дан я сан корта а, я тIех хьуьнар а дац, гIийла сайн са а къоьруш, сайн балха а вахна, зуда а ялийна, хIора аьхка, хIуъа таро йина а, Iаьржачу хIорда йисте зудчуьнца садаIа а воьдуш, вехар ву-кх со, боху ойланаш кхобучу студентех вара.
ХIан-хIа, Муслим вацара оцу кхоалгIачарах. Амма церан гонехь вехаш-м вара иза. Цул сов, оцу гIуллакххех лаьцна царначул шена «кIезга хIумнаш довзарх» эхь хеташ а вара Муслим. Цундела иза воккха а воьра, цо куралла а йора шена и Марем йовзарх а, цуьнца шен гIуллакхаш дика дIадоьлхуш хиларх а. Цул сов, цуьнан «массо хIума хуучу»накъосташа: «Хьажал, кIант Iемаш вогIу», – олий, дагна даьтта а хьокхура цунна.
Муслима хIора дийнахь ша цхьа висча, шен ойланехь йоIах шен синхьагам оьцура. Амма йоIана хьалхахь шина маьIнехь кхета мегар долу дош-м муххале ца олура цо, ура-атталла и тайпа ойла ян а ца хIуттура иза. Делахь а цуьнан кхетамо хIара-м чIагIдора юх-юха а: «И хила-м деза герггарчу деношкахь, и хила-м деза герггарчуденошкахь...»
Ткъа йоI кхуо и ойланаш ечу хенахь, шен дагахь хIара догцIена, боккъал чIогIа поэзи езаш, литературехь диканиг, ледарниг къасталуш ву а, ша сел чIогIа литература езаш йолу дела а, цул сов, цхьана кхечу бахьнина а ша йолчу хIара вогIу а, шега кхуо ладоьгIу а моьттуш яра.
Бакъду, и кхин бахьна Муслима сатуьйсург-м дацара. Делахь а кIантана мотта-м моьттура йоI шеца иштта тIекара ялар а, студенташа кечамбечу цIа
(холл) чу а хиъна, шеца хена-хан яллалц Iен и резахилар а цуьнан царах хиларан билгалонаш ю. Цундела кIентан коьртехь IаьIаш дика сирла йоцу ойланаш а яра. Уьш синтем боцуш арайовла гIертара. Делахь а коьрта чуьра схьа матта тIе кхаччалц болу некъ цара сикондан уьтталгIачу декъехь кхочушбахь а, оцу меттан буьххьехь тасалой,

матто а, озан тIилдигаша а уьш мукъаме ерзошшайна ницкъ бан ца гIурту дела, нахала ца йовлуш юьсура уьш.
Амма и ойланаш, шаьш озехь денъелча дуьненна а мехала цхьа хIума хир долуш санна, кIентан синтем бойуш, цуьнан наб тайп-тайпанчу босболчу гIенашца къарзъеш, арайовла гIертара. ТIаьххьара а оцу ойланийн ницкъ а кхечира: «Сан музыка а, кхалла хIума а ю... эцца... тховса цхьаьна Iе вайшиъ», – бохучу хормехь шайн лаам кхочушбан.
Иза хилира буьйсанна, холл чохь, юкъарIойлехь мел долу адам дIатийначу хенахь. Амма и хилале хьалха кхин цхьа хIума а хилира, аьлча а оцу тIаьххьарчун юьхь яр-кха иза.
Шоьтан де дара. Делкъахенахь цIа баха тохабелла студенташ шайн тIоьрмигаш а карахь юкъарIойлин неIарехь а совцош, догIа доладелира, гуттара а бIаьста ма хуьллура (доьдург май беттан ялхийтталгIа де дара), хецаделла. Оцу догIанах ведда, массо а гIалахо тхов кIел, шайна тIехула куьйра хьаьвзича баца юкъа уьдукотаман кIорнеш санна, хьаьвдда боьлхучухенахь, юкъарIойлин неIарх араелира ши ког а, корта а Iуьйра, цхьалхачу кучаца цхьа йоI. Иза Марем яра.
Май беттан денош кху шарахь догIане а, довха а, мела мох хьоькхуш а даьхкинера. Таханлера де а и кхоьа башхалла шеца йолуш дара: чахчари санна чукхуьйсу догIа мелчумохо раздеттара.
Оццу мохо ловзайо йоIана тIера йоца, юткъа коч догIано тIадийна, гIодаюкъал лакхахь а, лахахь голашна а тIе а летта, цуьнан дахарх кхехка, ширчу заманийн скульпторша кхоьллинчарах тера долу дегI, дерзина долуш санна, къаьстара.
Иза иштта тIекхевсина догIучу догIанехула ара а яьлла дIайолаелча, юкъарIойлин массо а корехь санна, ца кхеташ хьоьжу бIаьргаш гучудевлира. Цара массара а хоьттура: «Цо хIун леладо?»Оцу дуккхачу бIаьргехшиннан дас, корах корта ара а баьккхина, мохь туьйхира: «ХIей, ахь хIун до, йицъелла йоьдуш-х яций хьо, я хьо наб кхетта ю?!» Амма йоI, цо и мохь тоьхча а (и гIеххьа чIогIа боллушехь), шена ца хезначуха, схьа а ца хьожуш, дIайоьдура.
«И мохь тоьхнарг Iарби ву хьуна», – ойла йира, кхоалгIачу гIатехь цхьана чоьнан коре а хIоьттина, Марем тергалъеш лаьттачуМуслима. Iарби йоьалгIачу курсан студент вара, юккъерчу дегIахь, векъано, шен кечваларца а, кIужална ехк хьоькхуш йойъучу хенаца а цхьаццаболчу мехкарел тIех а волуш. Цо къамел наггахь бен дан а ца дора, деш я

велакъежаш (зударшца къамел деш), я юьхь, ша боккъалла чIогIа мехала хIума дийца воллуш санна а йой
(божаршца къамел деш), хIора дош оззош олуш, нисдеш, дечигпхьеро аннаш санна, охьа а дуьллуш дора.
ЙоI юкъарIойлина хьалхара гIеххьа йоккха майда а хадийна, уьссазза тIекIелдинчу, хьалхарчу гIатан доза шолгIачух схьакъаьсттачу тIехула тоьхна «Продовольственные товары» йоза долчу цIенна тIекхаччалц дIа а яхна, юха а йирзина, гIашлойн некъаца доьгIначу цхьана толлах букъ дIа а тоьхна дIахIоьттича, йоьалгIачу гIатера: «Хьий-й, горалера дегI яI, дегI ду и, дегI, дегI», – аьллий; «Йовхо ю цуьнан дегIехь, йовхо!» – аьллий, ши мохь бийкира.
Цу хьалхарчу маьхьаран да гIуьнжар ши бIаьрг а болуш, шен ткъе ворхI шо бен доццушехь, гIеххьа гай дIаяхийта а, зуда яло а, шина беран да хила а кхиъна волу Вахьид вара, цкъа мацах жима волуш силам тIе охьакхетарна мара а лазийна, и бахьнехь вижинчу хенахь даима «хур-тIур» деш волу. «Философи», «Психологи», «Педагогика», иштта дIа кхин а тамашийна цIерш йолу Iилманаш Iамийнехь а (кху шарахь диплом схьаэца дезаш вара и), цунна хIинца а ца хаьара догIанехь лелачу йоIе хIун ала деза а, я хIумма а ца аьлча мегар дуйла а.
ШолгIа мохь тоьхнарг цуьнан доттагI Iаьмар вара, цкъа хьалха сара санна векъана а хилла, юха цIеххьана варста а верстина, цкъа мухха а Вахьидца кафе чохь а нисвелла, цуьнца цхьаьна «Ркацители» а мелла, хIетахь дуьйна цуьнан доттагI хилла волу. Цул тIаьхьа
Iаьмаррий, Вахьиддий кест-кеста воьдура шаьшшиъ вовзаран бехке меттиг йолчу. Iаьмара Вахьидца гIиллакх а леладора (Вахьидал цхьа курс лахахь а, масех шо жима а вара иза), цул сов, шена а ца хууш ша хIун леладо, шен доттагIчух тарвала а гIертара иза. Вахьидна чIогIа хазахетара Iаьмаран амалехь и ши башхалла йолуш, къаьсттина хьалхарниг, ткъа хIара шиъ, яахIума схьа а эцна, касси хьалха нисвелча, цунна даима аьлча саннашеначул сиха ахча схьакарийча (ткъа кхунна-м – да ватIарг! – гуттар а диц ма лорий ша ахча чудиллина киса муьлханиг ду), Вахьидан дог, сарралц мангал а хьаькхна, шийлачу хих а ваьлла, тийначу
IиндагIехь агIорваьллачу стеган санна, паргIатдолура.
Муслимна, хьалхарниг санна, бевзира хIара ши мохь а. Мелла а шен дагна цара лелориг хьакхалахь а, ша дечу хIуманан, и дале, уьттаза я

цул сов ойла ечу
Муслима хIумма а ца элира цу шинга а.
Ткъа йоIана-м бала бацара (я цо иштта моттийтахь а) цара маьхьарий деттарх. Иза, цкъа тротуар тIехула хьалий-охьий оьхуш, и кIордийча, толлах букъ тухуш дIа а хIуттуш, маьI-маьIIехь хIиттинчу догIанийн айманаш чохь шен когаш ловзош, церан хазалла тергалъярца, тIадийна месаш, кур аркъал тосуш, бIаьстенан юьххьехь тIера ло охьадоьжча техкачу Iожан гаьннех тарйолуьйтуш, дIаса а лестош, йолаелла лийлира, догIа дIате доллалц.
Дуккха а ойланаш лилхира Муслиман коьрте, Мареме а хьоьжуш, кхетамо иза иштта леларан бахьна лоьхучу хенахь. Амма массарал нийсахуо массарал а харцахьарниг хийтира цунна: «Ша гойтуш ю-кх нахана». И ойла йинчул тIаьхьа кIанта ах-хозуьйтуш элира:
– Тховса, хьо цIа ца йоьдуш йисахь, хуьлухьуна иза.
Оцу хиндолчун бух кечбийр бу ша аьлла, ерриг тIадийна, елакъежаш, екъа йолчул а товш чуйогIучуМаремна дуьхьал велира иза. Цо, ела а къежаш, кIанта сел хала кечдина дешнаш юкъах а дуьтуш, элира:
– Хьо тахана цIа-м ца воьду? Ца водахь, тховса холл чу дIаволахь.
«АхIа, хIара-м ша-шах дIанислуш ду», – ойла йира
Муслима, йоI шена уллохула а яьлла, чу яхча. ТIаккха цо, кхо накъост цIа вахарна шенна йисина чоь цIанйира, хьаьдда вахна цхьана шена вевзачу студентера магнитофон а, туьканара мала а, кхалла а хIума а еара.
Цо садаллалц, цкъа дIавулий тховса аьндолчун, лелодолчун ойла йора, тIаккха и шолгIаниг (лелондерг) шен кхетамехь суьрташкахьюхадендора, ша-шаха хила тарлун а, ойла ца йича дикох долу а хIума а тIаьхьа.
Эххар а дукха сатийсина суьйре тIе а кхаьчна, 1-чу
Майн параде воьдуш санна, кеч а велла, йоI йолчу вахара Муслим.
ИоI шен студенташна, къаьсттина кIенташна юкъахь, чIогIа цIе яхана долу духар: джинсови хеча, цIен кофта – юьйхина еара.
Марема дуккха а хIумнаш дуьйцура, дукхахдерш поэзех лаьцна а долуш, юкъа-кара шен юьхь нанас хьаьстинчу жимчу беран санна а йой, шен стих а йоьшуш. Дукхахьолахь кIанта къамел а ца дора, «хIаъ»,
«хIан-хIа», «дика-м язйина ахьа», «кхин цхьаъ ешахьа» боху дешнаш а, дешнийн цхьаьнакхетарш а ца лерича.

Цуьнан къамел дан йиш а яцара, хIунда аьлча цуьнан кхетам кхечухIумнан бала кхаьчна болудела, ткъа стеган кхетамний, цуьнан къамелний юккъера зIе ца хилча ца терг юйла, вай кхузахь дийца а ца оьшуш, Iилмано чIагIдина ду.
И шиъ иштта (йоIа къамел а деш, кIанта ойла а еш)
Iаш, буьйса юкъал тIехъелира, юкъарIойлехь массо а дIатийра, дIатеза, хIарашиъ санна набцакхетарш, шишша цхьаьна цхьацци анхьа дIатебна Iара.
«ХIинца шен хан ю, хIинца дIахьахо деза», – ойла йира кIанта. Цо и ойла ечу хенахь йоI хIара дуьйцуш яра:
– Ма тамашийна а бу кхузара вайн цхьаццаболу кIентий. Тахана со эцца догIанехула йолаелла лелаш – мел хаза хуьлу хаьий хьуна догIанехь льтташ! – маьхьарий детташ бара уьшша...
Эццахь, йоI шен къамелах юкъах а йоккхуш, дуьххьара стихотворени а язйина, иза шена гергахь Iаламат доккхачу маьIнех юьзна а, цхьамма а ца язйинчу кепара ю а моьттуш, дог детта а луш, и шен кхолларалла цхьана редакторе гайта, чIогIа ког боккхуш кора тIе летта мозий меттах даьхна а, цуьнан синтем байа кхоьруш, оцу редакторан кабинета чу ваьллачу, вуьрхIийтта шо долчу къоначу поэтан санначу, ша-шех ца тешачу озаца Муслима элира:
– Марем, сан музыка а, кхалла хIума а ю, эцца... тховса цхьаьна Iе вайша?
ИоI дуьххьара ца кхийтира оцу дешнех, амма кIентан юьхь тIе хьаьжча, цуьнан бIаьргаша а, амато а мадарра дийца-м дийцира йоIана шена хезнарг муьлхачу маьIнехь аьлла. ТIаккха Мареман кхетам кхин цхьа а тайпа ойла ян а ца кхиира, цуьнан аьтту пхьарс генна тIехьа а бахна, есачу сени чохь, «зов-в» аьлла, гIовгIа а йоккхуш, кIентан лерга юххе тIара кхеташ.
Шеца хуьлург гIенах долуш санна хеташ, ша хIун дан деза ца хууш, Iадийна Iара кIант. Ткъа йоI дукха оьгIазъяхарна ега а еш:
– Хьанах тешош хилла аса сайн уггаре а еза ойланаш!.. – аьлла, сихха шен чу яхара.
– ХIара хIун ду? – ХIара хьаха ду, Iаббаз, хьуна лерга юххе тIара кхетар. –
Царах ца хилла-кх иза. – Хилла хьуна тIара тухучарах-м. – Хьажахьа, хIара юьхьIаьржо. – Дера ю йоккха юьхьIаьржо-м. Цунна-м со догцIена, дика ву моьттуш хилла. – ХIинца-м моьттур дац», – иштта,

цхьана гIийлачу драматурго «хаттаржоп» бохучу бустамца язйинчу пьесехь ловзучу шина актерах терра, Муслиман коьртехь хьийзара ши ойла.

Ша хIокхуиттех дийнахь мел лелийначух а, ша мел йинчу ойланах а, къона зуда ялийна кхузткъа шо кхаьчна воккха стаг санна, дохко а ваьлла, дIавижа вахара иза.

Муслим, цунна диканна, иштта цунна вуонна а, халахетар дагна чIогIа Iаьткъаш, мел пайдабоцуш бу аьлла хета бохам а кIиранах лелош, нагахь ша бахьнехь цхьанна бохам хилча, иза оцудийннахьехь къинтIера ца ваьккхича, буса наб а ца кхеташ долчу адамийн дукха доцчу тайпанах цхьаъ вара. Цуьнан амалехь и башхалла хилар бахьна долуш, цо шен ойланийн некъ, дахарх болу кхетам кест-кеста, шена а ца хаалуш, хуьйцура, ша нисвеллачу гоне а, хьелашка а, шех Iитталучу гIуллакхашка а хьожжий…

# ДЕНИСОЛТА

**Денисолта**[35]

Варш-юьртахь хуьлуш цхьа тамашийна хIумнаш дара. Юьртахойн маттана юкъадогIура дуккха а керла дешнаш. Масехшо хьалха кхуюьртара дIа а вахна, хьуьнхахь Iийнарг кхетар а вацара шайн юьртахоша дуьйцучух.

Иза цхьана юкъана Iадор вара, тIаккха цуьнан: «Со ваьлла теша хьера, я хIорш бевлла теша? Оццул дукха нах хьер а муха бовлу?.. Сой?» – боху ойла хир яра.

ТIаккха «Iа-а-а» аьлла, мохь а хьаькхна, ма-кхуьъу сиха ша схьавеъначу хьуьнхьа юха хьодур вара...

– Со, эцца куржоке рептици яханчуьра йогIура...

– Со а ю-кх избачтальни йоьдуш.

Избач чохь варий теша?

– Хаац. И хьан чуьрниг ТОЗе дIаязвеллий?

– ХIаъа. Селхана сельисполкомера депутат веана цо аьлча, дIаязвелир-кх.

– Тхо долчохь а вара сийсара буьйса йоккхуш пинагент.

– Вара? И галпеш йолу хеча ерг варий иза? Стомара налоговой агент веънера тхоьга, апраци чекхъяк-кха еза бохура цо.

Калош яра цуьнан кога юьйхина...

– Хьажахь, хьуна хезний БаIдуллин кIантах БахIех селкор хилла бохуш?Сийсара цо ирзерчуШамшакъех лаьцна газет тIехь язйина «Iораваккха ямартхо!» боху пилитон йийшира кху чуьрчо. Цуьнан ваша а ву боху комсолол...

– Хилча хIун дара иза, нехан берш НКВДехь а бу.

Оцу тайпана къамелаш дара юьртан массо а маьIIехь хезаш. Юьртара нах кхаа декъе бекъабелира: кулакаш, сириднякаш, биднякаш. «Кулак» бохучух чIогIа кхоьрура нах. Дош-м кхин вон а дацара, хазчу аьзнех лаьтташ дара. Амма и цIе йолчеран кхолламаш стаг хьоьгур волчух тера бацара.

Кестта и дош юьртара цхьаболчу нахана тIекхета кечъеллачу барзах тарделира. «Бидняк» бохудошшена дуьххьара хезча, Денисолтина цхьа боьха хийтира. Амма иза уггаре а тоьлуш дош хиллера: биднякийн гIо

дора керлачу Іедало. Ткъа кхуьнан доттагІчо, кхузткъашо хир долчу Хьамас кест-кеста олура: «ХІара дуьне биднякийн кара доьдуш ду». Денисолта а вара «бидняк», цу тІе «едноличник» а волуш. Кхуьнан долахь йиъ газа яра.
Ткъе итт шо кхочу кхуьнан, кхин бархІ бутт баьлча, зуда ялон хан шозза тІехъяьлла. Зуда ца йогІу цуьнга, шен доттагІ Хьама санна, зуда а ца ялош, къанлур ву бохуш, хабарш а ду наха дуьйцуш. Зуда-м кхо шена лаахь тховса а ялор яра. Делахь а, мил-милла а яло реза вац хІара: кхунна Келисат еза. ХІинца цунна хитІа вогІуш ву хІара. ДІо эвла йисттехь коьллаш юккъехь ду шовда. Аьтто баьлла кхуьнан: цушовдан тІе кІезиг оьху нах, Келисат-м йоьду цига, иза шайн цІенна уллохь долу дела.
Коьллаш юккъера схьа багахь беш хелхаран эшаран мукъам хеза Денисолтина. ТІаккха, коьллаш дІа а хилийна, шовданан йист гучуяьккхича, кхунна го хелха сетташ йолу Келисат.
– Ой, ахь хІун до, хьокханна гонаха хелхавийлина
РоІса санна?
– Ли-ла-ли-ли-ла-лила-ла-ла... – кхуьнга йист а ца хуьлуш, шен хелхар чекхдоккхуКелисата. – Со рептици еш ю.
– Оцу Завалу бохучу заббарис массо а хьерваьккхина кху эвлахь...
Цхьа кІира хьалха Завалуна хІума аьлча, ловр дацара Келисата, иза а ма вара кхунна тІехьийзаш, кхо шех ойланаш еш а. ХІинца бен а ца хета. КІира хьалха кхунна хиира Завалун гІали тІехь зуда хилар. Цул сов...
Кху юьртарчу нахе Завалус гуттар а олу: «Со шу боданера серлонга даха веана». Пхи-ялх де хьалха рептици еш, шайн Къарибатан пхьарс лаьцна аьлла, цуьнан вежарша, тІера хеча а яьккхина, «серлонга» ваккхаза витинера Завалу ша а, дуй а баийтина, баккхийчу наха маслаІат а дина. Цундела хІинца Келисатна бен а ца хетара Завалуна хІуъа аьлча а. И воцург кхунна тІехьийзаш, хІара Денисолта а тІехь, кхин а кхаа юьртара ялх кІантстаг ву, зударий балийнарш ца лерича а.
– Хьо хІунда веана кхуза?..
– Сой? Хьоьга цхьа хІума ала веана-кх.
– Схьаалахьа, ткъа.
– Келисат, хьо дагаеъча, Гуьржеха вахна, рема лалла дага а догІий, ламанца хьалаволало со. Юха сайн йиъ газа дага а йогІий, там бара со царах а вала олий, вухавоьрзу, – ша дийцинарг чІогІа хазахетий, велало

Денисолта. Ткъа Келисат ша оьгIазъяханчуха:
– Делахь, дIаIехьа, хьайн йиъ газа а лелош, – олий, дIаяха тохало. Амма эццахь дуьхьал эккхий, сацайо иза Денисолтас:
– Со лолда хьан, гIон елахь.
– ХIун боху ахьа ткъа соьга? – ела а къежий, шен кIудал охьахIоттайо Келисата.
– Кху сан даге ладогIахь.
– Кхин эшарш лоькхуш-м дац хьан дог?
– Ду, безаман эшарш ю цо лоькхурш, – олий, шен даг тIе куьг дуьллий, ши бIаьрг хьаббой, дIатоь Денисолта.
– Уьш-м кIордийнера суна...
– Ма аьллахь... Келисат, хи лохьа хьагвеллачунна,
IиндагI лохьа малхо воттучунна, дарба лохьа цомгашчунна...
– Хи эцца охьаоьхуш ду хьуна, IиндагI – коьллаш юккъе ма веллинехь; хьуна дарба дан со лор а яц, хьайх цамгар кхеттехь, жинашца тайначуПерина тIе гIо, цо, кIур а тоьхна, тавийр ву хьо.
– ХIан-хIа, хьан дарба бен дац суна хиндерг. Йолахьа соьга, Келисат.
– Со – хьоьгий? Ликбез чекх а яьккхина, кехат-пондар а локхуш йолу со, куьг яздан дезачохь пIелг теIош лелачу хьоьга, коьрта тIехь цхьа мас а йоцчу, къелла
«къикъ» бохучухьоьга, со, кхаа вешин йиша, шайн долахь берхIийтта бежана а, шиъ говр а йолчу кхаа вешин йиша, со – цIарна цIе а яхана йолу, кхаа эвлара ялх кIант тIехьийзаш йолу со?!. Ма ца хуьлу дара иза!
– Ма аьллахь, Келисат... Сан да ваханчу кашор, Келисат, хьо соьга еача, ахь бийр болуболх беша кIелара гIа дIахьакхар ма бу…
– КхидIа суна а хаьа ... «Аса оьгIазвахча хьуна туху дерг чIепалган доьалгIа дакъа ма ду, хьуна тIахьакхуссу берг – шекаран бIелиг…»
Моз санна мерза йолуш,
Адамашна езаш йоцуш,
И цхьа хIума йита аьлча,
И йиталур ярий шуьга?
Стим санна къаьхьа йолуш,
Адамашна езаш йолуш,
И цхьа хIума яа аьлча,
И яалур ярий шуьга?..
Ииш а сацайой, Келисата хотту:

– И яалур ярий хьоьга?
Келисата юьйцу «стим санна къаьхьаниг» шен гIуллакх дуйла хуучуДенисолтас хаддош олу:
– Дера, яалур яра.
– Яра? Елахь, и баахьа, – хатта тIе пIелг хьажабо
Келисата.
Вукхо, жимма хатт схьа а оьций, дIакхоллу:
– ЭхI, ма мерза а бу.
– Ватта, хьо хьера-м ца ваьлла. Хьо-м бегаш беш а ца хилла, ахьа-м цхьаъ дан тарло.
– Келисат...
Цхьаъ дийца гIерта Денисолта юкъахвоккху йоIа:
– Ткъа суна томана яла хьан хIумма а ма яц.
– Цунна гIайгIа соьга байтахьа.
– Делахь, дешица кхелина шаьлтий-доьхкий, туьма ахчий...
– Боккъалий?Аса тховса схьадахьахь?..
– Хьайна лаахь, хIинцца а...
– Моз даа хьан бето, соьга-м хатт баийти ахь.
Келисат дIаяйра, Денисолта хазахетаро Iадийнчохь а витина. ТIаккха, мелла а хан яьлча, иза эгIийча санна, шовкъе а оьхуш, хелха хьаьвза, багахь: «Хьо хилла аьтто, хьо хилла аьтто»... – бохуш, мукъам а беш.
ЦIеххьана саца а соций, цо ша-шега олу:
– Хьай, даьдиса хьан, Денисолта, ма мотт-гIайбий
Iуьллу хьан багахь! Аьтто-м хиллера, хIинца и шаьлтий-доьхкий, туьма ахчий мичара дер дара? Йиъ газа?
Царах-м хIун хир яра. Цкъа Хьама волчу ваха веза.
Цунна догIур-кха, шайтIанна санна, цхьацца хIума дага.
Учахь керт йоцчутишачу, лохачуцIеношна хьалхахь, малхбасе а хиъна Iа, тIехь цхарйоьлла[36] гIовтал а йолуш, когашIуьйра цхьа воккха стаг.
Иза Хьама ву. Цхьаболчара дийцарехь, иза хIинца а зудчух кхетаза ву, вукхара дийцарехь... Доцца аьлча, билггала бакъдерг хууш стаг а вац, цундела оцу декъехула болу талламаш хаддаза дIахьош буХьамин юьртахой.
Хьамина хьалха Iохку дохийначу сийначу шишанийн дакъош. Царах цхьаъ схьа а оьций, вехха цхьаннах чекх хьоьжуш Iа иза. ТIаккха корта а ластабой, гIеххьа чIогIа олу:

– Эйт, маржа-яI. ХIокху аьнгалех чекххьаьжча санна делхьара хьо дуьне... Сийна-сийна а долуш... Цкъа цхьана хенахь-м дара хьуна хьо иштта. ДIаевли-кх и хенаш... Ма сиха а евли.
Юха а ангалин декъах чекххьежа хIуттуиза, хаддаза багахь мукъам а беш:
Малх бу сирла кхетта,
УьстагIий дажа даьхкина,
Хи мала гIур ду уьш...
И йиш нийсса ткъе пхийтта шо хьалха Хьамас ша яьккхина яра. Оцудийнахь хьуьнхара цIа вогIучу кхунна хи тIе еана Садакъин йоI Пезилат гира, кхо цуьнца хаза къамел а дира, иза кхунна, малх санна, ела а къежира. И дIаяханчул тIаьхьа ша-шех йиш лакха велира хIара:
Малх бу сирла кхетта,
УьстагIий дажа даьхкина,
Хи мала гIур ду уьш...
ХIетахь дуьйна и йиш Хьамас ца локхуш цхьа де а дIа ца долура, оцу эшаро хIокхуьнан гIайгIанаш яййора, хIара мерзачу дагалецамашка воккхура.
– Де дикадойла хьан, Хьама, – цIеххьана шена тIехьа хеза Хьамина. Цунна дуьхьал жоп а луш, схьавирзича, шена гург ткъе пхиъ шо хьалхалерчуПезилатах тарло
Хьамина...
– Хьо араваьлла Iа...
– Ахь хIун до, Пезил... аьлча а, Ке... Келисат?
Важа елало:
– Куржоке йоьду-кх.
Катоьхна ангалин дакъа схьа а оций, хенаш техкош дIайоьдучуКелисатна тIаьхьахьежа хIуттуХьама, хаддаза шен йиш а лоькхуш.
– Хьама-а, ма къа ду хьан, зуда а ца ялош, къанвелла-кх хьо, – иза Iаха ву, Келисатан вежарех жимахверг.
Мехкарийн эшарш чIогIа локхуш ву. Цхьана а синкъерамехь мехкаршашайн эшарш дIа ца йолайо, тIаьхьара эян Iаха ца хилча. Iаха а ву жигархо, репетицешка а оьхуш. Хьамина кIордийна цуьнан Iовдал бегаш. Иза сара санна, вуткъа-лекха, цхьана когана таьIаш а ву.
– Ас зуда ца ялийна аьлла, хир ву хьо стаг ца хила гIерташ.
– ХIи-хIи-хIи! – воьлу Iаха. ТIаккха йиш лакха волало:

Баттал хаза ю вайн колхоз,
Малхал хаза ю вайн колхоз,
Заздоккхуш кхуьуш ю вайн колхоз,
Массо дIаязло колхозе...

– Хьо стаг елахьара, эшарш а лоьккхур яцара ахьа.

– Уьш-м ширчух бухадисна Iаьржа Iадаташ дара.

И дIавахна дукха хан ялале, Хьамина го шен цIеношна юххехула тIехболучу новкъа схьавогIу, йоккха гай а, даккхий мекхаш а долу«дурс» аьлла къонах.

Иза ву кху юьртахь Хьамина уггаре а ца безачу нахах цхьаъ. Келисатан воккхахволу ваша БIовтIа ву иза.

Цуьнан зуда ламчуьра ю, шен цIеШайлагIаз а йолуш.

«Боьха хIу даьржа боху, хIу бехдан воллу со» – аьлла, ялийна иза БIовтIас, ламчу а вахна. ШайлагIаз-м, шен майра бен, кхин дуьне гуш йолчух тера а дац. Цо гуттар а къамел: «Йакхуо сийсара бахура...» – олий, дIадоладо. БIовтIина уггаре а дукхабеза кхача бу етташурина чу кагйина сискал.

Хьама иза тIекхачале къайлаваьлча бакъахьа вара, амма хIинца тIаьхьависи. Цунна ги хIара.

– Во-хьо-хьо-хьо! Хьами-миска! Хьами-миска! Хьо хIун деш Iа кху ара хиъна?

– Со-м иштта дIа Iара. ХIорш хIун ю хьан?

– ХIорш хьаха ю дешица кхелина шаьлтанаш-доьхкарчий. Дохка дохьуш. Ахьа-м ца оьцухIорш, Хьамимиска. Во-хьо-хьо!Ма зуда а ялор яра-кх ахьа, Хьамимиска. Хьа-хьа-хьа! Бидняк! ЦIе-м шайна йогIург тиллинера шуна. ХIа-а, дIавала, Хьами-миска, дIавоьду со. Оцу шишан чухула хаддаза хьежалахь, хIун хаьа хьуна цхьа къайленаш гой а. Дуьненан къайленаш.

Хьо-хьо-хьо! Хьами-миска... ТIахъаьллачо дуьне дуу, важа бIаьра хьоьжу, хьо санна. Вохь-хьо-хьо, Хьамимиска, Хьами-миска! Кхин цхьа а къайле ян а яц хьуна.

Урамехь къайлаваьлча а хезаш ду БIовтIин: «Вохьхьо-хьо». И дIадайча, новкъа а хьоьжуш лаьтта Хьама, цIеххьана куьйгаш а лестош, къамел дан волало:

– Хьо ма чIогIа гIадвахна. «Хьами-миска, Хьамимиска». Хьох ма чIогIа эла хилла, иттехбежана а IаьIна.

Вала везарг массо а ву хьуна миска. Цхьадика, валаза висна а, я вуьсур волуш а стаг а вац. Цу тIе, хIара дуьне биднякийн кара доьдуш ма льтта. Ткъа со бидняк а ву-кх, едноличник велахь а, сайна тIера хеча бен, кхин долахь хIума а доцуш...
Иштта яппарш а еш, шен са метта а далийна, Хьама юха а шен аьнгалех чекхъхьежа хIутту, багахь бай-й мукъам а беш.
ЦIеххьана шена тIехьа, ша тергалвеш, цхьаъ тосало цунна.
Вухаверза а ца кхиавойтуш:
– Оссо-олом Iалайку-у-м! – олий, тIекхетий, мара а вуллий, хьовзаво Денисолтас иза.
– Ахь хIун до, лазаво ахь, охьавилла! – шега делла салам схьаэца а вицвелла, мохь хьоькху Хьамас.
– Хьо ма кура стаг ву, Хьама, салам дIаэца а ца вешаш... – кхин а лекха хьалаойу иза Денисолтас.
– Охьавилла ахь, тIаккха цхьаъ дийр ду вайшимма... Иштта... Ва Iалайкум солом... Хьо ма гIадвахна?..
– Цхьа хIума алахьа цулла а, Хьама. Оцу аьнгали чухула стенна хьоьжухьо, хIара дуьне иштта а хаза ма ду.
– Хьуна-м хазделлачух тера ду хIара. Дийцахь, хIун хилла?
Цунна жоп ца луш, Денисолта бохь богIа хIутту:
– Хьо хилла аьтто,
Хьо хилла аьтто.
ЦIеххьана соцуиза. ТIаккха:
– Зуда ялош ву хьан доттагI, – олий, юха а кхин а чехка хелхахьаьвза:
Хьо хилла аьтто,
Хьо хилла аьтто»...
Кхано иза сецча, Хьамас олу:
– Велахь, катоьхна схьаяло еза, катоьхна. Со, гой хьуна, кханий, кханий боххушехь виси хьуна. Со санна, велла дIаваллалц, едноличник а хилла лела ца лаахь...
Маржа Пезилат-яI! Ас мила юьйцу хаьий хьуна?
ДIо лакхахь, БIагина цхьайтта бер дина, Iаш ерг. IийтI, ма хаза яр-кх иза оцу дийнахь. Шуьрах, бедах йича санна. Мерза дара хIетахь дуьне, ма чоме, ма аьхна.
Оцудийнахьша-шех эшаршлекха делира сан дог. Соьга ян реза яц моьттура хьуна иза? Дера яра. Со лелла ца велир-кха. «Зуда муха ялайо, цIен тIехь етт а ца хилча?» Со етт эца шай-кай вовшахтоха

волавелира. Шо тӀехделира, кхин и вовшах ца кхеташ. Эххар а, догӀуш догӀа а долчу цхьана дийнахь Шуьйта-гӀала базара а вахна, етт а балош дӀавеанчу суна тхан лулахочо бькккхина кхаъ ма хаза цхьанна а стагана, сан мостагӀчунна а: «Пезилат сийсара маре яхана ца боху лакха юккъерчу БӀагига?..»
Со Ӏадийча санна, вехха лаьттира догӀанехь. Меттавеъча, соьга и кхаъ баькккхина йоккха стаг а, я сан етт а бацара гуш. Етт кертахь лаьттара, гӀодмаш дууш.
Со дуккха а лаьттина хиллера догӀанехь – гӀодмех йоккха мерцхаг яькккхинера атто.
Цул тӀаьхьа Хуланда а вахна, цхьана ламарочуьнца захало дийцира аса. Амма сан дакъазаллина вайн юьртахь дохнан ун даьржира. Сан етт белира. ТӀаккха, юха а... Иштта дӀадевлир-кха и шераш. Ӏовдал хиллера со, зуда схьа а ялийна, эца мегарг а ма хиллера и етт.
– ДӀадаьлларг дӀадаьлла, Хьама. ХӀинца хьайн доттагӀ а иштта висийта ца лаахь, дешица кхелина шаьлтий-доьхкий, туьма ахчий мичара дер ду дийцахьа.
– Уффай, – куьйгашца корта лоцу Хьамас. – Мила ю и кхаа ден вахар доккхуш йолуМаьлх-Аьзни?
– Келисат.
– БӀовтӀин йиший? Ликбез чекх а яькккхина, кехатпондар а локхуш йолу Келисаттий?
– ХӀаа. Хьо ма цецвели, со ледара кӀант хета хьуна?
– Цунах дукха дац, кхин уьттаза сов делча а, Пезилат санна хаза ю иза а.
– Пезилат санна, тов! Итт Пезилатахлур яцара аса...
– Ма аьллахь.
– Дика ду, хилийтахь и шиъ цхьабосса хаза. Томана хӀун до вайша?
Хьама шен аьнгалин декъех чекх а хьоьжуш, ойла ян вулу, синтем байна цунна гонахула хьийза Денисолта...
– Духалург деха а вац вайшиннан-м стаг!
– Деха-м вара, дехча дала вац-кх.
Юха а дӀатий ший а. Эххар Хьамас эли:
– Суна дагадеа, хьо дан вахьахь. Схьавоьл хьо суна юххе. ЧӀогӀа дийца йиш йолуш хӀума дац иза.
Хьамас Денисолтин лерга чохь шабарш до. Цецволий, Денисолтин ши бӀаьрг къаьрза:

– ДIавала, ахь хIун дуьйцу, иза мегар ма дац.
– Дича ца мегаш хIумма а дац хьуна хIокху маьлхан дуьнен чохь.
– Ткъа дIа муха дерзор ду иза?
– НаIа-м ас сайна тIелоцура, цунна сол воккха
Iеламстаг хета а ца хета.
– НаIига кхочуьйтур хьаха дац иза.
– Молланаш бахийтича?..
– ДIаваьллахь, цаьрга мича ладугIур дара БIовтIас, цомгаш хилчий бен, ламаз а ма ца до цо. «ХI-м-м», – ойла йо Хьамас.
– Комсомол вац-кх хьо, цара дора хIуъа а. А-а, вайн юьртда Азман ма яра буьрса стаг, наха «бисмилла» олучохь «революци» а олуш.
– Дера, суна иза Азманах кхоьру бохуш ма хезна.
Делахь а...
– Цо и гIуллакх дIадерзор ду-кх хьуна, хьо ТОЗе язлахь..
– ТОЗе[37] боху ахь, ЦIозе а-м язлур вара... ХIа, гIуо со, сайн хIун хуьлу хьажа. Кхунах гIуллакх хилахь, ас цхьа ворда дечиг а, цхьа ворда йол а йохьур ю хьуна.
– Дика ду, Солта, Iаьзина а шена диллинарг деза хьуна...
– Хьа-хьа-хьа!..
– Кхахь-кхахь-кхахь!
ГIадъоьхуш воьлу и шиъ, юкъа-кара Денисолтас:
«Iаьзина а тов», – а олуш.
Майра а велла, йисина Iачу Тоънис дечиг даккхийтина хилла дикка тоьаш воцчу Iаьзига, ша шен йоI Зелимат йоуьйтур ю хьоьга аьлла.
Дечиг даьккхина ваьлча Iаьзас аьлла:
– Схьаяийта хьайн йоI.
Тоънис, ела а елла, шеха аьлла:
– Вададай, Iаьза, ахьа хIун дуьйцу, ас бегаш ма бора.
– Цунах, хьаха, хир дацара гIуллакх, Iаьзина а шена диллинарг деза, – аьлла, вахна, хи тIера чуйогIучу Зелиматна тIекхетта Iаьза.
Охьакхеттачу кIудал чуьра хи
Iаьнна дIадахнера...
«Дика доттагI ву сан. Шен хазахетар а, гIайгIа а цкъа а ца хьулйо сох. Ша мел лачкъийна котам а, со волчу а вогIий, соьца юу. ХIун дийр дара аса, иза ца хилча?» – ойланаш йо Хьамас, Денисолта къайлаваьлча.

Паднара тІехь, чучча когаш а бехкина, етташуьри чу кагйина сискал юуш Іа БІовтІа, наггахь чІогІа там хуьлий «Іахь-хь» а олуш, шуьрех юьзна шен мекхан юьхьигаш, пхьош хьокхий, цІан а еш. Соне а хиъна, ши бІаьрг хьаббина, багахь цхьацца шабар-шибар деш, корта дІаса а лестош, Іа НаІа. Цуьнан коьртахь гуттар а хуьлуш болу, лергашдолу тиша куй бу. Цхьа лерг – хьарччийна чудиллина, важа – къийган тІам санна лесташ.
ЦІеххьана тийналла йохайо арахь чуьрадевлла летачужІаьлеша.
– ХІей, хезий хьуна! – мохь болу БІовтІига.
– ХІун баху ахь?
– Хьажа арахь мила ву.
– ХІанза хьажу.
АраяьллачуШайлагІазна го жІаьлеша юкъаверзийна воллу Денисолта.
– ДІадалу, хІай, дІадалу! – жІаьлеш дІадоху
ШайлагІаза. – Ватта, хьо вац ази, ва кІанат. Йокхо сийсара бахура, шена цхьа гІо гІанаш гойна...
– Со вогІу аьлла гур дац хьуна вон гІенаш, ша диканаш ца гахь.
– Аз-м иштти ца баху...
ТІаьхьа ШайлагІаз а йолуш, БІовтІий, НаІий волчу чуволу Денисолта.
– Во-хьо-хьо! – гІадвоьдий, велало БІовтІа.
ТІаккха шен веларна юккъехула олу:
– Хьо муха кхаьчна, ва кІунзал, ва бидняк – цІе-м шайна йоггІург тиллинера шуна, – хьо-хьо-хьо! – хьо муха кхаьчна хІокху сан акхарочо ког а баккхаза, олхазаро мас а тасаза болчу махка, ва Денисолти-миска!
– Со хІунда веанерий? ХІокху варшахойн махкахь, аьлча а, хІокху ерриге ДегІастанахь а комаьрша, оьзда, гІиллакхе, кхин цкъа а комаьрша стаг мила ву аьлла охьахиънера сой, Лакха Варшера сан шича Хьаьмбий.
Хьаьмби зуда ца ялийча ца волу. Дешица кхелина шаьлтий-доьхкий, туьма ахчий да аьлла хинйолчунесо. И духалург дала...
– Ас лур ду аьлла-м ца хета хьуна?
– Ахь ца делча, хьан лур ду иза, кху вайн берриге варшахойн махкахь, ерриге Нохчийчохь, ламчохь а, аренгахь а цІе йоккхуш хьо хилча, комаьрша а, оьзда а, гІиллакхе а, хьекъале а, кхин цкъа а комаьрша а ву бохуш?

– Во-хьо-хьо! – цо дуьйцучух там хуьлий, Iайг а буьтий, кад хьала а ойбий, шура молуБIовтIас. – Iахь-хь, лур ду ас хьоьга ахь доьхург, дуй...
– Ас дукха хьедолуьйтур дац хьуна, кестта аса юхадерзор ду хьуна иза.
– Цо юха муха дерзор ду иза, ша бидняк хилча, цIе-м диканиг-ю, Iи-Iи-Iий! – велар эккха НаIе.
– БIовтIин декхар схьалур ду хьуна. Кхуьнан ца хилахь, кхуьнан тайпанера схьадоккхур ду ас. ХIей, хезий хьуна, схьадал цу чуьра шаьлтий-доьхкий. И схьадаккхал со къонах ца хилча, сан цIе БIовтIа а хир яцара.
Шаьлтий-доьхкий, туьма ахчий кара кхаьчна Денисолта, малх кхеттачу дийнахь куй дIабаьккхича, шен кIунзал баьлла корта санна, къега.
– Ас кестта схьатухур ду хьуна хIара декхар, кхиахь, тховса а, я кхана...
– Во-хьо-хьо, цхьаъ дийр ду ахьа, Денисолти-миска, цхьаъ дийр ду ахь. Етташура молий ахь?..
ШолгIачу дийнахь Iуьйранна исс долу хан ю.
БIовтIина хьалха лаьтташ боккха кад бу, чохь етташури чу кагйина сискалш а йолуш: цунна хиъна Iаччохь наб кхетта. Цо дечу«хур-тIуро»юьзна ерригечоь. СадоьIуш ницкъ хиларна, цуьнан бага гIаьттина. Корах чухьаьжначу маьлхан зIаьнарш ловзу БIовтIин багахь.
ЦIеххьана чIогIа мохь болудехьачуьрчуШайлагIазе:
– Ва-а, вайги хIун кхачи, ва-а, вайги хIун кхачи...
– Во-о-о! – мохь болуш хьалаоьккхуБIовтIа. – ХIун хилла? ХIун хилла? Етташура Iаний ахь?
– Ца Iанайна, ца Iанайна, со ялли, со ялли...
– Ва хIун хилла, хIун хилла?
– Хази йоI яхан, сийсара, марай оцу кIанате...
– Хьаьнга-а?
– Селхана кху чу веначуьнга...
– ХIа-хI? Денисолтигий, оцу пас-пасей, вайн Келисаттий, ликбез чекх а яьккхина, кехат-пондар а локхуш йолу вайн Келисаттий?!
– ХIаъ. Йоршу яли тамуна.
– ХIа-хI, хIорш! ХIара ас духалург делла шаьлтийдоьхкий дац?ХIара туьма а сайниг ду. НаIа-а! Кхузахь юххера йист а яьлла. Во-хIо-хIо! ВогIий, схьаэккха НаIа:
– ХIун боху, хIун боху?

– Вайн Келисат Денисолте яхана, хьуна...
– Цуьнгий?Вайн ликбез чекхъяьккхина...
– ХIаъ, вайн кехат-пондар локхуш йолу Келисат.
ХIорш вайна юха а елла...
Шаьлтий-доьхкий, туьма ахчий девзинчуНаIин ши бIаьрг къаьрза, тIаккха цуьнан аьрру бIаьрнегIар деттадала долало, цуьнца цхьаьна лестадала долало НаIин чудиллаза дисина куйнан лерг а.
– Во-о!– тийналла йохайо БIовтIас. – Схьая сан тапча, схьая шаьлта, топ... БIовтIа хьаха вац шех чекх са гойтур долуш.
Воьдуш лаьтташехь герз дIа а доьхкуш, аратуьлу
БIовтIа.
– ...Хьама-а, дийцахь хIокху дуьненчохь харц некъ дIакхехьначарна муха Iазап дийр ду: жоьжахати чохь иштта дIа цIерга а кхийсина багор бу уьш, я ялгIу чохь кхорзур бу?..
– Уьш хьаха бу, НаIа, боккхачу яй чохь, цIийдинчу даьттан чу а кхуьйсуш, кхехкор.
– ХIийтI, маржа дуьне-яI! – шен тIунбелла мара гIовталан пхьош хьоккхий цIанбо НаIас.
– ЛадогIал ахь, НаIа, – гIийлла къамел доладо бIаьргаш а хьаббина Iачу Хьамас. – Делан лаамца бен цхьа а хIума хила йиш яц дуьнен чохь, цундела боху ас...
– Со-м реза ву, Хьама. БIовтIас хIун дийр ду ца хаьакх, – юха а шен мерах пхьош хьокху НаIас.
Оцу хенахь арахь гIовгIанаш йовлу. Хезаш ду
БIовтIин аз:
– Чохь дац бIиж, дедда. Амма сан карара-м дер дац!
Дела вазлор дац...
Йоккхачу гIовгIанца чукхаьчначуБIовтIина го Хьама.
– ХIахI, хьо хIунда веана кху чу? Яхийталахь, яхийталахь, дукха сихонца. Яхийта! – цIеххьана мохь болу
БIовтIига.
– ХIинцца, и сан куй...
– ХIара бу хьуна хьан куй, – мийра тухий, куй цунна тIаьхьабохуьйту БIовтIас.
ОьгIазвахна БIовтIа НаIина чукхоссавала кечвеллачохь вуьтуш, чоьхьаволу воккха ши стаг. Царах цхьаъ лоха ву, хIинцца къежъяла йолаелла, тукарца лергина маж а йолуш, важа – вуткъа-лекха ву,

цуьнан маж ерриге а къежъеллаю. Ишиъ гІеххьа дешна а, коьрта болх нехан дикане-воне эхар а болуш ву. Салам деллачул тІаьхьа кхин хІумма а ца олуш, цу шимма лерга юххе куьйгаш а дохкий назма олу:
Топ-тапчий йиттича, шура ма ца йогІу,
Зуламал тоьлаш ду гергарло, Делан лай.
Хилла дерг тІеэца, ца хиндерг дуьйцуш,
Нахала ма вала, хІай Делан миска лай...
– Іа-а-а, – олий, назма чекхйоккху чувеанчу шимма.
– ТІаккха, кхин хІумма а дуй? – БІовтІас шен оьгІазвахар хьулдо.
– Тхо цхьа гІуллакх дохьуш...
– А-а, гІуллакх... Могаш Іай шу, ларадой. Етташура молий аша?
– ХІан-хІа.
– Мерза-м хуьлу шуна, чу сискал кагйича. Сискал яша а ешийй...
– ГІоза юийла, тхо и гІуллакх дІадерзаде, аьлла...
– ХІа-а, и диталаш, шуна лаахь, ас латта охкур ду шуна.
– Ахьа латта ахка, тхан дІаволлаза висина стаг а вац.
– Иза дика ду, шу массо а могаш волуш. Етташура яийша, сискалца мерза-м ю шуна, ас гуттар юу.
– Тхо-м дІадоьлху, ахь тхайн иштта юьхь...
– ДІадоьлхушу?Шайн Іан йиш яцахь, дІагІо. Кхехкийна дакъийна жижиг дезий шуна? Мерза-м хуьлу шуна иза, тІе чорпа а молуш, ахьаран галнашца. Ца
Іийча хІун дийр ду шуна? Іодика йойла.
Хьеший новкъа а бохий, чувогІу БІовтІа.
– НаІа, хІара вайна тІекхаьчнарг шолгІа юьхьІаьржо ю. Иттех шо хьалха вайн девашас Пхьарас, шен зудчунна дугІуаьлла, чурт цхьана нехан стеган коша хьалха а доьгІна, юха иза лачкъийна бохуш, гІовгІа а йина, нахала девлира вай. ХІинца хІара... Цундела вай кхаамма: асий, ахьий, Іахассий – вайна тІера хІара юьхьІаьржо дІаяккха еза.
– ХІара ду-кх иза сингаттам шен беа пена юккъехь буьсу бохург.
– ХІаъ. Ткъа Іаха мича вахна! Іаха-а!
– ХІо-вай! – учара неІ а йоьллий, чоьхьаволу Іаха.
– Хьо мичахь лелаш ву?
– Со куржоке вахнера.
– Ва вайна хилларг хаьий хьуна, эшарш лоькхучохь дуй вайн гІуллакх?
– Цхьаьнга маре яха дезаш яцара иза а? Ткъа махтам Завалус, лелон ца оьшуш, ширчух бухадисна ду бохура.

– Хьий, хьо вахка оцу Завалуна! – Iайг кхуссу
БIовтIас Iахина тIаьхьа. – И хеча а ю хьуна ширчух бухайисна, иза охьа стенна ца юьллу ахьа? Хьо....
Эццахь бага гIаттийнчохь вуьсу БIовтIа, чуяьлла шайн юьртда Бачин Азман а гой. Бачин цхьаъ бен воцу доьзалхо – Азман хьахийча наха гуттар а кица даладо:
«Дика йоI тоьлу вочу итт кIантал». Азмана божарийн хорма а лелайо, хаьн тIе оьллина тапча а, цу тIе, хьаьжкIийн лоьдгех йина чIогIачу томкин цигаьрка а узу хаддаза. Иза зоьрталчу дегIахь, ерстина, Iаьржачу аматехь, «дурс» аьлла, гIе-метта хIоьттина къона зуда ю.
Iадийча санна Iен НаIий, БIовтIий тергал а ца веш, цIенкъа юккъехь дIа а хIуттий, цигаьркехбоккха кIур а боккхий, чIоггIа шена уггаре а дукхадеза дош олу Азмана:
– Р-ре-во-лю-ци!..
– У-у, – узар болу БIовтIига.
Кхин цкъа а цигаьрканах кIур а боккхий, Азман къамел дан йолало:
– БIовтIа, хьуо мила ву хаьий хьуна?
– Сиридняк. Кулак-м вац...
– Нийсса ши бежана хьан цIен тIехь хиллехь, хьох кулак хир вара, хIинца хьо сиридняк ву. Ткъа сиридняк мох хьаькх-хьаькхначу агIор теIаш, дIасалесташ йолу элемент ю.
– Со-м вац, Iаха ву хьуна иза, шен астагI а волуш, дIасалесташ.
– Хьо а ву. Цундела... Ткъа Денисолта бидняк ву, селхана дуьйна ТОЗехь юкъарчу бажана Iуналла деш а ву, иза оха хьийза а войтур вац.
– ХIан-хIа, Азман, цунах гIуллакх...
– Р-ре-во-лю-ци! Хьожуш хилалахь, БIовтIа...
– ОьгIаз ма гIохьа, оьгIаз, нах буьйлур ма бу тхох, – даьтта хьаькхна мача хуьлу БIовтIех.
– Стенна буьйлуш бу нах, йоI маре яхча?
– Цо тхуна делла...
– ХIа-а, нахе ма дийца ахь, и декхар хьайгара духалург даьхьна дара бохуш...
– Иза-м хIинцале а дийцина аса.
– Ас ахь иза хьайггара долийна хиллера, эр ду хьуна. Хьайга хаттахь, ахьа а изза ала.
Тийналла хIутту. «Зузз» до етташурина гонаха хьийзачу мозано.
Iахас йохайо и тийналла:

– Там-мах балар ширчух бухадисна Іаьржа Іадат...
Эццахь БІовтІин хьажаро батт дІакъовлу Іахин.
– Нийса ду. БІовтІа, оцу хьайн вешичул хьан хьекъал делхьара...
– Азман, цкъа мацах, – къамел дан волало хІинццалц вист ца хуьлуш Іийна НаІа, – цкъа мацах ТІуха бохуш цхьа стаг хилла-кхжІаьлеш доІуш. Сарралц и болхбина ша даькkхичу эппазах саба а оьций, цуьнца куьйгаш дуьлуш хилла боху-кх цо. Іи-Іи-Іи! Оцу ТІухин хилла мах бу-кх тхан хилларг а. Іи-Іи-Іи!
– ХІи-хІи-хІи! – воьлу Іаха а.
– Ах-ха-ха! – гІад йоьду Азман ша а.
ТІаккха:
– НаІа, ахьа далийна кица кхуза догІуш дац, кхечухьа далор ахь. Келисаттий, Денисолтий вовшахкхетар истори тІехь дІаяздина хир ду. Р-ре-во-лю-ци!
– Истори хІун ю?
– Историй? Цхьа хІума ю-кх, вайн нохчийн хьалха заманахь тайпанан цІерш дІаязъеш цхьа яй хилла бохукх. Цунах терра, кхудуьненчохь хуьлудаккхий хІумнаш тІе дІаяздеш цхьа боккха яй бу-кх.
– Цхьаберш цуяй тІе дІаязбахь а, вуьйшщучохь кхехка а бийр бу хьуна. Іи-Іи-Іи! – боху НаІас, тахана Хьамас шена дийцинарг дага а деана.
– Ткъа тхан Келисат маре яхар а хир ду цу тІе дІаяздина? – хоьтту Іахас.
– Дера ду. Иза а ма ду доккха хІума: тахана дуьйна дІадолало нохчашна юккъехь, там-мах ца луш, шайн лаамехь маре бахар – зударий балор. Тховса избачталнехь ерриге а юьрто хІоттор ду цІен ловзар. Р-ре-волю-ци!
Екхна аьхкенан буьйса юккъе яьлла. Хеза синкъераме эшарш, етта жиргІа, кхуьйсу герзаш, «хІорстоъ, хьовзае», – боху маьхьарий.
Юьртан цхьана маьІІехь:
– И хІун къапкъарс ду?
– Денисолтас зуда а ялийна, деш цІен ловзар дубоху избачталнехь.
– ЦІен ловзар? ЦІен коч йоцург чувоуьйтий цига?
– Хьаьжча, хуур ду-кх.
Юьртан вукхумаьІІехь:
– Денисолтас зуда ялийна, тов!
– Дера дина дан дезарг!
– Хьа-хьа-хьа!..

– У-у-хIу-хIу-хIу!..
– Кхи-кхи-кхи!..
– Вахь-вахь-вахь!..
Буьйлу нах. «Шшшшш» деш, дIаса а техкаш, юьйлу юьртана гобаьккхина Iохкучу аьрцнашна тIеевлла баьццара хьаннаш.
«Чхар-рр, чхар-р», – тIулгаш тIе а детталуш, кхийсалуш, доьлуш, охьаIена шовданаш. «Булкъ-булкъбулкъ», – иштта доьлуюьрта юккъехула охьадоьду ахк.
ЖIаьлеш а, боргIалш а, цаьпцалгаш а, пхьидаш а.
Ткъа беттаса, цкъа а ца даьллачукепара, самукъадаьлла, дерриге а лелина дIадахна екхначу стиглахь.

# НОВКЪАХЬ

### Новкъахь[38]

Эскарера отпуске вогIура жима стаг ГIовда, белша тIехь сержантан погонаш а йолуш. Январь беттан тIаьххьара денош дара доьлхурш. Саццаза ло оьхура. Генарчу ламанан кIоштара ерриге лайла а яхана Iуьллу
ГIовдин юрт, автобус лелачу некъана бархI километр юьстах яра, цига йоьдуш – Iаьнан заманахь-м муххале а – машен хир ю аьлла, сатуьйсийла а яцара. Цу тIе хIинца автостанцехь ши ког, шелбаларна, ловзабеш лаьттачу ГIовдина райцентре рожаца тIаьххьара яха еза автобус гIур ю-яц ца хаьара, иза автостанцерчу диспетчерна а ца хаьа дела. ХIетте а цхьанхьа бевзабезарш болчу буьйса яккха дIа ца воьдуш, тховса со цIа кхаъчча цIерачарна ма хазахетар дубохуш, лаьттара иза. Эххар а чамдий, тIоьрмиггий эцна, диспетчере шен хьалхалерра хаттар дан воьдуш, кхунна репродуктор чухула хезира: «ХIинцца дIайоьдучу автобусцаШ. юьрта ваха лууччо билеташ эца кассехула».
ТIаккха, боккъал чIогIа ша цIа кхаьчна ваьлча санна хаза а хетта, сихха шена билет эца вахара иза. Автобус, дукха хье ца луш, дIайолаелира. ГIорийначу, лайно къайлабаьккхинчу новкъахула автобус сохьтал сов яхча, шен чамда а, тIоьрмиг а такхийна, тIехьарчу Iойлера хьалхавелира ГIовда, охьавосса дагахь. Хьалхарчу гIантахь Iачу воккхачу стага элира:
– КIант, тхоьца хьала волахьа, тховса буьйса а яьккхина, кхана гIур ву хьо шайн юьрта.

– ХIан-хIа, воккха стаг, дика мел дерш догIийла, охьавуссур ву со, – аьлла, жоп делира ГIовдас, тIаккха вела а луш тIетуьйхира:
– Со цIа кхаьчча, мел хазахетар ду хаьий хьуна цIерачарна.
– Дера хаьа, хIетте а вайна дукха буьрса йолу дела бохура ас-м, – шен можах куьг хьаькхира воккхачу стага. Цунна юхехь Iачу хенарчу стага элира:
– ДIавалахьа, Къахьим, цуьнан хенахь вай хийла лелла хьуна, кхин а буьрсачу буьйсанашкахь хIара лаьмнаш толлуш...
Шопаро Варш-юьрта боьдунекъ чухьаьвззачу кхаьчча, сацийра автобус. ГIовда:
– Шун некъ дика хуьлда, – аьлла, охьавоьссира.
Хьоькхучу дарцо шен марахьарчийра иза. Буьйса
Iаьржа елахь а, арахь диллина ло долу дела, Органах баьлла, лам хадош ирх боьдучу некъан тача мелла а къасталора.
Шен чета куьг а дахийтина, цигаьрка а яьккхина, иза хьалалатийра ГIовдас. Цигаьрках баьккхина кIур чу а тоьхна, чамда кара а лаьцна, дIаволалушшехь, дарц санна шийла, цхьа угIар хезира цунна. Кхин а, кхин а, кхин а.
– Берзалой...
«ЦIе хала хьо белхан! ХIинца хIун дийр ду? Вухаверза йиш а ма яц. Хетарехь, Органал дехьа ма велли, цара суна го а бийр ма бу, – ойланаш йора ГIовдас. –
Вухавирзича а хIун дийр ду? ХIинца хьала я охьа йоьдуш машен а кхетар яц».
Иштта шина даггахь волу иза, меллаша юьрта боьдучу новкъахула дIаволавелира.
Йовха аьхке. Можа полларчий хьийза. Уьшал. Текхаргана бага йоьду, гIаггIаннехь Iеха а Iоьхуш, пхьид.
Стенна делахь а, мацах цкъа ша жима бер долуш шена гина и сурт дуьхьал хIоьттира ГIовдина.
«Ванах, и хIунда дагатесира суна?» – саца а сецна, ша-шега хаьттира цо.
Цул тIаьхьа, шен кхерам бойуш, ах-хозуьйтуш элира: «И берзалой-м генахь хила а тарлой, мохо церан аз суна иштта улло схьакхехьарх».
ЯахIума йиъна а бевлла, дIабийша кечбелла Iаш бу доьзал: гIеххьа хенаро дай-наний, пхийтта-ялхийтта шо кхаьчна йоI, ворхI-бархI шо кхаьчна кIант. ЙоI меттанаш охьадехкина яьлла, дас кхерча, буьйсанна

чоь шел ца ялийта, йоккха гуьйриг туьллу. ХIинца нанас, уча а яьлла, чIуг дIатосур ю, тIаккха уьш дIабуьйшур бу. Оцу заманчохь учара неI а цIевза, тIаккха тIера лош охьаэгош латтах еттачумачийн гIовгIа а хеза. Уча аралилхинчу чуьрачара маравуллий, чувуьгу шайн арме вахна хилларг. Массо а цецваьлла, хазахетта ву. Нана сихха цIе хьалакъаго йолало, йишас ша охьадехкина меттанаш хьалаоьцу. Жимахволуваша вукхуьнан хьалхара значокаш схьайохуш, шен куча тIе летош.
Ткъа дас, дикка талой, баьрчехь охьа а хуий, олу:
– Схьадийцал, кIант, айхьа идийна некъаш…
Цхьана юкъана и хила тарлу сурт дага а тесна, берзалойн угIар а дицделла, Органах а баьлла, чIуг етташ ирх боьдучу новкъа гIеххьа (цхьаъ-ах километр хиллал) хьалавахара иза. Берзалой ца угIуш мелла а хан елира. «Уьш-м адамех кхоьрура, адамашшайхчул а чIогIа». И ойла а йина, дикка сапаргIат а даьлла, шен болар сихдира ГIовдас. Амма некъ ирх тIе а баьлла, гIеххьа нийсачу меттехула дIаболабелча, берзалойн угIар сел уллохь а, сел чIогIа а хезира, ГIовдас, дукха кхеравелла, шен карара чамда «гIоп» аьлла, лайла охьа а йожош. ТIаккха иза, шен чамда а эцна, ма хьаддалу сиха новкъа хьалахьаьдира. Амма дукха гена валале, хьалххахь цхьана берзан йиш-маIаш а, цо вовшахъеттачу цергийн гIовгIа а хезна, вухаверза дийзира, тIаккха нийсса тIехьа а хезначу берзан угIаро ша волччохь сацийра. «Го беш бу-кх суна!» – кхерам иккхира даг тIе. Амма цунна оцу хаамах теша-м ца лиира. ХIетте а дийзира. Гобаьккхина бIаьрг тоьхча, кIайчу лайлахь дикка къаьстара масех берзан гIаларт. Боданехь хаалуш къегара церан бIаьргаш. «КIегий санна, догу-кх церан уьш», – дагатесира, ша тийналлехь Iохку хьаннийн хотеш екош:
– Во-о-о! – аьлла, мохь тохале.
Амма цунна сел чIогIа хетта и мохь, адамаш дехачу дIа ца кхочуш, дуьхьал хьоькхучу мохой, дарцой нийсса бIостанехьа дIа а баьхьна, Органан гIовгIанах а тоьхна, байира. «Мегара со кхузахь кхара хIаллакван», – ойла хилира цуьнан кхетаман кIоргенехь. «Цхьаъ дан ма деза, орца даккха деза», – хьалхарчуьнца цхьаьний еара иза а.
– Во-о, орца дала, орца дала...
Ткъа берзалой-м шек яцара хIокхо мохь хьекхарх.
Кху арданго хIума яаза масийтта де даьллера, диъ де хьалха гоьллец догIучу лайлахула чехка дада ца делла лу, цхьацца дакъа а йоккхуш,

хIаллакдар ца лерича.
Мацалло берзалошна бицбинера хIинццалц шайна адамашкара хетта кхерам. Царна хьалхарниг адам
(«шина кога тIехь лела буьрса экха») дацара, кхача бара.
Цундела уьш и шайн кхача, хьем ца беш, чекхбаккха дагахь а яра, цо шайн мецачу чуошна мелла а хьаам баре са а туьйсуш.
ГIовда, шена тIекхаьчначух теша ца лууш, амма хьалхалера Iадор дIа а даьлла, дан дезачух, цIе хаьлча санна, ойла еш вара.
«Ванах, кхузахь хIокхара ваа мегара со. Делахь, иштта, со санна арахь а висна, цхьа кIант, этгаш чуьра ши ност бен ца юьтуш, виъна бохург бакъ хилла-кх. Хьалха и цхьа туьйра ду моьттура. «Мичара, кхузахь муха хир ду берзалоша стаг вууш?! Хила йиш яц!» Цу кIентан ши ност дIайоьллина бохур-кх, докъан метта, кешнашка а яьхьна... Уыш-м хIинцца тIекхочур ю – эхI, йоцу ахтомат... ХIийтI, ма цаца бийр бара аса. Го гатлуш бу, хIун дийр ду... Ура-атталла дечиг а яц, тIевала».
Дечиг-м яра, генахь яр-кха, цхьа бIе ах бIе метр хиллал. Цигахь бокккха хьуьнан кхор бара, цул дехьа-м хьун дIайолалора. ГIовдина дага а ца деара, дуьххьара борз хаа ма елли, цу агIор дIа а ведда, цукхура тIе вала.
Ткъа хIинца тIаьхьа дара, кхор берзалоша бинчу гонна арахь биснера.
«ХIун дийр ду? – «Гарранехь» вовшахъетталора цергаш. – ЦIе лато еза-кх! Стенах?ХIокху чамди чуьрчу хIумнех!.. Уьш яьгна евлча хIун хир ду? Цхьаъ дийр ду-кх. ХIун цхьаъ?ХIун бен ду, хIуъухилча а, тIекхаьччахьана хуур ду-кх. Дан и цхьаъ ца хилахь? Дан и цхьаъ ца хилахь?.. Ца хилахь, хIун хир ду?.. ХIумма а?.. Мохь хьоькхуш, велхарх даций тIекхета хIумма а.
Цхьа некъ лаха беза-кх... цкъа хьалха хIокхарах цIе таса еза».
Чамда дIа а йиллина, цIетухургца цу чуьрчу хIумнех цIе тесира цо. Кхо шен вешина эцна, некха тIехь охьатохарх леташ воллуш ши турпал волчукучах хьалалетта цIе хьоькхучумохо цкъа дIаяйаза йисира, амма цIе цу моха кIел ца соцуш, кхин а серлаяьлла, чамди чуьрчу кхечухIумнех а дIаийра. ЦIаро серлаяьккхинчу меттигна дехьа – Iаьржа бода, шена юккъера схьакъегаш берзалойн масийтта бIаьрг а болуш. Уьш-м дIаяха дагахь а яцара. Бакъду, цIаро уьш совцийра шайн «кхача» сихха дIа ца кхоллуьйтуш. «Амма цIе даим а лаьттар ма яц, иза дIаер ю, тIаккха…» Иштта кхета мегар дара боданера

схьакъедачубIаьргийн хьежарх, нагахь царна чохь цхьа а синхаам бан а белахь.
ГIовда цIарна улло а хIоьттина лаьттара, кест-кеста и къега бIаьргаш долчу а хьожуш. «Маржа яI, йоцу ахтомат, мачан туьйсуьйтур яра шуьга тIаккха... Топ мукъна а елара...»
Меттахь хьацарх вуьзна Iуьллу хIара, дагар шовзткъа градусна герга а гIоьртина. Дуьхьалтуьйсу тайп-тайпана хIумнаш. Ма тамашийна дара и гIенаш…Цхьа боккха-боккха налха, и боккха хуьлуш, и боккха хуьлуш, и боккха… И боккха мел хили, кхуьнан садукълора. Эххар а цу налхах хили кхуьнан корта, кхуьнан корта бу-кх боккха, боккха. Дайл боккха.
(Цкъа мацах лайткъадаран буса цхьана зудчо шен кIентан дукха жима болу корта боккха хилийта аьлла боху-кха. ТIаккха и боккха хилла боху дайл а…)
Кхуьнан корта а бара хIетахь дайл, шина дайл, кхаа дайл а боккха… ХIара пIелггал бен вацара. Ткъа корта дуьненнал боккха хуьлуш лаьттара. Иштта хила йиш-м яц.
– Нана! На-а-на! – гIеххьа меттавеара. Коьрта тIе куьг а диллина лаьттара нана. Цо кхуьнан йовхачу беснеш тIехула бIаьргех оьху хиш, шен йовлакхан тIам а хьоькхуш, дIадохура.
– Нана. Ва-а, на-а-на, – и цхьа геннахь хеталой, мохь туху кхуо.
– ХIун боху ахь, со кхузахь ма ю, – олу вукхо.
– Нана, цхьа хIума ю-кх со вуьйш…
– ХIун хIума ю и? – хоьтту нанас юха а.
– Цхьа йоккха, йоккха хIума…
– Хьажал, ГIовда, – иза дадас боху, иза а хилла кхузахь лаьтташ. – Хьажал, аса ягайо хьуна и хIума.
Цо боккъал цIе а тосу цхьана хIумнах. Иза кхунна воккхахволчу вешех Махьмудах тарло.
– Ма вагаве, – цIогIа долу кхуьнга.
– Мила? – хоьтту цхьамма. И хьенан аз дара?
– Махьмуд ма вагаве!
– Махьмуд ма вац хIара, БIоба ма ю хIара…
– И йоккха хIумий?
– ХIаъ…
– Иза ягае…
Йогуш ю йоккха хIума. ГIеллуш дIайов цуьнан цIе…

«ХӀара сан цӀе а ю дӀайовш… Берзалой а ю шайн кхачане сатуьйсуш. И ду хаза, со, Варш-юьртара Ӏабин СоӀдуллин кӀант ГӀовда, танкийн эскаран сержант, хӀокху берзалойн – цхьана акхачу акхаройн кхача хила безаш хилла-кх. ХӀунда?.. И хила йиш ма яц! Яц? Иза хуьлуш ду, я латкъам бан меттиг а ма яц. Кхузахь дерриге цхьа башха кхеташ ду: мецачо, ницкъболчо гӀийланиг вуу».
Сирла классаш. КӀайн кир тоьхначу ишколан сирла классаш. Керла хьаькхначу басаран хьожа йогӀу парташ. Хьехархо:
– ХӀара А ду, иза Б ду. Иза парта ю, хӀара пен бу…
Дика ду. Оцу хьалхарчу парти тӀехь Ӏачунна ма дика а хаьа иза парта юйла, важа пен буйла а…Бант ма хаза а ду цуьнан. И ца хууш Ӏаш-м со а вац хьуна.
ХӀетте а, цхьа хаза-м ю и. Сан санна, мачаш а ю цуьнан.
Экскурсе доьлхуш ду тхо. Схьаял и горн. Ца ло ахь?
Лур ю ахь-м. Диках лекхначунна лур ю боху хьехархочо. Диках-м ас локху. Лакха а лекхи. Со хьалхавели, сайн горн а лоькхуш. Эшаршка яьлла ека хьун. Зезагаш ду шортта, хьайна ма дезза. Тхо тайп-тайпанчу ловзарех ловзу. Тхо «Маьлх-Аьзнех» ловзу. «Маьлх-
Аьзни» и хаза бант долу, дика хуу йоӀ къастий массара а. Цунна зезагаш дан деза массара а (кӀенташа).
Ткъа иза цхьаьнга йистхила еза, цо цхьаъ къасто веза.
ТӀаккха Маьлх-Аьзниний, цо къастийнчунний гондӀа хелхарш а деш, эшарш а лоькхуш, царна шаьш гулдина зезагаш кхуьйсур ду массара.
«ХӀетахь оцу йоӀа а-м къастийра массарна а юкъахь. ХӀинца хӀокхуберзалоша санна. Ас тховса гӀалахь буьйса яьккхинехь, хӀун дийр дара аша?Мацалла лийр яра? Я соШ. юьрта хьалавахнехь?
Иштта-м цхъа а хӀума а хир дацара, цул хьалха кхин цхьа хӀума ца хилча.
ХӀетахь дадас и йоккха хӀума ягийча-м, моьттура кхин цхьа а къиза хӀума дуьненчохь хир а дац. ТӀаккха со, и дагара дӀа а даьлла, самалха а даьлла, товелира.
ХӀинца хӀара берзалой...»
ХӀумнех латийна цӀе цкъа гӀеллуш, юха серлайолуш, йогура. И гӀелъелча, я мохо дӀаяйа хьовзийча, хазахетий къегара цӀарна а, цунна уллохь лаьттачу стагана а тӀехьажийна масийтта бӀаьрг, церан дайша гӀигӀ доладора, меллаша тӀе а таьӀаш. Амма эццахь, и цӀе кхин а серла а йолий, шаьш хьалха хиллачуюхатаьӀара берзалой.

ГIовдинашен дахарехь хиллачумехалчу гIуллакхашца цхьаьна дагаоьхура мел жима, пайдабоцуш хета а хIума. Иштта, цо велла воккхахволу ваша дагалоьццушехь, цунна дуьхьалтесира цкъа ша жима волуш, хIотталц буьрканах а левзина, хьагвелла, вохвелла ведда вогIуш лаьтташехь, ахка тIе бертал а воьжна, хи малар а, оцу хин хилла уьшалан чам а.

«Махьмуд... ХIиннца сол вар-кха хьо леш. Теша ца лаьара хьо велла бохучух. Мел дика доьшура ахьа ишколехь а, тIаккха институтехь а, корта лозуш хуьлуракха гуттар а. Ткъа нанас гуттар: «Махьмуд, дукха ма ешахьа… киншкаш, цундела ма лозу хьан корта», – олура. Махьмуд, хIара суна-м бен а ца хета хьуна.

ЦIерачарах къахета-кх. Хье чу цIий хьадар бахьнехь велла», – иштта аьллера лоьраша...

БархI класс чекхъяьккхина, экзаменашна кечам беш ду тхо. Литературин хьехархочо (эхI, и гIарагIулеш, гIарагIулеш… сенчу стиглахула бIаьста а, гурахь а…) тIедиллира массарна а, «мила хила лаьа суна» боху сочинени язъе, аьлла. Язйира ас: «Суна гIишлошъярхо хила лаьа, лекха цIенош дан. Уьш дина девлча, хIоранна чу а воьдуш, хIора доьзалан дега хIорш хьан чоьнаш ю, ирс-аьтто болуш дехийла шу ала»…

Оцу йоIа-м яздинера: «Суна киноактриса хила лаьа». Яздарх ма ца тоьа, хила веза. Цунах-м ца хилира цхьа актриса а, со Ш. юьртахь уьтталгIачу классехь доьшуш волуш и маре яхара. Ас-м цунна бехк ца биллира. Ас цуьнга сайн дог-ойланех лаьцна хIумма а ма ца элира. Ткъа йоIана тIекхаьчча, цIий а велла дIаваларх ма ца тоьу. Цхьаъ ала деза, боккъал а, гIенахь а ца олуш.

Ткъа хIетахь – О-о, и бIаьстенан буьйса… хьоькху мох… догIа а деъна, серлаяьлла анаюх… – суна-м и маре яхар иштта чIогIа хала а ца хийтира. ХIунда аьлча, уьтталгIачу классехь а ма яра йоца ши чIаба а лелош, сийна ши бIаьрг болуш йоI. Иза хIинца цхьана институтехь ю. Со а гIур ву…

ГIур ву! Хьо берзалойн «кхача ма бу.

Хийлазза ала-м олура нанас хIетахь интернатехь волуш а:

«Кхин ма воьллахь буьйсанна цIа, экха тIеIотталур ду хьуна». ХIетте а ван-м вогIура. «Гурт-гурт», «гуртгурттанехь» детталуш дог а долуш. Экханах-м кхоьрура, хIетте а и цхьана геннахь, ворхI ломал дехьа долуш санна хетара. Ткъа иза-м кхузахула лелаш хилла.

«Вайнах» дохьур ду, аьллера аса... Со тахний, тахний цIа кхочу бохуш, Iийна хир бу цIеранаш.
Шуьйра аре ю Iуьллуш. Танкийн Iамораш. Сан дахарехь дуьххьарлера. ХIетахь-м ас тIехдика туьйхира сайн снарядаш. Цхьа а «мостагI» кIелхьара ца велира сох. Дуьне кхоьлличхьана адамаш «мостагIий» байа гIерташ, девддий, хьаьвддий лела. ХIетте а кхачалуш-м бац уьш. ЧIогIа нуьцкъала Хиросимина тIетоьхна бомба хилла.
Аьхка бежнаш дажо оьхуш... ма екхна яра хIетахь стигла... Хьуьнхахь бIаьста цIазамаш хуьлура дуккха а.
ХIинца-м бIозза сов ницкъ болуш ю боху. Нах хIаллакбина ца Iаш, дерриге а дуьне хIаллакдан ницкъ болуш. ТIаккха хIун хир ду? Цхьа а адам доцуш, латта а доцуш?
Хьуьнхахь аьхка мангал-комарш а хуьлура. Ма шийла дара и хи, цергаш а лахош…
ХIун хилла теша адамал хьалха, латтанал хьалха?
ЭхI, и гIарагIулеш. гIарагIулеш… сенчу стиглахь, бIаьста а, гурахь а…
«Хьанна дагадогIур дара со иштта лийр ву бохург.
Оцу наьрт-аьрстхоша-м, наха ниха молучохь, цIаста молуш хилла. Со иштта онда велахьара хуур дар-кха.
Ас и хIора борз, цIоган тIера а лоцуш, кхуссуш, дIо лам буьххье йоккхур яра. ТIаккха хуур дарахьуна адамахлата еза ца еза. И куй хилча дика хир дара. И дIа а тиллина, дIагIур вар-кха. ТIаккха лелар яра хьуна хIорш. Цергаш хьекхош. ХIан-хIа, тIаккха-м царна хьожа кхетар яра сох. Цулла лакха и зурма елахьара, хIокхарна массарна а наб кхетийта... Везан Дела, воккхан Дела, кIелхьараваккхахь со хIокхубалех. Шен хан ца кхаьчча, стаг ца ле ма бохура оцу йоккха маж йолчо. Ткъа нагахь сан хан кхаьчнехь?ХIай веза хилла волуДела, ма кхачийтахь сан хан. Ас хIинцца мел а лур бу эвлаяашна,
Деле сайна гIодар доьхуш. Суна-м диц ца делла, нана, ахьа Iамийна къулхьанаш, бисмилла а, аяташ а...
...Султанна йохьуш йолу коч а еги. Дера еги.
Гурахь, дохк долчу дийнахь, хьаьмцаш баха оьхуш.
Йиситина дохьуш долу нейлонан йовлакх а деги. Иза оьцуш ма елакъежира и йохкархо. Ас йишина оьцуш доцуш, кхечунна оьцуш ду моьттура цунна. Кхечунна дохьуш долу совгIат а деги. Кхана цуьнга шовдана йисттехь ког хьекхийта дагахь ма вара хьуна кIант-м.

И кхиерг стохка бархI класс чекхъяькkхина яьлла, хIинца вуьрхIийтта шо кхаьчна йолу Эниса яра. ГIовдас ша арме ваха цхьа кIира дисча бен тидам а ца бира цуьнан. Эвлана юьстахо, хьун дIайолалуччохь Iаш бара
ЭнисагIар. Цига цкъа керт ян серий даха вахча, шайн кетIахь йиттина хIумнашхьалаухкуш йоллуш гира цунна иза цхьа тамашийна, хьалха санна а ца гуш. ХIара волчу агIор букъ а берзийна лаьттара иза. Карара йиттина коч я кхин хIума сера тIе дIаолла хьалакхевдича, цуьнан дегI шен хазалла кхин а бIаьрла йоккхуш озалора. Ишта а юткъа гIодаюкъ кхин а готта а хеталора, ткъа месаш хIораза а, хIума дIаоьллина а яьлла, юха и охьанислуш, бай-й хьоькхучу мохехь мах-дечган патарш санна, лестара.
ГIовдина иза цхьанхьара еана хьаша ю моьттура.
Амма и схьайирзича евзира, йоIана хIара а вевзира.
Иза, кхуо ша тергал йинийла а хиъна, охьатаьIна, цIийелла чуяхара.
ГIовда а вахара оцу суьйранна цIа. Амма шен эскаре дIаваха дисинчу кIиранчохь тIахъаьлла хьаьвзира иза: цо йоIера дош даьkkхира, цIа валлац шега хьежа аьлла.
«ХIинца со цIа валлац хьежахь-м, ехха хьежа дезар ду хьан. Кехаташ кест-кеста хIунда ца яздо бохура.
Дера, кIиранах цхьаъ-м яздора. И сан кехаташ дагадахьара цо.
Кхечуьнга а ца гойтуш.
Туьйранахь санна хIунда дац-те хIара дахар. ХIокхара тховса со хIаллаквича а – даьIахкаш-м тIаьхьаюьтур ма яра – кхана стаг денвещдолухи а хьаькхна, юха денвийр ма вара со. «ЭхI, ма дукха вижина
Iилли со», – аьлла, хьалагIоттур вара. ГондIа лаьтташ дадий, наний, Йиситий, Султанний... хIаъ, иза а хир яра.
Туьйранах теша воьлла-кх со. Ма хаза а ду. Вахьхьа-хьа.
ЭхI, и гIарагIулеш, сенчу стиглахь… гурахь а, бIаьста а…
Со хIунда вац наьрт-аьрстхо? Со хIунда вац турпал? Иштта воцу дела вац-кх. И берзалой уьстагIий хIунда дац?!»
Эццахъ гIала боьдучу новкъахула охьайоьдучу машенан серло кхийтира ГIовда лаьттачу метте.
– ХIей, со а вигахь! – цIогIа туьйхира ГIовдас.
Амма серло, некъо голатухучохь машен дIа а хьаьвзина, кхуьнан мохь а бале, дIаяйра. Оцу серлоно кхин а марсаяьkkхира дуьнене йолу

марзо. Цунна дахар тIе ца кхачалу, амма ша цуьнга чIогIа сатуьйсу меттиг санна (кIад а велла, хи чу воьдучунна гена йоццуш го хIорда юккъера тIехь дитташ а, стоьмаш а, цIазамаш а долу гIайре муха хета? – Ишта) хетара. Иза цунна хIинца дан а дара ишта.
– Шуюзур ма яц сох, суна ваха ма лаьа, ваха лаьа...
ЦIе гIелъелла, дIаян гергаяхара. ТIаккха цо шен тIоьрмиг дIа а баьстина, цу чуьра кетар схьаийцира. Иза дена йохьуш яра, цо тIаьхьа ахча а тесна. Вехха лаьттира ГIовда, иза ягае, я ма ягае ша бохуш. Иза ягийча, цуьнан хан мелла а яхлур яра. Ца ягийча, кхана кхуза баьхкинчарна тIоьрмиг чохь кетар карор яра. Эххар а ойла хьалхарчунна тIехь сецира: «ХIун хаьа, хIорш ягочу хенахь цхьаъ хуьлий...»
«Энисица малхбалехьа долчу цIа чохь хан йоккхур ю бохуш ма вара. Иза а дIадели хIинца... Гучуволуш лаьтта хьо, ГIовда, тIаьхь-тIаьхьа. Ва-хьа-хьа. Хийла халонаш лайна дадас, нанас. Ас-м хIумма а ца лайна.
Мацалла лайна цара. ТIеман хала шераш. Эшийна цара и халонаш. Ас хIумма а ца эшийна. ХIинца чаккхе… хIинца чаккхе…ХIун бен ду, мухха хилча а, цхьа чаккхе ю-кх и.
ЭхI, и гIарагIулеш… гIарагIулеш… сенчу стиглахь… гурахь а, бIаьста а…
Дера ду бен. ХIокху акхачу акхарошка а ца воуьйтуш, цхьанхьа цхьа сийлахь-доккха хIума къуьйсуш валар ловзар ду. Кхузахь иштта дIа, берзалойн кхача а хилла, хIаллакьхилар…я каш а, я дакъа а доцуш, ши ког бен биса а ца буьсуш.
ГIеххьа гIуллакх ду и-м! Эниса… цуьнга кехат дитча хIун дара техьа?»
Тов хьийзо аьхке. Хьун. ХIара хьуьнахула схьавогIу, ги топ а тесна. Генахь доцуш ду ЭнисагIеран цIа, хIинцца хIара хьун кхача ма елли, гучудер ду иза. Цкъа хьалха хи мелча бакъахь ма дара. Эцца ахка тIера, чахчари йолчуьра.
Хи чахчари хилла бердах чукхийсалуш, шерачу тIулгаш тIе детталуш цинцашкахь духучохь луьйчуш йоллу иза. Диттийн гаьннаш юккъехула чукхеттачу маьлхан зIаьнарша къегадо цуьнан дегIан айадаларшкахь севцца хин тIадамаш. Малхехь къега духучу хин цинцаш а. Шен лийчаран теш хIара бердаш, царна тIеевлла хьаннаш, гIашюккъехула чукъеда малх бен бац моьтту. Иза кест-кеста чахчари

буха хIутту, шен дерриге а долчуьнца йолу йовхо оцу хиэ яйийта гIерташ санна.
Iаьржачу буса набарх ма велли, нуьцкъала электрически стогар хьалалатийча санна хийти, и цхьалха хазалла гича. Когаша ла ца догIахь а, иза ша шел тулуш, сихха дIавоьду цигара.
«ХIунда дуьту цуьнга кехат? Цуьнга суо дагалецийтий? Соь хIун кхочу, цо эрна сингаттам лелабарх. Шен ирс лаха деза-кх цо…ХIетте а со воцуш, цуьнан ирс… муха хир ду? Иштта дIа хир ду-кх…кхин хьо хийца ца тарлуш-х ваций?..»
«КхоалгIа дуьненан тIом баккха гIерта Пекин».
ЭхI, и гIарагIулеш, гIарагIулеш… сенчу стиглахь… гурахь а, бIаьста а…
«Буьйсанна а, дийнахь а, гуттар а машарна хехь лаьтта вайн салтий!..»
Ткъа нагахь, термоядеран тIом баьлча?Массо хIума а хIаллакдеш…
ХIун хир дара тIаккха?.. ХIумма а хир дацара. ХIумма доцуш муха хуьлу?.. Нагахь иштта тIом баьлча, хIорш, хIара берзалой а лийр яра. Со а. Кхин сан ши ност схьа а эцна, барми тIе а йиллина, дакъа санна кешнашка а яьхьна, дIайолла стаг а хир вацара. Я суна тезет хIотто, назма ала стаг а хир вацара. И Ахьмин
Iаднан машенца бердах а вахна велча, цуьнан чурта тIе машен йиллира. Сан чурта тIе хIун юьллур ю теша?
Борз юьллур ю-кх…Вахь-хьа-хьа. ХIан-хIа, хаза-м дукхи, хIара дерриге а Iалам лардан эскаре вахна со, I метр 85 сантиметр локхалла а, 72 кийла йозалла а йолуш волу со, хIокхеран, хьекъал хIун ю а ца хуучу акхачу акхаройн кхача хир бу бохург. Шаьш акха елахь а, «кхача» муха баа беза хаьа бохий аш?.. Иза-м суна а хаьа, шуна хаьий? Шайн тайпана нах оха а буу боху аш?Иза а бакъ ма ду. Шайл тхо акха ду бохуаш?И бакъ дац. Адамо цIенош до, хьаьжкIаш йоь, ткъа аша хIума йохор, яар бен, дешхIумма а дац. ХIетте а шаьш Iаламна доккха зен ца до боху аш, дуьне а, дерриге Iалам а хIаллакдан гIерташ а тхо ду боху аша... Иза а бакъ дац.
Бакъ дац. Уьш тхан тайпана бац, уьшшун тайпана бу.
Шина кога тIехь белахь а. Бу, бу... Аш-м цкъа а ойла ма ца йо. Оха йо боху аша ойла, ойла а йой, эзарнашэзарнаш адамаш хIаллакдо боху аш? Миллионаш адамаш? Уьшшух ма бу. Бац? Бу. Бац? Бу.
Лилула сийна стигал. Иза аьрцнех хьакхалуччохь масех кIайн марха.
ЦIе-можачу гIаша лепайо хьун.

Мохехь хьийзаш, царна тIера охьаоьгу гIаш санна, сингаттаме аьзнаш Iенош дIайоьлху гIарагIулеш.
– КIорда ца до техьа царна гууттар евлла лела?
– ХIан-хIа, евлла лелар церан ирс ма ду.
ЭхI, и гIарагIулеш, гIарагIулеш, сенчу стиглахула бIаьста а, гурахь а…
– ХIумма а дойтур дац! – дарц, мох къарбеш мохь туьйхира ГIовдас.
«Хьераволуш лаьтта-кх со. Хьаьнца къамел деш ву?
Берзалошца... нанига кехат яздича хIун дара теша. Яз а дина, сайн этки чу дуьллур дар-кха. Сан цIе ГIовда хIунда ю, БIовтIа а йоцуш? ХIан-хIа, ца оьшу. Кехат ца яздича а, шайна а хуур ду царна соьгара хьал. Тамашийна ду-кх дахар. Жимчохь иза цхьа шуьйра аре санна хетара. Ловза, лела, кхерста, и кIордийча болх бан, даккхий гIуллакхаш лело, хьуьнарш къийса шортта хан а, меттиг а хир юмоьттура. Ткъа дахар цхьа готта коридор хилла. Хиэ ядийна чемхалг сайна, замано вадавой чекхвоккху оцу коридора чухула, я ах а валале, цхьана неIар тIехь Iачу хIоху тайпанчу цхьана берзалоша хадо а тарло и некъ... ХIетте а... Сан цIе
ГIовда хIунда ю, БIовтIа а йоцуш? ТIетаьIаш ю берзалой-м, массарна а кхочур вуй-теша со шуна. Оцу дIогарчу шайх гIийлачунна а делаш дакъа, шайн да хьакхийца валларш. ХIара урс жимма доккха делхьара бакъхьа дара. ХIумма а дац, карахь ерг тоьхнарг лерина-кх майра.
Сан цIе, ГIовда а йоцуш, БIовтIа хIунда яц те? ГIовда бохург хIун ду? Со ву?Со муха хуьлу ГI-х, О-х, В-х,
Д-х, А-х. Вахь-хьа-хьа. Хьераволуш ву-кх со. Ваьлча хIун ду?Яккха йиснарг дукха хан а яц. Берзалошна хIун бен ду, со хьерваьлла хилча а, ца хилча а. Царна со, мухха хилча а, кхача бу. Вахь-хьа-хьа. Вахь-хьа-хьа.
Вахь-хьа-хьа. Ма вагаве...
ЭхI, и гIарагIулеш, гIарагIулеш… сенчу стиглахь гурахь а, бIаьста а…
Эниса…ахь хьайна луъург де... Султан, хьан коч а еги...
Со наьрт-аьрстхо... Хьаьмцашбаха оьхуш... хIунда ва...
Хиросимана... коньяк... «Вайнах». Цу йоккхачу хIумано вуьйш ву со...
Ва-а-а. Сан цIе ГIовда...»
Буькъачу боданехь дIаяй цIе. ТIаьххьара суй.
ДIахецабели чIоггIа озийна ворхI пха – ворхI берзан дегI лаьттах дIакъаьсти.
ГIовдина хаало берзалойн багошкара схьаетта Iаь.

Иза тIомавала гIерташ санна, берзалойн гонна юккъера хьалаозало, ши куьг ирх а дохуьйтуш. Цуьнан бага гIаьттинчохь юьсу, чуьра цхьа а аз а ца долуш.
ХIинцца…
Оццу хенахь юьртара охьабогIучу некъо голатуххучохь гучуэккха тIулг кхоьхьуйоккха машен, цуьнан нуьцкъалчу серлоно шайн кхоссаяларехь совцайолуьйту берзалой. Амма мацалло хьеръяьхначу берзалойн кхачане болу сатийсам онда бара... Онда яра серло а...
Иза хIора мIаьргонехь гергакхочуш а яра…Цу шинна юккъехь лаьттара ГIовда.
– Серло! Серло! Серло-о-о! – дарц а, Органан гIовгIа а, берзалойн гIигI а къардеш, мохь хьаькхира цо.

# ПОЛЛАРЧИЙ

**Полларчий**[39]

Тахана Iуьйранна, малх схьакхетачу хенахь, СирлаМожаниг цIе йолу цхьа полла белира дуьненчу. Цунна массо а хIума цхьа тамашийна а, сирла а дара. ЧIогIа самукъадаьлла, ловзуш, кхийсалуш, цхьана зезагна тIера вукху зезагна тIе хуьйшуш, бешахула хьаьдда лелара иза, цIеххьана шена дагаеъна йиш а лоькхуш:

Ма хаза ду хIара дуьне,
Со дуьненчу баьлча дуьйна.
Ма хаза ду хIара дуьне,
Малх стигла баьлча дуьйна.

Иштта тIомабаьлла лелаш, цхьана кIайчу зезагна тIе хиъна Iаш кхин полла гира цунна. Вовшашна бевзира и шиъ. Цуьнан цIе Сирла-ЦIениг хиллера. Иза кхул цхьа буьйса хьалха дуьненчу баьллера, селхана малх чубузучу хенахь.
Сирла-ЦIечо дийцира кхунна:
– Вайна юккъехь уггаре а боккха полла Хьекъалча цIе йолуш бу. Цуьнан кхо де хан ю. Цо хIора сохьтехь полларчий бешахь схьа а гулдеш, хьехарш до. ХIинца тIекхаьчна рогIера гулам хила беза хан. Схьа тIаьхьахIотта суна.
ХIара шиъ дIакхаьчча, зазадаькkхинчу беша юккъехь даьллачу доккхачу можачу зезагна тIе хиъна Iара
Хьекъалча цIе йолу кIайн-сийна полла. Цу зезагна гонах хевшина, Хьекъалче ладоьгIуш дара бес-бесара полларчий: можанаш, цIенаш,

Іаьржанаш, къорзанаш, кхидерш, кхидерш.
Хьекъалча къамел деш бара:
– ЧІогІа баланехь ду адамаш. Масийтта декъе декъаделла. Вовшах лата кечделла. «Атоман бомба» олуш цхьа хІума ю цара йина. Иза царах цхьамма тохахь, дерриге а дуьне доха тарлуш ду.
– Церан дуьне доьхча-м хІумма а дацара, – элира цхьана Іаьржачу поллано.
– Э-э, жиманиг, хьо дика ца кхета… Церан дуьне доьхча, вайн дуьне а ма духу, – элира Хьекъалчас. –
Цундела хІун хуьлухууш а дац, дІаса а ца довлуш, массо а кху бешахь Іиэ!
– Дуьне доьхча муха хуьлу? – хаьттира Сирла-Можачо.
Хьекъалчас жоп делира:
– Дуьне доьхча, хІара беш а хир яц, и дІора малх а, зезагаш а, вай а – хІумма а хир дац.
Сирла-Можачунна ца лиира цуьнга кхидІа ладогІа.
Иза, тІомабаьлла, мелчу мохехула, оцу бешара арабаьлла, лекха буц яьллачу басешкахула лела бахара. Цигахь иштта, ша санна, хьийзаш кхин цхьа полла а гира цунна, Іаьржа-ЦІениг. Иза кхуьнан хеннара хиллера.
ДоттагІалла тасаделира цу шиннан.
Бецийн тайп-тайпана хьожанаш муьйлуш, хаз-хазачу зезагашна тІе охьалахлуш, ловзуш, хьалхабаларех къийсалуш, шовданийн хих тІемаш детташ, малх чубуза лахбаллалц лийлира и шиъ. ТІаккха юхабирзира шайн беша, Хьекъалчас гулам беш хиллачу беша.
Цу бешахь гинчо Іадийра и шиъ. Дитташ кІелахь, дала а делла, Іохкура дуккха а тайп-тайпана полларчий. Сирла-Можачунна девзира уьш: Хьекъалча, Сирла-ЦІениг, КІайн-Къорзаниг, кхин а, кхин а…
Іуьйранна кхунна мел гинарш…
Эццахь, хорам хилла, са дІалаьцна, ша лаьтта божале Сирла-Можаниг кхийтира: полларчийн дуьне дохон-м цхьа а атоман бомба оьшуш а ца хилла. Полларчийн дуьне дохон, цхьана стага беша а веъна, стоьмийн дитташна молханаш тоьхча а тоьаш хилла…

# ЛОВЗАРГА ВАХАР

**Ловзарга вахар**[40]

Ша-шега а луьйш, ахтобусан тІехьарчу Іойлехь Іен

Ахьамсолта ша воьдучуюьрта дӀакхечира. Социйлехь охьа ма-
воьссинехь хиира цунна, мича агӀор ваха веза: кхузахь а схьахезара
ловзаран гӀовгӀанаш.
Гучуваларх а ца тешаш, вадийна, бешахь хӀоттийнчу стоьла хьалха
хаийра хӀара. Цунна гонах Ӏаш яккхий геш йолу пхи-ялх стаг вара.
Царах цхьамма кхуьнан дикка самукъадаьллачухенахь хаьттира:
– Диссертацин тема хӀун ю хьан?
Кхуо, жоп ца луш, лимонадах къурд а бина, тӀаккха
«Ӏахь-хь» аьлла, жоп делира:
– Кандидатскин тема «Хьаьмцийн, кхорийн гибридийн хьокъехь…»
яра. Ткъа докторски диссертацин тема: «Якийн, бежанийн гибридийн
хьокъехь».
ТӀаккха милк санна ворта а, цӀийбелла балг санна мара а болчу
цхьамма, шен гай гӀортийна, стол харцоза а йоккхуш:
– Ахьа бийриг-м, къонах, гибридийн гӀурт ма бу, – элира, «вахь-хьа-
хьа» аьлла, вела а луш.
Цунна дукха оьгӀазвахна, тоха дагахь, шишанан бертиг схьалецира
Ахьамсолтас. Амма, ша Ӏилманча хилар дага а деана, ӀаддаӀийра.
Эццахь тӀевеара цхьа лоха стаг, карахь тептар а, ручка а йолуш.
Массо кисана кхевдича, хиира Ахьамсолтина, хӀинца ахча дала деза
хан тӀекхаьчнийла.
Эццахь, ша хӀун лeладо билгал шена а ца хууш, стоьла хьалхара хьала
а гӀаьттина, йоккха уьйтӀе а хадийна, кеберте вахара иза.
Цигахь цхьана нахаца лаьтташ вара кхуьнан доттагӀ, зуда ялийначу
кӀентан да.
– Бахьмад, схьахилахь цкъа, – и сехьаваьkkхира Ахьамсолтас. –
Делахь, со дӀавоьду. Шун нус Дала декъалйойла… Ас оцу лохчу стаге
итт туьма дӀа-м делла шуна, цо дӀаяздинаца яздина-м ца хаьа суна. Дан
шайна луъург де-кха, сан зуда ялон кӀант-м вац шуна.
Бахьмад, цецваьлла цкъа кхуьнга а хьаьжна, тӀаккха воьхна дӀаса а
хьаьжна:
– Бакарбика, хезий хьуна, – аьлла, шен зудчуьнга кхайкхира.
Иза тӀееъча, Бахьмада элира:
– Ахьамсолтас итт туьма делла хилла, и дӀадала деза.
– Лур ду-кх, итт боху ахь, ткъе итт а, – чета кхевдина, йоккха цӀен-
къорза бумаьштиг схьа а яьккхина, ахча дагардан хӀоьттира Бакарбика.

– ВаллахIи лур дац-кха суна-м, – ша волччохь хьалакхоссавелира Ахьамсолта.
– Лур ду, Ахьамсолта, лур ду, – элира Бахьмада.
– ВаллахIи, лур дац-кха суна…
– ВаллахIи, лур ду-кх…
– ВаллахIи, лур дац-кха… туьма шайна а ца дуьтуш-м, – аьлла, Бакарбикера схьаэцначу иттаннах цхьа туьма Бахьмадан кисана а диллина, важа исс шен кисана а тесна: – Шун нус декъалйойла! Шуна Дала иманца собар лойла, – аьлла, дайчу боларехь ахтобусан социйла йолчу агIор дIавахара Ахьамсолта.
«Бакарбика, тов! ЦIаре хьажа хьо…ХIокхуисс туьманах-м, хьаха, яц ас хьуна йина харжашметтахIуьттур.
ГIала моссаза вогIу буьйсанаш йохуш… хьуна гостиница а йиллина… Ша волчу вола олу. Со хIунда вогIу кху къаххашка. Со Грознехь, столицехь Iашву. «БIе сом ма хилийта, бIе доттагI хилийта», тов! ВаллахIи, ма хилийта-кх ас-м. Со мича рема лалла ваха воллу, хIорш тIаьхьа а хIиттийна. ХIинца кхин зама ма ю»… – иштта ойланаш а еш, ахтобусе ца хьоьжуш, такси а лаьцна, цIехьа таьIира Ахьамсолта.

# БОЧА-БIАРИЙН ДИТТАША ГIОВГIА ЙО

**Боча-бIарийн дитташа гIовгIа йо**[41]

ВорхI шо кхаьчна Лайса ехха Iуьллу бIаьргаш схьа ца боьллуш, шена хезнарг боккъалина, я гIенах ду а ца хууш. Эххар а кхета иза гIан цахиларх: гIан делхьара, цунна и хезна ца Iаш, гуш а хир ма дара. ТIаккха шен юьхьа тIехь маьлхан зIаьнарш а хаалой, бIаьргаш схьадоьллу цо. Иза елакъежа маьлхан зIаьнаршна. Амма сихха дов цуьнан и хазахетар. ХIара цхьа кIира ду-кх
Лайсин дагчохь и сингаттам беха.
Ши бутт ах бутт хьалха, дуьххьара Баба йолчу Iен схьаеанчу дийнахь а яра иштта дог ца догIуш. ХIетахь иза ехха хьийжира юьртана малхбузехьа болчу орцах, етталуш, халла ирах йоьдучу сирла-можа басар хьаькхначу тракторе, иза, орца тIе хьала а яьлла, къайлаяллалц. Цучохь дIаяхара кхуьнан нана, хIара кхузахь, шен нана йолчохь а йитина, аьхке дIаяллалц. Лайса бIаьргаш чухиш а хIоьттина лаьттара, цунна дагаоьхура шен Дада а, жимахволу ваша Куьйра а. Нана

дIакхочучу хенахь Дада хир ву, Куьйра кара а лаьцна, кетIа а ваьлла лаьтташ.
– Схьайоьл, Лайса, схьайоьл Бабина. Бабас хIун дийр дара хьо дIаяхча, хьан нана цхьанхьа а гIур яц.
Кхузахь хазох ма душун юьртахьчул а, нах а дукхох бу.
Кхузара гIали тIе а вахало... Шу долчу трактор бен, хIумма а яха а ца йоьду... Схьайоьл Бабина, – марайоьллира хIара ненананас. ТIаккха яхна уче йисте охьахиира.
– Тю-тю, ма хаза бу ког, ма жима а бу...
Ког, ког, коган ког,
Хоттала бахана бехбина ког, Бай тIе хьаькхна цIанбина ког,
Даьтта делла хьанбина ког,
ХIоа делла хьаьстина ког,
Iахарашна тебина ког,
Мехкарашна шершина ког.
Ког, ког, коган ког...
Шен ког, кара а лаьцна, лестабеш, Бабас и йиш лекхча, Лайса ша-шех елаелира. Цуьнан сингаттам а байбелла, дIабелира, ца хилча санна. Де суьйренга далале, кхунна вевзира шайн лулахойн ша санна хьалхарчу классе ваха везаш волу кIант. Цуьнан цIе Асхьад хиллера.
ХIинца-м кIира а ду кхуьнан сингаттам дIа ца болу.
Лайса, шен меттахь хьирчина йоца хадийна месаш цхьана куьйга дIахьоккхий, уча йолу. Iуьйренан мох шийло бу. Мохо лестадо даккхийчу, кху уьйтIенна гобаькккхина доьгIначубоча-бIарийн кортош. «ГIо-в-вв», – гIовгIа йо цара. РагIу долчу дIахьаьжча, Лайсина го шена меттахь Iуьллушхезнарг: Баба юкотамашка луьйш йоллуш.
– Хьада дIайовла, рагIу кIелахь Iе, шайна цхьогале яийта ца лаахь, куьш-куьш, куьш! Хьий, Дала хайра де шух... ДIаяло, чу а гIой, хьайна тIе коч юха.
ХIара чу ца йоьду тIе коч юха, когаш тIе охьа а лахлой, шелонах хаба а хебий, ладоьгIуш Iа. «ГIо-ов-вв», – до боча-бIарийн дитташа. Кхузахь дуьххьара буьйса яьккхича, сатоссуш самаелира, и гIовгIа а хезна. Кхунна моьттура иза сихачумохо лаьллина богIуш догIанан кIур бу. Иза схьакхаьчча, мегара цо хIара тиша цIа тIекIелкхосса.
– Хьо самаяьлла, Лайса?..
– Баба, догIа ду-кх вайна догIуш.

– Муха догІа?Дера дац-кха, – коре а яхана, арахьаьжира Баба. – ДогІа муха догІу, стиглахь марха а ца хилча.
– ГІовгІа-м ма ю.
– ХІа-а, уьш бІараш ду мохехь лесташ...
«ГІов-в-в», – гІовгІа йо бІарийн дитташа.
– Хьада дІаяло, юьхь-куьг дилий, хьайна хІума кхалла, – кхуьнгахьа йоьрзу Баба, карахь котамашна йохуш вовшах хьекхошши хьаьжкІа а йолуш. Лайса чуйоьду.
Цо, шозза сабахьокхуш, юьхьюьлу, гата ахьокху, тІаккха шен месех ехк хьокху. «ГІов-в», – кху чу а схьахеза бІарийн дитташа ен гІовгІа. Уьш Бабин дас доьгІна ду. СагІина аьлла. Шортта бІараш латадо царна тІехь.
БабагІеран ден цхьа а кІант ца хилла, хІорш ялх йоІ хилла цуьнан. Иза говза стаг хилла боху Бабас. Аьчган пешаш а еш, черманашна уй а дохуш. Шортта жижиг хуьлура бохура Бабас шайн. ХІорш кегий болуш хьаьмцаш баха оьхуш хилла, стерчий дІа а дужий, салаз тІе серах бина дуо а хІоттабой. Цхьа а хІума оьшуьйтуш ца хилла кхарна кхеран дас. Бабин йижарех цхьаъ ю дІогахь, ломал тІехьа а ваьлла дІавахча, Шела бохучу юьртахь Іаш. Цуьнан, Бабин санна, багара цергаш дІа ца евлла (Бабин кхо церг бен ца йисна), куьйгаш, Бабинаш санна, Іаржделла, пхенаш тІедевлла а дац, цо мотт Бабас санна ца буьйцу, радиочухула къамел дечу зудчо санна буьйцу. Бабии йишица цхьа стаг а веара, мекхаш а долуш. Иза цуьнан кІант хиллера. Цара шина сетки чохь тайп-тайпана хІумнаш а еара: жижиг, чкъургаш, кампеташ. И шиъ сарралц Іен а Іийна, сарахь дІадахара. Церан шайн машен ю. Сийна жима машен.
Цуьнца деанера и шиъ. Цу шимма бІараш а даьхьира цхьа ведар, кертара баьхна сийна хохаш а. Бабас, ца оьшу боххушехь, цу шинна банки чу даьтта а, ши кІалдмижарг а биллира. Церан машен, некъ басах чу а бирзина къайлаяьлча, Бабина бІаьргех хи делира. Цо шен бІаьргех йовлакхан тІам хьаькхира.
Елха-м Баба кест-кеста йоьлхура. Цкъа цхьана дийнахь, хІара ЖовжангІаьрга а яхана, церан кІантаца ловза а левзина, цІа йогІуш, кхунна хезира Бабин елхар. Баба учахь ши ког дІа а хецна, хиъна Іара, шен куьйгаш голаш тІе а детташ, корта а лестош, чІоггІа йоьлхуш, наггахь «У-у-хІу-хІу», – олий, узар а беш.

Лайса цкъа а ца кхераеллачу кепара кхераелира, ша хIун дийр ду а ца хууш. Эххар а цо, ега а еш, бIаьргаш чу хиш а хIоьттина:
– Ма елхахьа, Баба, ма елхахьа, – элира, шен куьг цуьнан юьхьа тIе а хьоккхуш.
Баба шен кIантана йоьлхуш хиллера. Бабин кхуьнан наний, и кIанттий – ши бер хилла. Иза мотоциклаца бердах а вахна велла, берхIийтта шо кхаьчначу дийнахь. И веллачу дийнахь Iуьйранна догIуш дерз хилла, делкъа хан хуьллуш дохделла дуьне. Хьеш кхехко санна, тIеIаьткъина хилла малх. Бабин хье-м кхехкийна цо. ХIинца а бу Бабин хье лелина, эчиг санна.
Цундела Бабин корта кест-кеста лозу, цунна буса наб а ца кхета, цундела цо набарх узаршдо, сих-сиха кIентан цIе а йоккхуш: «Рамзан... Рамзан.. Маржа Рамзан!..» – наггахь иза елхаран къурдашца самайолу, тIаккха йоьлху хIара а, йоьлху, Бабех къахеташ, гIийлла, гIайба а тIадош.
«Уф-фай», – ма чIогIа йохъелла хилла хIара куршка.
Стакан чу схьайотта еза шура, цул тIаьхьа иштта: «ХIуу-п», – олуш, шел а еш, хьаламер ю. Цулла а чу бепиг кагдича дикох хир ду, тIаккха жимчу Iайгаца юур ю.
Бабас а до иза.
– Хьийт, маржа, Лайса яI! Хьан санна цергаш елхьара!..
Шен цергаш елахь а, Лайсина-м мерзох хета иштта бепиг дууш. Цул сов, Бабас ахьарх еш йолу тоьпаш а хета Лайсина чIогIа мерза. Уьш кхушимма тIо-берам чу а Iуьттуш юу. Бабас-м наггахь туьхала а Iуттуш юу, тIе хох а кхоллуш. Иштта мерза хеташена боху. Туьхий, хоххий муха хуьлумерза тIо-берамал? Тамашийна стаг ю Баба...
Лайса, шуьрица бепиган цхьа častар диъна, шена тIе сийна-къорза басмин коч а юьйхина, араелира.
– ХIума йиирий ахь?
– ХIаъ. Со Iеха баккха йоллу.
– Собарде тхи дIадаллалц.
– ХIумма а дац, тхи хилча а.
Иза хьаьжкIаш йолчу агIор дIайоьду. «ГIов-в», – гIовгIа йо боча-бIарийн дитташа. Лайсин месаш, коч ловзайо мохо. Цо кхуьнан юьхь хьоьсту. «Бабин кIант ву-кх, мох а хилла, со хьоьстуш», – гIийлла елакъежа иза. ТIаккха, шен тхиша тIадаен кучан юх тергал а ца еш, Iеха баккха йолало. Кхо и Iеха Мимшина боккхуш бу. Мимшел сов,

Бабин цхьа етт а бу – Деба, кхаарг а ду ЧIама. ЧIама Бабас Iуьйранна дIалоллуюьртан бажаца. Дебий, Мимший цIахь дуьсу. Деба Бабас кхобу, кхуо Мимшина Iеха бокккху дийнахь шозза а, кхузза а.
Дебина Бабас буц а ло, маьрсаца яккха а йоккхий, сийна хьаьжкIаш а, бешара лахьа а бой, Iежаш а. ХIокхо
Iеха кхоьхьуш долуМимша цуьнан йоI ю. Шена буц ца луш хьелахь, мохь хьоькху. Бабас: «Гай яьттIа хьуна цуьнан, сихха Iеха баккха гIолахь», – олу. Гай яьтIча,
Iеха стенна оьшу цунна?
Дебин ненан цIе а хилла Деба. Иза кIайн етт хилла. Шортта шура а луш. Иза, бажа а бахна, цIа богIуш, дистинчу Эрко баьхьна. Оцу дийнахь, стиглара хIорд лаьтта бала гIерташ санна, догIа деъна. «ГIов-в», – бохучу Iоврийн гIовгIано дуьзна хилла дерриге хIаваъ.
Куршка хи а ца хуьлу Iаннаш саьрмикех тарделла хилла. Ткъа Эрк массо а Iин шех дIа а кхетта, массарал а боккха Саьрмик хилла. Цо дIакхаьллина Деба.
ШолгIачу дийнахь Iуьйранна, малх схьакхеттачу хенахь, дIо лакхахь цхьана стеган хьера хиллачохь карийна иза. ГIамарлахь гуш, ирх бахна цхьа ког бен, хIумма а ца хилла.
«Бабин кIантана хазахетар ду шена тIера сагIа даькххича», – боху Бабас. Цундела кхобуш бу Деба. Цунна-м ца хаьа ша стенна кхобу...
ХIара схьаеъча, кхузахь
Бабица IашТурпал а дара. Доккха кIайн жIаьла. Лайса чIогIа кхоьрура цунах, цкъа хьалха, тIаккха хIара шиъ доккха ши доттагI хилира. Шена доьша эцна яхча, цо шен тIеда муцIар Iуьттура кхуьнан настарх. Цхьана
Iуьйранна кхунний, Бабиний дIогахь, маьлхан басахь
Iуьллуш гира иза. Наггахь къила доьдий угIа а угIуш.
ХIара шиъ тIеяхара. Гай ятIийна, чуо-куо араяьлла,
Iуьллура иза. Ехха лаьттира Баба цуьнга хьоьжуш. Эххар а:
– Нело кIомсар тесна... Ас дIа ца хецнехьара буса...
ХIаъ, иштта яздина хилла. Ма дика жIаьла дар-кха хьо, – Бабас шен чуьйраш хьалалаьцча, Турпала кхуьнан куьйгах катуьйхира. ГIийлла, халла хаа а луш. Бабас чуьйраш чу а ехкина, цIера кхуьнга шен тишчу кучан юх а яийтина, чуо-кIело дIайихкира.
Оцу буса делира Турпал. ХIинца хIара а дIайодахь, мила Iийр ву Бабица? Бежан-дийнахь охьайогIур ю аьлла ненас, хIара хьалайига.

Ишколе йоьду хан а тIекхочуш лаьтта. Стохка хIара кечамбаран классе ихира. Кхеран классехь, хIара а цхьаьна, ворхI бер бен дацара. Кхунна массарначул дика Iемира абат еша, яздан а кхунна дика хаьара. Уггар дика-м ца хаьара. Уггар дика Асланна хаьара. ХIара кхуза охьаеъчахьана, шозза Дада веъна. Бабас цкъа Куьйрина тIеюха хIумнаш а яхьийтира, шоззе а банкеш чохь даьтта а, кIалд а, йийна котам а яхьийтира царна.
Цкъа Бабас, шен лулахочуьнга Самарте дуьйцуш хезира Лайсина:
– Даха хуур долуш дац ший а. Майра ву бохург къаьркъа муьйлуш ву…
– Деллахь, хьо-м ер ма яц и шиъ лелийна.
– Ас-м хIун дора царна, лелийна...
Лайсина ца тайра и къамел. Кхеран дадас иштта къаьркъа а ма ца молу, малахь а, наггахь бен.
ХIара Iеха тоьар бу цкъачунна. Ховха буц Мимшина хьалха а юьллий, арайолу Лайса. Поппар беш йоллучу Бабина тIейоьду. Бун хьаха йоллучух тера ду иза.
Бабас цхьацццанхьара дечиг, уьнан юьхьиг йохьуш, вовшахтуьйхира гIирс. Бун хьалаеш, дIогахь тхов тIе эчиг тоьхначу цIа чохь Iаш волчу воккхачу стага а гIо дира.
Кучан юх хьала а лаьцна, поппар хьуьйш йоллуБаба, цIеххьана саца а соций, кхуьнга хьожу.
– Iеха баьккхина ели хьо?
– ХIаъ. Соьга а байтахьа поппар..
– Ца оьшу. Хьо жима ю. Цулла а, яха а гIой, бIараш схьалахьаде, куьйранна «кху-вай» а олуш.
Иза, сийна маьIан ведар а оьций, бIараш лахьо йоьду.
Кхуьнан вешех Куьйра стенна аьлла? Иза цунах жимма а тера а ма вац. Иза мокха ду, вон а ду, кIорнеш а лечкъош. Ткъа кхеран Куьйра жима, цхьацуьрг ши куьг, ши ког долуш, гаки ду... Бежан-дийнахь нанас хIара дIаюьгур ю цига, жимчу юьрта. ТIаккха ишколе гIур ю. Кхеран хьехархо Тоита Хамидовна хир ю:
– ХIара пен бу, иза пеш, хIара ручка...
ХIи-хIи-хIи. Иза хьанна ца хаьа, цо ца дийцича а?
Ишта-м кхунна деша а хаьа. ЦкъаНанас Бабига яздина кехат дийшира кхуо. Цхьа жима кехат. Иза цигара цхьана трактористе даийтинера нанас. Иза-м дагахь Iемира кхунна:

«Мерзачу маршаллица кехат яздо ас. Баба, муха Іаш ю шуьшиъ? Лайсас са-м ца гатдо. Баба, суна яийта курпа – 2 кийла, цІормаІа – 2, колготка – 3, делахь жимма даьтта а, туьканара эций, чай молу стаканаш а.
Муха ю хьан могашалла? Тхо дика Іаш ду. Махьмуда къаьркъа ца молуш ши кІира даьлла. Куьйрас маршалла доуьйту шуьшинга. ХІара цуьнан куьг ду».
Кехат чекхдаьлча, бухахь Куьйрин куьйгана гонах ручка а хьоккхуш, диллина сурт дара. Лайсас шен куьг дуьстира цуьнца. Кхуьнниг доккхох дара. ЦІа ма-яхха,
Куьйра мара а хаийна, цуьнанког а ластош, кхуо йиш локхур ю:
Ког, ког, коган ког,
Хоттала бахна бехбина ког…
ХІара цІа яхча, мила Іийр ву Бабица? Хьан эр ду цуьнга: «Ма елхахьа?» И дукха йилхича, цуьнан хье кхехка болалур бу. ТІаккха… Дадий, наний, Куьйрий кхуза схьадеъча, хІорш цхьаьна Іийр бара. Нанина-м лаьара иза, Дада реза ца хилир-кха:
– ХІахІ, Махьмуд маре вахна бахийтий? – элира цо.
ХІи-хІи-хІи, стаг муха воьду маре? Бежан-де тІекхача маса де дисна техьа? Бабига хаьттича хуур дукх. Бабас кхунна, гІаличу яхна, тІеюха хІумнаш эцна: ал шолан коч, кІайн партук, папка, киншкаш, цІен кІархаш а.
– Бабин йоІ массарал а хаза хир ю...
Иштта дІадовлу кхузахь денош. Сарралц цхьацца деш хуьлу хІарий, Бабий. ХІинца кхоьаш а ю схьаяха езаш.
– Болх ца беш Іийча, со мегар а яцара, – элира Бабас.
Болх ца бича, хІара-м мегар яра, ловзийтичхьана.
Делахь а, кхузахь ловза бер а дац, цхьа Асхьад воцург.
Кхуьнан хенара воллушехь, цунна деша а ца хаьа. Цу тІе иза Іовдал кІант а хета кхунна, цо Іовдал хІумнаш дуьйцу дела. Цуьнан ден цІийбелла боккха мара а, тІеюхуш Іаьржа боксин куртка а ю. Цо хІара хьалха а йолуш, шайга веанчу цхьана стагана Іовдал хІумнаш дийцийтира Асхьаде:
– ДІааьл цунна, Асхьад, – бохуш.
ХІинца кхин ши кана тІейоьхкича, хьаладузур ду ведар. ТІаккха кхин а лахьо деза. Дийнахь диъ ведар бІараш лахьо деза.

...Малх таьIна-сийначу орца тIе лахбелча, мелла а шелло хIаваъ. Юьртара цIа оьхучу бежнийн Iехарш хеза. Пхьидийн ловзар дIадолало. Лайса пхьидех тера
Iеха гIерта: «къвэкъ», «къвикъ», «къвакъ».
– Хьада, дIаяла, гIовгIа а ца еш. ЧIама цIа богIийла хьажа.
ХIара бежнаш схьаоьхучу новкъа йолу.
– ЧIама, ЧIама, – кхойкху иза.
– Тьфу, тьфу, бIаьрг ма хила хьуна! Дукха йоI хир йоцуш юй, – мараюллу хIара тIехьахула тIееанчу Самарта. –Шун ЧIама а дIо схьадогIуш ду хьуна...
ЧIама а экккхадой, дIайоьду Лайса. Догучу деман хьожа кхета цунна: «ЧIепалгаш деш ю-кх Баба».
– Схьайола, иза керта чу а лаллий. СагIина хIара чIепалгаш эций гIо. Тховса пIераскан буьйса хилла-кх. Бабас пIераскан буса гуттар а чIепалгаш до. Бабин кIантана дукхадезаш хилла уьш. ХIара АсхьадгIеран керта йоьду, бошхепа чохь чIепалгаш а оьций.
– Мелимат! – кхойкху.
Гучуйолу ерстина, лохачудегIахь зуда. Цуьнан мера тIехь, гуттар а санна, хьацар ду тоьхна.
ХIара, чIепалгаш дIа а лой, сихха юхайоьрзу. «Цара дуьхьал хIума яларе а ца хьоьжуш, сихха схьайоьллахь», – аьлла Бабас.
– Собардел цкъа, – хIара-м дIайоьду. – Лайса, собарде ца боху ас. ХIара соцу. Мелимат чу а йоьдий, буйнахь цхьа хIума а йолуш, арайолу.
– Схьайола кхуза.
Эццахь, велха а ийзалуш, араэккха Асхьад. Цуьнан цхьана агIор охьаеана марш ю.
– Мама, суна а лохьа! Суна а лохьа.
– Ва, дIавала, хIай. ДIавала, хIан, хIара ю хьуна.
– Кхин цхьаъ лохьа, кхин цхьаъ лохьа! – ненан кучан юх ийзайо Асхьада.
– Хьий, хьуна ма гуо хIума бIаьрга! Кампет яаза ву хьо? ХIа-а, дIадала, жIаьла!
Йиъ кампет ю. Асхьада шиъ дIа ца яьккхинехь, ялх хир яра. Ма Iовдал а ву иза. СагIина луш йолу хIума шена йоьхуш ма ца хуьлу. Иза церан дас гIали тIе а вигна, муха дара цигахь аьлча, дуккха а нах а бара

бохукх. Иза хьанна ца хаьа? Бабас хIара а юьгур ю аьллера гIалитIе. Делахь а. .. Нана ю бежан-дийнахь охьайогIуш...
ХIара чукхаьчча, Баба чIепалгаш дуьлуш йоллу. Кхо царна тIе даьтта хьокху.
– Баба, – цIеххьана хотту кхуо, – бежан-де маца ду?
– ХIу-у?
– Бежан-де.
– Хьи-хьи-хьи, – жимма елало Баба. – Бежан-де ма дац иза, иза шинари де ду. Шинари де. Дукха хан ца йисна хьан нана охьаян. Са ма гатде. Ишиъ чIепалгаш даа охьахуу. ХIара, Лайса, дIаяхча, мила Iийр ву Бабица?.. ЧIама чудало ваха стаг хир вац... Буьйсанна Бабига ма елха ала... Ша хир ю. БочабIарийн диттийн гIовгIане ла а доьгIуш, ша Iийр ю.
Ша...
Лайсас хьалакхаьллина чIепалг, къурд ца балуш, цуьнан багахь дуьсу. Цуьнан бIаьргех хиш довлу. Бабина тосало Лайсас чIепалгаш дууш цахилар.
ЙоIе дIахьаьжча, цуьнан бIаьрхиш а гой, цецъяьллачохь юьсу йоккха стаг. Амма иза хаттар дала а ца кхиайо.
Лайсас елхарна юккъехула олу:
– Хьо хьаьнца Iийр ю, со дIаяхча, Баба?
ТIаккха ишиъ ший а йоьлху, шаьшшинна кIорддолц, вовшах а хьаьрчий. «ГIов-вв», – деш, царна тIаьхьара тийжа боча-бIарийн дитташ. Эххар а йоккхачу стага олу:
– Бабас хьо цкъа а дIайохуьйтур яц. Вайшиъ цхьаьна Iийр ю. Кест-кеста шун юьрта а йоьдуш. Цул тIаьхьа уьш массо а кхуза Iен охьабогIур бу...
ТIаккха йоккхачу стага, Лайсин ког кара а лоцуш, йишлокху:
Ког, ког, коган ког,
Хоттала бахна бехбина ког...
– ХIи-хIи-хIи, – зов хилла Лайсех.
– Хьа-хьа-хьа, – йоьлу Баба а.
– ХIи-хIи-хIи…
– Хьа-хьа-хьа...
И шиъ ехха йоьлу, кху масийтта шарахь ишта синкъерам газа долу хIара тиша цIа а дегош. Боча-бIарийн дитташ а доьлу цу шинна тIаьхьа.

# IАЬНАН ШИЙЛА IУЬЙРЕ

**Iаьнан шийла Iуьйре**[42]

Кхунна хаалораша бIаьргаш дIа ма хьабби, иза шена тIехь лаьтташ, олла а елла, гIийла. БIаьргаш дIа ма билли иза, Къелла, чухула дIасаяьржара, кора юххехула чухьоькху мох а, яссаелла лаьтта чохь ахьар лело чара а, эттIа тиша кетар а хуьлий.
Иза яра хIокху масийтта шарахь кхуьнца хилларг, вонехь а, диканехь а – цу шинна дика девзара вовшийн.
– Къелла, хьо а ю-кх сох къехкаш. Иштта кхераме, ирча хилла-кх хIара тIаьххьара де…Со кхоьру, къелла, со кхоьру кху дийнах. Со воьлху. ХIинццалц сан накъост хьо яра, хIинца хьо а йоцуш виса воллу. Къелла, суна хьо дукха жима волуш евзира. Да а, нана а делла, суо цхьалха висначу шолгIачу дийнахь.
Иза бIаьста дара. Баьццарчу гу тIехь лаьттара хьой,
Хьаллий. Хьо ела а къежаш, дахарх йоккхаеш хьоьжура сан бIаьргаш чу. Важа тIедуьйхина деза духарш долуш лаьттара.
Арахь йовха хиларна, хьацарш оьхура цуьнан юьхь тIехула охьа, цо хьаькхначу басар тIехула хершнаш а деш. Иза куро лаьттара, массарна тIехула а хьоьжуш.
ХIан-хIа, суна дага а ца деара иза къасто. Цунна тIебоьду некъ дукха хьаьвзина бара – уьшалшкахула,
Iаннашкахула, хийла цхьаболчарна къажа, хьаставала, вукхарна аьшпаш ботта дезара цунна тIекхачархьама.
Массо а хIума диццдан дезара: малх кхетар, и чубузар,
Iуьйренан тхи, бегаш… Ткъа хьо куьг кхочехь яра.
БIаьца ма йиннехь, суна юххе а хIоьттина дIаян кийчча. Аса иза дира. ХIетахь дуьйна вайшиъ цхьаьна дара.
Хьан кхарда дог дац-кха, со хьуна тешаме висира гуттар а. Вайшимма цхьаьний тергалдора буц ялар, дитташа гIа даккхар, стоьмаш кхиар… Амма суна гора оцу кхиарехь хIаллакьхилар. Гурахь гIа дужуш со церан къина воьлхура. Нахах лечкъаш. Сан цхьа а бIаьрхи ца гина цхьана а стагана. Ткъа со вийлинчул дукха вилхина. Къаьсттина буьйсанашкахь. Дийнахь со араволура, вела а къежаш. Со гучуваьлча а тоьара нахана бийлабала. Ас цхьацца бегаш лелийча-м муххале а. Со воккхавера церан иштта самукъадолуш: ас гIо дора царна дуьненчохь баха. Ткъа дахар иштта атта хIума а ма яц. Амма царна цкъа а хуур

дац, бегаш, велар – уьш сан дагна, гуттар а цIий доьлхучу дагна оьллина кирхьа дуй. Иза царна хуур дац, Къелла…
Иза дIатоь, ши бIаьрг а хьаббой.
Вега, вехха истангаххьерчаш, шогачу паднара тIехь
Iуьллу. ДIаса моссаза керча, цIийза паднаран аннаш, чохь шийла ю.
Кхуо меллаша бIаьрг кхарстабо – пеша бухе еса ю. Кхачаделла, селхана Iуьйранна гонах йина ах керт а йохийна, даькхина дечиг.
Цо корта истанга буха буллу. Амма веха ца Iуьллу иза иштта.
– Сийсара и етшура ца меллехьара…– ша-шена лоь иза.
ТIаккха неI дIа а йоьллий, керт яза йолчу уча волу.
Цхьаъ бен йоцу неIар-мачаш а эцна, цхьанхьа-м яхана хIара, чуьрниг.
– ХIей, – мохь бетта цо, учи йисте а хIуттий.
Когаш хIинцале а цIарула цIийбелла шелонна.
– ХIей, дакъаза ма яларг, мичахь ю хьо?
– Кхузахь ю, етт Iалашбеш.
– Схьая мачаш.
– Суна а оьшу.
– Цхьажимма йол мукъна а я ткъа.
– Йол аттана оьшу.
– Ткъа соьга учахь охьалахло боху ахь…Схьая йол, юха хьалалахьор ахь, дакъаза ма яларг.
Йол а карахь, гучуйолу лекхачу дегIахь йолу тоьлла зуда.
Вега, дIа бокх-боккхучу кога кIел йол а туьйсуш, хьаштагIна тIебоьдучу новкъа волу, мера чохь цхьана иллин мукъам а беш: и илли цхьана курчу йоIах ду.
Масех де хьалха кхуо Iамийна. ЙоIа ца ешаш къамел дича, цхьана къонахчо, кхунах терра хилчух тера дуиза а, цуьнга аьлларг чIогIа хазахета Вегина. Цунах и ойла а еш, паргIатваьлла Iачу цунна, аннийн херонехула дIахьаьжча, алахша бина некъ бууш, хьаштагIан неIар тIе кхаьчна догIуш лулахойн шинара го.
– ХIей, дакъаза ма яларг, со юха а когаш берзина виси хьуна, схьайола, керла йол а йохьуш.
Божал чуьра араэккхий, шинара лоллу зудчо:
– Хьо даа жIаьлеша, хьуьйц, хьуьйц!
– Йол ялахь суна, дакъаза ма яларг.
– Ас и яллац, цу чохь Iаш велахьара хьо.

Вега вехха Ӏа, шен керлачу иллин мукъам а беш: масийттаза мохь а туху цо: «ХӀей-й, дакъаза ма яларг!»
Амма дуьхьал жоп хазац. Эххар а дог а дуьллий, аьтту куьйга гӀуммагӀ а лоций, лайлахула водий, цӀенна чуэккха иза.
Суьйранна –пешахь йогуш цӀеюйоккха. Луьйш зуда а:
– Суна ца хаьа, хьо муха ваха воллу. Деш-дуьтуш дац. Селхана ах керт ягий, тахана – тӀаьхьайиснарг.
ТӀаьххьара нӀаьна а ейти ахьа. Йол а яц, хӀун дийр ду аттана?
Вегас схьаоьцу пондар:
Сирчу динна юткъа шед етташ,
Луна теба борз санна, вогӀуш со вайрий хьуна?
– Экханах къаьхкина сира сай санна,
Хи тӀе хьаьдда йогӀуш муха хийтира хьуна со?
КетӀа дуьхьал догӀуш дуьшана кха хьан делахь,
Лам тӀехь жа хьан делахь, жа тӀехь жамотт хьан белахь,
Со йогӀур хьоьга, дацахь соьца ахь ма дийца, Дакъаза ма валарг…
– Эвла юккъера кхор санна, хьо юкъара езар,
Кхор тӀера заза санна, хьан коьртара хинжий,
Кхор тӀера кхораш санна, хьан коьртара мезий…
Ва-а лай-ла я-ла-лай, лайлахӀ ялалай…
КетӀа дуьхьал догӀуш дуьшана кха хилча,
ЛамтӀехь жа хилча, жа тӀехь жамотт ва хилча,
Хьан да стенна лелара гехь чӀана оьхуш,
Хьан дас тӀе етт лахь, ас юьгур хьо,
Ва-а дакъаза ма яларг.
Бехха тӀаьхьа пондар а балабой:
– Хьахь-хьахь-хьа, – воьлу Вега. – Иштта захало а дийцина, ялийр-кха ас хьо.
– Ялийра… Цул а айхьа ягийнчу кертан ойлае.
– Керт-м бӀаьста юха а ян мегар дара.
– Ткъа йол? Аттана хӀун дийр ду ас?
– Деле дехахьа, вайна йол ло алий.
– Ас-м доьхур ду. Доьхур дац аьлла хета хьуна?
Оцу хенахь цхьамма кор детта.
– Чувола!
– Со сиха ву, аравалахь, Вега, – хеза арахьара.
Вега, ара а волий, жимма хан яьлча чувогӀу.

– Ици ву. Шен ваша Умха, Іаьржа бІаьрг а яьлла цомгуш ву, цунна пондар лакха вола боху.
– Ткъа Іаьржа бІаьрг мел яьллачунна, пондар лекхна вер вуй хьо?
– Ву.
– ХІума а яий, гІо.
– ХІан-хІа.
Вега араволу.
ДІакхаьчча, паднара тІехь вижна Іуьллуш цомгуш жима стаг ву, халла узарш деш. Вега леррина хьоьжу цомгашчу настаре – голел лакхара ерриге а йистина, цІийъелла, соьла дІакъаста гІерта дегІах.
Вегас пондар каралоцу. Цуьнан йиш цкъа бацалхула доьдучу хих тера хуьлу, тІаккха – тІулгаш тІехь духучу аьхкенан догІанах, тІаккха – Органан боларх, юха – аьрзонан хьийзарх…
Ехха локху цо йиш, синхьаам беш. Цомгашчунна эххар а наб кхета. Цуьнан настара тІехула таьІна-цІен соьлан тача хецало.
Вега меллаша дарц долчу ураме волу. ЦІа ца воьду иза. Кхин цхьа Іаьржа бІаьрг а юьуртахь. Иза воккхачу стеган Эгашна яьлла, цхьаъ бен воцукІант а велла.
Иза дегІа тІехь яц, сина яьлла. Ницкъ кхочур буй техьа цуьнан шен пондарца Эгашан сингаттам байбан? Ца хаьа. Кхуьнан декхар шега далург дар ду-кх.
Буьйса юкъал тІехъяьлча, волу иза Эгаш волчуьра ара.
Іаьржа томмагІа а хилла, ирах воьду иза ломан басахула. Цуьнан лараш йойу сихха догІучу лайно. Вега воьлу гІадъоьхуш, Іаннаш а декош. Тийналло сихха дІакхоллу цуьнан велар.
Іуьйранна Іабадата самавоккху Вега:
– ХІей стаг, хІей. Вайн божалан тхов тІехь йол ма ю. Цхьа литта…
– Ю-ю, и мичара яьлла?
– Хаац.
– Делахь, Дала хьан доІина жоп делла хьуна.
Цец а йолий, цІенкъа а хьоьжуш, ехха хІуттий лаьтта Іабадат. Эххар а:
– ХІаъ, хІаъ, иштта хир а ду. Дела, хьуна бу хастам, – олий, арайолу.
Вега, бат гІайби тІе а юьллий, вехха воьлу. ХІанхІа, кхо цкъа а эр дац Іабадате и элан литта лакха басахь Іаш волчу Аудан кертара, бІаьстенга а даькккхина, нахера кхоъ мах а боккхуш дохкуьйтучул, ас яор хІара аьлла, ши гІуркх бухахула чекх а баькккхина, такхийна ша охьадар.

Вегас юха а схьадоьллу бIаьргаш, дIадовлу хиллачийн суьрташ. Мохо лоькхуш чоь ю, Къеллех юьззина.
Къелла, нийсса кхаа шарахь Iийра Iабадат соьца.
ТIаккха къастам хIоттийра: я – хьо, я – ша. Къелла, суна иза чIогIа хьашт яра. Со кхоьрура цхьаллех, и бахьнехь гIертара со нахана тIе а, сайн цхьалла а, нехан цхьалла абегашца, забаршца, иллешца эккхо гIерташ. Iабадат мел чIогIа эшнехь а, хьох, къелла, сан къаста ницкъ бацара, хьо сан цIийх йоьллера, вайшиннах цхьаъ хиллера хIетахь. Iабадате ца лалора хьо, иза дIаяхара…
ХIинца-м дац вайшиъ цхьаьна. Стаг ша вуьсуш хилла, дуьненнал болчукхерамна дуьхьал…
– Вега, айххьа лахахь иза. Суна ма ца хаьа хьуна, иза мичахь ю, – худаелла йоккха стаг мекара елакъежа.
– Кху чохь буьйса йоккхуш а яц-кха иза.
– Ой, ткъа мичахь йоккху цо?
– Ца хаьа. Хьуна хаа деза-кх.
Шен, Iабадатан ненан хилла и къамел дага а оьхуш, кху гу буьххьехь евллачу коьллашна бухахь хиъна Iа
Вега. Къамел Iуьйранна хиллера, хIинца маьркIажа бода а булуш лаьтта. Шийла бIаьстенан юьхь. ГIорош лаьттара, лулахочуьнгара эцначу йоьхначу неIар-мачашна чохь бохкукогашшелло. Кест-кеста мерахпхьош хIокхуВегас, «Iийтт, дакъаза ма яларг», – а олуш.
Эххар а цунна го, карахь дечган мор а болуш, малхбалехьа цхьа хьех йолчу агIор дIайоьдуш Iабадат. Гу тIера водий, кIела а эккхий, цунна дуьхьалволу Вега.
Кхуьнга хьаьвссинчохь дуьсу Iабадатан бIаьргаш.
Вегина царна чохь лам санна йоккха гIайгIа го. Цунна къахета цунах: «Стенна хьийзайо ас хIара», – ойла хуьлу цуьнан. ХIетте а воьлу:
– Iабадат, дIаян еза хьо…
– ХIан-хIа, Вега, суна кIордийна хьан къелла.
– Вай дика ма Iара. Яй а болуш цIийзаш. Ас илли а олуш: «Кхор тIера кхораш санна…»
– Хьа-хьа-хьа… – шен карара дечиган мор охьа а хоьций, йоьлу Iабадат.
– Иштта Iийр ма ду вай…
– Гуттар а забарш, бегаш лелош, ваьхна а ма ца волу.
– Стенна?

– Цхьа чаккхе хила ма еза.
– Чаккхе йоцуш-м хIумма а дац. Бегаш ца бича а хуьлу чаккхе. Ахь вийцал шен хьал а, бахам а эцна, оцу чаккхенах чекхваьлларг – вац.
– Нахана дош хетарг лело деза. Ткъа хьо дуьнено а вуьйцуш ву…
– Вонна вуьйцу со?
– И хьан Iовдал бегаш бахьнехь.
– Iовдал стенна бу уьш, массо а буьйлуш хилча?
Нехан самукъадалар дика дац?
– Дика хилча, массара а лелор дара иза.
–Массаьрга аца лелало иза. Тхо масехбен вац хIокху
Нохчийчохь.
– Дика ду… – Вегина юха а го Iабадатан бIаьргаш чохь хьалхалера гIайгIа.
ТIаккха цо: «Со нехан зуда ю хьуна, со
Iаддайиталахь», – боххушехь: «Цхьа оба а ца олуш-м юьтур яц», – олий, тIекхетий, юьхь тIе барт ло
Iабадатна.
Цуьнан бесни тIехула цIийн тача долало.
– Ахь хIун до, яа-м ца воллу хьо?
Зуда дIа а хоьций, гIадъоьхуш, воьлу Вега:
– Хьахь-хьахь-хьахь, Вегех ца ешаш яьлла зуда тIехь цхьа билгало а йолуш хила ма еза.
Цул тIаьхьа Вега дIавоьду. Шен учарчупеша хьалха лаьттачу паднар тIе охьавуьжу. Наггахь, шен гIуллакх хилча бен, кхин хьала ца гIоттуш, цу тIехь Iуьллу иза масийтта дийнахь, ша Iуьллучуьра хьала а кхийдаш, схьайохуш, цIийнан тхов тIе тоьхна ковст кхе а туьллуш, цIе а ягош. Арахь, йохъелча, Вегин цIийнан тхов берриге берзина баьлла хуьлу, цхьа хIара тIехь вижина Iуьллучу паднара тIераниг боцург.
Цул тIаьхьа хIара де тIекхаччалц ас сайца лелийра хьо, къелла.
Цхьаллех уьдуш, со нехан синкъерамашкахула лелара. ХIан-хIа, ца хилла хьох, цIийнах, суна хьоме хIусам. Хьан дола дора цхьалло а, бодано а Iабадат еъча, цхьаъ хила доллу моьттуш вокккхавийра.
ТIаьхьа… ЦIа, хьан цхьа а бехк бац. Бехк сан хир бу, хьох хIусам йина охьа ца хиъначу. ХIетте а атта-м дацара хьуна хIусам ца хиларан шело хIокху дехачу масийтта шарахь кху кийрахь лело.
ЭхI, са а ца даккхало. Леш ву-кх со. ХIей-й, цхьа а вац суна тIехIотта?
Нах, мича дахна шу. Шу-х сан бегашех даккхийдеш хуьлура.Шун

самукъадаккха гІерташ дайи ас сайн дерриге дахар. Цхьаъ мукъна чуволийша. Атта ма дац хІара шенна лан. Уллохь стаг а воцуш, дог оьцуш…
Къелла, Къелла, хьо ю бехке. Хьох къаьхкина уьш.
Э-э, шело. Шело иккхина сан кийрахь. Дерриге а дегІехула яьржаш ю. Нах, нах, нах…
Вега дІатоь, верриге а оза а лой, кхин а чехкадаьллачу дарцо чукагдо кор. Лайн хІуро кІаййо чоь.
Ши бІе шо хьалха ваьхна хьо, Вега. ХІун дисна хьох тІаьхьа? «Вега ваьхначу» олуш меттиг а йисна. Хьан забарш а йисна. Царах хІинца а буьйлу нах. Иза а доккха хІума ду, Вега. ХІокху дерриге дицдечу дуьненахь оццул лар йитар.
Со хьо Іийначу меттигашкахула волавелла лела.
Хьан цІийнан чхо хилла тІулгаш ду кхузахь ярашлахь
Іохкуш.
Со кхузахула хІара аьхкенан де буьйсане дерззалц лелар ву. МаьркІаже хуьлуш суна хаалур бу гуттар а ахь хьайца лелийна лазам. ХІалакьхила кхоьллинчу хІокху
Іаламах, адамех болу лазам. И лазам кхузахь беха. Дийнахь болалой а лелий, маьркІаже юлуш хьан цІа хиллачу бухабогІу. Иза сох дІаоь, цо дІалоцу сан кхетам.
Сан бІаьргаш чу хиш хІуьтту.
ХІан-хІа, тІаьхье йоцуш ца вайна хьо а, Вега. ТІаьхье йоцуш бац Чора а, Мази а, Молнесарт а, царах терра кхиберш а. Церан дог-ойла, церан синкъерам, бала, гІайгІа шайна кхаьчна адамаш а лела кху дуьненчухула дуьйладелла.

# ТИША ЭЧИГ ГУЛДАР

**Тиша эчиг гулдар**[43]

– Алина Ивановна! – баьццарчу гу тIехула ведда вогIу жима кIант. – Ас зезагаш даьхна.

– Хьо дика кIант ву, – зудчо маравуллу иза. Садукъдо цуьнан тайп-тайпанчу хьожанаша. Цо бIаьргаш хьабдо. Мерза дуьне.

Ша марара дIатеттича, меттавогIу. Иза лоррий хьожу зудчуьнга.

Когашка, дегIе, корта аркъал а буьллий, юьхьа тIе.

Цунна шайн юьртарчу массо а зударел хазахета иза.

Иза санна кечлуш цхьа а яц эвлахь. Хадийна хьаьрса месаш, йоца коч.

Цуьнга хьоьжуш Iа иза, хьалхарчу парти тIе а хуий. Меттах а ца хьовш, ши куьг нисдой, охьа а дуьллий. Массарал хьалха математикан хьесапаш дина волу. Массарчул цIена яздо.

Массанхьа а хьалха хила лаьа. «ДIахIитта, могIа бай, массо. Вай экскурсе доьлху». «Ца хIутту хьо?» «Дера хIуттур ву».

Иза цициг санна, кхоссалой, коча воьду шел зоьртала долчу берашна. Майра, тIахъаьлла, кайолуш хуьлу цуьнан латар.

– Хамиев! – цунна тоьа и аз. Иза эхь хета кеп хIоттайой, корта а оллабой, дIахIутту. ТIаккха цо, дов даран метта, кхуьнан коьртах куьг хьокху, кхуьнан месаш дIаса а яржош.

Хаза бу вайн даймохк,
Хаза бу хьо.
Хаза ду вайн дуьне,
Хаза ду хьо...
Ла-ла-ла,
Ла-ла-ла,
Ла-а-ла-ла...

БIаьстенан хIаваэхула дIадоьлху, тIома а девлла.

ГIургIезаш. Хьалхахь –Нана-ГIургIаз – Алина Ивановна. ГIургIезаш, цкъа-шозза хIаваэхь го а бокххий, охьаюьссу баьццарчу гу тIе.

Хамиев, суна дагавеа хьо. Тахана, къаналле кхаьчначу дийнахь, юхахьаьжча, стомма ангалеш долу куьзганаш а доьхкина, леррина хьаьжча, гин суна хьо сайн иэсан чолхехь. Хьо дика бер дара. Хьо вон а ца лелара. Хьо суна хьалха хьуо дикчу агIор гайта гIертара.

Суна ган ма гора иза. Со, йоккхаеш, къайлах йоьлура.

Хьан йозанан белхашна аса лакхара терахь дуьллура гуттар а, даьлла гIалат сийначу шекъанца юха нис а дой.
ХIун хилла хьох? Мичахь ву хьо? Со-м хIинца а берашна хьоьхушлела.
ХIан-хIа, дац уьшшух тера.Шух теранаш сан цкъа а ца хилла.
Вайн ах лаьттах йоллуш хилла бодане классан чоь.
И санна сирла чоь суна гина а яц. Вайн хилла тиша горгали. Имичахь бу-те? Болуш буй-те иза? Цуьнан аз хазаре сатуьйсуш, ас ладийгIи дуьненчохь мел болчу горгалешка, со ихи массо а оркестран концерташка.
Амма цуьнчух тера аз ца хеза. Суна дагадогIу, вай гIурагIезаш а хилла, баьццарчу гу тIе диссина де.
ХIетахь дуьйна цкъа а гIурагIаз а ца хилла сох. Цкъа хила гIоьртича, котам хиллаза елира со.
Оцу дийнахь вай «ГIезаш, гIезаш, га-га-га» левзира. Хьан дагара хууш, ас хьох сира борз хилийтира.
Хьо дера уьдура гIезашна тIаьхьа, царах цхьа а ца ялийта гIерташ.
Хьо цIийвеллера, хьуна хьацар даьллера. ХIетте а хьуна ца лаьара гIаз хила, хьуна Сира Борз хилла виса лаьара.
Цул тIаьхьа... Хамиев, хьо суна къинтIера ца валахь... ХIинца а дагахьбаллам бу суна. И вон дира ас хIетахь. Суна гира, и кегий нах тIе а баьхкина, къамеле ма-бевлли, кхоьлира хьан юьхь. Ца лаьара хьуна со дIайоьдийла. Хьан бIаьргаш чохь хиш хIиттинера.
ХIетте а ас:
– Бераш, шу шаьш ловза. КIордийча цIа гIолаш, диканаш.
Со дIаяхара. Юха а ца хьожуш. Со дохкоелира тIаьхьа. Амма хIинца а айса иза дийр дацара аьлла ца хета суна. И де дисна сан иэсехь гуттар а лепаш. Кхидолу денош цуьнан лепарехь къайладевлла. ХIаъ, сан йиш яцара ца яха цига. Кхехкачу синхаамийн дуьнен тIе, бIагоре эшарш хезара цигара схьа.
Цудийнахь яйна хиллера сан гIургIаз хила йиш йолу говзалла. Исуна хиира шолгIачудийнахь хьан бIаьргаш чу ма хьаьжжи. ХIетте а де-дийне мел долу ахь диццдора иза. Эххар а со хьалха санна хетаелира хьуна.
Цхьана дийнахь шу тиша эчиг гулдан дахара. ХIетахь дуьйна ца гина суна хьо цкъа а...
БIаьсте ю яьлла. Малх. Зезагаш. Сирла ойланаш.

Массо а хIума дика ду дуьненахь, массо а хIума, «А» класс «Б» классал тиша эчиг гулдеш хьалхаяьлчхьана.
Цул тIаьхьа дерриге а ша хила ма-деззара дIахIутту.
Цундела хIара воьду эвла йистерчу Iинчу. Цу чохь
Iуьллуш ютракторан йоккха чкъург. Накъост а ца оьшу, ша схьайохьур ю. ХIоккхеран класс хьалхаер ю. Алина
Ивановна хир ю елакъежаш.
Мох, мох, мела мох. Хьекха хьо, иштта месаш ловзош. Буц, сийна буц, хьо кIеда ю. Малх, малх, малх...
Хьан серлонан чахчари. Цунна бухахь лийчар цкъа а кIордор дацара. Малх. Малх. Малх. Малх.
ДIакхечи. Иза кIоргачу Iинчу воьсси. Iинан кIоргехь
Iуьллучу аьчган чкъурга тIе хIоьттина льатта хIара.
ТIаккха тасало. Вортан тIера пхенаш тIедевлла цуьнан. Хоттех чу оьху когаш, мачаш, хечий бехъеш.
ХIумма а дац. Шийтта киртиг йолу йоккха чкъург басах хьалакарчайо цо. Иза чугIерта, хIара дуьхьал гIурту.
ДIакарчайо чкъург. Кхин а, кхин а. Эццахь раз оьккхий, хецалой чуйоьду чкъург. ХIара тIаьхьа хьоьжуш льатта. КIоргачу Iинахь цуьнан тата хаззалц. ХIара малхе хьоьжу. Малх делкъе болуш льатта.
Юха а Iин чу а вуссий, чкъург ницкъах басах керчош хьалаволало. Хьацаран хIорд хилла цунах. Чкъург юха а чугIерта, цхьамма муш а тесна чуийзош санна.
Амма кхо шен дегI дуьхьалтуьйсуш, сецайо иза. Ах басах хьалайоккху цо чкъург. Иза айгIарх дIакхоссало, схьакхоссало. Ницкъ мел буша сацо гIерта хIара бертал а тухуш, чухьоду. ХIара охьа а хуий, цунна тIаьхьа а хьоьжуш, воьлху вехха. Иза Iадда а йитина, цIа ваха дагадогIу. Амма цо сихха хуьйцушен ойла. Иза чухьоду юха а Iинах, юха а тасало иза чкъургах. Юха а керчайо цо иза басах. Ах хьалаваьлча, хIара малхе хьожу.
Хьалха санна делкъенга кхоччуш льатта. ХIинца а дуккха хан ю, цхьадика, садан. Кхуьнан тидам лах а балийтина, юха а чухьоду чкъург. ХIара юха а чувуссу
Iаьржачу Iин чу. Юха а, юха а, юха а... ХIоразза малх ша хиллачохь льатташ го цунна. Кхунна тIера оьгучу хьацаро хатт баькхина басахь. Эххар а, ткъе шолгIа

Іин чу воьссича, тІеяккхало цуьнга чкъург. ХІинца-м хала дацара. Нийсса бай бухьалха Іуьллуш. Шен гІоригІоддах дІахохкуцо чкъург.
– ХІе-хІей, «Б» классахой, тІаьхьадиси шу!
ЧІоггІа мохь а бетташ, ведда вогІухІара. ЦІеххьана соцу. ХІара хІун ду? Кхеран ишкол хиллачохь еха керла гІишло лаьтта. Цунна хьалха ловзуш лела цхьа бераш. Уьшмичара девлла? ХІара ши ког гІорийча санна лаьтта.
– Хьовсийша, оцу къанвеллачу стаге, – бераш дуьйлу, шаьш долччохь ирах а кхийсалуш.
Мила ву воккха стаг? ХІара охьахьожушега. Кхунна тІера хеча яцъелла гоьллец бен охьа ца кхочу. ХІара хІун ду? Когийн пІелгаш ду, кегий мачаш йохош, ара а девлла. ТІаккха иза ша волччохь сацало. Цунна го шен карара яьлла шийтта киртиг йолу чкъург, бераш къахкош, ишколан кетІахула а йолий, юьртан вукху маьІІехь долчу кІоргачу Іинчу йоьдуш.
Иза цІа хьоду. Иза ведда воьду, мохь а хьоькхуш.
– Цо стенна мохь хьоькху, гай яьтІча санна?
Новкъахь хІоьттинчу Іома чохь маж а яьлла, гІаттийна бага а йолуш цхьаъ го цунна. И мила вара?
Иза керта кхочу. Ца девза цунна шайн цІа. Сел тищделла, дакъаздаьлла, логгец ярашла а дахна лаьтта.
– Нана, мича яхна хьо?
Жоп дац.
– Мича яхна шу, Іуьйренаш?
Жоп дац.
– Мича вахна хьо, маьлхан зІаьнаршна вийлинарг?
Жоп дац.
– Суьйренаш? ПешарчуцІаре хьоьжуш дІаяхнарш?
Вай-х бертахь Іара. Аш еттинчу хьаьжкІийн хьожа а муьйлуш.
– Мархийн етшуьрин стигал, мича яхна хьо?
Жоп дац.
– Мича даха: «Воккхахилча, ас шуна цІен гІаланаш йийр ю»?
– Мича вахна шу массо а, со а витина?
– ХІей, бІаьстенан буьйса, мича яха хьо, дага ца догІу хьуна, со хьайга Іуьйккъехь корах дІахьежна. ХІаъ, хІетахь кора хьалхарчу паднара тІехь, тІе цІен юргІа а тесна, со Іуьллуш. Суна хьо хазахийтира, седарчий а долуш къегаш...

– Малх, мича бахна хьо? ХIетахьлерниг? Хьо бац иза, иза иштта бацара... Иза соьца ловзура, догIанан
Iаьмнаш чохь а лечкъаш...
Жоп дац, жоп дац, жоп дац.
– Со а вогIу шуьца!
Иза дIавада тохало. Амма ког цхьана дечгах а тасалой, бертал кхета.
«Къа-а-къ», – хеза цунна тата. Юха а. И хIун ду?
Кеглуш дукъош ду-кх.
– ЦIа, собардехьа ахьа мукъна а. Суна дуьненчохь дуьххьара гинарг хьан тхов бара. Уггар хьалха ког ас хьан цIенкъа левзинера. Боданах кхеравелча ахь тевора; догIанах, дорцах ахьа ларвора... ХIун хилла хьуна?.. Цхьаллиншелонах цомгаш хилла хьо?Ас хIинцца цIе латор ю.
«Къа-а-къ», – кагло кхин цхьа дукъо. ЦIийнан ах чудоьду. Иза, водий, цIийнан вукху агIонах тасало, и чу ца дожийта. ЦIийнан ах чуюжу, иза дIа а хьулвеш.
Ченан, матарйоьллачу дечгийн чам. Иза дара цунна дуьххьара кхетамчувогIуш хааделларг. ТIаккха цунна хезира иза. Дуткъа, къинхетаме кхойкху цициган
Iехар.
– Пису, пису, пису... Со хIинцца, со хIинцца... Ма дика ду хьо дисна...
Иза цIийнан коьчалш юккъехула хьалагIерта. Моьлкъа, тIулгаш юккъехула, дегI сеттош, ирх богIу. Иза схьаволу оцу чалха юккъера. Малхо корта багголц
Iуьллу иза бертал. ТIаккха аркъал воьрзу. Цунна тIе а догIий, Iоьху цициг.
– Пису, пису, хьо цхьаъ дисна. Пису, пису. Ас хIинца юттур яц цIен гIаланаш. Хьанна оьшу уьш. Ахь царах дан хIума а дац. Хьуна шура еза. Шура а мичара хир ю, етт а ца хилча. Ас дехкий а лоьцуш, гIо дийр ду хьуна.
Со тIеталла гIур ву, хьо бухахь соцур ду. Дика дуй?
Иза хьала а эккхий, цIийнан чолха юккъехь дехкийн баннаш леха волало. Карабо. ДIаоьккху дахка. ГIаж туху. Ца кхета. Цициго схьалоцу иза, тIе а кхетий. Юха а лелхадо цо дехкий.
Алина Ивановна... Тахана, стенна делахь а, дагаеа хьо суна. Таллар ледаро дара тахана. КIадвелла, хIоьттина. Кху ченашла хиъна Iа со. Сих-сиха уьш чу а уьйзуш. Кхуюккъера дIа а ваьлла, цIенчухIаваах къурд бан а карах ца долуш.

Сох хIун хилла бохий ахь? Дехкийн таллархо. Со гуттар а тIетоллуш ву. ПисукIелонехь хуьлу. Цкъа хьалха дика дIадоьдура тхойшиннан гIуллакх – дехкий шортта дара. ТIаьхь-тIаьхьа кIезга хуьлу уьш– телхаш лаьтта зама.
Алина Ивановна, хIетахь, хьо тхан хьехархо йолуш санна ирсе хан ца хилла сан. И цхьа де, тхо тиша эчиг гулдан дахна де – иза дагахь дисна суна. Оцу дийнахь массо а хIума дIанисделлера. Массо а ирсе вара. Массанхьа а яра бIаьсте. Цхьа тиша эчиг дара тIеоьшуш – массо а кхоччуш ирсе хилийтарна.
Ткъа хIинца генна тIехьа дисна и де. Оцу дийнахь дерриге а дIанисдан араваьллера со – тиша эчиг дан.
Масийттаза воьссира Iин чу – со хIоразза чу мел вуссу цхьацца шо дIадолуш хиллера...
Сан нийсархой тоххарехь баккхий хилла. Церан бераш хиллера сох дийлинарш, со эххар чкъург карчийна, ишкола хьалха кхаьчча.
Со бераллера къаналле кхечи, къоналла юкъахь а юьтуш. Цхьана дийнахь. Дика чехкалла-м ю сан. Юй?
Сан нийсархой хьаькимашхилла лела. Яккхий гайш дIа а яхийтина. Кест-кеста бийла а буьйлуш. Со цецвуьйлу – дахар хIун ю хиъна стаг иштта дукха муха воьлур ву.
Со дехкашна толлуш лела. Иза а ма бу цхьамма кхочушбан безаш болх. IаьнтIехь хIун дийр ду?.. Со хьеха чохь Iийр ву. Сайн и ирсе де а, кху кертахь екна гергарчийн гIовгIанаш а, хьо а дага а лоьцуш.
БIаьсте яьлча... БIаьсте яьлча, догIанашоьхур ду. Буц ер ю. Олхазарша эшарш лоькхур ю. Со вухавогIур ву хIокху керта. Бешана доладан. Сан гIуллакх гур ду оцу
Iожана а, оцу кхурана а, оцу хьочана а. ХIокху лаьттана а гур ду. Ас охкур ду иза а. Юьйр ю цунна тIе хьаьжкIаш... ХIаъ, со дага ма вогIу хьуна. Суо цхьана дикачу агIор гайта гIерташ ма хуьлура со даим. ХIетахь хьуна гайта... ХIинца хIокхарна... бешана, лаьттана.
ХIаъ, бIаьсте яьлча... ХIинца гуьйре ю. БIаьсте яьлча, хийцалур ду дерриге а!

# БIАЬСТЕ ЯРА ЯЬЛЛА

**БIаьсте яра яьлла**[44]

БIаьсте яра шен баьццарчу цIарца марсаюьйлуш.

БIаьстенан басахь йолчу машенара воьссина жима стаг, Iин хадош дехьа а ваьлла, ширчу бешо хьулдина лаьттачу тишчу цIийнан кетIа ваьлча, цукетIахь лаьттачу дукха хьалха, ша жима бер долуш гинчу (я гIенахь дуьхьал тесначу) дахаран хIавао ша волчохь сацавалийтира. Керт йоцу учи йолу цIа а, кетIахь кхалу бухахь йина хьаьжкIаш кхорзукуьрк а, букъ а берзийна, гам тусуш, лохчу гIантахь хиъна Iен эгIаза воккха стаг а… – дерриге а дукха хьалха дIадаьллачу, амма дагадеъча мерза, лазаме ойланаш кхоллайолуьйтучуширчу дахарера дара. Кхуьнан дедайн а, ненананойн а дахарера.
Ахьарх йинчусискалан а, кхорзучуйоьхьийн а, хьакхийначу ниттийн а хьожа еттало оцу дахарера схьа.
Воккханиг хьалхахь а волуш охьа ца хууш лаьттачу жимхин, шовдана йистехь мет-меттара дош олуш къамел дечу кхечужимхин а, цунна дуьхьал жоп дала сих ца луш оьздангаллица дуьненан а меха йолчу йоьIан а, суьйренца маьI-маьIIера схьахезачу мехкарийн эшарийн зов лаьттачу екхначу стигланан а суьрташ а дохьу оцушираллера схьайогIучу хьожано.
ХIинца и дерриге а дIадаьлла. ХIинца сискалан метта кIайчу деман бепиг ду, тIехуучу говран метта – машен, синкъераман метта – хьайн карахдерриг…
Гуттаренна а дIадаьлла аьлла хетачу оцу дахаран жима гIайре ю хIара керт. Дерриге а хуьйцучу керлачу дахаран хIордо хIинца а хи буха яхьаза. ДIо, къилбаседехь, шаш юккъехь карийна мамонтан чарх санна.
ХIокхукертахь хIинца а куьркахь хьаьжкIаш кхорзура, цух бина даьттагIа а буура, уллохула тIехволу некъахо, «чувагIахьара хьо» олий, хьаша вой, тIе а оьцура, учахь йолчу нохчийн пешахь цIе а йогура, цу чохь кечдинчу пхьуьйре берриг доьзал – доккха ши стаг а, цхьа кIант а, йоI а – охьа а хуура, туьйсинчу гаьмнашца хьаьжкIашна асарш а дора, тIаккха дIо дехьарчу уьрда тIехь мангалш а хьоккхура.
Вовшашка оьгIазе дош олуш цхьа а вист а ца хуьлура, воккханиг – воккха, жиманиг – жима а вара, сагIийна хIума ца луш цхьа а пIераскан буьйса тIех а ца йолуьйтура, белларш а ца бицбора, массо а малх кхетале хьала а гIоттура.
Кхин цхьа хIума а дара хIокху тIе стевн коьллаш евллачу басахь лаьттачу цIийнан кертахь – иза синтем бара. Синтеме а, тийна а, аьхна-шийла а хуьлура аьхкенан довхачу деношкахь цIийнан чоьнашкахь,

иштта хуьлура Іай, пеша тІехь кІеж туьйсуш яй хилча, дІа а тевжина, вижна Іилла дог доуьйтуш.
ХІора Іуьйранна Органна тиллинчу тІайх а яьлла, йоккхачу, буьйцучуматтаца а, тІедухучудухарца а, юучу хІуманца а гІалахойх цуьрриг а къаьсташ боцу нах бехачуюьрта балха йоьдучухІокху доккхачушина стеган йоьІан амал а оцу синтемах яра. Цхьаьннан а – воккхачуьн стенна дуьйцу, я ура-атталла жимчун а некъ ца хадош, гІиллакхе хилар а, балхах оза ца луш, дерриге ша дан гІертар а, шен нийсархой санна, хьаьдда доьдучу дахарна тІаьхьа цаидар а дара оцу синтемах, оцу ширделлачу цуьнан ден-ненан дахарх.
ЙоІана хаалора оцу синтемо ша дахарна мелла а юьстах тоьттуш, цунна гора оьздангаллех болу кхетам шен а, шен нийсархойн а Іаламат тайп-тайпана хилар. Кхунна ша нийса хетара, хІетте а тола уьш тулура. Царах дуккахберш маре а бахна, шайн доьзалш а болуш Іара. Ткъа кхуьнан ткъе итт шо а кхаьчнера. ХІара тоххарехь тешнера, мацах шайн нана йолчу санна, ша йолчу хин коьрте ву аьлла къонах хІуттур цахиларх.
Иза цуьнан мерза сатийсам бара, цкъа а кхочушхила ца боьгІна. ХІинца, охьатаьІна лелча, хІумма ца хуьлура. ХІинца массо хІума а гайта дезара: бІаьргаш а, пхьаьрсаш а, ела а къежна, кІайн цергаш а, йоца коч а юьйхина…
Кхо емал а ца бора иштганаш. Мелхо а хІара хьоьгура царах. Амма иштта, мел лаарх а, хила-м лур яцара. ХІара кхечу заманера яра. Цундела сарралц – болх, тІаккха суьйранна бежнаш Іалашдой, етт а узий, кхалла хІума а йой, шен чу а йоьдий, дІатоьра. Нанас олура: «Маха баккха а хаьа, ала хІума долуш а яц, балхана тІера а ю, са а ма гатде ахь...» ХІара цунна дуьхьал хІумма а ца олуш, гІийла елакъежара.
Иштта деций-ненаций Іаш вара цуьнан шовзткъа шаре лестина ваша а. Да реза вацара цунна. Цуьнан хенахь кхуо дикчу агІор цІе яккхийтина, тІееъна юьхьІаьржо дІанисъеш хьалхаваьлла а лелла, изаъ, изаъ, изаъ дина. (Дерриге а дагардина вер вац).
«Дада, дада, хІинца кхин зама ма ю». – «Хилча хІун ду?» – «Иза ду-кх».
КІант, юха а чувоьдий, шен киншкаш тІе а вогІалой
Іара, юха балха воьдура, юха цІа вогІура. Да а вицлора. Иза а, нана а тІетайнера, шаьшшимма и дойла а ца хууш, шайн бераш даккхий а ца

хуьлуш, гуттаренна а кегий дисарна. Иштта атта а, таме а дара цу шинна.
Амма иштта латта йиш ма яцара. ХIора дIадаьллачу дийно гергауьйзура церан хIораннан а догдохар, иштта хIора дийно а генадохура церан хила тарло ирс.
ХIора дийно а. ХIетте а уьш массо, хIумма а цадаран
Синтемо йийсаре бина, цо набаран тар тасийтина, хиндолчун ойла ца ян а гIерташ, бехара.
Цу дерригенах а кхийтира баьццарчу машенара воьссина, кху керта ваьлла жима стаг.
Цуьнан мохь тоха дог хилира: «ХIей, дада, нана, ма
Iе иштта, дахар дIадолуш льатта шуна. Шуьшиннан ши бер а тоххарехь шайнна пеш лато хан тIехъяьлла ма ду.
ХIокху кертахь шуьшиннан берийн береша эккхийтина гIовгIа хила еза хан а тIех ма яьлла. Мел цIена хи а, хIоьттина лаьттича, телха шуна. Иштта – дахар а. Хьаланисъе хIара разъяьлла лаьтта керт, гонах еттина кибарчиг а юттуш, таде шира цIа а, лалла кху кертара синтем.
Иза гезган маша бу шуна, массо а паргIатонах воккхуш, шух хьаьрчина. Арахь муттанехюьзна, дахарх кхехка бIаьсте. Ма гIелъялийта шайн дахаран бIаьсте.
Кхана-лама, цIеххьана, «тхуна ца хаьара» аш бахахь а, цIе хилла, кIур боцуш дIадер ду шуна хIара таханлерниг. ТIаккха кхин бIозза хала хир ду шуна шуьшиннан берашна цхьа а гIортор а, цхьа а тхов а боцчу дуьненан арахь диса, шаьш шуьца даькккхина дахар даьгначохь мохо дIасакхуьйсу овкъарш а гуш, доладелла лела...
Амма оцужимчу стага хIумма а ца элира. Я цуьнан хIумма а ала бакъо а яцара. Цунна хааделларг дешнашца алалур доцуш, чолхе а, лазаме а, церан шайн а дара.
Иза шена тIедиллина пайдабоццу хабар хIокху хIусамдега дIа а тоьхна, цара мел чIогIа дехарх чувахна церан ялтех а ца кхеташ (и бахьнехь воккха стаг кхунна чIогIа реза воцчух тера а дара), шен баьццарчу машена а хиъна, керлачу дахарца ястаяла юьзна кхехкачу бIаьстенехула а ваьлла, шен гIала дIавахара, дагчохь, цкъа а ца бицбан, шена тахана гинчо кхоьллина синхаамаш а хьош.

# КХАА ВЕШЕХ ТУЬЙРА

**Кхаа вешех туьйра**[45]

– ЧIама. ЧIама... – дохк долчу маьркIажехь къорра дека юьйцинчу керта йисте а хIоьттина кхойкхучу зудчун аз.
Кхин а, кхин а кхойкху. ТIаккха хеза цунна цIенна генахь доцчу Iин чуьра: «МIо-о-о». Дукха хан ялале гучуболу ша етт а.
– Хьо бист стенна ца хуьлу, ЧIама, хьайна хеззашехь... Хьуьйц, хьуьйц, бало чу. Собар, ас неI схьаеллалц. ХIинца бало. Ма лестабе и корта. ХIинцца... Ас гIабакх аьтта хьуна. Яа, ех корта бетташ, Iена а ца еш. Мичахъ хоттала бахна хьо? Чущ-кIела кхаччалц? Собар, хIинцца. Ас иштта алах горгам а йина, дIацIанбо хьо. Схьа а ца хьоьжуш, хьайн гIабакх яа. И цIога а ма лестаде... ХIаъ, ели со, ели. Яа хьайн гIабакх. Ас меттиг тайина, буха йол а тосуш... – божал чуьра ара а йолий, цIенна тIе йоьду зуда.
Дикка Iаржъелла. Хиллачу хьайбанийн хьожа еттало бешара схьа. ТIуьна а, шийла а ю суьйренаш...
Юха а тIекхечи гуьйре. Везандела, кхин цхьа гуьйре ган а доьгIна хилла-кх. ХIара муьста хан. Дохк а долуш. Массо а даьIахкана а хаало тIуналла. Ара а яьлла, дIо кертах, чIийш даха деза. Ма Iаьржа а ю, цкъа а са а тосур дуй теша? Хийла хили-кх и ойла, хIокху дехачу масийтта шарахь. Са а теси, малх а кхийти. Юха а
Iарж а ели... Кхунна хIумма а ца хили. Хьер а ца ели, яла а ца ели. Муха ца хили. Дерриг дахар дIа-м даха.
ХIун дисна цунах тIаьхьа?
Ехха, керт йоцчу учи йисте а хIуттий, лаьтта иза, тишчу корталех а хьерчаш.
– И дуо мичара баьлла? Кху кертахь дуо боцу хIун хан ю? – шабарш до цо. БIаьргаш а хьакхадой, юха а хьожу иза уьйтIенан маьIIе, хIумма а яц, сурт хIоьттина хилла-кх.
Лаьтта-а-ш, кхуннаюха а го дуо. ТIаккха аьзнаш хеза.
Боьршачу стеган велхар. Кхунна девза воккхахчу вешин Даччин велхар.
– Маржа, Дачча яI, хIокху ткъе берхIийтта шарахь иштта лаьтта-кх хьо, саццаза воьлхуш. Хьан бIаьргех дийнна ахк хилла, – шабарш до зудчо.
ТIаккха иза дIатоь, когаш тIе охьа а лахлой. Елхаран къурдаш а деш. Юха а хеза аьзнаш. Дайх куьг а гIортийна, воьлхуш лаьтта Дачча.
– ХIун хилла вайна? – иза ден аз ду.
– Вайн... вайн... Салахь вийна бах.

Дада, дада... Муха лайра ахь иза? Иккхина дIа стенна ца дахара хIара латта? Хьо-м Iадда лаьттара, тIулгах волуш санна.
– Собар хила деза-кх, нах кхаьрдар бу вайх...
– Иза суна хьалхара вахна ма хилла. Ша со ву а аьлла...
– Мухха делахь а...
ДIадов аьзнаш... ТIе хьаьрдаш тоьхна дуо а дIабов.
Массо а дIавов... Цхьа бода буьсу.
– Маржа, Дачча, маржа... Шу массо а дIавоьду. Со юьсу кху боданца, – шабарш до зудчо юха а.
Учи тIера охьа а юссий, уьйтIе а хадош, юьйцина керт йолчу агIор йоьдуиза. ГIаж а луьйзуш. Хатто дIаяьkkхина кало лоьхуцо куьйгаца, цхьана кога тIе а хIуттий. Эххар а карайо. ТIаккха юха а йоьрзий, цIийне бIаьрг бетташ лаьтта.
Тищделла цIа, кир тохаза шо а тIехдаьлла, ладарш оьху тховх чу. Жимма лаьттах чудахча санна а хета.
Кораш раздевлла, хIинццалц цIена латтадора цIа, хIора бIаьста кир а тухуш. Даханчушеран бIаьсте тIекхаччалц хIара тешара, цхьаъ милла а веъна а цIа вогIур ву бохучух. Амма шераш дIаоьхура, цхьана а хьешо кхуьнан неI ца тухуш. Кхуьнан тешам жим-жима шелбала буьйлира. ХIетте а цIенна шех и дIа ца ходуьйтуш, ехха лийлира иза а. Цунна хаьара и тешам цIенна дIабаьлча, шен дерриге а дахар бода хилла дIахIуттур дуйла,
Iаьржа бода хилла. ХIинццалц а дара иза-м бода. Делахь а иза сира бода бара, дохк санна, оцу дахкархула, маьлхан серло санна, гIийлла хаалора кхетаман кIоргенехь болчу кхуьнан тешаман къегар. Кхо сатуьйсура оцу къегаро эххар а цхьана дийнахь шен дахарх хьерча дохк дерриге а, эшийна, дIадаккхаре. Оцу дийнахь и кхуьй а керта вер ву. Вела а къежаш.
– Тхан йиша, оха са дии хьан, къинтIерайяла, Iаламат хала дара тхуна... ХIаъ. Салахь а хир ву. ХIун ду и вийна аьлла, кехат деъча? Хийла цIа баьхкина уьш цул тIаьхьа а. Хьуьлла эвла йистера Iуспа, тезет хIоттийна ши шо даьлча, цIа веара...
Стохккалц иштта хетара, стохка бIаьста хIаллакьхилира кхуьнан тешам. Карара яьлла чкъург санна, хахкабелла бахна, дIо Iин чу а кхетта, боьхна дIабелира. Иза дуккха а йилхира, цуьнан коша улло а хиъна.
Цунна тIе леккха буц яллалц.

ТIаккха чуеара, бIаьргара хиш а кхачийна. ХIинца хIара ца йоьлхура. Елхаялар а хиллера-кх цхьа ирс.
ХIинца хIара меллаша, хахкаелла цу йисте йоьдура, дахаран йисте, шена а хууш ша йоьдийла...
– Со ара стенна яьллера?.. – бодашкахь чIоггIа декаш санна хета зудчунна ша шабарщца аьлларг. ТIаккха лаьттий:
– ХIаъ, чIийш даха... – тIетуху цо кхин а меллаша.
Кало хатте дIа ца лацийта, ког охьа моссаза боккху дIаса а хьовзош, эххар а дIакхочу иза керта йисте. Цхардоьллачу серийн кегдаларан татанаш сих-сиха лелха тийналлехь, тIаккха сих-сиха дов.
– Маржа, дуьне яI! Маржа... Тховса тIаьххьара дIаели хьан куралла а, Сану. Хьайн гонахара керт яго юьйли хьо а. Хьалха хьо ца ешара и дечех, хьуо цхьаъ бен йоццушехь, хьан гуттар а хуьлура хьалххехь Iалашдина лаьтташ дечиг. Кхушарралц... ХIинца... – ша шега а луьйш, пешахь цIе хьалалато гIерта йоккха стаг.
Эххар а цIенкъахь ловза юьйлало цIеран серлонаш.
«Дувв» до пешо, йовхо яьржа чухула. Зуда, паднар йисте а хуий, цIенкъа бIаьрг а бетташ Iа. Дуккха а Iа иза.
Хийла хан яьлча, цунна хеза беран, бархI-исс шо кхаьчначу йоьIан елар. ТIаккха аз:
– Ваша... Ваша... боккха хиллий и саьрмик?
– Хилла боккха-боккха. Бузуш а ца хилла, мел хIума йиъча а, – и Даччин аз ду. Иза кхуззахь, паднаран баьрччехь хиъна Iа. Цуьнан когашкахь Iийриг мила ю?
Жима йоI, Iаьржа, даккхий бIаьргаш а, хьийзина кIужалш а йолуш. ХIара ю-кх, шовзткъе пхиъ шо хьалхалера Сану.
Зудчо тIе куьг кховдадо цунна. Амма иза, ца хилча санна, дIайолу. Еса ю чоь, цхьана пешан гIовгIа бен, хIумма а ца хеза.
– Со IадIа шуна, дIа ма гIойша.
Зуда ша йолччохь дIахеба. Цунна юха а хаза долало аьзнаш. ЧувогIуШидий, Салаххьий. Охьаховшу вежарий.
– Дечиг даьккхиний аша? – хоьтту Даччас.
– Даьккхина.
– Делахь, со говр хитIа эцна воьду.
– Говр хитIа а йигна, дIа а Iалашйина, бежнашна хIума а тесна...
– Массо хIума а дина ашшимма-м, со Iашшехь...
Салахь, Салахь... Боккъал а хьо воцуш деха техьа хIара маьлхан дуьне?

Кху Іаннашкахула декка хьан пондаран аз кхин хезар дац-те цхьанна а? Цхьанна а гур дац-те хьан хелхар – стиглахь детта ткъес?..
Аьзнаш дІадов, зудчунна шен чоь серлаяьлча санна хета. Самукъадолу цуьнан. ХІара хІун ду техьа? Иза ехха Іа, хиллачух ца кхеташ. ТІаккха ойла кхуьу: и марзо ю-кх кхуьнан вежаршна юккъехь мацах хилла, тховса кхуза еъна. БІаьстенан зезагийн хьожа ю цу марзонан, цуьнан серлоно латтош дара кхеран цІа гуттар а къегина. Иза даима а дуьхьал лаьттара арара чугІертачу бохамийн боданна.
Цхьацца шо юккъе а дулуш, дуьненчубевллера кхуьнан вежарий, хІара массарал а жимах яра, цунна тІе вина масехдоьзалхо кхелхинера, жима волуш. Иза кхуьура вежарийн безамехь.
Зудчо доккха садоккху, тІаккха когаш Іуьйра лаьтта юссу. Аннаш цІийза. Ша йолччохь хІуттий лаьтта иза, ладоьгІуш. Тхов тІера чуоьхучудогІанан тІадамийн тата хеза.
– ГІодмаш дІадотта а ца кхии йочана хилале, – шабарш до цо.
ТІаккха дІайовш лаьтта цІе марсайоккху, тІе чІийш тохкий. Корта морзах карахь болчу куьйгашна тІе а буьллий, дІаса а техкаш, Іа иза, цІаре а хьоьжуш. Аьзнаш хеза цунна юха а.
– ТІом баьлла, Герман тІелетта боху, – олу хІетта
Шуьйта-гІалара цІа кхаьчначу дас.
МоггІара хІиттина лаьтта, ойлане а бевлла, вежарий, цхьа а вист а ца хуьлуш.
– Дада, Герман и Саьрмик буй? – хоьттужимчу йоІа.
Амма да вист а ца хуьлу. ТІаккха вежаршка хоьтту.
Цара тергал а ца йо хІара. Кхо юха а хоьтту. Эххар а
Даччас каралоцу жима йоІ.
– ХІаъ, Саьрмик бу, бийна дІабаккха безаш, – олу цо, кхуьнан коьртах куьг а хьокхуш.
Зудчунна хорам хуьлу. Садукъло цуьнан. Шен ницкъ маббу къурд бан гІерта иза легашкахь лаьттачу дагахьбалламийн шодах. Эххар а мукъадовлу легаш, шад пхенашкахула баьржий, ира йовхо а хуьлий, дІабов.
– Ваша, ваша... Хьо лата гІур вуй цу саьрмиках?
– ХІаъ.
– ТІаккхаШида гІур вуй?
– ХІаъ.

– ТӀаккха Салахь тӀаьхьавогӀур ву, дадин шаьлта а йохьуш. Вуй?Юха Саьрмико дӀакхаьллича Ӏуьрг а даьккхина, цуьнан букъа тӀе вер ву. Вуй? Юха буьйр бу
Саьрмик, хье юккъе шаьлта а тоьхна. Буьйр буй? Буй...
Шовданан хи санна, зов хилла дека йоьӀан аз.
ТӀаккха дов.
ХӀетахь боккъал а иштта хир ду а моьттура. Делахь а уггаре жимахниг уггаре а хьалха Саьрмиках лата вахар нийса ца догӀура хетачуьнца. И иштта хила дезаш а ца хиллера. Дачче тӀаме кхойкху кехат шега даийтина аьлла, юьртсоветан белхахочуьнца барт а бина, дӀавахнера Салахь. Даччас хӀетахь Салахье ала а элира, сел жима волчу хьоьга стенна кхойкху, ша а витина.
Цо иштта хила дезаш ду, элира, хьоьга тӀаьхьа кхайкха а мега. ТӀаккха и вийна аьлла кехат деъча, юьртсоветан секретаро дийцинера Даччина ма-дарра.
– Маржа, Дачча яӀ. Хьо дуо юххе хӀоьттина воьлхуш гича а, со ца кхетара хиллачух. Суна моьттура, дерриге а ахь сайна дийцинчу туьйранехь санна хир ду. Хьо велха а ца воьлхуш, сихха шаьлта а эцна, Саьрмиках лата стенна ца воьду бохуш, ойла яра сан. Салахьна тезет хӀоттийна кӀира даьлча, хьо вахара... ХӀетахь дуьйна ваза ву...
Цхьа татанаш а хезий, зудчо сацадо шен шабарш.
ЛадугӀу цо. «Къарш-къарш», – хеза тхов тӀера схьа.
– Дехкий а тӀетаьӀна цӀенна... Дехкий, неций, мох а, шело а... Чаккхе ю-кх кху цӀийнан а, сайниг санна.
ХӀан-хӀа, со ца кхоьру шуна, дада, нана, со ца кхоьру шуна, Дачча, Шида, Салахь, оцу чаккхенах, кхерахь а, ас ловр ю шуна иза, нахала а ца йолуш. Суна ма хаьа аша а иза иштта лайний. Аш лайна лазам лар боккха синхьаам бу. Вон хьаха дара и дан ца дезахьара... Делахь а шух цхьаъ цӀа варе сатийсинера ас, Дачча. Сан нахаца яхь ма ю. Суна лаьара Нажин доьзалх хӀу дуьненахь дуьсийла... Лиъча, буй пайда?.. Ахь суна бийцинчул а боккха хилла хилла-кх, Дачча, шу лата дахна Саьрмик...
«Къарш, къарш, къарш», – тхов буучудехкийн татанаша къардо зудчун шабарш. Иза, хьала а гӀоттий, аннаш а цӀийзош, паднара тӀе йоьду. ДӀакхачале шозза соцу иза, аннийн цӀийзаре ла а доьгӀуш. ТӀаккха паднара йисте охьахуу, бӀаьргаш кора тӀе а дугӀий.

– Хьо цхьаъ бен вацара сан висна, хьо ца вахча ца мега тIаме... – ненан къурдаша хьалаюзу чоь.
– Массо а воьдуш хилча, со ца вахча стенна мега? – гIийлла дека Шидин аз. Дечган лоха зIар тIе а къовлий, кех волу иза. И сирла-баьццара буц, и кIайн-къорза зезагашмохехь листина, кхин ца девлла кетIахь хIетахь дуьйна. УьшШидица дIадахна, тIепаза дай.
– Маржа, Шида яI! Хьо вара уггаре а тIаьхъа вахнарг. Хьо вара и, Саьрмик а эшийна, важа шиъ а валош, цIа ван везарг. Хьан шаьлта аьрта хили техьа, я оцу Саьрмикан чкъор чIогIа хили техьа? Хьала ца валалуш, виси техьа хьо цу Саьрмикан кийрахь... Маржа, Шида яI! Хьо дIавоьдуш, зазанийн патарш хьийзара хIаваэхь, дитташ техкара мохехь. ТIаккха кестта къаьстира нанех, дадех. Кху кертахь шиъ дисира: сой, бодий, – догIанах а ийна, Iенало зудчун гIийла шабарш.
Ша сецча, чоь кхин а еса хета цунна. Цхьаъ тIеоьшуш санна. ХIун? ХIа-а, пешан гIовгIа дIаяьлла. Даьгна девлла чIийш. Чоь шеллур елахь а, кхин араяла дог-м ца догIу. Сатухур-кха сатассалц.
Иза метта а йолий, тIе юргIа а тосий, дIатаьIа. Мичара – наб. Хаддаза лардо цо кор. Кестта кхайкха юьйлалур ю тIаьххьара нIаьнеш. ТIаккха зарзлур бу бода.
Оцу боданехь Iуьллу некъ. Иза кхуьнан дахар ду.
Шида дIавахначу дийнахь хилла цунах дахкарлахь хьийза, шен юьхь лаьцнарг цхьанхьа а ца вуьгу некъан тача. Бакъду, масех де-м деара кхунна, дохк дIа а айаделла, хьалхахь зезагаша къарзйина сирла анайист а гуш.
Цу тайпанчуденошкахь кхуьнан кхетамехь гIергIара гIелий, Iовраш уьдура, хьаннаш цIинлора, йолалора бIаьстенан юьхьан кIуркIамани. Кхунна ши ког а Iуьйра тIуьна Iаь гIуьттучу, бIаьстенан малхехь дохлучу лаьттахула дIаяха лаьара, цхьалха коч мохе ловза а йойтуш, массо а хIума а кхуллучу Iаламца йолу зIе а хаалуш. Дерриге диццдеш, хьагаме дара иза. Амма хIара ца йоьдура цига. Муха? Я Даччина а, я Шадина а, я
Салахьна а ца евзина марзо йовзий? ХIан-хIа. Кхунна кхин а хала хир дара яха. Хир дарий техьа? Хаац. Амма хIара юхайоьрзура шен дагалецамех дуъззина лаьттачу, денна тишлучу цIа чу, шена тIаьхьахьуьйссучохь хийла сатийсамийн бIаьргаш а дуьтий. ХIан-хIа, цунна ца лаьара и денош духадогIийла. Ура-атталла кхетамехь царах

дисна суьрташ юхадендар а вежарех болчу безамна хьанал цайисар хетара. НІаьнеш кхойкху.
Бода чІагІло. Эххар а серладала долало кор.
– Кхин цхьа буьйса а чекхъели, – цІенкъа юссу зуда.
ДогІанан дерз дІасецна. Дохк дІаайаделла, малхбале серлайолуш ю. Зуда, калош а тудий, кетІа йолу. Юьрте бІаьрг туху цо. Кхеран цІа хилла ца Іа дассаделла. Шовзткъа ду.
ЧІогІа боккха хилла и Саьрмик. Ца Іебаш. Цхьаццанхьа цхьалха лаьтташ къена бошмаш го, букар ситтина.
Тиша цІенош а дац цигахь-м, стагга а ца висна уьш меттахь латто. Нажин цІа-м лаьтташ ду тахана, кхана хІуъу хилахь а.
– Буьйса дІаелин, Сану...
Юхайирзинчу зудчунна шен лулахо го, керта йисте а хІоьттина, шега хьоьжуш.
– ДІаели, Микаил… Хьо араваьлла?..
И шиъ дехха лаьтта, вовшийн тергалдеш.
Зудчунна хеза шен кхетаман кІоргенехь гІела гІергІаш. Цхьа мерзалазаме Іаьвжа дог. ХІаъ, иза ву и.
Кхуьнга тІуьна Іаь гІуьттучу бІаьстенан довхачу лаьттахула когаш Іуьйра шеца дІайола аьллачех цхьаъ. Иттех шо хьалха дара иза. ХІинца цуьнан зуда а ю – Іайнаъ, бераш а...
Эххар а къонах:
– Чувоьду со-м, – олий, йовхарш а еш, шен кетІа воьду.
Зуда а йоьду божал долчу. НеІ схьайиллича, докъаран, кхеллин йовха хьожа кхета юьхьа тІе. Цхьанаэшшарехь нох дохуш Іуьллу етт. ХІара цунна хьалха хьаьвди тІе охьалахло.
ЧІама, сийсара а баьхкинера уьш. Даччас туьйра а дийци, кхаа вешех туьйра. Сатассалц кхуьнца а Іийна, дІабаха. Массо а хьалха санна вара. Бакъду, Салахь мелла а ондаваьлча санна хета. Гуттаренна а схьа маца богІур бу, бохий ахь? Хаац, ЧІама. Цхьаъ мукъна а вагІахьара. Ца вагІахь, хІун дер – хІара дІагІур ю-кх уьш болчу. Иштта хилла-кх хІара дахар. ЧІама, хьан хьайн ирс ду. Бай тІе бажа лаьлличхьана, кхочушхуьлу хьан сатийсам... Я иштта дац те иза? Хьан а ю те хьайн гІайгІа, адаман санна яцахь а, хьайниг – бежанниг. Я тарлора ахь кхуьнан, Санун, гІайгІа лелош хуьлий а.
Хьанна хаьа?Ахь дакъалоцу дела, ницкъ кхочуш хила а ма тарло Санун, оцу гІайгІане ша ерриг хьаьшна дІа ца йоккхуьйтуш, яха а...

ЧIама, ЧIама, ЧIама...
Зуда ойланашка а яхна Iашшехь, де доккха хуьлу.
Эххар а, кIоргга са а доккхий, олу цо:
– Ванах, цхьа а хIума доцуш, эрна хир ду-техьа аса мел лелийнарг, хIара сан гIайгIанаш а, хIара сан баланаш а.
ТIаккха сихха хьала а гIоттий, етт дIабосту цо.
– ХIан-хIа, ЧIама, вайшиннан йиш-м хьаха яц хьедала, хьелахь, наха хIун эр ду? Уггар хьалха Iайнаа а олуш... «Къанъелла Сану, – эр ду-кх. – етт дIалалла хьалагIатта а карах ца долу». Хьуьйц, хьуьйц. Эр дац Сануна-м, – ша шега а луьйш, етт а лоллий, эвлайисте боьдучу новкъа йолу зуда.

# ЗАЗА ДАЬККХИНЧУ БЕША ЮККЪЕХЬ ЖИМА ЦIА

### Заза даькkхинчу беша юккъехь кIайн цIа[46]

### 1

Хилла вонаш диццдала-м йиш яцара, шир а делла, доьзалхой а кхиъна, уьш бехар бу-кх ирсехь бохуш, царах йоккхаеш хьийзара, иштта и стаг а вара. Иза колхозан трактора тIехь волуш, алапа кIезиг хилахь а, цхьанна дечиг цIа дохьуш, вукхуьнан – йол, кхечунна – гота охуш, жимма хIума хуьлура. Ткъа аса кертахь хьаьжкIа а, кхоьаш а, етт-эса а леладора. Дерриге а и цIенош долийча хилир-кха. ВаллахI, оцу дийнахь цу йоIа, ша газете кехат яздийр дуаьлча, «хах» аьлла, кийра ша биллира. Ша боданехь латтайо, серло а ца гойтуш... Хьовсийша, хезна хIума дуй иза? Ша сарахь ишколе хелхайийла ца яхийтича... Хелхарш хилча-м, цхьа хIума а дара. Вовшашна мар-мара а бахна. ЭхI, хIара корта. Цкъа паргIатъериг хир ю-кх, хIара эккха а иккхина.
Оцу дийнахь а ма белира хIара сан чIогIа лаза, мерах цIий а оьхуш. ТIаккха-м гонаха хьаьвзира и йоI: «Хьуна хIун хилла? Хьуна мерах цIий оьху?» – «Эхийтахьа, цIий дац иза, сингаттам бу».
ХIаъ, оцу дийнахь шек хилира со оцу кIантах а.
Цигаьркийн хьожа етталора схьа. – «Узучарна юххехь Iийна со». «Хьан йиш ма яц волавелла лела, цIенош деш ма ду вай», – элира ас.

«ЦIенош, гуттар а цIенош... Суна кIордийна уьш», – ирхкхосавелира. «Уьшшуна дешма ду. Хьуна а, Адамна а. Шунахах тера хилахьара аьлла хеташ». – «Тхуна-м хIара тишанаш а тоьар дара». «Шун дена дикуо хаьа, цуьнга ладогIа», – ден сий-ларам цаьрга байта гIертара со. Амма и цуьнан дагах кхетачух тера дацара. ТIаккха хьехар а ма дира ас: «Схьавола, суна улло, нана яларг.
Схьайола хьо а, суна улло, нана яларг. Иштта охьалахло. Кхуьур ду шуьшиъ шайна луъург лело а. Жимма собарде. ДIадаьлча бен дага ца догIушуна дай-наний.
Массо хенахь шайн ойла ма е. Тхан а е. АвгIан тIамехь волушайн ваша а дагалаца. Маржа, Адам яI! ХIун лелош лела-те хьо? Кехат а ма хьедели. Табарке деаний техьа? Яло, Падам, оцу пеша тIера чIепалгаш хьуо лулахошна. СагIано ларво олур-кха стаг... Салахь, ахьа а яа хьайна хIума»...
Амма эццахь со юкъахъяькккхира чIоггIа еттачу неIаро – и стаг тIулг а бохьуш цIа кхаьчнера: «Арадовла, арадовла»...
ИшттIа дIасауьдуш, вовшашна оьгIазъоьхуш, дIадовлура денош. Деккъа цхьа Адамера кехат кхачар дара хазахетар.
Чубузучу маьлхан зIаьнарша серладаьккхинчу цIа чохь гулбелла доьзал: да Ахьмадукъа паднара тIехь гIайбех дIа а тевжина Iа, нана Совдат – лохачу гIантахь, кIант неIарехь ирахь лаьтта.
ЙоIа кехат доьшу: «…Кхузахь кхин хала хIумма а дац, хьайл лакхарчунна честь делчхьана. Са ма гатде».
– ИйтI, нана яла хьан! – бIаьргех хи даьлла ненан. –
Хала хилча а, хоуьйтур долуш ма вац.
– «Наха цхьацца хабарш дуьйцу хир ду, кхузахь хаддаза тIом бу, бандиташа тешнабехкаца салтий бойу бохуш. Цаьрга ла а доьгIуш, суна са ма гатделаш. Дада, хьан могашалла муха ю? ЦIенош долийна бохуш, яздо аш. Дукхашайнаницкъ ма белаш, со цIа веачхьана дийр ду вай...»
– Ницкъ бийр болуш бац хьуна хIорш-м, ахь ца аьлча а, – олий, йовхарш туху Ахьмадукъас. ЙоIа юха а дIадоьшукехат:
– «Нана, хьо муха Iа? Корта-м ца лозу хьан? Гуттар а корта лозуш хуьлур-кха хьо. Со цIа веачхьана, Москох лоьраш тIе йигна а, цхьа дарба лохур ду вай».
– Нана яла хьан, нана! Хьо цIа веъна де гур а дуй техьа, – Совдата бIаьргех йовлакхан тIам хьокху.

– «Салахь, Падам, шайга аьлларг делаш, дика а дешалаш».
– Дика муха доьшу, ишколе вохуьйтуш а ца хилча? – корах арахьожуСалахь.
– «...Ас дӀавоьдушдоьгӀна Ӏежийн синтарш дакххий хиллий? Падам, уьш бежнашка даа ма дайиталахь».
– Уьш-м тоххарехь дӀахедийнера, – юха а корах арахьожу Салахь, вела а къежаш.
– ЦӀенош деш хилча, дӀа ца хадо йишма яцара уъш.
Керланаш дугӀур ду-кх, – паднара тӀера цӀенкъа вуссу Ахьмадукъа. – ХӀан, дуьло, болх бан деза.
– Тховсенна битахьа и болх, – тӀунделлачу бӀаьргех куьйгаш хьоккхуш, хьалагӀоттуСовдат. – Садайна вайна. ЙоӀ хитӀа яха а деза. Дечиг а ду даккха дезаш.
Оцу сарахь со а, хӀара стаг а дехха Ӏийра къамелаш дуьйцуш. Ши бер дукха балхана тӀе ма теӀаде, бехира ас, даго цхьаъ хьоьху суна. «ХӀун ду цара дийриг? –
Дага ца догӀу хьуна, вай кегий долуш, Казахстанехь, наха дӀакхийсинчунехашюккъехь яахӀума лоьхуш лелла?.. Ткъа вайшимма вовшахккхеттачу шина шарахь хьегна къа?» – элира цо.
– ДогӀу дера, – элира ас, – суна я поппар хьаха а, я мижарг бан а ца хууш... «Цундела, цаьрга и хало ца хьегийта гӀерташ воллу-кх со... Адам вукестта, зуда а ялийна, охьахао везаш. Ши пӀелг санна, шиъ бен ван а вац...».
Афганистанехь тӀам тӀехь волуш кест-кеста гӀенах айса доьгӀна Ӏежийн дитташ гора, зазадаьккхина лаьтташ, царна юккъехь кӀайн кир тоьхна жима цӀа а.
Амма ши шо дӀа а даьлла, со цӀа кхаьчча, дитташ дӀахедийна карийра, ткъа жимчу цӀенна кӀайн кир тохаза шо а тӀехдаьллачух тера дара. Малх кхетта, гуьйренан декхна де дара иза. Со зӀара юххе а хӀоьттина лаьттара, тӀулг буттуш бохкучу сайн уггаре а гергарчу нахе а хьоьжуш. Дуьххьара Дадина гира, карара цементан, гӀамаран берам лелабен аьшкал охьабуьйжира цуьнан. ТӀаккха вуьйш а схьахьаьвсира. «Нана яла хьан! Хьо ган доьгӀна хилла-кх суна, – бӀаьргех хи делира нанина. «Схьавала, кӀант, сехьа», – йовхарш етташ лаьттара дада. Падам, Салахь, доккха хиларал совнаха, хийцаделча санна а хийтира. Иза бакъ а хиллера – тӀаьхьа гучуделира дерриге а.

ТӀеволавелча, со астагӀ хилар а гина, нене мохь белира: «Нана яла хьан, Адам... Даго хьоьхур-кха суна»... Дадас човхийра иза: «ДӀаяла, зуда, кху кертахь тезет а ца хӀоттош. Нехан ойлае, декъий цӀа кхехьначеран»..
Дан а дацара, цаьрга хьаьжча, тхуна тӀекхаьчнарг хӀумма а. Амма тӀаьхьа, дукха хан ялале, сан ойла-м хилира, цигахь вала стенна ца велира теша со, аьлла.
«Бух ма боккха болийна аша?» – элира аса. Дена хазахийтира аса гӀишлонан тидам бина. «ЦӀийнан уггаре коьртаниг бух ма бу, кӀант, – дуьйцура цо. – Бух онда хилча, цӀенош а лаьттар ду дуккха а. Хьажал хьо, хӀокху агӀор йиъ чоь, кху агӀор кхин йиъ – бархӀ чоь а, юккъехь сени а йолуш гӀишло хир ю».
ХӀетахь тидам хилира, аса боьгӀна ши Ӏаж хиллачухула дӀа а йоьттинчу бетонан. «ГӀишлонна новкъа бара и шиъ... ЦӀийна тӀехьа бугӀур бу ахь...» – бохура дас.
Халахийтира суна.
Падам Табарке кхаъ баккха яхара. Оьшуш-м ца хиллера. Цунна ца тайра сан астагӀалла – и кхечуьнга маре яхара.
Дадиний, наниний мотта-м моьттура со и бахьнехь къаьркъа мийла волавелла. ХӀан-хӀа, суна халахетарг кхин дара: тхан жимчуцӀа чохь хилла барт, марзо, бомба тоьхча санна, йоьхна дӀаялар. Хьенан я стенан бехкенна хиллера иза: сан, я дадин, я ненан, я заманан, я керла динчу цӀийнан. Ца хаьа, мухха делахь а, цхьа шайтӀа хьаьвзинера тхуна юкъа. Цунах со цхьана дийнахь кхийтира.
Сингаттаме тийналла лаьтта чохь.
– Доккха хӀума ду-кх, цу кӀанта сан дуу са. Мича вахна техьа иза? – боху нанас.
Адам, дуьхьал вист ца хуьлуш, паднара тӀехь хиъна
Ӏа, бӀаьргаш цӀенкъа а доьгӀна.
ЦӀеххьана неӀ еллало.
– Хьо мичхула лелаш ву, нана яларг? – хьалаэккхий,
Совдат чуваьллачу Салахьна тӀехьоду.
Важа, вист а ца хуьлуш, неӀарехь лаьтта.
– Хьо мичахь вара? ХӀа-хӀ? Мотт сецна хьан, – чукхоссало Адам.
– Арахь.
– Мичахь?

– Арахь. С кентами. Кайф лоцуш. Хьа-хьа-хьа, – гIадъоьхуш, аркъал а сетташ воьлу.
– ОстопируллахI, остопируллахI. Вай, нана яла хьан, хIара дара хьуна суна тIекхачаза диснарг... Телхина-кх.
– Суна хаьа хьуна кхунна хIун хилла-м, – Адама, тIе а воьдий, Салахьна буй туху. Кхин а, кхин а. – Боьха хIума! Суна дукха гина хьуна хIара тайпа хIумнаш.
КIомал оьзна жIаьла!
– ДIавала! ХIун дан гIерта хьо? Воь ахьа, – юкъа кхийссало Совдат. – ЭхI, сан корта.
Адама гIо до цунна паднара тIе дIаяха:
– Хьайн корта ма лазабехьа хIара боьха хIума бахьнехь. Иштта дIатовжахьа.
– Кхин ма тохалахь цунна. Хьо цIа вале хьан дас а йиттина. Толуш хIума дац, ша гал ца далахь.
– Кхузза, дехьа чу а ялий, дIатовжахьа, сан кхуьнца къамел ду, – нана дехьа чу юьгу Адама.
Салахь, неIарца охьа а вахна, воьлхуш Iа, кIеза санна цIийза а цIийзаш. Сехьа чуваьлла Адам, цуьнга хьоьжуш лаьтта.
– Айхьа лелориг хIун ду хаьий хьуна? – эххар а олу цо. – Хьо саца ца сацахь, хьаьжа юккъе топ ца тохахь, хьуна дан хIума дац хьуна.
– Топ тохахьа суна! Тохахьа! – кхин а чIогIа велха волало Салахь.
– Сацийта! Зудабер! Стаг хила гIорта, стаг! Вайша шиъ бен ма вац. Вайшиннах стаг хилахьара бохуш, са бага а кхаьчна хьийзаш ма ву вайн да а. Ткъа хьо?
– Адам, Адам…Иштта чIогIа дов ма дехьа. Хьалха мел дика дара, Адам. ДагадогIий хьуна, вай кегий долуш? Дадас вайна жижиг доькъуш, Падам тIехьа а ерзайой: «ХIара хьенан ду?» – олуш…
– ДагадогIу, – корта теIабо Адама. – ДаьIахка тIе пIелг хьажийча, Падама хьан цIе а яьккхина, хьо вилхина а.
Салахь бIаьрхишна юккъехула велакъежа.
– ХIаъ, хIаъ. Со велха а воьлхуш. Мел хаза дара хIетахь. ХIинца хIунда дац? ХIетахь вайша гуттар а цхьаьна вуьжура…Ахь суна туьйранаш а дуьйцура…
– велхар марсадоккхуСалахьа.
– Велхарх хIумма а толур дац. И хьан Iамийна хьуна? – боху Адама, паднара йисте охьа а хууш.

– Цхьана дийнахь… эвлайистехь Іара. Кино вахна аьлла, дадас етта а йиттина, воьлхуш… цхьамма… цхьамма елира. Массо хІума диц а деш, самукъадер ду хьан – оза.
– Самукъаделирий?
– Корта хьийзара, Іетта а вира, тІаьхьа дІавуьйлира.
– Ткъа хІинца хІун дан дагахь ву хьо? – Адам Салахьна улло охьалахло.
– Юьтур ю аса, – марш хьалауьйзу Салахьа.
– Йита еза, кхийтирий хьо? – цунна белша тІе куьг дуьллуАдама. – Ахь и кхин бага лацахь мегар дац хьуна. Хьайн ден, хьайн ворхІе ден сий дайа гІерта хьо?
ХІун ду Дадас йиттича? Хьо ца везаш ца йиттина хьуна. Хьо кхаба гІерташ, хьо нахах тарван гІерташ, лелаш ма ву иза. Кхийтирий хьо? Хьуна хала хир ду хьуна и йита. ХІумма а дац. Атта суна а дацара хьуна, накъостийн буха а бовлийтина, мостагІашца тІом беш, настарх чов а хилла, малхо еттинчу арахула, хьогаллина бага вовшах а летта, текхаш воьдуш. ХІетте а со цІа веъна – гой хьуна? – цу арахь а ца вуьсуш. Хьо а цІа вола, мел хала делахь а. Вай цІахь оьшу вайн дена а, нанна а, юьртана а… Кхийтирий хьо?
– Кхетта, кхетта, – Салахьан велхар маьхьаре долу.
– Цу арахула схьавогІуш, – цуьнан велхар а къардеш, чІогІа дуьйцуАдама, – кхетамчуьра моссаза волу, дуьхьал хІуьттура и ахь дийцинарг, кегий долуш дадас вайна жижиг декъар. Мел чІогІа сагатделлера шу ган.
Кест-кеста гІенах гора суна хІара вайн цІа, заза даькккхинчу беша юккъехь кІайн кир тоьхна цІа.
– ХІинца хир дац иза. Вай тІулгех цІа деш ду. Беш а ах дІаяькккхина, – велхар лагІдо Салахьа.
– ХІумма а дац. Беш а керланиг югІур ю. Вайшиннах стаг хилчхьана, массо хІума а хир ду. Кхийтирий хьо?
Мича кхийтира иза. И сан къамел лергах ца хьакхаделира. Бутт а балале, ша санначех а кхетта, гІалахь цхьана нехан хІусама чу а ваьлла, таІІийна чуволлийтира. Иза кхин доккха хІума а ца хиллера, оцу йоІа динчуьнга хьаьжча. Иза-м кху лаьтта тІехь елахь, карор ю. БАМ-е яхна аьлла хезна, цу сенчу Сибрехула лийли. Ца карий. Амма кара-м йийр ю, кху дуьненчохь елахь. ТІаккха цуьнан бІаьра хьожур ву: хІун ду техьа йишех хиллачу гІеман бІаьргаш чохь. ТІаккха и цкъа

а хьожур яц цхьаьнгга а, цул тIаьхьа – со а. ХIанхIа, ас хIара мийларх, со цкъа а хир вац бич, хир вац.
Иштта сий ца дойуш сайн, сайн дайн, дIавер ву... Цкъа и гIам схьа а карийна.

**3**

Доккха хIума дан а дар-кха, хIара дерриге а дуьне дуьхьалдаьллер-кха суна, хIара цIенош бахьнехь, кху чуьра бераш а цхьаьна, ткъа ас уьш царна деш ма дара.
Хьалха хIун ю а ца хуучу, шайн кхоалгIачуден цIераш а ца евзачу нехан гIаланаш гуш Iен ца велир-кха. ХIара бераш а хилахьара иштта, нах санна, бохуш, воллура.
Амма уьш ца кхийтира сох, тешнабехк бира цу шимма, сий а дайи. ХIаъ, массо а дуьхьалваьллера. Пхи сом ца делча, исправка ца луш, юьртда ву бохуш, доладелла лела и диларийн тIекха Мовла гин велара шуна. Веана-кх цхьана дийнахь: «Айхьа хIун леладо хаьий хьуна? Оцу Орган чохь хьозанна кхосса а тIулг ца битна-кх ахь».
ЛадогIа ахь къамеле. Ой, шена луъучо пайдаэца йиш йолуш бац и тIулг? Бац боху-кх.
Хийистош сацкъаре йоьрзу, хи жимло, – Iаламна зен до. Iаламна пайда беш ву-кх хIара, нахера соьмаш а гулдеш. Хаза деззарг-м хезира хьуна цунна оцу дийнахь! Кхуьнанчул бIозза сов бакъо ма ю сан хIокху юьртана а, оцу Органна а. Сан воьалгIачу дас Товболата йиллина ма ю хIара юрт, ткъа кхуьнан деда Махьма кху юьртахь беже веъанчохь висина ву. Наха къа а хетта, астагI СегIират а яхийтина.
Оцу тайпанчу нехан берел хIорш ца эшийта гIерташ, кхечеран санна цIа а, цIе а хилла, хIорш охьаховшахьара аьлла, ма хьийзара со. Хьийза оьшуш-м ца хиллера. ХIара цIенош долийчахьана, лартIехь де ца деа-кх. Цхьана бохамна тIаьхьа – важа, цунна тIаьхьа
– кхин, иштта дIадахар-кха. Ткъа цуйоIах гIам хилар...
Доккха хIума ду-кх иза: хьан сих, цIийх схьадаьллачу адамах гIам хилар. Тхан дайх, я хIокху зудчун – пекъар, дуьне диъна ца ели хьуна иза а – дайх ледара стаг а ма ца хиллера. Доккха хIума дар-кха цудийнахь суна тIекхаьчнарг.
Паднара тIе дIатевжина Iа Ахьмадукъа, пеша хьалхахь – Совдат, Адам – лохачу гIантахь. Массеран садуург чувоьллина Салахь ву. НеI етташ а хезий, корах арахьожуАхьмадукъа.
– Мовла... Кхунна хIун оьшу техьа хIинца, – олу цо.

Араваьлла Адам, Мовла а, цуьнца кхин цхьа вевзаш воцу стаг а валош, чувогIу.
Салам-маршалла хьаттинчул тIаьхьа шен накъост вовзуьйтуМовлас:
– ГIалара веана корреспондент ву.
– Тамбиева Падам шун йоI юй? Елахь, схьакхайкхал цуьнга.
Кхайкхина арара чуялийна Падам, йоьхна, амма майрра лаьтта.
– ХIара кехат ахьа яздиний? – хоьтту цуьнга корреспонденто. Вукхо корта таIабо.
– Ва-а, Дела, хьо юьхьIаьржо! – мохь бели Совдате.
– Ма е, зуда, гIовгIа! – тIечевха цунна Ахьмадукъа.
– Кху кехата тIехь, – гоьл тIе ког боккху корреспонденто, – шун йоIа Падама яздо, ша аша ишколе а ца йохуьйту, дискотеке хелха яла а ца йохуьйту бохуш. Аа... етта а етта бохуш. Бакъ дуй иза?
– Хьан дижа хьайн дакъа! – юха а мохь бели Совдате. – ЮьхьIаьржа хIоттий-кх со цо.
– Бакъ дуй иза? – корреспонденто гоьл тIера ког лестабо.
– Бакъду хьуна! – Падам хьеший болчухьа йолу. –
ХIорш со Iаьржачу Iадатийн боданехь латто лууш бу.
Ткъа суна серло еза, светомузыка а. Цкъа дискотекехь хелха йийлина аьлла, суна йиттира.
– Хелха оьзда яла. Мар-мара а бахна деш дерг хелхар ду? Зудабер эвхье ма ду. Хьо юьхьIаьржо, юьхьIаьржо, – елха йолало Совдат.
– Э-э, хIусамнана, ишта мегар дац, ишта, – аз чIагIдо хьешо. – Хьо хIокху заманан гIиллакхашна дуьхьалъяла гIерташ ю.
– Ю хьуна, ю хьуна, – мохь болу Падаме.
– ГIам! Ас дуьйр ду хьо, – хьалаэккха Ахьмадукъа, амма Падам хьешана тIехьа а лечкъий, цунна тIекхачаза вуьсу.
– ГIам! – мохь хьоькху цо. – ТIаьхьара зама ю-кх!
Хьан-хьайн доьзалхочух гIам хилча, тIаьхьара зама муха ца хуьлу?!
– Э-э, хIусамда, – боху корреспонденто. – Хьо нийса вац. Падамах цIеяххана артистка хир ю, вайн махкана а, юкъараллина а пайдехь а йолуш. Эсамбаев
Махьмуд санна. Кхуо кехата тIехь яздо, шена артистка хила лаьа бохуш. Ас кхуза ван новкъа валале дийцииа
Падаман гIуллакх культурно-серлонан училищен директорца. ХIара оха тхайца дIаюьгур ю.

– И хIун къамел ду? Хьайниг йига ахь хьайна луъучу, – ирхкхоссало Ахьмадукъа.
– Сайниг а юьгур ю, йига езахь. ХIара а юьгур ю, – болатан озаца хаддош боху хьешо.
– Сан доьзалхо соьгара ваккха гIерта шу?
– ГIовгIа ма ехьа, Ахьмадукъа, – юкъаволу вист а ца хуьлуш Iийна Мовла. – Хьан йоI деша юьгуш ю.
Деша. Хьо мел дуьхьал вийлахь а, Iедало хьан хама а ца беш, юьгур а ю. Эшахь, хьо а вуьгур ву, со а... Кхийтирий хьо?
– Сан доьзал юкъа а волий, со кхето ма гIертахьа,
Мовла, – мохь болуАхьмадукъе.
– Хьаштдоцург дуьйцу ахь, Ахьмадукъа. Иштта хьо санначара хьаштдоцург а дуьйций, халкъана а, махкана а зулам до, – дуьхьал мохь хьокхуМовлас.
Цу шиннан а аьзнаш къардеш, юха а дека болатан шийла аз:
– Накъостий, шун йоI цхьана а харцахьачу метте юьгуш яц, деша юьгушю. Яло, вовшахтоха хьайн хIумнаш.
– Уьш-м сан кийчча ю, – боху Падама. – РагIу кIелахь дIахIиттийна. Халла ара а баьхна, дIахьовсийра ас уьш, кхана охьаялор юшуна аьлла. Оцу сарахь хIокху кIанта, Адама, йиттина хиллера цунна. ШолгIачу дийнахь иза едира цIера. ХIетахь дуьйна кароза ю. Юьртда ву боху и кIилло а хьийзийра ас, цу карреспондент ву баьхначуьнга а барт хаьттира. Цхьанна а ца хаьара, и мича яхана.
Гуьйрено чIанадаьхна Ахьмадукъин кертара дIахедоза дисина дитташ. Иза ша ботта болийнчу керлачу цIийнан буха тIе а хиъна Iа, некъехьа бIаьрг а бетташ.
Цхьана лергаш лаккхахула хедийна гиччош долчужимчу стага, керта уллохь саца а соций:
– Ахьмадукъа, во-о Ахьмадукъа, – бохуш, мохь бетта.
– ХIун боху ахь? – кетIа волу Ахьмадукъа, цуьнан къорзачу духарх цец а волуш.
– Де дика дойла хьан!
– Далла везийла! Хьо ву и Сапарбек? Оцу бIаьргана хIун дина хьуна?
– ХIара лазийна-м ши шо а ду, – бIаьргах куьг хьокху Сапарбека. – Тюменерчу ресторанехь дов даьлча, урс кхетта... Чам боцуш белахь а, баьлла бац хьуна хIара, ткъе итт процентана са гуш бу.
– Ткъа оцу куьйгана хIун дина хьуна?

– Цхьа дика бич вара сан стохка, мала шмурдяк а, яа хIума а хилчхьана болх беш. Цхьана дийнахь, дайваший хьакхица валларо, ластийна диг тоьхна, чолакх ди-кх хIара сан куьг. ТIаккха шена хилларг цунна а хаьакх, жIаьлина, – шен заьIапчу аьрручунна тIехула аьтту куьг хьокхуСапарбека. – Чуца вогIу. Хьоьга дIало аьлла, Адама делла цхьа ахча дара. ХIинца мичахь ву-м ца хаьа, ши бутт хьалха Барнаулехь вокзалехь гира-кх суна иза. Хьоьга дIало аьлла, хIара ши бIе туьма делира. ЦIа маца вогIий? Билггала маца ца элира, бIаьста я Iай ван мега ша бохура. Дагарде ахь. ХIан-хIа, чу ца вогIу. Iодика йойла, – астагIа а теIаш, дIаволало Сапарбек.
– Сапарбек, оцу когана мукъна а хIун дина хьан? – тIаьхьа мохь бетта Ахьмадукъас.
– Омскехь, гостиницехь лата а летта, милицех ведда воьдуш, корах чу а кхоссавелла, хIинца а меттабаза бу-кх... – воьдуш лаьтташехь жоп ло Сапарбека.
–Ша билггала цIа маца вогIур ву ца элира оцу кIанта? – и сацо гIерта Ахьмадукъа. Амма важа ца соцу.
– Ца элира, Iай я бIаьста ван мега элира, – бохуш, дIавоьду иза.
«Ван мега, ван мега, – шабарш до Ахьмадукъас. –
Маржа, Адам яI! Хьо ма яра сан ерриге а дегайовхо.
Со кхузахь охьа а кхоьссина, лела воллу-те хьо?Ас хIун до кху ахчанах, ас хIун до?»
Эццахь машен соцукетIахь. Цу чуьра арахьоьжучу жимчу стага мохь бетта:
– Со ца вевза хьуна? Со хьуна цемент, тIулг, гIум кхехьнарг ма ву. Ахча-м кIезиг дац хьоьгахь. И хьоьгахь дуйла а хууш, цемент йохьуш веъна-кх со. Муха ца оьшу?ЦIенош чекхдаха дезаш вац хьо?Хьалха-м со гучуваларх а ца тешаш, охьа ма яссайора ахьа.
– Ца оьшу... ЦIенош дан цемент оьшуш а ца хиллера.
– Ткъа хIун оьшуш хиллера, – оьгIазъоьху машен чуьрниг.
– Ца хаьа суна-м.
– Ца хаахь, дIаIе. ХIара дIаэца нах-м дуккха а бу хьуна, багош а гIовттийна Iаш, – машен, говр санна, кхосса а йолуьйтуш, дIа а оьккхуьйтий, хохкий, къайлаволу иза.
Ткъа Ахмадукъа тIаккха а Iа ша хиллачохь. Шийла дерз доладелча а, Iа. МаьркIажа хан хилча, боданах дIаоь иза.

# ЗАМА

**Зама**[47]

ТIекIелдинчу цIенойн кораша тIедеххкина набарна дазделла бIаьрнегIарш. Дукхахдерш. Вукхарна чохь хIинца а серло йогу. Стенна ца буьйшу царна чохь
Iийраш? Цхьа синкъерам, я…
Наггахь тийналли тIехь гIовгIанан аса юьтуш, урамехула, хахкалой, чекхъэккха цхьалха машен. Иза вехха хьоьжу оцу асане, иза цунна лай тIехь говран салазо йитинчух тера хета. Ло диллинчу хенахь цIена хуьлу, тIаккха цунна тIехь лараш, хьоькхнаш, томмагIаш гучудовлу. Жималлехь хIоранна хьалха Iуьллу ло диллина аре
– дахар. ТIаккха иза цу тIехь лараш йита волало. Лараш. Кхунна го шен лараш. Цаьрца ведда вуха а вахна, вухаволавала йиш хилча… ТIаккха хир бацара дагахьбаллам.
«Вахь-хьа-хьа». Иза Iадаво оцу деларо. ТIекIелдина цIенош дукхунах доьлуш. Шинна а агIорнаш. Корийн бIаьргаш а дегош.
И дан йиш ма яц. Хьо кхузахь лаьтташехь, зама дIайоьду хьуна… Хьалхахьаьжначу цунна го цIеношна лакхахула, буьйсанах де а деш, лепа а лепаш, дIайоьду зама.
– Зама, зама, зама…– дехарца кхойкху иза.
Амма иза дIайоьду, кхуьнан тидам а ца беш.
ДIайоьду, анайистте кхаьчна.
Элмарза, хьо тховса а лаьтта дIаяханчузаманан марзо дагалоьцуш. Хьан лерехь дека хIинцца, масех сахьт хьалха, ахьа чукхайкхина хиллачийн аьзнаш. Уьш кхоъ вара. Хьан жималлин доттагIий. ХIетахь шу цхьаьна лелара. ХIетахь ашкъамелаш дора, шувовшехдаккхийдеш дара.
Шу дагахь дара йоккха стоьмийн беш кхио. ХIора бIаьста заза а доккхуш, гурахь стоьмаш а луш и латтийта. Стоьмех цхьа а бохка а ца хьош, нахана дIабала. Аш дIадийгIира синтарш. ТIаккха цунна тIехь дола ца деш, цхьацца волуш, массо юьстахвелира. Беш хьуна йисира. Ахь хIун дора бешах? Важа кхоъ а ца хилча.
Элмарза, дагайогIий хьуна бIаьстенан муьста юьхь?
Лой-хаттий цхьаьнаийна юьртан урамаш.
Малх дIабуьзна, шеллучу хенахь веара иза юьрта.

Хатт боц-боцчу вала гIерташ, некъаца дIаса а кхийсалуш, вогIура иза басах. Хьуна чIогIа хазахийтира иза вогIуш гича.
Стенна делахь а, сахьийзара хьан. Солса гучуваьлча, дерриге а дицделла, сапаргIат делира.
Цо шен мачаш цIанйинчул тIаьхьа шуьшиъ чувахара. Аннаш цIийзара когаш кIелахь.
– ХIара ю шун клуб?
– ХIаъ.
ТIаккха шуьшиъ тIехьарчу гIанта а хиъна Iийра, шелонах хаба а хебна. ГIийлачу эшаре ла а доьгIуш:
Дуьне, дуьне, маьлхан дуьне,
Зезагашлахь Iуьллу хьо…
И йиш локхучу зудаберийн куьйгаш цIийделлера, хIетте а аз шийла дацара церан.
Шуьшиъ, цу чуьра ара а ваьлла, булучу боданехула вогIура, хIинцца хезначуэшаран шакарца мукъама беш.
– И йиш хезча, маьлхан догIа дагадеара суна, – элира Солсас. ТIаккха:
– И сайна схьахезча, «гIагI» аьлла, воьлхур вара со.
– Муха?
– Хьо ца хилча.
ТIаккха масех бутт баьлча, иза ша а цецвуьйлура: стенна дагадеара и дешнаш. Цхьа синхьехам хилла-кх.
Оцу кхаа батта чохь яьгна дIаелира хьан сийна бIаьсте, Элмарза. Дуьне ца Iуьллура зезагашлахь, иза баланийн дахкарлахь хьийзара. Аьзнаша ца кхойкхура сенчу даккъашка. Хьо верриге а вегира. Цхьа дегIан бот йисира, чохь – овкъарш. Бераллехь хьуна хеттарш дIадайра, Элмарза. Дахар атта а, мерза а ца хиллера.
Дахар къиза а, хаза а хиллера.
Цундела хьуна лиира, Элмарза, хьайн бIаьсте юха а денъян.
Хьалхалерниг-м хир яцара. ХIетте а... ХIетахь хьан ойла хилира: «Дуьненчу адамаш девлла, шайх цхьанна тIе бохам кхаьчча, цунна и ловш гIо-накъосталла дан. Лаьтта тIера баланаш алсам мел буьйлу, алсамдолу адам. Царна дуьхьал латтархьама».
ДогIанах Iаьбна беш. ХIетте а сацац оьхучуьра. Цо нуьцкъах мийладо шен хи дитташна. «Ца деза», – бохуш, цара кортош дIасалестошшехь. И ницкъ а ца лалой, буьххьера чухахкало цхьа стом. Иза цхьанна тIе а кхетий, важа – вукхунна, буха кхочуш – дийнна Iежийн дарц.

Хилла Iежаш луьйчудогIанан Iаьмнаш чохь. Сихха лела уьш схьалехьошкуьйгаш. ВедархдетталучуIежийн татанаш хеза. ДогIанехь лаьтта иза, лулахойн беша а хьоьжуш. Ведар дуьзна яьлча, йоI хьаланисло. Айми чу а хьокхуш, Iаж а цIанбеш. «Къарш», – кхоллуцо иза.
Цхьана юкъана цуьнан бIаьргаш кхунна тIехь совцу.
Иза сатийсамца хьоьжу. Цуьнан ницкъ кхочур бара яьгна, овкъаршлахь Iуьллу бIаьсте юха денъян. Иза тIейогIу, хьожу и кхуьнан дахаре – овкъаршлахь Iуьллучу бIаьстене. Цкъоцкъамаш ирах дохуьйтий хьожу. Стигал къекъа – шовкъе а яхна, йоьлу цуьнан хазаллех, догIа хьерча цунах, юткъа-лекхачу, хьажар куротийна долчу цунах.
– Iаж безий хьуна?
– ХIан-хIа, бIаьсте...
Цо когаца дIасакегайо даьгначу зезагех, бешах хилла юкъ. Амма цо хIумма а ца до, ша гучудаьхна кIегий дIа ца дайта. Охьа а ца лахло, «хIу-у-п» ца олу. ТIеоьхучу догIано дIадойу уьш а.
Дахар къиза а, хаза а ду.
Иза кхетаман кIоргенехь йисна, Iуьйккъехь, ткъес тохале хьалха, корах чусегна серло а хилла.
ТIаккха цунна дагаеара шаьш йоьгIна доттагIаллин беш. Цунна чIогIа оьшура оцу бешан хIаваъ. Иза дIогарчу гул тIехьа ю. ХIара новкъа волу цига ваха.
ДIакхаьчча, беш хиллачу меттехь дуьйладелла лелаш бежнаш ду. Цара баххьаш диъна диттийн. Цхьадерш орамаш а цхьаьна, хьала а дохуш, дIадаьхьна, уьш хиллачохь Iаьржа оьрнаш го. Бежнаша уьшал хIоттийна беш хиллачохь.
– ХIей, цхьа а вуй кхузахь?
– Со-м ву.
Цунна го орамаш а цхьаьна синтар белша тIе а диллина, вогIушен накъостех цхьаъ.
– Резавоцуш стенна хьоьжу хьо? Суна кху бешах кхаьчна хIумма а дац хьуна. ХIара цхьа синтар доцург.
ХIокхубешана гонахара керт, цIа а кхоьхьуш, хьан ягийна? Кхузара дитташ а кхоьхьуш, цIахь бошмаш хьан йоьгIна? Аш, аш, аш!
– Ас-м ца йоьгIна.
– Ахь ца йоьгIнехь а, вукхара йоьгIна-кх... – иза, оьгIазе куьг а лестош, дIавоьду.

Маржа, Къахьарма яI! И беш-х шереIат дан хьуна хьайн дех йисна яцарий. Иза-х нахана пайденна аьлла, йоьгIнера. Ахьа оьгIазвахна кеп а ма хIиттае. Дуьххьара керт а йохийна, бежнаш кху беша лаьхкинарг хьо ву аьлла, хета: дукха хьох тера дуи бежнаш леларца а, хьажарца а... Лелар дац деха-м. Хьуьйц, хьуьйц!
Цо лоьхку бежнаш. Амма уьш цхьанхьахула къайладаьхча, вукхузхьахула гучудовлу. Хьацаран хIорд хуьлу цунах. Иза, кIад а лой, бертал вужу.
– Беш, беш, беш! Ма ца моьттура хьо иштта дIаер ю. Хьо дIаюгIуш хиш уьдура бацалхула, зезагаш дебара. Дашо Iежаш кхио безаш яра хьо. Хьуна тIехь-м муьста Iежаш а ца кхии. Хьо хиллачохь Iоттабаккхамийн эра лаьтта. Беш, жималлин, сатийсамийн беш.
ТIаккха иза Солса лаха вахара. ГIалин урамашкахула хьаьддий-веддий лелаш карийра цунна иза.
– Солса, оцу бешара синтарш ахьа-м ца кхехьна?
– ХIун? Ас хIун до царах? Валолахь сиха, – иза дIахьаьдира, хIара а такхийна. – Хьуна тIулг ботта хаьий?
И хаттар масийттанга дира цо оцу дийнахь.
– ХIун дан воллу хьо?
– ЦIенош дан.
Сарралц идда, кIад а велла, и шиъ урамехь лаьттара.
– ДIавахча, дагчохь цхьа хьу хир ю-кх суна.
– ХIун хьу?
– Цхьа суо сайна реза ца хуьлуш.
– Муха?
– Хьалха санна мерза ца хуьлу-кх цхьаьнакхетарш, къаьхьа...
– Цунна бехке зама ю.
Иза а аьлла, дIахьаьжначуЭлмарзина дуьххьара гира гIалин лекхачуцIеношна тIехула бIаьргал а сиха хьаьдда йоьду зама. Иза тIаьхьаведира цунна. Урамаш, некъаш хедош. Ерриге а гIала хьоьжура цуьнга, цец а яьлла.
– Зама, зама, зама... – иза велха а воьлхуш, мохь а бетташ, кхойкхура цуьнга. Амма иза дIайоьдура, кхин а маса а йолуш. ХIара цкъа а дан йиш йоцург дан гIертара – иза схьалаца. Кхин а чехка ведира иза. ХIинцца, хIинцца... Амма зама, кхунна юьхьа тIе ши тIам тоьхна, хебарш а юьтуш, леккха стиглан Iаьршашкахь къайлаелира.

Элмарза. ТӀаккха, дукха хан ялале, карийра Солсина тӀулг ботта хуург. Цо тӀулгех цӀа дина ца Ӏаш, йоккха керт а йира цунна гонаха. ДӀо лекханаш ду и цӀенош, церан корашкахь хӀинца а серло йогу.
ХӀан-хӀа, хьо гӀур вац цига, Элмарза. Ахь тухур яц чӀоггӀа неӀ, кагъян воллуш санна.
ТӀаккха и неӀ схьаелла хьевелча, оьгӀазе бегаш бийр бац:
– Ма чӀогӀа чулечкъина хьо.
Ахь эр дац:
– Дерриге а хазахетар хьайна а дитина стенна Ӏа хьо? Схьада цхьа дакъа.
ТӀаккха-м цо, хорбаз санна, шен хазахетар декъа а декъна, дог хьуна дӀадала а мегара.
Аьлча. Ткъа вуьшта?..
Хьо хӀинца чугӀур ву. НеӀ цӀевзар ю, гуро лаьцна дахка санна. Хьуна хезар ду къаналло наб ца кхоьтуьйтуш, меттахь керчачуйоккхачу стеган резайоцу «гӀамгӀим». ТӀаккха хьунаюха а дагайогӀур юмасехшо хьалха баьццарчу тхих а, цӀийеллачу Ӏуьйренех а самукъадолучу хенахь хьайн хилла ойла. КӀайчу аматехь йолчу йоӀаца хьуьнха Ӏен дӀаваха, ханнех динчуцӀа чохь. Ахь хьайн болх а беш, цо цӀе а латош пешахь. Жижиг кхехкош. Наггахь гӀала а вогӀуш. ЮкъарӀойлашкахь дӀаяьхьначу заманах болу дагахьбаллам бара иза.
ХӀинца хьо велакъежа оцу ойланна. Иза мерза а, къаьхьа а ю. Хьуна кест-кеста дагайогӀу и ойла а, гӀайракх хьокхучумангалийн зов а. ТӀаккха хьуна дагадогӀу аьхка хьуо догӀанехула лелар а, юха тӀадийна хӀумнаш схьа а яьхна, мелчу Ӏоврех хиллачу чахчар буха а хӀоьттина, Ӏаба ца туьгуш, лийчар а, тӀаккха малхехь вакъавалар а. Хьуна дагадогӀу малх хьаннашлахь бовчу хенахь хьуьна юккъерчу ирзу тӀехь, мацах-мацах цхьана хьенеха боьгӀначу кхура тӀера лаьттах а бетталуш, доьхна хилла стоьмаш а. Дукха а хӀумнаш дагадогӀу хьуна. Хьо цецвуьйлу: «ХӀетахь дуккха а хьалдолуш хилла-кх со, ойланашца, синхаамашца. ХӀинца къийвелла».
– Пхи туьма делча а йиш яц-те сайна луъучу хенахь чуваха а, аравала а, – ах-хозуьйтуш олу ахь.
ТӀаккха ладугӀу: хаза-м ца хезна теша цунна. Ца хезна, цхьадика. Чохь пхьегӀашю стол юьззина лаьтташ. Хьо чӀогӀа кечвелира кху суьйренна. Беш хьахо воллура хьо цаьрца.
Уьш охьахевшира юург, мерг тӀехь лаьттачу стоьла гонаха.

Къахьармас бегаш бора. Амма церан беламе хилар чуьрачарна къайле хилла дуьсура. И ша-м воьлура, гІадъоьхуш.
Жаьммирза корах дІа а хьоьжуш Іара, вела а къежаш.
Солса жижиг дууш вара, кест-кеста:
– Ахь лелочух кхетар вац, – олуш.
Хьо хьалагІаьттира, къамел дан. Воьхна хьаьвзира хьо: хьенан цІе хьалха йоккхур ю ца хууш. Цхьаьннан яккхахь, вукхунна халахетар ду. Массеран цІе цхьаьна яккха а воьлла, ахь гІурт бира:
– СоКъахьЖаьм, – аьлла.
– Китайхойн мотт буьйцуш-м вац хьо? – элира Солсас.
Къахьарма велавелира, гІадвахна.
Жаьммирза:
– ХІаъ, ахІа, – бохуш Іара.
Тийналла хІоьттича, ахь кхин дІа а дира къамел:
– Со бешах лаьцна дийца воллура. ДагадогІий шуна, вай дІайоьгІначу хенахь мел хаза яра иза. Цхьа серло хуьлура цигахь лепаш гуттар а. Чубузучумаьлхан серло.
– Охьахаий, хІума кхаллахьа, беш-меш йитий, – юкъахваьккхира хьо Солсас.
– ХІаъ, ахІа, – корта таІийра Жаьммирзас.
– Беш-м оьшуш хьаха ю. Бешо хІаваъ цІандо.
Стоьмийн мах а дика бу. Бешлелорхойн юкъаралле дІа стенна ца язло хьо...
– ХІаъ, ахІа...
И беш ма яц ас юьйцург. ДоттагІаллин беш...
– Кхета со. Оцу юкъараллин цІе а ю-кх «ДоттагІалла». Эцца гІали йистехь, итт кепек автобусна елчахьана...
– ХІаъ, ахІа...
Хьо оьгІазвахараЖаьммирзина: «Мотт ца хууш санна, «ХІаъ, ахІа» бохуш, кхуо хІун до?»
ТІаккха хьо кхийтира, лаьтта тІехь оццул дукха малхо еттина еса аренаш стенна ю: Сахара, Каракумаш, кхиерш... Уьшюкъаметтигийн бошмаш яьгначохь кхоллаелла. ХІинца уьш кхин цхьаъ а еакІов чаккхарма яккхий хилла. Царна тІехь бошмаш денлур яц, мел чІогІа догІанаш делхарх.
ХІинца хьо кхагаран хьожа йогІучу есаллин маьІІе а хІоьттина лаьтта, бІаьрхиш а Іенош. Царах, лаьтта кхачале, Іаь хуьлу. ХІун дийр ду ахь?

ХIумма а. Иштта пхьегIаш дIа а хилийна, охьахуур ву. Хьуна хьалха Iуьллу ло диллина аре – цIена кехат.
Ахь цу тIехь яздийр ду оцу маьркIажех лаьцна.
И маьркIаже синхьаам бохьуш йоьссинера аьрцнаш тIе. БIаьстенан дийнахь кхихкина Iаламшен мерза кIаддалар ловш дIатийнера. Хьо тишчу рагIун бIогIамах а тевжина, кетIа а хьоьжуш, лаьттара. Иза – оцу кетIахь доьгIначу Iежашна бухахь, малхбузехьа а хьоьжуш, карахь доккха сирдиллина ведар а долуш. Цигахь, анайистехь, хIинца а яза яра дийнан серло. Иза бIаьргаш а хьабдина, ца Iебаш хьоьжура цуьнга, и ца яйта гIерташ санна. Амма серло, жим-жима йовш, эххар а къайлаелира. Иза хIетте а лаьттара, малхбузехьа а вирзина.
Иза, дезткъе кхоалгIачу шаре вирзина вуткъа-лекха воккха стаг, рагIун тхов тIехь якъаелла маззакъйоьллачу дечигах тера хийтира. Хьуна дагадеара цо масех шо хьалха дийцинарш. ХIетахь хьуна хиира иза жима стаг волуш тIахъаьлла, цхьана куьйга хьалха дIа а лаьцна, пхоьазза йолу топ юла а, и нийса тоха а ницкъ кхочуш, онда а хиллийла, шайн дена цкъа къола динчарна цо иза кхузза дIадинийла, ткъа: «Ас гIайгIа лелийна. Ткъе кхоъ стаг лаьтта верзийна ас», – цо аьлча, хьуна дагадеара: «ДIавоьлла хир ву-кх хьо оцу къастарех хьайн дехачудахарехь», – аьлла, амма тIаьхьа, Эла Хасех лаьцна илли дагардечу хенахь, Хасина цуьнан вежарша тешнабехк бинчу кхаьчча, цуьнан бIаьргех хиш девлча, хьо дохковелира и ойла хьайн кхоллаяларна. ХIанхIа, цо атта ца лайнера цхьа а къастар, уьш цуьнан сих кескаш а йохуш дIаихнера. ХIинца иза шийтта вешех а, пхеа йишех а, дех-ненах а, доьзалхойх а къаьстина, ши бутт хьалха шийтта шарахь ша меттахь лелийна, цIе ца йоккху цамгар текхна зуда а кхелхина, дерриге дуьнен чохь ша цхьалха виснера.
Хьуна моьттура хIетахь, Элмарза, иза замано эххар а кIелвитна. Амма хьуна гира малх кхеттачу бIаьстенан дийнахь, салазна говр а йоьжна, шен лаьтта тIе кхелли дIасаяржош воллу иза, Шида цIе йолу воккха стаг. Хьуна иза хазахийтира, жимчохь маьлхан догIа деъча санна. Кестта цо эхира латта, дIадийра ялта.
Воккхавеш хьоьжура хьо цуьнга. Мел тIаьхьа а ша оьшур вуйла хуучу, хIетте а къера хилла ца соцуш, заманца къуьйсуш схьавогIучу цуьнга. Иза берд бара, сихчу хиэ денна бууш болу. Иштта летара цунах зама. Ткъа маьркIаже йовш лаьттара, бодане йоьрзуш.

Пхьидийн гIовгIанех, бIаьстенан хьожанех юьзна маьркIаже. Кхин цкъа а юха ца ерза.
Зама, зама, хьо хIун ю теша?Маца дIаболабелла хьан некъ, маца хедар бу иза? Стенга хьаьдда хьо, зама?
Ойланашна чувоьлла, хьо вехха Iийра. Меттавеъча, воккха стаг лаьттинчохь хьуна бода гира. Цуьнан метта хьуна хезира, сирдиллинчу ведарх етталуш, екачу шуьрин гIовгIа. Воккха стаг хьелий узуш вара.

# САТОССУШ, СЕДАРЧИЙ ДОВШ

**Сатоссуш, седарчий довш**[48]

Наб, хIокху тIаьххьарчумасийтта баттахь санна, тем боцуш а, гIенех юьззина а яра. ГIенаш – тайп-тайпана: къиза а, ирча а. Царах, садукълой, самаволура кесткеста.
Буьйса юкъал тIехъяьлча, кIеза лета дуьйлира. Цкъа цIенна гена долуш, юха – кора кIел догIий: «Iов-IовIов».
Оцу дийнахь дуьйна кхунна массо а хIума: жIаьлин летар а, нIаьнеш кхайкхар а, шен синхIоттам а – цхьа маьIна долуш а, боккхачу бохаман билгалонаш а хетара.
Иза царахкхоьрура.Шега шолгIа а и догIа лалур доцу дела.
И Iаьржа баланийн догIа, дийнахь а, буса а ца соцуш, хаддаза ихира масех баттахь. ХIара, водий, тхов кIел хIуттура.
Иза, тхевнах чекхдолий, кхунна тIедоьлхура, Iаьржа, сацкъар санна, дуькъа, деза догIа. Цо садукъдора. Цунах вала меттиг а бацара. И дIасацо кхуьнан бен йиш яцара. Амма кхуьнан и дан ницкъ ца тоьара, цул сов, оьший-те и сацо, боху хаттар а дара. Иштта тIаьххьара де тIекхаччалц оцу догIанехула волавелла лелча, хIун дара-теша? Иштта сихха чекхвала мегара. Цкъа а барзакъ а ца хуьйцуш, цхарйоьллачу кучах чекхдуьйлучу догIанан муьста тIуналла а хаалуш. Когаш гоьллец хаттах чу а оьхуш. ТIаккха – гIодаюккъец. ТIаккха – логгец. Эххар а верриге а дIакъайлавер ву, Iовраша тIе гIум а тоьхна. ХIетте а...
Оцу догIанехь хIара волавелла лелаш наггахь стаг гучуволура. «Яхь хила ма еза, яхь!» ХIаъ, атта ду иза, екъачухула, малх кхеттачухула волавелла лелаш. «Тхох муьлххачо а лайна и догIа». «Дуьненчу а ваьлла, суна тIе хIума ма кхачахьара бохург – хи чу а хIоьттина, со

тIада ма вахьара бохург». Уьш дIабоьлхура шайн малх кхеттачу новкъахула. Я иштта хетара техьа иза?
Иштта волавелла лелаш, цхьана дийнахь кхунна хааделира шена тIеоьху и деза догIа мелла а соцуш хилар. Иза кхуьнан собаран пардоно сацийнера. Иза кхийтира ваха везаш хиларх. Амма дуткъачу пардоно сацийна лаьттачу цу догIанан йозалла кхунна гуттар а хаалуш яра. Оцу юькъачу тIуналлехула малх кхунна гIийлла бен ца гора.
...Иза схьавогIу, вела а къежаш, баьццарчуирзу тIехула шурула кIайн уьстагIий хьалха а лаьхкина. Иза, кхуьнан ваша, бехкала а вахна велакъежа. Кхунна хаьа шена гущдерг гIан дуй, иза а, баьццара ирзу а, кIайн уьстагIий а, хи чохь гIум санна, синкхетамехь довр дуй.
И минот сацо, мелла а яхьян гIерташ, хIара охьалахло когаш тIе, ши куьг некха хьалха хьала а лоций.
Амма цунах гIуллакх ца хуьлу – самаволу. «Iуь-Iаре-е-Iуь-уь…» НIаьнеш кхойкху. Юккъе масех минот бен ца йолуьйтуш, кхеран буьна чуьрниг а. ХIан-хIа, цара вуьтур вац тар таса. ХIинца хIара а тIекхийти.
«Iов-Iов-Iов». Кора кIел а деана бен летар а дац. Араваьлча...
Иза, бIаьргаш схьа а доьллий, бодане хьоьжуш Iуьллу. КIеза юха а лета. Иза меллаша метта хьалахуу. «Заа-къ». ЦIийза маьнга. КIеза а цIийза долало, юкъа-кара угIа а угIуш. Иза, шена тIе хIума а юхий, уча араволу.
«За-а-къ, зи-и-къ». НеIарш цIийза. Стоьла тIе куьйгаш хьокху цо. «Гор-гор-горов», – лаьттах кхетий, хахкалой, дIадоьду шун. ЖIаьлин угIарх йоьлху тийналла, цIийза, шуьно яьккхинчу гIовгIано гатте хьовзийна. Хьокхаман дакъа а оьций, араволу иза. Екхна гуьйренан шийла буьйса. Ангали санна ду хIаваъ. Беттаса.
Iаьржа хьаннаш. Бешахь IиндагIаш Iохку, юьйцина керт санна, чучча а дийлла.
– Гоци! Гоци! – кIеза цIийзачуьра соцу. – Лета хIунда лета хьо, Гоци, лета хIунда лета хьо? ХIа-ан, баа, – цо хьокхам тосу цунна. «КъанцI-къанццIехь», цергаш а етташ, дIакхоллу вукхо иза. ТIаккха юха а угIу.
– Гоци, Гоци, суна хаьа, хьо хIунда угIу. Куьйгаш арарчу тIома тIе летачу Iаьнан дийнахь цо ма далийра хьо, шелонах, мацаллех гIел а делла, дала доллуш. Лелийра, «ца оьшура вайна и жIаьла»боххушехь. ТIаккха бун йира, чу йол а юьллуш. Хьо наг-наггахь летара, хIинца

санна, гIийла а ца леташ, майрра, чIоггIа. «Дукха жIаьлех тера доцуш дуй?»
...Хи. Мокха хи. Йист йоцу хи. Адамаш – гIайреш.
Иза царна тIе кхийда, цо куьйгаш кхийдадо. Царна ца го иза (цхьаболчара моттуьйту). Иза чуийзаво хиэ, чилланан тешца куьйгаш-когаш дихкина. «ХIе-хIехIей!» Орцане мохь болу цуьнга. Наха лергаш чу пIелгаш духку. Нах, хазийтийша и мохь. Иза-х шуна дика дан гIертара. Ца хеза. ТIаьххьара цуьнан бIаьргашна го чубуза цIийбелла малх. Малх боьлхуцуьнан къина, шен бIаьрхиш-алу а Iенош. Алу яц иза – маьлхан цIий ду. БIаьрхиш тоххарехь кхачийна маьлхан. ЦIийх дузу и дерриге а мокха хи...
Гоци, Гоци... Вайшинна хезира и мохь, оццул генахь – дуьненан вукху маьIIехь боллушехь. Вайша дIахьаьдира. Амма дIо баьццарчу лам тIе а далале, дIаелира цунна гIо оьшу хан. Гоци, Гоци, Гоци...
Иза воьлху. Цуьнан когех а хьекхалуш, цIийза кIеза.
Иза цIеххьана дIатоь. Иза стигал хьоьжу. Седарчий.
Паналла. Цхьа а йист а, юьхь а йоцуш. Цо мелла а сина хьаам бо. Цо кхуллу дегайовхо.
Иза чувоьду. Юха а цIийза неIарш. ЦIийза маьнга.
Юха а – нIаьнеш.
Дехьа чохь нанас синош дохуш хеза. Иза меттахь дIасакерча. Цунна а къахьбелла мотт. Цо шен лозукорта гIайби буха биллина хир бу. На-а-на, на-а-на, нана...
И веха ца Iиллира набаран тар тесна. Самаваьлча, чохь Iаьржа яра – беттаса чудуьзнера. Сатаса гергадахнера.
Цо лампа латийра. Пеш. Маьнга. Ишкап. Боданехь цхьаъ дуьйцуш санна хета цара. ХIинца дIатийна. Цо стоьл тIера куьзга схьаоьцу. БIаьргийн гонаш дистина, Iарж а делла. Хебарш го бIаьргаш юххехь. Iодика йойла, жималла. Иштта хьалхеххьий?Хьалхе дуй ткъа?
Стеган хан цуьнан шераш дац, – цо лайнарш.
Мерза хан. МаьркIажехь бешан дитташ мохехь а лесташ, пондаран аьзнаш хезаш. Суьйранна цIа оьху бежнаш Iоьхуш. Бераш а долуш, эвла йистехь гIовгIанаш еш... Мича яха хьо, хан? ДIаяхара со-м. ХIетахь, бераллехь, и шиъ – хIарий, жимахволу ваший – кест-кеста ловзура бешахь. Иза бIаьргаш дIахьабдеш хуьлура, хIара – лечкъаш.
– Хьо дIогахь ву-кх, – пIелг хьажабора цо.
– Вац со-м.

– Ву.
– Велахь, тIе а волий, схьагайтал.
Иза тIевогIура. ХIара, водий, цул дуккха а хьалха дIакхочура бIаьргашхьабдечу. Иза, вела а воьлуш, кхунна тIаьхьаведда вогIура, чубуза лахбеллачу маьлхан серлонехула хьаьдда. Хьанна хаьара хIетахь, иттех шо даьлча и чубуза лахбелла малх цуьнан къина боьлхур буй, хьанна хаьара цуьнга иштта орцане мохь бер буй, и мохь массо а къевлинчу неIарех бетталуш, дуьненан массо а маьIIе кхочур буй?.. Хьанна хаьара...
Иштта сиха хилла-кх дахар. Бералла. ХIетахь и стенна дагадеара. Дакъазаллина я декъалхиларна. Ойланаш кехата тIе яха гIертар. Сатаса гергакхаччалц Iара.
Тайп-тайпана Iалашонаш – тайп-тайпанчу хенашкахь.
ХIетахь, цхьа маьлхан догIа догIучу дийнахь, тхов тIе кхоьссина Iад хIинца а кхунна тIаьхьара дIа ца долу.
«ХIа-а, дIалаца», – бохуш, Iодо кхунна кегий тIулгаш детта букъах.
ЦIийн томмагIаш хIиттина дегIа тIехь.
ХIумма а дац, бIаьрга ца кхетчахьана.
Iад, хьо цхьаъ хилла Iахьара реза доцуш…
«Хьо дукха стиглахула лела». ХIаъ, хьо бакъ хиллера. Со иштта лелаш хиллера, хьо – вуьшта, лаьттахула.
Хьуна накъост карийра. Шуьшиъ хIинца дIанисделла хир ду: нийсса лелаш хилла хьо, цунах дIатарлуш, букаръяхна хир ю, иза мелла а хьалаайавелла...
Ас ца боху суо нийса ваьхна. Делахь а… БIаьстенан буса дуккха а кехаташ яздина, уьйтIара ков а цIовзош, араваьллий хьо, догIа а дилхина, тIадийнчу лаьттан хьожа а муьйлуш, хьайн къинхьегамах воккха а веш? Иза а диллалахь оцу терзан тIе, харцций, нийсий некъаш къасточу терзан тIе.
Стенна дистина бIаьргаш? Иштта, жим-жима телхаш, телха син хIусам.
Муьлхха хан а майрра тIеэца еза. Суна къоналла езара бохуш, мохь хьекхарца нах а ца кхардош.
ХIетахь мерза дара йозанаш, мерза яра Iалашонаш, уьш гергахь хетара. ХIинца уьш дIаевллла. ХIинца хIун ду? ДIакхоьхьур бу-кх и некъ. Къаьхьа белахь а, беза белахь а.

Сан жима тептар «Сатассалц дийкира чIоб», сан гуттаренна а севцца ойланаш. Ма дукха сатийсинера хьоьга. Цунна ма чIогIа лаьара хьо ган.
Оцу буса, дитташ тIехь кIайчу лайн бамбеш Iохкучу буса, Iуьйккъехь, иза къолам бан вахара, кхуьнаниг кхачабелча, дIогарчу, ворхI ломал дехьарчу серлонашна юккъехь Iуьллучу гIала.
Ма чIогIа лаьара цунна хьо ган, тептар. Арадаьлча... ТIаккха тIаьхьа дара. ХIетте а, деза а, хьоме а хета.
Цу тIехь деха-кх дIаихначу денойн синош...
Иза охьалахвелира пеша хьалха. ЦIе дIа-м ца яйна теша?
«Буьйсанашшийла хуьлу»... Нана, нана, ахь массеран а гIайгIа бо, ткъа оха хьан дог Iийжадо.
Цо схьайоьллу пешан неI. Цо дIасакегайо овкъарш.
Кегий кIегий Iохку. Ма дика ду хIорш мукъна а дисна.
ТIе чIийш туьллуцо. «ХIу-у-уп, хIу-у-уп, хIу-у-уп».
Иза цIе лато гIерта. Овкъарш дIасаетта цо. Овкъарш бIаьргаш чу хьийзайо. ЦIеран гIийла меттанаш хьерча декъачу дечигех. Тоьар ду, оццул хьалалетча.
Мохо марсайоккхур ю.
Иза хьалагIатта гIурту. Амма ца гIаттало. Белшаш тIе язъеллачу дошан йозалло юха а охьахааво иза. И хIун дара?Дуькъачу догIанан йозалла лан хIара хьалххехь Iеминера. Цу тIе кхин керла йозалла кхетта. Кхин цхьа лазам тIекхетта.
Цхьа тIадам хилча а, сов ма хуьлу оццул йозалла ловчунна. И хIун лазам бу? ХIаъ, стомара буса кхуьнан корах деттаделла БаьIашан велар ду-кх. Цо шиъ куьзган бIаьрг а кагбира. ДIо генарчу махкахь, хьуьна юккъе а вахна, вийлира иза кхунах, ша къайлаваьлла моьттуш. Амма цуьнан и велар, сел генара деъна, кхуьнан корах кхийтира Iуьйккъехь, хIара набарха а воккхуш.
Вахь-вахь-вахь! Кхардаме велар.
Цкъа хьалха цунах БаьIаш олура. Иза гуттар а, яраш юккъехь дIа а хIуттий, уллохула тIех мел волучунна баьIIаш детташ лаьттара, дийнахь а, буса а. Шега дIахьаьжначунна, боккхий, боккха мотт а гойтуш. Хуьлхуьлуш, цунах шех а БаI хилира.
– И хIунда леладо ахь?
– Ткъа хIун дийр ду?
– Иштта, со санна, лелар ву-кх.

– Мегар дуй ткъа?
– ХIунда ца мега, схьавало.
И шиъ цхьаьна волавелла лелара кест-кеста, беттаса кхеттачубуьйсанашкахь. БаьIашна башлаьмнаш лекха дуйла а, церан кортош кIайн дуйла а хиира. ГIаргIулеш гурахь дIайоьлхийла а, олхазарша эшарш лоькхийла а. ТIаккха цо шен коча галсток йихкира, тIе цIена коч а юьйхина. Нахана дицделира и баI хилар, цунах хьалха санна, шаьш Iамарна, БаьIаш алахь а. ХIара а тийшира... Галваьлла хиллера. Хетарехь, иза кхоччуш адам ца хилийтинарг и цхьа ши дош дара.
Тенденция. Резюме.
И шиъ ца Iеминехьара, цо ца дан а мегара иза. Делахь а, хьанна хаьа? Дагахьбаллам бу-кх цуьнца яйина хан. Иза кхечунна я цунна, жимчу вешина, дIаеллехьара. Ишиъ лелар вара беттаса кхеттачу буса волавелла. Кхуо цуьнан куьг а лаьцна. И мел жима хиллехь а, кхетар вара кхунах.
ХIумма а дац. ХIун ду БаьIашан велар, кхуо ловчу дуькъачу догIане хьаьжча? Иза хIумма а дац, кест-кеста буьйсанна кхетамехь меттахъхьовчу дагахьбалламе хьаьжча. Дагахьбаллам – иза ПирIуна яйтина тIулгийн гIала ю. Иштта беза бу иза.
Иза шолгIа а тохало хьалагIатта. ХьалагIотту. Араваьлча, бода зарзлуш го цунна. Лулахо ву, кетIа а ваьлла, цигаьрка узуш.
– Iуьхь-Iуьхь, Iахк-тьфу, – чIоггIа шеташ йоху цо.
«Фу-фу», – жоп ло хьаннийн хотеша. ТIаккха кхуьнга вистхуьлу иза:
– ХьалагIаьттиний хьо? Кечло. Ас машен хьалалатайо хьуна.
ХIара кечло. И шиъ машен чу хуу. ДIаволало. Ло санна кIац йиллина басешкахь.
Эвлах валале, цхьана воккхачу стага куьг лоцу. Иза цу шинга вист а ца хуьлуш, чухуу. Багахь цхьацца шабар-шибарш до цо. Масех минот яьлча, куьйгаш хьала а лоций, доIа до.
Некъ ломах чубоьрзу. Дукха гена довлале, ма-хуьллу сихха ког а боккхуш, карахь Iаьржа тIоьрмиг а болуш, воьдучу жимчу стагана тIаьхьакхуьу хIорш, машенан гIовгIа ца хазахь а, я хеззашехь водахь а, иза кхаьрга схьа а ца хьожу. Шопаро хIетте а машен сацайо. Иза чухуу. Тийналлехула мох цоьстуш йоьду машен. ХIинца а дIабалазчу боданах лиета цуьнан серло.

– Суна гуьйре уггаре а хаза хан хета. Гурахь можа гIаш а, хьаьмцаш а, кхораш а хуьлу... – цIеххьана къамел дан волало жима стаг.
– Хьоь хьан боху и дийца, – шен шабарш сацадой, олу воккхачу стага.
Жима стаг дIасоцу. Кхунна иза шена цхьанхьахь гича санна хета. Мичахь?
Некъ аренга болу. Стиглан Iомахь басадовлуш, гIийлла довш седарчий го цунна.
ЦIеххьана цхьана машенан серло эккха гучу. Иза сихха кхарна дуьхьал йогIу. Амма гола тухучохь, цхьана агIорчу чкъургаш тIе а хIуттий, тIекIел йолу. ТIулгах хьакхаделлачу аьчган цIовзар.
– Ва дела, – узар болу воккхачу стаге.
Шопаро сихха машен а сацайой, хIорш охьалелха.
Руль хьалха Iийнарг велла, важа дийна ву. Бета юххехула цIий оьху цунна.
– Нанас хIун дийр... хIун дийр ду нанас?.. Со цхьаъ бен ма вац... – шабарш до цо.
– Делан цIе яккха, – боху воккхачу стага.
– ХIаъ... хIаъ...
Иза бай тIе охьавуьллу.
– Нанас хIун дийр, нанас?.. – шабарш до цо.
Воккха стаг цунна еса деша хуу.
Кхуо, хьой, жимчу стеган тIоьрмиг буьллу цунна коьрта кIел.
Вукхо, тIе а воьдий, меллаша схьабоккху.
– Со сиха ву. Хьо ма чIогIа хьоьжу соьга. Со ца вевза хьуна? Со хьоьца беттаса долчу буьйсанашкахь волавелла лелларг ма ву.
– БаьIаш...
– ХIаъ, со сиха ву.
Иза, салти санна, вогIа а лой, сихха, нисбеш ког а боккхуш, серлайолучу малхбалехьа дIавоьду. Воккхаверан велакъажаро хадийна цуьнан юьхь.
«ХIе-хIе-хIей..» Бека орцанан мохь. Нах, лергаш чу пIелгаш а дохкий, дIабоьрзу.
ХIара, настарш а лехий, охьалахло. Цунна го тIаьххьара сахуьлу седа стиглахь дIабовш. ТIаккха, цул лакхара, Iаьршаш кIелара, шен собаран пардох Iуьрг а даьккхина, чухахкаделла догIухаттах дуьзна дуькъа баланийн догIа го.
ХIан-хIа. Саца йиш яц, цунна къера а хилла. ХIинца йиш яц.

Иза хьала а эккхий, водий, дуьнен тIехь уггаре а лекха долчу, стигланех бохь хьекхалучу дитта тIе волу. ТIера схьа а йоккхий, шен коч лоцу цо яьттIачу стиглана дуьхьал. Иштта тIетегча, дика хир дара.

– Схьада махий, тай! – мохь туху цо.

– ХIинцца, хIинцца, хIинцца, – и мохь беттарг есачу арахула едда йогIу, карахь махий, тай а долуш. Цунна тIехь сийна басмин коч ю, хьаьрса месаш мохехь ловзу... И мила ю? Иза кхуьнан кхечулулахочун йоI юкх. И маца кхиъна иштта йоккха хила?

– ХIинцца, хIинцца, хIинцца, – юха а шена орцах йогIучун аз а хезаш, тIаьххьарчу ницкъаца догIа сацийна лаьтта иза.

# КЪОЬЗАНА-IАМ

**Къоьзана-Iам**[49]

ГIенах Къоьзана-Iам а гина, сатоссуш самаваьлча, хиира ша дуьненахь дан кхин цхьа хIума а дуйла – цига вахар. Кхин дIа ца вуьжуш, сатаса доллалц Iийра иза, шен тайп-тайпанчу хенашкахь хилла сатийсамаш дага а лоьцуш. ХIинца царах цхьа а бацара, дог а, синкхетам а деса дара, гурахь учара чIегIардигийн баннаш санна.

Дуккха а хьалха, шен кхетамехь кхиъна, дуьнен чохь уггаре а цIена безам а, уггаре тешаме доттагIий а лоьххушехь, уггаре а кIорга чулацам болушсурт дилла гIертташехь, зама дIа а яьлла, цхьа а тайпа безам а, доттагIий а, диллина сурт а доцуш, ша юьстах вуьсур хиларан шеко хIинца, шен ткъе дейтта шо кхаьчча, эрна ца хиллий хиира цунна.

Боданах цIанлуш, коран бIаьргаш серладевлира, дилина шишанаш санна, нIаьнеш кхойкхура юкъ-кара, лулахойн кертахь татанаш а хезара.

Латта самса а доккхуш йоьду дIам. Дийнна шарахь лаьттах леттачохь воллу воккха стаг, стоьмаш а, хасстоьмаш а кхиош...

Хийла йоI а евзи, хийла доттагIий а, хийла сурт а дилли, амма царах цхьа а ма луъу ца хили. Я кхуьнан бехк бу-техьа иза, я цкъа а хила йиш йоцурш ду техъа уьш?

Шен дахар-м ца хилла даьллера, гергарчарна, церан берашна, доттагIашна, юьртахошна диканаш а деш, вехар ву-кх аьлла, дIаволавелира иза цкъа догIане бIаьсте йовхачу аьхкене йоьрзучу хенахь, амма юьртахь мангал-хан чекх а ялале кхийтира, ша массарна а кIордийна хиларх а, уггаре дика болх уьш Iаддабитар буйла а.

ТIаккха иза хьуьна йистехь долчу цIа чу дIавахара, деккъа цхьа Iаламан суьрташ а дохкуш (адамаш стенна ца дохку ахьа аьлча, хIораннан шен-шен некъ ма бу олура, амма кхунна шена-м ма хаьарий и бакъдоцийла: ца дахкалора, къаьсттина когаш, цундела кхуо виллинчу стеган когаш тIулгаш тIехьа я бацалахь хуьлура), жижигах, даьттанах йина хIума а ца юуш, ораматех, стоьмех тоамбеш, Iаьршийн серло-ницкъ дегIах худийта гIерташ, малхана дуьхьал а хIуттий – и схьакхетачу я чубузучу хенахь, – масех минотехь лаьтташ, тIаккха цхьана диттаца хьала ши ког а бохуьйтуш, коьрта тIе хIуьттуш,

бецийн, дийнатийн дахар тергал а деш, ойланаш ярца дерриге а долчух кхета а гIерташ,
Iан гIортарх гIуллакх хир доцийла хиира цунна, гуьйре шелъяла а йоьлла, чоь, латийнчу пеше а ца йохлуш, херонашкахула чухьоькхучумохо лекха яьккхича, цу тIе денна схьахIуьттучу вашас а ца вуьтура: «хьо наха телхина боху, цIа вола хьуо ца телхинехь».
ХIара цIа вахара, шен дахка долийна суьрташ тишчу цIийнан цIенкъа охьа а кхийсина – деса дара уьш, чохь цIе йоцуш; цаьргахь мичара хуьлу цIе, кийрахь а ца хилча?
Ткъа стенна ю есалла, стенна?Жоп ца карийча, вала дог хилира цуьнан, хIан-хIа, сауьйзуш, хала валар ца дезара, цхьа хаза, диттах гIа санна, мохехь дIаса а техкина, лаьтта воссар. Амма и аьтто хьен-хьенан ца хуьлийла а хаьара, цундела кхин хIума ца дахь а, еккъа цхьа ойланаш еш хан йойура цо. Эххар а карийра цунна шен хаттарна жоп: есалла кхуллург гонаха массара а буьтту аьшпаш бу-кх. Массо кхуьнга нислур а вацара, ша нисвала гIоьртира иза: хIинццалц схьа лелийначуьнга вухахьаьжча, дерриге а цIена карийра цунна, цхьаъ доцург...
И цхьаъ нисдан эвла юккъе велира иза.
Дуьххьара тIекхаьчначужимчу стаге:
– Суна сурт дилла ма ца хаьа, – элира цо.
– Бегаш бо хир бу ахь? Суна ма гина ахь дехкина суьрташ.
– Адамаш дахка ца хаьа суна.
– ХIа-а, – велавелира иза. – Хаьа хьуна-м, со Iехо гIерташ ву-кх.
Юьртахошна хьалха, дохко а волуш, цIанвала гIортарх гIуллакх ца хилира: уьш кхуьнца бала болуш а, я шаьш дохкобовла дагахь а бацара, хIор дийнахь кегмерса аьшпаш буьттуш, хьийзара, баккхий аьшпаш лахенца бара. ГIала охьавеара иза.
Худфондан гуламе вахара. И дIахьош электросварщикийн, токарийн, фрезеровщикийн суьрташ дахкарца гIараваьлла волу Калуев вара, гуттар а баьшна корта а, даккхий мекхаш а долуш. Иза юха а кхайкхира художникашка вайн турпалчу заманан хьакъдоллу суртсибат кхолларе, оцу Iалашонца заводийн, фабрикийн цехашка а бахна.
И къамел дина ма велли, аьшпаша садукъдина Iаш волу Орца, тоьпара баьлла хIоъ санна, сиха вахара трибуни хьалха. «Накъостий, – элира

цо. – Вай дукха аьшпаш буьтту. Цундела вайн дахар хIаллакьхуьлуш лаьтта, аьшпаша ерриге а садоIийлаш дIа а юькъна.
Цундела вайх хIора дохковала веза... Со дохковолу, ас хIинццалц аьшпаш биттина. Суна сурт дилла ца хаьа...»
«Муха ца хаьа? – стол тIекIел а тухуш, хьалаикхира
Калуев. – Хьан пейзажаш ткъа?» – «Пейзажаш жимма яхка хаьа суна... Адамаш дахка ца хаьа, къаьсттина когаш»... «И хIун ю ахь юьйцург? – чуьравелира Калуев.
– Когаш бахка ца хууш цхьа а дешархо а вац. ХIун хала дуиза:ши хьолтIам йиллахьа, буьххьехь пIелгийн метта пхи гIаж а хьокхуш... Хьо корта лозуш ву моьтту суна, вало, ара а валий, волало, айхьа-хьайна тIе харц цIе кхолла а ца гIергаш...»
Коьрта тIе куьг диллича, шен корта богуш а хетта, боккъал а лозуш хилла-кх хIара аьлла, худфонда чуьра аравелира Орца.
ХIан-хIа, кхуьнан бала кхаьчна ца хьийзара Калуев, кхуо ша-шен лахара мах хадор товра цунна, иза кхуьнан ун кхечарна а кхетарна кхоьрура. ТIаккха... О, хьеха а ма делахь, массо бакъдерг дийца валахь, доха ма духу дерриге, Калуевн синпаргIато а, генпаргIато а.
ГIалин урамехула схьавогIучуОрцина, хIинца дуьххьара гора наха вовшашна буьттучу аьшпех хилла гIаланаш, уьщденна совйовлуш яра. Цхьа наггахь йолу къона яххьаш лепара цIеналлица. Цунна юха а лиира, иштта цхьа бахьна а хIоьттина (ша-шена а тоьхна, тIекхуьучу тIаьхьенна – шен яцахь а, гергарчийн тIаьхьенна – тIехтоха хIума дита ца лаьара, цу тIе и шеца товш йоцу стешхалла а хетара), дуьненчуьра дIавала, я цIеналлица лепаш юьхь йолу цхьа йоI езаяла. Амма и шолгIаниг хир ду аьлла ца хетара, ша Iаьршийн серлоницкъо гIо ца дахь: масехазза вагийнера сина хьаам ца бечу декъазчу безамо.
Юьрта цIа ца воьдуш, гергарчу нахе а вахна дIавижча, дуьхьалтесира цунна Къоьзана-Iам.
Гина а боццушехь, цуьнан сурт диллинера Орцас масех шо хьалха: аппаратца даьхначу босболчу суьрташка а хьоьжуш, Веданахь Iачу яздархочун Камаевн
«Къоьзана-Iома тIехь чIерий лецар» боху дийцар а дешна.
Камаевн дийцарш а, стихаш а цхьа шайн къайле йолуш хетара цунна, цундела уьш юх-юха еша дог догIура. Амма шех тера стаг лахарх ца карийра цунна, цхьана яздархочо: «Камаевна-м ша хIун юьйцу а ца хаьара», – элира, лерга улло пIелг а хьовзош, и телхина бохург дара

иза. Амма кхунна «телхинчу» Камаевн произведенеш дуккха а хьекъале хетара талхазчара язйинчарал.
Са ма тесси, бай-й ког а боккхуш, гергарчу нехан чуьра ара а ваьлла, гIалин йистерчу автостанце вахара иза. Социйлин хьаькиме:
– Ахтобус схьаяийтахьа, – элира цо.
– СхьайогIур ю, хан тIекхаъччахьана, – жоп делира вукхо. Ведана хIара дIакхаьчча, некъа йистехь гIантахь хиъна Iара Камаев.
– Схьакхечин хьо? – элира цо, ша кхуьнга хьоьжуш
Iийча санна.
ТIаккха Камаев хьалха а ваьлла, машен лаха волавелира и шиъ, нехан, организацийн неIаршка а хIуьттуш. ДIакхаьч-кхаьчначохь цхьацца хIума дуьхьал долура: цхьана машенан цхьа чкъург яцара, вукхуьнан – шиъ, кхоалгIачо шен чуо лозу элира, – цхьа подшипник кийрахь кагъеллера цуьнан, вукхуьнан дог лозура
– мотор галъяьллера...
– Суна леррина дуьхьалбевлла уьш, – элира Камаевс.
– Муьлш уьш?
– Ас даийтинчу догIано кхиинчу ялтех буьзнарш.
I70 миллиард доллар декхар ду сан царах – схьадала тигац. КIиллошца тасаделла гIуллакх ишта хуьлу хьуна.
Эххар а дуьненах йоккхаеш, самукъадаьлла биъ бIаьрг а къаьрзина, къоналлех кхехкачу, цIога белша тIе а диллина, дIаэккха кечъеллачу «Жигулина» тIеIоттавелира и шиъ.
Цуьнаан дас, бага юьззина дашо цергашйолчу Iаьржачу аматарчу жимчу стага, дика тIеийцира и шиъ, хаддаза вела а воьлуш. Шена гергахь, массо хIума нисделлера цуьнан: бахам, зуда, бераш, могашалла... Цунна тIеоьшург цхьаъ дара – истори юкъавахар. Цига, кху шинна тIаьхьа а тасавела, ваха дагадеара цунна, вуьшта ша ваххал хьуьнар шегахь доцийла-м хаьара.
ХIокху шиннах а башха тешаш а вацара иза, амма дуьненна а гIарабевлла яздархой – Эдгар По, Кафка, Достоевский, Гаршин... – Камаевнчух тера цамгар йолуш хиллийла хиъча, мелла а дегайовхо йоьссира, ша гуттаренна нехан кхетамехь вуьсур ву аьлла.
– Ас вуьгу шуьшиъ, Къоьзана-Iома йистехь вайга аш суьрташ дохуьйтур делахь, – элира цо.
Камаев ойла еш дIатийра: цара еш диверси-м яц техьа? Орца сихха резахилира.

Машен базар уллохь саца а яйтина, цу юкъа ваьржинчу Камаевс динчух цецвелира Орца: иттех кийла жижиг, хохаш, пхи-ялх бепиган булка, хорбазаш, пастанаш.
– Хьо хIун дан гIерта? Яалур ма яц уьш.
– ХIорш яа-м стаг карор ву хьуна.
Некъ, хьийзаш, ломах ирх бирзира: Хорача тIеран юкъ санна схьагора.
– Маса шарахь обарг лелла Хорачойн Зеламха? – хаьттира Орцас.
– Шийтта шарахь, – жоп делира жимчу стага.
– Дика лелла иза-м.
– Дика ца лелла. Дика, шен долахь вертолет хиллехь, лелар вара иза, – элира Камаевс, гIели бага а юллуш.
– Вахьа-хьа-хьа, вахь-хьа-хьа, – руль дIа а хецна, ши куьг вовшах а детташ вела хIоьттира жима стаг. – Вертолет тов, хьа-хьа-хьа.
Машен некъа йисте а гIоьртина, Орцина гира дукха кIорга басе: цигахула чухецалахь, лаца доь а дуьсур дац, машено, чхернашла юккъехь дIаса еттаелла, еттаелла, эххар а хIорш чуьра аракхуьйсур бу, тIаккха хIорамма ша-ша бийр бу чунехьа некъ, кортош – «тIохтIах» – тIулгаш тIе а детталуш...
Корта куьйгашца схьа а лоцуш, мохь белира Орцига:
– Руль, руль...
Шопаро сихха некъа юккъе яьккхира машен.
– Машенна са ма гатде ахь. И лелош со ву хьуна, хIара ву моттахь а, – кхуьнга вухахьаьжира шопарна юххехь Iен Камаев.
Милла велахь а, кхунна ца лаьара, кхузахь иштта бердах а вахна, корта тIулгаш тIе а беттаболуьйтуш, меженаш а кегйойтуш вала, кхунна Лермонтовна санна лаьара – «Я б хотел забыться и заснуть. Но...»[50]
Шена ижулоьхуш хIаваэхула гонаш дохукуьйра санна, ламанца дIасахьийзара машен. Цхьа а вист ца хуьлуш, дикка хан яьлча, шопарна бага а хьаьжна:
– И деши мичара даьлла хьуна? – хаьттира Камаевс.
– Магаданера деана-кх. ХIунда бохура ахь?
– Кху лаьмнашкахь-м ца карийна хьуна иза?
– Кху лаьмнашкахь дуй ткъа деши?
– Масех тонна, вайн дайша дIадиллина.
– Боккъаллий?! – цецваьлла, шен карара руль дIахийцира шопара, амма машен бердах чуайаялале юхахьовзо кхиира иза. – Со кханнехь аравер ву-кх и лаха.

– Эрна къа ма хьега, – элира Камаевс. – Хьуна карор дац иза. Дукха кIорга дIадиллииа ду.
Некъ ах а балале, хиира Орцина ша диллинчу суьрта тIера Iалам кхунах жимма а тера доцийла. Кхуьнан суьрта тIераниг дукха хаза а, кIеда а дара. Ткъа хIара – сина деза, буьрса. Хазалла, елахь а, кхечу кепара яра.
Iам гучубаьлча, кхин а язъелира син йозалла. Гонахара лаьмнаш, гIайракхах а доцуш, гIайгIанех-м дац теша?
Машенан кор охьа а оьзна, корта арабаьккхича, шийлачумохо юьхь мерцира, амма хIара, и тергал а ца деш,
Iоме хьоьжура, цхьана дикане я вуоне тIегулделлачу лаьмнийн когех хьаьрчина Iуьллучу. ХIан-хIа, иза ца кхоллабелла, наха ма дийццара, хьаша тIе ца эцарна юрт хIаллакьеш, иза дукха хьалха кхоллабелла. Латта, шен юьхь-сибат кхуллуш, кхехкаш, кеглуш, лаьмнаш хIиттош, юха уьш чукегдеш, хьере хилла хьийзачу къизачу хенахь, миллионаш шераш хьалха, сецна хIара стигланийн къинхетаман бIаьрхи хIокху тIулгашна юккъехь.
Камаевн шен дара Iам кхоллабаларх долу дийцар:
– Цхьана кIанта шена езаеллачу йоьIан сийнна кхоьллина.
Цу кIантана хIара кхолла хи мичара даьлла, Камаевс ца дуьйцура. Я и йоI ша кхечуьнга луш, бердах иккхина яла а елла, цунна воьлхуш, хIокху лаьмнех цхьаьннан буьххье а хиъна масех шарахь Iийча (бIаьрхиш Iовращца кху кIоргачу боьра а оьхуш), кхоллабелла техьа иза?
Шен машен саца а йина, хIара шиъ Iома йистехь дIа а хIоттийна, аппарат юьйлира шопаро. ТIаккха иза ведда кху шинна улло дIахIуттушехь сурт делира,
«чкъашт» аьлла, тата а долуш.
Жимма Iоме бIаьрг бетташ а лаьттииа, Макажа боьдучу новкъа дIа а бахна, юьстахо севцира уьш.
Шопаро машенан неI схьа а йиллина, магнитофон латийра.
Горбачевс бакъо еллачуьра аьлла, тIетаьIнера кхарна вевзаш воцу илланча, гитарица шайх Мансурах, имам Шемалх, БойсагIарх, Хорачойн Зеламхех, халкъ цIера даккхарх лаьцна иллеш бохуш. Нохчийн баланах оьрсийн маттахь дуьйцура цо. Иза а ду-кх хIокху заманан амат аьлла хийтира Орцина.

Кхидолу иллеш къар а деш, халкъ махках даккхарх долчун мукъамо берриге кхетам дIалаьцнера цуьнан, ткъа масех байт аьллачул тIаьхьа, илланчас: «ОхIо-хIохIо-хIо, хIо-хIо», – шозза далийча, са легашкахь лацалора, гонахарчу лаьмнаша юкъаIуьйду а хеташ.
Амма илланчас «...их выгоняли, как скот», – цкъа а аьлча, шозза а, кхузза а, доьазза а аьлча, ца дезаделла, бIаьргаш хьабдича, цунна дуьхьалтесира кху лаьмнех а баьхна буьгучу нехан могIанаш. ЭттIа кетарш, чоэш, неIар-мачаш, доьлхубераш, цхьалхачукучамашца, корталеш а техкина, Iаьнан шелонал чIогIа шайна тIебоьссина буьйцу а ца хезна бала Iеткъаш боьлху зударий, бераш, баккхий нах, яххьаш, яххьаш, цхьаъ цхьаннах тера йоцу, хIорангахь дуьненан къайленаш, эзарнаш шераш хьалхалерчу шайн дайн аматаш гун яххьаш, яххьаш, яххьаш, тешнабехкечукъизалло хьаьшна...
– Ма! Ма! Ма-а!.. – дуьхьал хьаьжира Орца оцу яххьашна. Амма хIара тIекхачале уьш дIаяйра, гонаха дIасахьаьжча – мотт боцу тIулгаш а, седарчаша къарзйина Iаьржа буьйса а, генахь йоццуш йогу цIе а.
– Ахь хIун до? – бохура жимчу стага.
– Эрна ма ида, – элира кхуьнга Камаевс. – ДIадаьллачунна тIаьхьакхиалур вац хьо. Иза дукха гена даьлла – вайн метагалактикел а дехьа.
Жижиг, даккхий дакъош а дохуш, алу тIе кхуьйсура Камаевс, жимчу стага, цIийдарш тIе а дохкуш, шашлык яйтахьа бахар тидаме а ца оьцуш.
Нохчийчохь уггаре ширчу заманахьлерчу дахаран лараш карийна меттиг ю хIара, дагадеара Орцина, 5060 эзар шо хьалхалера нах Iийна лараш...
Иштта алуш тIехь жижиг а доттуш, баьхкина хир бу-кх уьш, шаьш экхе[51] а бахна, цIа бирзича.
– Ас хIокху аьхка хIун дийр ду хаьий хьуна? И деши схьалохур ду-кх, – гIожаца жижиг дIасакерчадора Камаевс. – ТIаккха хьайна цхьа цIа а эцна, паргIат суьрташ дохкуш Iийр ву хьо.
– ТIаккха ас хьан сурт дуьллур ду, тIехьахь Къоьзана-Iам а болуш, – элира Орцас.
– Iаламан суьрташ дика хуьлу хьан.
– ХIинца дуьйна адамийнаш дохкур ду ас.
Жижиг дет-деттинарг юьстахтоттура Камаевс, иза минот ялале дIадолура. Камаев ша хIума юуш а вацара – цо молура. Сахьт далале

оццул долчу жижигах а, хорбазех а, пастанех а, бепигах а хIума ца йисира. Тамаша бара кхаа стага оццул хIума яар, кхеран пхьуьйрехь кхин а «белхий» хиллачух тера дара. «ХIорш яа-м стаг карор ву хьуна», – дагадеара Орцина Камаевн дешнаш.
ХIума йиъна бовллушехь дIаяйра цIе. Вуьзча, дIатовжа дог хилира, амма латта шийла дара. ХIорш машен чу хевшира. Шопара дIайолаялийтира иза.
– Ас ламанан юьртан синкъерам а гойтур бу шуьшинна.
Марсабаьллачу хенахь, чиркх дIа а бойий,
«Дурдалайта!» – олуш болу синкъерам, – элира жимчу стага, чIоггIа вела а луш.
ГIеххьа дIабахча, хIорш цхьана юьрта кхечира. Хезаш я жIаьлеш а, я нехан аьзнаш а дацара, гуш чиркхийн серлонаш а яцара. Эххар а цхьа кор серладаьлла а гина, цига дIагIоьртира хIорш. Тишчу цIийнан пена тIехула дIатоьхначу кIади тIера: «Кхелли дIаюьллуш, хIайттараллин шовкъ йоссийта» – боху дешнаш дийшира кхара, машенан стогарш тIе а хьовсийна. Чуьра охьа а биссина, цIийна тIе бахча, неI чухулара дIакъевлла яра. Коре хIиттира хIорш. Чохь вейтта стаг Iара: зуда а, боьрша а. Царна дуьхьал хIоьттина, аьтту куьг генна дIа а дахийтина, цхьаъ дуьйцуш лаьттара сеттина мара а, лергаш тIехула дIадехкина мекхаш а долуш цхьа стаг. Хьалхара ши церг дIаяьлла хиларна къамел «шшш» бохучугIовгIанца хуьлура цуьнан:
– Накъоштий! Кхелли дIайилларца, гена долушш вай кхошур ду коммунишме. Тахана вай дIайиллина
30 стершийн шалаз, кхана...
– ХIара хIун гулам бу? – хьаьттира Орцас кора хьалха нисъеллачу йоIе. Чуьрачех уггаре а къона яра иза.
– ОхI, хIора буса хуьлуш бу, кхоъ даллалц. Дийнахь сарралц кхелли ю тIулгаш тIе дIасаяржайойтуш... – шабарш дира йоIа. Чуьрчу кIур туьйсучу мехкдаьттан стогаран серлонехь а къаьстара цуьнан хазалла.
–Шу стенна къастийна кхуо? Вуьйш нах мичахь бу?
– Кхин биса а ца бисна, кхунах бевдда аренца охьабевлла. Тхоьга а олу: шаьш реза дацахь, дIагIо. Тхан баха меттиг а яц, – Орцина гира йоьIан юьхьа тIехь, гIайгIано боданехь латтош дуьненах йоккхаер. Амма иза дерриге а дIадер ду, хIокху хьолехь иза дукха йисахь.
– ХIун шабарш ду ахь дийраш? – мохь хьаькхира ши церг йоцчо.

– ХIара нах стенна хьийзабо ахь, эрна хабарш дуьйцуш?! – корах чу мохь туьйхира Орцас.
Массо а, цецваьлла, корехьа хьаьжира.
ГIеххьа хан елира цхьа а вист ца хуьлуш, эххар а ши церг йоцчун бага гIаьттира:
– Хьо мила ву?Мичара ваьлла? Барбош! Шулбарш!
И цуьнан багара доллушехь боданара схьахьаьвддачу жIаьлеша ятIийна, кийсигаш йина, дIаяьккхира тийналла, хIорш сихха машен чу ца лилхинехь, кхарах а изза дийр дара.
Машен, хьала а латийна, юханехьа хаьхкира жимчу стага. Къоьзана-Iома тIе кхаьчча, охьа а диссина, юха а цуьнга хьоьжуш лаьттира. Хи чохь седарчий луьйчура. Охьа а хиъна, чу куьг хьекха хIоьттира хIара – куьг а дахьош, шийла дара хи. Камаев, цхьацца шабарш а деш, Iома тIехула дIахьоьжура.
Буьйса юккъе йоьдуш хан яра хIорш, лома буьххье хьала а бевлла, чубирзича. Машен а сацийна:
– Доккха хIума ду-кх, хIара цкъа а хилла дацар-кха суна. Наб оьхуш дIа ца вахало-кх, – элира жимчу стага. Камаев наб еш вара, серло дIайойъушехь набаран тар тесира шопарна а.
Цхьана вуочу синхьехамо садууш Iачу Орцина дукха хан ялале цхьа деза татанаш хезира, тIаккха машенна хьалха дIахIоьттира ши стаг тIекIел хIоттийча санна лекха, дерриге а дала а даьлла, цхьа Iаламат. И машенна тIекхевддашехь: – Iа-а-а! – мохь белира ОрциЭццахь самаиккхинчу шопаро серло латийра, Iаламат тIапъаьлла дайра.
– ХIун хилла хьуна? ХIахI? – хоьттура кхеравеллачу шопаро. Камаев, сама а ваьлла, бIаьргаш детташ Iара.
– Цхьа хIума, цхьа йоккха, йоккха, вайн машен хьала а айина, бердах, чIешалг санна ластийна бердах кхосса гIерташ.
– Хьуна тарделла и, бисмилла деша, – машен йолаялийтира шопара.
– Тар ца делла. Суна вевза иза, – элира Камаевс. –
ШайтIамахьма ву. Ас тIаьххьара а, цо нехан машенаш санна, хьала а айина, бертал тухур волуш а ву тIулгаш тIе.
– Цхьа хIума-м ду. И хIуъу хиллехь а, масех машен бердах яхна, лар а йоцуш, бухахь Iуьллуш-м карийна кху новкъахь... – элира шопаро.
Пхийттех минотехь некъ бича, юха а изза хилира:
Камаев хар дан велира, шопар ша кхидIа ца вахало аьлла сецира, машенан серло дIа а йойуш. ТIаккха, цунна набарна тар тоссушехь,

деана схьакхечира и Іаламат.
Орца мохь хьакха кхиале, жимма хьала айира цо машен. Амма эццахь:
– Іа-а-а! – аьлла, Орцас мохь а хьаькхна, самаиккхинчу шопаро серло а елла, кхин дІа хІумма а дан ца кхиира иза.
Ткъа Орца кхиира цуьнан юьхь ган. Сеттина мара, хьалхара дІаяьлла ши церг.
Кхин наб ца кхеташ, юьрта охьабиссира уьш.
Орцас шаьшдІабуьйшуш:
– Серло латийна йитча новкъа-м хир яц? – аьлла, хаьттира.
– Хир яц суна-м, ахь кху чохь малх латабахь а, – элира Камаевс, пенехьа а воьрзуш.
Дукха хан ялале царна массарна а набарш кхийтира. Орцина цхьа сирла малх кхетта де а, Къоьзана-Іам а гира гІенах. Іома йистехь, хи чохь шен когаш ловзош лаьттара и корехь хилла йоІ, ела а къежаш. ХІара цуьнан когашка хьоьжура – кІайчу, ангалех терачу... Эццахь: «ОхІо-хІо-хІо-хІо, хІо-хІо», – дерриге дІаделира, мархаш, дохк... Самаваьлча а, Орцин лергашкахь декара и «охІохІо-хІо-хІо, хІо-хІо». Серло дІа а яйина, кетІа велира иза.
Сатаса гергадахнера. Екхначу стиглара седарчий нилхадовлуш дара. Къилбехьа хьаьжира иза. Цигара лаьмнийн кортош дахкарлахь Іохкура. ШайтІамахьма вара шен болх беш. Орца хІинца кхийтира цо лелочух: халкъ цІера даькххича, дІалаьцнера цо и мохк.
ТІаккха и цІа дирзича, колхозан бригадир а вахна, цхьацца бахьнашца нахана шайн дайн латта къахьдеш ву. Юха а цунна тІехь дуьззина олалла дан. Амма цунна моьттурш хир дац. ХІара тахханехь юха гІур ву цига.
ГІур ву, шен дагчохь кхерам кхоллабеллехь а, и эша а беш. Кхуо эккхо веза цигара ШайтІамахьма. Муха?
Стенца? Кхуо кІелхьара йоккхур ю и корехь хиъна Іийна йоІ аШайтІамахьмин балех. ТІаккха цо цуьнан сурт дуьллур ду, Къоьзана-Іоман хи чохь когаш ловзош лаьтташ, ела а къежаш. Уггар а хьалха, ангали санна, кІайн когаш бохкур бу– чІоггІа лиъча, ца далуш хІумма а ма дац.

# ДЕЧИГАН ТАЙНИГАШ

**Дечиган тайнигаш**[52]

Буьйсанна бетассин серло корах чукхетта карийра

Денина, генахь доццуш даьллачу цхьана ирачу татано ша самаваьккхича, дехьачохь беран гIийла делхар а хезира. И хIун тата ду хиира, тийналла юха а герзан гIергIаро мерцича, ша маршабаьллачу махкахь вехаш хилар дагадеара, и бахьнехь ша ирс доцуш хила йиш йоцийла а.
Бер юха дилхича, дехьа чу ваьлла «ошхIада» дийшира цо, аган тIера хIума дIа а тосуш: иза гIенах доьлхуш дара. Бер маликаша делхадо, хьан дай-наний делла хьуна бохуш, дагатесира цунна мацах цкъа нанас олуш хезнарг. Ма къиза бегаш бу-кх уьш, дай-наний бен, кхин хIума доцуш цхьанхьара, Азаллера хIокху шийлачу, Iаьржачу, кхерамечу лаьтта деанчу, цхьана а хIуманна охIла доцчужимчу адамна.
Ямаликаша бийраш бегаш бац техьа? Цара и жима адам хIокху къизачу дахарна кечдеш ду техьа, хьалххехь цунна бохаман чам бовзуьйтуш?
Ша тайпа жоьжахати ю-кх Латта а, адамийн синош зен кхоьллина. Бер дуьненчу ма делли, дIадолало зер.
Дахар – сингаттам, дахар – лазам, наггахь итт шарахь цкъа – самаьршадалар а. Самаяьлла нана бехкалайоьду:
– Набаран тар тесна хилла-кх суна.
Цуьнан куьйга кIелахь цхьанаэшшарехь дIасатехкка доладеллачу агано, цацано ахьар санна, луьйсу беран делхар, дуьненчухула дIасакхуьйсуш даржадо, эххар а иза дов.
Сехьа чу а волий, стоьла хьалха охьахуу иза. Стоьла тIера кхуо дечигах даьхна суьрташ беттасин серлонехь, цхьана тамашийначу, адам тIе ца кхочучу хьуьнан кIоргехь дехачу садолчухIумнийн гIаларташ хета. Жима волуш дас ша ламчу жа дажо вигча, цигахь карадирзира цунна и гIуллакх – дечигех нехан суьрташ дахар. Дас ца тадира: пайда шех схьабер болуш хIума дац, тIе адамийн суьрташ дахкар бусулба дино магийна а дац. Амма уьрсаца дечигаш цестар цIийх доьллачу цо аьттехьа а ца йитира и ойла, ткъа шен
«IаьнтIехь ламанан юьртахь» боху кегийчу скульптурийн сурт – оцу метр деха а, ахметр шуьйра а долчу уьн тIехь юьртахь хуьлу коьрта хиламаш а, гIишлош а гайтинера цо: сонехь лаьттара лекха бIов, маьI-маьIIехь – цIенош, цхьанхьахь гу тIера салазаш хохкуш бераш, вукхузхьа – пхьоьхана хIиттина нах; царна уллохула тIехваьлла, салазна ши сту а боьжна дечиге, я йол цIаян воьду вокхха стаг; юьстахо долчушовданан коьртехь лаьтта захало дуьйцуш кIант, йоI,

кегийрхой; хи мало а дигна, жа цӀа далош вогӀу жима кӀант, цунна юххехь доккха месала жӀаьла – хӀаъ, и сурт Москвахь хиллачу гайтамехь тидаме эцча, цуьнан цхьа а шеко ца йисира ша юьхьарлаьцна некъ нийса бац аьлла.
ТӀаккха церан ерриге а хӀусам яьккхира дечиган суьрташа, уьш алсам мел девли а, ден резавацар алсамдолура, «ткъе иттшо кхаьчча а тайнигехловзуш ву сайниг, неханаш тоххарехь баха хевшина», – дов дора цо, ткъа цхьана ло диллинчу Ӏуьйранна, цӀе лато гӀерташ, и ца леташ йоккха стаг хьеелча, дас шен суьртех уггаре а доккханиг доха а дина, чӀийш а даьхна, царах нанас латийнчу цӀаре а хьоьжуш Ӏийра иза шен йогучу кхоллараллина дагчохь гӀийла воьлхуш, вист а ца хуьлуш.
Дена а ша динарг кӀантана иштта халахетта гича, хорам хиллачух тера дара: «Хьо ма чӀогӀа оллавелла, вала ца везарг велла тезет хӀоьттича санна, и тайнигаш-м шортта йохур яра ахь, эцца арахь ас деанчу ургӀалех хьайна беззарг: безий – пхонан, безий – махан ургӀал дӀаэца, уьш чекхдевлча, хьуьнхахь а ду-кх хьуна». ХӀара дуьхьал вист ца хилира, ша хӀеттахь дена къинтӀера ваьллашехь, вист ца хилира хӀума кхоллуш Ӏаш цо цхьацца бегаш бича а (луъушехь, шайтӀано ца витиркха вистхила), юха и салазна говр а йоьжна, керла диллинчу лайлахула лар а юьтуш, хьуьна юккъерчу ирзу тӀера йол цӀаян ваха новкъа ваьлча а.
Оцу дийнахь и цӀа ван хьевелча, салазан лорах ша виэхьа а виэхьаш, са бага а кхаьчна, дена тӀаьхьавоьдуш цуьнан кийрахь кхоллабелла дагахьбаллам, шошаре мел дели, дагчохь базлуш, деган деттадалар денна а гӀелдеш, гӀелдеш, гӀелдеш, боккха хуьлура, бакъду, хӀетахь лайла дахна Ӏуьллучу ирзу юккъехь тӀе йол а йоьттина лаьттачу салаза тӀехь, гел хьовзо тасавеллачохь садалар хиллачу ден шелъеллачу юьхьа тӀе махо уллорчу бӀаьллинган коьллаш тӀера схьахьаькхна лайн хӀур гича, и къиза дагахьбаллам, дог ангалин бӀаьрг санна дакъошка а доькъуш, цуьнан кийрара арабаьлла, Ӏаьржачу Ӏаьршашка, кхечу адамийн сингаттамаш а, баланаш а кхерстачу шийлачу есалле дӀабаха гӀоьртира. Цуьнан кхетам цкъа реза а хилира иштачу жамӀана, амма шен нанна а, жимахдолчу йишина-вешина а хьалха долу декхар дагадаро сацийра, лалийна даш хилла цуьнан кийрара арагӀерта и дагахьбаллам.
Шо шаре мел дели гӀеллора цуьнан кийрахь жимчохь летта кхоллараллин цӀе, амма оцу некъах вуха ца волуш, дӀагӀертара иза,

дийнахь а, буса а къахьоьгуш, наха: «ХIокху юьрта гонахара ерриге хьун хIаллакйина волуш лаьтта-кх хьо, кIант», – бохуш, бегаш а беш. Иштта дIаихира денош, денош, денош; цкъа Iа дулуш, юха бIаьсте йолуш, тIаккха – аьхке, юха – гуьйре, цул тIаьхьа дерриге юхадолалора, кегийнаш баккхий хуьлура, баккхийнаш къанлора, къенанаш Делан эхарта дIаккхелхара, гIелделлачубIаьргашцашайх дуьсучумаьлхан дуьнене а хьуьйсуш. Цхьа хIара вара хIоьттина лаьтташ, я воккха а ца хуьлуш, я хийца а ца луш, – мухха делахь а, цунна хаа-м ца лора и хийцам.
Хийцам цIеххьана хилира, кхул иттехшо жима йиша хьажа-хIотта цIа еача, цуьнан йоIаций, кIантаций оцу йишел а ши шо жимахволчу вешин ши кIант ловза а волавелла, ловзу-уш, церан дов а даьлла, «хIусамдайх» цхьамма хьешех йоI а елхийна, хIара царна маслаIат дан вахча. «Ванах, ас лелориг хIун ду техьа, нехан-м доьзалш а бу, церан цхьацца Iалашонаш а ю, цIенош дар, машен эцар, бераш деша дахийтар, царна тIеюху, когаюху, кхин, кхин, кхин, кхуьнан цхьа а дезар а дац ишта, кхуьнан гIуллакх – дечигех тайнигаш яхар, амма уьш мел чIогIа лерина кечъярх, цхьа а ела ца къежа, я йист а ца хуьлу, я елха а ца йоьлху, вешин я йишин бераш санна, – уьш шийла ю, и шело кхуьнан дагах чеккхйолу, юха буьйсанна, болх ца балуш, куьйгаш охьа а хецна Iа иза, Iуьйкъе Iуьйренга ластталц, тIаккха екъачу паднара тIе, кхин гоь а ца яржош, дIатевжа, тIе юргIа а тосуш, амма наб ца кхета сатаса гергадаххалц.
Сама а ваьлла, бIаьргаш схьадиллича, аьхкенан маьлхан комаьрша серло яра корах чуIенаш, уьйтIахь ловзуш лелара бераш, екара котамаш. ХIара хьалагIаьттина хаавелча, рагIу кIеларчу пеша хьалхахь цхьацца дезарш дешхьийзачунанас кхайкхира цуьнга, хьайна хIума яа аьлла.
Лохачу горгачу стоьла тIехь хьокхамца тIо-берам бууш, тIе шекарца марздина чай а молуш, цIеххьана ойла кхоллаелира: гIала дIаваха веза, цигахь мах хадор букхуьнан кхолларалин, дерригенна а бехке юрт ю, гIалахь кхуьнан тидам бийр бу.
Юьртах тIаьххьара чам белира цуьнан, цхьана гуьйренан дохк долчу дийнахь эвла йистерчуБекисат йолчу а яхна, хIокхо ма гIо боххушехь, цуьнан кIентан йоIаца захало хьахо, вукхо цхьа гIиллакх доцуш, вуо тIе а эцна, кхудуьнен тIехь мел болу сардам цунна буллуш, цIа еанчу нанас шен коьртара кортали схьа а даькхина, кхоьссина паднара тIе

дахийтича: «Бехк-м сан бара, нах боцчу нахана тIеяхначу», – олуш; нанна халахеттарг шена Бекисата дуьхьало яр а дацара, цо шен кIантана аьлла: «И тайнигийн мар ма вара хьуна тхуна кхачаза виснарг!» – боху дешнаш дара.
Уьш чIогIа Денина а Iаьткъира, ша сел лерина, бусалба стага ламаз санна, лелочу гIуллакххах стаг цавашар йоккха къизалла хийтира цунна, амма шена и цIе тиллинарг цхьа Бекисат йоцийла а хиира цунна, хIетахь дуьйна ирделлачу лерасица юьртахошка ладегIа ваьлча.
Цхьана дийнахь нанас кхоьаш йоьхкина вовшахтоьхна иттех туьма а эцна, са ма тесна йоьдучу автобусца новкъаваьлла, гIала вахна масех бутт баьлча, цунна ша юьртахьчул а чIогIа декъаза хийтира. ГIали йистехь лаьцначу цIа чохь шийла а, цхьалха а дара. Юьртахьм, цкъа мацца а гIала а вахна, цигахь ша вовза а вовзийтина, гIуллакхаш талур душен бохучу ойлано вохвора, хIинца иза а дIадаьллера.
ХIетте а, хораме шело легашка мел гIерта, аз доцуш воьлхуш, дечигаш цоьстура цо. Тайнигаш хьалхачул дика хуьлуш санна а хетара: кхуьнан синIаткъам дечиге болура, цунделашийлачу дечигах даьхначу суьртийн бIаьргашкахь гуттаренна а сецнера кхуьнан гIайгIа а, кхуьнан сатийсам а.
Цо хIора шен дечган «бер» дуьненчу ма делли, дададой, хьой, художникийн туькана дIахIоттадора, амма мах кхин лакхара а боццушехь, кхин оьцуш стаг ца волура.
ХIара хIора дийнахь воьдура туькана, йохкархой къинхетаме белакъежара цунна хIоразза а:
– Мел хаза ду хьан суьрташ! Делахь а цхьамма а дIа-м ца оьцу...
Амма цхьана дийнахь, цхьа йоI лаьттара кхуьнан
«Iаьнан деюьртахь» бохучу суьрта хьалхахь. Ехха хьийжира иза, тIаккха касси тIе а яхна, мах дIа а белла, схьаийцира цо сурт. Ши йохкархо, вовшашка а хьаьжна, цхьа тамашийна елакъежира.
– Кхин цхьаъ стенна ца оьцу ахь? – хаьттира царах цхьамма, кора хьалха лаьттачу кхуьнга бIаьрг а таIош.
– ТIаккхахула оьцур ас... – элира йоIа.
Иза араяьлча, хIара цунна тIаьххье аравелира, букъа тIехьа шина йохкархочун елар а хезаш.
Масех де далале, туька дIацIанъелира кхуьнан суьртех: цхьадерш цу йоIа схьаийцира, цхьадерш кхуо цунна дIаделира. ТIаккха цу шимма цхьаьна тергалдира гIалин урамашкарчудитташ тIера гIаш, мажлуш,

цIийлуш, лаьтта иэгар. ТIаккха и гIаш санна, лайн чимаш дуьйладелира хIаваэхь хьийза. И шиъ а хьийзара, ши лайн чим санна, дахаран мохехь, безамо айина, чIагIлуш лаьтта шело а ца хаалуш. И денош, и суьйренаш, и буьйсанашмерза а, тамашийна а яра, амма цхьа суьйре – ло а догIуш, мох а хьоькхуш хилларг къаьстира царах тера цахиларца. ХIара шиъ аьчган некъа йистехь динчу цхьана лекхачу чардакхa бухахь лаьттара, мохо дIасалесточу цуьнан дечган коьчалийн цIийзар а хаалуш. Я Iаьнан шело сов а яьлла, и яшон кхушиннан кхолладеллачу гергарлонан йовхо ца тоьъна дарий а хаац, я кхуьнга кхолламо беш хаам барий хаац, стенна делахь а, кхунна шен дерриге а дахар – хIинццалц схьа хилларг а, кхул тIаьхьа хиндерг а – и дорцехь лаьтта чардакх хийтира. ХIан-хIа, ницкъ кхочур бац Маримин оцу чардакхах цIа дан, кхуьнан аккхадаьлла са чудерзо. Кхочур бац техьа? Цуьнан а ца кхаьчча, хьенан кхочур бу и? Кхунна лиира Iехавала: хIун хаьа оцу йоIа ларвой а иза кхуьнан дегIах, цацанах хи санна, чекхбуьйлучу цхьаллин мохах.
ГIовгIа йоцуш тийна, масех машенахь (кхунна-м нехан тидам кIезиг мел хили а дика хетара, Маримина иштта хеташ ца хиллера, цо зевнечу эшарийн ловзаре сатийсинера – тIаьхьа, ахшо дIадаьлча бийцира цо шен дагахьбаллам), Iаьнан чилла чIагIъеллачу хенахь, кхуо Марима ша баттахь мах а луш лаьцначу хIусаме а ялийна, ваха хиъча, дийнера де мел дели декхарийн мохь базлуш, базлуш, базлуш, оцу йозаллина буха ца ваха гIерташ, Iуьйкъана самаваьлча а шен белхан стоьлана хьалха хууш, дечигаш цоьстуш, сахуьлунга волура; наггахь Маримас къада-м дора меллаша, цкъа хьалха мукха даькххина а ахча а даькххина, цхьа цIелиг а эцна, чохь-арахь оьшург а нисдина, тIаккха паргIат бийр бара кхоллараллин болх. И хьехамаш кхуо, говро корта лестош мозий санна, шех дIачехабора; цкъа цхьана буса накъосташца молуш, дууш Iийна, гIеххьа хьийзаш корта а болуш, чувеъча, кхо мохь а хьийкхира: «Я великий художник![53]
Со вешаш вац хьуна тIелхигашюхкуш бахам гулбечех. Сан цIе гуттаренна ехар ю хьуна!.. Мила ву со саннарг? ХIахI?»
Марима дуьхьал йист а ца хилира цу буса: иза уггаре а хала а дара. Кхунна моьттура ша мохь хьекха дIаволалуш, зудчо шена дуьхьал доккхур дуцIентIехь мел оьшург, дан дезарг, ткъа уьш пайдабоцуш хIумнаш хилар хоуьйтуш, кхуо шениг дуьйцур ду... Амма хIумма а дийца ца оьшуш, кхуо атта толам баькххира, амма цо хазахетар ца

деара, мелхо и атталла къаьхьа чам а хилла легашкахь лаьттара, масех стака хи мелча а дIаяла ца туьгуш, ткъа Iуьйранна бепигца деккъа чай молуш
Iаш, цуьнан ойла хилира: «Великий художник-м вара со, велахь а миччара даьккхина а, ахча даккха-м деза».
ТIаккха и жима хьаша еара, шийла тIуьна бIаьсте йисте йолучу хенахь. Иза ши бутт кхочуш, шен дений, нанний бехкала а йоьдуш елакъажа Iемира. «Тхо кIанте хьоьжуш ма дара, цунна тилла цIераш а кечйина, йоI хила йиш йоцуш санна, хIара шега хьоьжуш цхьа а воццушехь еъна схьакхечи, цундела ша тхан сатийсам бохийна дела, бехкала яхна-кх», – ойла хилира ден.
ТIаккха цунна и шен ойла Iеса а, берана кхераме а хийтира: цхьа а ца вогIу кху дуьненчу кхечунна хьалхара, хIора а шен-шен маьIна, шен-шен некъ бохьуш вогIу Делан лаамца, цундела дагадаийта а мегар дац, бегашийна а...
Декхарийн мохь кхин тIе а базбелира, иза хIинца дIо некъбуьллуш силамна тIе карчо горга йозалла санна бара. Оцу йозалло хIара шен кхоллараллица цхьаьна дIачIапвина, некъах дIаиэвира, амма силам а хадийна, малхе кхийда бецан хелиг санна, цхьа дегайовхо-м гIертара дахаре. И дегайовхо кхуо тIаьххьара доккхачу текха тIехь дечигах кхолла лерина сурт дара. И сурт кхунна кест-кеста гIенах гора. Доккхачу текха гонахахевшина, ахьаран хьолтIамашца дакъийна жижиг дууш Iа доьзал. Церан гIуллакхе хьожуш, тIехь лаьтта цу хIусаман нус. Йоккхачу стага кест-кеста олу цуьнга: «Охьахаахьа, Аянт, охьахаахьа.
Жимма садаIа». «Хуур ю, нана», – олу несо дуьхьал, амма шен гIиллакх ца хуьйцу. Доьзалхочухю иза, цундела сагатдо марнанас. Дагна токх кхача, хьанала хьегначу къина жоп луш лаьтто схьаделла Делан деза беркат. ДIадоьрзу пхьор. Несо дIалуьсту пхьегIаш, тIаккха дечиган доккха текх, тIера галнаш кеда а йохкуш, цIандина а яьлла, дIахIотто каралоццушехь, наьIарш а, кораш а кегдеш, кхеран хIусаме кхочухийрамох. Оцумохо тIегоргбеш, бертал бетташ, синошшелдеш, шайн хIусамашкара арабаьхна нах, лаьмнийн кIотарш яссош,
Нашха гулбеш бу, цигара дIо гена, пана махка (мича? мича? мича? – кхойкху балано лаьцна яххьаш, амма цунна жоп луш цхьа а вац), къемата дийне, жоьжахате кхийса. Маржа нохчийн нана-Нашха яI! Муха ловр бу техьа ахьа, кху беркатечу Хьайбаха богIучу наха бохьу и

беза баланаш? Латта датIа а даьттIа, дIа стенна ца доьду техьа?Оццул беза бу-кх иза – хIораннан сина тIе язъелла гIайгIанаш вовшах а кхетта хилла Боккха Бала.
Текх а дохьуш йогIу Аянт, Хьайбаха юьрта йисте кхочучу хенахь хьовзий лазарша. Зударша го бо цунна.
Го шорло, го тIегоргло, стамло. Цугонна юккъехь, кIайчу лайла тесначу Iаьржачу вертана тIехь Iуьллу Аянт, цергашца балда а лоьцуш, узар ца бан гIерташ, шена хуьлу ницкъ хIокху балано лаьцначу, шайгахь хилла куралла, майралла, къонахалла хьаьшначу адамашна ца хаийта гIерта иза. «Аянт, хьайна ницкъ ма бе! Узарш а де, мохь а хьакха», – боху марнанас. Ткъа гонаха лаьттачу зударша цуьнан узарш Iора ца довлийта зикар доладо:
ЛаилахIа иллаллахIу, ЛаилахIа иллаллахI.
Сатаса гергадаххалц ца хеда зударийн зикар. Сатосуш, хIара дерриге а дуьне шелонца, къизаллица, баланца шена дуьхьал даьллашехь, лаьтта тIе догIу адам, шийлачу маьхьарца, шийлачу, дакъазбаьллачуМахка.
«ЙоI ю! ЙоI... Миска яI! Ма зама яц-кха хьуна кхаьчнарг!.. ЙоI иштта а ма яра декъаза, хIара кхин тIе а дакъаза ца яьллехь а... Дала декъал е хьо... Амин!..» – шабарш даьржа гонаха.
– Цуьнан цIе ПетIамат ю, Элчанан йоьIан цIе, – боху марнанас.
Гуо кхин тIе а горгло, кхушийлачу лайла деана экама адам дарцах, мохах, лайх, баланах лардан болчу лаамца, амма и го бина лаьттачу зударех хIоранна а кийрахь йолчу гIайгIано шело кхуллу, цу берана сел чогIа оьшу йовхо а ца кхуллуш. ХIетте а зударий тIегулло, шайн синошкахь мелла а йогучу цIарца, багара йолучу Iаьнарца и дахар лардан, цунна сел хьашт йолу йовхо яла гIерташ. Амма оцу гонна хIоз бина лаьтта кхин цхьа гуо – карахь герз долчу хийрачу адамийн гуо. Кхеран мохк дакъазбаккха, хIаллакбан даьхкинчу адамийн гуо. Царал а лакхахь го бина лаьмнаш лаьтта.
Ткъа лаьмнел а лакхахь – дахкаро, мархаша бина го, цул лакхахь – стигланан, седарчийн, есаллин, шелонан, боданан гонаш...
И дерриге гонаш ловш, церан йозалла хаалуш даха деза-кх хIокху жимчу адаман. Ткъа царах кIелхьарвалар хир а дац валлалц, велча сино хадор ду гонаш, и баланийн, гIайгIанийн, декхарийн хIазарш. Садаьржаш, хабар а даьржа, ша гIаш валур воцург, говрийн божли чу гIуо, кеманца тIаьхьавалор ву...
Мича? Мича? Мича? Цунна жоп луш цхьа а вац.

«Шайна дIатовжа йол а хьуо божли чу воьдучо».
Дукха кIеда-мерза уьш хиларо шек яькккхинчу Аянта шен марнене олу, ма сацийтахьа вайшиъ тIаьхьа, йоIана хIуъу хилахь а, вайн нахаца дIаяхийтахьа. Амма марнана реза ца хуьлу. Хьо а, йоI а жимма метта а яийтина дIагIур... ХIара шиъ кIел сецча, кхарах къаста ца луш, дегахьара а, ненехьара а кхин ткъаессана стаг а воьду божли чу, шолгIачу дийнахь оцудаккхийчу кхерех[54] динчу, пурх дечигаш а тосуш, царна тIе шера тIулгийн экъанаш а йохкуш, царна тIе можа латта а духкуш бина тхов болчу божли чохь кIуьро садукъдеш, цIаро дууш, шайна жоьжахати хIуттур юбохург дагахь а доцуш.
И хIоьттича, бIарзделла, сина дарделла адамаш, нуьцкъалчу тулгIенашца пенойх дIасадеттадаларх уьш херца а ца делла, цIенкъахула лаьттан буха даха гIертарх гIуллакх а ца хилла, тхевнах Iуьрг а доккхуш стигал довла а ницкъ а ца кхаьчна (тIаьхьа догIмийн чархаш яьгна евлча, синош гIур ду оцу тхевнахчекх а девлла, Iаьржачу Iаьршашка дIа), наьIаршна тIедетталур ду, цара уьш кег а йийр ю, пхи-ялх стаг аравада а кхиор ву, амма маьIарго ялале даьндаргаша вожор ву. ТIаккха арататтаделлачу адамех декъийн сал йийр ю наьIара бертехь, тIаккха кхин цу чуьра арадовла гечо ца карош, орцахвала стаг воцуш, даьгна дIадевр ду ворхI бIе гергга адам; ткъа церан синош дехха хьийзар ду
Гих-хин тогIехь, шайн догIмех йисина яьгна даьIахкаш халкъах къаьстина лаьмнашкахула бевлла лелачу наха лаьттах дIахьулъяллалц. Ма доккха хIума ду-кх оцужимчу адаме, ши дей ши буьйсий даккха дуьненчудеанчу адаме хIоьттинарг, кху маьлхан дуьненахь йоккхург оццул бен хан а ца хилча, оцу хеначохь а сенчу цIарах йогу жоьжахати лан дезна-кх цуьнан.
Дечигех гайталур дуй и къемате, дуьненчу даьлла ши де бен доцчу беран мохь, цо Деле кховдийна куьйгаш, цо Деле ден дешнаш доцу доIа... Оцу дийнахь
Хьайбахахь хилларг гайта мукъам а, дешнаш а, басарш а оьшу. Ткъа хIара охIла верг цхьа дечиг а, урс а ду, хIетте а хIара теша шен карахь дечиг мукъаме ериг хиларх, дешнаш ца алахь а, цо дуккха а нахана дуьйцург хиларх... Делахь а, ма дика хир дара кхуьнан тайнигаш йистхуьлуш а, мукъамбеш а хилча. Цул тIаьхьа ма дарра гайталур дара хIетахьлера ирча сурт.

Дени вехха лийлира оцу къизачу суьртах хIун дакъа кхуллур ду ца хууш... Эххар а цуьнан ойла хилира, царна тIехIоьттина жоьжахати гайта стенна оьшу, иза йийцича а тоьашду: цулла а ша оцузударша шийлачу, декъазчу суьйранна дуьненчу даьллачу адамана бина йовхонан, къинхетаман гуо гойтур бу. Цкъа хьалха кхуо тиэкх дийр ду, Аянтан цу дийнахь карахь хилла тиэкх.
Ткъа оцу тиэкха юккъехь Iаьржачу вертано ах хьулйина Iуьллу Аянт, юххехь шен бер а долуш. Ткъа зударийн дечиган аматаш, цу шинна го беш, тиэкхан йистаца лаьтта. И гуо – адамийн гуо, лаьмнийн гуо, дохкмархо а, царал а лакхахь – седарчаша а бина гуо...
Кхунна муьтIахь дац басарш, аьзнаш, беснаш, мукъам, кхунна муьтIахь цхьа дечиг а, урс а ду. Амма хIара теша: шен дечиган суьрташка хьоьжуш, нехан кхетамехь денлур ду цу хенахьлера суьрташ, беснаш, аьзнаш, мукъамаш, хьожанаш...
Дехьачохь юха а беран делхар хезча, кхунна дагадеара, цуьнан цергаш йовлуш хан хилар, цхьана лоьро оцу хенахь берана хуьлу хало гIеметта хIоьттинчу стаге лан а лур яцара алар. Иштта лазаме ю-кх дахаран юьхь, тIаккха...
Кхунна дагатесира бIаьстенан юьххьехь дитташна йовлу чIенигаш, уьш юсалой «тIохханехь» лелха, генаш тIехула охьаоьху диттийн бIаьрхиш, уьш доьлху кхоллалучу керлачу гIа-патарийн лазамах. Иштта беран доьлаш лоьлхуьйтуш, уьш хедош, гучудуьйлу кIайн буьртигаш-цергаш.
Дени хьала а гIаьттина, дехьачу йолучу наьIаран гура юккъехь лаьтта. Эсет, хьо ког а боккхуш, йоккха хилча, хьан дас хьо юьрта юьгур ю, хьайн денана йолчу. Цо хьуна дуьйцур ду, муха хилла хьан денана. Масийтта юьртахь шен оьздангаллица цIе йоккхуш хилла жима йолуш. ТIаккха – хьан денана хьан дас ялорах. Гуьйре чуерзийна а бевлла, кхаш а, керташ а наха нораш а хьоккхуш, цIанйина хан хилла хьуна иза. Буьйса юккъе йоьдучу хенахь араяьлла хьан денана, хьан дедега ян. Новкъа йоккхучо: «Дала декъалйойла хьо а», – аьлла хьуна. Ловзар дIадирзича хьан дедейиша цIеста кIудал а, чилхьесан бухка а бохьуш еана хьуна хьан денана декъалъян. Хьан дедега еана кхо бутт балале кхе йиллинчохь кIайчу ахьарх йина мохь тоьхна сискал а юьсуш («Кхера схьаяккха стаг воцуш яьгначу оцу сискалан къа сайна хиларна кхоьру-кх со», – олура цо кест-кеста), цIера яьккхина, хийрачу махка

кхоьссина оцу къизачу Мохо. Ткъа хьол исс бутт жима йолуНашхара ПетIамат ца йитина хьуна цергаш йовллалц а...
ХIаъ, хьуна денана юьйцур ю хьан дас, хьо кога а яхчахьана, хьуна мотт а Iемичхьана... Шуьшиъ цкъа, наха, шайн керташ охкуш, охуш ялта дIадуьйчу хенахь, хьаннашна, аьрцнашна юккъехь Iуьллучу юьрта доьдуш, хьан дас дуьйцур ду вейтта доьзалхо дуьненчу ваьккхинчу, царах нийсса ах лаьтте верзийнчу, Делан къинхетамца баха бисина вуьйш, хIумма а ца оьшуьйтуш, оьздангалла Iамош, хьан дедас а, дененас а хьалакхиорах лаьцна... ТIаккха цо хьуна дуьйцур ду кхойтта шо а даьккхина, юха цIа дирзича, хьан дененна хIетахь цIера дохучу Iуьйранна сискалца кхе йиллина экъа карор. ТIаккха хьан дененайиша генара, СоIди-КIотарара гIаш хьаннашкахула, Iаннашкахула боккха цIен етт а балош хьошалгIа яр а. Цу аттах даьхнийн хIу а долийна, яраш а евлла акхадаьлла лаьттачу кха тIе хьаьжкIаш а йийна, юха а, хIинца кхоалгIа яха хиира хьуна хьан денана... ХIаъ, хьан дадас дуккха а хIумнаш дуьйцур ду хьуна, Эсет, хьо йоккха хилчахьана.
НаьIара тIехь даьллачу татано кхерийна бер кхин а чIогIа делха доладелира. Дукха хан ялале цхьамма чIоггIа неI туьйхира.
– Мила ву цигахь? – хьаттира Денис, наьIаре хьодуш.
НаьIара тIехь узар а, «хи, хи... лойша», – боху дешнаш а хезира. «Стаг лазийна, орцахвала веза», – неI йиллира цо, йиллина валале дохко а волуш, амма тIаьхьа дара, оцу мIаьргонехь къизаллин бода хьаьдира цуьнан экамчу, вуонна дуьхьало ян ницкъ боцчу хIусаме.
Бодано, чоьхьа а баьлла, неI дIачIегIира чухула – арара чу орца ца кхачийта. Чохь бода кхаа декъе бекъабелира: Уьш кхоъ вара – мукадеххкийн санна догуш бIаьргаш а долуш, цхьаьнгахь – автомат, вукхаьргахь – тапчанаш, хаьнтIе оьхкина даккхий арсаш а долуш, тIеюьйхина – Советан эскарх йисина тIелхигаш.
– Хьо мила ву? – мохь хьокху цхьамма.
–Шумуьлш ду?
– Тхо ца го хьуна?
– Го... Цундела хоьтту ас.
– Национальни гвардин бIаьхой!
– Хан йоцчухенахь нехан чу гIерта хьан бакъо елла шуна?
– И хIун дара цо аьлларг? Бакъо? Хьуна хIун бакъо еза?
– Революцина дуьхьал волчух тера ду хIара.

– И цхьа хIума ду моьттуш, шу санначарна кхайкхамаш язбеш-м лийлира со хIетахь...
– ХIа-а... ХIара гIурт баржорна бехке хьо а ву-кх ткъа. Тхо оппозицера ду.
– Со-м сихха кхийтира.
– ХIа-а, кхетта хьо? Iедална дуьхьалвала а дагахь ву хьо?
– НаьIалт хуьлда шун Iедална!
– Хьажал! ХIинца гучувели. Тхо оппозицера дац!
– Шу миччара делахь а, яхийта кху чуьра! – мохь хьокхуДенис, дукхах долчунна, дехьа чуьрчу зудчунна хазийта.
Масех кIира хьалха, нехан хIусамашна чубуьйлуш, нах бойуш, хIумнаш кхоьхьуш талорхой бу аьлла шена хезча, кхуо бегаш бечуха элира: «Нагахь и тайпа берзалой кху чу йовлахь, сов цIа чуьра кор а деллий, лулахошка хьадалахь, – Ахьмсолта оьзда къонах ву, цуьнан герз а ду, иза орцахвер ву».
Мохь тоьхна ваьлча, хIоьттинчу йоццачу тийналлехь кхунна хеза схьадоьллуш цIевзинчу коран тата.
Иза вукхарна ца хазийта, кхуо юха а мохь хьокху:
– Арайовла кхучуьра, боьха хIумнаш!
Амма кхуьнан тIаьххьара дош, легашкахь сацош, бIаьрга чумIара а тосуш, кхуьнан бага дIаюкъу доккхачу куьйго, тIаккха оццу куьйго кхин мукъа ца волуьйтуш, ластавой, соне чутуху.
– Ахь стенна мохь хьоькху?! Хьо хIун ю хаьий хьуна тхуна? Хьо, хьо, хIумма а яц хьуна... – иза чухула дIасахьоьжу, хIара вуста пайдабоцу хIума лоьхуш, эххар стоьла тIе бIаьрг тухий:
– Хьо тхуна хьалха дечиган тайниг ю хьуна.
– Вай массо а ю Далла хьалха тайнигаш, ткъа шу –
Дала наьIалт аьлларш ю.
– Хьо-м ю суна хьалха тайниг, – мохь хьокху мажйолчо, стоьла тIера кхуьнан ерриге тайнигаш, шаьш тIехь лаьттачу текхаца цхьаьна лаьтта охьа а кхуьйсуш.
ТIаккха царах цхьаъ – хIинцца Хьайбахахь, лай тIехь, зударша бинчу гонна юккъехь дуьненчу яьллачу
ПетIаматан сурт – схьа а оьций:
– Тхайна лаахь оха, иштта, корта дIа а боккхур бу-кх хьан, – олуш, шен хаьнтIера урс схьа а доккхий, тайнигна хьокху – цуьнан корта кхоссалой чухула дIабоьду.

Стенна? Стенна? Цкъа дуьненчу яьлча, де-буйса а далале ягий, хIинца, шолгIа а, уьрсаца корта баьккхи...
Шозза а. Стенна?ХIун къа хьаьрчина хилла цунах, мотт ца хуучу маликах, шоззе а и сел йоккха къизалла лан?
Оцухаттарша кийрахь жоьжахатин цIе латийна, иза маж йолчун легашна тIекхийтира, билггала ша хIун леладо а ца хууш. Дуьненан дерриге а вуо цуьнгахь гина
– жимчуберан корта баьккхинчуьнгахь ца хилла, хьаьнгахь хир ду иза?
– иза хIаллакдан болчу лаамца. ХIара, Дени, шен Iалашоне кхача а тарлора, хIетталц цу чуьра хIумнаш тIекIелъетташ, кхеран доцу ахчий, деший лоьхуш, коьртах зударийн пазаташ йоьхкина шиъ ца хиллехьара. «Кхана-лама уьш охьа а яьхна, дика ши стаг хила дагахь хир ву хIара шиъ, мажйолчо ца лачкъийна шен юьхь-сибат, цунна бен а дац нахана шех хIуъу хетча а, я цуьнан маж а тIелатийна ю техьа? – хIаъ, нохчийн шалхалла, нохчийн дакъазалла, нохчийн садекъадалар: гуш – цхьаъ, къайлах – кхин; багахь – цхьаъ, дагахь – кхин», – ойла хилира Денин и шиъ шен шина пхьаьрсах тасавелча.
Амма цаьрга дIаса ца баккхабелира кхуьнан ши пхьарс.
Мажъерг бухахь а волуш, хIара шиъ цIенкъа вуьйжира – иштта дикахо а Iовдалора легаш.
– Кхунна хIун дийр дара? Вуьйшма лаьтта кхуо иза?
– Суна хаьа хьуна кхунна хIун дан деза-м...
И аьлла а валале, кхунна шен лера уллохь цхьа шело хаало.
«Везандела...» – амма и ойла кхин дIа ян ца кхуьу иза. Дерриге а – кхетам а, бIаьрса а, лерса а – хеда цхьана юкъана.
ТIаккха, цхьа хан яьлча, цунна хеза тайп-тайпанчу олхазарийн эшарш цхьаьнаийна мукъам. И ма хеззи, цуьнан синхьехам хуьлу: хIан-хIа, бац иза кхунна девзинчу дуьненчуьра мукъам; делахь, вийна-кх со цо... ХIун хили техьа цу берах а, зудчух а?..
Эххар а цуьнан бIаьрса юха догIу. КIайчу, кегийчу, уьрсо хедийча санна нийса сенаш долчу лаьмнашна юккъехь стигал басахь Iаьмнаш Iохку. Царна юккъехула а баьлла, цхьанхьа кIайчу серлонехь Iуьллучу анайисте боьду сирла-баьццара некъ.
– И хьан некъ бу. ХIинца дуьйна дIа цу новкъа гIур ву хьо. Лаьттара некъ хьан чекхбаьлла, – аз хеза цунна.
«ХIун хили техьа цушиннах?» – ойла хуьлу цуьнан.
– Охьахьажа, гур ду хьуна...

Охьахьаьжча, цунна го Марима йоIаца Эсетца АхьмсолтагIеран неIарх етталуш, тIаккха Ахьмсолта а, цуьнан виъ кIант а герзашца шайн керта хьовдуш а, цара талорхой бихкина охьабохкуш а; тIаккха кхунна шайн юрт а, цигахь шена хIоттийна тезет а го, нана а, вежарий а, йижарий а, шен дакъа дIадуллуш а – дуьххьара малх тIекхетачухазчуметтехь нисло кхуьнан каш.
– ХIинца вало... – хеза цунна аз, laьтта тIера суьрташ дIадовлу, хIара генаволу лаьттана. Цигара седарчашна юккъера охьахьаьжча, цунна го буькъачу бодано дIалаьцна Латта. Оцу боданехь юкъа-юккъехь серлонаш а хаало, гIийлла етталуш.
– Нагахь и серлонаш бодано къайлаяхахь, Латта ханзама, буьйса-де доцчу, «лекха-лоха», «еха-йоца»,
«жима-йоккха», «къона-къена» бохубустам боцчу, бух боцчу Iаьржачу Iинчу дужур ду; цунах хIумма а дуьсур дац, цхьа дагалецам а.
«Уьш хIун серлонаш ю? Оццул кIезга стенна ю?»
– Уьш Далла догцIена Iамал ечу нехан серлонаш ю... Хьайн серло ган лаьий хьуна. ДIогахь дечигах латийнчуцIарах тера ерг гой хьуна?.. Иза ю... ХIаъ, хIаъ...
Хаьа суна хьан дагахь дерг а... Хьуо Iамал ян ца кхиъна боху ахь... Ахь дечигех деш хилла суьрташ а дара
Деле ден доIанаш... Хьан догдикалла, адамех – генарчех, гергарчех болу къинхетам а бара хьан тайнигашца...
Дени юха а хьожу, мацах кегий бераш долчу хенахь зудабераша чIешалг тIекIел а юьллий еш хиллачу тайнигна гонаха хьерчийна кIадин цуьргаш санна, боданан асанаша масех гуо беш юкъахьарчийнчу Лаьтте.
Евза цунна и бода мелла а зарзбеш летта серлонаш.
Цхьаъ – цхьанхьа а цIа-цIе а доцуш, ваьлла лела илланча; важа – Iаламах лаьцна догдика байташ язйийриг; кхоалгIаниг – хIара дерриге а дуьне Деле доьхуш, ламазашна тIехь доIанаш деш, юьртахь еха цхьалха йоккха стаг; йоьалгIаниг...
Сирла-баьццарчу новкъа а ваьлла, уьрсо хедийча санна нийса сенаш долчу кIайчу лаьмнашна юккъехула, стигал басахьчу Iаьмнаш йистехь сеца а соьцуш, церан хих къурдаш а деш, дIаэха волало хIара. Лаахь, оцу кIайчу лаьмнех адамийн, дийнатийн суьрташ а хедор ду... Уьш лаьттахь кхуо дечигех хедийна тайнигаш санна йоцуш, шайн аз а, бос а, болар а долуш а хир ду. ХIетте а кхунна ца лаьа иза – лаьтта тIехь

айхьа лелийнарг, кхузахь иштта мехала а ца хета. Кхунна иштта дIаэха лаьа кIайчу лаьмнашна юккъехула серлонехь Iуьллучу анайисте, цигахь, лаьттахь, бисинчу гергарчу нахана са а гатдеш, уьшДеле а боьхуш...
Мичахь бу-техьа кхулхьалха кхуза схьабаьхкина кхуьнан сина гергара нах? И ойла кхоллаяларца цхьаьна кхунна хьалха хIутту цхьа къона йоI. Ерриге а цIеналлех кхоьллина ю иза, цундела – Башламан ша санна, кIайн, месаш – бурула можа. Ишена цхьанхьа гича санна хета кхунна. «ХIаъ, хIаъ, со ю иза, ахь дечигах сурт дина, Хьайбахахь ягийна ПетIамат». – «Хьан масех де бен ма дацара. Кхузахь хьо йоккха ю!..» – «ХIаъ, кхузахь гуттар а цхьа хан хуьлу синойн...» – «Ткъа вуьйш?
Сан да, вежарий, йижарий?» – «Оцуновкъа дIагIо хьо», – къайлайолу йоI.
Иза сирла-баьццарчу новкъа волу...

# КХАЙКХАР

### Кхайкхар[55]

Буьйса юкъал тIехъяьллера Iамага, наб ца кхеташ, арахь йоккхачугIовгIанца догIучу догIане ла а доьгIуш
Iуьллуш. Хьалха, хIара бер долуш, ца оьхура иштта чIогIа догIанаш. ХIетахь меллаша а, кIеда а догIанаш догIура, сихха дIа а совцуш, юха малх а кхеташ. ХIинца догIа мосазза догIу, ойла кхоллало: «Ванах, дуьне доха доллу техьа?»Иза догIа дар хилла ца Iа, догIанца цхьаьна – бода, мох, гIовгIа, Органе дIагIурттуш яккхий
Iовраш. Оцу Iовраша, кIоргга хершнаш а дохуш, цоьсту Лаьттан юьхь, керла Iаннаш а кхуллуш.
Кхунна а, воккхачунна, иштта хала хилча хIара догIа лан, кегийчу бераша хIун дийр ду: уьттазза сов хир бу-кх церан сингаттам. И сингаттам цунна хаалора цхьа шой ахшой кхаьчначушен кIанте хьаьжча. Иза догIанна стигал къекъа йоьлча, велха волалора, корах ара пIелг а хьежош: «Бу-уду», – бохуш. ХIокхо кIант къовллий маравуллура: «Ма кхера, цо хIумма а дийр ма дац, ма кхера». Амма кIентан бIаьргаш чуьра кхерам цул тIаьхьа а кхоччуш дIа ца болура. ХIинца хIара догIа кIант дIавижначул тIаьхьа доладели, цхьадика. «Доккха хIума ду-кх, – ойла хьаьвза цуьнан, – тIаьхь-тIаьхьа дуьне а, Iалам а адамна кхераме доьрзуш ду-кх, берийн ду-кх къа…».

Цуьнан ойла морцу цIийнан тхов тIехь йоккхачу тоьпан хIоъ иккхича санна даьллачу татано, цунах коран бIаьргаш, зовъолий, дегало, вуьжуш латийна гIийла серло лун стогар дIа а бой, Iаьржа бода хIутту чохь.
КIант велхарца самаэккха:
– Нана! Дада! – кхойкху иза.
Ма кхайкккхи и кара ца оьцуш, «хIинцца, сирникаш а карийна, чIурам а латийна, тIаккха…», – бохуш, амма сирникаш ца карош, чухула дIасахьийзаш хIара гIеххьа хьевелча, кIант шолгIа а кхайкхира, кхин а чIогIа а, кхеравелла а:
– Дада!
– Iела! Со кхузахь ву хьуна. Кхера ма лолахь, – сихха тIе а ведда, караийцира цо кIант.
ТIаккха иза марахь а волуш, боданехь юха а сирникаш леха велира иза. Амма уьш цхьанххьа а карош яцара: ишкапа чохь, стоьла тIехь, кисанашкахь. ТIаккха кухни чу вахара иза; цу чохь сирникаш ца хилахь, латийна цIе мукъна а хир яц техьа? Амма я иза а, я важа а ца карийра…
ДогIа-м корал арахьа цкъа чIагIлуш, юха гIеллуш догIура, я дIасаца дагахь а дацара.
КIант а карахь чухула дIасахьийзачу кхунна дагаеара цхьа дохк долу тIуьна суьйре. Гуьйренан тIаьххьарчу беттан бешара хьайбанийн хьожа етталуш суьйре. Кхуьнан жимахволу ваша шен накъосташца дIавоьдура, карахь лоькхуш дечиг-пондар а болуш.
ХIара масийттазза кхайкхира цуьнга, амма иза, дуьхьал вист ца хуьлуш, дIавоьдура, пондарх пIелг а туьйсуш; цунна ца хезара вешин аз, лерехь декачу накъостийн хабарша, пондаро, тIуьначу дахкаро а къарвора иза. ХIара юха а, юха а кхойкхура, амма иза къайлавелира дахкарлахь, булучу маьркIажан боданехь. ХIара тIаьхьахьаьдира цунна, амма хIара чехка мел волу иза гена волура, кхунна даго цхьаъ хьоьхура, цхьа бохам, цундела бIаьргех оьхуш хиш а долуш, кхайкха а кхойкхуш, вехха тIаьхьаидира цунна. Эвлайисте кхаьчча, саца а сецна, Орган тогIи чохь Iуьллучу бамба санна кIайчу дахкаре а хьоьжуш лаьттира. Дохк сийса а сийсаш Iуьллура, булучу боданехь а къаьстара цуьнан кIайлла. Цо мелла а синхьаам а бина, хIара чувирзира шен шийлачу хIусаме.

Кхуьнан ваша Іалаш кхул диъ шо жима вара. Цунна дай, наний халла бен дага а ца догІура, ткъа кхунна шен деций-ненаций яьккхина хан яра гуттар а кхетамехь лепаш, тайп-тайпана беснаш хуьйцуш, кхунна ваха ницкъ луш. И хан дІаяьлча, Іаьнан шийла де деара, шийла кхаъ а бохьуш: гІалитІа кхушинна хІумнаш ян новкъа яьлла кхеран машен бердах яхна, дай-наний а долуш чохь… ХІара цу шинга хьажа а ца хьажийтира: дукха дохийна бохура и шиъ.
Цунна гуттаренна а иштта дагахь дисна и шиъ: да машен чу а хиъна, схьа а хьоьжуш, нана а: «Ледара ма хилалахь, Іамага!» – бохуш, машенна уллохь лаьтташ.
Дай-наний кхуьнан кхетамехь дисна, ткъа и шиъ
Іожалли тІе дигна машен хІинца а Органан йистехь
Іуьллу, цхьа вуон хьерчийна горгам а хилла…Наггахь кхуьнан ойла хуьлу: сан дахар а ду-кх изза машен – вуонийн бердашна юккъехь дІасадеттаделла, горгам а хилла Іуьллуш.
И ойла кхуьнан кхин тІе а чІагІъелира, оцу дохк долчу суьйранна дІавахарх, кхин цІа ца вогІуш, кхуьнан ваша – хІара шен дуьхьа вехаш хилла адам, дерриге а цунна лерина деш: дІабоккхуког а, дІатуху куьг а, – хи чу тесна цун кана санна, тІапъаьлла дІавайча.
Илоьхуш, вижар-гІаттар а доцуш, кхуо хийла некъаш дира, шен голаш, тІе хьеран тІулгаш оьхкича санна, язъяллалц – цул тІаьхьа охьа ца хиъча а ца велира.
Иштта хІара хиъна Іаш, кхунна юххе охьалахвелира цхьа къоьжа милцо: «КІант, хьо цхьаъ вац хьуна Нохчийчохь хІара тайпа вуо тІекхаьчна. Дуккха а бу. Эвлаяаша йийцина зама ю хІара, хьалха дог теша-м ца тешара, даьхнел башха ца хеташ, адамашдойуш, чІир эца стаг а воцуш, цхьа зама йогІур ю аьлча… ХІинца тІекхечи-кх иза. Хьан вешина-м, Дала мукъалахь, хІумма а хилла хир дац… Эцца ша санначарах а кхетта, тахана-кхана цІа гІур ву ша бохуш, волавелла лелаш хир ву»…
Дика стаг хиллера милцо: кхуьнан дог кхин тІе а доха ца деш, сатийсам а кхоьллина дІавахара. Оцу сатийсамца вехара хІара а, амма иза дийнера де мел долу гІеллора. «Сан ваша докъаза, доьза вайна», – бохукъиза ойла денна а йоккха хуьлура.
Оццул вуонаш лайначуюьрта ваха ца лууш, гІалахь сецира хІара, уггаре а йоккхачу библиотеки чу балха а вахна. Жима волуш марзделла дара цунна киншкаш ешар, къаьсттина – туьйранаш. ХІинца

ишен лаам Iабо таро хилира цуьнан, цу тIе, кIезиг делахь а, алапа а лора. Иза кхоош дайичхьана тоьара хIусамах дала а, юучунна а; тIеюхург эца ца тоьара, – цунна-м цхьаъ дийр дара, цкъадолчунна шира чкъор а мегар ду.
Оцу библиотекехь болх беш а шен ваша лехар ца дитира цо, гIалахь бевлла лела нах вовшах мел кхеттачу воьдуш, церан къамелашка ладоьгIуш, цаьрца хабаре вуьйлуш, шена бакъхьа хетавеллачуьнга (ткъа и тайпанаш наггахь бен ца нислора царна юкъахь) шен бала буьйцуш; цара дукха хьолахь хIумма а ца олура, ура-атталла кхечу наха олу дешнаш а: «Дала тIаьхьа кхуьуьйтийла хьо цунна», – уьш шайн къамелаш дийца буьйлалора, хIара шайца ван а воцуш санна. Оцу хIумано кхуьнан шеконаш алсамйохура: «Шайна цхьаъ ца хууш хилча, и тайпа кеп хIоттор яцара, хаьа – схьаала ца хIутту, я ца лаьа». И иштта хиларх хIара тийшира цкъа тIара хьийзочарна юккъехь волчуцхьана кIанта шега хIара къамел дича: «Хьайн вешех хиллачунна тIаьхьакхиа лаьий хьуна – ахча хила деза дуккха а, ахча ца хилча, хьуна цхьамма а гIо дийр дац».
Цул тIаьхьа шен сингаттаман шелонах хебаш, киншкаш юккъехь дIа а тебий, царах цхьанна тIехьоьжуш
Iаш, хийла де чекхдолура, тIаккха иза, сингаттам а бохьуш, ша лаьцначу тишчу хIусаме вогIура, сатассалц вешица а, деца-ненаца а хила шена хаддаза гучу гIенашкахь. Амма цхьана дийнахь кхуьнан дахаран раж йохийра ткъе ворхI шарал тIехъиккхинчу цхьана йоIстага. Бан ма буй уьш вайн гIалин тайп-тайпанчу учрежденешкахь, киншкаш я кехаташ дIанисдеш
Iашшехь хан дIа а яьлла, нехан цIентIе бахна охьаховша хьебелла, кхин хазаллина «эхI» аьлла а боцу дела, кегийчу нехан ойла тIехь ца соцуш болу мехкарий.
Царах цхьаъ яра Луиза а, хетарехь, ша ойланаш а еш, IаддаIерах гIуллакх хир дац, кхоллам ша биннарг хуьлу аьлла, араяьлла. Адаман дегайовхо ца евзаш масех шо даьлла волу Iамага дукха резахилла тIаьхьахIоьттира Луизин лаамна. Иза резахилира цуьнга шега йола ала а, яло а, тIаккха йий духкуш йолчу цуьнан нанас шена генахь доццуш цхьа цIелиг эцча, цу чу Iен дIаваха а; тIаккха цо кест-кеста шайна ден гIо тIелаца а…ХIара дерригенна а резахилира, ша шен сингаттамца (вешех болчу), сатийсамца (и ваша цIа варе болчу) витчахьана.

Цхьана шаре дахделира и цхьанаэшшара дӀадоьду дахар, оцушарахь Iела а велира дуьненчу. Амма шолгIа шо доладелча, хийцаделира дерриге а. Берриш а, хьекъал дIаэцча санна, са бага а кхаьчна, хьаьвддий-бевддий лелара, цхьа хIума хьаьхна, цхьанхьа кхача сихбелла, цара тайп-тайпана хабарш дуьйцура, майданашкахь а гуллуш, хIара дуьне хилчахьана адамаша кхоьллина деза, сийлахь мел долу дешнаш бохуш; амма хьекъал дIаэцаза волчунна шерра гора и дешнаш, чулацамах хIума ца юьтуш, туьтмIаьжгаш йина, хIаллакдина хилар. Цара эккхийтинчу оцу гIовгIанан бахьна, кIорге волуш теллича, гучудолура: дегIан хьашташ; и дIаала гIоьртинарг, бIаьргаш чу цIий а доьссина, маьхьарехь шовкъ еъначара, тIе когаш бетташ, лаьттаца дIаэвора.
Зудчо а, цуьнан нанас а, наха дийрриг де бохуш, дуьненан хIумане шовкъ йоьссинчарна тIаьхьа дIаийзавора хIара, амма кхунна шовкъ ян ца туьгура, хIара мелхуо а кхин а чIогIа ойлане волура, хIинццалц схьа хилла дахар – мел бохамаш хиллехь а, – мерза гIан санна хетара, долуш долчуьнга хьаьжча. Массаьрга йоьссинера синкарзахалла, дуьненан хIума дадо, лачкъо, схьадаккха, яцара хьалхалера марзонаш, дагадовларш, тIекеренаш.
Амма Iамагина ца лаьара оцу къизачу синкарзахаллин хи чу эккха, хIокхунна ца хаьара харц-бакъ ца къастош долу нека, я цунна и Iамо а ца лаьара…
– Хьенеха кхозлагIа «Вольво» ялийна… Минеха кхузза тIекIел, итальянски кибарчигех цIенош дайтина…КхозлагIчо, «хIаваъ» чу а тоьхна, миллиард ахча хьаладаьkkхина. Дера яц хьуна цуьнан зуда сох тера…
Бриллианташ оьхкина лелаш ю, норкови шуба а юьйхина… – зудчун къамел дийнера де мел дели хьаьхаш, кхуьнан кийрахь IаьIара, йоккха айма а хуьлуш. Эххар а и айма йоккха хилла, кхуьнан кхетаман бердел лакха а яьлла, чехкачухин тачанашца дуьненчухьаьдира: кхуо шена а билггала хIун дуьйцу а ца хууш, эха сохьтехь гергга мохь хьийкхира зудчунна тIе:
– ХIунда вуьйцу соьца и хьенех, и минех? Со хир вац хьуна иштта! Суна кIордийна хьо а, хьан нана а!
Аш тIехбетта нехан бахам хьех-мерах чекхбаьлла суна!
Ва сох хир вац, я хила а лур вац йохкархо! ГIур вац со

Турце! Я хьо а гІур яц, сан цІара тІехь а йолуш! Ву-кх со Іовдал ламаро! Ван а ву, хир а ву! Хьо вуо еар-кха соьга, со колхозник вуйла хуъушехь! Ас ядийна ялийна хьо? Хьо реза яцахь, цІа гІо! Ма гІо! Кху чохь Іе!
ХІара хьайн ненан цІа а дІаэца! Со сайн юьрта дІагІур ву! Сайн кІант а эцна…
Зуда Іадийча санна хьоьжура Іамаге, цунна цкъа а гина вацара иза ишттта оьгІазвахна. Цуьнан балдаш эго долийра, тІаккха иза, мохь а баьлла, чуьра ара а иккхира, чІогІа неІ тІе а тухуш:
– Делахь дІа Іийр ву-кх хьо, – дешнаш хазош, шен ненан хІусаме хьаьдира, арахь булушлаьтта маьркІажан бода кху хІусамехь кхин тІе Іарж а беш.
Шийлачу маьхьарца цунна тІаьхьаведда Іела, неІсагІех ког тасабелла бертал а кхетта, кхин а чІогІа велха волавелира. Дас дикка хан яйира и теван гІерташ, шена мел хуу туьйранаш дуьйцуш, каьмпеташ, ловзоргаш оьхьуш.
КІант эххар а, йиш а хаьлла, дІатийра, амма юучу хІумнах ца кхеташ, пенехьа дІа а вирзина, дакккхий синош а дохуш, дІавижира. Іамага вехха Іийра кІантана юххе хиъна, цунах болчу къинхетамо хорам бина. Эххар а набаран тар тесира Іамагина. Амма дукха ца яхъелира цуьнан наб: гІенах коре а веана, кор детташ, чу ваийта бохуш, шен ваша а гина, хьалаиккхина, коре хьаьдира хІара. Юххехь тоьхначу стелахаьштиго къагийра кор, куьзганан бІаьргаш тІе луьстта догІанан тІадамаш а тухуш. Амма иза ваша вацара, иза цуьнан кхетамехь хІоьттина сурт хиллера. Дуьрачу дагахьбалламо юха а дІалецира легаш.
АрахьшолгІа ткъес тоьхча, кІант сама а ваьлла, кхуьнга а, нене а кхайкхира.
ХІинца кхуьнан карахь воллура иза, боданах кхеравелла, хаба а хебна.
– ХІинцца, хІинцца сирникаш схьакарор ю, – бохуш, кІант теван гІерташ, чухула дІасахьийзара иза.
Стоьла тІехь а, стоьлан гІутакхаш чохь а, ишкапа чохь а, кисанашкахь а, массанхьа уьш хуьлучохь лехира цо сирникаш – яцара. ХІара хІун ду? ТІаккха дагадеара цунна, тахана ша гІали юккъе воьдуш зудчо шега сирникаш эца алар. Кхунна уьш дага а ца яьхкира. Ваьлла, кІант а марахь, кухни чу вахара Іамага: цу чохь латийна йитина газ мукъна яц техьа? Яцара. Цучохь а Іаьржа бода бара, наггахь ткъесал хьалха

кхетачусерлоно човха а беш. И серло кхетча, кIентан велхар гIеллора, амма цунна тIаьххье йоккхачу гIовгIанца стигал къевкъича, кхералой, кхин а чIогIа мохь болура цуьнан.
– Iела! Iела! Сатохахьа, ас хIинцца,.. – ша хIун дийр ду ца хууш, дIасахьийзара да, воьхна.
Ткъа кIентан велхар кхин а кIарглуш хиларо шело хьадийтира цуьнан даге: мегара кхунна а цхьаъ хила?
Оцу шеконо кхуьнан хIусамехь, цIенкъа эккха а эккхийтина, доккха Iин хIоттийра, чу хьаьжча бух а ца гуш. Кхунна девзира иза. Дуьххьара дех-ненах къаьстича детIира кхуьнан когаш кIелахь латта. Я и дог дара техьа даьттIарг, латта а доцуш? ТIаккха ваша вайча, керла дотIана хIоьттира. Иза хIоьттина даьлла а дацара хIинца а, иза дийнера де мел долу шорлуш дIадоьдура, ваша шена цкъа а гур вац боху ойла чIагI мел ло. ОцудотIано кхуьнан дог а, хIара верриге а шина декъе воькъур вуэххар а, тIаккха кхуьнан ши дакъа дуьненан шина маьIIе: цхьаъ – Малхбале, важа – Малхбузе дIахьодур ю, «Iала-аш!» бохучушийлачу маьхьарехь гIаттийначубетан ах а хьош хIораммо а. Кхуьнца шина декъе даьттIа дIагIур ду дерриге дуьне а, Iаьржачу, есачу паналлехула… ХIан-хIа, гIур дац, дуьне хьалха ма дарра лаьттар ду, кхунна ша доьхнехь а.
Iела дуьненчу ваьлча, дотIана жимлуш, жимлуш, эххар муоне дирзира, гуттар а хьегIачу муоне. ХIинца иза, кхуьнан дахар маьIне динарг, кхуьнан дог а, са а шина декъе доькъуш, эккхийтина дIаса а дохуьйтуш, бодано, кхерамо Iадийначохь, массо пха а озийна, шагатIулг хуьлуш дIадала гIертара.
Са бIарзделира цуьнан; ламчохь, бIаьстенан юьххьехь, йогIучулайн хьаьттан гIовгIа а хезаш, ша цхьанхьа ведда кIелхьара ца валахь, и кегдеш схьахеза дитташ санна, кагвина, хьаьшна, докъаза войур вуйла а хууш, воьхна, ирчачубердах пурх хадошдоьдучунекъан тачи тIехула дIасауьду стаг санна, хьаьвзира иза.
– Ма доккха хIума ду-кх хIара, я АллахI-Дела, шен берана серло яла ницкъ боцуш да хилар! – мохь белира цуьнга, стелахаьштиган серлонаш етталучу корехьа а таьIаш, царах шен кIантана жимма а гIоле хиларе дог дохуш. Амма иза кIажъоьхуш, юкъ-юкъа са а сецош, воьлхура. Iамага шена жима волушнанас Iамийна
«бисмилла» деша хIоьттира, халла, ах дицделла дешнаш дага а доуьйтуш.

Иштта кхуо аят доьшуш, масех минот елира, кIентан велхар гIеллуш, гIеллуш, цIенна дIадайра. Цецваьлла, шен карарчу кIанте охьахьаьжира хIара. Иза корехьа хьоьжура, ткъа кор цхьана тамашийначу серлоно къагийнера.
«ХIинцца, стигал къевкъина, дIаер ю и серло», – ойла хилира Iамагин. Амма иза дIа ца йолуш, масех минот а елира, тIаккха – кхин а, кхин а миноташ.
«Везандела, хьуна бу-кх хастам, ма доккха хIума ду-кх хIара», – ойланаш йора дас, цкъа серлаяьллачу шен кIентан юьхье хьожуш, тIаккха иштта къегинчу коре хьожуш.
Эххар а кIанта элира:
– Дада, неI етта.
ЛадуьйгIира дас, ян а яра неI етташ. КIант а марахь неIаре а вахна, догIа дIадаьккхира цо, ша гуттар а деш долу: «Мила ву?» – боху хаттар дан а вицвелла.
– Тахана кху чуьра сирникаш кхачаелла хилар дага а деана, уьш йохьуш еа-кх со, хIара кIант а вац серло ца хилча мегаш, – бохуш, бехкала а яхна, ша чу ца йитарна кхоьруш санна, ийзалуш, неIарехь лаьттара Луиза.
Хьалхара дIа а ваьлла, цунна некъ битира Iамагас.
Зуда чоьхьа а яьлла, сирникаш летош, чIурам леха хIоьттира. НеI дIа а къевлина, цунна тIаьххье чу веанчу Iамагина серладаьлла лаьттина кор боданехь гира.
Амма эццахь зудчо чIурам а латийна, къегира чоь.
Сахьта тIе хьаьжча, сатосу хан яра. «Ма харц хилла-кх со, суо кхайкха, сайна орцахвала стаг вац моьттуш», – ойланаш а еш, юьхь-куьг дуьлучуцIа чу вахара иза. Куьйгаш дуьлуш а, юьхь а, кхийолу меженаш юьлуш а «шахIадат» дийшира цо, билггала деша деза доIанашшена ца хуу дела. Iуьйра ламаз кхуо доьхкуш, бода дикка зарзбелла, арахь гIеххьа серлаяьллера. «Аттахьиййату» доьшучу меттана ламазан «бисмилла» дийшира цо: кхунна дагахь хууш и цхьа аят бен дацара. Ламаз дина ваьлча, вехха Iийра иза, куьйгаш юьхьа тIе хьала а лаьцна, дешнаш доцуш, ойланца Деле кхойкхуш, шен мел болу синхьийзам цуьнга дIабуьйцуш.
Цецъяьлла хьоьжура цуьнга Луиза. ХIокхеран хIусамехь хIинццалц цкъа а ца динера ламаз…

# БУРКЪУШЕВ КХУЬУШ ВУ

**Буркъушев кхуьуш ву**[56]

Вевзий шуна поэт Буркъушев? Муха ца вевза? I944 шеран январь баттахь «Дада Сталин» поэма язйинарг вац? ТIаккха кхойтта шарахь хIумма а ца язъеш Iийра иза, «дадас»оьгIазло а йина. ТIаккха I957 шарахь «Дада
Ильич» язйира цо. ХIаъ, хIаъ, и ву шуна. Юха – «Дада
Хуршов», и дIаваьккхича – «Дада Ильич-II». ХIаъ, хIаъ, и тIаьххьарниг генеральни волуш зазадаьккхира цуьнан кхолларалло. Стихаш язъярал сов, цо кест-кеста махкахь хуьлучу дакккхийчу гIуллакхехь лаьцна отзываш а язйора. Масала, нахана дагахь йисира. А. Солженицын махках ваьккхича цо язйинарг. Цуюккъехь иштта кIорге могIанаш дара: «Бакъ! Хила деззарг хили!
Хир дацарий IаддаIийнехь. Яздархо хилла ца Iийча, гражданин хилла мукъна а. Тхо дукхе-дукха реза ду пирдател махках ваккхарна. Же ямалаш! Генаваккхалаш!»
Буркъушевн кхолларалла, селитра тесча НажинЮьртан районехь томка санна, кхиа йолаелира Дада
Ильичан-II сийлахь-яккхий произведенеш араевлча.
«Малая земля» араяьлча, Буркъушевс цхьана партийно-хозяйственни активехь элира:
– И «Мали земля» яц шуна. Цуьнан чулацаме хьаьжча, цуьнан философски кIоргалле хьаьжча, иза «Большой, большой земля» юшуна. Ешалаш, йовзалаш, дагахь Iамаелаш, дIадуьйшуш гIевланга а йиллалаш Дада
Ильичан хIара «Мали земля», аьлча а «Большой земля» цIе йолукнига. ТIаккха дика ешалур ю шуьга лекци, дика ахалур ду шуьга латта, дика смазка ялур ю шуьга тракторан меженашна, сихха Iораваккхалур ву шуьга ламазаш ден мракобес. Же ямалаш! Ледара ма хилалаш! Коммунизм хIоттаяй довлалаш! Аш иза досрочно хIоттаяхь, ас шорта стихаш йохур ю шуна!
Оцу къамело дог-ойла гIаттийна, партин а, бахамийн а хьаькимаш, буса а, дийнахь а цIа ца боьрзуш, белхаш беш, акхабевлла лийлира бехха, Горбачев хьаьким хIотталц.
Къаьсттина йоккха кхоллараллин шовкъ йоьссира

Буркъушевга Ильичан-II «Возрождение» книга, аьлча а цу тIера «По заводскому гудку» боху корта бешча.
Цунах лаьцна цо къоначу яздархойн совещанехь дийцира оьрсийн маттахь:
– Выдающщи кинишка написал наш дорогой и великий отец ЛеонидИльич. Особенно понравился галва «По заводскому гудку». Вы думаете, что не бил гудок? Гулок би-ил! По этому гудку муног лудей шел на работу. Гууууу…
Эццахь гудок санна Iаьхна Буркъушев, вуха ца воьрзуш, кхо дей буьйсий делира. Буьйсанна бийша а йиш йоцуш, нах, ара а бевлла, лаьттара. Амма Буркъушев
Iаьхначуьра юха ца воьрзура, наха мел дехарш дарх.
Эххар а хIетахьлера обкоман Хьалхара Секретарь Власов А. В., Умалатова С., кхиболу официальни нах а баьхкира Буркъушевга гудок Iоьхучуьра лахъе аьлла.
Шена «Ветеран партии и труда» мидал лур ю аьлча, дIасецира вевзаш волу поэт Iоьхучуьра.
Мидал кхин цхьаъ лур ю, ДоттагIаллин 200 шо кхачарна йир язъе, элира Власовс А.В. Буркъушевга шайн лаккхарчу тIегIанехь хиллачу цхьаьнакхетарехь.
Язйира:
ДоттагIаллин ши бIе шо кхаьчна.
ХIан-хIа, бакъ ма дац – ши эзар кхаьчна…
Йол хьалаоьцуш бо цкъа жима кхаьнча?..
Вистхуьлуш сецира ламчуьра ДаьнчIа.
Власовна (вай вуьйцург немцошкахьа ваьлла инарла вац – кхин ву) хьалхара ши могIа тайра, тIаьххьарчу шиннах ца кхийтира.
– И сан философи ю! – бохура Буркъушевс.
– Партина ца хууш цхьа а философи хила йиш яц гучуяккха иза, – стоьла тIе буй туьйхира хьаькимо.
Буркъушевс гучуяьккхира философи:
– Рифма.
– Рифма бахьнехь маьIна дохон йиш юй?
– Рифма ца хилча, поэзи ца хуьлу.
– ХIа-а, поэзи хилийта еза, – аьлла, Буркъушевна
«За отвагу» мидал елира Власовс.

Шераш дIаоьхура…Цхьанна тIаьхьа важа а доьдуш, къаьркъанна хIоьттина очарт санна… Халахеташ делахь а, сийлахь-баккхийнаш а леш хуьлу-кх. Велира
Дада Ильич-II. Кхин шиъ шена тIаьхьа хьехна хиллера цо.
Оцу заманахь Буркъушевн керла похIма гучуделира: цо дуьххьара нохчийн литературехь кхоьллира кадамбаран (я тийжаман) жанр. Дада Ильич-II, велча цо иштта газетехула кадам бира: «Вели. ХIаъ, дIаваха, голатухучохь къайлайолумашен санна, гучуьра вели дуьненан а бIаьрIуналла деш хилла волу, коммунизман сийлахь-воккха теоретик, машарехьа тIамца къийсина волу башха яздархо Леонид Ильич. ЭхIейтI, горалера дуьне яI! Ма башха коммунист а, Ленински премийн хьакъволу лауреат а веа-кх хьан кийра. ХIаъане.
Доккхаде хьо, латта! Пхоьазза Советски Союзан Турпалхо а, маршал а, дуьненчохь мел йолу орден, мидал лелорхо а воллу хьан кийрахь.
Сан тахана йиш ю, мацах Лермонтовс Пушкинах ма аллара, Дада Ильичах ала:
Погиб поэт. Невольник чести…
ХIаъ, хьомсарчу Леонида а дина погибайт, капитализмаца, къар ца луш, къийсаме ваьллачохь. ВаллахI, царна дуьхьал къамелаш дина, мочхал меттах а ца хьалуш-м диснера цуьнан тIаьххьарчу хенахь… Вайн дегнашкахь гуттар а вехар ву и, М. Шолоховс рекомендаци елла, СССР-н яздархойн Союзе дIаэцна хилла волу башха прозаик, публицист, теоретик, практик, бакъволу ленинец, хьакъволу лауреат.
Ткъа хIинца, поэта ма аллара:
Делхийша, адамаш, тийна ма латта,
Зуда яц, Ильич ву кховдош верг лаьтте».
…Шераш дIаоьхура. Цхьанна тIаьхьа важа а доьдуш…Къаьркъанна хIоьттина очарт санна…
Кхаа шара чохь кхин шозза язбира цо и тайпа кадам. ТIаккха дIатийра, вайн махкахь хирг хIун ду ца хууш. Хиъча, хьаькхина митинге вахна, къамел дира:
– Нохчий! Къар ма лолаш, нохчий! Къар ма лолаш.
Шун ворхIе да а ца хилла шуна къарлуш. Шун бархIе нана а ца хилла шуна къарлуш. Вайн герба тIерачу барзах тарло. Иза ду-кх акхарошлахь кара ца Iема экха. Же ямалаш, катохалаш дуьненах. Мерза дол-долчуьра кхоллуш, даалаш хIара маьлхан дуьне. Лаца ма лаца дадин маж, амма лаьцча, дIа ца хоьцуш, бухъяккха.

ХIай, хIай! иштта!
Цул тIаьхьа яздархойн гуламехь дов дира цо:
–ШухIунда дац митингехь, гIазот доьхкучохь, шекар дIасададочохь, урамашкахь буьйсанаш йохуш…
– Могашалла дика яц.
– Роман чекхъяккха гIерташ воллу…
– Митингаш езаш вац…
Бехказбовла гIертара ахмеца хан токхуш болу нохчийн советски яздархой.
– Бехказлонаш! Iаддайиталаш уьш! Царах гIуллакх хир дац! Партократаш юхабахка лууш ду? Шуна лаахь а, гIуллакх хир дац. Оха ревкомаш йина, суьдаш йийр юшуна, хенаш а тухуш.
Эххар а яздархойх цхьамма элира:
– Аш хенаш тоьхча, тхо чудохка шун набахтеш яц.
Цул а хьан хийцавалар муха хилира дийцахьа. Ши-кхо шо хьалха-м партократаша аьлларг яздеш ма вара хьо.
– Кхин ма аьллахь! Могуьйтур дац хьуна. ХIан-хIа, цара аьлларг яздеш вацара – уьш Iехош вара. Цу тIе, замане хьаьжжина кхиа ма веза яздархо, – шек дIа а вацара Буркъушев.
Иштта ву-кха иза. Замане хьаьжжина кхуьуш. Вайн сийлахь поэт, публицист, обличитал Буркъушев. Горалера кIант яI!

# АСАРАХЬ

**Асарахь**[57]

Цхьана дийнахь Кунта-Хьаьжин масех мурдан барт хилла шайн устазан урд асарх цIандеш гIо дан. Амма цуьнан амал евзачу цара устазе ца хьахийна шайна дагадеънарг. Иза цхьанхьа ваха новкъа волуш лар а вина, шайн аьстеш[58] а эцна, хьуьнан йистехь Iуьллучу урда тIе бахна уьш.
Арахь аьхкенан юьхь хилла. Схьакхетачу маьлхан зIаьнарша лепошхилла баца тIера а, диттийн гIаш тIера а тхин тIадамаш. Iуьйренан сирла хIаваъ декош хилла олхазарийн тайп-тайпанчу эшарша. Царал тIаьхьа ца йиса гIерташ, бацалахь гIара эккхийтина йохкуш сагалматаш а хилла.
Шайн устазан урда тIера хьаьжкIаш асарх цIанъеш бохкучу мурдийн дегнаш а хилла шатайпа мукъаме эшарш лоькхуш. Болх атта а, сиха а беш хилла цара.

Дукха хан ялале хьаьжкIийн йоккха цхьа аса бецах, ярех цIанйина бевлла уьш. ПаргIатъевлла хьаьжкIийн зIийдигаш, самаевлла, гIийлачу мохехь техкаш, малхе кхевдда.
Шайн балхах баккхийбеш, IиндагIехь жимма са а даьIна, юха а асар дан хIиттина мурдаш. Амма оццу хенахь, салам а луш, веъна царна тIехIоьттина КунтаХьаьжа. Салам схьа а оьцуш, шайн болх а сацийна, устазе хьаьвссинчохь бисина мурдаш.
– ХIара хIун ду аш дийриг? Шуьга хьан аьлла сан урда тIехь асар де? – хеттаршка ваьлла Кунта-Хьаьжа.
– Цхьамма а. Делахь а хьуна гIо дан лууш даьхкинера тхо, – бехкала бахна мурдаш.
– Со хIинца а асар далуш ву. Ца хилча, ас эр дара.
ХIинца аш хIун де шуна аьлча, шайн аьстеш а эций, сехьадовла. Ткъа аш асарх цIанйинчу оцуметтиг тIера хьаьжкIашшун юшуна. Гурахь уьш дIаяхьа а дуьйла, – вистхилла Кунта-Хьаьжа.
Шайн устазо бохург дина мурдаша, дуьхьал дош а ца дохьуш. ХIетте а мелла а халахетта хилла царна, устазо шайн гIо тIе ца лаьцна аьлла. Иза гучу КунтаХьаьжас, IиндагIе охьа а лахвелла, шена улло охьаховша кхайкхина мурдашка. ТIаккха цо аьлла:
– Шуна хала ма хета, ас иштта аларна. Сайн куьйга къахьегначу, Дала сайна схьаделлачу рицкъанах бен сайн дегIе пайда ца эцийта Делан дуьхьа дина ният ду сан, и дохо йиш а яц. Цундела шайн дегнашна хиллачу восана къинтIера а довла!
Цуьнан къамел дагах кхеттачу мурдийн бIаьргаш чу хиш диссина.
– Тхо девлла къинтIера! Хьо вала тхуна къинтIера, хьайга а ца хоттуш, тхо хьайн урда тIе дахкарна, – дехна цара.
– Со санна, Дела къинтIера волийла шуна! Вай хIинца сискалх а кхеташ, жимма хан яхьа еза, луьйшолуш, – шен тIоьрмига чуьра шаршунаюккъе хьарчийна сискал а, нехча а юккъе йиллина Кунта-Хьаьжас.
Шаьш еънарг охьайиллина мурдаша а. Иштта хIорш хилларш-лелларш дуьйцуш Iаш, делкъан ламазан хан а хилла, Хьаьжица ламаз а дина, шаьш цIа бахка новкъа бовлале, мурдех цхьамма дехна устазе:
– Хьехам бехьа тхуна, Хьаьжа. Хьехам бехьа…
Цуьнан дехарна жоп луш, Кунта-Хьаьжас аьлла:
– Ас диъ хIума дуьйцур душуна. Царахшиъ аш диццдан дезаш ду, ткъа важа шиъ гуттар а дагахь латто дезаш ду. Шаьшнахана дина дика

дицделаш; иза аш дийцахь, и динера аьлла, Делера ял хир яц шуна. Шайна наха дина вуон а дицделаш; иза диццарца шу цунна гена довлу, иза шух дӀакъаьста. Ткъа цкъа а диц ца деш, аш дагахь латто деза ши хӀума: вай дала дезаш хилар а,
Далла дуьхьал хӀитта дезаш хилар а.
Иштта хьехам бинера Кунта-Хьаьжас шен мурдашна.

# ЛАМЧОХЬ ГӀА ДУЖУЧУ ДИЙНАХЬ

**Ламчохь гӀа дужучу дийнахь**[59]

Воккхачу Іеламстеган Іабдул-ГӀапурин безамна, боккхачу ларамца.
Гуьйренан цӀастано, аьрцнашкарчу хьаннашна тӀедуссуш, царна тӀехь сецаш, шайн йозалла алсамъяккхарна диттийн гӀаш шаьш гаьннех дузуш хилла зӀенаш хедош, лаьтта оьгу зама яра арахь. Аьрцнел лакхахь гучу шаша, лайша хьулдинчу лекхачу лаьмнийн баххьашна ца хаалора я гуьйренан цӀаста а, я Іаьнан кӀайлла а, я бӀаьстенан баьццаралла а, уьш гуттар а цхьана басахь дара – кӀайн.
Цаьрга хьоьжуш наггахь ойлане волучухӀокхуюьртарчу цхьана воккхачу стага Дабас уьш, и лаьмнаш, заманна а кӀел ца соцуш, хийцалуш доцу хӀума дуьненчохь хиларан масал хета шена, элира кхуюьртарчу дешначу стаге Янарсе.
Дикка ойлаеш а Іийна, Янарсас цуьнга дуьхьал аьллера, заманца ца хийцалуш дуьненахь цхьа а хӀума а дац, и лаьмнаш а тӀехь; церан хийцамаш ган цхьана стеган зама ца тоьа, амма и хийцамаш хуьлуш бу, вайн бӀаьрсино ца лацарх; уьш масийтта шарахь жим-жима хуьлуш дӀабоьлху, я цӀеххьанна эзарнаш шерашкахь
ІаьІнарш цхьана дийнахь хуьлий дӀабоьрзу – лаьмнаш тӀепангех лелха я уьш хиллачохь хӀорд хӀутту; ткъа къематдийнахь хиндерг дуьйцуш хьуна а ма хезна: и даккхий лаьмнаш чу а детташ, Дала хӀара дуьне, кераюкъ санна нисдина, шардина дӀахӀоттор ду бохуш; цкъа а хийцам боцург вай кхоьллина вайн Дела ву, гуттар а хилла а, гуттар а хир волуш а ву, шен хьалхе а йоцуш, шен чаккхе а йоцуш.
Цул тӀаьхьа Даба цунах лаьцна ойла ца ян гӀуртура, кхуьнан хьекъална дукха кӀорге хӀума дара иза, бакъду, ца хууш кӀайчу лаьмнийн баххьех бӀаьрг кхетча, цуьнан дагчохь ойла хьегӀа юлура, адаман оьмар йоца хилар дага а догӀий, из хьогура лаьмнийн заманах…

«Сан ворхIе да волуш а хилла уьш, сан ворхI тIаьххьенна а гур ду уьш; цуьнга хьаьжча, ма йоца ю адаман хан».
Юха оцуойланна дуьхьал кхин ойла йогIура: «ХIара дахар хиндолчун, цкъа а чаккхе йоцчухиндолчун юьхь бен ца хилча, ас стенна сагатдо хьокху дуьсу долчун ойлаеш»…
И шолгIа ойла, хьалхарниг дIашаръеш, хIордан тулгIенах дIайоьдура кхетамехула. ТIаккха юха а гIоттура долуш долчух тасавала лааран ойла: «Тамашийна а, кхераме а ду-кх девзаш доцург… хIун хир ду-техьа… Доккха хIума ду-кх Далла дуьхьал хIотта веза бохург…» Цул тIаьхьа кхин ойланийн тулгIе гIоттура кхетамехь, юха – кхин…
Ойланийн тулгIенаша шен кхетам гIовгIанца буьзча, Даба, хьодий, Янарса волчу воьдура, и схьа ма гиннехь, кхин хIума дийца ца оьшуш синтем богIура кхетаме, ойланийн тулгIенаш кескашца екъалой, мох боцчу дийнахь хIорд санна, дIатоьра.
«АлхьамдулиллахI, – олура ша-шега Дабас, – хьо,
Янарс, кхуюьртахь хилар боккха Делан къинхетам бу; и ца хилча, сан лаамза кхоллалучу ойланаша эккхийтина, кескаш еш дIайохуьйтур яра хIара коьртан туьта»…
– Со леш, суна уллохь хила веза хьуна хьо, Янарс, – олура цо кест-кеста.
– Вайх тIаьхьа мила вуьсу ца хаьа, Даба…Могашмаьрша хилахь, хьуна уллохь ца хилла, мичахь хир ву со?.. – олура Янарсас.
– Иза а ца хаьа… Амма цхьа хIума-м хаьа суна, со хьол тIаьхьависахь, сайн гIуллаккхаш тиша хир дуйла, – ойла юхура Дабин.
Тахана делкъан ламаз динчул тIаьхьа, дIаса ца бухуш, нах маьждиган кертахь севцира, цхьана хIумане сатесна.
– ХIинца сан хьесапца уьш Лаха-Варша дIакхаьчна хила декхар ду, – элира Янарсас. – Цигара уьш схьабевлча, хаам хила беза.
– Муха, хIун хаам? – ца кхийтира Даба.
– Даба, хьо массо хIумнах кхето везаш ву-кх, – бегаш беш, шеха велакъежира Янарс.
– Тхо кхетор ма душун декхар, Янарс. Шу ца хилча, тхо тIехь Iу воцу бажа ма бу.
– Делахь-м, ца дийцича ца волу со… И вайн геланчаш цигара буха ма бирззи, эвлайисте бевлча, цара герз кхуссур ду, цуьнан тата шаьш долчу дIахезча, Лакха-Варшан эвлайистехь вехачу вайн бусулба вашас герз кхуссур ду. ТIаккха Сюжарчу цхьана кхечо, тIаккха –

Вашандарарчу туркхо[60], тӀаккха – Борзехь волчо…Иштта, юьрто юьрте а кховдош, вайн эвлайистерчу гу тӀехь лаьттачаьрга схьакхочур бу и кхаъ…
– Говза дагадеана хӀума ду иза, – корта ластийра
Дабас.
Вуьйш баккхий нах, кху шиннан къамелан гӀо ца лоцуш, и шор ца деш (хӀинццалц шаьш и деш ма хиллара), тийна лаьттара, юьрта йисте бӀаьргаш а доьгӀна, я маьждиган кертахь гӀантийн метта цхьа агӀо шаръеш охьадехкинчу ханнаш тӀехь, даккхийчу гӀайракхан тӀулгаш тӀехь хевшина Ӏара, суьлхьанаш а хьийзош, вирдаш дохуш, юха доӀанаш деш, уьш дерзош юьхьах куьйгаш а хьоькхуш.
Малх делкъал тӀаьхьа керчина, ӀиндагӀаш дахдала дуьйладелира, амма тоьпан тата хезаш дацара.
– Ӏабдул-Ӏазим, юучух ца кхетча бохкуьйтур бац вайн геланчаш. Юха говраш хийца а еза, – ша-шега луьйш санна, гӀийлла элира Янарсас – Иштта хир ду иза, иштта хир ду иза, – кортош теӀадора баккхийчу наха.
Цо и къамел дина дуккха хан ялале, юьртан малхбалехьа болчу лекхачу гу тӀехь герз делира.
– Схьакхаьчна, схьаккхаьчна…– маьхьарий девлира адамашка.
– Схьа ца кхаьчна, хӀинцца Лаха-Варшара новкъа бевлла, – массарна а хазийта чӀоггӀа элира Янарсас.
Цуьнан дешнийн маьӀнех ца кхеттехь а, я кхетташехь, герз долуш хазаро, тахана хилахьарабохуш, шаьш сел чӀогӀа сатуьйсург кхочушхилар гергакхачаро шовкъе бина юьртахой маьждиган хьалхарчу майдана таттабелира – воккха а, жима а. Царна юккъехь – халла бен ког ца баккхалуш болу баккхий нах а, заьӀапнаш, а, доьзалхойх болу зударий а (уьш шайгарчу хьолах эхьбехк хеташ, кхечузударшна тӀехьа сецалора, къонахийн бӀаьргех ларлуш).
Энийн лазаро гӀодаюкъ дӀа а лаьцна, хьалагӀатталуш воцчу воккхачу стага Осмас ша говран салазахь валавайтинера. Шега хьал-де хатта улло гӀоьртинчу
Янарсе элира цо:
– Ма дош дац-кха хӀара, Яни, шу массо а ирахь лаьтташ ву, ткъа сан ницкъ бац…
– Хьан бехк болуш хӀумма а дац, Осма, цамгар а
Делера ю.

– Ма товш хIума дац хIара, – бIаьргаш хих дуьзира
Осмин.
– Нах, уьш хIинцца бен Лаха-Варшан эвлайисте кхаьчна а ца хилча, уьш кхуза схьакхачале мел лаххара ялх-ворхI сахьт хан ер ю. Цундела шайн гIуллакхашка хьовсуш, дIасадоха, – къамел дира Янарсас.
Иза вуткъа-лекха воккха стаг вара, хан-зама дIаяларх хийцавалар кIезга долуш, цкъа цхьана хенахь – шовзткъе иттех-кхузткъа шо кхаьчча, – шен хIоьттина суртсибат тахана дезткъе шиъ шо кхаьчча а ша ма-хиллара лаьтташ, цхьанаэшарехь вехаш. Цуьнан массо а хIуман тIехь: волаваларехь, вистхиларехь, дика-вуо тIеэцарехь
– цхьа шатайпана тем хаалора, хетарехь, зама а, цуьнан дегIаца хуьлу хийцамаш гIелбина, цунна мелла а сецнера, изза тем беш. Янарсин сибатехь, амалехь болу тем цуьнан кхетамехь хIоьттинчу хьолан сурт дара.
Шовзткъара ваьллачул тIаьхьа, бусулба динан Iилма
Iамош кIоргене мел гIоьрти а, дийнера де мел дели, жим-жима кхоллалуш кхоллабелира и синтем, тIаккха иза дегIатеме белира. Дабас шега цхьацца хаттарш дича, Янарс халла хаалуш велакъежара: цунна Дабехь цкъа мацахлера ша гора, иштта шеконечу ойланаша хьийзош волу; амма и шеконаш дIа а йохуш, иманан буха тIехь чIагIвала Iилма Iамо деза; цу буха тIе дIахIоьттича а ца тоьа, гуттар а къахьоьгуш ца хилахь, шен ойла а, кхетам а меттахь латтош.
Янарсина и некъ дIакхехьа гIо дора шайгара масал эца, синцIеналлин лакхенаш йохуш, бехаш нах Нохчийчохь хиларо. Цундела кхунна мелла а атта дара:
Iесаллин къаххашкахула некъ боккхуш, дIавоьдуш хIара хьалхарчех вацара, я шолгIачех а вацара, хIара, хетарехь, кхоалгIачех вара. Цундела кхунна атта а дара, масал эца, тIевахча дагавала стаг а волуш.
Къаьсттина
Янарсина тайнера Лаха-Варшара Iабдул-Iазиз. Шина баттахь цкъа – хIетий-ветий – говрахь кху Хьоча-юьртара охьаволий, цунах бIаьрг тоха воьдура хIара. IабдулIазиз волчохь кхуьнан ойла екхалора, дуьненах болу сингаттам дIаболура. Шен Iилма, шен хаарш Iорадаха ца гIерташ, царах дозалла деш ву-кх хIара боху ойла цхьаьннан а кхоллаяла йиш йоцуш, шега хьаттинчуьнга жоп луш амал яра Iабдул-Iазизан. Бакъду, рузбанан дийнахь маьждигехь (хIара, Янарс, воьдуш хилча, дукха хьолахь, пIераскан дийнахь воьдура Лаха-Варша,

рузбанан ламаз цигахь дан) хьехамаш бора Iабдул-Iазиза, боцца а, нахана кIорда ца бойтуш а.
Иза герггара вевзича, Янарс кхийтира цо нахана хьехам, маттаца бина ца Iаш, шен дерриге дахарца, дечу гIуллакхашца, лелочу гIиллакхашца беш хиларх. Цуьнца цхьаьна иза дуьненан хIуман тIехьшен юьртахошца воьзна а вацара, моллалла дIакхехьарал сов, цо шен бахам а лелабора: латта, даьхни, жа, цул сов кху ламанца хIинццалц Iаламат кIезга лелла хIума, – туьканахь махбар а юкъадаьккхинера цо.
Терзаозарехь, хIума юстарехь, даьхни Iалашдеш болчу Iуйшца йолчуюкъаметтигашкахь, нийсо еш, масал хилла вахар чIогIа хала хIума ду… Маттаца деккъа цхьа омрий, нехIий[61] дар ишта хала а дац, шен хьехам а, дахар а цхьатерра нисдар, Iилма Iаморехь а, дуьненан рицкъа лахарехь а нахана шегара масал эца йиш а йолуш кхиаме хилар санна. И тайпа дахаран кеп дIакхехьалур яц, ша эвлаяъ ца хилча.
Лаха-Варшара Iабдул-Iазиз нахана вирд хьоьхуш, шена тIаьхьамурдаш базош вацахь а, Далла Iамалъярца а, нахаца йолчуюкъаметтигашца а эвлаяан дарже кхаьчна аьлла ойла чIагIъеллера Янарсин ворхI-бархI шо хьалха дуьйна. Цундела шен ка ма елли, говрана нуьйр туьллий, Лаха-Варша воьдура иза. ХIокхуьнан сирчу говран, Харота-коьртехь гучу ма елли, тидам хуьлучу юьртахоша, дукха хьолахь луларчубераша кхаъ боккхуш хиллера Iабдул-Iазизе, Хьоча-юьртара хьенех вогIу олий.
ТIаккха Iабдул-Iазизан хIусамнанас Меднис
Сирадин болчунна (кхуьнан цIе гIиллакх лоцуш иштта йоккхура цо) биэза кхача кечбора – кIайчу демех чIепалгаш а, хингалш а…
Кхуо Iабдул-Iазизан хIусамехь дуьххьара кхаьллира шекарца кхехкийначу хьаьрсачу хьечийн кочалла. Иза кхунна тайнийла хуучу Меднис, гуттар а дIа а юьллий, латтайора, хIара веача, кхачанца цхьаьна хьалха а юьллуш.
Хьеший Iаламат дукха хилахь а, Iабдул-Iазизан хIусамехь Янарсина цкъа а ца хаалора ша тидам боцуш хIусамдас вуьтуш. Мелхо а ша волчу гонахарчу ярташкара а, лахенцара а баьхкина Iеламнах хилча, царна хIара вовзуьйтуш, Хьоча-юьртара хьенех ву хIара, Iилманах дика кхеташ а ву бохуш, шел иттех шо жима воллушехь, шайн гоне хIара хийшош, кхуьнга
Къуръанан сурат доьшуйтуш хьийзара.
«Иштта даггара стагана дика болх хила лууш, ойла цIена йолуш, массо хIуман тIехь а шегара эца масал долуш, ваха аьтто хир бац, цхьа Дала

дика дина воцчу стеган», – ойла йора Янарсас Лаха-Варша моссаза вогIу, Iабдул-Iазизан дехачу, доккхачу цIийнан малхбалехьарчу уча а хиъна Iаш. Иштта ойла кхуьнан нийссашо хьалха а хилира, Iабдул-Iазиз гIашХьаьжцIа ваха новкъавала дагахь ву аьлла хезна, цунна гучувала вахна Iаш, цо шега: «Янарс, хьо ХьаьжцIа ваха ойла сецна велахь, дуьненан хIума дац алий ма Iе, цу тIехь ас дакъалоцур ду хьуна, мацца а хьайн хилчхьана схьалур ахьа, кечам а бай, новкъавала, – суна накъост а хир ву», – аьлча, цунна дуьхьал Янарсас элира: «Дела реза хуьлда! Iабдул-Iазиз, со хIинца а кийча вац
ХьаьжцIа ваха, цу тIе – хьуна суначул а дика ма хаьа иза – цига воьдучо еш йолу харж а ша хьанал къа а хьегна даькхинчу рицкъанах хилча бакъахь ма ю».
Нохчийчуьра йоьдучу йоккхачу тобанах а кхетта, новкъабевлчхьана юха цIа кхаччалц, шен ламазан доIанаш тIехь Деле бийхира Янарсас Iабдул-Iазиз а, цуьнан накъостий а. Церан некъ кхетамехь суьрташца дуьхьал хIуьттура цунна, ша цаьрца волуш санна хоьтуьйтуш: уьш гIаш буьйлабелла гуьржийн махкахула дIабоьлхуш, юха хIордакеманашца Iаьржа-хIорд хадийна, Хонкара буьссуш, цигара дIа гIаш а, эмкалшца а масийтта мехкийн дозанаш хедош.
Уьш цIа кхаьчна аьлла ма хеззи, говрана нуьйр а тиллина, хаьхккина Лаха-Варша вахана хIара дIакхаьчча – хетарехь, иза доьалгIа де дара, – цецвелира Iабдул-Iазизан керта таттаделлачу адаман дукхаллех.
Баккхий нах, кегий нах, зударий, бераш – массарна а лаьара, езачуМаккахь а хилла, цIа веанчу хьажочунна маракхета, куьг лаца, цуьнан къамеле ладогIа,
Делан элча – IалайхIи салат ва салам – леллачу, цо дин кхайкхийнчу, Дала цунна тIе Джабраил-маликехула шен дош доссийнчу, юха иза дIавоьллинчу меттигийн шатайпа хIуо цуьнгара хаадала…
Нахана юккъехь кхунах бIаьрг ма кхийтти, IабдулIазиз вистхилира:
– Марша вогIийла, Янарс! Схьа тIеваийта Янарс!
Генара веана хьаша ву иза. Схьа тIеваийта.
И буьйса Iабдул-Iазиза а, Янарсас а, кхин масех стага а Далла Iамал еш яьккхира, пенашца жайнех доьттина тIегIанаш лаьттачу цIийна чохь.
Наг-наггахь IабдулIазиза Маккахь, Мединатахь шена гинарш дуьйцура, ткъа ладоьгIучеран дегнашна боккха там хилар гора церан серладовлучу бIаьргех, наггахь уьш, тIанкьолий дузий, тIехдогIура, хиш яххьаш тIехула охьа а оьхуш.

Уьш дуьххьалдIа ладоьгIна ца Iара Iабдул-Iазизе, уьш шайн ойланца а, сица а цигахь бара, Делан Элча –
Делан салам хуьлда цунна – хьийзинчу меттигашкахула буьйлабелла лелаш.
Кхин набаран суй ца беш, Iуьйра-ламазан хан а хилира. Цкъа хьалха суннат, юха парз ламазаш а дина, вирдаш даьхна, доIанаш дина хIорш бовлале арахь дикка садаьржира.
Iабдул-Iазиза кхунна Маккара деана воккхачу имаман ШафиIин жайна а, суьлхьанаш а делира.
СовгIаташ дIаэцна дIавоьдучуЯнарсин тIехь бIаьрг сецира пенан лаккхахь тоьхначууьн тIехь Iуьллучу, хаза кечйина мужалташ йолчу Къуръанан. Иза Маккара
Iабдул-Iазиза деана, тежвидца[62] йоза нисдина, Iусманан зорбанехь арахецна Къуръан дара. И тайпа зорба долу
Къуръан Нохчийчохь наггахь бен дацара, молланашкахь гIезалоша Казанехь зорбатоьхнарш я Суьйлимахкарчу Iеламнаха куьйга схьаяздина жузаш[63] дара.
– Янарс, и Къуръан кхоъ бен дан аьтто ца белира вайн. Царах цхьаъМартантIерчу устазна, важа ЛакхаВаршарчу моллина делла, хIокхунах цхьаьний пайдаоьцур бу вай, – элира кхуьнан тидам бинчу IабдулIазиза.
– Дела реза хуьлда! Дала хьаж къобалдойла! Iодика йойла, – шен говран юьхь а лаьцна, кех велира Янарс.
ХIетахь дуьйна ши бутт сов хан а яьлла, аьхке гуьйрено хуьйцуш. Малх делкъал тIаьхьенга керчина сахьт сов хан а елира, момсар тIе а ваьлла, Янарсин цхьана мутаIеламо ламазе а кхайкхина, нах маьждига чу а бахара.
Ламаз а дина, уьш цу чуьра арабевлча, малх кхин а лахбеллера йоьза бос эцначу аьрцнаш тIе. Дийнан йовхо хуьйцуш мелла а шийло мох а белира, оцу мохо дитташ тIера можа-цIен гIаш цхьа атта, цкъа а уьш диттех доьзна а хиллий теша аьлла хоьтуьйтуш, охьаэгадора, дийнна жаззашца[64]. ХIара шара чохь цкъа бен ца догIу де а, буйса а дара – хьаннаш чIанайовлу дебуьйса. ХIара де а, тIейогIу буьйса а дIа а яьлла, кхана
Iуьйранна арабевлча, нахана тIехь духар доцуш, Iаьржа гур ю хьаннаш, иза гергахь долчу Iаьнан шина басах цхьаъ бу. Iаьнан ши бос бен бац:

кIаййий, Iаьржий.
Iаьржаниг кханнехь Iорабер бу, кIайниг тIаьхьо кхочур, цу шимма йойур ю Iаламан ерриге а бес-бесаралла.
Тахана тIаьххьара дашо-цIен бос бу гонаха массанхьа гуш, кхидерш къардешбогуш, чубуза лахбеллачу маьлхан можачу серлоно кхитIе а марсабохушбаржабо иза, цуьнца дерриге Iалам а дузуш.
Некъашца долчу дитташ бухахула дIаоьхучу бежнийн, уьстагIийн баккъаш тIе оьгуш, царна тIера шершший лаьтта дуьйшура гIаш а, маьлхан зIаьнарш а, наггахь охьакхевдий, хьайбанаша це а тухура оцу можачу хазаллех, амма ца дуура: лепаш делахь а, чомехь долчух тера дацара диттех къаьсташ лаьтта эгна гIаш, къастаран къахьоно къахьбинчух тера дара церан чам.
Хьайбанаша тIе когаш беттара гIашна.
Мохца цхьаьна гуьйренан таме хьожанаш а яьржира гонаха – хиллачу кхорийн, Iежийн, ношлучу хьайбанийн, лаьттах а бетталуш бухучу Iаьржачу хьечийн, тилош, дуо чуюхкучу хьаьжкIийн хьожанаш.
Малх чу а буьзна, мелла а шелъяла йолаелира.
МутаIелам маьркIажан ламазе а кхайкхира, ламаз дIа а дерзийна, нах юха а маьждиган уьйтIа бевлча, аьрцнел дикка лакха а даьлла, чаррал доккха беттаса гора, гуьйренан оццу можачу басца лепаш.
Ялх сахьт тIех а даьлла, ворхIалгIа сахьт дара доьдуш, кхарна эвлайистехь герз долуш хезча. ХIетахь дуьйна кхумаьждиг хьалха гулбелла нах массо а – жима а, воккха а – когаш тIе охьа ца лахлуш, ирахь лаьттара, ламазаш деш йоккху хан ца лерича.
Оццул беза а, лараме а бара царна геланчаша кхуза бан беза кхаъ. Цхьа Осма вара говра-салаз тIехь лаамза хиъна Iаш, ша иштта гайта гIорасиз хилар чIогIа
Iеткъаш, хорамо легаш дIа а лаьцна.
Зама пхьуьйре лестира. Аьрцнаш тIехьара схьахахкаелла стиглан Iома тIехула шершина йогIубеттан экъа дикка лаккхахь гора.
ГIаш буса а эгаш дара, хаддаза, шаьш тIаьхьадисарна кхоьруш санна, вовшех а тийсалуш. ГIаш эгаран
«шашш» лаьттара хIаваэхь, Делан цIераш йохучу нехан шабаршца а ийна.
ЦIеххьана Iаламехь хIоьттина тем морцуш, эвлайистехь герз делира.
– Схьакхаьчна, схьакхаьчна, – маьхьарий девлира нахе, дукха хан ялале, шаьш тIехь Iен говраш хаьхккина вогIу кхо бере велира гучу.

Дошлойн деха Іаьржа
ІиндагІаш царал а хьалха догІура.
Майдана юккъехь дой а совцийна, лаьтта воьссира кхо бере, гулбеллачеран буьйса декъал а еш.
Царах цхьамма шен накъостан букъа тІехь кхозучу тІоьрмиг чуьра деакІов цхьа гІутакх схьаийцира. Беттасехь а къестара цу тІе хьарчийнчу кІадин кІайн бос.
– Схьакхечи вайн веза хьаша. БисмиллахІиррохьманиррохьийм, – багахь, маьждиган хьалхара масех тІегІа лаха ваьлла, берeчунна дуьхьал вахара Янарса, цо дІакховдийнчу шина куьйга диллира шен карара кІайчушаршунаюккъера гІутакх.
– Нах, схьакхечи вай долчу Маккара деана Делан деза дош Къуръан! ХІара тежвидан бакъонаш ларъеш,
Іусманан зорбанехь арахецна ду. Къуръан вайн юьрта дуьххьара кхечи, тховса. Дала кхуьнца цхьаьна шен къинхетам боссабойла кху юьрта тІе!
– Аминь! Аминь! АлхьамдулиллахІ, Дела, хьуна бу хастам! – маьхьарий, белхарш девлира майданахь.
Янарс Къуръан а карахь маьждиган уча велира юха а. Цигахь ламин лакхарчу тІегІан тІе дІа а хІоьттина,
Къуръан дІадиллира цо. Шина мутаІеламо беана ши стогар лецира аьрруй, аьттуй агІор, серло Къуръанан йозанна тІекхоьтуьйтуш.
Янарсас цкъа хьалха фатихьат дийшира, юха керла сурат долийра:
– БисмиллахІиррохьманиррохьийм! Алиф, лам, мийм!
Янарсин дуткъа чІогІа аз генна дІадаьржира, ламанца беттан серло а, гІаш эгаран «шашш» санна, шатайпанчу мукъамехь, шовданийн лешарш а къардеш. Цуьнга ладоьгІуш, шен-шен ойланаш еш, бІаьргаш тІе а дехкина лаьттара майданара адам а.
Сурат юккъе долуш, шен коьрта чохь, и экккхийта гІерташ санна, дуьхь-дуьхьал идда тулгІенаш дІа а тийна, шега цхьа тамашийна синтем буссуш хааделира
Дабина. Цунна шен кхетам, декхначу дийнахь Іоман хин экъа санна, хьаьъна хийтира.
Ша волччохь гІийла дІасатехкаш, бІаьрхийн татолаш хаддаза охьаоьхуш, говр-салаз тІехь хиъна Іара
Осма а.

ХIоранна а бораЯнарсас доьшучу сурато тIеIаткъам, хIора а вара сица гулвелла, Делан къинхетаме сатесна.
Янарс сурат дешна ваьлча а, цхьа а меттах ца волуш, я вист ца хуьлуш, тийналла хIоьттира.
– Нах!Пхьуьйра-ламазан хан ю герга гIерташ!Шайн ламазна кечам бе. Дала шен дуьхьа дойла, хIара новкъа даьлча дуьйна, кхуьнан сий деш, ирахь лаьтташ аш хьегна къа.
– Амин!Амин! Дела реза хуьлда хьуна, – гIовгIанаш евлира майданахь, адам меттахъхьайра.
Эццахь и гIовгIанаш къаръеш, чIогIа мохь бийкира:
– Яни! Яни!
Имохь хьоькхург Осма вара. Массо а цуьнгахьа хьаьвсира. Иза говр-салазна тIехь гор хIоьттина лаьттара.
– Яни! Со хьалагIаттало! Со оццул хьалагIаттало, со… – бIаьрхишна юккъехула вела а къежаш, бохура
Осмас.
– АлхьамдулиллахI, Делан къинхетам боккха бу-кх, – тIе а вахна, цуьнан куьг шен шина куьйгаца схьалецира Янарсас.
Осмина тIегулбелира нах, Далла хастам беш, цунна гIоле хилла хазахеташ.
– Нах, пхьуьйра ламаз динчул тIаьхьа, Къуръан а доьшуш, Далла Iамал еш, хIара буьйса дIахьур ю вай, – элира Янарсас.
– Бакъахьа хир ду! Бакъахьа хир ду! – хазахетаран маьхьарий девлира.
Нах, Янарс хьалха а волуш, маьждиг чу бахара, зударий, бераш дIадахара. Маьждигна хьалхарчу майданахь доккхачу беттасин бухахь салазна йоьжна говр а, цу салаз тIехь хаддаза воьлхуОсма а, цуьнан цхьайтта шо кхаьчна кIант а висира. КIентан жимчу дагна цкъа чIогIа цхьалха хийтира шаьш кхоъ – ша а, шен дада а, шайн къена говр а. Дуьрста озарца, говр а йолаялийтина, шен деца нийсса воьлхуш цIехьа воьдура иза, маьждиган доккхачу IиндагIна юххехула ваьлла, наггахь, корта ойий, геннахь екхначу анайистехь гучу лаьмнийн кIайчу баххьашка бIаьрг а бетташ, цхьаллех кIелхьарвала сихвелла, шайга хьуьйсуш гергара синош долчу жимчу хIусаме, шен, дадин хазахетар, шайна кхузахь гинарг цаьрца декъа.

# МОХЕХЬ БОГУ ЧИРКХ А…

**Мохехь богу чикрх а…**[65]

Ахтобус цхьанаэшшарехь йоьдура, доккха догӀучу лайлахула, хьалхарчу корийн куьзганаш луьстта тӀедетталучу лайн чимех низамехь дӀасалелачу «нораша» цӀандора; церан гӀовгӀа, болх бечу моторанчух уьйш, цхьа шатайпа мукъам кхоллалора, гӀийла а, тем беш а.
Ахтобус чуьрчу нахах дуккхахберш набарна хьегӀаш, я цхьацца ойланаш еш дӀатийна Ӏара. Царах къаьстара цхьа къона зуда. Корехьа корта дӀа а берзийна, хӀара автобус новкъаяьлча дуьйна, хаддаза йоьлхуш йогӀура иза, шен бӀаьрхиш кест-кеста йовлакхца дӀа а дохуш. Ша елха йолаялале, юханехьа а хьаьжна, ахтобус чухула бӀаьрг кхарстийра, цхьа шена вевзарг лоьхуш санна. Хьем ца беш дӀайирзира – вевзашверг карийначух тера дацара.
ХӀетахь тидам хилира Ашмин цуьнан бӀаьргаш дакккхий, таьӀна-сийна я баьццара хиларан, бос дика ца къаьстара, кхуьнан хьажар тоса а делла, цо корта дӀаберзийра.
Цуьнан хьажар тидира кхуо ойланехь: нохчо ю, мухӀажар, тӀамо махках яьккхина хьийзаш. МухӀажаран хьажар къаьста вукхарачех. Дуьненан муьлххачу маьӀЕхь хиларх, мухӀажар – мухӀажар ву, цӀийнах, цӀарах воьхнарг, махках ваьлларг…Цуьнан дагахь дерг хуур дац, ша мухӀажар ца хилча, хиллачунна хуур ду; цуьнан дагчохь есалла ю, мохаша лоькхуйист йоцу еса аре; хӀан-хӀа, яц иза малхо еттина гӀамаран аре; иза йист йоцу, шаша, лайша хьулйина, цкъа а гӀура яста ца лун аре ю.
Кхунна, Ашмина, оцу аренан шело хӀетахь, итт шо хьалхехь хааелира. ХӀара хӀетахь дуьненахь цхьаъ бен доцчу нохчийн газетехь болх беш вара, литературех, культурех, гӀиллакхех, оьздангаллех статьяш язъеш, цхьана гергарчу нехан петарехь Ӏаш. Кхунна кхин хӀумма аца оьшура, арахь дахар иштта дӀалальттичхьана, хӀора Ӏуьйранна «Зорбанан цӀийне» балха а воьдуш, цӀа а вогӀуш, цӀахь ша кечбина кхача а бууш, хиндолчу дахаран хьесапаш а деш.
Амма дерриг а цхьана дийнахь хийцаделира, хӀинццалц лаьттина, гуттаренна а аьлла хӀоьттина хетта низам а, духуш, лелхаш дӀадоьдура; кхуьнан дуккхачу а накъосташна оцу дахаран меттахъхьерехь диканиг, керланиг гора, кхунах бехкаш а дохура, хьо цкъа а партехь хилла а

вацара, хIетте а цаьргахьа узуш ву хьо, бохуш. Цхьана дийнахь балхара цIа вогIуш, Ленинан хIолламах аьчган муш а тесна – доккха хIума дара-кх и эгIаза хенаро стаг, тIехьаьжча могашалла дика цахилар гушволуи стаг, шен ницкъаца тасавелла, гезаг санна, цу хIолламна буьххье тIевалар, и мушЛенинан коьртах дIатаса, – хIаъ, и хIоллам «Камазца» озийна чутоьхча, кхуо шена уллохь лаьттачу шен накъосташка:
«ХIара акхаралла ю», – аьлла бохуш, кхунах, лаахь а, ца лаахь а, «компартин верас» вира. Цунах бехкаш дахар кхин а чIагIделира: дага ца догIу хьуна, ахь нохчийн Iер-дахарх лаьцна, хи тIехь йина хьер а, ламаройн дахарехь говро лелийна маьIна а, бIаьвнийн, гIаланийн шатайпана архитектура а юьйцуш, статьяш язйича, хьо цара хьийзийна? Иза а, массо хIума а кхунна дагадогIура, амма кхуьнан даго хьоьхура хIокху нехан карзахаллабахьнехь боккха бохам хирг хилар. ХIара цунах, шеко ца юьсуш, тийшира, цхьана суьйранна митингашкахь човсалла деш волу шиъ: хIинццалц парте вала гIерташ, Марксан, Энгельсан, Ленинан йозанаш Iамош, вижар а уьш гIевланга а дохкуш хуьлучу культуран цIийнан белхалочо а, календара тIера цхьа а цIен терахь тIех ца туьлуьйтуш, байташ язъеш гIараваьллачу йозанхочо а махкахь а бевзаш болу нах емалбеш, дуьненахь а нуьцкъалчу пачхьалкхана кхерамаш туьйсуш, майра къамел дича. Тамашийна уьш майрабовлар а дацара, тамашийна нохчаша хIинццалц лерина лардина юкъаметтигийн, вовшашка олучу дешан дозанаш цара цхьа атта, юхахьажар доцуш дохадар дара. И шиъ телевиденера ара а валале, хааелира
Ашмина осаллин, хIуъу магийнчу нехан осаллин шело…ТIаккха цара тайп-тайпана гIишлош схьалийцира…Царалахь царна уггар а чIогIа тайнарг радион цIа дара…Радиочухула дийнахь а, буса а лоькхуш цхьа йиш яра:
Шийла, шийла
Мох бу хьоькхуш…
Кхин эшарш а хилла-м хир яра хIетахь цу чухула екаш, кхин къамелаш а хилла хир ду, амма кхуьнан кхетамехь иза йисина:
Шийла, шийла
Мох бу хьоькхуш…
Барга, барга, барга, барг…
Iуьйранна а, делкъанна а, маьркIажехь а, Iуьйкъехь а, сатосуш а:

Шийла, шийла…
ХӀинца кхуьнан кийрахь гӀаьттина, гуттар а хьоькху мох хилла-кх цара лоькхург…
Ахтобусан чехкалла, цхьана юьрта йисте кхаьчча, мелла а гӀелйира шопаро. Де суьйренга лестинера, ло хӀинца а догӀуш дара. Юьртан урамашкахь цхьацца дезарш деш нах а, хи мала аралаьхкина бежнаш а гора.
Социйлехь лаьтташ цхьа стаг вара, ахтобусна куьг уьйуш. Цунна хьалха масех яшка лаьттара, цӀечу жӀаран къинхетам чохь болуш. Ахтобус сацийра, и стаг яьшканашцца цхьаьна хьалавелира.
– Ай, нохчий, ма дукха хиннад шо, – элира хьалхарчу гӀанта тӀехь Ӏачу цхьана воккхачу стага, ша аьллачух вела а луш. – Окхузахь а шо да, Шолжа-гӀалахь шо да, Москве а шо да, загарнице шо да…Шо-м китайцаш мо дукха хиннад.
МухӀажар, цунна дуьхьал вист а ца хуьлуш, шена цхьана жимчу стага еллачу метте охьахиира, дуьненан юкъара сагӀа чохь долу яьшканашшена хьалха дӀа а нисъеш.
Воккхачу стеган бегашан гӀо цхьамма а ца лецира, уьш кху чохь хӀоьттинчу сингаттаме-таьӀначу хьолехь цхьа богӀуш бацара. Цунах-м ша а кхеттачух тера дара воккха стаг, сихха киснара хьаладаьхна суьлхьанаш хьийзо велира иза.
Ткъа корехь Ӏен къона зуда-м йоьлхура, кест-кеста бӀаьрхиш дӀа а дохий, шен карарчубере а хьожуш.
Ашми юха а ойланашка велира.
…Шийла, шийла мох бу хьоькхуш…
ХӀаъ, и йиш а лоькхуш, массо а керташ, дозанаш, бехкамаш дохош чухахкаделла адамаш, карзахалла йоьссина хьийзара, шайн дагахь доцурш дуьйцуш, дан йиш йоцурш кхайкхош, урамашкахь еш кхехкош, жижигаш дууш, хьарам-хьанал ца къестош, дезадерг дайдеш, сийлахьдерг сийсаздеш, шайн бежнаш, уьстагӀий тесна а дитина, гӀалахула даьхни санна буьйлабелла лелаш, къуйша хьехарш деш, тиллачара – дарбанаш, берстина зударий барзах угӀуш, озанаш – тӀемалой хила дӀаязлуш, котамаш нӀаьнехкхойкхуш, цицигашжӀаьлех леташ, говраш вирах Ӏоьхуш, варраша цӀингаш бетташ
– массо хӀума карзахдаьлла, цхьа хӀума хьаьхча санна хьийзара. Ткъа хьаьхнарг тӀом хиллера. ТӀом жигаралла йоьссинчу къанбеллачу наха

ма бийццара атта бацара, хала бара, къиза бара, гIаланашна, ярташна тIе бомбанаш а етташ.
ХIара, Ашми, шен гIалин йистехь долчу цIа чуьра ара ца волуш, дикка Iийра: ас цхьанна а дина хIума а дац, цундела суна цхьа а тайпа кхерам а бац. Амма цхьана дийнахь шайн урамехь, кемано тоьхначу ракетан гериг а кхетта, кхеран лулара цхьа йоккха стаг – гуттар а цхьа цIен боккха етт бажош, лелаш хуьлура иза, цунах йолу шура а юхкуш, хене йолуш, – йийча, тIамо бехкеверг а, воцург а къестош цахиларх кхийтира: цу саьрмикна муьлхха а бен а вацара, шена дIакхалла ижу хилчахьана.
ХIара ламчу вахара, ша винчу, кхиинчу юьрта. Цигахь цкъа мацах шен деда чохь Iийна цIенош цIан а дина, вехира пхеа баттахь, лахенгара хьаладогIучу кемано юьрта йисте бомба моссаза туху, хIинца-м дIаделира хIара бохуш. Делахь а юьрта хьалавеана дика дара, уллохь нана а, гергарнаш а бара, цара кхуьнан дог оьцура, кхуо – церан; хIорш вовшийн гIортораш яра; ткъа гIалахь хIун хир ду хьанна хаьа?
Ламчу веана пхи бутт баьлча, бIаьстенан юьххьехь, юьртахой шайн керташохкуш, дIаюьйшбохкучухенахь, кема хьаладаьлча уьйтIахь даьхначу оьрнаш чу а лечкъаш, – лармеш яцара ламаройн, уьш цкъа а шайна оьшур ю аьлла а ца хеттера – хIаъ, оцу хенахь, ламан басеш сенлучу хенахь, дуьххьарлера можий, сирласийний зезагаш гучудуьйлучу хенахь, хIара, шен салпал машен тIе а йоьттина, гIала ван новкъавелира.
ГIалахь хIун ду а ца хаьара, юьртахь буьсучарна са а гатлора, коьрта чохь ойла а хьийзара: «Пачхьалкхан цIарах оцу пачхьалкхан гражданашна тIе бомбанаш етташ хилча, бехке верг-воцург ца къестош, кхетачунна кхетар-кха бохуш, дуьне а, адам а хийцаделла, кхечу тIегIане даьлла, «вуой-дикий», «къизалла-къинхетам» бохукъастам боцчу тIегIане. Ииштта хилархxIара кхин а чIогIа тийшира, цхьана блок-постехь, дуккха а
IаьIна адам а гина – хIара санна, лаьмнашкара шайн хIусмашка охьататтабелла гIалин бахархой бара уьш, – хIокхуо хаттарш дарх: «ХIунда сецабо нах?» – бохуш, царна дуьхьал жоп луш стаг а ца хаавелла, хьаькхина салташна тIе а вахна, шен киснара цIен бос болу билет хьала а даькхина: «Я член Союза журналистов СССР…»[66] – кхуьнан багах доллушехь, хIара кхин дIа вист ца хуьлуьйтуш, хьаж къовлуш «чухта» йихкинчу цхьана салтичо автомат

дIаса а тоьхна, «Да хоть космонавтом будь! Мне все равно! Вон!»[67] – аьлла, ша юхачовхийча.
ХIаъ, СССР а дIаяьллера, дуьне а хийцаделлера.
ТIаккха гIала гира, юкъ ерриге а йохийна, йистош аьтта, жимчохь лелла меттигаш ца йовззал эрчайохуш, тIекIел тоьхна, дохийначуцIенойх йисна кIуьрзах юьзна туьнкалгаш… Делахь а адам цхьана юкъана тIахъаьлла хьийзара, баланаш а, бохамаш а гуттаренна а дIабевлла моьттуш. ГIалийн юккъерчу херцаршна тIе кIайн кехат уьйзира, гонах хаза керташ йира Туркойн махкарчуфирманаша, цу керташ тIе шайн хьаьркаш а хIиттош. Адамашкахь синъайам бара, хIума цIиндан, нисдан, кхион. Амма и зулам хIетта бен долалуш а ца хиллера, и хууш вацара хIара а, телевидене балха а хIоьттина, нохчийн къоман оьзда гIиллакхаш гIелдалар а, уьш меттахIитто дезаш хилар а дуьйцуш, программаш еш хьийзаш волу, ца хаьара иза даккхий сийна бIаьргаш, хьаьрса месаш йолчу цхьана йоIана а. Цо оьрсийн маттахь «Соьлжа-ГIала» цIе йолу передача йора, нохчийн коьртачушахьаран сирла хиндерг дуьйцуш, оцухиндолчун зIийдигаш гIалин хьакхлагIашкахь карош.
ХIара шиъ ший а хиндолчух тешарца гергара хилла а ца Iара, кхунна, Ашмина, цуьнан даккхий сийна бIаьргаш а хазахетара; уьшцхьа тамашийна сийна дара, бIаьстенан юьххьехь гучудовлу зезагаш санна. Церан тидам кхуьнан цхьаьннан хилла а ца Iара. Уьш дукха бара. Амма цо хIара къастийра. Цуьнан бахьна, хIара шиъ цхьаьна цкъа видеосуьрташ дохуш Веданан районехь долуш, дуьхьалбевлла талорхой кхарах йийсар дан гIоьртича, кхуо хаьн тIехь кхозу граната схьа а лаьцна, чIагарх пIелг тесна дIа а гайтина, хIорш оцу кхерамах кIелхьарбовлар хила а тарлора.
Я лам чуьра адам охьа ца долуьйтуш, некъаш дихкина, хаддаза хьалахоьхкучу кеманаша, стигал санна, дегнаш а этIош, ламчуьрчу шайн гергарчу нахана сагатдеш нах бIарзбелла хьаьвзича, Элима юххе а яьккхина (цуьнан ненанана а яра ломахь, цхьана жимчу кIотарахь), хIара хьаькимийн наьIаршка хIуьттуш, цаьрга дехарш, дIахьедарш деш, хаза, тIаккха кIоршаме дуьйцуш, Москох Ельцине: «…если Чечня субъект
России, обеспечьте право на жизнь своих граждан»[68], – бохуш, телеграммаш язъеш, бIаьрга сара кхетча санна хьийзар хила а тарлора Элимина тайнарг. Я иштта уьдуш кIира даьлча, дуьненаюкъарчу

организацийн гIоьнца хьаннаш юккъехула богIу некъ а белла, лам чуьрчу нахе охьадовла ала хIара шиъ цхьаьна дахар а, хIорш дIакхаьчча еттачу бомбанаша гIаддайина нах дуьхьал уьдуш, боьлхуш, хIара шиъ орцахбевлла эвлаяаш хеташ, карзахе хьаьвзича, церан дог оьцуш, массаьрга дIаала бохуш, кхуо доцца дина къамел хила а тарлора, кхунна хетарехь, Элимин ойла хийцинарг.
Цу дийнахь хьуьна юккъехула богIучу, тракторш лелачу новкъахула машенаш охьаюьйлаелча (дика дара догIа деана ца хилла, догIа деана хиллехь, боккха хатт хир бара, чкъург дIа ца корчуьйтуш), ченан кIуьрлахь хIумма а ца гуш, машенаш вовшашна тIетта а еттаелла, царах цхьаъ бердах а яхана, нах лазийча, кхуо ша охьа а ваьлла, редакцин машен и лазийнарш охьабаха дIаялар хила а мегара Элимас иштта къастам баран бахьна. (ХIетахь цхьа тамашийна хьаьжира иза кхуьнга, цецъюьйлуш а, йоккхаеш а.)
Амма цу тIехь хIара галваьлла хиллера, вовшахкхетта цхьа шо зама яьлча, цо ша дийцира шен сацаман бахьна: «ТIехьаьжча со иштта самукъане адам хетахь а, дагчохь сан гIайгIа яра, сингаттам, къеначу ден-ненан цхьаъ бен йоцчу сайн хIун кхоллам хир бу-техьа бохуш, хIокхукъизачудахарехь ас хIун лелор; хьуна иза тосаделлачух тера дара, хьоьгахь къинхетам гира суна, цу сан бIаьрзделлачу сина гIортор хилла дIахIотта».
Кхуо цунна дуьхьал элира: «Суна хIумма а тоса а ца деллера, суна и хьан сийна даккхий бIаьргаш, аьлча а и ши къоьзан-Iам гичахьана тоьара, уьш сайн долабаха лаам кхоллабелира, дегайовхо кIезга хиллехь а…»
«– Цкъа цхьана дийнахь ахь ала а ма элира, Iаьржа куьзганаш хIунда ца леладо ахь, куьзганаш товр дара хьоьгахь…Ахь и хIунда аьлла техьа бохуш, дукха ойланаш йира ас».
«– ХIунда аьллерий? Оцу хьан бIаьргийн шина Iома чохь тайп-тайпанчу нехан суьрташ ца лийчийта…
Суна уьш сайнна дезара…» Иза цул тIаьхьа йийлира:
«Суна-м дагахь а дацара хьо иштта ву бохург…»
Иза хIинца яц, кхунна моьттура цуьнчух тера бIаьргаш цхьаьннан а хила йиш а яц. Кхунна тахханалц гина-м дацара, тахана ги-кха.
И тайпа бIаьргаш долу зуда кху ахтобус чохь, кхунна хьалхарчу гIантахь Iара, хаддаза йоьлхуш, кест-кеста набарх делакъежачушен бере а хьоьжуш. Кхуьнан дагчохь боккха лаам гIоттура цуьнга

вистхила, тӀекера вала, цуьнан догъэца, бала байбан. Амма и кхуо ца дира, кхуьнан орца цо тӀе муха оьцу а, чуьрчунаха муха туьду а ца хаьара… ХӀара юха а ойланашка вахара.
ХӀара Элима а ялийна, гӀали йистехь ах доьхна цӀа а эцна доррах, иза гергарчу нехан гӀоьнца та а дина, ваха хиъна ши бутт а балале, юха а Соьлжа-гӀалин кхоллам керчира. Шахьар чубаьхкинчунохчийн тӀемалоша дӀалецира, федералаша бомбанаш еттара нехан хӀусамаш тӀе, минаш а кхуьйсура, къастам боцуш; ткъа чубаьхкинарш цу кхийсарех бухабевр болуш бацара, уьш катоьхна шайн туш а, набахти а дӀа а йиллина,
«гӀазкхашна бохкабелла нах» схьа а лоьцуш, царна сихонца таӀзарш деш бара, тӀаьхьабисарна кхоьруш санна. ХӀара, Ашми а, кхуьнан хӀусамнана а царах хуьлура, телевиденехь болх бина долу. Цундела кхунах доглозучу лулахочо («хӀун ду, мила ду хьажа», кест-кеста гӀали юккъе воьдура иза, кхара массара а ма гӀуо боххушехь; оцу тӀамехь цунна хӀумма а ца хилира, шолгӀа тӀом баьлча хилира – мини тӀехь иккхинера), – хӀаъ, оцулулахочо дӀадалахьарашуьшиъ кхузара элира, шуна цара цхьаъ дахь а, тхуна а, тхо санначарна а лан хала хир ду. «Са ма гатде, ойла йина, цхьаъ дийр ду охашимма…» – «ТӀаьхьа ма дисахьара, тӀаьхьа ма дисахьара шуьшиъ…» – цхьа гӀийла корта ластийра ӀабдулГӀапура, тӀехьа ши куьг а дуьллуш.
Ашмина цхьана маьӀаргонна иза тезетахь лаьттачу стагах тарвелира, тезет а хӀоьттира дуьхьал, кхоьлинчу адамех лаьтташ кхуьнан шен тезет. ХӀара дикка кхеравеллера оцу суьртех, бӀарлагӀа елахь а, хӀун хаьа и цхьа хаам хуьлий? Иза оцу дийнахь новкъавелира шен хӀусамненаца цхьаьна, Ӏабдул-ГӀапура Суьйра-коьрта буьххье хьаладаькkхира и шиъ, шен тишчумашенахь – иза цигахь, бензин дӀа а даьлла, сецира. Ӏабдул-ГӀапура цушинга катоххий гӀаш дӀагӀуо элира, ашшимма шена дан гӀо дац, кӀелхьардала, эцца Дикалу юьрта охьадоссий, дӀагӀо.
ХӀокхушимма дира цо бохург, гӀаш дӀадахара, доьдуш, йохийна йолчушина машен тӀе а кхечира – «Камаз», «Уазик»…Машенаш хӀинца а кӀуртуьйсуш яра, яьгна йовлуш…Виъ вийнера, пхиъ лазийнера… Белларш а, лазийнарш а дӀабаьхьнера.
Машенаш ченала чуоьхура, уьшала санна, дӀа ца яхалуш, гӀовгӀа еш, цхьана меттехь етталуш, тӀаккха уьш гӀашлойл гӀийла хетара. Цара ден

«гIигI» ца лалуш, гIашлоша тоьттуш, дIайолайолуьйтура уьш, меттиг хилча гIаш богIучехцхьацца-шишша машен чухуура…
Амма цунах гIашлой жим ца лора, уьш дукха бара.
ТIехула кеманаш хьаьвзича, уьш оьрнаш чу а, коьллаш юккъе а охьаоьгура, ткъа машенаш-м шаьш ма-йоьлххура, ца совцуш, кхидIа а йоьлхура; царна кхерам боккхохбара вукхарначул, уьш кеманашна ма-ярра гушяра, цхьа а дуьхьало йоцуш…
Ашми вевзинчу цхьана шопаро шен адамех йоьттина йолу ахтобус сацийра: «Шаьшшиъ хаалахь, чухаа», – аларца наьIарш а йоьллуш.
Амма кхуо, дIагIо аьлла, сихха куьг ластийра. Машен ченийн кIуьрахула дIаяхара, хIинца хIара ахтобус лайлахула санна.
Ойланех юкъахволуш, цо юха а тергалйира и корехь Iен зуда а, цуьнан бер а… Цхьа тамашийна ойла кхоллаелира цуьнан, яханчу хенан марзо а, шатайпаналла а хааелла шен доллучу сица а, дегIаца а. Иза хьаьгира цу заманах, и ойланца юха а дIавахара цига.
ХIан-хIа, иза оцу заманах ца хьоьгура, иза шен, Элимин хиллачу юкъаметтигех хьаьгира, церан марзо хааеллера цунна… Зама-м хIетахьлера хала а, тамашийна а, беламе а, къиза а яра – цхьа вон гIан-набарш санна, массо а хIума кегаделла. И зама дIайоьдура, даккхий къамелаш деш, хаддаза шатлакхан дешнаш бохуш, берстинчу зударша котбевллачарна назманаш а, артисташа иллеш а дохуш, ткъа турпалхой цул тIаьхьа кхин а чIогIа майрабуьйлуш, дуьненна а чугIерташ, массо а юьртахь тIамехь беллачарна еха биргIанаш-хIолламаш буьйгIуш, сагIанаш дохуш, ловзарш хIиттош, адамаш лечкъош, мах боккхуш уьш юхадухкуш, нахана майданашкахь тоьпаш а етташ, цунах гулбеллачеран чIогIа самукъа а долуш, жуьгтиша ахча а делла йиллинчу телевиденехула жуьгташкара Иерусалим схьайоккхур ю бохуш иллеш а детташ, гIеранаша мехкадаьттанах а, нахах а, нехан бахамех ка а етташ, хьанал рицкъа дезарг миска а, гIийла а волуш, цхьалха баккхий нах бойуш, цаьргара хIусамаш схьа а йохуш, маьждигехь талорхой хьалхарчумогIаршка а хIиттош, царашайн къоланех сагIанаш а тоьлуш, юха а, юха а нах бойуш, нах лечкъош… ЭхI, цхьа къематде дара, къематде.
Цхьанхьа балхахь воцуш, балха вахча а алапа а ца луш, гобаьккхина кIежтуьйсуш, марсадуьйлуш харцонан ловзар а гуш, хьанала рицкъа лаха цкъа а ца хиллачу кепара холчу даьлла, дIаоьхура денош, йохийначу гIалин ченаш а, догIа я луо деъча – хатт а кегош.

Къелло а, хьо, хьан говзалла оьшушмахкахь халкъ цахиларо а дог шелдора, цхьанхьа дIаваха а лаьара, шалхо йоцчу, адам доцчу, Iаламе, де чекхдалале,
Iаржъялале…
Iаржъелча, чувахна, наьIарш дIачIагIйина, кевнна гIораш доьхкина, кораш дуьхьал кирхьанаш оьзна, дIатаба дезара, гIевланга дуьйлина герз а диллина, урамехула йогIучу машенан гIовгIа мел хеза, хIинца схьакхечи хьуна бохуш, герзах каетташ… Буьйсано синтем муххале а ца бохьура, мелхо а сингаттам алсам боккхура, и сингаттам, дуьне дуза а дуьзна тIехъоьхура, цо кхуьнан дог а дуьзнера иштта, цундела цу шиннах цхьаъ – я дог, я дуьне – эккха дезара…
Амма я дуьне а, я кхуьнан дог а ца иккхира, кхеран урамехь йоккха бомба иккхира, кемано чукхоьссина, пхиъ стаг а вуьйш – ишколера цIа догIуш хилла ши бер а дара царна юккъехь.
Кхунна Элимех къахетара, цхьа хIусам, цхьа дахар а, цхьа синтем а хир-кха шена аьлла, кхунах тешна, шен цхьалха нана а йитина араяьллачу цунах…
Цкъа цхьана дийнахь кхуьнга Элимас элира, вайша дIадаха деза, хIинца вайша шиъ дац, кхоъ ду. Оцу кхао кхунна цхьана ханна дицдира арахьара хьал: етта бомбанаш, нехан хьере хилар, цо-м кхуьнан кхетамера карзахалла а дIаяьккхира, кхерам а дIабелира цхьана юкъана. Амма де дIа а далале кхерар кхин а бIозза алсамделира, шен хинволчу кIентан (я йоьIан – бен а дац, цхьа доьзалхо хилчахьана) дахарна цхьа зен хиларна кхерар…
Кхуьнан бакъо яцара хIинца тIамна буха а хиъна
Iиэн, хIара дIагIур ву, эшахь дуьненан маьIIе а, бакъдерг дийцича, карахь харж яц; ца хилча а дIагIур ву, гIаш вахна а…
ХIара юьрта вахара, амма цигахь а гIалахь дерг дара
– бомбанаш еттара эвлайистехь, эвлаюккъехь, дажа дIалаьхкина хьайбанаш дойура, адамаш а дойура, хьайбанаш дукха дойура, адамаш – кIезиг…
Ашмина сихха махках вала лиира, шен гергарнаш а эцна (царна юккъехь кхунний, Элиминий бен хаа ца хууш, кхеран хила веза доьзалхо а вара)…
Махках вала сацам хилла, верриге шийтта стаг вовшахккхийтира. Шайца дIаяхьа цхьайолухIумнашмашенаш тIе а йоьттина, гIалгIайн мехкан дозанехьа бахара хIорш.

Кхарна хьалха а, тIаьхьа а машенаш яра, тIехула хьийзаш – кеманаш. Цара кест-кеста бомбанаш а, ракеташ а тухура, некъа йистошца… Кеманаш гучу ма девлли, кхарнаши машен хьалха йоьдучу«Уазик» чуьра цхьа жима стаг, охьаэккхий, камера ирх а ерзайой, суьрташ даха хIуттура.
Цкъа-шозза цо и дича, цхьана воккхачу стага, машен чуьра корта ара а баьккхина, мохь туьйхира:
«Хьаштдоцург ма леладе, кIант». Амма важа кхуо бохучуьнга ладугIуш вацара. Кеманаш юха а гучулилхира, кIантюха а охьаиккхира. ГIовгIанаш, лелхарш, серло
Iаткъар, юха – узарш, маьхьарий, белхарш… Кеманаша тIе ракеташ тоьхна хиллера…Суьрташ дохуш хилларг а, уьш ма даха баьхнарг а, кхин дуккха а нах а байинера, машенаш йохийнера, ягийнера – верриге ткъаессана стаг вийнера. Кхеран машенах ца кхеттера, Дала цхьа къинхетам а бина.
Дозанал дехьа ца бовлуьйтуш, кхаа дийнахь совцийна латтийна нах, цул тIаьхьа дIахийцира. Кхунна, Ашмина, дIо туьйранехь буьйцу саьрмик дагабеара, мехкан шовданна гонах а бижина, шена дIакхалла къона йоI, жима стаг ца веъча, хи ца оьцуьйтуш хилла…
Кхеран некъ бихкина саьрмик-м иштта «атта» бузуш а ца хилла, ткъаессана адам дIа ца кхаьллича…
Ахтобус сецира. Нах охьабисса буьйлабелира…
Йоьлхуш Iен зуда а, бIаьрхиш дIа а хьаькхна, шен бер а карахь наьIарехьа гIоьртира.
ХIаъ, хIетахь хIорш а, тIамах бевдда богIуш, кхузахь, хIокху социйлехь севцира. Арахь Iаржлуш яра, шеллуш а. Кхунах Соьлжа-гIалара цхьа нохчо кхийтира.
Цо ша лаьцна цхьа ши чоь ю элира, чувола, готта делахь а, буьйса дIаер ю, кхана цхьаъ дийрду вай…ХIорш шийтта вара, бухахь ялх… Шина чохь – берхIийтта стаг. Чоьнаш а яра готтий… Хала яьккхира и буьйса, къаьсттина Элимас. Цунна хIаваъ ца тоьара. Иза масийттаза араелира. Арахь шелъяла йолаяллалц лаьттара, тIаккха чуйогIура. Сатассалц машенаш оьхура социйле, махках баьхначийн аьзнаш, гIовгIанаш, берийн делхарш.
Некъан йистошца цIераш а латийна, царна гонах хьийзаш, арахь буьйса яьккхира цхьаболчумухIажарша.

Са ма тесси, волавелла, и жима гIала талла хIоьттира Ашми, хIора цIийнан керта хIуттуш, нах тIеоьций аш, мелла а шай-кай а лур ю бохуш… Амма хIусамдайша схьадийцарехь, церан массо а чоь дIалаьцна тIамах бевдда баьхкинарш бара, шина-кхаамма бIе доллар делча, чохь Iен меттиг хир ю элира, цул лахара даларх гIуллакх хир дац.
Iаржлуш веара иза чу, когаш дукха лелла зийзаш бара…ХIара Ашмин бIаьра а ца хьажавелира цу буса.
«ХIусам ца карий», – элира цо, цIенкъа боьгIначуьра бIаьргаш хьала а ца ойуш, чохь цхьа шатайпа тийналла хIоьттира, кхунна резабацарех юьзна тийналла.
Массо а вацара кхунна реза: бухахь хилларш – шайн хIусам гатъярна, кхуьнца схьабаьхкинарш – шаьш кху чуьра арадаьхна, кхечу хIусаме цадигарна.
Ткъа кхуо хIун дийр ду? ХIара хир дуйла хиънехь, цIахь Iийр вара…
Бувайсара йохийра и дагна еза тийналла:
– Хьайн дог ма дохаде, иштта атта ца карайо кхузахь хIусам. Кхана цхьаьний лохур ю вайшимма…
ШолгIачудийнахь а изза хилира, Iаржаъяллалц лелла, жIаьла санна хIотта а хIоьттина, чувеара…
КхозлагIчу дийнахь шеца газетехь болх бинчуМакшерипах бIаьрг кхетча, мелла а сапаргIатделира цуьнан: иза хIокху гIалара вара, цо гIодийр хир ду…ХIара ца гучуха уллохула тIех а ваьлла дIавоьду иза, кхуо пхьарс а лаьцна сацийра.
– Ца вевзира… Богатым будешь[69], – элира цо.
– ХIаъ, ца вовззал хийцавелла со…Дукха хан а яьлла вай вовшах къаьстина – ах шо…
Макшерипа дийцарехь, цуьнгахь кхуьнгахьчул а ледара хьал дара, кху махкахь хIусам карор ю бохург а бакъдацара, кхечухьа – БуритIа я Нальчике дIавахча аттахо хила тарлора…
Бувайсарна а ца карийра хIумма а цу дийнахь а.
ДоьалгIачу дийнахь кетIа ваьллачу кхунна Бувайсара шен хIусамненаца ден къамел хезира.
– Ахь хIун дуьйцу? Соьга цу адмашка арадовла ала боху ахь?
– Ахь ца алахь а, вай массо а цу чохь садукъделла лийр ву…Нах четаршкахь а, вагонашкахь а Iаш бу.
– Сатоха! Сатоха! – тIечевхира Бувайсар.

Аьзнаш цIийна тIехьара хезара, хIара ша царна ца тосаволуьйтуш, меллаша юьстахваьлла, оцу жимчу гIалин урамаш талла вахара, легашкахь хорам а хилла.
Наггахь уллохула тIехбуьйлурш, шега леррина тидам беш хьаьвсича, кхуо шен юьхь тIе куьйгаш хьоккхура…
Юьхь бIаьрхиша яшайой хуьлура, уьш кхуьнан лаамза оьхура… ХIинца хIара луо санна, лешалора бIаьрхиш… Даго цхьаъ хьоьхуш, доьлхуш хиллера бIаьргаш…
Оцу сарахь кхин а дукха лийлира иза…Цхьа хIусамтайпа карийра. Кхана чудуьйла, ша чу аьчган пеш хIоттор ю…
Іаржъеллачул тIаьхьа Бувайсара лаьцначу петаре веара иза. Бувайсар кхуьнга хьоьжуш, цIийна хьалха лаьттара. «Хьан хIусамнана могаш йоцуш хилла, больнице яьхьна», – элира цо…
Ашмин ойланашюкъахъехира зудчун озо.
Кхунна генахь йоццуш лаьттара и ахтобус чохь йоьлхуш хилла зуда. ХIара шиъ бен, кхин гуш адам а дацара хIоккхусоцийлехь, хIокху лайлахь, хIоккхубулуш лаьттачу боданехь.
– Хьо соьга йист-м ца хилира?
– Масийттаза-м хилла.
– ХIаъ, ойланаша дIалаьцна, со хIумма а хезаш а вац. ХIун бохура ахь?..
– Кхузахь Горькийн урам мичахь бу хаьий хьуна?
– Дера хаьа. Кхузара дерриге а урамаш дуьстина хьуна ас хIокху сайн когашца. Къаьхьа-м массо а бара кхузара урам. Муьлха цIа деза хьуна?.. ХIаъ, оцу агIор дIадаха деза. Ас дIакхетор ю хьо. Со цхьанхьа а сиха вац. ЦIе хIун ю хьан? Падам? Дика хир ду, Падам. Сан цIе Ашми ю. И хьайн тIоьрмиг схьало ахьа…ХIинца ас дIакхетор ю хьо, суна тIаьхьа схьайола… Дикка дIадаха деза вайшиннан.
«Ас сайн ойла кхидIа а йийр ю…Чекх ца йоккхуш, юккъехь йитича, язло ойла…Цундела ас чекхйоккхур ю иза… Сан гIайгIанечу дагалецамех лаьтта ойла…
ХIаъ, Падам, ахьа, хьан бIаьргаша вигира со яханчу хене, дагалецамашка. ХIинца хьайна лаахь ладогIа, ца лаахь, ма догIа. Со юха а дIавоьдуцу деношка, муьстачу, шийлачу гуьйренан деношка. Со хьаьдда лазартне вахара. Лоьро: «Кийрахь бер делла, масех де а даьлла, цуьнан цIий бехлуш ду… Сихха апраци… ЦIий деза дуккха… Цуьнниг хийца…цIий… дуккха цIий…» Ас цIий дIаделира,

кхетамчуьра а ваьлла вожжалц. Бувайсара а делира, Нохчийчуьрчу дуккхачу мухIажарша а… Дуккха цIий дIаделира нохчаша. ЦIий, цIий…
Амма Элима кIелхьара ца елира цу цIийх…
Ша дIакхалхале, соьга кхайкхира иза: «Хьенех, – элира цо, – суна хьо ца го, амма хаало. Дукха бIарзлой ма хьийзалахь, со дIаяьлча…Со йиц а ма е…Хьайна хIусамнана а ца ялош, цхьалха а ма лела…»
ХIаъ, Падам, масех де даьлча и дIаелира…Иза, кхузахь, кешнашка дIайоьллира, дакъа цIа эцна машенца ван хIуттуш стаг а ца хилла…
Цхьана таксисто-м: «Кхузара тIе ца даьхьча а, декъий дуккха а ду хьуна цIахь, дIадохка а ца кхиош», – элира… Со цунна оьгIаз а ца вахара… Стаг лаьттах мичча вахча а хIун бен ду…
Делан латта цхьаъ ду…»
Хьо ладугIушюй, Падам?Хьайна дика ца хеза, боху ахь. Хьуна и ца хезча хIумма а дац, ас сайна дуьйцуш ду хIара… Цул тIаьхьа массо а хIумнах чам баьлла, массарна а оьгIазвахна, хIокху дерриге дуьненах летта, летта, летта дIавала ойла хуьлура. Юха – хIара дерриге а дуьне Iадош мохь хьекха, хIара тIом баккха дагадеанчунна, герз динчунна, и дIатоха аьлла омра динчунна, и дIатоьхначунна, царна сискал еллачунна, уьш хестийнчунна, пачхьалкх ян дагадеанчунна, майданахь къамелаш динчарна, дуьненан массо а паччахьна – массарна а, массарна а наьIалт кхайкхош мохь хьекха.
ТIаккха дагадогIура цхьана дарц долчу буса гу лекхчу ваьлла, барзах угIа, сайгара бала лаьтте а, стигле а белхош угIа, дийнахь а, буса а, вухаверза ца туьгуш…
ТIаккха, угIуш йишхаьлча, циггахь охьа а кхетта Iилла, лайлахь гIорош, тIе ло а оьхуш.
Амма аса я иза, я важа а, я кхин а ца дора… Со иштта дIа лаьттахула волавелла лелара, коьрта чохь
Элимин тIаьххьара дешнаш а хезаш: «Дукха бIарзлой ма хьийзалахь…»
Хан дIа мел ели а, суна гучудолура оцу дешнийн маьIна, со кхийтира, со боккъал а бIарзвелла хьийзаш хиларх. Суна моьттура хIара берриге а тIом сан хIусамнана а, дуьненчу а валаза волу сан доьзалхо а виен баьлла, дерриге а вуо сайга деана… Амма бIаьргаш тIера марха дIаайъаелча, суна хиира вуонаш деана нах, соьгачул а даккхий вуонаш деана нах Нохчийчоь яьккхина буйла.

ХIан-хIа, Падам, дац хьуна массарна а дерг ловзар, бохамаш алсам мел болу сан дог кхитIе а духу. Хьуна ма го бомбанаша дакъош еш, танканаша хьоьшуш, минаш тIехь лелхаш, набахтешкахь дахкалуш, сингаттамна хьере хилла, дегнаш лелхаш, кортош чу цIий дуьссуш, дуьне мел ду даьржина, дуьненан сагIе сатесна раьгIнашкахь лаьтташ, Соьлжа-гIалин херцаршкахь, хийрачумахкахь четаршкахь гIорош, паччахьашашайншайн Iалашонашца хьехош, цхьаболчара тIетоха олуш, вукхара дукха чIогIа ма тоха олуш, кхоалгIачара кадамашбеш, доьалгIачара тIе латта хьоькхуш, пхоьалгIачара
«Iалелай, орца дала!» – олуш, нохчийн къам хIора денна хIаллакьхуьлуш хилар.
Иштта хиларх со гуттар а чIогIа тийшира, цкъа цхьана йочанечу гуьйренан сарахь кхузарчу маьждигехь пхьуьйра ламаз а дина араваьлча, шина а агIор шийлачу догIано яшочу тIелхигех хьерчаш лаьттачу гIаларташна юккъехь нисвелча. Iаьржа, боданера уьш мелла а схьакъестадора маьждиган корашкара етталучу серлонаша. Уьш нохчийн зударий бара, сагIа доьхуш. «Делан дуьхьа, сагIа…СагIа…».
Массарна а дала соьгахь дацара… ХIан-хIа, ас бехке ца бо хьуна и зударий, уьшшайн доьзалш мацаллех кIелхьарбаха арабевллера. Бехк нохчийн къонахийн бара, и зударий оцу хьола тIе ца бовлуьйтуш, Iалашбан хьекъал а, ницкъ а ца кхаьчначу. Ткъа зударий-м цхьадолу вайнехан
Iадаташ а, бехкамаш а битина, шайн доьзалш кIелхьарбаха арабевллера.
Нохчийн зударий кIайн олхазарш хилла хьийза вайн махка тIехула тахана а, вайн кхерчашкара дахаран цIе дIа ца яйта гIерташ хьийза… Хьайна ас дуьйцург ца хеза, боху ахь, Падам. Хьуна-м ца хезча а хIумма а дац, со сайна дуьйцуш ву.
ХIинцца дIакхочу вайша. ХIаъ, дарц чIагIделла. Эццахь некъо голатухучохь ду и цIа. Со сиха воьдучух тера ду, хьо дикка тIаьхьайисна… Иштта хьо тIаьхьайисча-м, бехк а бац хьуна сан ойланаш ца хезча а. Ас гIелдо сайн болар, тIаьхьакхиа хьо…
– И бер ахьа схьаделлехь, хьайн куьйгашка са а доIуьйтуш…
– Баркалла, кIад ца елла со…
– ДIакхаьчна вайша. ХIара ду ахьа лоьху цIа…
– Баркалла, Дела реза хуьлда хьуна…Ахь къахьийги…

– Цкъа керта гIой, хьажа хьо, айхьа лоьхург кхузахь юй, – Ашми дIа а ца воьдуш, сацавелира урамехь.
Дукха хан ялале Падам юха а ураме елира.
– Кхузара дIаяхна боху иза… тхан ненайиша… – йоьхна хьаьвзира Падам. – Ши кIира ду боху дIаяхна.
Суна-м ца хаьа, хIинца хIун дийр ду а.
«АлхьамдулиллахI, Дела, хьуна бу-кх хастам…Тахана кху Iаьнан буса кхарна гIо-накъосталла дан сан аьтто барна…» – ойланехь Далла хастам бира Ашмис.
– Сан йиша, йохий ма хьовза… Тховса хьуна юххехь тешаме ваша ву-кх хьан, – ондда элира Ашмис.
– Ца хаьа суна-м… Хьо, вевзаш а воцу стаг, кхерставо-кх ас…Тховса хIара буьйса дIаяьллехь-м…–шен корта берана тIе охьаоллийра Падама.
– Тховса буьйса яккха меттиг йолуш ю-кх, ас кхаа баттана ахча дIа а делла…ХIан-хIа, кхин дош ма аьллахь… Схьадал хIара бер… йоI ю хIара, я кIант…
КIант? Дала дукха вахавойла хIара…ЦIе хIун ю кхуьнан?..
– Мохьмад, – гIийлла хазийра зудчо. Хьалха воьдучу Ашмина тосаделира иза юха а йоьлхуш хилар…
– Падам, сан дехар ду хьоьга, хIара тховса хилла некъахьовзам бахьнехь са ца гатдар… Ахь кхунна са ца гатдича а, хьан а, сан а сингаттамаш дуккха а бу…– элира цо, юха а ца воьрзуш.
ГIеххьа некъ бича, и шиъ пхоьазза тIекIелдинчу цIенойн жIуга йолчукхечира. Царах цхьаьннан наьIарх чоьхьавелира Ашми. Падам жимма сацаелира. ТIаккха чуяхара. Лайн кIур хьийзара цIеношнаюккъехула. Мохо неI чIоггIа тIетуьйхира.
Ашмис, шолгIачу тIегIан тIе шаьшшиъ хьаладаьлча, бер Падаме дIа а делла, еа наьIарх цхьаъ дIайиллира.
Чоьхьа а ваьлла, чиркх а латийна, Падам чукхайкхира цо.
Бераца чоьхьа а яьлла, Падам дIасахьоьжуш лаьттара, кхидIа яха ийзалуш.
– Сехьаяла, сехьаяла! – элира Ашмис, цунна тIехьара неI тIе а узуш.
– Ца хаьа суна-м… айса лелориг хIун ду а…Доккха хIума ду-кх хIара… – элира цо гIийлла.
– Доккха хIума хир дара хьуна, сох а ца кхеташ, тховса буьйса яккха чуйитийша бохуш, нехан наьIарш етташ, урамашкахула йолаелла лела

дезнехь… ТӀаккха хир дара хьуна доккха а, доьхна а гӀуллакх… Иштtанаш а гина хьуна суна, – элира Ашмис, цуьнгара бер схьа а оьцуш.
Падама шен палту, схьа а яьккхина, тӀера ло охьа а дегийна, дӀаоьллира. Бер маьнги тӀе меллаша охьа а диллина, Ашми кухни чу велира. Газ а латийна, хи кхехко чайник тӀехӀоттийра цо. Ша кухни чохь сацавелира, беран гӀуллакх дан а, и дузо а Падам паргӀат юьтуш.
Хи кхихкина даьлла, цӀера тӀера кхуо юьстахдуьллуш, беран кхача чохь болу жима шиша а карахь кухни чу елира Падам.
– ХӀара тӀе ца делча, ца вузу и, – кхихкинчу хи чу хӀоттийра Падама шиша. Ашмис шен кхетамехь билгалдира, цо иза цхьа атта шега алар, ийзаялар доцуш.
Делахь-хӀета, кхуо бохург тидаме эцна-кх цо.
Шура чохь долу шиша е чуьра схьа а эцна, дӀасаластийра Падама, тӀаккха дӀа а йирзина, къурд бира, шуьрин йовхалла толлуш.
Бер дуьзна, юха а набарх доьллера, Ашми кухни чуьра зал чу ваьлча.
– Схьайола, чай мер ду вайшимма, – хьаша кухни чу кхайкхира цо.
Зуда йистхилар доцуш, кухни чу а еъна, стоьла хьалха охьахиира. Ашмис шина кеда чай доьттира.
Чай молуш цушинна хиира хӀора а цӀера мичара ду а.
– КӀентан да мичахь ву?
– Кхелхина, – элира Падама. – Ша саннарш тӀам тӀе а оьхуш, ша тӀамах уьдуш лелар вац аьлла, дӀа а вахна, хӀаллакьхилира. Итт бутт а бу.
– Шен кӀант вуйла хаьарий цунна?
– ХӀан-хӀа, и вийна бутт кхочуш дуьненчу ваьлла хӀара.
– Дала дукха вахавойла кӀант! Дала гечдойла цуьнан дена.
– Дела реза хуьлда! – хьалагӀаьттина, стоьла тӀера пхьегӀаш дӀалиста йолаелира Падам.
– Падам, ашшимма паргӀат садаӀа…Гена некъ бина аш, кӀадделла хир ду… Со сайн накъост волчу воьду, буьйса яккха…кхана гучувер ву…
– Хьо хӀусамах ваькkхи охашимма, – юьхь тӀера гуш цӀийлуш, бехкала яхара Падам.
Ашми кхета цуьнан ойланах: цунна лаьа кхуьнга ала, хьо хӀунда воьду хьайн хӀусам а йитина дӀа, кху чохь шиъ ю чоь… Цунна лаьа иза ала, амма ца олу: кхуо, боьршачу стага, и муха туьду а ца хаьа. Иштта кхунна а ца лаьа кху чохь буьйса яккха: цунна хӀун дагадогӀу а ца хаьа.

Нохчийн гIиллакхаш, нохчийн ойланаш. Цундела хIара дIавоьду, цуьнга эрна ойланаш ца йойтуш, паргIат буьйса яккхийта.
– ХIумма а дац! Буьйса декъал йойла, – Ашми аравелира дарц долчу ураме.
Коьрта чохь юха а ека йолаелира и хIетахьлера йиш:
Шийла, шийла мох бу хьоькхуш…
ТIаккха шолгIа могIа а дагабеара:
Дагна езнарг соьца яц…
Юха ерриге а байт ека йолаелира коьрта чохь:
ГIийла, гIийла батте хьоьжуш,
Зама ас кхин йоккхур яц…
Иштта багахь мукъам а беш, вогIу хIара Бувайсар вехачу ураме дIакхечира…
ХIокху урамехьа и ца волу цхьа шой ши бутт баьллера. Бувайсар цкъа-шозза ган-м гинера цунна, цо вола а олура. Кхуо дуьхьал хIумма а ца олура. Кийрахь доьзалхо кхалхаран бехк цу чохь буьйсанаш йохуш, Элимина хIаваъ цатоар хетара… Иштта ца хила а тарлора…ХIетте а кхунна хIара дерриге а дуьне а, цул чIогIа хIара мохк а, цул а чIогIа хIара гIала а, хIокху гIали чохь хIара урам а ца безабеллера. Цундела хIара къехкара хIокху урамах. Аьтто хилча, хIара дIагIур вара кху гIалара а, кху махкара а.
Цкъа тоха а велира хIара, цхьаьнгара ахча а даьккхина. Амма ца вахара, кханий-кханий бохуш, Iаьна кIел вахара. ТIаьххьара а хIара кхийтира шен дуьхь-дуьхьал йолчуойланех: цхьана агIор кхузара дIаваха лаьара, гена, гена, массо хIуманна вицвала; вукху агIор, кхузахь лаьттах яхнера Элима…
ХIара цхьана Iаьрбойн махкара еанчу къинхетаман организаце балха а хIоьттина, сецира… Атта хIокху ураме ца вогIура иза, цхьа гIуллакх хилла цу агIор ваха дезча а, готоссий воьдура.
Тховса дац кхуьнгахь кхуурамах хервала лаар, когаша ша-шах валавора хIара кхуза. ХIан-хIа, дац иза Элима а, цо кхузахь хьегна хало а йицъялар, кхуо иза хIинца кху урамца а, кху цIийнаца а ца юзура.
Шийла, шийла мох бу хьоькхуш,
Суна езнарг соьца яц.
ГIийла, гIийла батте хьоьжуш…
«Батте муха хьожу, шийла, шийла мох а хилча, дарц а хилча?..» – и хаттар ша-шега кест-кеста деш, воьду хIара цкъа сацавелира. И хIун

ду? ХIокху тIаьххьарчу шарахь шен даг тIехь Iиллина йозалла ца хаалора цунна, болар а дай дара. Цунна ца лиира оцу хийцаман бахьнаш леха, цунна товра и хийцам, цундела эша а оьшура. Дуьненчохь ваххал вехаш хилча, иштта хийцавелла ваха веза, Iаьржачу ойланех цIан а велла, ойланаш яхь а, хIара луо санна, кIайн хила еза. КIайн ло.
Элимина а дезара иштта ло догIучу буьйсанна йолаелла лелар…Иштта кIайн зазадаьлла бIаьстенан юьхь а езара… КIайн кучамаш лелор а Элимас марздира кхунна…Тховса Элимех ойланаш а цхьа яйн яра, цаьрца лазам белахь а, кIезиг бара. КIайлла яра цаьрца…
ДIакхечира иза. НеI туьйхира цо гIийла. Бувайсар аравелира.
– Марша вогIийла, Ашми! Хьо лаа вуй? Сингаттаме хIума-м дац? – хIара гича, мелла а карзахе хилира иза.
– ХIумма а дац. Сингаттам ца хилча, ван ца мега хьо волчу?
– Мега дера! Чоьхьавала.
И буьйса дIаелира, Ашмина гIенах цкъа буьйсанна догIуш ло гуш, юха кIайн зазадаькххина хьечийн доьвзашгуш.
ШолгIачу дийнахь араваьлла, жимма хан яллалц лийлира иза, дукха Iуьйре вахча, цу шиннан синтем бохор бу-кх ша бохуш. Берийн ловзоргаш юхкучу туькан чу а вахна, кIантана аганан гIожах олла лестанг а, стоьмаш а, марзаллаш а эцна, де делкъе долуш вахара иза шен хьеший болчу.
Дарц дIа а сецна, къегина малх кхетта декхна де дара, мачаш кIелахь, «къаз-къиз» деш, ло цIийзара…
Шелоно юьхь моьрцура. «Шийла, шийла мохь…мох… мохь бу я мох бу?.. Мох-м бац тахана… шийла елахь а… Делахь, мохь бу-кх… ХIаъ, оцу иттех шарахь… шийла мохь а-м хьийкхира, Iинчу ма гIуо бохуш… и мохь бара иза?.. Иза а хилла хир бу. И боцург а бара мохь… Кхуьнан даго бетта шийла мохь… ХIетахь, муьстачу гурахь, Элима… кхунах къаьстина дIаяхчхьана…» Тахана ца хеза цунна и мохь. Делахь а: «Шийла, шийла мох бу хьоькхуш, суна езнарг соьца яц…» Кхунна ца лаьа и мукъам шен хье чохь бехийла…ХIетте а…
ДIакхаьчча, догIа дIа а хьовзийна, неI дIайиллича, цунна ша хIокхутIаьххьарчуэхашарахь вехачухIусамехь хийцамаш хаабелира. Чохь зуда хилар бу-кх хийцам, зуда йолчохь цхьа шатайпа хуьлу къепе, хIаваъ, дахар хаадалар.
– Iуьйре дика хуьлда! – хазийра кхуо.

– Далла везийла! – цуьнан озехь цхьа а синхаам ца хаалора, цхьа хIуманна къера хилар, бенцахетар, деган десалла бен. Цо мелла а дог дохадора, делахь а доккха хIума дара и чохь хилар, цуьнца и Делан жима малик а. Цу шимма хийцина хIара хIусам, къагийна малхо а, цу шимма а.
КIант наб кхетта Iуьллура, Падама кхуьнга кухни чу кхайкхира. Стоьла тIехь тIекIелтоьхна бога хьала а айина, чIепалгийн туп гучуяьккхира Падама, чай а доьттира.
Ашмина легашкахь хорам хIоьттира, шен хьалха
Элимица хилла дахаран хIуо а хааделла.
– Тхойша цига Франце дIадаха дагахь дара… Сан шича ю цигахь, Ниццехь…Цигахь гуттар а йовха хуьлу, яахIума а, чохь Iен меттиг а…
Корехь лаьтта Падам гIийлла къамеле елира. Малхо Iораяьккхинера цуьнан дегIан хазалла. Ашмис цхьана мIаьргонна бIаьрг туьйхира цунах. И хьажар тоьира гинчун мах хадо. Вагийча санна, сихха шен хьажар чIепалгаш тIе дуьйгIира цо. Амма чIепалгехши дакъа диъна а валале, цунна юха а лиира коре хьажа. Ца хIуттуш сацавелира, кхин цхьа чIепалг а диира. Бехкам къарбира лааро… Хьаьжча, иза корехь яцара, и хиллачохь маьлхан серло яра, комаьршша цIенкъа
Iенаш. Падам IиндагIе яьллера, малх ца кхочучу.
«БIаьрмециг ю вайн хьаша», – ойла хилира Ашмин.
Амма ша нийса воцийла хаьара цунна, иза бIаьрмецигалла яцара, иза кхин дара. И иштта хиларо чолхе боккхура кхуьнан кхетаман кIоргенехь кхоллаеллачу дегайовхоне боьду некъ, хIетте а цо воккха а вевора.
– ТIаккха, дийца ахь, Падам, со ладугIуш ву хьуна, – чайнах къурд бира Ашмис.
– ТIаккха… тхан ненайиша яра тхойшинга хьоьжур ю аьлла…
Загранпаспорт даккха гIо дийр ду аьлла…
Бакъдерг дийцича, сан йиллинчу хенахь кхуза схьакхача аьтто а ца хили…
– Цига дIаяха стенна гIерта хьо, Падам… Цигахь мел дика делахь а, сагIадоьхурган даржехь ма ву стаг.
– Ца хаьа суна-м… Сайн дуьхьа-м ца лелара со…
ХIокху беран дуьхьа… – цIенкъа буьйгIира шен ши бIаьрг Падама.
– Иза а бакъду…Ас хIун гIо дийр дара хьуна?..

– Ца хаьа… сан гIуллакх къастталц, цхьа масех де кху чохь даккха аьтто хилча…
– Ахь хIун дуьйцу, Падам…масех де, кIира а, бутт а баккхахьа…
– Ца хаьа… цхьа товш ца хета...
– Падам, со кхета… хIара зама хала ю…Адамашна юккъера тешам дIабаьлла, къинхетам гIелбелла…
ХIетте а хьо сайх теша лаьара суна, со догцIена лелаш хиларх… Ас Далла хастам бо шуьшиъ сайна тIеIоттадалийтарна…
ХIокхукъематдийнахь сан шуьшинна гIо дан аьтто хилар а ма ду доккха хIума…
Падам цунна дуьхьал йист а ца хилира. БIаьргаш хих буьзира цуьнан. «ГIагI» аьлла, охьа ца елха, дехьа чу елира иза.
Цхьана дийнахь Ашми, балха тIехь хьие а велла,
Iаржъеллачул тIаьхьа веара Падам, цуьнан кIант долчу. Дикка Iийра иза, цхьацца хилларш-лелларш дуьйцуш. Буьйса дикка гена елира, хIара дIаваха тохавелча, Падама элира:
– Кху чохь шиъ чоь а ю, цхаъ тхойшинна тоьаш ю.
Ашмис цуьнга хIумма а ца элира, иза шена йисначу чохь паргIатвелира. Амма наб ца йогIура. Кхуо шена
Iалашо къастийнера: хIара Падам а, цуьнан кIантМохьмад а кхунна Iаржделлачу дуьненан боданехь гуш цхьалха богу чиркх бара, мел гIийла белахь а, и богура, цо серло а лора, амма мохехь богучиркх чIогIа экам бара, ткъа мох шийла а, къиза а бара («Шийла, шийла мох бу хьоькхуш»). Цундела хIара чIогIа хьожуш хила везара, кхуьнан лаамза цхьа меттахъхьар я цхьа нийса ца кхета тарло дош а тоьар дара и чиркх дIабайъа.
ТIаккха хIара юха а ойланашка волура: хIан-хIа, тIаьхьакхуьур вац зудчун дог-ойланна, цундела тоьлашха хила тарло, хила доьгIнарг сихдан а ца гIерташ, шен зама кхаччалц IаддаIар.
Цунна наб оцу буса сатоссуш кхийтира. Iуьйранна, шен буса хилла сацам бохош, кухни чохь чай молуш
Iаш, иза ша-шех цец а вуьйлуш, къамеле велира:
– Падам… Хьо сох… нийса кхета лаьа суна… Сан бара доьзал цхьа шо хьалха… Хьан а санна… иза дIакхелхира… Цул а хьалха… цуьнан кийрара тхан доьзалхо кхелхина хиллера… и ас хьуна дийцира… цундела суна лаьара хьо а, Мохьмад а лардан, шуна гIо дан, гуттар а

гIо дан сайн бакъо… хIаъ… хила… бакъо, – дог детталора лергаш чохь, мотт тийсалора.
Иштта хьал кхуьнгахь дукха хьалха хиллера, хIара кхиъна вогIушжима стаг волуш, цхьанаможачу гурахь, мохо тулгIе мел туху, можа гIаш льаьтта оьгучу, хуьлучухьайбанийн хьожа лаьттачу цхьана сарахь, оцу хьайбана кIелахь шовданера йогIу йоI, ши ведар охьа а хIоттийна, шега ладугIуш, сецча… Делахь-хIета, лар йоцуш ца дайна-кх хIетахьлерниг, кхуьнан къоналла, юхадерза йиш йолуш хилла-кх хIетахьлера дахаран хаадалар…
Иза соцу, кхидIа ша хIун эр ду а ца хууш.
– Со реза ю, – цхьа атта олу Падама. – Вайн юкъаметтигаш бусалба динехь чIагIъяйта, ТIой-юьртахь вехаш сан дешича ву хьуна…
Ашмин синкхетам оцумIаьргонехь цIанбелира, иза цхьа кIайн ло диллинчу ламанан басенах тера бара.
Кхунна хаьара иза цхьана ханна дуйла, амма и йоца хан хааялар а дукх доккха хIума.
Ураме ваьлча, ло дара догIуш. Кхушарахь дукха оьхура ло. Кхуо дагалоьцура Падаман дешнаш, цхьа атта, синкарзахалла йоцуш элиркха цо уьш. «ХIокху баланаша, бохамаша йицйина цуьнан и синкарзахалла, делахь цуьнан и сацам хьалххехь хилла, цо иза, даге ла ца доьгIуш, хьекъалца тIеэцна, хьекъалца ца хуьлу карзахалла, дагца хуьлу… хIун бен ду и, мухха хилча а…Ло хилча а догIуш, мох а хьийзаш.
Шийла, шийла мох бу хьоькхуш…
Суна езнарг соьца яц…
«Дера ю-кх, Дала мукъалахь. ДIо генахь боданехь гучу серлонах лепа иза…Дог дохдеш, некъ серлабоккхуш…»
Садайча кхечира хIара кхоъ Соьлжа-гIала. Ло цхьаццанхьара дешна, тIуьна шело яра, наггахь мох а хьоькхура, мохо и шело дегIе кхачайора, тIедуьйхинчу барзакъан дуьхьало атта эшош. Ашми гIеххьа цецвелира оццул йоьхначу, ирчачу гIалахь оццул дукха адам хиларх. Уьшмассо а хьаьдда воьдура, вовшашка вистхилар доцуш, ша-ша тIаьхьависарна кхоьруш, бода кхачале цхьаццанхьа дIалачкъа, дIахьулвала, дIатаба. Масех жима ахтобус яхара, кхаьрга ца кхочуш. Адамаш, вовшашка хьовсар доцуш, жима-воккха ца къастош, татталой хьаладовлура машен чу, неI дIакъовлалора…
Маж йолчу, хенарочу стага элира кхаьрга:

– Иштта латтахь, тховса цIа а кхочур дац шуьша, эхьбехк а дитий, хьала а далий, охьахаа… нах буьйсанах бевдда боьлху… Буьйсанна хуьлурш даккхий хIумнаш ду…
– ХIун хуьлу буьйсанна?
– Дийнахь хирриг хуьлу-кх… ХIетте а нах буьйсанах кхоьру. Нах бойъу, нах лечкъабо…ХIумнаш а лечкъайо…Дийнахь а, буса а… Делахь а буьйсанах кхоьру нах.
Ашми ахтобусан социйла а йитина, могIабинна йоьлхучумашенашна куьг леца хIоьттира. Амма цхьамма а сацош яцара.
– Сан ваша, хьо кху гIалахь хилаза дуккха а хан яьллачух тера ду, – элира мажъяьллачо.
– Муха хиира хьуна? – хаьттира Ашмис.
– Адамаш хьалхалернаш дац. Шайна вевзашца хилча, машен ца сацайо цара… Тешам дIабаьлла, цхьа кхерам бисна…
– Ткъа хьо ца кхоьру?..
– Стенах?
– Буьйсанах.
– Суна буьйса а, де а цхьаъ ду. Собардел, собардел нах! Схьадало ший а! Со тIехууш вац…хIара доьзал… жима бер… – хIорш теттина ахтобус чу бехира цо.
Ахтобус хIорш баха безачу урамна дикка юьстахуо сецира. Булучу боданехула ког моссаза боккху цIунаш хьалаетталуш, шийлачу мохехула доьдура и шиъ: бер
Ашмин карахь дара, Падамехь – тIоьрмигаш. Урамаш хиллачохь – оьрнаш, айманаш, херцарш…Наггахь херцаршюккъехь серло хаалора – биргIана буьххьехь йогу газ.
Эха сохьтехь некъ а бина, дIакхаьчча, кхеран урамехь, каш чохь санна, Iаьржа дара, цхьанхьа а йогуш цIе а яцара. Ураман маьIIехь жIаьлийн арданг иккхира гучу. Уьш цкъа-шозза «гIалх» аьлла дIадахара, наггахь юха а доьрзий кхарна «гIигI» а деш.
Кхуьнан ков къевлина дара. Бер Падаме дIа а делла, хIара кертах тасавелира. Ког гIорто меттиг йоцуш, шершина охьавеара. Аьттуболу меттиг лоьхуш, цхьаши ког дехьавелира иза. Кхузахь керт хилла меттиг а бацара. Кхуьнан уьйтIехуладIадоьдуш некъан тача гора, лайтIехь дикка къаьсташ адамийн, жIаьлийн лараш а йолуш.
Оцу тачанца вахна, чоьхьара дIакъевлина ков схьадиллира цо. ТIаккха – цIийнан неI.

– ХIинца цIа кхечи-кх вай… Ас хIинцца чIурам латор бу…шуьшиъ кхузахь, диван тIе охьахаа…ХIара дукха тиша ю аьлла, йитина хир ю дIа ца хьош… –
Падамшен бераца охьа а хаийна, тIоьрмиг чуьра чIурам хьалабаьккхира цо. Сирник цкъа-шозза дIаяйра, леташ а, ца леташ а, эххар а чIурам къегира, чоь серла а йоккхуш.
– Газ кхана схьатосуьйтур ю… ХIинца пеш латор ю ас, – гIеххьа бехкала вахна хьаьвзира Ашми.
Падам, дуьхьал йист ца хуьлуш, шен тIоьрмиг чуьра хи чохь долу шиша хьала а даьккхина, кисин дакъа яша а йина, стоьла тIера чан дIаяккха хIоьттира. Мохьмад наб еш вара.
Ашми уьйтIа велира. Цхьадика, дечиг дара. Аьхка цIа веъча, йоккхачу тоьпан хIоьо йожийна туьрк, кхуо дагарца хеда а йина, рагIу кIел охьайиллинера. Цундела хIинца карий. Кхуо цкъа хьалха кегий генаш схьаийцира, тIаккха мелла а стаммий дечигаш. Дечиг а карахь хIара наьIарехьа дIаволалушшехь, цхьа чIогIа татанаш девлира, латта дега а деш. Ша волччохь охьалахлуш, цуьнан тидам хилира чохь корехь богучу чиркхан серло тохалуш, дIаяза а юьсуш. Тохаран тулгIено цIенош а ластийра, корах сизбаьлла куьзган бIаьрган ах охьабуьйжира. Цигахула чухьаькхначу мохо юха а дIабайаза бисира чIурам…Лайла охьабоьжна куьзган бIаьрган ах, схьа а эцна, корехь дIахIоттийра цо, жима хьостам тIетаIорца дIа а чIагIбеш…
Ло а долалуш дара, даккхийчу чимашца, герзийн гIовгIанаш а юьйлура кест-кеста, ойланаш а гIуьттура, уьш Деле дечу доIане йоьрзура… Дагна хала дара, делахь а цхьа сирла а дара…Лаам а бара кху херцаршна, герзийн гIовгIанашна, дарделлачу адамашна юккъехь цхьа синтеман гIайре кхолла, шайна гонах, хIокху доьзална гонах – гIайре, тIеоьхуш хIара ло а долуш… Кхуо тховса латийна чIурам мохо дIа а ца бойуш… са а тосуш, са а довш… бIаьсте а йолуш… латта а охуш… хьаьжкIаш а юьйш… юха догIанаш а оьхуш…юха малх а кхеташ…

# ЛО ДУ ДОГIУШ

**Ло ду догIуш**[70]

Стаг лаьттара шен тишчу цIийна уллохь. Дукха а хан яра иза иштта лаьтташ. Иза цхьалха стаг вара, харцонаш, бохамаш дукха лайна. Иза нахана вицвеллера, нах цунна а бицбеллера. Хьекъална иэшна иза, амма адамашна кхераме вац, олура цунах наха. Стагана бен а ца хетара

шеха хIуъа а аьлча а. Цунна деккъа цхьа хIума лаьара: цкъа мацах ша жима волуш шена девзинчу малх кхеттачу, тайп-тайпанчу аьзнех, хазчу хьожанехь дуьзначу дуьнене цхьана минотана, я цхьана мIаьргонна вухаверза.
Амма и кхуьнан лаам, дийнера де мел дели, гена болура, дийнера де мел дели кхин беснаш хIаллакдеш, кхуьнан кхетаме богIура Iаьржа бос. Цхьана дийнахь ишта ойланаш еш, и стаг шен цIийна хьалха лаьтташ ло доладелира. Даккхийчу чимашца, бамба санна, кIеда и ло тIедуьллура массо хIуманна. Дерриге а дуьне кIайдора цо.
Цецваьлла хьоьжура стаг оцулаьтта юссучукIайлле.
Иза алсам мел ели, шен ойланашка синтем буссуш санна хетара цунна. ТIаккха Iаьржа бос дIатоттуш, жимжима богIуш, цуьнан кхетаме бан болабелира кIайн бос. Кхунна гонахара ло алсам мел долу алсамболура и кIайн бос. Эххар а буьйса юкъал тIехъяьлча, кхуьнан берриге а кхетам дIалецира кIайчу басо, цуьнца цхьаьна беара синтем.
– Далла бу-кха хастам, Iаржделла хIара дуьне кIайдан йиш йолчу Далла бу-кха хастам, – элира стага.
ТIаккха иза цецвелира:
– ХIара кIайн ло массарна а цхьабосса тIедогIу-кх…
Цо шен кIайчу басца хьулдо-кх массо а хIума: Iаьржа дитташ, хоттахдуьзна некъаш, Iаьржа цIенош, дика нах, вуо нах... – массо а хIума хьулдо-кхлайн чимаша. Массо а хIума кIайн хуьлу-кх лайна кIелахь. Делахь хIета, массеран а, къинош, зуламаш динчеран а тIехь, йиш ю-кх оцулайно шаьш кIайдинчохь, кхин Iарж а ца луш, диса. Церан йишю-кх, ло дашале, дохкодовла. Ло дешча, тIаьхьа хир ду, ло дешча, дерриге хьалха ма-хиллара хир ду.
Иза чIогIа цецваьккхирашена гучуяьллачуоцукъайлено, и нахе дIа ца хоуьйтуш Iен бакъо яцара цуьнан.
Лулахойн неI туьйхира цо. Хан яьлла хан йолу дела, ехха етта дийзира.
– Хьенех, хьо вуй иза? – элира араваьллачу хIусамдас. – Хьуна хIумма-м ца оьшу?
– ХIан-хIа, ло ду вайна догIуш. Ло дашале дохковаьлча, дика хир ду хьуна.
– Дика ду, – хIара вевзачу хIусамдас кхин тидаме а ца ийцира кхуо бохург. – Чу а волий, чай малахьа, вохлохьа.
– ХIан-хIа, со дуккха а нахе дIаала дезаш ву.
Урамехула дIатаьIира стаг.

Дукха хьолахь наха хIара оцу лулахочо санна тIеоьцура, цхьа тамашийна бела а къежаш, хетарехь, уьш ца тешара кхуо дуьйцучух. Иза церан гIуллакх ду – тешар, цатешар. Кхуьнан декхар дIаалар ду. Цхьаьннан цIийнан ков дехха детта дийзира цуьнан. Цу чохь гIовгIанаш яра яккхий, тайп-тайпана мукъамаш хезара. Эххар а цхьамма ков диллира.
Стага ша деанарг дIадийцира.
Вукхо:
– Яхийта кхузара, Iовдал! – аьлла, цхьа чIогIа ков тIетуьйхира. – Ахь ца аьлча, суна ца хаьа хьуна, ло дуйла догIуш!
Стаг кхидIа а вахара. КетIахь цхьа сирла стогар богучу, цхьана доккхачу цIенна хьалха сецира иза. Цу чуьра хIусамдашозза къуй а баьхкина, шозза а лулахой орцахбевлла кIелхьара ваьллера. Тховса, уьш юха багIахь а аьлла, дийнахь ша лехна деана герз а дуьйлина Iара иза.
НеI етташ лелачу стагана ца хаьара иза. Цо массеран санна, неI туьйхира оцу цIийнан а. Массо а стаг къу тарвелла Iачу хIусамдас, корах ара а диллина, герз туьйхира. Хьажийна а ца туьйхира, дуьхьалдIа къу дIачовхо дагахь туьйхира.
Амма неI еттачу стагана кхийтира иза.
Дуьхьал герз ца долуш тийналла хIоьттича, корах арахьаьжира хIусамда. Шен кетIахь аркъал воьжна
Iуьллуш стаг гира цунна. Вевзира цунна иза. Иза къу вацара, наха «Делан-пекъар» олуш цIе йоккхуш, цхьа миска стаг вара, лакха юкъахь, тишчуцIа чохь Iаш волу.
Хьаьдда вахна, воьжна Iуьллучунна тIехIоьттинера хIусамда:
– Суна ца хаьара, суна ца хаьара, – бохуш.
Лен чов хиллачу адамо, шена герз тоьхначу стаге хьала а хьаьжна, элира:
– Ло ду догIуш… Лайно массо а хIума кIайн до…
Ло дашале доххковала… ло дешча тIаьхьа хир ду…

# ДАС ЙОЬГIНА БЕШ

**Дас йоьгIна беш**[71]

БIаьсте йолуш суна дагайогIу тхайн шира юрт, сайн бералла дIаяхна меттиг а. Хьаннаш юккъехь Iуьллуш яра иза. Дитташ, коьллаш керл-керла тIейовлура цигахь. Цундела шаьш йол хьокху цанаш а, даьхний

дежа меттигаш а кест-кеста царах цІанъян дезара нехан, цІан ца йича юкълур яра.
Цкъа мацах яккхий хьаннаш хиллачух тера дара цигахь, и хьаннаш хедош, юьхкаш ягош, ирзуш дохуш, баха хевшинера кхузахь нах. ХІетахь кхузахь хедийначу хьаннийн хІу дара иза, тІепаза дан ца туьгуш, юхюха а денлуш хьалагІертарг.
ЦІера даьхначу кхойтта шарахь дика аьтто хилира коьллийн…И кхойтта шо дІа а даьлла, юха цІа кхаьчначу юьртахошна синтарех даккхий девзанаш хилла карийнера. Хьуьно, го гатбеш, юкъаерзийнера юрт, акхарой гергадаьхкинера, лунаш хуьлу бохура эвла юккъехула кхерсташ лелаш, адамех къахкар доцуш.
ЦІа дирзинчу адамийн шайна даха меттиг акхарошкара а, ораматашкара а юхаяккха дийзира. Акхарой-м девдда дІадахнера, гІовгІанах девдда. Ораматашца болу къовсам иштта сиха дІа ца бирзира.
Дикка къахега дийзира. Дагаршца, херхашца, мангалшца тІетаьІначу наха, ораматашкара юхадаькххира шайна дуьйш-дерзош лело латта. ХІинца юьрта боьдунекъ боцуш (Орган тІехула тиллина тІай дохийна дела), пхи шо а даьлла. Оцу пхеа шарахь чІогІа аьтто хилла хир бу церан, ораматийн: маргІалех синтарш хилла хир ду, синтарех – коьллаш, коьллех – девзаш…
ХІаъ, хІетахь, тхо тхайнширчуюьртахь Іаш, со жима волуш, шаьш оццул чІогІа ораматашца къуьйсуш доллушехь, шайн керташкахь бошмаш юьйгІура наха, лахенцара тайп-тайпана синтарш а кхоьхьуш: Іежаш, кхораш, баьллаш, туьркаш, гІаммагІаш (и тІаьххьара шиъ дика ца кхуьура ламанца, къаьсттина гІаммагІа, стоьмаш балар кІезиг хуьлуш, гІеллуш, гІеллуш, эххар а, якъалой, дІайолура…).
Дас а юьйгІира цІийна тІехьа а, уьйтІахь а беш. Бакъдерг дийцича, и шатайпа беш яра. Цо доьгІначех дукхахдерш акха синтарш дара: акха кхораш, акха Іежаш.
Уьш дикка ондадевлча, цхьана бІаьстенан юьххьехь, дас церан баххьаш дІахедийра. Царна тІе оцуюьртахь уггаре а чам болу стоьмаш лучу синтарех даьхна кегий, беран пІелггал деха а, оццул шуьйра а хир долуш генаш дуьйгІира. Генийн цхьа юьхьиг, тІера ковст дІайоккхуш, цІанйора цо, тІаккха и юьхьиг дІахадийнчу акхачу синтаран кевстигна юххехула чуюгІура. Цхьана синтаран гІода тІе я шиъ, я кхоъ, я йиъ га

югIуш меттиг а хуьлура. ТIаккха и генаш асанца дIадоьхкура, чевнаш санна, цутIе жимма Iаьржа латта я ширъелла кхелли а юьллуш.
Юьртара нах цецбуьйлуш хьуьйсура дас лелочуьнга. Дукххахболчара, бела а къежаш, кортош лестадора:
«Эрна къахьоьгу, гIуллакх хир дац», – бохуш.
Амма гIуллакх хилира: тIейоьгIна генашдукххахъерш денъелира.
Наггахь цхьана гIода тIера шиъ я кхоъ денъеллехь, царах тоьлларг юьтура, вуьйш дIайохура.
ТIаккха шо шаре долуш тIейоьгIна га йоккха хуьлура, и хоттаеллачохь муо хьовзабора, иза хан дIа мел ели шарлора, акхачусинтаран гIодахдIауьйш, эххар а цхьанна а къаьстар доцуш, цхьа синтар хуьлура тIедоьгIначух а, бухахь хиллачух а. Цул тIаьхьа цу синтарх, стом а луш, могаш Iаж я кхор хир бу бохучух тешарш а кIезиг бара. Юха заза даьккхича: «Заза телхина охьадужур ду, стом хир бац»; стоьмаш латийча: «Стоьмаш телхина охьаэгар бу»; охьа ца эгча: «Юккъера бехка хир бу».
Стоьмаш бехка а ца хилира, мелхо а цхьа шатайпа чам болуш бара: акхачу стоьман мусталла а, наха кхиийнчун марзалла а цхьаьнаийна.
Дас доьгIначу синтарех, дуккха а стоьмаш а луш, дика беш хилира. Цо дика дола а дора цубешан, бIаьста я гурахь генаш кходура, гонаш самсадохура, тхуна, берашна а, Iамадора бешан дола дан.
И цомгаш хилча, тIаьхьа и дIаваьлча, гIелделира бешан доладар, беш юкъьелира, дIатесира…
ТIаккха тIом белира, хьалхара тIом: юьртахь мел долу цIа дагийра.
ХIетте а адам хьалаоьхура шайн дай баьхначу, бошмашна дола дан, хилла стом схьагулбан, цанаш цIанъян, мангал хьакха.
ШолгIа тIом белира: Орган тIехь тиллина тIай дохийра, стиглара чу бомбанаш а тоьхна, хIинца юьрта кхача а йиш яц, хийла гергара нах дIабоьхкинчу кешнашка хIотта а. ХIинца кешнаш а, юрт а, коьллаш, къух даьлла, юкълуш хир ю.
Цхьа шо хьалха гуьйренан юьххьехь, Орга гомха долчухула хих а ваьлла, тхан юьрта вахна хиллера Зонахара цхьа-ши стаг.
Пайдаоьцуш стаг а воцуш, Iанабаханчу стоьмех йоьттина лаьтта акхаяьлла юрт схьагича, бIаьргех хи делира шайн бохуш дийцинера цу шимма…
И схьахезча, кхин а чIогIа лиира цига ваха. Го тессина, Шуьйтахула, Лакха-Варандахула вахалур вара цига, машенца ца вахалахь а –

говраца я гIаш. Тракторца а вахалур вара…Амма ца вахара, бевза-безачара: «Ахь хIун до цига вахна, некъаш кхераме ду, минаш хила а тарло, цу тIе хаддаза цуюьрта чу детташ герзаш а ду, яккхийчу тоьпийн хIоьъанаш; водахь а, тIеман омаранатера[72] бакъо а яьккхина, тIай а тиллина, цхьаьний гIур ду вай», – баьхна.
Цара и аьлча, сунна цхьа хIума дагадеара. Мацах цкъа Казахстанера цIа доьрзуш, тхан юьртахошка аьлла хиллера, цу къаххашка хьала а ца гIерташ, лахенца шайна юрт а йиллий, совца. Шина даггахь хиллера нах. «Аш хIуъу дахь а, со сайн да, деда ваьхначохь бен цIе латор йолуш вац», – аьллера дас. Нах тIаьхьахIиттинера.
ХIинца пхи шо а ду, и юрт тесна лаьтта, тIай цахилар бахьнехь. ДIа ца даккхадаллал доккха бахьна ду иза?
Тхан метта дай хилча, царна карийна хир бара юьрта боьду некъ. Дайн некъаш… Тахана мила ву дайн некъаш деш?Я уьш дан гIерташкъахьоьгуш?КIезиг бу.
ТIаьххьарчу хенахь ас кест-кеста ойлайо дех лаьцна. Юьртахь стаг цомгаш хилча, я бежанна, уьстагIна сиркхо хьакхаелча, я жима бер барамал тIех дилхича, ламаз дIадоло я Къуръан деша Iама лууш верг (и тIаьххьара ши хIума чIогIа дихкина а дара хIетахьлерчу
Iедало, и иштта хиллехь а, гуттар а шиъ я кхоъ мутаIелам хуьлурацIахь дас гуттар а дарс хьоьхуш), зуда дIа а яхийтина, и юхаяло лаамберг, кхин, кхин – гIонакъосталла я хьехар мел оьшург мичча хенахь: Iуьйккъехь я сатосучу заманахь наьIарга схьахIуттура.
Да, цхьа а хамталла[73] йоцуш, ара а волий дIа а воьдура, нахана орцахвалар шен декхар а хеташ. ХIинца суо кхетча санна хета суна цо лелийнчун маьIнех: хIокху дуьненал дукха эхартан ойлаеш, цунна къахьоьгуш вехара иза.
Тахана соьца дац дас лелийначу гIуллакхех дукхахдерш. Амма наггахь ойла хуьлу сан, тхан ширчу юьртахь цо йоьгIначу бешан доладийр дар-кха ас олий…
Оцу бешах болу лазам хьегIа болало сан сица бIаьстенан юьххьехь. Дагна базло тесна йитинчу оцу а, кхин дуккхачу а Нохчийчоьнан бошмийн сингаттам.

# СФИНКС А, СЕДАРЧИЙН СТИГАЛ А, БІАРЛАГІАШ А

**Сфинкс а, седарчийн стигал а, бIарлагIаш а**[74]

И тIулгах дина цхьана тамашийначу Iаламатан я туьйранерчу экханан сурт суна дуьххьара историн

Iамат тIе тоьхна гира. Дуьхьал хIоьттираМисаран малхо ягийна, кIайчу гIамарийн еса аре. Оцу есаллехь ша цхьаъ лаьтта сфинкс, гонах цхьа а хIума а доцуш, буьйса йоьлча гучудовлу стиглара цхьа седарчий доцург.

«Ма цхьалха, ма сингаттаме хир ду цунна бIешершкахь цигахь, йистйоцчу есаллехь лаьтташ», – ойла хилира сан хIетахь, жимчохь, и тIулган хилар диц а делла. Вокхха а хилла, яздархойн, суртдиллархойн юкъаметтигаш йовза волавелча, ас тидам бира оцу тайпанчу нахана юккъехь Сфинкс хила лууш адамаш хилар. «Со цхьаъ бен яздархо вац! Со цхьаъ бен поэт вац! Со цхьаъ бен художник вац! Кхиберш бан а бац, я царах цкъа а хир а бац, церан хьекъал а, доьналла а, похIма а ца тоьа соьца дIанисвала», – иза дара церан къамелийн, леларийн коьрта маьIна. Царна чIогIа лаьара шайн говзаллехь иштта еса аре хIуттийла а, оцу арахь Сфинкс санна ирх а вахна, ша лаьттийла а. Далатохар церан и лаам хилар а дацара, далатохар царна иза иштта ду аьлла боккъал а хетар дара, боккъал а чIогIа шаьш – сфинксаш а, гонахарнаш – гIамарш а.

Бакъ а долуш, и нах мелла а похIма долуш, шайн говзалла дика евзаш хуьлу.

Оцу тайпанчу нахана ца го шайна уллорчун цхьа а тайпа кхиамаш, церан уьш хила йиш а яц аьлла дог тешна а бу, царна ура-атталла вовшийн а ца го. И тайпа нах беха шаьш кхоьллинчу шайн дуьненахь (аьлча а, есачу гIум-арахь).

Иза синан цамгар яра. Ас цуьнан цIе тиллира «сфинксан синдром». Билггал и цамгар кхоллараллехь къахьоьгучу цхьадолчу адамех кхетта хиларх со тийшира, театре балха а вахна, цигара белхалой бевзича. Къаьсттина цхьа режиссер вара цигахь шех, Сфинкс хьовха, ПирIун тарвелла, шен говзаллехь ша дийриг бен дош дац бохуш, дуьненахь а цIеяххана режиссераш, шен хилла хьехархой а тIаьхьа, нехаш хеташ. Цунна кIезиг яра Нохчийчоь, шен ойланехь цо дерриге а дуьненах

йинера гIамаран еса аре, ткъа ша, Сфинксах тарвелла, айавелла лаьттара иза, чIениг ирх а яхийтина, адамашна хьовха, гIалин лекхчу цIеношна а тIехула хьоьжуш.
Ванах, кхоллараллех дIа мел хьакхавелларг ишта вутехьа аьлла, ойлане ваьлча, цхьадика, ишта ца карийра. АлхьамдулиллахI, кхечу тайпана нах а бара: цхьажимма бен дацахь а, хьан диканиг гуш, хьан кхоллараллехь жимма а говза хIума нисделча, иза гучудоккхуш, къагош, даздой дуьйцуш, хиндолчух тешош, дегайовхо кхуллуш.
Иштта стаг вара Сулайми Ахьмад а.
Иза, шен мел велларг юхавеъча санна, воккхавера нохчийн маттахь язъеш цхьа стаг гучуваьлча. Шен йозанаш Iадда а дуьтий, Ахьмад араволура, иза тIаьхьа а хIоттавой, цо язйинарш зорбатохийта, хьенех вевзий шуна бохуш, редакцешка хIуьттуш, ца вевза аьлча цецвуьйлуш, цунах лаьцна кIорда ца деш дуьйцуш, цуьнан сийлахь хиндерг хьехош, кест-кеста: «Гал ма ваьллахь, кIант!» – олий, цуьнга юха а хьожий, мохь а тухуш…Юха и ша волчу веача, цуьнан хенарниг, хIанхIа, цул жиманиг хуьлий, хьошалла деш, дечиг-пондар тIехь иллеш дагардеш, хилларш-лелларш, къонахийн гIуллакхаш дуьйцуш Iара хан хене яллалц.
Айса лелочун ойла йича, суо а хета суна цунах тера: жимма а могIанаш вовшахтаса гIертарг йохье вохуш,
«хьох поэт я яздархо хир ву хьуна, къахьега деза, вайн нохчийн литература вай кхио езаш ю хьуна, со волчу а вола, «Пхьарматан» заседанехь дакъа а лаца, дуьххьара вай хьан произведени пенагазет тIе тухур ю, тIаккха «Орге» дIалур ю, телевидене кхойкхур ву, тIаккха юкъарчу гулар юкъа гIур ву, юха хьайн киншка араер ю…» – бохуш, къамелаш деш, юха церан йозанаш доьшуш, уьш нисдан гIерташ, чIогIа къахьоьгура ас цхьана хенахь.
ХIетахь, со студент волуш, ас цкъа къамел а дира университетан хьехархойн а, Iаморхойн а гуламехь, нохчийн литература кестта французийнчуьнца дIанислур ю, бохуш… Со цунах чIогIа тешаш вара, и иштта хирг хиларх. Вайн цхьана яздархочо, сан цIархочо, соьга ала а элира: «И нах стенна базабо ахь хьайна тIаьхьа, хьоьга царах я яздархой а, я хьайна доттагIий а балур бац, цу тIе яздархой, доттагIий оццул дукха хуьлуш а бац».
Дукхахдолчунна иза бакълуьйш хиллера: со яздархой бан гIиртинчу нахах – цхьаболчех – суна луьра мостагIий хилира, вуьйш – шайн

дахарх мел ца нисделлачунна а со бехке хеташ, дегабаам а бина, суна тӀаьхьашха луьйш лела, шайн къинойн маххьаш даздеш; кхоалгӀачех бакъйолу сфинксаш хилла, уьш а тӀетаьӀӀина къахьоьгуш бу, шайна гонах малхо еттина еса аренаш алсамйохуш… Бакъдерг дийцича, цхьа масех сан даге хьаьжжина а ву: шайн литературин уьрда тӀехь хаддаза къахьоьгуш, цу тӀе шайн ойланийн хӀу дӀадуьйш, хьалакхиъна «ялта» дайш чу дерзош…
Делахь-хӀета, эрна дац-кха ас хьегна къа! И мухха хиллехь а, со кхечу кепара хила а лур вацара, я хӀинца а хила а ца ло. Суна сайна гонах сайн говзаллехь хьанал къахьоьгуш дуккха а нах ган лаьара. Уьш цахилар сингаттаме а, цхьалха а хир дара.
Иштточу синхӀоттамна а цӀе карон хьаьжира со, дагатесира: «седарчийн стиглан синдром». Цуьнан маьӀна хӀун ду? ХӀара: стиглахь седарчий дуккха а ду, хӀораннан а лепар шатайпана ду, цхьамма а кхечун лепарна новкъарло а ца йо. Яздархой а иштта хила беза… Цхьадика, иштта ойланаш йолу яздархой а нисло.
ХӀара кху тӀехь дӀадерзо дагахь вара со, амма хӀокху тӀаьххьарчу хенахь, хӀара шолгӀа тӀом дӀабаьлча кхитайпа «цомгаш» нах а гучубевлла литераторшна юкъахь. Хьалха яздархошна юххехь хьийзаш, ийза а луш, эхь а хеташ, шайн цхьацца гӀийла йозанаш царна дӀаоьхьуш, вукхара гӀиллакхнашаьш кхоош дош аьлча а, цӀай хуьлуш лелла уьш, «яздархой»боху цӀе эвххьаза шайн дола а яьккхина, шаьш-шайх статьяшязъеш, вовшашкара интервьюш ийъеш, буьйлабелла лелара, тӀамах бевдда цхьаболу яздархой цӀерабовлар бахьнехь еса йисина церан меттигаш дӀа а лецна. (Царна хетарехь, амма бакъволчу яздархочун меттиг цкъа а еса ца хуьлу, иза миччахь хилча а).
Нагахь «сфинксан синдром» ерш мелла а похӀма долуш а, шайл говза дуьненахь а яздархо ца хеташ а белахь, хӀокху вай юьйцучу тобанна а дика хаьа шаьш гӀийла яздархой буйла. ХӀетте а церан Ӏалашо ю шаьш лелочух адам тешор, къаьсттина Ӏедалехь берш. Цу тӀехь уьш кхиаме а кхочу, хӀунда аьлча нохчийн маттахь йоьшуш а, литературех кхеташ а Ӏаламат кӀезиг нах бу, къаьсттина хьаькимашна юккъехь. Цундела церан кхиам а хуьлу моттаргӀанаш лело а, цунах шайн пайда бан а. Церан кхин Ӏалашо ян а яц, атта рицкъа даккхар бен, дӀо малхо ягийнчу есачу арахь хьогалло хьовзийнчу некъахочунна хӀуьттучех терра суьрташ а хӀиттош нахана. Боккъал а литературни дахар дӀахӀоьттича седарчийн стигал а юьсур ю, сфинксаш а лаьттар ю,

бIарлагIаш йовр ю. Йовр ю аьлча а, литературехь шаьш лело моттаргIа (со ала гIертачун дуьззина маьIна оьрсийн дашо кхуллу – имитаци) Iораяьлча, уьш кхечу уьрда тIе бевр бу, изза «болх» цигахь а бан, шайна гайкхача хилчахьана, кхечухIумнан церан кIезиг бала хуьлу.
И «бIарлагIийн синдром» йолу адамаш гучудовлар вайн махкахь лаьтта лартIехь доцу хьал ду аьлла хета.
ТIом – иза дахарехь хила хьакъбоцу, оцу дахарна дуьхьал болу Iаьржа ницкъ бу. Оцу ницкъо олалла дечохь хIинццалц хила йиш яц аьлла хетта хIумнаш гучудуьйлу: тайп-тайпана синкультурин мутанташ а, бIарлагIаш а…
Хих Iаьбча, некъахочунна есачу арахь хIуьтту суьрташ дIа ма-довллара, дахар лартIе деача, «бIарлагIаш» а дIайовр ю, я церан шайн меттиг хир ю – хьалха хилларг.

# ЛАМ А, ХIОРД А

**Лам а, хIорд а**[75]

ТIом мIаькбаьлча а гIали чохь вара Вара. Гонах мел верг дIавоьдуш а, дIаваха ца лууш Iийра шен деций, ненаций. Бакъдерг дийцича, кхин и шиъ а дацара дIадаха лууш. Да Iожалло сецош хиллера, хIара бахамо сецавора, нана кхушиннах къаста лууш яцара. Мацах цкъа цIера дохуш дех-ненах а къаьстина, кхин царах дIа ца кхеташ, и шиъ дала а делла йисчахьана, шен доьзалх яьлла де-буьйса даккхалуш а яцара.
Варин ден-ненан хIарий, кхул ши шо йоккха йоIIий бен доьзалхо а вацара.
Санет марехь яра. Цхьадика, иза сагатдан дезаш яцара. Иза шен майрачуьнца цхьаьна дIаяхна Москвахь ехаш-Iаш яра. ХIара шолгIа тIом болабалале, кхуза цIа а еана, кхарна йилхира: «Кхузара дIадовлахьара шу, ма къиза хьал хIоттор дукхузахь, бохуш дуьйцу-кх Москохарчу гIазакхаша…»
Дас: «Дала диннарг бен хир дац. Са ма гатде, катоххий хьайн бераш тIе дIагIо», – аьлла, дIахьажийра иза.
Варин ялхкерт-ков дара, бензин духкуметтиг а, шиъ туька а, оцу туьканийн лармеш юьззина – товараш а, сурсаташ а.
Кхунна боккха бахам бара иза, кхуо хIокху тIаьххьарчупхеа-ялхшарахь вовшахтоьхна. Кхунначул а доккха хIума хетара иза кхуьнан дений, нанний, юьртахь кха тIера долу ялтий, бежнах, уьстагIах хуьлу маший, лахьий бен хIума ганза долчу.

– Маржа Вара яI! Обарг Вара санна, хьо къонах хиларе сатуьйсуш тиллина хьуна ас и цIе… Дуьненан рицкъанах ца Iехалуш нах кIезиг бу хьуна, хьо ларлолахь…– олура дас. ТIаккха гIийллаша-шега олуш санна тIетухура: – Хьуна накъост хила ваша-м ца хили хьан… Кхуьнан хиллера шиъ ваша а, кхин кхо йиша а…
Кегий болушшехь беллера. Уьш кхунна дага а ца богIура… Ткъа кхуьнан дас, нанас шайх къаьстинчу кхечу гергарчу нехан аматашца шайн берех болу дагахьбалламаш а лелабора. Цу шинна чIогIа хала дара.
Кхунна иштта хала дацара, церан дегнаш тIехь Iуьллу лайначу халонийн, къестарийн, дагахьбалламийн йозалла сица хаалахь а… Амма иза гIан хиллера, боккъал долчу къастаран, боккъал болчу баланийн къахьалле хьаьжча. Иза кхунна хиира, Iаьнан хьалхара бутт юккъе боьдуш хIорш
Iачу урамал цхьа-ши куп дехьахь бомбанаш йиттича.
Цу дийнахь кхуьнан ялх цIийнах пхиъ хилла меттиг йоцуш дохийна дIадехира. Оцу цIенойх бIаьрг тоха воьду да цига дIа ца кхаьчнера… Иза гIали йистерчу кешнашка дIаволла халла пхиялх стаг вовшахккхийтира. ДIа а хала воьллира, тIедетташ герзаш а долуш.
– Нана, кху гIали чуьра, мухха даьлла а, арадала деза вайша, – элира кхуо, да дIа а воьллина, юхавирзинчу сарахь.
Нана тIетайра. Амма карахь ахча дацара, хилларг дIадаьллера. ХIара шен туьканаш йолчу вахара.
ГIишлош йохийнехь а, лармеш йиснера. ХIумнех, сурсатех тIанкьаьлла юьзна уьш ах а яцара. Царна доладеш хьийзаш тIеман барзакъ тIехь долу цхьа тоба яра.
ХIокхуо ша цу лармийн, цу чуьрчу хIумнан да хилар дIакъадийра. Иза а тоьира дарбеллачу вукхарна хIара, тоьхна-тоьхна, шен туьканан ларми чукхосса, хIинцийхIинций, Даймахкана ямарт хиларна, тоьпаш туху хьуна шаьшбохуш кхерамаш а туьйсуш.ШолгIачудийнахь лорах тIаьхьа еанчу нанас тобанан баьччане дехарш а деш, «гIаггIанехь» елха а йилхина, кIелхьарваьккхира иза.
ТIаккха нохчий гIали чуьра арабевлира, минаш тIехь лелха а лелхаш, Соьлжа-ГIалара Iалхан-гIала кхаччалц йолу аре шайн догIмийн дакъойх юзуш. (Цу хьокъехь кхуо дийшира тIаьхьуоМоскохахь каракхаьчначу«Идущие в ночи»романа тIехь…Иза цхьа агIо къагош, важа

Іаржъеш язбина аьшпаш бара, хилларг хьехадахь а).
ТІаккха, масех кІира даьлча, кхеран наьІарга баьхкинчу салташа хІара пенаца дІахІоттийра, тоьпаш тоха.
Бехк-цабехк къестош а дацара, нохчо хилчхьана. Нана когех хьаьрчира тобанан хьаькимна, йоьлхуш, мохь хьоькхуш, хьесталуш. Иза дагах тІулг хилла балаза волчух тера дара, ненах къахетта, хІара ца вуьйш витира цо.
ТІаккха нана карзахъелира: «ДІадаха деза кхузара, дІадаха деза…»
– Собарде. Нехан махка а дахна, сагІадоьхуш лела йиш ма яц вайшиннан.
Цхьа ши бутт баьлча, цхьацца организацеш а, цигахь болх беш болу нах а гІали чу эха буьйлабелира.
Кхуьнан лулахо а веара, гІишлошъярхойн тобанца.
– Ялх керт а, ши туька а юхкуш ву со, Бека, – элира кхуо цуьнга.
– Ахь стенна юхку уьш, тІом чекхбаьллачу хенахь, – цецваьлла, къаьрззина кхуьнга хьаьжира Бека.
– Кху махках чам баьлла сан, дІаваха воллу со…
– Мах хІун бу хьан?…
– Схьабелларг…Суна лаххара а цхьа кхо эзар доллар оьшура…
– Нийсса и соьгахь дуйла муха хии хьуна?.. ХІан, хІара ду хьуна…
– Ас йоьхки-кх хьуна оцу ахчанах сайн ялх керт а, ши туька а…
– Мах ма бехьа…И ахча хьайн хилчхьана схьадохьур ахьа. ТІаьхьа, хьо дохковаьлча…
– Дохковер вац… ас оцу ахчанах йоьхкина хьуна и ялх керт а, и ши туька а…
– Дала беркат дойла хьан ахчанах.
– Дела реза хуьлда!
ХІара шен ненаца кхоалгІачу дийнахь новкъаволуш тІетаьІІина охьаотушСоІди-кІотар яра (тІаьхьо-о Москохахь «Мемориало» арахецна книга караеара кхунна
– эзар сов стаг вийнера цигахь, каравеанчу масех стеган кортош а даьхна, уьш ведарш чу а дехкина, кхехкийна бохуш а яздора цу тІехь – оццул инзаре хІума хезча а, дуьне Іада а ца дира, дуьне шек дІа а ца делира), лечкъош, бойъуш, тІепаза бовш нах а бара, бехкгуьнахь а доцчу нахана денна а беш ницкъ а бара, уьш осалбохуш, царах горгамаш еш, царна тІе когаш хьоькхуш, лоьлхуьйтуш гІишлош,

машенаш, декъех дохуш мехаш…– зуламаш, къизаллаш IаьIнера Нохчийчохь.
«Лаьтто а муха лов техьа и тайпа хьал… Кхераме мохк бу, гена вала веза, гена мел вели а дика ду», – ойланаш йора Варас.
Кхин ши бутт зама яьлча, гуьйренан юьххьехь, хIарий, кхуьнан наний доьдуш, доьдуш, Белги кхечира. Хаддаза догIанаш оьхура. Арахь тIуьна дара. Дагчохь а – иштта. Цхьа цабезабелира кхунна и мохк а, цигара нах а, цигахь севцца нохчий а…
– ХIара догIанаш а доцуш, йовха меттиг яц техьа кхуЕвропехь…
–Ю, Францехь…Ницца олуш цхьа гIала…Цигахь нохчий а бу боху…
ХIара шен ненаца Ницце ваха новкъа велира цIерпоштахь. Цу чуьра корах арахьаьжча, цхьа сирла, екхна анайист гора.
Кхуо чIогIа сатеснера цига дIакхача. Дог тешна дара,
Ницца цигахь, сирлачу анайистал дехьа ю аьлла. Хила а хиллера.
Карара ахча дIа а даьлла, мацалло гIелдина, дIакхечира. Бакъ а долуш, Ниццехь йовха яра, адамаш а дара кIеда, массо а велавелла бен бIаьра а ца хьожуш: «БонжугI – бонжугI, пагIдон мсье – пагIдон, сильвупле – сильвупле, мегIси – мегIси»[76] – бохуш. Кху шинна дIакхаьчначу дийнахь яа хIума а, чохь Iен меттиг а елира, хIора баттахь луш гIо-ахча а хIоттийра. И дуьххьара схьаэцча, цхьа яьшка юьззина апельсинаш ийцираВарас. ЦIенкъа юккъе и яьшка охьа а хIоттийна, ерриге а дIайиира цуо уьш, нанас цхьа-шиъ бен ца кхоллуш. Оцустоьме чIогIа сатеснера даго мецачу, къизачуСоьлжа-гIалахь. Цундела дог Iабийра…
Оцу стоьмах санна, хIара хьаьгнера маьршачу, цхьанаэшшарехь дIадоьдучу дахарх а, дуьненан марзонех а. Марзонаш, темаш кхузахь шортта бара, дIа ког мел баьккхинчохь. Цхьанхьа я кхуссуш герз а дацара, я тIеетташ бомбанаш а яцара, я хьо иштта вуй, вуьшта вуй бохуш, хьуна тIаьхьаваьлла лелаш стаг а вацара.
Кхерам кхузахь кхечу тайпана бара: дуьненан марзонашна тIаьхьа а ваьлла, шен сица йолу тIум яйна висар. И билггал хIун кхерам бу Варина ца хаьара, амма дагна хаалора. Цундела дукха чу ца ваьржаш, юхаоьзна-а хила везар а хьоьхура кхетамо, наггахь хIорда йистехьа… ойлане ваьлча.
ХIаъ, хIорд…Иза яра кху мехкан уггаре йоккха хазна. ХIорд хаза а, буьрса а бара. ХIорд ша а дара цхьа дуьне, шатайпа дахар долуш кхехкаш, тулгIдуьйлуш.
ХIордо шена тIеийзавора, генарчу паналле кхойкхура.

ХIордо кхера а вора, мох болчудийнахь шен ницкъан къизалла тулгIенийн лаьмнашца Iора а йохуш…
Франкахойн мотт бийца кхунна кхаа баттахь Iемира.
Болх а карийра: цхьана ресторанехь къепе ларъярхо – «секюрите» олура цара кхунах. Варин лекха хилар а, тIехьаьжча онда хилар а тидаме эцначух тера дара ресторан йолчо. Кхуьнца хийцалуш верг Iаьржа жима стаг вара, Африкера веана. Иза кхуьнца кIеда-мерза вара, хIара а вара цуьнца иштта.
Шайна оцу тайпанчу белхашна тIехь конкуренци ярна, Iаьржачарна нохчий ца беза бохуш, хабарш-м дара кхузахь даьржина…
Цкъадолчунна кхунна хаалуш хIума дацара.
Нохчийчоь кхетаман кIоргенехь лозу даI санна яра.
ХIара иза дага ца лаца а гIертара. Лаамза дагаеъча, машенаш аьчганекъана бухахула йовллучохь даккхийчу элпашца яздина хилла йоза дуьхьалтосура уггар хьалха: «Марша догIийла, жоьжахате!»Кхунна бицбан лаьара жоьжахати лаьтта мохк. Амма нанас кест-кеста дагалоцура иза.
– Нана, стенна сагатдо ахь, Нохчийчохь йоллу стигал а ю кхузахь, цигахь долу лаьмнаш а ду, хьаннаш а ю… цигахь боцу хIорд а бу кхузахь, цигахь боцу машар а бу, адамаш къинхетаме а ду…
– Иштта-м ду иза…Амма…
– ХIун амма?..
– Эхь дIадаьлла меттиг ю-кх хIара… Хьайбанаш санна, дерзина цIена хIорда йистехь Iохку адамаш ца гина хьуна…
– Иза а бакъду.
– Зуда нохчо ялаелахь, нана яларг, – ненан бIаьргаш хих дуьзира.
– Ялор ю дера… Кхузахь дуккха а бу нохчийн мехкарий…КIира хьалха Голландера баьхкинчу нохчаша кхузара йигна шайн кIантана зуда, шайн юьртахо.
– ТIом дIабаьлча, цIа ваха а веза…
– Дика ду…Бакъдерг дийцича, нана, цIа вахар стенна дуьйцу, суна цу агIор дIахьажа а-м ца лаьа…Велча а, суо кхузахь дIаволла эр ду-кх ас.
–Ма аьллахь, кIант…Кхузахь лахь, со цIа хьолахь… хьайн дена юххехь дIайоллалахь…Варийлахь, кIант…
– Дика ду, нана. Дика ду.
И къамел хилла цхьа-ши бутт баьлла хир бара…

Цхьана нохчочун цхьа бер а делла, иза дIадолла кхузахь долчубусалба кешнашка бахара хIорш, ткъех нохчи, цхьана бIаьстенан довхачу дийнахь.
Суьйранна чуveъча, нене дийцира кхуо:
– ЧIогIа хазчу меттехь хиллера кхузахь бусалба нехан кешнаш долу меттиг. ГIали йистехь, цхьана лекхачу губуьххьехь…Цхьана агIор тIе хьун, стевн, хьаьмцийн коьллаш евлла арц бу, вукху агIор дIахьаьжча гуш
– лилула-сийна хIорд. «ХIара меттиг кхузахь юйла дIахаийта мегар дац цIерачарна, – бохуш, бегаш бора
ГIойтIарчу Iеламхас. – ХIара юйла дIахаахь, цIахь мел верг кхузахь ша-ша дIаволлийта бохуш, схьагIертар ву»…
– КIант, и мел хаза меттиг елахь а, со цIа хьур ю ахь… – кIоршаме элира нанас, тIаккха цIеххьана гIагIъаьлла охьайилхира.
– Ас Делах дуй буу хьуна, нана, хьуна хетарг дагахь долуш ма ца дийцира ас иза. ДуьххьалдIа тхан хилла къамел ду-кх ас хьоьга дийцинарг… – бехкала вахна хьаьвзира хIара хIетахь.
…ХIара шиъ Ниццехь дехаш цхьа шо а, ши шо а, кхо шо а делира. Кхин дуккха а нохчийн доьзалш тIе а ихира цига, бIеннал тIех а бевлира. Кхарна керла петар а елира, гу тIехь долчу цIа чохь, корах дIахьаьжча хIорд а гуш.
Вара шен балхах мукъаваьллачу хенахь цкъа хахкалой Монако воьдуш, юха хахкалой – Риме, тIаккха –
Лиссабоне, йовхо кIордийча Норвеге хьодуш, дахарна чуваьржира, массо хIума ган а, довза а йолу хьогалла яйъа гIерташ, амма мел кхерстарх, и хьогалла дIа-м муххале а ца йолура, мелхо а кхитIе а совйолура.
Кхуьнан саца, ойлаян хан а яцара, дахаран карзахалло юкъаверзийна, дIо чехкачу хин кIуркIманехь хьийза, цхьана берда йистехь кхуьуш хилла, хино бухара латта дIа а даьхьна, шен орамашца цхьаьна ядийна йохьу коканан колл санна, дIасауьдуш вара. Кхуьнан дахаран и екхна стигал мелла а кхолош цхьалхха цхьа хIума дара – нана сингаттаме хилар. Цунна йистхила цуьнан хенара махкахой чукхуьйлуш, нохчийн иллеш, эшарштIехь йолу экъанаш, гойтукассеташийъеш, суьйранна чуveъча я Iуьйранна аравалале къамеле вуьйлуш, хIара гIерта-м гIертара цуьнан сингаттам дIаайъа. Амма цунах гIуллакх ца хуьлура,

мелхо а дийнера де мел дели ненан сингаттам алсамболура, тӀаьххьара а цу сингаттамо йожа а йира иза.
– Коьрта чу цӀий хьаьдда…Цхьадика, кӀезигчу барамехь… ГӀоли яла там бу, дарба леладахь, – элира лоьро.
Дарбанаш лелош дикка хан яьлча, нана меттаян йолаелира, дуьххьара берана ма Ӏаммара, мотт а, ког баккха а Ӏемаш.
Цхьана буса гӀенах кхунна шайн юрт а, цу юьрта чухьоьжуш лаьтта тӀехь кӀайн ло, шаш долулам а гира.
Цу ломах чу кӀайн хиш уьдура. Кхеран юьрта кхочуш, уьш лекхачу бацалахь довра…ШолгӀачудийнахь, кхин ненаца хӀумма а дийцаре ца деш, цӀа ван билеташ ийцира Варас. Нана, йист а ца хуьлуш, тӀетайра кӀентан сацамна…
Некъахьовзам боцуш, дика цӀа кхечира и шиъ.
ГӀалахь чу ваха еса хӀусам ян а яцара. Нах а, машенаш а алсамъевллера. Кхуо керташ йоьхкинчу лулахочо а ца элира: схьавола, хьайн хиллачу хӀусамехь Ӏиэ цкъачунна. Цхьа шийла вистхилира. Иза мелла а воьхна а хийтира кхунна. Цунна моьттинчух тера дара, хӀара цкъа бина мах а бохош, шен керташ юхаезаш цӀа веана. Кхунна-м и дагахь а дацара. ХӀетте а хӀара дог тешна-м вара, цо шега, ахь шена белларг мах бацара, хьайн сабӀарзделлачохь керташохьа а кхийсина дӀавахара хьо, хӀинца цхьаъ мукъна а дӀа юхаэца хьайна эр ду. Ца элира. Делахь Бека хьалхалерниг вацара, хийцавеллера.
Хийца-м массо а хийцавеллера. Гонах схьа мел гург чуьраваьллера, махкахь денна а хуьлучу зуламийн, бохамийн, денна шайна уллора дӀакъестачу нехан ойлаяр кӀезиг долуш, пособеш, компенсацеш, пенсеш, дуьненчу бевллачарна а, белларш дӀабохка а лун ахча, къинхетаман организацеша ден гӀо схьаэца гӀерташ, тайп-тайпана кехаташ кечдеш, кхаьънаш тоьлуш, кхаънаш ийдеш, нехан гӀуллакхе хьовса декхарехь болчара цу нахана тӀера цӀокарчий йохуш, уьш якъа а йой, дӀаюхкуш…– къизалла яра котъяьлла хьийзаш.
Адамаш далар а, уьш дӀадохкар а, тезет хӀоттор а, и дӀаерзор а хӀора дийнахь хуьлу гӀуллакх (хи дан вахар я дечиг даккхар) санна тӀеоьцура наха, дӀавоьллинчунна тӀе латта ма хьаькххи, сихха, хьем а ца беш дӀахьовдура Соьлжа-гӀалин херцарш кего, я цхьанхьа дама я шекар доькъучохь рогӀе хӀитта, шаьш
Ӏожаллина рогӀехь лаьтташ хилар диц а дой…Иштта хилира, Нохчийчуюхавирзина, шен дешичин оти чохь, хан токхуш, шолгӀа бутт

болабелча, цIийн Iаткъам хьала а баьлла, кхуьнан нана цIеххьана кхелхича а. Кхо де а далале, массо а дIасавелира, тезетан дай хила беза кхуьнан гергара нах а цхьаьна.
ГIалин коьртачу урамехь яздина хилла: «Марша догIийла жоьжахате», – боху йоза дIадайинера. Йоза дIадайъинехь а, жоьжахате йиснера. Иза хийцаеллера, кхечучулацаме йоьрзуш, амма дIа ца яьллера, мелхо а кхунна хьалха евзаш йоцу агIонаш гучуевллера.: иза хIинца арахь хилла ца Iаш, нехан синошца а яра.
Цундела вада везара кхузара, вуха ца воьрзуш, катоьххина, цига, йовхачу метте, кIеда-мерза адамаш долчу, темаш, марзонаш кхехкачу. И лаам кхочушбан, гIали юккъе хьаьдира хIара, тезет дIайирзина кIира даьлча, шен некъан тIоьрмиг белшах а тесна, гергарчийн, лулахойн Iодика а йина. Цкъа хьалха гIалин коьрта майда хиллачу, хIинца машенийн социйла а, сурсаташца махлело меттиг а йолчу хIара дIакхочуш, цIеххьана хезначу иллин мукъамо сацавалийтира иза. Цхьа тамашийна цIена, даггара аз дара иза, хIокху гIалин массо аьзнаш, гIовгIанаш къаръеш.
Дешнашка ладуьйгIира цо:
…Лазийний? Лазийна хьаха.
Къареллий? Дера ца елла.
Луъураш дийцийта нахе,
Нохчийчоь яла ца елла…[77]
Цхьа чIогIа дагах кхийтира цунна уьш. Кассеташ юхкучуулло а вахна, сацавелира иза. Бухахь ладоьгIуш лаьтташ кхин а масех стаг вара. «ХIинца а ца еллехь, цкъа а лийр яц хьуна», – гIийлла дешнаш кхоьссира цхьамма. Резавоцуш дIахьаьжира Вара цуьнга. Дешнаша хIуъу бахахь а, оцу иллис йийсаре вина, бIаьргаш чохь хиш а хIиттина лаьттара и беркъаваьлла, къоьжа стаг а. Илланчин шолгIачу байто са дIалецира, велхаран шад кхуллуш легашкахь:
Йожийний? Йожийна хьаха.
ГIоттур юй? Ас вала дуьллу!
ГIоттур ю кхетачу малхах,
Яха кхин малхах ца туьлуш.
Иллига ладогIа луучийн тоба стамлуш яра. Хетарехь, царна а, кхунна санна, дуьххьара хезачух тера дара и илли.
Бакъхиллий? Бакъ хилла хьаха,
Беллачех хьогчу вай дохуш.

Амма вай кхуьур ду даха,
Белларш схьабелара бохуш.

Иллин кхоалгIачу байто логера шад баша а бина, бIаьргех хица охьахийцира, «жIожж» аьлла. Киснара хьаладаьккхина йовлакх бIаьргех а хьоккхуш, дIасахьаьжча шегара хьал долуш карийра цунна дукхахберш. ДIо цIийнан маьIIехь сагIадоьхуш лаьтта воккха стаг ахIи-декъехь воьлхуш вара.

Илли сихха чекхдолура, чекхдаьлла а далале, юхадолалора. СагIадоьхучунна пхи туьма ахча а делла, и санна мохь тоьхнна велха ца велха, сихха таксеш йолчу агIор дIаволавелира Вара. Кхуо деллачу сагIано самабаьхна нах мискачу стагана хьалха лаьттачу жимчу яьшки чу ахчанаш кхийса буьйлабелира. ХIара такси чу хууш вухахьаьжча, яьшка хьалаюзуш йоллура. Амма воккха стаг, ша цигахь хIунда лаьтта а, ахча а, дуьне а диццдина, тIаьхь-тIаьхьа шовкъе оьхуш, воьлхура.

– Сипсу-гIала, айрапорте, – элира Варас.

Таксисто машен дIалаьллира.

Цхьана юкъана кхетам тхьузбоьлла, Iадийча санна, вогIа а велла Iийра иза, корах нийсса дIа новкъа а хьоьжуш. ЦIеххьана оцу иллин мукъам кхуьнан кхетаме хьаьдира, дуьхьало дIаяьлча чухьоду сацийна лаьтта хи санна.

«Нохчийчоь яла ца елла… Белларш схьабелара бохуш… гIоттур ю»… – иллийн кийсигаш а гIуьттура ойланехь. Юха а бIаьргаш тIунделира. Шопаро цхьаъ олуш санна а хетта:

– Хьо вист-м ца хилира? – элира кхуо.

– Кхин сингаттаме хIума-м дац?

– ХIан-хIа… и илли… аьлча а… Нана дIаяьлла сан…

– Дала гечдойла цунна.

– Дела реза хуьлда! – бIаьргех йовлакх хьаькхира кхуо.

Амма кхетамехь и иллин мукъам а бацара соцуш, бIаьргех оьху хиш а дацара совцуш.

ТIехьа-Мартана голатухийла йолчохь, блокпостехь, кхеран машен чу хьаьжначу цхьана оьрсийн эпсаро шопаре элира:

– Заложник-м вац хьан чуьрниг?

– Стенна бохура ахь?

– БIаьрхиш Iенош ма ву иза?

– Нана елла цуьнан.

– ХIа-а…кхеташ ду.

Царал тӀехваьлла, дӀавоьдуш, Варас ойланаш йора:
«Гуш дацахь а, диканиг а ду-кх кху махкахь… Юха а хила гӀерташ, меттаян гӀерташю-кхНохчийчоь. И илли ду-кх цунна тоьшалла. И диканиг шордала а тарлуш ду-кх, даьржаш…Гуттар а вониг дебаш хир ду техьа?
Цкъа цхьана хенахь къинхетамаш, тешамаш, гӀиллакхаш хилла мохк ма бу хӀара».
Машен саца а яйтина, охьавоьссина, юьстахуо некъа йистехь когаш тӀе охьа а лахвелла, сагӀадоьхучо дийриг-цадийриг а деш воьлхуш, шен дог дассо хӀоьттира иза. Шопар машен уллохь цигаьрка уьйзуш лаьттара.
Пхи минот а елира, итт минот а. Шопаро шолгӀа цигаьрка а уьйзира.
Эххар шен дог тедина, са духахьаькхира Варас. Шопаро шишан чохь деана, юьхь тӀе хи а туьйхира, йовлакх а хьаькхира.
– Бехк ма биллалахь, боьршачу стагехь товш хӀума дац ас лелориг.
– Со дика кхета хьуна хьох…
Машен латийра шопаро.
– ХӀинца машен юхаерзае ахьа.
– Муха юхаерзае?
– Тхан юьрта воьду вайша… ламчу…Шуьйта районе, – элира Варас.

# ХЬАН ШОВДАНАН ХАРШ

### Хьан шовданан харш[78]

– «Гумка» луш ю боху, – мохь болуш, луларчу кертара араикхина тӀехь тиша таьӀна-сийна халат а, цунна тӀехула юьйхина тӀергӀан белехъюллург а, коьртахь бой а йолу зуда урамехула дӀахьаьдча, Камална хиира, шен а хӀинца ваха дезий и «гумка» схьаоьцучу.
Гумка – иза дуьненан маьӀ-маьӀера яьхкинчу организацеша нохчийн мухӀажаршна лун сурсаташ а, салпал а яра. «Гуманитарни» бохучу дашах кхолладеллера иза.
И схьаоьцучохь дукхахберш зударий хуьлура, нагнаггахь хӀара Камал санна, масех боьрша стаг а нислора.
Кхузахь тӀамах бевдда баьхкинчарна юккъехь дукха бара цхьалха бисина зударий – боьрша нах, цхьаберш, тӀамо хӀаллакбинера, вуьйш, шайн доьзалш кхуза охьа а ховшийна, рицкъа даккха меттиг лоьхуш генна дӀабахнера, Россехула а, кхидӀа а.

ГIо схьаэца Камалан хIусамненан яха йиш яцара, иза деа бераца чохь Iен езара. Бераш кегий дара, уггаре а йоккха йолчу йоьIан шийтта шо бен а дацара.
Цхьаерг цуьнан хенахь а йоккха хуьлу, нанна накъосталла а деш. Iайнаъ хIинца а итт шо кхаьчначу берал бен яц, ишколехь шен хенарчарал уггар а лоха ю. Витаминаш ца тоьа боху лоьраша. Витаминийн ойла ечохь ма дац гIуллакх, яахIума хилча а доккха хIума хеташ, тIемаша, бохамаша лелхийна хьийзачу кхеран.
Шен доьзал кхиъча, кхеташ хиллера ден гIайгIанех, хьалха ца кхетара. Кхьуьнан ден-ненан хиллера цхьайтта доьзалхо. Царах воккхахволу ялх хьалххе, дуьненчу ваьлла дукха хан ялале дIаваьллера, цхьаъ воцург.
Иза итт шо кхаьчча кхелхинера, цIеххьана корта лаза а баьлла. «Мацалла-м ца белира хьуна уьш, – олура дас кест-кеста. – Иштта хилла-кх Делан кхиэл». Нанас хIумма а ца олура. Иза, уьщдагабаьхкича, гIийлла йоьлхура… ТIаккха шаьш лелийнарш дуьйцура цигахь, шийлачу, хийрачумахкахь: ялта чудерзийнчу арахь, лай кIелахь дисина кIен кенаш лехьадора, ненан мел хилла дешин а, тIеюху а хIума дIаюхкура, шахте балха оьхура, цигахь елла пайок берашна хьежайора, къинхетаме болчу лулахоша: кхазахаша, гIиргIазоша, немцоша, оьрсаша – гIо дора…
ХIинца Дала боккха къинхетам бина кхарах, дерриге а дуьне орцахдаьлла, хIорш мацалла а, шелонна а ца балийта. И иштта ца хиллехь, кхара хIун дийр дара?
Карахь хIума а доцуш, кху махка биссинехь, ма вуон хьал хир дара. Кхунна атта ду шен деначул. Мацалла цхьа а валаран кхерам а бац… Дуьненан сагIа ду схьакхоьхьуш, мало а ца еш, схьаэца вахчахьана. ИгIо схьалучохь болхбешволуАхьид, цхьашо хьалха рогIехь лаьтта хIара вовза а вевзина, кхунна тIевеара. «Камал, ахь хIун леладо? Хьо тайпа Iилманча рогIехь латто йиш яц, схьавоьл», – аьлла, хьалха а ваьккхина, чувигира иза…
Очартехь лаьттачу цхьана зудчо: «Цуьнан ступненан ерг а дIалолахь цунна…» – олуш хезира.
Оцудешнехца кхеташ, ехха ойланаш йира кхуо: кхо шо хьалха елла кхуьнан ступнана стенна хьехайо? И хIун ала гIерташ яра? Эххар а кхийтира хIара цунах: рогIехь шел хьалха ваккхарна резаяцар гучудаккха, хIара шен сесагний, цуьнан нанний хьалхара леларг а веш,

Іоттар яра цо йинарг.
Делахь-хІета, цу зудчунна хетарехь, дуьненан сагІа схьаоьцуш очартехь латтар зударийн гІуллакх ду-кх.
Ткъа берашца чохь Іар – хьенан гІуллакх ду?..
ХІетахь дуьйна Ахьида гІиллакх хІоттадарх, хьалха ца волуш, шен рагІ тІекхаччалц хІуттий лаьттара хІара.
Бакъдерг дийцича, бутт батте мел болу, Ахьида кхуьнца хІитто гІиллакх а, тІекеравалар а гІеллуш догІура, иза ша верстара, эххар а, чІешалг санна хилла иза, гІеххьа тІингар а йолуш, зударшна тІе мохь бетташ
(«Тхуна тІе мохь а ца бетташ, хьайн зудчунна тІе беттахьа», – олура вукхара), тІахъаьлла белхало хилира.
– И «гумка» а лечкъош, вуьзна мацалла валарг, – олура зударша шаьш рогІехь лаьтташ.
ХІара цара дуьйцург ца хезачуха лаьттара, шен ойланаш а еш. Тахана и «гумка» лучохь, хІара дІакхаьчча, йоккха гІовгІа эккхийтина воллура Ахьид:
– Ва-а, зуда! Ас ца ло-кх хьуна, паспортан ксерокс гайтарх, хьан йоьІан гуманитарни… И ша схьаяийта, я цуьнан паспорт схьада! – мохь хьоькхура Ахьида.
– Ас муха дохьу хьуна паспорт, и шен паспорт а эцна, гІалийтІа марнана еллачу тезета яхна хилча?! – цочул а чІогІа мохь хьоькхура кхузткъа шаре яьллачу ерстинчу зудчо.
– И цІа еъчахьана, схьайоуьйтур ю ахь…
– И цІа маца йогІу хьанна хаьа?..
– Делахь, сан дан хІума дац хьуна!
– Дала кхиэл йиэ шуна, тхан мискачу нехан рицкъа хадо гІертачеран! Дала кхиэл йиэ шуна! – гІагІъаьлла, мохь тоьхна, охьайилхира ерстина зуда.
Ахьид, мелла а воьхна, дІасахьаьжира. Кхунах бІаьрг а кхетта, тІевеана салам делира цо.
– ХІокхунаха болх бан вуьтуш вац-кха со…Хьажахьа, оцу зудчо доьху сардамаш! – элира цо, хІара юьстах а воккхуш.
– Ахьид, дІалохьа цунна цо йоьхург…– элира кхуо.
– ДІа муха лур ю ас, сан бакъо ца хилча… Моттбеттарш… аьлча а монитораш[79]
…Балхах вохор ма ву со… – воьхна дІасахьаьвзира Ахьид.

– Ахь куьг а таІадайтина, нахана хІума дІаелла аьлла, хьо балхах вохор вац хьуна…ДІалохьа… – Ахьидна кху киртигах кІелхьарвала гечо каро гІертара хІара.
– Делахь, ахь бохург дийр ду ас…Хьан дуьхьа…
ГІовгІа а дІасецира, ерстина зуда а дІаяхара.
Ах гали дама ги а тесна, карахь шекаррий, хьаьжкІийн даьттий чохь долу тІоьрмиг а лаьцна, цІехьа волавелира Камал. Шена нийсса хьалха а хьоьжуш, ойланаш а еш…
Юха а шен да дагатесира цунна. Цкъа ша эвла юккъехула кхерсташ, де а даьккхина, цІа вирзича, резавоцчу дас кхуьнга элира: «Хьо хІинца кхетар вац ас дуьйцучух, хьо тІаьхьа кхетар ву, доьзалан да а хилла охьахиъчахьана…»
ХІетахь ца кхетара оцу дешнийн маьІнех, хІетте а кхетамехь диса-м дисина уьш…ХІетахь ма генахь хетара дас юьйцу хан. Ма гергахь хилла иза…
Дас кхарна, берашна, эхарт дуьйцура, Къуръан деша а, ламаз а Іамийра, аяташ дагахь а Іамадойтура, амма кхарна цхьанна а дуьненан рицкъа муха лаха деза ца дийцира…Цундела и дІаваьлча хІорш, цуьнан бераш, ткъа шаре бевлча а, хІокху дахаран гІиллакхех ца кхеташ, лийлира дикка хан яллалц… Бакъду, Кати кхийтира хІусамнана ялийча, аьлча а цо кхетийр-кха.
ХІинца шен стунцахоша дІавигна Москохахь хьийза.
ХІарий, йоккхахйолу йиший хІинца а ца кхета нахах, кхетахь а, нахана санна даха ца хаьа. Иза Теркал дехьа, цхьана гІамаршна юккъехь йолчу кІотарахь, бежанакотам а лелош ехаш-Іаш яра…
ХІара цкъа ишколехь нохчийн мотт хьеха юьрта вахара, гІалахь институт чекх а яьккхина. ТІаккха, юьртахь болх беш, цхьа шо а, ши шо а даьлча, ламчохь йолчу бІаьвнийн, кхечу гІишлойн, цигарчу адамийн, церан къинхьегаман: гота ахаран, хьаьжкІаш дІаеран, уьш чуерзоран, хин хьера тІехь ахьаран, цунах кхача кечбаран, йол хьакхаран, хьалаэцаран, дІайоттаран…
– тидам беш вехаш, нохчийн юьртан дахаран шатайпаналла юьйцуш Іилманан болх язбан дага а деана, гІала охьавеара. Кхуьнга масехамма элира, и тема хала хир ю хьуна защита ян. Нохчийн хІума дийцар ца тов кху Іедална, цул а кхин тема эца, масала: «Республикехь партин а, комсомолан а организацеш кхоллаялар а, кхиар а»…Кхуо цаьрга леррина ладугІура, амма ша юьхьарлаьцначу некъа тІера ца волура…

Бакъду, хIинца и шен тема дукха йоккха а, шуьйра а хета цунна.
ХIинца кхуо иза билгалйоккхур яра кхечу кепара: «Нохчийн доьзалехь ден меттиг а, цуьнан оьздангаллин маьIна а».
Хан дIа мел ели а, кхунна тамашийна хетара шен ден доьзалца хилла юкъаметтигаш. Цунна гора мел башхо ю цуьнан а, хIинца да хилла охьахиъначу кхуьнан а гIиллакхашна, гIуллакхашна юккъехь.
Ойлане ваьллачу цунна дуьхьалхIиттира генарчу бераллера къегина суьрташ.

* * *

Пхи шо долу кIанталг кIайн кир тоьхначу цIийна тIехьарчу бешахула лела, цу буха охьаэгначу стоьмашна тIе хIуьттуш. Цо царах шена хазбелларг схьаоьцу, церг туху, тIаккха иза охьа а кхуссий, кхин схьаоьцу, цуьнан чоме а хьожу, тIаккха кхечудевзан кIела воьду.
Цигахь а карабо Iаж, я кхор, я боккха хьач, хьайба а нисло наггахь, гIашюккъехь можа къаьсташ…
КIанталгал сов, котамаш аюоцубешахула кхерсташ, цхьаццамма кхуо церг тоьхна стом толлу, лагана тIекхаччалц зIокетташ, тIаккха оцуюккъерахIушдIадуу.
Котамашна хьалхаяьлла лела нIаьна, цкъа юсалуш, цхьацца нна гонах хьаьвзаш, юха лаьттах зIок а етташ,
«къо-къо-къо» бохуш, уьш тIекхойкхуш, йолаелла лела, хIара ерриг беш шен хеташ. Иза кIанталгана ца деза, цо нIаьнина кхаьллина стом кхуссу, я тIулг. НIаьнина и ца тов, иза жимма дIа а къаьхкий соцу, шен «къокъо-къо» алсамдоккхуш. Ткъа кIанта ша йиттане а ца йитча, кхоссалой керта тIе йолу, биъ гIуркх тухуш йинчу керта тIе хьала а йолий, ши тIам дIаса а бохуьйтий, кхайкха хIуттуиза, лаг а дахдой, цхьа дуткъа-деха аьзнашшен кийрара хьаладохуш: «Iуъ-Iа-ре-Iуь-уу»!
Жимчу кIанта кхин и тергал а ца йо, иза юха а стоьмашкъесто волало, царах чомехьниг лоьхуш. Амма цIеххьана хезначу цхьана кхайкхаро иза цецвоккху.
Цунна хIинццалц хезна дац и тайпа кхайкхар: иза нIаьнийниг санна зевне а, чIогIа а дац, иза цхьа тамашийна къора ду, легаш Iуьйдуш санна. КIанта бIаьргашцца лоху и тамашийна аьзнаш схьадуьйлу меттиг. Кхеран бероза котам ю, нIаьна санна, кхайкха гIерташ, лаг сеттош, тIемаш детташ.
Эццахь Дада волу цIийна тIехьа.
– И хIун дара, Камал? – хаьтти цо.

Дадина тIеюьйхина таьIна-ал хIумнаш ю, коьртахь - лергаш долу холхазан куй. Камална гуттар а ишттачу духарехь го шен да: гурахь а, бIаьста а… Iай цо оцу бедаршна тIехула кетар юху. Аьхка а хуьлу духарехь хийцамаш: куйнан метта пес туьллу, маьхсешна тIе кIархаш буху, калош охьа а йохий.
КIанталгана моьттушен да а, иштта шена гун лулахой а шайн духаршца цхьаьна кху дуьненчу схьабахкийтина Дала, стиглара чу а биссош. Ша а иштта схьаваийтина… КIанталгана дагахь а дацара, и цхьа духар шен дас а, юьртарчу кхечу наха а къелла бахьнехь леладо бохург. Иза цунах а, адамаш стиглара чудуьссуш цахиларх а тIаьхьуо кхийтира.
– Муьлханиг яра иза, кхайкхинарг? – юха а хоьтту дас.
– Иза, – береза котамна тIе пIелг хьажабо кIанталга. г дахдой кхайкха гIурту.
– ХIаа, – эли дас, – яй чу кхосса еза.
ТIаккха уьйтIахь цхьацца деш хьийзачу Яхийте а,
Катига а кхойкху:
– Схьадола ший а, хIара котам схьалаца еза.
И ден багах доллушехь тIаьхьаведдачу Катис, уьйтIахула эккхайой, гатте хьовзайо березаниг, ялайола меттиг ца юьтуш.
– Иштта, иштта, Кати! Яхийта, хьо дIога дуьхьал хIотта! Камал, ахь хьуо волчухула тIех ма ялийталахь!
ГIаж ластае! ГIаж ластае! Божал чулалла!Цу чохь атта хир дуиза схьалаца. Иштта! Иштта! – куьйгалла до дас.
Амма котам божал чу яха ца туьгу, иза, ша кхин йиттане а ца йитича, таттаелла дуо буха йоьду. Бертал а воьжна, Катис когаш тIера а лаьцна, такхийна схьаяьккхи котам.
– Схьая ахь кхуза, – боху дас, хаьн тIехь кхозучу батта чуьра схьадаьккхина гIеххьа доккха урс доьхкаран маттах а хьоькхуш.
Урс лаьтта дIа а доьгIна, котам охьайилли цо, цуьнан шина тIома тIе а, шина кога тIе а когаш а хIиттош.
Котамо дIасабетта корта аьрру куьйга тIилдан тIера дIалоцу, аьтту куьйгаца урс схьа а оьцуш.
– ДIаверза, Камал, – эли кхуьнга дас.
ХIара-м лаьтта, шега бохучух ца кхеташ. Яхийтас бIаьргаш тIе куьг дуьллу цунна. Куьг дIадаьккхича, цIийх дуьзна урс юха а лаьттах доьгIна лаьтта; котаман лаг хадийна, корта тIехь а буьтуш – ах…

Еттаялар цIенна дIасецча, котам когаш тIера схьа а лоций:
– ЦIийна тIехула яккха еза хIара, – олу дас.
Шена цIий кхетарх ларлуш, дас ластайой, тхов тIе кхуссу котам. Амма тхов тIехула ца йолуш, шипар тIе а кхетий, цу тIехула цIийн томмагIа дуьтуш, хахкалой уьйтIа южу иза.
Дас кхин а чIогIа ластайо: хIинца тоьа чехкалла, тхевн буьххьенал дехьайолу котаман чарх. ТIаккха, шипарна тIехула хахкалой, цIийна тIехьа охьаюжу иза.
Кати, шега аларе ца хьоьжуш, цIийна тIехьа хьаьди, котам схьаян.
– Шу хIун деш ду цу тхов тIехь, – учара лаха юссу нана.
Камал ведда нанна улло дIавоьду, цуьнан кучан юх а лоций, дIахIутту. Цунна тахана гинарг тамашийна хIума ду. Иза нене дIадийца лаьа. Амма нана тIаьхьарчу хенахь кхуо дуьйцучуьнга ладогIа дог догIуш яц. Нана йоккха хилла. ДIадижча, меттиг а кIезиг юьсу кхунна. Хьалха дуккха а хуьлура. Хьалха нанас туьйранаш а дуьйцура, хIинца ца дуьйцу…
– НIаьнех кхайкхинера иза…Иза тхов тIехула кхуссуш дара тхо… хIинца яйчу кхосса еза, цIан а йина, – боху дас.
– Яхийтас цIанйийр ю… Со тховса мукъа хир яц: вайга хьаша ван тарло, – боху нанас.
– Яхийта! – кхойкху да.
Йиша тIейогIу.
– ХIун боху, дада?
– Яхийта, дIо эвла йистехь Iаш йолу Эсила евзий хьуна?.. Цуьнга схьайола ала гIуо…Шайн нанас бохура алалахь.
Йиша дIайоьду, кех а йолий, хIара латта вуьсу ненан коч а лаьцна.
– Вало, Дадина гIуо, – эли нанас. – Мама гIелъелла, мама садаIа йоллу.
ХIара хIетте а лаьтта, ненан коч дIа а ца хоьцуш.
Кхунна хаало ненан гIелъялар, иза хьалха санна ела ца къежа, хьалха санна хIара хьаста а ца хьосту, кхунна эшарш а ца лоькху, туьйранаш а ца дуьйцу…
Цо кест-кеста узарш до, даккхий синош а доху…
Кхуьнан велха дог догIу.
– Схьавола Дадина, – дас шен куьг схьалаьцча, дIахоьцу кIанта ненан коч.
Нана чу йоьду. ХIарий, дадий уьйтIарчу оти чу воьду.

– Камал, хьо хIинца воккха хилла. Воккха хилча, ненаца вуьжуш ца хуьлу. Хьо тховса кху чохь дIавижа,
Катица. Схьавоьл, Кати… ХIара хьайна уллохь виталахь, хIума а яае, айхьа юуш, хьайца дIа а вижаве…
Со тховса цIахь хир вац шуна. Дика Iелаш! Iийр вуй хьо, Камал?
КIанта «хIаъ» олу, ша дас дийцинчарах дуккханна а реза воццушехь.
Иза реза вац ненаца а ца вуьжуш,
Катица вижа а, реза вац Дада дIавахийта а, реза вац…
Амма Дадас ца хоьтту цуьнга, хьо реза вуй, ваций бохуш. Иза, ала луург кхуьнга схьа а олий, дIавов маьркIажан боданехь. Юха и ерстина зуда схьайогIу.
ГIаж а луьйзуш. Цунна тIаьхьа а хIуттий, Яхийта а йогIу.
– Бераш, вуон лелаш-м дац шу?Дика Iелаш, бераш, дика Iелаш! Дала дукха дахаде шу!ХIа-а, схьадуьйла…
– хьарчийна кехат цуьрг ло цо Катига.
ДIадаьстича, кехат юккъехь кампеташ ю – кегий гIайбеш. Ерриге а пхиъ. Катис кхоъ кхунна схьало, шиъ шена а юьтий.
Ерстинчу зудчунна тIаьххье кхеран лулахо а йогIу, якъаелла Зарган.
– ХIорш стенна гуллуш бу схьа? – реза вац Камал.
– Иштта ала ма ца мега, Камал, – боху Катис. –
Иштта аьлча, царна халахетар ма ду.
Катина цхьаъ хуучух тера ду, кхунна цахуург. Дадина а хаьа иза. Яхийтина а…Оцушина зудчунна а хаьа, кхунна ца хьаьа. Я цара дийца а ца дуьйцу.
Iаржъелча Катий, хIарий оти чу воьду. РагIу кIеларчу пеша тIехь чIепалгаш деш ю Зарган. Иза а ца тов Камална: шайн рагIукIелахь дан деза-кх чIепалгаш, кхузахь а ца деш. Кхузахь мамас дийр ду…Камал рагIу кIел волу.
– ХIинцца котам а схьер ю…ЧIепалгаш а схьадевр ду. Заргас яахIума лур юшен берашна, – боху Заргана, чIепалгаш довхачухи чу а Iуьттуш, тIекIел дохуш охьа а дохкуш, шун чохь барз а беш. Стоьла хьалха лаьтта
Яхийта, Заргана схьадаькх-даькххинчу чIепалгана цхьацца Iайг даьтта а хьокхуш.
Дина яьлча, Заргана уьрсаца дакъош деш, хедий чIепалгаш, цхьа дакъа Камална а дели. Юха цхьа-ши туп схьа а эцна, хедар чу а дехкина, Яхийте дIакховдий:

– Яло, сагIийна ло хIорш, шайн нанна тIера.
КIантана ца дезало и дешнаш. Наг-наггахь нанас хIара а вохуьйтура, сагIина хIума оьций, беллачарна тIера.
– Мама! – мохь болий, цIа чу хьоду иза.
Цунна тIаьхьаведда Кати ца кхуьу и сацо. Иза учи а хадайой, ведда воьддушехь нана йолчу чу эккха. Нана паднара тIехь Iуьллу, масех гIайба а биллина, леккха айъина гIовла а, тIетесна кIайн шаршу а йолуш.
Иза схьа ма гиннехь, кхин а чIогIа велха волало
Камал.
– Камал, схьавоьл мамина, – нанас коьртах куьг хьокху кIанталгана. – Велха ма велха. Мама кхана талур ю. Тховса Катиций, Яхийтиций Iиэ. ДIавало. Дала
Iалашве хьо.
Ерстинчу зудчо араваьккхича, велха волало иза.
Катис куьг а лоций, оти чу вуьгу. Цу чохь цIенкъахь лаьттачу горгачу стоьла тIехь шун дуьззина чIепалгаш ду. Камал дуьхьалволу уьш ца дууш, воьлхуш. Яхийтий, Катий чIогIа гонах хьаьвза цунна, иза воьлхучуьра сацо, чIепалгаш даийта гIерташ.
– Ца деза суна! – дуьхьалволу Камал.
– Хьуна ца дезарх, хьан багина деза чIепалгаш… – боху Яхийтас.
– Ца деза, – бат дIакъовлу Камала.
Велхар соцу.
– Хьан гайна-м деза…Хьажал, жимделла…– кхуьнан коч хьала а ойий, гай тIе куьг Iутту Катис. Камал велакъежа. Амма сихха, бат схьа а йоьллий:
– Ца деза! – олу.
– Хьан гайна-м деза…ЛадогIий ас хьан гайно хIун боху… – Катис гай тIе лерг дуьллу.
– Хи-хи-хи, – гилгаш довлий, велало Камал.
– Хи-хи-хи… – йоьлу Яхийта.
– Ха-ха-ха… – воьлу Кати.
Вуьзча, сихха наб кхета Камална.

* * *

БIаьргаш тIе а дехкина, паднара тIехь Iуьллу шовзткъе пхеа шаре ваьлла Камал, хьала а гIаьттина, чухула волавелира. БIаьстенан юьхь шийла яра, арахь ло дерриге аьлча санна дешнехь а. Чохь а яра шийла.

ХIокхуюьрта, къаьсттина хIокхуо петар лаьцначу ураме кIезиг кхочура газ. Иза а кест-кеста дIа а йоккхура.
Цундела цунах тешна ца Iен, кхуо цхьана къинхетаман организаце а аьлла, цхьа пеш нисйинера шена, чу дечиг а туьллуш ягон.
Пеш дIаяйнера. ЦIахь, хIокхеран юьртахь хуьлу попан, ножан, къахьаштун дечиган алу ехха лаьттара, дIа ца йовш. ХIокху аннийн дакъойх, яьшканийн коьчалех латийнарг сихха дIайовра, ша кехатах латийча санна, овкъарш кегаярх кIега а карор бацара.
Кхунна дас дийцина цхьа хIума дагадеара. ЦIера даьхча, цIерга тилла хIума а йоцуш, бераш гIорорна кхера а велла, араваьлла да, эвла юккъехула чекх а ваьлла, эвла йисте ваьллера, цхьанхьа а ирах лаьтташ довза а, я доьжна дечиган чIеш а ца карош. ЦIеххьана дорцалахь цунна хааеллера дечигех йина жIараш…«Кешнашка кхаьчна-кх со… Дала къилахь ма лорийла-кх хьо…» – олуш, царах цхьаннах тасавеллера иза. Амма дечиг меттах а ца яьллера. ТIаккха дуккха а дIаса а йиттина, гIори-гIоддах озийча, хьалаяьллера дечиг, мурбоьлла бух каг а белла. И тайпа ши дечиг йохьуш цIа а веана, цо шайн чоь йохйинера.
ХIинца кхуьнгара хьал иштта хала а дац. ХIетте а хIетахь цунна хIиттина халонаш тIехIуьтту кхунна а.
Иза а, цIера а ваькккхина, доьзал шелонах а, мацаллех а ларбан гIерташ лелла. Иза а Iийна иштта, хIинца хIара санна, цIе а латийна, цу цIаре а хьоьжуш, когаш тIе охьа а лахвелла…
Делахь хIета дахар, къаьсттина нохчийн дахар, нийсса дIадоьдуш доцуш, гонаш дохуш ду-кх, бохамийн гонаш…
Дуьненан дуккхачу къаьмнийн, нохчийн лулахойн а цхьаьна, дас долийнарг кIанта чекхдоккхуш, кIентан кIанта кхидIа а кхиош, масийтта бIешарахь кхоьллина дахаран бух бу: гIишлош, йийбар, деши, дети, жайнаш… Ткъа нохчийн и дерриге хIаллакдо кест-кеста хьокхучударцо, хIинца санна. Ткъа хIун дуьсу тIаьхьа?
Дас ден хьехар. И дIаэца корта хилахь…
Ткъа хIетахь, бераллехь, иштта хир ду аьлла дагахь а дацара. ХIетахь дахар цхьа йоккха къайле хетара, хIора догIучудийно керл-керла кхаьънаш дохьуш, яста еза къайле. ХIетахь, оцу Iуьйранна…

* * *

Камал самаваьлча, къегина кхетта малх бу. Бешахула хьийзаш нIаьна а ю, котамаш тIаьхьа а яьхна.
Уллохь нана а ца карайой, цецволу кIант.

ДІа а хьожу, схьа а хьожу, шена гонахкуьйгаш а туху.
Яц нана. ТІаккха цуьнан тидам хуьлу: хІара чоь а хІара хІинццалц вуьжуш хилларг яц!
– Мама! – мохь болуш, арахьоду иза. УьйтІе а хадош, маьлхан серлонехула воьдий (цуьнца цхьаьна хьаьдда доьду цуьнан ІиндагІ а), даккхийчу цІеношна тІевоьду. Учахь лаьтта ши зуда: Эсилий, Зарганний – гІадйоьдий, елало.
– Хьа-хьа-хьа.
– Вахь-хьа-хьа…
– Нанина виса хьо! ВогІург хьажахьа, тІаьхьависарна кхоьруш санна. – боху цхьамма.
– Вало, вало! Хьеше вистхила хьо, – боху вукхо.
ХІара цаьрга дІа ца хьожу, цунна ца лаьа и шиъ ган.
Сийсара дуьйна схьа а еана, кхуьнан дахаран кеп йохийна цу шимма.
ХІара сихха чухьоду нана йолчу. Нана меттахь
Іуьллу, тІе кІайн юргІа а тесна. Ткъа цунна юххерниг хІун ю, тайниг санна? Йоккха тайниг-м ю иза? Иза-м бага гІиттош а ю...
– Камал, схьавола мамина…
– Мама, и хІун ю?…
– Иза… иза хьан ваша ву-кх.
– Ткъа со мичахь вуьжур ву?
Нана гІийла елакъежа, елаяла де доцуш.
– Хьо а суна юххехь вуьжур ву-кх. ХІара цхьана агІор, хьо вукху агІор…
– Мама, шиъ тарлур ма вац.
– Делахь, хьо когашкахь вуьжур ву…Хьо воккха ма ву…
– Суна ца лаьа когашкахь… – велхаран мохь а болуш, арахьодуКамал.
УьйтІахь зударий боьлу, тІараш вовшах а детташ.
ХІара кхин а чІогІа воьлху, уьш кхин а чІогІа буьйлу…
– Камална тІе эмгар еъна, – боху Заргана.
– Хьа-хьа-хьа, – йоьлу Эсила.
Яхийта йогІу кхунна тІе. Цо, куьг схьа а лоций, олу:
– Вало, Дада волчу вогІий хьо?
КІант воьлхучуьра соцу. Иза дІавоьду йишица, цуьнан куьг а лоций.
Йишин карахь цхьа ларча ю, вукху куьйга лаьцна. Ишиъ, кел ара а долий, дІадоьду. Басах чу дуссу, тогІи чу. ТогІи чухула доьдуш ахк ду.
КІайн хи, чуьра тІулгаш а гуш. ХІокхунна хи чу вала лаьа.

Йишас ца волуьйту. Кара а лоций, дехьавоккху. Юха и шиъ коьллаш юккъехула, охьаэгначу гӀаш тӀе когаш а бетташ, басах хьаладоьду. КӀант, гӀаш тӀехь когаш шерший, охьавужу, йишин куьг хецалой, басах чувоьду, нийсачу кхаччалц, цигахь можачу гӀашюккъехь веттало, гӀаггӀанехь воьлуш, гӀаш куьйгашца хьалаийдеш, ирх кхуьйсуш, уьш къегинчу маьлхан серлонехь цӀен-можачу беснашца лепа.
– Тоьар ду хьуна, Камал. Хьалавала, – мохь бетта йишас.
Камал басах хьалаволало, амма юха а шерший охьавоьду. Юха а воьлу, гӀаш ирх а кхуьйсуш.
Яхийта шен карара ларча цхьана бӀаьллинган кулла улло охьа а юьллий, басах чу йолало, гӀаш юккъехь масех бӀар карадо цунна… Царах цхьаъ каг а дой, тӀум
Камална ло цуо. ТӀаккха Камалан куьг а лоций, басах хьалайолу. Юха и шиъ мелла а нийсачухула, коьллаш юккъехула дӀадоьду. Эххар жимчу баьццарчу ирзу тӀе кхочу. Цуьнан цхьана маьӀӀехь лаьтташ боккха-боккха кхор бу, цунна бухахь охаэгна шортта можа кхораш а бу. Камал, йишин куьг дӀа а хоьций, кхура кӀел хьоду.
Кхораш лехьабо, буу. Эццахь оцу кхура тӀехьара гучуволу Дада.
– Дада! – водий, мара кхета Камал дена. Да, иза кара а лоций, Яхийте хьожу.
– КӀант вина, – олу Яхийтас, лаьтта бӀаьра а хьоьжуш.
– Вахь-хьа-хьа! – велало да, карара кӀант охьа а хӀоттош. – Камал, хьуна ваша вина ца боху?!
– Цхьа жима бен ван а вац, – резавоцуш олу Камала.
– Воккха хир ма ву иза, Камал…Хьо а ма вара иштта жима… – воьлу да.
– Со-м вацара, – балдаш дусадо Камала.
Цуьнан велха дог догӀу, селхана дуьйна ша ненах къастор дага а догӀий.
– Вацара…. вацара… хьо иштта воккха а волуш схьавеана, – кхура кӀел Ӏуьллучу цхьана дечиг тӀе охьахуу да, Камал кара а лоцуш.
Дас Камалан беснех шен жимма тӀеяьлла маж хьокху, амма важа хьалха санна вела ца воьлу. Да, шекволий, хьожу цуьнга. Камал велхха воллу.
– Дада, со когашкахь вуьжур вац хьуна… – олу цо.
– Хьоьга хьан боху, когашкахь вижа?
– Мамас…

– Хьа-хьа-хьа, – юха а воьлу Дада. – Хьан меттиг дIалаьцна… Хьо Дадас когашкахь вуьжуьйтур вац…
Хьо Дадас шеца вуьжуьйтур ву… Ткъа хIинца хьан вешина цIе тиллий вайшимма. Кати, Камал… Ковра… Ковра хир ю цуьнан цIе!
Да, ларча дIаса а яржайой, хIума яа волало, нагнаггахь шен карахь Iачу Камална а кхаллош. Яхийта кхораш лехьош, кхура кIелхула хьийза. Кхуран шуьйрачу IиндагIо юккъехула декъна ирзу.
ХIума йиъна ваьлча, дас карара охьавоссаво Камал.
– Яхийта, шуьша цIа гIуо, – олу цо.
– Суна Дадица лаьа, – дена юххе гIерта Камал, куьг а лоций, и дIаийзаво.
– ХIан-хIа, Дадин хIинца цIа ван йиш яц… Суьйранна, Iаржъелча цIа вогIур ву…ТIаккха вайша цхьаьна вуьжур ву.
Ши бер дIадоьду, баьццарчуирзу тIехула долий, юха коьллашюккъехула, можа-цIечу гIаша къайлабаькккхинчу гух чудуссу, шена чухула кIайн хи хьаьдда догIу тогIи а хадайой, дехьа басах хьаладоьду.
Делкъанга баьллачу маьлхан серлонехула шайн жимчу хIусаме доьду йиший, ваший.
* * *
Набарха ваьллачу цунна шен бIаьргаш тIуьна карийра. Шен генаяьллачу бераллина воьлхуш хиллера иза гIенах.
ХIума юучу жимчу цIа чу а вахна, лампа латийра цо. Бераш тIе ца кхачийта, ишкапа тIе хьаладехкина, ша яздеш лело кехаташ схьа а эцна, стоьла хьалха охьахиира иза.
Ойланаш, хьаьвззина, юха а бералле дIаяхара. ХIара кхета гIертара ден гIиллакхех. Доьзалхо дуьнен чу ваьлча, урамерчу, юьртарчушел баккхийчу нахана ша гарна кхоьруш, къайлаволура иза, буьйса йоьлча чу вогIура. Оццул чIогIа дара-кх цуьнан эхь-бехк.
ХIаъ, эхь-бехк. Оцу кхетаман маьIна ду даста дезаш. Шен къолам схьа а эцна, и дош даккхийчу элпашца дIаяздира цо – иэхь-бехк. ХIинца ма гIелделла иза.
Тилигарехула[80] хIора суьйранна хеза: «Хьенехов Минеха даггара декъалйо шен йоI (я кIант) цхьа шо (я муьлхха а шо) кхачарца…» Изза цIахь, Соьлжа-гIалахь а ду боху.
Ткъа нIаьнех кхайкхина котам ер, кхуьнан ден хилла ца Iаш, дерриге а халкъан а Iедал хиллера. Дала шена динчу хьукмана – боьрша я сте

хиларна – реза йоцуш, гӀаттам бинчунна еш кхиэл яра иза. Оцо гойту мел чӀогӀа хила беза и къастам адамашна юккъехь. Ткъа хӀинца оццу тилигарехь ма дукха гойту уьш: зударех лела боьрша нах а, вуьйш а… Бехкамаш бохош бу хӀора а денна, дегӀ маьршадоккхуш, са гатте а дерзош, яи доцуш санна кеп а хӀиттош…
Къолам кара а лаьцна, шен ойла дӀаязъян кечвелла
Камал юкъахвисира, дехьа чохь доьлху бер а хезна.
Иза кхузахь хийрачу махкахь дуьненчу ваьлла кӀант вара, Зайт. ЭгӀаза ву, кест-кеста цомгаш а хуьлу. Жимчу маьнги чохь Іуьллучу цуьнан коьрта тӀе куьг диллира цо. Дагар дара. Каралецира цо бер. ХӀара жима волуш – иштта жима-м вацара хӀара, хӀокху кӀентан ворхӀ бутт бен ца кхаьчна, – хӀаъ, кхо-диъ шо долуш, хӀара цомгаш хилча, дас кара а хаавой, хозуьйтуш
«ясин» доьшура, «мубийн» олучудаша тӀе моссаза кхочу кхунна дегӀа тӀехула охьа куьг а хьокхуш. Цхьа шатайпа хаза мукъам бара Къуръан дешаран, оцу мукъамо кхунна наб кхоьтуьйтура, тӀаккха кхунна хаза гӀенаш гора… ГӀоле а йолура.
Кхунна ца хаьара «ясин» дагахь, кхунна дагахь ламазан бисмилла а, къулхьа а, кхин масех доца сура а хаьара. Кхуо уьш доьшура шен кӀантана.
Эццахь самаиккхинчу нанас куьг схьалецира беран:
– Дагар ду. Панадол мало еза, – дӀахьаьдира иза.
Схьаеана, молха малийра. ТӀаккха дехьачу елира, цхьацца дезарш дан.
ХӀаъ, хӀоккхул вара-кх хӀетахь Ковра а. Маса бутт бара цуьнан? Хетарехь, шо кхачаза-м вара. Дукха воча ваьлла вара иза, хӀума а кӀезиг юура.
Дадас: «Дарба дан деза цунна», – элира. Божал чохь лахьанна кхобуш йолубежана беша яьккхира. Цуьнан дегӀах муш а хьарчийна, и муш схьа а озийна, йожийра…
Дукха цӀий деара бежанах. Катис бел Іоьттина баьккхина жима кӀаг хьалабуьзнера…
Иза тилийча, доккха лоппаг санна, юсаелла цуьнан гай а хадийна, цу гайчухаийра верзина ваьккхина жима
Ковра. ХӀара воьлхура, цунна цхьаъ хиларна кхоьруш.
Коврина бежан гай чохь наб кхийтира. Цул тӀаьхьа иза тавелира, варста а верстира, кога а вахара…Онда стаг хилира цунах… Кхиъна ваьллачу хенахь, цхьана аьхка лийча вахча, хино ваьхьна, Орга аренга

долучохь гIамар тIехь тулгIеша юьстах кхоьссина карийра. Да а цул тIаьхьа дукха ца вехира…Даго ца лайра тIаьххьара тохар…ЦIера дахар, дех-ненах къастар, юха ворхI доьзалхо дIакхалхар, тIаьххьара Ковра а дIавалар…Цара массара цхьацца цуьрг йоккхуш, жимдинера цуьнан дог, эххар а и дешна дIаделира.
Дуьххьара доьзалхо дуьненчу ваьлча дуьйна, шайн могашалла, шайн дахар диццдой, берашна чу са дуьллий деха дай-наний…Дерриге а хIума царна лоьруш.
Ткъа царах, даккхий хилча, хIун хир а ца хаьа.
ХIара ша а вац дас лелийна цхьаболу бехкамаш ларбеш. ХIара а юьстахваьлла ден некъана. Ткъа хьо, жима
Зайт, кхидIа а юьстахвалахь, хIун дуьсур ду дайн аматех тIаьхьа? Мичахь лохур ду хьан дайшна сийлахь хеттарг? Мичахь карор ю церан некъийн лараш? Ма гIолахь дIа, юьстах а валий. ДIа ма иэлахь бехкам, къастам боцчудаьржинчу хих. Хьайн шовдананшен харш хилийталахь, Зайт. ХIара, хьан да, мел веха а ца хаьа хьуна…Ледара ма хилалахь.
Эццахь шен ойланаш совцийра Камала. «Со ма чIогIа чуьраваьлла, хIоккхужимчу, хIинцца бен дуьненчу а далазчу адамна сайн еза ойланаш, гIайгIанаш юьйцуш…Уьш цуьнга муха лало, аса а хала ловш хилча?»
– элира цо шабаршца. ТIаккха кIентан хьаж тIе куьг диллира. Хьацар даьллера, дагар гIелделлера.
Бер шен маьнги чу охьа а диллина, юхавирзича, цунна гира корах чуеана дуьххьарлера синбилгало.
Сатосуш дара. Ламазан хан а хиллера…

# ПОВЕСТАШ
# ВОККХА СТАГ ОЧЧА

**Воккха стаг Очча**[81]

ГӀалин урамаш. ХӀаъ, гӀалин урамаш. Адамех, машенех дуьззина гӀалин урамаш, вовшашна жӀара дуьйлуш, вовшех детталуш Ӏохкурш. Даккхий а, кегий а дерш…

Уьш ду-кх вайн тидам тӀебахнарш.

Тайп-тайпанчу аьзнех дуьзна дека уьш. И аьзнаш санна, къорза бу церан бос а.

Хьаьнца дуста мегар ду уьш, я стенца?.. Хьаьнцца а, я стенцца а, шена чохь даима лелар, болам, меттахъхьер долчу хӀуманца. Масала, ламанан шовданашца. Даима кхехкаш, вовшех уьйш, гӀовгӀанца чууьду уьш. Царах терадугӀалин урамаш. Ткъадаима тем боцчу шовданех тарлуш адаман хьекъал а ма ду…

Массо шовда а ду-кхшен-шен хазаллайолуш. Цхьаъ
– шен чехкаллица, чахчарех бердех чукхийсадаларца, важа – чоме хиларца, кхоалгӀаниг – шен кхитайпанчу башхаллица.

Ишта ду-кх гӀалин урамаш а, ишта ду-кх адамаш а.

Муьлххачу адаман кхоллам а бу-кх шен башхаллаш, шен Ӏаьржа а, кӀайн а, шен велха а, вела а меттигаш йолуш.

М…ски урамехь лоьмар Ӏ27 тӀетоьхначуцӀенош чохь
Ӏен керла вахархо веанера. Оцу доккхачу пхоьазза тӀекӀелдинчу цӀа чуьрчу дуккхаболчарна хетарехь, тамашийна стаг а вара и вахархо. Иза дезткъа шо долу воккха стаг Очча вара.

БӀе шовзткъа гергга цӀа долчу Варш-юьртахь массарна а дика дечиган пхьола деш ву бохуш Очча вевзаш хиллехь, хӀокху йоккхачу гӀалахь хӀара вевзаш а, кхуьнца вистхилар долуш а цхьа а стаг вацара, цхьа кхуьнан кӀант Мохьсум а, цуьнан доьзал а ца лерича.

Иза лекхочу дегӀахь, шуьйра белшаш йолуш, воккха стаг вара, дуккха а шераш дӀадевллехь а, хӀинца а тӀахъаьлла а, балхана тӀера а волуш.

Цуьнан юьхь, стиглахула дӀадоьдучу акхачуолхазаре хьоьжуш, цунна топ кхосса дагахь лаьттачу таллархочун санна, цхьана хӀумнан тидам беш, дустуш, ойлане яьллачохь йисначух тера яра. Дукха хьолахь къеначу нехан ма хуьлу цуьнан букъ сеттина бацара, шега хьаьжна муьлхха а жима стаг оцу дегӀан нийсаллех хьоьгур а волуш. Даима

цхьа гIайгIа хаалучу цуьнан бIаьргашна юккъера дIакхевдина болу мара буьххьера жимма чухьаьвзина бара, Iасанан тIам санна. Цуьнан лахара балда, лакхарчух схьакъаьсташ, жимма олладелла дара, хIинца а чIогIа лаьттачу, делахь а, ков хьекхча санна, яаеллачу цергийн нийса могIа гучу а бокххуш. Малхо, мохо, дарцо аьгна цуьнанюьхь таьIна бос эцна яра. И бос гIеххьа яьллачу къежъеллачуможо а хьул ца бора. Цуьнан хебаршка ихна ворта къовлура тIеюьйхинчу вета-туьйдарг тесначу кучан кочо. Цу тIехула – букъ тIера малхо жимма мажйина цхарйоьлла гIовтал, юкъах дихкина, шаьлта йоцуш, детица кхелина доьхка а долуш. Шуьйра хечин когаш чудоьхкинчу кIедачу маьхьсешна тIебуьйхина бокказан кIархаш бара. Волавелла лелаш даима шен дегIе ца кхоччуш лекха, Iасанан метта, гIаж хуьлура цуьнгахь.
Оцу шен духарца, колхозан машенан кабини чу а хиъна, машенна тIе шен сал-пал а йоьттина, хьийзош дарц долчу, Iаьнан тIаьххьарчу беттан цхьана дийнахь веара Очча гIала. Иза шен кIант волчу Iен-ваха схьавеара, къоналлехь дуьйна къена къанваллалц вуо-дика доькъуш, дог-ойланах кхеташ, цкъа а вуон дош аьлла а дог ца дохош яьхна йолу шен зуда – Ану – даиманна а дIатийча.
И кхелхинчу дийнахь, нахах лечкъаш, нах боц-боцчу а вуьйлуш, дуккха а вилхира Очча. Иза кхоьрура цхьанна ша гарна. «Массо вуон ловш, кху хене схьаваьлла волчу Оччин ницкъ ца кхечи шен хIусамнана яларан бохам лан, дера велла Очча къан, къанвелча стаг беран хьесапе ма воьрзу», – эр дара цунна наха.
Цул эхье хIун ду къонахчунна: къонахчо хIуъу лан ма деза. Берд санна, чIогIа а, доьналла долуш а хила ма веза къонах. Оччина иза хаьара. Амма дог болатан ма дац. Я тIулган а дац. Дилхан ду. Экама, къинхетаме адаман дог. Цундела доьлхура иза. БIаьргаш севцча а, и саца ца туьгура.
ТIаьхьий-хьалхий а хIиттина, Iаьржа даккхий корталеш а тихкина къена зударий шийлачу белхамцатийжамца, тIехула жIара йолуьйтуш тоьхна ши гIаж йолу дечган тиша зIар дIа а хилош, кетIа бевлча, Оччин къена дог орца дохуш мохь хьекха долура, цуьнан кийрахь IаьIна гIайгIа логахула хьалагIертачу, мел къурд барх дIабала ца туьгучу шодах, бIаьргашкахула кхехкаш, тIехъоьхуш санна, Iеначу хих нахала яла гIертара.
– Очча, дала гечдойла цунна...

– Дан хIума дац-кха Делан кхиэлана...
– Цкъа дуьненчу ваьлларг юха дIаверза дезаш вукх...
– Дала ийманца собар лойла хьуна а...
ГIенах санна, и кадаман кийсигаш хезаш, набарх санна, царна дуьхьал жоьпаш луш, тезетахь лаьттара иза.
Юкъ-юкъа мархаш а йолуш, кхоьлина де делкъал тIаьхьа лестича, Анун дакъа барам тIе а диллина, иза масех стага белшаш буха а хIиттийна хьалаайъича, зударшка тийжаме маьхьарий девлча, уьш къардеш баккхийчара кар-кара оьцуш назма йолийча, Оччина дерриге а дицделира, цуьнан бIаьрхиш кхин совца ца луш охьахьаьлхира. Цуьнан цомгашчу кхетамо цхьана тамашийначу озаца: «Очча вала, иза де, ма яхьийта Ану дIа, сихло, сихло»... – бохура цуьнга. Амма воккхачу стагана хаьара шега хIинца иза далур доций, хаьара шена иштта меттигаш дуккха а гина дела, хаьара бIешершкахь дуьйна адамашна девзарг, уьшшена хьалха ницкъ боцуш дерг шена а девза дела, ша а цунна хьалха ницкъ боцуш волу дела.
Цундела цуьнан кхетаман генна кIоргехь цхьа шийла аз а хезара гIийлла. И мел гIийла делахь а, Оччина иза хезара. Цо бохура: «Очча, ца оьшу хьуо Iехон гIерта, хьо-х бер а дац... Хьан хIинца дан хIума а дац, хьан орцахвала меттиг а бац. Ану хьуна тIаьххьара гуш ю, тIаьххьара...»
Оцу «тIаьххьара» бохучудашо кхин а карзахдаькххира Оччин дог. Иза корта а оллийна, белш а егош, юьртан йистерчу кешнашка Анун дакъа эцна доьлхучу адамийн тобанна тIаьхьахIоьттира.
ЭхI, маржа назма-яI!Ма дукха хезнера Оччина кешнаш долчу агIор йоьдучу тобано и олуш. Имел хези а,
Оччин дегIах цхьа тамашийна зуз хьодура, цуьнан дегIан мел болучо ирахIуттура, цуьнан дог, доьлхуш, хьегIа дулура.
ХIун ца лайра Оччас? Бежана санна, хьуьнхахь топ а тоьхна, вийначу шен ден тезетахь иза лаьттира, шен нана лаьттан кийра а цо кховдийра, деган доттагI а кхуьнан кхелхира, ши кIант а кхуьнан велира, ткъа хIинца масийтта шарахь кхерчара цIе ца йойтуш яьхна кхуьнан цIийнан, цIеран, хIусаман нана а кхелхи.
ХIун ца гинера Оччина? Оччина дуьненахь «къематан де» а гинера...
И дерриге а вуонаш, и берриге а бохамаш дагатуьйсуьйтуш бекара кешнашка боьлхучунехан гIийла мукъам. Оцу берриге бохамашна доьлхура Оччин дог, цундела цо лечкъа ца дора шен бIаьрхиш. И

цхьаболу бохамаш массарна а хилла, халкъана а Iаьткъина ма бара. Оччa хIинца шена хьалхара ца воьлхура, иза вуон деъначу массарна а хьалхара воьлхура. Ткъа массарна а хьалхара воьлхучунна эхь дац велхарх: массеран вуон лалур ма дац цхьаьнга, къайллах.
Бакъо ярий Оччин массарна хьалхара велха? Дера яра. Хьеннан а бохам кхунах хьакха ца луш ца буьсура, хуьлда и акхачу акхаройн бохам а.
Амма юьртахой-м ца кхетара кхуьнан бIаьрхих.
– Ца Iевели Оччa, шен вуо къайллах ловш, ца Iевели...
– Дера, бехк а ма бац Оччин вилхича а, цуьнан уггаре а гергара накъост дIа ма ели.
– Дукха вовшашка багатоьхна, нахала даьлла ца къаьсти хьуна Ануй, Оччий...
Иштта къамелаш дора цхьаболчара, цхьаболчара иштта ойланаш йора. ДIакхечира нах кешнашка. ДеакIов даьккхинчукаш чу, дуьхьал ножан уппагIа хIоттош, дIайоьллира Ану.
ТIе латта тесира, кошан барз бира. Моллас заIам а дийшира.
Шайн-шайн цIа бирзира нах. Ткъа Оччa шен яссаеллачу хIусаме вирзира.
Поппаран цIенкъа йиллина, цу тIе можа боршам а хьаькхна яра и чоь масех шо хьалха. ТIаккха чу, вовшашна дуьхь-дуьхьал а хьажош, попан аннаш туьйхира Оччас. Сонехь лаьттара йоккха нохчийн пеш. Пенах тоьхна – къорза истанг...
Кху чохь мел дерг Анун куьг кхетта, Анун хьожа йогIуш дара. Кху чуьра цIенкъа Анус хIора дийнахь горгам хьокхуш къагайора, сонехь йолчу йоккхачу пешахь цо хIора дийнахь цхьа хаза хьожа йогIу сискал йора, шина а агIор цIий а йолуьйтуш. Ткъа истанг? И истанг а, тIехь тайп-тайпана куьцаш деш, цхьана шийлачу Iаьнан деношкахь – гоьлел дуккха а лакхадолуш ло диллина шо дар-кха иза – Анус ма динера...
БIаьстенан хама ца хаьа-кх гуьйре кхаччалц. ГIарагIулийн хазалла а ца хаало-кх, уьш лаьттана геннахь, стиглахь, анайистехь, дIабузчумаьлхан зIаьнарша шайн могIаршна гонах можа сиз хьаькхна, етталуш, аьзнаш Iенош галлац.
Иштта ду-кх адам. Иза вайх дIакъастталц, вайна ца го цуьнан дика агIонаш. (Гахь а, цуьнан хадо ма-беззара мах а ца хадабо). Зевне Iена цIена шовда а, и сецча, дагадогIу. ДагадогIу цуьнца доьзна долумел кIезга хIума а. «–Цучуьра тIулгаш детин экъанаш санна дара».

«– Дара, цхьа горга а долуш». «– Дацара уьш-м горга, беа сонара даркха»... ХIаъ, оьшург а, ца оьшург а дагадогIу, хаста а до ламанан хьоста и сецначул тIаьхьа...
Ткъа Ануй, Оччийша-ша дацара, и шиъший а цхьаъ дара, вуон деъча – вуон а, мацалла еъча тIаьххьара сискалан юьхк а йоькъуш Iийна. Массо а вуон цушимма лайра. «Тхуна тIекхачаза-м хIун диснера?» – олура цу шимма. Цушинна дага а ца догIура шаьшшиъ вовшех цкъа мацца а къаста дезаш хилар. Муха лийр ду цхьана хIумнан ах, важа дийна дуьсуш? Иштта хетара цу шинна, амма иштта дацара...
Ану еллачу масех дийнахь гергарнаш, бевза-безарш листира Очча волчу. Цхьамма юург йохьура, вукхо – яго хIума, кхечо – кхин. Шозза-кхуззаМохьсум а веара хIара волчу, сетки чохь, тIийриг тIе туьйсуш, кочарш дина чкъургаш а, шекаран кийла а йохьуш. Цкъа иштта гIалара юьрта веъча цо элира:
– Дада, охьаван везара хьо, кхузахь хьо Iалашван, хьуна юург ян, цIе лато стаг а вац.
– Деллахь, кIант, ма ца хаьа-кх хьуна соьгара хьал, ма ца оьшур-кх суна и гIалий, гIовгIий. ВорхIе да ваьхначу хIокху юьртахь сайн валар а, дIаволлар а хуьлийла лаьара суна...
ТIекхечира Iа. Оччин йоI Заьлбика хIора денна йогIура дена юург ян, аттах куьг хьакха, цунна докъар таса. Заьлбикица цхьаьна цуьнан ялх шо кхаьчна волу кIант Амади а вогIура.
Цо хIоразза а олура:
– Воккхадада, суна туьйра дийцахьа.
– Муьлха дийца аса хьуна?
– Муьлха дийций? Иза дийцахьа... иштта цхьа кIант лаьтта бухарчу дуьнен тIе а воьдуш, юха цо цхьа нахе хи ца молуьйтуш болу саьрмик а буьйш, юха иза цхьана аьрзуно, шен тIемаш тIе а виллина, вайн дуьнен тIе а воккхуш, юха-а…
– ХIаъ, хIинца кхета, схьавоьл, Воккхададина юххе охьахаал, пенах букъ дIа ма тоха, шеллур вухьо, – олий, кIант шена тIе а озавой, цунна коьртах куьг а хьоькхуш, Очча туьйра дийца волалора.
И шиъ иштта Iара, Заьлбика чохь-арахь дан деза гIуллакхаш дина яллалц. Ткъа шен нана маьркIажан бода буллуш цIа яха тохаелча, Амади, паднар тIера охьаэккхий, нанна тIаьхьахIуттура.
– Амади, тховса Воккхададица ца Iа хьо? – олура
Оччас кIанте.

– Кхана сан наница юха а схьаван ма деза, – олура
Амадис, шена карийнарг доккха бахьна хеташ, воккхачу стага санна, ойлане юьхь а йой.
– Вало, Дадица Iе, – олура нанас а.
– Ца оьшу, кхана иза со волчу муха вогIур ву, тховса дIа ца вахча, – Амадина цIа ваха лаарна, цуьнан даге хьожжий, олура Оччас. ТIаккха:
– Схьавоьл Воккхададина, аса хьайна хIун лур ю хаьий хьуна, – олий, дехьа чу волура.
Амадин чIогIа самукъадолура цо и дича. Цундела иза, дукха хазахетий ирх а кхоссалой, ненадена тIаьхьа волалора. Оччас я гурахь хуьлудечиган жир юккъехь Iалашбина Iежаш, я хи чу боьхкина хьаьмцаш, я хьуьнан кхорийн аьхкаш лора кIантана.
Ишиъ дIадахча, Очча дуккха а Iуьллура набарна тар ца тосуш, паднар тIе биллинчу меттахь дIасакерчаш.
БIаьра хьалха хIуьттура хийла хилларш...
Дагалецамашший, юха набарна тар тесча гун гIенашший вовшийн хуьйцуш, вовшех уьйш, тайп-тайпанчу суьрташкахь дехара цуьнан кхетамехь. ТIаьххьара а оцу дагалецамаший, гIенаший кIадвой, «закъзиккъанехь» паднар цIовзуьйтуш: «ЭхI-хIай, хьо къанделла дегI», – олий, метта кIегар хуура Очча. ТIаккха, корера кирхьанашдIа а узий, куьзганан бIаьрга тIе куьг а дуьллий, нагахь буьйса екхна хилча, ломал тIехьа къайладала кечделла беттаса, цо къагийначу басахь долчу диттийн лай тIе дийшина IиндагIаш тергалдеш; нагахь буьйса кхоьлина хилча, кхин шена къаьсташ хIумма а доццушехь, иштта дIа бодашка ара хьоьжуш
Iара Очча, сихха садаржаре са а туьйсуш.
Цкъацкъа цхьана юкъана буьйса Iарж а елла, юха бода зарзбала боьлча, юьртара нIаьнеш тIаьххьара кхайкхха йоьлча, Очча меллаша, неI а цIовзош, «уьхьуьхь» олий, йовхарш а йой, кетIа волура.
«КъанццIехь» ло а цIийзаш, кетIахула волалой а лелий, тIаккха ханнех доьттинчу лохачу божалан неI а йоьллий, цу чуьрчуцхьанаэшшарехь нох дохуш бижина Iуьллучу атте а, шо кхаьчначу шинаре а хьожий, царна таса йол ян воьдура иза, лайлахула шада а текхош.
Оччина уггаре а кху тIаьхьарчу хенахь дукхадеза гIуллакх, шен дечиган пхьола дечу оти чу а вахна,
Амадина хьехан, попан дечгех цхьацца совгIаташ деш болх бар дара. Иштта цхьана дийнахь Оччас ког-салазаш йира Амадина.

КIанта дукха сатийсинера шена ненадас и совгIат даре. Амади, къажа а къежий, хийла лаьттара ког-салазашца хехкалучуберашка хьоьжуш.
– Амади, хаххавала ваьхьар вуй хьо дIо гу тIера чу, – хаьттира Оччас, цуьнга ког-салазаш дIа а луш.
– Ву, хIаъ, – корта таIийра Амадис.
– Кхоьрур-м вац хьо?
– Вац.
ТIаккха Iийна-а, жимма ойлане воьжча санна а хилла, Амадис элира:
– Воккхадада, и кIант кхийриний, саьрмик бе воьдуш.
– ХIан-хIа, хьо а ма кхера хьо иштта.
– Со-м кхоьрур вац цкъа а.
Иза шена тIе а озийна, коьртах куьг а хьаькхна, Оччас элира:
– Хьо ваха дукха, хIа-а ваха. Вало, хаххавала воьду вайша.
Юьртана юьстахо бара бераш хехкалун гу. КIоргачу лайлахула вогIура воккха стаггий, жима кIанттий: Оччa
– шен баккхийчукогашца ло а кегдеш, Амади – цуьнан куьг а лаьцна, цо баьккхинчу новкъахула. Эххар а, Оччин куьг юха а озийна, вехьа а вехьаш, Амадис элира:
– Воккхадада, и кIант лаьтта буха вахна Iуьрг мичахь ду?
– Мила кIант?
– Иза вуй... иза.. лаьтта бухарчу дуьнен тIе а вахна, нахе хи ца оьцуьйтуш, бижна Iуьллу саьрмик бийнарг вуй?..
– ХIа-а, изий? Иза хьаха вахна, дIо лам тIехь, гой хьуна, цхьа Iаьржа меттиг, – аьлла, малхбалехь тIе ло диллина, шурула-кIайн, тIехь цхьа Iаьржа меттиг гун лам болчу агIор пIелг хьажийра Оччас.
Амади вехха лаьттира, маьлхан зIаьнарша къегочу лайна ши бIаьрг а хьаббина, лам болчу агIор дIахьоьжуш.
Воккха стаггий, жима кIанттий эххар а дIакхечира бераш салазаш тIехь хехкалун гу болчу. Йоккха гIовгIа эккхийтина хьийзара бераш. Тайп-тайпана бара церан хехкалун гIирсаш: дечиган салазаш, ког-салазаш, цIахь йина лыжанан тайпанаш, туьканара эцна аьчган салазаш, канкеш... Хахка цхьа а хIума йоцчо шен мачаш хоьхкура.
Канкеш, лайх чуоьхуш, мегарг хахка а ца лора. ХIетте а уьш ерг чIогIа кура вара берашна юккъехь: цхьаьннан а йоцу канкеш ма яра кхуьнан. Кхуо уьш стохка аьхка шен ненайиша йолчу хьошалгIа гIала вахча, цигарчу цхьана кIантера морожний, кегий тIулгаш кхуссу Iаддий, ах

сом ахчий делла яьхнера. Оцу кIантана тIаьхьахIоьттина лелашмасех хуьлура гуттар а, шегийшегий канкеш хахкийта бохуш.
Берашна мелла а юьстах а сецна, Амади ког-салазаш тIехь хахкавала Iамо хIоьттира Оччa. Хала дIадоьдура Iамораш, шинна а хьацар даьллера, Амади хахкаваларал дукхах лаьттах ветталора. ТIаккха цуьнгара салазаш схьа а эцна, кIантана гойтуш, Оччa ша хахкавала хIоьттира:
– Хьажал, иштта, тIехьа ма теIал хьо, хьо тIехьа таьIча, салазаш хьалхара хьала айало, тIаккха охьакхета, хьажал, иштта, иштта... ОхI!
Оччин охьакхетар хазделла, гонахара бераш гIадъоьуш дуьйлура, бIаьстенан юьххьехь Iам чохь екачу пхьидаша санна гIовгIа а эккхийтина. Цаьрга хьоьжуш вела а воьлуш, ша охьакхеттачохь, лайлахь Iуьллура
Оччa.
Иштта Амадина совгIаташ а деш, шен дерриге а хазахетар цуьнца доьзна, шен дагардина шераш кхузахь, юьртахь, дIадахьа реза вара Оччa. Амма нах ца Iара, ца Iара-те.
– ХIун лардеш Iа кхузахь Оччa, шен кIант волчу дIа а ца воьдуш?
– ВаллахI, Заьлбикас и дика Iалаш а ма во, делахь а цуьнан шен доьзал а, цIа а ма ду...
– Лахь а, висахь а, шен кIант волчохь бакъахь хьаха вара Оччa.
– Ша вина, кхиина меттигаш хьоме хеташ Iа-кх
Оччa.
Иштта дуьйцура наха. Ткъа цхьаболчу зударша, серий дуцуш йинчу керташ юххехь а соьцуш, иштта а дуьйцура:
– Делан вазлор, гIур вара Оччa дIа, шен дIаваха меттиг елахьара-м. Кхин хIара тIеийзош цуьнан кIант а вац, хьуна.
– ДIаяккхахьа цуьнан кIант – кIантю? ГIиллакх-гIуллакх а доцуш, гIалахула йолаелла лела пис!
– Цуьнан зуда ю боху чIогIа гарадской стаг.
– И ша а, хьаха, ву гарадской-м.
– Цундела новкъа ву-кх царна хIара къена-къанвелла стаг...
И эладиташ шена хазахь а, Оччa-м вацара дIаваха дагахь..
Мохьсума ша хьала моссаза веа, охьа вагIахьара хьо, кхуьнга ала а ма олура, делахь а бIо ца булур-кх Оччин гIала ваха.
Амма тIаьххьара а деза-м дийзира Оччин кхуза схьаван.

Цхьана дийнахь хIара волчу Яхьа веара. ХIокху юьртахь Оччин чкъурах виснарг вар-кха иза. Жимчохь дуьйна цхьаьна хьалакхиъна, цхьаьна эвла юкъара ченаш кегийна, цхьаьна синкъерамашкахь хелха хьийзина, хало а, атто а цхьаьний евзина вара и шиъ. Цундела Оччин чIогIа сапаргIатдолура Яхьица къамел деш. Наха чIогIа забар йолуш ву олуш стаг вара иза.
Суьйранна, малх чубуза герггa бахча, веара Яхьа
Очча волчу.
– Очча, хIей! – чу мохь туьйхира цо. – Чохь вуй хьо?
– Дера ву, мича гIур вара со, схьа чоьхьавала.
– Ой, мича гIур ву бохург хIун ду? – когаш лаьттах бетташ, шен мачаш тIера ло дIадохуш воллура Яхьа. –
Хин коьрте хIуттур ву-кх, мехкаршка бIаьрг тоха...
– ДIаваьллахь, сан дог ца догIурш а ца дуьйцуш.
– ЭхI, хьан хIунда ца догIу дог? – аьлла, шен Iаса соне а хIоттош, везза охьахиира Яхьа. – Вай-м хIинца а кхин цхьацца зуда яло дезаш а дай.
– Зударий-м, Къуръанора, ца оьшура вайна.
– ВаллахI, оьшур ца оьшур-м ца хаьа суна, и лаха юккъера Iабдин йоI сайга еъча, тховссехь ялор ма яра ас.
– Яра, хьайга еъча-м... Дог ма лаьтта дац дегI.
– Дац-те, – аьлла, ойлане вахна Яхьа цIеххьана велавелира.
– ХIинца хIун дагадеана воьлу хьо?
– Дера воьлу, хьан доттагIчунна ТIокказна зуда а ялийна, вайша мотт бастийта вахча, ас цхьа эвхьаза бегаш а бина, нускало сайна, пеша хьалхара схьа а эцна, дечиг тохар дага а деъна... Хьа-хьа-хьа!..
– Иза-м бакъ ма туьйхира хьуна цо.
– Нийсса хье тIе а кхийтира иза-м, шен да ватIарг.
Сан хье тIера чуьппалг гича, ма воьхна хьаьвзира ТIокказан-миска, дала гечдойла цунна.
Вехха IийраЯхьий, Оччий шаьшмел лелийнарг, мел гинарг дагалоьцуш, бегаш беш, юьртахь мел хуьлуш дерш а, кхечухьа хилла бохуш хезнарш а дийцаре деш.
Оччица и гIала дIавахарх дерг а хьахийра Яхьас.
– Хьо хIун доьгIна Iа кхузахь?Кхузахь дечиган гIайгIа бан беза, йол яккха деза, юург латто – масане ду уьш.
– Уьш-м даккхий хIумнаш дацара. Дечиг эцца колхозо доуьйтур ду, йол а пирсдатело язйийр ю аьлла, оьшучунна хьажа и йоI а ю...

– Дера, Заьлбикас хьо дика лела а ма во, цунна хьо кIордор ву бохург а ма дац ас дуьйцург-м. Цигахь хьайн йовххачу чохь, мела а, шийла а хи ду хьуна, лаахь лийча меттиг ю, кхузахь санна хIара хатт текхо а ца деза хьуна, цу тIе хьайн кIантана уллохь а ву. Оцу гIалитIахь ахь цхьа-ши кIира даккхахь, хьо цигара цIа ца ваийта-м ас тIелоцу хьуна. Цигахь йоцуш хIун ю? Баа бес-бесара кхачанаш, хаза меттигаш. Ткъа мехкарий – ва-хьахьа! – бIаьрго боххол хазанаш бу.

Яхьа дIавахча вехха Iиллира Оччa, шен метта ваьлла, ойланашка вахна. «Деллахь, хIун ду теша хIокху наха массара а соьга дIаваха веза бахар? Ура-аттала Яхьас а ца эли: «Ма гIолахь дIа, дала дезачу сохьтехь вовшех а къаьстина хIун дийр ду вай». Дера ца эли. Кхузахь со оьшуш а, со хьашт волуш а стаг а вац, дIагIур ву-кх оцу гIалитIа».

ШолгIачу дийнахь колхозан конторе вахара Очча, пирсдатале шен хIумнаш дIаяхьа машен еха.

– Машен лур ма яра хьуна, Очча. Делахь а, хьо кхузахь виснехь, хьо накхаршна тIе хIотто дагахь ма вара со. И дIо шу Iийначу басахь дика меттиг яра царна: зезаг долуш цана, гондIа хьехан хьун а йолуш...

– Шуна-м кхин белхало карор вара, кхузара дIавахар дагца чIагIдина ваьлла со, – доккха са а доккхуш, элира Очча с.

Очча новкъа воккхуш кхуьнан йоIIий, Амадий, масех лулахой вара. Цара массара а машен тIе йоьттира

Оччин салпал. Очча с попан дечигах, дагарца хьакха а хьоккхуш, воттанца шар а еш йина ишкап а тIейиллира, тIейиллира мотт-гIайба, тIейиллира цIестан кIудал а, хIокху масийтта шарахь Анус хитIа кхехьна йолу....

Очча машен чу хаа дIаволавелча, Заьлбикин бIаьргех хи делира. Амадис, цхьана бIаьрга буй а хьийзош, элира:

– Воккхадада, хьо цIа маца вогIур ву?

– Кестта вогIур ву. Вуон ма лелалахь.

Машен дIайолаелира. Корах ара бIаьргаш кхерстош, корта а оллийна, машенан кабини чу а хиъна Iара Очча.

ТIехделира хIокхо эвла йистехь нийсса шийтта шо хьалха доьгIна, хIинца гIеххьа доккха хилла комаран дитт, тIехбелира колхозан арахь дIабоьттина го элан хола а, тIехдевлира эвла йистехь долу, гондIа аннийн керт йина юьртан кешнаш а. Некъ басах чубирзира.

Ша кхуза цкъа а вухавогIур воцуш санна хетара Оччина. Шен пIендарш дохуш санна, хала дара цунна юьртах къаста. Дера дара

пIендарш схьадохуш санна хала-м. Дуьххьара дахаран чам Оччина кхузахь бевзинера. Дуьххьара эвла йистехула охьадоьду ламанан хи бердах чукхуьйсуш хиллачу чахчари тIе лийча иза кхузахь вахнера. Дуьххьара гуьйренан белхешкахь йоIе са а цо кхузахь къийринера. Кхузахь, аьрцнаш юккъехь Iуьллучу, гондIарчу баьццарчу хьуьна юккъехь цкъа мацах даьхна ирзош гучу юьртахь цо дика-вуо а, халахетар-хазахетар а лайнера. И дерриге а дагаоьхуш, кийрара дог гIийла доьлхуш, хаба а хебна, кабини чохь
Iара Очча.
Ткъа арахь угIура дарц, лаьмнийн басеш а, аьрцнаш а кIайдеш.

**2**

Очча гIалитIа схьакхечира. Машен пхоьазза тIекIел динчу цIеношна хьалха сацийра шопаро.
КхоалгIачу гIат тIехь кхаа чоьнан хIусамехь Iаш вара
Мохьсум. Цучохь Оччас охьаеъна хIумнаш а дIанисйира цхьаерш, цхьаерш кладовой чу дIа а яьхьна, дIаехкира.
Мохьсум ткъе пхийтта шо долуш стаг вара, юккъерчу дегIахь, Оччинчух тера мара а болуш. Ша хIума хаъал хилчхьана гIаланашкахула волавелла лелаш, кхин дас-нанас цIа верза бахарх, цIа ца воьрзущ, эххар а шена цхьа зуда а ялийна, шопаран балха а вахна, кхузахь,
Соьлжа-гIалахь, ваха хиъна.
Мохьсум Оччин кхаа кIантах юккъерниг а, хIинца дийна виснарг а вара. Воккхах волу кIант, тIом дIабаьллачу уггаре а халчухенахь, шен вуьрхIийтта шо кхаьчначушолгIачу дийнахь, цIеххьана коьрте лазар а иккхина, велира. Цуьнан цIе ТIокказ яра. Ткъа цул тIаьхьа иттех шо даьлча, «цIе ца йоккху цамгар» а хилла кхелхира Ануний, Оччиний уггаре а хьоме хета, доьзалехь массарал жимах волу Iабдулла. И велча Анус а,
Оччас а масийттаза элира Мохьсуме юьрта дIавола.
Амма иза, цхьацца бахьнашхIиттош, хIинца вогIур вуй, тIаккха вогIур вуй бохуш, Iийра.
ДIакхаьчначу дийнахь цхьа тамашийна хийтира
Оччина хIокху гIалахойн дахар.
«Муха Iало теша хIорш хIокху яьшканаш чу а хевшина, стенах самукъадолу, стенах баккхийбе: гIовгIанаш, машенаш, дIахьаьжча а, схьахьаьжча а хIара тIекIел дина цIенош, кIур, туьканахь – раьгIнаш.

Дахар дан а дац-кх»... – ойланаш йора Оччас.
Ша вичхьана а юьртахь Іийначу, ахархочун болх кхетамах а, тІамарх а боьллачу, юьртан тийналлий, тІе хьаннаш евлла аьрцнашший шен дахарехь ца хилча цаторург долчу Оччина хала дара гІалин хьелех дІавола а, кхузарчубахархойн сакъералучу хІумнийн марзо йовза а. Цхьанхьа балхахь а воцуш, чохь Іаш хиларо а кхин тІе а сагатдора Оччин. Сарралц чу а хуий, шен гІожа тІехь жимчууьрсаца цхьацца куьцаш деш Іара иза, тІаккха, и кІордийча, дехьа чу а волий, Мохьсуман шина кІантах воккханиг – кхо шо кхаьчнарг – чу а валавой, иза хьоьстуш дІахьора цо шен хан. Цо жимчунна, шех ца кхетташехь, тайп-тайпана хІумнаш дуьйцура, хаза а, беламе а хІумнаш, царах ша, берах тарлой, гІадъоьхуш вела а воьлуш. Жима кІант а велалора, воккхачу стеган синкъерамечу юьхьо йийсаре а вой.
Цуьнца-м кІордор дацара воккхачу стагана, амма
Оччица иштта воьлуш, ловзуш Іен «мукъа вацар-кх» жима Аслан. Воккхачу стага и схьавалийна сахьт а далале: «Асланчик, схьавоьл мамина, дІавижа веза»,
«Асланчик, схьавоьл, хІума яал», «Асланчик, схьавоьл, хьо лийчо веза», – боху а, иштта дІа кхечу тайпана а маьхьарий деттара Мохьсуман зудчо – Зинас. Дуьххьара цо и кеп хІоттийча, чІогІа цец а велира, оьгІаз а вахара Очча: цунна девзачу гІиллакхехь данне а догІуш ма дацара цо лелориг. ОьгІазваханчу воккхачу стага хІетахь хала сатуьйхира несе вуон бага ца тухуш, амма кІант цІа веъчахьана цуьнга юьйцур ю-кх ша цо шеца хІоттийна кеп аьлла, ІадІийра иза. Делахь а, де суьйренга лестинчул тІаьхьа: «Деллахь, хІинццалц хІокхуьнан гІиллакхаш а, хІара а мегаш, цу тІе доьзал а болуш Іачу хІокхукІанте и дІа а хьейина, хІара шиъ, вовшашна ца луъушехь, вовшашца иэгІо а, кхеран барт бохо а соь хІун хІоьттина... Сох кхана-лама велла дІавер ву, даха дезаш а, доьзал кхио дезаш а долчу хІокху шиннан къа ца латош, я хІокху шиннан сайх безам а ца бойуш, дІа ІадІийр ву-кх», – боху ойла йича, Оччас сацам бира несо шена бина бохам, и ца хиллачуха, Іаддабита.
Оччин нус Зина (кхуза вале Оччина иза цкъа бен ган а ца гинера) 27 шарера зуда яра, иттех шарахь бепигкомбинатан директор болх бинчу, хІинца, хІокху тІаьххьарчу масех шарахь, цхьана къоначу журналистана хІокхуьнан чІогІа «бала кхачар» бахьнехь, туьканан

йохкархочун балхах а тоам бан дезачу, дика ларош волчуШарпуддин йоI.
Шарпудди 30-чу шерашкахь кооперативни техникум чекхъяьккхина, хIетахь дуьйна махлелорехь болх а бина, тIаккха, кхин пхийттех шо даьлча, шен доттагIий шена лела хууш хиларца цец а бохуш, кхачанан институт чекхъяккхар чIагIдеш долукехат а карийна, куьйгаллин балха вахара. ГIеххьа ге а, гуламашкахь «белхан эвсаралла лакхаяккхаре» кхойкху къамелаш дан корматалла а йолчуШарпуддина шен ши кIант а, йоI а лакхара дешар дешна а, культурни а хуьлийла лаьара.
Цундела цуьнан ши кIант (ден гIо доцуш ца вахнехь а) институташка деша а вахна, Шарпуддина хетарехь, шайна дахарехь атта сискал яккха кечлуш вара. Царах да воккха а вера. Амма жимах йолчу Зинех дена луъург ца хилира.
Вуон доьшуш а ма яцара Зина-м ишколехь, хIан-хIа, яцара, мелхо а дика доьшуш яр-кха. Ишколехь дика дешарал сов, иза эшарш лакха Iемаш, исбаьхьаллин самодеятельностехь дакъалоцуш, хьехархошна юкъахь
«жигархо» ю аьлла цIе яхна, «нийса дерг юьхь-дуьххьал дIа эр долуш» (принципиальни) йоI яра. Цо дозанал арахьарчу илланчийн а, вайн махкахойн а эшарш дIаязйина гармпон экъанаш а, цул сов, цхьацца почтан маркаш а гулйора. ХIора Iуьйранна, ша ишколе яхале хьалха зарядка йой, шен духарна итухьокхий бен, хIума кхалла охьа ца хуура иза. Дена а, шен майра воккха хьаьким а, хьекъалан да а хеташйолчуцуьнан нанна
– Човкина а шайн йоIа лелочу оцу гIуллакхашкахь иза кхетаме а, культурни а хиларан къеггина долу масалш гора. Церан и тешам кхин тIе а чIагIбора, йоIа кесткеста цхьа газет, я журнал дохьуш цIа а йогIий, цу тIера цергаш муха Iалашъян еза я Iуьйранна зарядка ярах хIун пайда болу дуьйцу статьяш, «Астрономи», «Физика» тIера тамашийна хIумнаш шайна довзийтаро.
ЙоI ишколехь жигархо лоруш елахь а, накъосташна мелла а ца езара иза. Оцу цабезаман билггала долу бахьна и шайн дегнаш чохь лелочарна а ца хаьара.
Амма класса чуьрчу дукхахболчара цIахь белла болх ца бинчу цхьана дийнахь, Зинас хьала а иккхина, массо а цец а воккхуш (хьехархо а тIехь):

– Эхь дац и, хIунда ца бина аша болх кхочуш? Шу кхуза деша догIуш дац? – аьлла къамел дича, и синхаам Зинин нийсархойн дегнашкахь хилар къеггина гучу-м делира. И дешнаш хьехархочунна а ца дезаделира, амма цо берашна хьалха хIумма а ца элира Зинега…
Цул сов, Зинас газете цхьа кехат а яздира ша ширчу, боданечу Iадаташна дуьхьал хилар дIахоуьйтуш, цо (газето) «Гонах хьовса, мехкарий» боху дискусси дIахьочу хенахь.
Иштта доьшуш яра Зина ша уьссалгIачу классе яллалц. ТIаккха цуьнан амалехь, массо а цец а воккхуш, хьехархой а тIехь (дай-наний-м цецдаьлла а ца Iийра, цу шинна хала а хийтира и гIуллакх), цхьа хийцам хилира. Зинин жигаралла тIапъаьлла яйра. Цо дитира марканаш гулъяр хьовха, дозанал арахьара мукъамаш тIе дIаязбина экъанаш гулъяр а. Хьалха шен накъосташна иэхь хетийта гIиртинехь а, хIинца-м тIедилларш, цIахь бан белла болх кхочуш ца бина аьлла, шена хьехархочо барт биттича, эхь хетар хьовха, ура-аттала цIий а ца лора иза. ХIинца Зинас шен дукхахйолу хан ша-шена тIехьажайора, иза масех сохьтехь лаьттара куьзгана хьалха кечлуш. Цо шен дега я нене, йоьлхий а, дехарш дой а, керлачу модехь ю мел боху хIума оьцуьйтура. Шен Iаламера иштта а хазчуюьхь тIе, иза кхин тIе а хазъян гIерташ, тайп-тайпана парфюмерни хIумнаш хьоькхура.
Иштта ойланаш панаевлла лелачу Зинас, шен ден гIоьнца, халла чекхъяьккхира итт шеран ишкол.
Шарпудди, цхьацца хIумнаш дагаэхахь а, дика ца кхетара йоIехь хиллачу хийцамех. Цундела цо Човкина: «Хьан бу берриге а бехк, хьуна ца хии цунна Iамо дезарг Iамо. Иза-м хIинца а жима яй, цуьнан-м деша а, шена атта сискал яккха Iама а дезий», – бохуш, дов дора. Амма Човкина шен мар, и шена мел хьекъал долуш хетахь а, оцу хIуман тIехь бакъ ца хетара. Цундела цо, дIа хIумма а ца алахь а, шен даг чохь иштта ойланаш йора: «Дера яц иза-м жима. Шен маре яха хан тIекхаьчна дела ю-кх иза деша ца лууш а. Со-х цул а жима яра хьоьга йогIуш. Ткъа хIун до зударша дешарх? Церан дешар шайн цIа-цIе меттахь латтор ду-кх».
Зударшна уггаре а оьшург хазалла, маха баккха а, юург ян а хаар лору, шена берахь дуьйна нанас хьехна
«философи» коьрта чу йоьллинчу Човкина ца оьшуш а, совнаха а, цу тIе уьш оьзда хиларна кхераме а хетара зударшка дешийтар. Цундела,

цунах лаьцна майрачуьнга дIа хIумма а ца хьахадахь а, Човка шен даг чохь чIогIа реза хир яра Зине цхьа аьтту болу маре дайта.
Ткъа Зинас шен ненан лаам, цуьнга а ца хоуьйтуш, нийсса ах кхочушбира: цо маре дира, амма нанна дезачу аьтто болчех дацара иза. Оцу заманахь Ригехула, Москвахула, Ленинградехула, Тбилисехула, кхечу гIаланашкахула хьаьддий-веддий лелла вогIуМохьсум нисвелира Соьлжа-гIалахь.
Карахь кепек ахча а доцуш, юьрта шен дай-наний долчу ваха даго а ца витина, гIалахь, шопаран балха а вахна, сецира иза. Амма масех бутт дIабаьлча а жимма а ахча ца IаьIира цуьнгахь. Муха IаьIар дара, алапа схьа мел ло, цо иза «лийчош» хилча. ХIоразза «лийчийнчул» тIаьхьа цуьнан ахчанах доьалгIа дакъа а тIаьхьа ца дуьсура. Ишттa масех бутт баьккхира цо гIалахь, шовзткъа километр бен генахь йоцчушайнюьрта ваха са а ца гатдеш, да-нана газа ши шой ах шой даьллехь а.
Зина Мохьсумна евзачу хенахь институтехь кечамбаран курсехь доьшуш яра. Дас и цига нуьцкъаша яхийтира, цо шен дешар хьахийча Iетто дог керча боххушехь.
ЙоьIан дог-ойла деша йоьдушиштта хиллехь а, амма студентка хилла яьлча-м дохко ца елира иза шегарчу хьолах. ХIунда аьлча, цо деша гIерташ шена ницкъ а ца бора, ткъа самукъадала меттигаш кхузахь, институтехь, дуккха а яра. Зинас шен занятеш, кест-кеста юкъахйитахь а, институтехь хуьлу синкъераме суьйренаш цхьа а ца юьтура ца йоьдуш. Ишттачу цхьана сарахь вевзира цунна Мохьсум.
Мохьсум буточу, юккъерчу дегIахь, цIен-кIайн богуш бос а болуш, мел мелча а къаьркъа а ловш, дIатаьIначохь наб а кхеташ, шайн дерриге а дахарх ойлаеш яьккхина хан итт сохьте а ца кхочучу кегийчу нахах вара, дахарехь дIадахнарг а, хиндерг а дага а ца догIуш, карахь долчуьнца вехаш. Дахарехь уггаре лакхара
Iалашонаш – мехкарий безар а, сакъерар-кхерстар а
(цунна гергахь дуьне довзар) хета Мохьсум, шен тIеюхучу хIумнашца а, никIапица а вайн заманна дика тIаьхьакхуьуш вара, цул сов, гитара лакха а Iамийнера цо.
Цуьнан амалан и башхаллаш мехкаршна дика ган а гора, тIаьххьарчара хьалхарчеран хадо ма беззара мах а хадабора. Зинин кIанте безам бахийтинарг а, коьртачунна, цуьнан и башха амал ма яра.
Ткъа кIайн юьхь-сибат а, тайна, дуьйлина гIад а,

Іаьржа бІаьргаш а, стаммий настарш а йолу Зина, цуьнан гІеххьа бехо мара белахь а (ненан аматан лар), синъайаме мехкарий безачу Мохьсумна ца тан йиш а яцара, иза йовзуьйтуш кхуьнан накъосто – студенто
«Зинин да», «бепигкомбинат», «директор» боху дешнаш цхьаьнадалийча-м мухxале а.
Мохьсума оцу сарахь, кхин ийза а ца луш, хьаькkхина тІе а вахна, Зине шеца хелха яла элира. Иза реза хилира. Оцу сарахь Мохьсума Зинина шена «вальс» а,
«танго» а, «шейк» а хелхавала хаар гайтира, и буьйса дІаяьллачул тІаьхьа Зинин, Мохьсуман доттагІалла кхин ачІагІдала дуьйлира. Кестта кІанта йоІе шега йола а элира, иза реза а хилира. КІанта там-текъам, ахчийсовгІат хьахийча, Зинас элира: «Со шира, бодане Іадаташ лелор долуш яц, вайшимма, тхан цІахь а ца хоуьйтуш – суна хаьа уьш хьуна реза хир боций, – загсехь регистраци йойтур ю». Цо ма-аллара, и гІуллакх, цкъа хьалха йоІа шен маре яхар дуьйцуш нене кехат яздинчул тІаьхьа, къоначара кхочуш а дира. Мохьсум, Зина иштта шега ян реза хиллехь а, цхьа хІума ца лелийча товш а ца хетта, шен зуда а эцна, юьрта вахара, тІаккха
Оччас нохчийн гІиллакхо ма хьоьххура, хилларг хаийта Шарпудди волчу баккхий нах бахийтира. Шарпудди, цкъа хьалха: «оцу хулигано Іехийна и йоІ!» – бохуш, чуьра а вийлла, тІаккха, Човкас шега Зинин кехат гайтича, дерригенах а кхетта, са метта а деана, «оцу йоІах аса бохур ца хилла дели» аьлла, сихха резахилира захалонна.
Гуш ма-хиллара, институтан кечамбаран курсаш
Зинина маре яхарна кечамбаран курсаш хилира. ХІетахь юьрта еача гира Оччина шен нус дуьххьара. Зинас ша хІеттехь а йовзийтинера шен мардений, марнанний. Цо царна хьалха шен майрачун цІе а ца кхобура, кхидІа долу гІиллакхаш-м дийца а ца оьшура.
ХІетахь яхнер-кх Мохьсуман, Зинин «гарадской нах» боху цІе дІа а. Масийтта бІешарахь лаьттина а, и еш масех адамийн чкъор хийцаделла а йолу бІов, цуьнан хазалле а, и шайна новкъа ца хиларе а ца хьоьжуш, уллохь дуккха а тІулгаш а доллушехь, шаьшлелориг кхетамехь оза а ца узуш, йоха а йина, оцу бІаьвнах тоьла ян а кийча болчу къоначу нахах цхьаъ яра Зина.
Ша бохург цо ца динехь а, Шарпуддис тесна ца йитира шен йоІ. Цо цунна кхо чоь йолуш квартира а ийцира, цуьнан майрачунна гІали

юккъехула лелачу автобус тIе ваха гIо а дира.
Даима кхерсташ лелла Мохьсум бахамаллин декъехь чIогIа ледара вара, цундела цо и гIуллакх дерриге а шен зудчунна кара дIаделира. Ткъа Зинас, бахам лелорал сов, шен майрачуьнга малар а дитийтира, цкъа хьалха и могашаллина вуон хилар чIагIдеш «Здоровье» журнал тIера масех статья а ешна, тIаккха дехарш деш а, кхерамаш туьйсуш а. Дуьненахь цхьа адамийн тайпа ду, чIогIа майра, аьлча а чIичIъаьлла, хьаьнцца а, хIуъу а дийца карахдолуш, тIахъаьлла кIентий бууьш аьлла, цIеяхна. Амма гондIарчу наха, стенна делахь а, цхьана хIумнан тидам ца бо, царна шаьш и вай лакхахь ялийна эпитеташ лучу хенахь: и нах майра а, чIичIъаьлла а, иштта кхидIа а болчу хенахь мелла хиларан. Амма иза коьртаниг ду иштташу нехан амалшлахь и вай лакхахь билгалъяьхнарш хиларан. Мацца а, цхьана тайп-тайпанчу хьелашкахь нисдалар бахьнехь, цара малар дитахь, царал тийна, озалуш, цу тIе (иштанаш а хуьлу) кхералуш а стаг хир а вац. Гуш ма-дарра, оцу адамийн стогалла, майралла, тIахъаьлла хилар а, коьрта долчунна, маларо латтош ду-кх. Дукхахдолчу декъана, и тайпа амалш йолчукегийчу нахах вара Мохьсум а. Цундела хIинца малар дитинчул тIаьхьа, иза халкъо шех «бага биллича пIелг а Iовшур боцуш ву» олучу адамийн тобанах дIакхеттера. И тайпа нах вистхилар кIезга а, юьхь-сибат ойлане долуш а хуьлу. Дукхахболчарна моьтту уьш, дахаран кIезга-мезгаллаш йитина, цхьа даккхий, дуьненна а мехала долу гIуллакхашшайн кортошкахь къестош бу. Амма и дукхахбершшайна хетачунна тIехь мелла а галбовлу, хIунда аьлча, оцу наха цкъа а кIоргера ойланаш ян а ца йо дела, яхь а хIокху тайпанарш бен: «ЦIахь оцо борщ йина хилахьара, чорпа а ца еш»; «Маса де дисна-техь кIиранде тIекхача?»;
«Оцу дIогарчунна тIераниг санна палту оьцур ю-кх аса а сайна»,– иштта цу тайпана кхин а.
И тайпа адамаш, шайн «со» гучудаккха ца хIуттуш, шайн билггала болу дуьнене хьежамаш а, дуьне гар а доцуш болу, атта кIел совцу кхечеран лаамна, и кхиберш шайна дахаран, Iаламан баххаш довзарехь шайл дукха гена бевлла бацахь а. Иштта кху тIаьххьарчушерашкахь дахарехь Зинин лаамо, хьешан говр санна, юьхь лаьцна лелош вара Мохьсум, мел халчу некъашкахь дохк хилча а, ша хьаькхна хилча а дика, бохам ца хуьлуьйтуш, цунна автобус лело хаахь а.

Малар дитинехь а, и малар санна, кхин цхьа хIума марзделира Мохьсумна: цунна дуьхьал цуьнан зуда
Зина яцара, я цуьнан стунда Шарпудди а вацара. И хIума ахча IаIор дара.
Хьалха, жима стаг волчу хенахь, и башхалла шеца йолуш а ма вацара хьуна Мохьсум, я ша иштта «тIаламе» хир ву бохург дага а ма ца деънера цунна. Хетарехь, цунна и дагадогIур а дацара, нагахь цхьана дийнахь, стундас эцначу хIусам чохь, стуннанас совгIатна еллачу диван тIехь агIор а ваьлла, тахана шена балха тIехь волуш, цхьана дений-нанний еха месаш лелочушайн кIантах, буса и дIавижча, боьха хIума а хилла карийна бохуш, цхьана воккхачу стага дийцина хIума цецвийларца дага а лоьцуш хIара Iаш, кхарна луларчу хIусаман дас – Макшерипа шен машене, ша цIа кхаьчнийла массарна а дIахаийта воллуш санна, ехха сигнал ца ялийтинехь.
ХIетахь Мохьсумна дагадеара, деллахь, ма дика хир дар-кха, хIинца цхьа машен хилча, хIара къонах а кIордийна суна-м даим а шен машенах кураллаш еш, аьлла. ТIаккха цо хозуьйтуш: «Машен эца еза», – элира.
Ткъа и гIуллакх кхочушдан ахча, ша IаIа ца дича, кхуьнан хуьлийла а яцара, хIунда аьлча Шарпудди (кхуьнан стунда) ша бепигкомбинатан директор волчуьра дIаваьккхичхьана совгIаташ дарна дукха тIера а вацара. Мохьсума хIара шен ойла нийсса ши шо хьалха йинехь, цуьнан лаам кхочушхилла лара мегар дара.
ХIинца и хила тарлуш дацара. Цундела шена машен эцар хьалххехь дага ца дарна оьгIаз а оьхуш, Мохьсум ахча IаIо вуьйлира. Алапех цхьа дакъа дIадуьллура.
Амма иштта ахча IаьIар дацара Мохьсумна ма луъу сиха, цундела ахчанан коьрта хьоста хилира хIора дийнахь, смена чекх моссаза ели, автобусан кондукторо цунна лун туьма, пхийтта сом, я наггахь ши туьма а.
Иштта и ахча гулдан воьлчхьана, Мохьсуман амал синтем боцуш а, оьгIазе а яра. Цуьнан оьгIазалла шен чIогIаллица уггаре а лакхарчу дарже кхочура, Зинас кхунна гергахь ца оьшучу, пайда боцчу а хIумнашна – Зине хаьттича-м, чIогIа оьшуш, ца хилча ца тарлуш а хIумнаш яра уьш – ахча доьхкича.
Делахь а, ша иштточухьолехь волуш а, Мохьсум ара ца волура, я аравала а ца гIуртура Зинин лаамо шена тоьхначу, гуш боцчу зилал.

Мохьсум хIора сарахь, ша балхара цIа моссаза вогIу, шена тIера куртак дIаяьккхина а (ванни чу вижар-м дийца а ца оьшура) паргIат ца волуш, дуьххьал долчу готтачу, яахIума кечъечу цIа чу а воьдий, тахана шена каракхаьчна ахча лара хIуттура, юьстахо-о ша леррина тергалвеш лаьттачу Зине велакъажарца дIа а хьоьжуш.
Зина а къежара майрачунна дуьхьал ела. Цунна хIумма а ца товш дацара майрачо дийриг. Цо, «Здоровье» журнало ма-боххура, жима Асланчик, иза Воккхапапица ловзуш хилча а, лийчош, яахIума яош, дIавижош раж лелаяхь а (и гIуллакх цунна гергахь, шен оьзда а, культурни а, заманна тIаьхьакхуьуш а хиларан билгало а яра), массо журнало а, газето а, цул сов, хIора дог цIенчу стага а хаддаза «юкъараллина къоладар ша оьзда лоручу стагехь тарлуш дац», – боххушехь, Мохьсуме цкъа а ца олура: «ХIан-хIа, Мохьсум, дитахьа и хьарам ахча, цулла а вайшимма, хьанал къа а хьоьгуш, паргIат ахча а IаIийна, оьцур ю вайна машен». Алар-м хIунда дуьйцу, ура-атталла и тайпа хIума Зинина дага а ца догIура.
Иштта дара Очча воьссинчу хIусаман дай, наний.
Ткъа жима Асланчик хаза, дика хьийкъина бер дара, цу тIе шен нанас боххург а деш. Берийн маьнги чохь
Iуьллу цул жимах волуАбушенька, кест-кеста цхьаъ ца тайча, я мацвелча велхарал сов, шен амал хIинца а дуьненна йовзийтаза вара.
Иштташу хьолехь нисвеллачуОччин чIогIа сагатлора; уллохь, лула-кулахь вистхила вевза-везаш стаг цахиларо кхин а тIечIагIдора иза.
Иштта, шен са а хьийзаш, де суьйренга лестича, Оччас оцу сохьтехь балхара цIа веанчушен кIанте Мохьсуме олура:
– КIант, суна цхьа болх лахахьа.
Мохьсума, дуьххьара дас шега и аьлча, элира:
– ДIавалахьа, дада, ахь хIунда бо болх, вай иштта а дика ларош схьадогIуш ду.
– Вай лара ца до ца боху ас. Кху чохь со ца Iело боху.
– Дика ду, со хьожур ву.
Ша и тIаьххьара дешнашхIора суьйраннаОчче алахь а, Мохьсум сиха вацара уьш кхочушдан. ТIаккха Очча,
«ма бала бац-кх хIокху кIантана сан балхаца», – дагахь а аьлла, шен са ца хьийзийта кхин некъ лаха вуьйлира. Цунна и кара а бира. Иза, ойланаш а еш, гIалин урамашкахула лелар дара. Иштта ша лелаш, Оччас хийла луьстура шен дахаран денош. Иза юха а вехара

дӀадаханчуьнца. Иштточуминоташкахь Оччас, дийначу нахаца санна, гӀийла шабарш а деш, къамелаш дора цӀеношца, дитташца, урамашца. Эххар а урамашна, церан хормане я тийна, гӀовгӀане хиларе, цигарчу цӀеношка, я кхечу башхаллашка хьаьжжина цӀераш а техкира цо. МоггӀара лаьтташ лоха цӀенош а, уьш чекхдовла жимма меттиг йолччохь, меран дукъ санна, тӀедаьлла кхаа этажан цӀа а, цул лахахь стеган можах тарлуш доьгӀна дитташ а долчу ураман цӀе «Хьекъалча» яра. ДоьгӀна дуккха а бес-бесара зезагаш а, хаза горга дитташ а, ирх кхуьйсу хиш долчу урам-майданан, иза иштта хаза йолу дела, Оччас шен дагахь «Зезаг» аьлла цӀе тиллинера. Ткъа даима хьаьвддий, девддий лелаш адамаш а, дуккха а машенаш а, трамвайша хуьлучугӀовгӀанечу урамах цо «Чахчари» олура, иза шен меттахъхьерца Варш-юьртарчулекхчубердах чукхуьйсучу чехкачу хих тардеш. Оччас хӀора дийнахь цаьрга саламмаршалла хоттура, царна керла хӀумнаш а, шена хетарш а дуьйцура, тӀаккха цара дуьйцучуьнга ладоьгӀуш а лелара иза.
Цкъа, цхьана дийнахь, иштта урамашкахула кхерста а кхирстина, цӀа вогӀучу Оччина гира шайн лулахо
Макшерип а, шен кӀентан зуда Зина а. Макшерип, кхеран квартири хьалха машен а сацийна, балкон тӀехь лаьттачу Зине къамел деш вара.
– Соседка, туькана платформи тӀехь туфлеш еъна хьуна, – бохура цо.
– Ой, боккъаллий, импортни юй?
– Ю, фински-м.
– ЭхӀ, ма эца дезаш яр-кха со уьш!
– Со ву-кх уьш эца воьдуш, яло, соьца йогӀий хьо? – велавелира Макшерип.
– Вай, йогӀур ма яра со, и старик чохь велахьара, берашца вита.
Эццахь Макшерипна гира, шен гӀаж а луьйзуш, цӀа вогӀуОчча.
– ХӀара-м кхуза вогӀуш ву хьуна, – элира Макшерипа, воккха стаг волчухьа куьг а тосуш.
– Ой, ван а ма ву, со хӀинцца кечло хьуна, – балкон тӀера чуяхара Зина.
Стенна делахь а, Оччина ца дезаделира Макшерипан шен несаца долу къамел. Макшерипе хьалха дуьйна а чам бацара цуьнан. Ткъа берал башха кхин ша тергал а ца веш, «вогӀуш ву хӀара-м» аьлча, цуьнан цабезам оьгӀазалле бирзира, кхуьнан цӀийца ийна йолу ламаройн амал кӀеж тийса юьйлира. «ХӀара хӀун ю ян а, марш оьху хӀума, селхана-стомара йина йолу, – бохура цо шен дагахь. – Хьажахь, бере санна,

«вогӀуш ву хӀара» тов, цу тӀе «вогӀу-воьду а» дац. Хьажахь оцу вукхуьнга а, соьга а ца хотту я берашца чохь Ӏа, я ца Ӏа, кечъяла яха катоьхна. ВаллахӀ, ца хуьлу хьуна хьайна хетарг-м». Иштта ойланаш еш ламеш тӀехула хьалавогӀучу Оччина дуьхьал кхийтира чухьаьдда йогӀу Зина.
– Со хӀинцца схьайогӀу хьуна, Абушенька велхахь, шкаф чохь шура ю хьуна, – элира цо, уллохула тӀех а эккхаш. Амма эццахь, шен оьгӀазалло онда динчу озаца Оччас:
– Духадерзал, шайтӀа! Делан вазлор гӀур яц-кха, хьада, дӀаяло, хьайн берашца чохь Ӏе! – аьлча, иза мардена дуьхьал хӀума ала ца хӀуттуш, йолаелла чу яхара.
Ша и дарна дагна гӀеххьа хьаам хиллачу Оччас дикчу синхӀоттамехь дӀадаьхьира дийнан тӀаьхьадисна дакъа. Сарахь-м и цунна диц а делира. Амма цул тӀаьхьа хиллачуцхьана хӀумно цуьнан дагна йина чов карла а яьккхира, кхин тӀе кӀарг а йира.
Сарахь, Мохьсум цӀа веанчул тӀаьхьа, са а гатделла,
Асланчик ша волчу схьавало дагахь араваьлла Очча, шен кӀанттий, нуссий долчу неӀарехь сацийра цу чуьра схьахезачу Зинин елхаро. Цо, халла къурдаш а деш, дуьйцура:
– Суна-м ца хаьа, и бахьнехь араяла а, чу яла а мегаш дац-кх. Тахана и бахьнехь фински туфлеш йити-кх ас ца оьцуш, хм...хм...у-у...хм...хм, суна цо со юьйр ю моьттура...
Ткъа Мохьсума, и хьоьстуш, хӀара къамел дира:
– ДӀаялахь, Зинек (и цӀе цо наггахь, хӀара тайпа хала киртиг тӀехӀоьттича бен йоккхуш а яцара), ма елхахьа, и-м воккха стаг вай, вайн керлачу дахарх ца кхеташ.
Жимма сатохахьа: иза-х вайца даим Ӏийр вац. Цуьнан-х дезткъа шо сов хан ю.
ЭхӀ, Мохьсум, ма аьлла делара ахь и дешнаш. Хьо-х Оччин цхьаъ бен вацара, ерриге дегайовхо а цуьнан хьо яра. Ма вуон туьйхи ахь Оччин экамчу, иштта а чевнаша гӀелдинчудагах шаьлта.
Меллаша, хезначун йозаллина букар а сеттина, сехьа чу велира Очча. Цуьнан бӀаьргех бохамо ши тӀадам баьккхира, цунна дуьне кхоьлира. «Ванах, иштта пайдабоцуш ю теша адамийн дахаран чаккхе: массарна а, ура-атталла хьайн доьзалхочунна а совволий, жӀаьлел башха ца хеташ». ХӀан-хӀа, Оччин и тайпа чекхъяьлла ойла ца хилира, делахь а

и тайпа ойла цуьнан оцу минотехь хиллачу синхаамийн маьIнаш вовшахтоьхча кхоллалур-м яра.
ЭхI, Мохьсум, Мохьсум, хьо вацара Оччас шелонех, мацаллех, цамгарх ларвеш, нагахь йовхарийн чап кхетча а хьуна юххе а хуий, буьйса-де доккхуш, хьох къонах хилахьара бохуш, кхиийнарг?
ХIумма а дац, Очча, чIагIло хьо, иштта ма ду хIара дахар. Бохамаш а оьшур бац. Ткъа къонахчун дахаран
Iалашо ихалонаш, и бохамаш стогаллица лар, уьш эшор ма ю. Нагахьшаьлта тухуш чов йинехь, таIIадай чу туьха дохка: Iийжа а Iийжина, дIайоьрзур ю хьуна. Я иза а дан ца лаахь, цIергахь цIиййинчу шаьлтанца ягае, ягае хьуца лотуьйтуш. Хьуна-х хийлазза ма гина и тайпа хIумнаш.
ХIаъ, Очча кIел ца сецира оцу бохамна. Цо халла, къурдаш а деш, сатуьйхира хIинца а. Делахь а шен даг чохь: «ДIаваха веза, лаьмнашка, юьрта», – аьлла, сацам бира цо. Цул тIаьхьа хIара ойла а йира: «ХIинццехь ваха тарлац, наха хийла эладита доккхур ду. Масех бутт а балийтина, хIумма а ца хиллачуха, цIа гIур ву со».
Амма Оччина доьгIна ца хиллера масех баттахь гIалахь Iен.
Март беттан тIаьххьарчех цхьана дийнахь лилуласийна стигал а, гIеххьа бовха малх а болчу дийнахь, мелчу хIаваах, гIа долуш лаьттачу таьллех, цIинлуш хазлучу гIалин урамех, делакъажар тIехь сецначу адамийн яххьех воккхавеш хьийзара Очча.
«Кху гIалахь бIаьсте ма тамашийна а йолу, муха йолу а ца хууш, цхьа цIеххьана.
Хьажахь, селхана а таьIна лаьттина Зезаг тахана гIа даьккхина, серла а даьлла, дIахIоьтти; баьццара гIовтал юьйхина, можа-баьццара басар а дина кечвели хьо а, Хьекъалча... Вахь-хьа-хьа! Къанвелча а, и бегаш ца бити-кх ахь... Чахчари, хьан гонахарчудитташа гIа даьккхича а хаа ца ло. Хьан кхузахь йолчу гIовгIано а, машенийн, адамийн гулдаларо а берриге кхетам дIалоций, тидамза буьту кхузахь бIаьстенца хуьлу хийцамаш...», – иштта ойланаш а еш, самукъадаьлла, шена мел го жима бер, цуьнан нана: «ХIара суна вевзаш а ма вац, ванах, хIокхуо ма чIогIа хьоьсту хIара сан бер, шен долуш санна», – олий, цец а йоккхуш, хьоьстуш лелара иза. Де делкъал тIаьхьа лестича, кху тIаьххьарчу хенахь цкъа а ца хиллачу кепара мац а велла: «ХIинца шен хеннахь хир ду, Зина шен копаста тоьхна чорпа схьайоккхушхир ю», – бохуш, багара туйнаша оьхуш, кху тIаьххьарчу масех баттахь

дуьххьара са малхадаьлла цIехьа вахара воккха стаг. Амма цIахь цунна я, кхихкина а яьлла, Iаь гIуьттуш лаьтташ чорпа а ца карийра, я иза бошхепаш чу охьаюттуш хьийзаш Зина а, шена йогIург схьаяларе хьоьжуш «мама, суна а» бохуш Iаш
Асланчик а ца гира. И дерриге а хила дезачу кухни чохь, цIенкъа юккъе гIант а хIоттийна, вуса а велла, цу тIе макх а велла Iаш Мохьсум вара, дехьа чохь – хаддаза воьлхучу Абушенькина тIе мохь бетташ йоллуш Зина а.
Кху чохь иштта хьал хиларна (Мохьсум хIинца а, пхиъ даллалц, балхахь хила везаш а вара): «Цхьа хIума-м ца хилла теша», – аьлла, шекваьллачу Оччас
Мохьсуме хаьттира:
– КIант, хьо ма хьалхе веъна балхара цIа.
– Иштта, схьа цIа веъна-кх.
– Балха тIехь кхин хIума-м дац?
– Дац, дера.
– Могаш воцуш дIасхьа-м вац хьо.
– Вац, дика а ду воцуш...
Шен дена иштта жоьпаш лахь а, Мохьсуман гIуллакхаш цо ма-боххудика-м дацара. Хилларг хIара дара.
Мохьсумаххий, цуьнан кандуктарххий шекбевллачу автоколоннан хьаькимаша хIоккхеран маршруте селхана кхин белхалой бахийтинера. Ткъа цара пачхьалкхана тIебеана пайда дуккха а алсам хилла. Цундела, шолгIачу дийнахь хьаькимо и гIуллакх а, цул хьалха пассажираша шайна и номер йолчу автобус тIерачу кандуктаро билеташ а ца делира, цу тIе цхьаболчара дIакховдийча билеташ дIа а ца оьцура цуьнгара бохуш, дахкийтина кехаташ а тидаме эцна, ша дикка ластош къамел дича, Мохьсума цунна Iаламат юххьадевлла дешнаш элира:
– Ткъа сан хIун бехк бу, сайн гIийлла балхахь воллуш ву-кх со, эцца кандуктар ю шуна, нагахь бинехь, цо бина шуна оцу билетех пайда...
И дешнаш шен цхьана гIуллакхна сени чу яьллачу кандуктарна ша санна шера хезира. Иза гIеххьа ерстина а йолуш, адамашка йистхилар, тIе-кера ялар кIезга а долуш, хIума чIогIа хазахеташ а, чIогIа халахеташ а, бохамах оьшучул сов кхералуш а стаг яра. Цундела иза, боккъалла чIогIа ша чуйоьллина яьлла моьттуш, йоха а йоьхна, ега а еш, автоколоннан хьаьким а, Мохьсум а волчу чуиккхира, и ший а (тIаьххьарниг-м гуттар а чIогIа) цец а воккхуш.

ТӀаккха цо, шена а ша дуьйцург хӀун ду а ца хууш, цхьамма ша сацорна кхоьруш санна, дешнаш вовшашна тӀеттӀа а детташ, гергарчу хьесапехь хӀара къамел дира:
– Ас... ас... хӀун пайда бина?.. Эхь ца хетий хьуна, хета а?.. Ас цхьа кепек ца лачкъийна хьуна. Ахь лачкъадайтир-кх соьга, хьайна дукхахдолу дакъа дӀа а оьцуш... Суна иза дага а ца догӀура, хьуна... ВаллахӀ, ца догӀур-кх, хьаьким... ГӀийла стаг юхьуна со, гӀийла стаг... И ву хьуна массо хӀуманна а бехке.
Оцу кеппара, ша дешнех гӀурт бина яьлча, кандуктар, шен цӀе Кайпа йолу, хецаелла, гӀагӀъаьлла, охьайилхира...
Автоколоннин хьаькимо и зуда, цунах къахетарал сов, и шен кабинета чуьра араялийтархьама: «Дерриге а къастор ду вай, хьо лаца гӀерташ стаг а вац» – аьлла, тейира.
Ткъа Мохьсум, те ца винехь а, изза:
– Дерриге къастор ду вай, – аьлла, балха ваха пурба ца луш, цӀа ваийтира.
Цундела вара Мохьсум тахана дог-ойла йоьхна. И шега майрачо дийцарна – Зина а. Оччина-м ца хаьара иза. Могаш а хилча, балха тӀехь кхин хӀумма а ца хилча, эцца шен зудчуьнца пайда боцчу хӀуманна тӀехула дӀасаалар хилла хир ду-кх кхуьнан аьлла, хийтира Оччина. Цундела, дага деъначуьра аьлла, Мохьсуме хаьттира цо:
– КӀант, суна белхан меттиг юйла ца хьаьжи хьо тахана а?
Шен цхьа тахана хиллачун бен бала боцчу, дас хьалха дина хеттарш а халла лайначуМохьсуман дог кхоччуш детӀира. ТӀаккха цо, и да вар-кха аьлла ца Ӏаш, кӀоршамечуозехь:
– Ахь хӀун до балхах, яа яц хьуна, тӀеюха яц хьуна?
Ва-а, витахь со, ма хьийзавехьа со, кӀордийна-кх суна ахьа сайга хоьтту барт, – элира.
– Мохь хӀунда хьоькху ахь? Хьан хӀума оьшуш вац со-м..
– Ас хьоьга хӀумма а ца боху, витахьа со.
– Делан вазлор, вити-кх ас хьо вита-х.
И дар-дацар хиллачул тӀаьхьа Мохьсум, «Оф-фай» аьлла, доккха са а даьккхина, дехьа а вахна, шен зудчуьнца гӀийла, дан дезарг дийцаре деш, къамеле велира, ткъа Оччa шен чохь ойлане воьжна, хӀинцца ах сахьт хьалха исбаьхьа а, сирла а хетта дуьне, бӀаьсте, массо хӀума а Ӏаржделла, кхоьлина, бӀарзвелла Ӏара.
Иштта, гӀеххьа хан яьлча, меллаша неӀ а цӀовзош (иза

Мохьсумний, Зининий хаза а ца хезира), Оччa, кхин а букар а сеттина, ураме велира. ХIун дийр ду цо? Хазахетар я халахетар, вуон я дика хилча, стаг шен гергарниг, шен дог хуург волчу воьду. Ткъа Оччина-х вацарий хIокху йоккхачу гIалахь вевзаш стагга а, цхьа гIалин урамаш: Хьекъалча Зезаг, Чахчари – ца лерича. И шен доттагIий болчу воьдура Оччa. Цо царна дуьйцур ду шена Iаьткъинарг. Цундела воьду и хьаьдда а, цхьа а хIума а ца гуш.
Чахчари... Хьо дика накъост ву. Амма хьо кхетар яц
Оччин дог-ойланах, тIе хьан йиш а яц цуьнга ладегIа.
Хийла адамаш, хийла гIовгIанаш, хийла машенаш ю хьуна тIехула хьаьвдднй-евддий лелаш... Ахьа-м мегарг наб а ца йо. ХIунда оьшу хьуна совнаха бала?
Зезаг.. Ахь хIун до воккхачу стеган латкъамех? Хьан дог тIулган ду бохург даций и-м. Делахь а... къоналла ю хьоьца, хьан IиндагIашкахь эшаршка юьйлург а къоналла ю. Ткъа бIаьста-м муххале а... Заза даьккхина хазделла дIахIоьттина хьо-м, Зезаг... тайп-тайпанчу бесаша хаздина хьо. Хьуна тIехь сийнаю стигал. Оччa-м вогIур ву хьо долчу, хьан гIанта охьахаа, дикка кIорггера са а доккхуш, сирлачун ойла ян.
Хьекъалан да... ХIаъ, хьо цхьаъ ву-кх Оччин дагах кхета ницкъ берг. Хьо-м Оччин да хила а мегар долуш къена а, дуккха а хIума гина а, лайна а ву. Кхузахь аьчган гIовгIанаш а яц дукха, я къонанаш а ца богIу хьан синтем байъа, хьо IаьнтIехь шелонах хиэба, бIаьста ахь хьайн букъ, маьлхе а оьхьуш, бохбо... Ахьа дуккха а ойланаш йо. Хетарехь, хьайн жималла дагалоьцу ахь.
Иштта ойланаш-м Оччас а йо хьуна кест-кеста. Уьш цо хIинццалц, цхьаьнгга а ца юьйцуш, дагчохь латтийра... Ткъа хIинца ца Iало, уьш ца ялхийча. Кхетий хьо, уьш дуккха а ма IаьIна цуьнан дагчохь: цхьацца тIадам бен ца божийча а, кад тIаьххьара а хьала ма бузу хих, тIаккха и тIех а боьду.
Э-хIей, Хьекъалан да, дика ладогIалахь лекхачу лаьмнаш юккъехь Iуьллучу юьртарчу Оччe. (Баьццара хьаннаш ю оцу лаьмнашна тIе евлла, ткъа оцу хьаннаш юккъехь кегийра Iаьмнаш а ду, йистехь, бацалахь, акхачу бедаша баннаш а дина).

**3**

Хьалха еха учи а йолуш, кхаа чоьнах лаьтта цIа.
Серий дуцуш дира цуьнан пенаш, тIаккха уьш, шина а агIор стомма поппар тухуш, хьаьхира юьртарчу наха.

Юха, кIайн кир а тоьхна, къагийра. ХIинца хIокху бIаьстенан юьххьехь, кхуцIенна гонаха доьгIначукхорийн,
Iаьржачу хьечийн, Iежийн кIайчу зазанца дика цхьаьна уьйра и. Дерриг хIума сирла а, цIена а, къона а хетара кху кертахь. Шайн-шайн эшарш лоькхуш хIаваъ декадора алкханчо, кус-кусо, чIегIардиго, кхечу олхазарша. Ткъа хIаваъ ша? Йовхачу аьхка ламанан шовда санна дара и. ГIа даькkхинчу хьаннашкара схьа а дахаран гIовгIа хезара. Лилула-сийна стигал цкъа а, цхьа а марха ца хилча санна яра. БIаьсте яр-кха кIеж туьйсуш, бIаьсте. Йоккха гIар а эккхийтина, эвла йисте, хьаннаш юккъерчу ирзошкахь ловза, ида, тийсадала доьлхучу берийн дегнашкахь а бIаьсте яра. БIаьсте яркха царах дIакхета шайн кел араиккхина воьдуш, шен нанас:
– Дака, схьавоьл нанина, схьавоьл, ма гIолахь хьуьнах, цигахь борз ю хьуна – аьлла, сацийначу кIентан даг чохь а.
– Нана, вахийтахьа со, – элира цо, хьаста а луш.
Ткъа нанас, кIентан куьг схьа а лоцуш, хьастарца элира:
– Ма гIолахь, нанина, хьуьнха, хьо цхьаъ бен ма вац нанин. Нанас хьуна туьйра а дуьйцур ма ду.
– ДIадаккхахьа «Бецхалг, бецхалг»... ЧIогIа хаза туьйра а ду хьуна и...
– Иза дуьйцур дац нанас хьуна тахана... Нанас хьуна цхьана майрачу кIантах лаьцна туьйра дуьйцур ма ду.
Бешахь баьллачубаьццарчубай тIе охьахиира ишиъ.
Ойлане ваьлла ладоьгIура кIанта ненан озе, ткъа сийначу стиглан Iомахьшайн аьзнаш Iенош, етталуш, дIайоьлхура гIаргIулеш. ХIаъ, бIаьсте ма яра кIежтуьйсург.
– ... Ежаш лаьттачу кхаа говрах кIайчунна тIе хаа дагахь кхоссавелира кIант. Амма, и дIа а иккхина,
Iаьржачунна тIе нисвелира и. Цо и вадийна лаьттан бухарчу дуьнен тIе вигира.
– Нана, лаьтта бухахь а ду дуьне?..
– Дера ду. Лаьтта бухахь а, лаьтта тIехь а – дуккха а... ТIаккха, оцу лаьтта бухарчу дуьнен тIехь, ЖоьраБаба йолчохь, ваха хиъна кIант. Хи ца хилла Бабин кIантана яахIума ян, хи ца хилла Бабин цунна дала, я шена мала. Оцу юьртарчу цхьаъ бен доцчу шовданна гондIа бижина Iуьллуш, цхьаьнгга а хи ца оьцуьйтуш, саьрмик хилла. Бийцина Жоьра-Бабас юьртахойн бала. ТIаккха аьлла кIанта:
– Кху цIентIехь цхьа а герзах хIумма а юй? – аьлла.

– Ю оцунах йисина, мекха а йоьлла, цхьа туьран мIаьчиг-м.
Вахна кIант, и туьран мIаьчиг а эцна, хитIа. Летта и саьрмиках, цунах саьрмик. Масех дийнахь летта и шиъ.
Царна тIера оьхучу хьацарх уллора латта дешна хатт баьлла хиллера. Эххар а кIанта эшийна саьрмик. Тур детташ цистина, цхьа литт дина кIанта цунах. Iовраш хилла саьрмиках даьллачу цIийх. ПаргIатбевлла нах баланах. Турпал санна лоруш хилла цара кIант. Цигарчу паччахьо цунна еззарг луш хилла. Ткъа кIантана лууш-м кIайчу дуьнен тIе валар ма дуй. Амма и дан ницкъ кхочуш цхьана лекхачу берда буьххьехь дехаш долу цхьалххьа цхьа аьрзу ду. Иза а хилла шен цхьа бала хьоьгуш. Цуьнан кIорнеш, яха моссаза ехи а, хIара ижу лаха дахча, юуш хилла лаьхьано. И хIаллакбау ницкъ кхочуш ца хилла аьрзун. Иза а бийна кIанта. Цул тIаьхьа аьрзуно, ондачу тIемаш тIе а виллина, масийтта дийнахь-бусий тIома некъ беш, вайн кIайчу дуьнен тIе ваьккхина иза...
ХIаъ, и бIаьстенан юьхь яра Оччин дахарехь. Оччина хIеттахь ца безабелира я саьрмик а, я лаьхьа а.
Цо хIеттахь сатуьйсура ша, и кIант санна, цхьана дуьнен тIе а нисвелла, цо санна махкахь цхьаъ бен доцу шовда нахана маьрша даккхаре. Оччас хIетахь дуьйна хIокху дийне кхаччалц шена ма хуъу, шега мел латтало къийсам латтийра саьрмикна дуьхьал, я лацалуччу кепара дакъалоцура оцукъийсамехь. БIаьстенан юьххьехь даьлла къона синтар мохо саттийча, цо иза хьала а нисдой, улло гIаж а югIий, цунах дIадоьхкура. Юха и денделча, цуьнца цхьаьна Оччин дог а гIа даккха дулура. Амма массо хIума иштта дика дIа ца доьрзура, наггахь тулура саьрмик а. Наггахь тулура, ткъа дукха хьолахьОччас толам боккхура цунна тIехь, я шен ницкъ мел кхочург дора, и толам герга кхачийтархьама.
Сингаттамаш дукха а гинехь а, Оччин дахарехь кхин цкъа а юха хир йоцу, цкъа а йицлур йоцу синкъераме, мерза марзонаш а хилира. Оччина хIинца а гуш санна хетара шай, шен доттагI ТIокказзий гуьйренан доккха беттаса кхеттачу буса Iаьржачу Iаннаш чухула ваьлла Шахин-ирзе ихина зама. ХIара шиъ дIакхача герга мел гIоьрти, хьаннаш юккъехула схьахезара мехкарша лоькху эшарш. ГIаш юккъе а лечкъаш, кхаьрца ловзура беттаса. Кхушинна кхераме дацара цхьа а экха

(ткъа хьаннаш ма ярий якkхий а, юькъа а), я цу шинна «кхерам» боху синхаам цкъа а хила а ца хуьлура. Цу шинна гIодаюкъах йихкина шаьлтанашма яра, чу хьаьжча сурт а гур долуш къагийна, ткъа даг чохь кхехкаш безам а бара.
ЭхI, ма хаза эшарш лоькхура хIетахь, ма хазахетара уьш, дукха сихваларна хьуьхьа а воьлла, цIена, тайптайпана хьаннийн хьожа йогIу хIаваъ а муьйлуш, вогIучу ТIокказний, Оччиний. Оччa ша ма вара хIетахь дика илли олуш. Цо-м масех шо хьалха Ануца а олура дуьхь-дуьхьал къамел деш долу илли. ХIинца оцу илли тIехь буьйцу безам хIокху шиннан дегнаш чохь кхоллабелла. Ткъа оьший и массарна а бовзийта? ХIан-хIа.
ХIетте а Оччас и йиш шен даг чохь локхура кест-кеста. Иза иштта яра:
ЙОIА:
Киса диттал саба эцна, со хитIа гIура ю.
КIАНТА:
Сирчу дина ва хиъна, со тIаьхьа вогIур ву.
ЙОIА:
Сирчу дина ва хиъна, хьо тIаьхьа веача,
ХIурдан чIара ва хилла, со хи чу лечкъар ю.
КIАНТА:
ХIурдан чIара ва хилла, хьо хи чу лечкъича,
Болатан мIара ва хилла, хьо лаца вогIур ву.
ЙОIА:
Болатан мIара ва хилла, хьо лаца веача,
Сийна кхокха ва хилла, со стигал ера ю.
КIАНТА:
Сийна кхокха ва хилла, хьо стигал ва яьлча,
Мокха куьйра ва хилла, со тIаьхьа вогIур ву.
ЙОIА:
Мокха куьйра ва хилла, хьо тIаьхьа веача,
Берцан кана ва хилла, со лаьтта Iенар ю.
КIАНТА:
Берцан кана ва хилла, хьо лаьтта Iенича,
Йоккха боргIал ва хилла, со лехьо хIуттур ву.
ЙОIА:
Йоккха боргIал ва хилла, хьо лехьо хIоьттича,
Шийла дакъа ва хилла, со охьаюжур ю.

КIАНТА:
Шийла дакъа ва хилла, хьо охьа ва йоьжча,
Кисин марчо ва хилла, со хьоьца хьаьрчар ву.
ЙОIА:
Кисин марчо ва хилла, хьо соьца хьаьрчича,
Готтачу лахьти чу ас ерзайойтур ю.
КIАНТА:
Готтачу лахьти чу ахь ерзаяйтича,
Ножан уппагI ва хилла, со дуьхьал хIуттур ву.
И йиш Анус, Оччас хIинца ца локхура. Амма Анус кест-кеста ша лоькхура башха эшарш. Уьш дукха хьолахь безамах лоций хуьлура. Цу тIехь вуьйцург ша волуш санна хетара Оччина. Ткъа Анус:
Чергазийн чаккхарма,
Цу некъан бохалла,
Цкъа тоьхча тоьар ю
Дикчу динна шед.
Маьждиган доккхалла,
Цу нехан дукхалла,
Цкъа аьлча тоьар ду Дикчу кIентан дош.
Схьавала, ва кIанат,
Лам тIе дала ва вайша,
Лам тIерачу ламхошца
Лам боькъур бу вайша.
Хьан туьран дитта тIе
Некъ буьллур вайша,
Хьан тоьпан чаппах тIе
Юрт юьллур вайша.
Чергазийн хьан верта
ТIетосур вайша,
Сан хуьтан гIабали
ГIов юьллур вайша, – боху йиш лекхча, Оччин ойла хуьлура, цхьана сирчу динна тIе а хиъна, шеца кIайн гIабали юьйхина Ану а эцна, генна лаьмнаш цоьстуш, хьаннаш юккъехула дIаваха, тIаккха цхьана лекхачу лам буьххье а ваьлла,
Ануга: «Суна хьо еза сайн сил а дукха», – ала, юха цIехьа догIушшаьшшиъ цхьана юькъачу хьуьна юккъехь тила а делла диса (уллохь угIуш берзалой а хир ю), ша,

Анун дог ира-кара хIиттош, халчухьаннашкахула, кIоргачу уьшалшкахула некъ лоьхийла, и шена мел тIаьххьара а, сатоссуш, малхбале зарзлуччу хенахь карабойла, эххар а малхаца, дела а къежаш, шаьшшиъ шайн цIа кхочийла...
ХIумма а дацара Оччинний, Анунний безамна новкъарло еш, цхьа ТIурло ца лерича. ТIурло лекхачу дегIахь, боккха мара а болуш, жима стаг вара, адамна вуон болх хилча хазахеташ а, цунна дика болх хилча халахеташ а хиллачушен дегара мелла а амалш схьаэцна а волуш. ТIурлон да Хьама наха шайлахь, дика тоьаш вац а олуш, даима яьлла маж а, ирх хьийзина мекхаш а лелош, кIиранахь шозза шен зудчух а леташ, шен дукхахйолуханхьуьнхахь экханна толлушдIахьош, ша къен стаг воллушехь колхозе а ца язлуш, я шен бахамна тIевирзина и табан а ца гIуртуш, ваьлла лелаш стаг вара, чIогIачу томкин цигаьрка а узуш. Динца а дукха йоккха зIе яцара цуьнан. Ма-дарра аьлча, марха, ламаз, кхидолу Делан парзаш лелош вацара. Наггахь когара наьIар-мачаш дIаяха дог ца догIуш, масех де а доккхура цо, когаш билар-м дийца а ца оьшура. Ша иштта суьпалла дайна велахь а, Хьамас марха къобалден де дика лардора. Оцу дийнахь иза шайн юьртарчу нехан массеран а кетIа хIуьттуш, хIорангахь аьлча санна, хIума а юуш, волалора. Цо шен мачаш, мел боьха хилча а, охьа ца йохкура: «Нехан хIуьттаренна».
Иштта тамашийна стаг вара Хьама. ОччагIаьрца-м вуон юкъаметтигаш яцара цуьнан: цо ехнарг Оччин дас а, цуьнан вежарша а лора; эшначунна кхарна гIо дан иза а вогIура. Амма цкъа, цхьана, догIа а деана, юха малх а кхетта, къегинчу бIаьстенан дийнахь, Хьама волчу шен декхар схьадеха вахана Оччин деваша
ТIупа цIа ца веара. Иза Хьамас кхин цхьа бехк а, гуьнахь а доцуш, ша волчуьра дIавоьдуш, мелла а генаваьлча, хьаьвззина дуьхьал а ваьлла, топ а тоьхна, вийнера. Топ кхеттачул тIаьхьа масийтта сохьтехь Iиллинера иза, цIий дIа а оьхуш, кхин тIе адам а ца кхочуш, оцу буса деана догIа а цунна тIе дилхинера. Ткъа шолгIачу дийнахь Iуьйранна, цхьана кулла бухахь велла
Iуьллуш карийра ТIупа. Шегара и бохам баьлча, кхин бехкала вахна а ца хьаьвзира Хьама. Иза лачкъа-м муххале а ца лечкъира, мелхо а ша оцу хьенехгIарах гучуваьллачунна топ еттар ю бохуш, кхерамаш а туьйсура цо БотагIарна (Бота Оччин ден цIе яра). Цундела Оччин жимах волчу девашас БочIас юьртана малхбузехьарчу орцаца

хьалаяьллачу хьуьнхахь, юьхь-дуьххьал тIе а Iоттавелла, ший а йолуьйтуш топ а тоьхна, вийра
Хьама. И дов баккхийчу наха, вийна ши стаг дуьхьдуьхьал а лерина, дIадерзийнехь а, Ботин, Хьамин доьзалшна юккъера юкъаметтигашберзан, газанан санна яра. Ткъа хIинца Оччий, ТIурлой цхьана йоIана тIехьовзар гIелъяла йоьллачу цIарна тIе хIуп алар санна хIума дара.
ТIурло хIокху тIаьххьарчуххенахь цхьаболчарна чIогIа Iедалан стаг хеташ вара. Ши шо хьалха юьртахь кхоьллинчу комсомольски ячейкин сикиртар ТIахин некъийн стаг вара. Цо шен ницкъ мел кхочу дуьхьало йора комсомоле кхечу тайпанах болу кегий нах бовларна. (Цул сов, нахалахь дуьйцуш дара хIокху ТIурлон генаро гергара стаг НКВД-хь болх беш ву бохуш а...).
Иштта гIуллакхашхьаладевллера кху тIаьххьарчуххенахь
ТIахин некъех болчу нехан.
Амма Очча цунах озалур вацара. Нагахь санна Анух лаьцна ойла еш шен даг тIе, ТIурло Iедалан стаг ву, цунах ларвала веза аьлла, кхерам иккхича, Оччина ша цкъа а къонах хетар вацара, я цунна буса наб а кхетар яцара. Оччина гург цхьа шен Маьлх-Аьзни Ану яра.
Цунна хьалхахь, цуьнга болчу безамна хьалхахь Оччина кхидолу хIумнаш мелла а кIезга а, жима а, пайдабоцуш а гора, мел даккхий хилча а.
ТIурлона, шена гергахь, ша синкъераме а веана, кегийчу нахана юьстах а ваьлла, куро, бугIа санна вуса а велла, дIа а хIоьттина, лаьттича, синкъерамехь мел йолу йоI шега хьоьжу а, шен гIуллакх тIелаца кийча ю а моьттура, ша «Iедалан стаг» хилар дагадеъча-м муххале а. Амма цуьнан и кура ойланаш, маьждиган момсар тIера чукхоьссича кхийран пхьегIа санна, йоха-м юьйхира кхуо шен гIуллакх Ануна тIедахьийтинчу сохьтехь. Анус шена дуьхьало йича, чIогIа оьгIазвахара ТIурло, ткъа и Очче яха безам болуш юйла хиъча, цо сацам бира Ану ядо. Амма ТIурло цергаш хьекхоччохь вуьтуш, ТIокказий, Оччассий лула юьртарчушайн хьеший болчохь йоссийра Ану.
Екхна буьйса яра и. Гуьйренан белхаш дIабирзинера. Доьрчий ялтех дуьзнера, гIодмаш-докъар такхораш деш дIадоьттинера. Оцу буса тамашийна цхьа а хIумма а ца хилира. Беттаса а, седарчий а, юрт а ша маярра яра... Амма Оччиний, Ануний дерриге а Iалам – стиглара

седарчий а тIехь – хийцаделлера. Цу шинна мохехь гIан-патар тахкар, беттан серло а, шовдано ден шабарш а, ша иштта дIа Iаламан хиламаш боцуш, доккха маьIна а, шен-шен къайленаш йолуш а хIумнаш хетара. ТIокказа: «ХIинца дуьйна дIа тхан нус ю-кх хьо», – аьлла, Ану шена хьалха а хаийна, уьш сихха лула юьрта боьдучу новкъа бевлира. Цхьамма а кхуьйсуш тоьпаш яцара, я нускал схьакхачаре хьуьйсуш цхьанхьа а хIоттийна гIовгIане ловзар а дацара. Дерриге а Iалам тийна дара. Говрийн бергашна кIелахь кеглора новкъа эгна диттийн дакъаделла гIаш а, хилла хьуьнан кхораш а. Зевне тийналла яра лаьтташ. Органан чIожахь сийса а сийсаш лаьттара кIайн дохк. Жимма хьалха йогIучу ТIокказан говрана улло шениг а таIийна вогIура Оччa. Ану цуьнга хьоьжура. Оччина цуьнан доьлу бIаьргаш гора. И шиъ дист а ца хуьлура. Амма цу шиннан ши дог дара къамелаш деш.
Анун даго бохура: «Очча, хIара ю-кх и тамаше, сатийсаме, ирсе буьйса, туьйранахь юьйцу».
Оччин даго бохура: «ХIаъ, Ану, дIо стиглахь, гой хьуна, уггаре а сирла цхьа седа? И суна хьо хета».
Анун даго: «Очча, ма хаза а даьржа, дIо хьажахь, дохк чIажахь».
Оччин даго: «Ану, хьаьмцаш а ношбелла, кхораш а хилла, суна хьо сайн сил а...»
Анун даго: «Суна хьо а... Гой хьуна кIайн кортош долу дIо лаьмнаш, цхьа хаза лаьтташ».
Оччин даго: «Го суна... Ас хьуна кхана талла а вахна, хаза лу лоцур ду лело, хьан дог дело».
Анун даго: «Ас хьуна каранаш а дуцур ду, хьан куьйгаш шел ца далийта, суо даим хьоьца хилийта».
Оччин даго: «Кестта ло дуьллур ду арахь, дарц а дер ду шийла, узам беш гIийла, амма хьо чохь а йолуш, цкъа а шеллур яц вайн тайна хIусам, тешна ву со...»
Анун даго: «Iа деъча, дарц даьлча, ас йоккха цIе латор ю кхерчахь, яй а хир бу кхехкаш».
Оччин даго: «Ас хьуна цIе лато дечиг а дохьур ду хьуьнхара... ЭхI, и хан тIекхачахьара».
Анун даго: «Ас хьуна сайн эшарш лоькхур ю меллаша, гIел ца луш...»
Оччин даго: «Ас хьуна...»
Анун даго «Ас хьуна...»
Иштта дIа кхин а, иштта дIа кхин а. Кхача ца луш

Iенара дегнийн къамел. «Гурт-гурт» дора дегнаша, «гурт-гурт» деш, цхьанаэшшарехь йоьлхура говраш а IиндагIаш дийшинчу новкъахула. Некъ, цхьа гола а тоьхна, басах чубоьрзучукхаьчча, кхарна дуьхьал кхийтира говраца охьавогIу цхьа бере. Цо ша кхарна улло ма нисвеллинехь:

– Сабурдел цкъа, – аьлла, мохь туьйхира.

ТIокказгIар, шаьш зуда ялош богIу дела, бегаш беш цхьаъ хир ву-кх аьлла, кхин совца а ца совцуш, юьстахо тIехлилхира.

– Далин вазлор ас топ ма туху шуна, савца! – элира вевзаш воцчу беречо.

ТIаккха ТIокказа: «ХIокхуо лелориг лаа-м ма дац», – аьлла, сихха говр, дуьрста юха а оьзна, сацийра.

– ХIун боху ахь, къонах? – хьаьттира цо, шен киснахь Iуьллучу тапчина тIе ка а дуьллуш.

Ткъа вукхо, шен говр хаьхкина тIе а веана, элира:

–Шу зудай ялош багIуш буй?

– Ду-те.

– Делехь, цу хIокху новкъа дIабоьлхе, шуна цхьа бахум хуриг бушуна...

– Хьуна хIун хаьа?

– Со хIунца дIагу схьавогIуш дуьйцухази суна. Пхеялх саг ву циге. Цхьамма баху: «ХIунца схьакхачу дезаш буовш». Вукхо баху: «Цкъа хьалхи говрашна а туопаш тухуриг ю вай, тIаккха цIеххьена тIебеттабале зуда охьайоккхуг ю вай»...

ТIокказ а, Очча а кхийтира ца вевзачу беречо дуьйцург бакъ хиларх: схьахетарехь, ТIурлогIар бара кхарна кIело йинарш.

– Со Хулундара БатIин кIант Iайха вушуна, АтагIие водаш ву со, нагахь шуна накъост эше, со а вагIушуци.

– ХIан-хIа, хьуна баркалла, тхо кхечу новкъа гIур ду, – аьлла, ТIокказа шен говр боккхачунекъа тIера кIел а яьккхина, хьуьнан хоти чу ерзийра. Кестта, уьш кхин зен-зулам а доцуш, лула юьрта дIакхечира. КIира зама яьлча цIа ялийра Ану. Дика дIадирзира и гIуллакх-м, нехан цергех хи а долуш, дика дIадирзира. ТIокказ а веара шен ненаца Оччин зуда декъалъян, цIестан кIудал а, кхин цхьацца хIума а йохьуш. ТIокказ бегаш, пайдабоцукъамелаш кIезга а долуш, шен пхийтта шо кхаьчначу дийнахь дуьйна нахе салам дала а, кегийчу нехан пхьоьхане[82] вийла а волавелла, деш долу къамел доккха а, хадам

боллуш а деш, жима стаг вара, стохка ткъе диъ шо а дуьзна, хIинца ткъе пхеа шаре вирзина.
Иза жимчохь дуьйна халкъан иллешца кхиина вара, цу тIерачу турпалхойх тарвала а гIерташ. ХIинца цуьнца и тарвала гIертарш дацахь а, хьалха бер долуш и лелорна, цуьнан амалехь йиснера воккха лелар а, дош ондда алар а, совнаха, ца оьшу бегаш ца бар а, иштта и тайпа кхин а башхаллаш.
ТIокказан а бара юьртахь шен цхьа безам. Иза хIинцца вуьрхIийтта шаре йирзина, лекхачу дегIахь, хаза бIаьрг-цкъоцкъам долу Наташа яра. Иза ша украинхо яра. Цуьнан да ткъе итталгIачу шерашкахь шайн махкахь йокъа хилар бахьнехь, ялта а ца хуьлуш, хIоьттинчу мацаллех бевдда Кавказе баьхкинчу иттаннаш эзарнаш адамехцхьаъ вара.
ХIетахь царахдоккха цхьа дакъа
Нохчийчу а деара, уьш нохчаша дика хьошалла деш тIе а ийцира... Наташин да Яков дечиган пхьола дика деш говза стаг вара. Шений, шен итт шо кхаьчначу йоIаний яахIума а, тIеюха хIума а, охьадижа меттиг а елчхьана, хьанна а хIуъу а болх бан а реза хир волуш, гIаддайна кхечира Яков хIокху ламанан юьрта. ХIокхуюьртахь гIеххьачул сов ларош волчуЭлжаркъас и генара хьаша ша волчу тIе а ийцира, цунна бан болх а белира: зуда ялон дезачу шен кIантана цIенош дар. Якова ша шена хIоттийначу мехал сов Элжаркъас цунна кхин тIе ахча а, кхин йолу цIентIехь дIаса оьшу хIума а лур ю аьллера, цунна шен махка юха ваха а, шена керла бахам боло а гIодархьама. Амма мисканна доьгIна ца хиллера юха Украина гар, иза цIеххьана кхеттачу цамгарх велира. Ша леш шен йоI Наташа Яковс Элжаркъех тешийра, цуьнга и хьайн йоI йолуш санна, гIайгIабеш Iлашъяхьара аьлла, дехар а деш.
Элжаркъас а, цуьнан зудчо Базийхьата а, веллачун дехар кхочушдеш, шайн массо а доьзалхочул хьоме а, дукхаезаш а кхиийраНаташа. Наташина нохчийн мотт а Iемира дика, ткъа нохчийн гIиллакхаш, уьшшен къоман долуш санна, йоьIан дагах, цIийх доьллера. И йоI юьртана а езаш а, хьоме а яра, дуккха а кIентий а бара цунна тIехьийзаш. Амма Наташас къастийнарг ТIокказ вара. Ткъа ТIокказан да-нана, шаьшшинна и йоI езахь а, цуьнан схьаялар кхечу къомах долу дела шина даггахь дара. И хиънаЧу Оччассий, ТIокказий, тIаьххьарчун дай-наний кхин дуьхьал далале аьлла, хьалха
Ану санна, лула юьрта а йигна, йоссийра иза.

ХIетахь юьртахь хийла хабарш даьржира. Цхьаболчара бохура: «Деллахь ю Сепехьатан хаза нус, дика гIиллакх долуш а ма ю»; ткъа вукхара – шайн дог-ойла мелла а кхоьлина болчара, цабезамца: «Эш-ш, чIогIа захало ду-кх и, копар-кериста а ялийна», – олура. Оцу тIаьххьарчарна юкъахь бара, и йоI («Хаза куц-кеп а долуш, шех йинарг хир йолуш а ю и», – олура цара хьалха) шайн-шайн кIанте ян реза цахиларна хьагI лаьцнарш а. Ткъа кхоалгIанашшайна гергахь оцузахалонна кIорге, хиндолчуьнга хьуьйсура. Цара бохура: «ХIанхIа, цунах захало хир дац... Къона волуш-м дIаIийр ву и цуьнца. Ткъа могашалла а, къоналла а массо хенахь ма ца лаьтта, цхьа хала киртиг тIекхаьчча шен дагах кхетар йоцург яло ма ца еза. Ткъа кхечу къомах йолу зуда кхетар ю аьлла тешийла а ма яц, – ша дIатосу волу зуда яло мегар дац»...
Амма и хабарш бакъ ца хилира. ТIокказзий, Наташий даима кхетара вовшийн дегнех...
Хаза зама дIаяьхьира Очассий, ТIокказий. Буьйсаде цхьаьна доккхуш вара и шиъ. ТIокказа ша жижиг дохьуш базарара цIа вогIуш, ах Очча волчохь охьадуьллура, я чохь мерза кхача бина хилча гуттар а, Очче дIа а кхойкхий бен, и баа охьа ца хуура и. Иштта кхарна тIера стигал лилула-сийна а йолуш, дIадахара хийла де. Амма...
ЙоI шена везачу кIанте яхар. ХIун ду кхузахь вуон?
ХIумма а. Амма иза ТIурлос чIир эца езаш гIуллакх лерира. Цо и эца а ийцира.
БIаьстенан юьххьехь дара и. Арахь дешна а, дашаза а долу ло хаттах цхьаьнаийна тIеда яра. ТIуьна дохк
Iуьллура юьртана тIехь. Ишттачуцхьана дийнахь хьуьнха дечиге вахна Бота цIа ца веара. Иза ТIурлос, шен деган хьу йойуш, вийна хиллера. Цул тIаьхьа, ша обарг ву аьлла, цхьана ша санна болчу накъостех а кхетта, базара воьдург а, цигара цIа вогIург а ца вуьтуш, талораш дан вуьйлира ТIурло.
ХIаъ, Саьрмик туьйлира хIинца Оччел. Цо Оччин уггаре хъомечунахах цхьаъ дIавехьира. «Боташен кIентан дика да а ву, шен дега хьаьжжина дика воI Очча а ву», – олура Ботиний, Оччиний юьртахоша. Оччас дуьхьал дош аьлла а халахетар ца динера шен дена.
Ден лаам – цуьнан лаам бара.
Цхьана дийнахь, Бота цIахь а воцуш, стерчашца масех салаз дечиг деара Оччас. И цо арахь нисдеш охьа а диллира. Сарахь цIа веанчу

Ботас элира:
– И дечиг рагIу кIел эцнехь бакъахьа дара, арахь а мегар ду и мага-м. Кхин хIумма а ца элира. Делахь а и тоьира Оччина, буса чу а ца воьдуш, къайлах и масех салаз дечиг рагIу кIел а даьхьна дIанисдан... Саьрмико толам баьккхинера. Амма и эшо безара.
И эшорхьама къийса дезара. Оччас къийса а къийсира, кхечу къийсамхойх дIа а кхетта. Кестта оцу къийсамо шен стоьмаш а беара: ТIурло а, цуьнан накъостий а лийцира.
Амма Оччa кхеттера Саьрмикан бохам лайна ша цхьаъ хилла ца Iарах. Саьрмикна дуьхьал даим а къийсам латто безарх.
Цундела, комсомолан обкомера векал а веана, юха шолгIа вовшахтоьхначу ячейке ша дIаэцар дийхира
Оччас.
Тайп-тайпана Iалашонаш, тайп-тайпана кхетамаш а бара комсомоле богIучийн, нислора шайна цхьацца аьттонаш лоьхурш а.
ХIаъ, тайп-тайпанчу кхетамца, бIаьргашца хьуьйсура нах «комсомолашка». Ткъа Оччина уьш Саьрмикна дуьхьал гуттар а латточу сийлахьчукъийсаман бIаьхой санна гора. Цундела и церан тобане дIа а язвелира. Иза дара эзар исс бIе ткъе ткъаессналгIа шо. Цул тIаьхьа мел эшамаш, бохамаш лан дийзира, Оччин шен дезна ца Iаш, дерриге а халкъан а. Хийла денош дIаихира Нийсонал Саьрмик тулуш. Амма Оччa, ша мел холча хIоттарх, шен дог хиндолчух ца тешаш мел чIогIа хьегIарх, гуттар а тешара, я теша ницкъ ца хилча а теша гIуртура Нийсо Саьрмикал тулург хиларх. Цундела Оччас, хийламмо санна, шен ницкъ кхочург дерриге а дора и толам гергаозархьама.

**4**

ЭхIей, Хьекъалан да, иза-м цхьа ларча бен яций
Оччин кхача ца лучу ойланех, цо-м Оччин дахаран сов кIезиг мур сов беса бен ца гойтий. Оччина-м цкъа а кIордор дацара хьоьга шен дахар дийца, делахь а, хIинца садайна, хьо набарна теIа, хIаъ, къаналла ю-кх шен амал гойтуш. Иштта-м Оччин а яц хьоьца латта йиш, иза хIинца дIагIур ву шен кIант Мохьсум волчу,
Iен-м гIур вац. ХIан-хIа, иштта дIа. Цхьа масех дош ала. Ша цIа воьдийла хаийта. ТIаккха иза Ш.-Юьрта йоьдучу автобуса тIе кхиа дезашма ву. ТIаьххьара цхьа автобус бен гIур а ма яц тховса Ш.-Юьрта. Цу тIера охьа а воьссина, ялх сов километр гIаш ваха а ма деза Оччин. Иза-м хала некъ бацара, цига дIакхаьччехьара.

Дика а ду-кх шен дог-ойла йийца цхьаъ хилар. Дика сапаргІат дели-кх хІинца Оччин а, цуьнга хІинца сел чІогІа оьшу къонахалла йоьсси. Цундела цуьнан болар хьалхачул онда ду. Тарамбай йоьттина хиларе ца хьоьжуш, таттавелла тІевелира иза: иза сиха ма вара.
Очча шена хІокху тІаьххьарчу масех баттахь хиллачу хІусаме вогІучу хенахь, оцу чохь, дивана тІе агІор а ваьлла, цигаьрка а багахь Іуьллуш Макшерип а вара, цунна дуьхьал, лоха гІант а хІоттийна, гІодаюккъел лакха цхьалха а ваьлла, синтем байна, кест-кеста корах ара а хьоьжуш, Мохьсум а вара Іаш.
– Дера, сосед, шай-кай алссам хилахь а, дукха рискованни гІуллакх ма дара Москохара товараш Грозне дар. Бакъдерг дийцича, со-м кху тІаьххьарчу хенахь и хечеш-мечеш, и тІелхигаш, и пайдабоцу хІумнаш юхкуш а ма вацара хьуна. Я – по крупному... Техника яра сан профиль... – цигаьрканан кІур чІагарш еш ирх а оьхуьйтуш дуьйцура Макшерипа. – Амма иза а кхераме гІуллакх ду... Тхан компанех сой, кхин цхьаъий бен ца висина имущество конфисковать ца еш. «Нехан гІалаташ тІехь Іама веза», – кицано ма боххура. ХІинца оцу ВАЗ-е ваха дагахь ву со, гІуллакх хилахь. Шай-кай алссам йолучух тера дуцигахь, дохка басар-масар, запчаст-мапчаст хир ю... Иштта ду гІуллакхаш, сан доттагІ...
Мохьсум кхин башха ладугІуш а вацара Макшерипа дуьйцучуьнга. Кхуьнан сагатдийриг шен бала бара.
ХІинцца цхьа сахьт хьалха ЗинаШарпудди волчушайна хилла бохам дІабийца а яхийтина, цуьнга хьоьжуш
Іара Мохьсум.
Шарпуддех йоккха дегайовхо яра Мохьсуман: хьалха хІара оцу метте балха а стундас ма вахийтира шена бевзачу накъосташкахула. Цунна хІинца а ца хаьара
Шарпуддина бевзаш хилла болу накъостий, цхьаберш цул хьалха а, вуьйш цул тІаьхьа а шайн белхан меттигашкара дІабаьхнийла, ткъа дІаваккхаза виснарг, оьрсашна а дайна, хил тийна а, бацал лоха а хилла Іаш вуйла. Ишена ца хуу дела, Зина хІинций-хІинций хаза кхаъ бохьуш схьакхочур ю бохуш, синтем байна Іара
Мохьсум. Эххар а Оччас ша схьакхачар хоуьйтуш неІар тІера горгали бекийча, Мохъсум, и Зина ю моьттуш (Очча-м цунна дага а ца вогІура):
– Зинек, собарделахь, я сейчас, – аьлла, неІ схьаелла вахара.

И ша кхочущдича, Зинин метта Очча а гина, Мохьсум, шена тIехь коч цахиларна, гIеххьа цIий а велла, сихха дехьа чуа иккхина, шена тIе коч а юьйхина, схьавеара. Очча, дуьххьал дIа долчу цIа чохь диван тIехь вижина IуьллушМакшерип а гина (и гича, лаьхьа гича санна а хетта), аьтту агIорхьа долчу яахIума кечъечу цIа чу велира.
– КIант, – элира цо Мохьсуме, лекхачу гIанта везза охьа а хууш. – Со цIа ваха воллу.
Мохьсумна, иза ша а цецволуш, кхин бен а ца хийтира Оччас аьлларг. Амма кхетамо гIо дира цунна: цо и дешнашшена сов чIогIа халахетта моттуьйтуш сихха элира:
– Муха?
Амма цо сел чIогIа хьегна и къа эрна хилира: Очча хIара тергалвеш а вацара. Цо шен къамел кхидIа а дора:
– Ас дан хIума дац кхузахь. ХIинца бIаьсте а яьлла, дечиг-хIуманца со ларор ву, я ца ларрол иштта гIаддайна а вац. Ткъа ахь са а ма гатде, хаза хьайн хьанал болх беш, хьайх нехан бIаьрг а ца бодуьйтуш, ваха. Стаг хила хала ду хьуна, стаг ца хила атта ду. Стаг хила хьажа веза. Къонах хилахь, суна а, юьртана а, махкана а юьхькIам бухьо. Къонах ца хилахь, бала а бухьо боккха... Кхин сан хьоьга ала хIумма а дац. Я хьо жима а вац, муха ваха веза ца хаъал. И сан тIелхигаш а, хьайн ка ма елли, хьалаяийта... ХIан, Iодика йойла, со автобус тIе кхиа дезаш ву...
Мохьсума цо къамел деш а, юха и дина ваьлча а, хьалха санна, шена кхетамо ма хьеххара (синхаамаш, цуьнан цкъа а хила а ца хилча санна, къайлабевллера) масех дош элира, хIокху тайпана дерш: «Хьо хIунда воьду дIа»; «Дада, суна бехк ма биллалахь»; «Тховссехь хIунда воьду хьо, кхана вахча ца мега?»; «ХIа-а, хьайн юьртахь Iийна а волуш, гIалахь ца Iело-кх хьо», – иштта дIа кхин а. Ша и дешнаш олучу хенахь Мохьсум, ницкъ мел кхочу шен юьхь кхоло, бIаьргаш сингаттаме хилийта гIоьртинехь а, шайца цIенчу синхаамийн цхьа а Iаь йоцу дела, уьш, Оччин дагах кхетар-м дийца а ца оьшура, цунна ура-атталла, церан маьIна а къаьсташ, хаза а ца хезира.
Арахь Iаржъеллера. Масийттаза тIекIелдинчу цIенойн кораш а, некъан йистош а хьалалеттачу электрически лампанаша къагийнера. Шайн-шайн хIусамашка дерза сихделла хьийзара адам. Цхьаберш, яахIума юхкучу туькана чу а лелхий, катуххий шайна оьшург а оьций, дIахьолхура, вуьйш – и гIуллакх тахана Iуьйранна динарш – туьканал

тIех а бовлий, сихха тарамбайна я автобусна тIе ховшучу боьлхура. Ткъа кхоалгIанаш и хьалхарчу шина тайпанан нах тергал а беш, паргIат, цигаьркаш уьйзуш, я ца уьйзуш, хIора тIех мел волучунна бIаьра хьоьжуш, я уьш цхьа а тергал а ца веш, лелара. Хетарехь, и кхоалгIанаш шайн доьзал кхоллаза, я цкъа кхолла а кхоьллина, юха и боьхнарш бара.
Оччa царах цхьа а вацара, амма оцу кхоьа а тайпанчунахах тера-м вара и. ХIунда аьлча, хьалхара шина тайпанара нах санна, шен цIа хьаьдда (цуьнан цIа ламанан жимчуюьртахь ду) воьдура и. Ткъа кхоалгIачеран санна, кхуьнан цIахь хьоьжуш доьзал бацара, цкъа мацах и хиллехь а, хIинца боьхнера.
Шена мел чIогIа хала ца хетийта гIоьртича а, дог мел чIогIа чIагIдан хьаьжча а, Оччина хала-м хийтира ша иштта, шен кIантаца дIа а къаьстина, схьавогIуш.
Дай, кIанттий вовшех ца кхийти. Хала ца хеттал кIезга хIума дуй и? Дера дац, Оччина-м муххале а, цу тIе кху тIаьххьарчухенахь хIара дика дIа а воьллера гIалин урамех. Хьекъалан да, Зезаг, Чахчари кхунна хьоме, дагна гергара а хиллера.
ХIинца-м тIехьависи Хьекъалан да. «Iодика йойла хьан, Хьекъалан да, со-м вогIур вухьуна хьо волчу, хьох дагавийла». Зезаг а гучудели. «Iодика йойла хьан, Зезаг, со-м вогIур ву хьан IиндагIашкахь садаIа. Даима къона а, синкъераме а латта хьо!»ТIехдели Зезаг. ХIинца автобус Чахчари тIехула хахкаелла йоьду. «Чахчари, хьан а Iодика йойла. Хьо-м къонах стаг ю, ахь хIуъу лов: гIовгIа а, йозалла а, 395ралла а. Со кхочур ву хьо йолчу а».
ТIехъелира Чахчари а. Автобус автостанце схьакхечира. Яссалуш лаьттара автостанци. Оччa схьакхаьчча, масех автобус бен яцара социйлехь а. «Деллахь, и сан автобус дIаяхна ма хилахьара, вуха оцу хIусаме буьйса яккха ваха дезахь, ма дош а дац хьо», – сингаттаме ойла хилира Оччин. Амма эццахь цуьнан сатедеш диспетчеран мохь бийкира: «Ялх сахьт итт минот яьлча Ш.-Юьрта йоьду автобус дIайолало масех минот яьлча. Билеташ дерш автобусна тIе гIо».
ХIора автобусна тIе а воьдуш, цу чуьрачаьрга хоьттуш, эххар а шена оьшург а карийна, хьалавала гIоьртира воккха стаг. Амма эццахь:
– ХIей, хIей, ахь хIун до, ахь хIун до? – аьлла, шопаро тоьхначу кIоршамечумаьхьаро сацийра и. Оччас дийцира ша мича воьду.

– Делан вазлор, хьо цига водахь а, хьо цигара дIаводахь а, сан хьо вига йиш-м яц, воккха стаг.
– ХIунда? Ас мах дIалур бу хьуна.
– ХIахI, иза-м кхеташ ду, мах ца белча-м хьо цхьамма а вуьгур вац. Ткъа хьо ас мах белча а вуьгур вац, хIунда аьлча, сан ирахь стаг вига бакъо йоцу дела. Хьо бахьнехь сайн белхан меттиг яйа йиш йолуш ма вац хьуна со-м, сан цIахь кхаба дезаш диъ бер а ду. Кхетий хьо?..
Очча, кхуьнца хIуъу дийцарх бала пайда бац аьлла, гIайгIане а воьжна, автобус тIера охьавоьссира. Шопаро воккхачу стагаца дийцинарг мелла а ца тайначу цхьамма тIехьара схьа мохь туьйхира:
– И саннарш тIеховшарна ца яхна хьуна и автобус бердах, хьо санначарна наб кхетта дела яхна хьуна.
– Яхнехь, суна кхетар яц хьуна наб.
– Дера кхетар яц ахь, оцу воккхачу стагана санна, лекци тхуна вай хьалакхаччалц ешахь-м. Вахь-хьа-хьа!..
Белабеллачу нехан гIовгIа яьржира автобус чохь.
Ткъа хьалхарчу Iойлехь Iачу студентан партпел а йолчу, цхьана жимчу стага (цунна шерра гинера Оччин холчу хIоттар) тIе а вахна, элира:
– Накъост, и воккха стаг хьалавалийта ницкъ кхочур бацара хьан? Со тIехьа цхьаьнца дIатарлур вара...
– ВаллахI, накъост, сан йиш-м яц и тIевалийта...
Сан цIахь кхаба дезаш диъ бер а ду... Хьайна лаахь, хьуо охьа а воссий, тIевалийтахьа.
– Делан вазлор, волуьйтур ву-кх, волуьйтур вац моьттухьуна?! – аьлла, охьаиккхина: –Воккха стаг, хIай, воккха стаг, схьавола, сан метта хьала гIо, сан, схьаэца вицвелла, тхан дейишин сахьт дисна тхан деваша волчохь... Дашо сахьт... ЦIа да аьллера цо, – аьлла, мохь тоьхна, гIали агIорхьа гIийлачу боларца дIавоьдуОчча сацийра цо.
– ХIан-хIа, жима стаг, цунах хьаха хир дац гIуллакх, – цо лелочух кхетта, элира Оччас.
– Дера хир ду-кх, хIунда ца хуьлуш ду?..
– ХIан-хIа, хьо дIагIо.
Эццахь шопара схьа мохь туьйхира:
– ХIей ши къонах, и шайн гIиллакхаш дитий, шаьшшиннах тIехуург тIехаий валийша... Хан тIехъяьлла тоххарехь... Ишун ца оьшу гIиллакхаш бахьнехь, наха аьрзнаш яздо тхуна... Сан цIахь-м кхаба дезаш диъ бер…

– ДIаволалолахь, и леш лаьтта хьуна, – аьлла, жимчу стага Оччa, теттина, автобус тIе хьалаваьккхира.
Автобус дIайолаелира. Некъана шина агIор долчу цIенойн корашкара серло етталора автобус чу, цу чуьрчу дукхахболчеран яххьаш гучу а йохуш. Уьш, цхьаерш, набарна тар тесна яра, вуьйш уллорчо дуьйцучуьнга ладоьгIначохь севцца, кхоалгIанаш (къамел дечу дайн яххьаш) шайн хIоттам кест-кеста хуьйцуш, жигара яра.
Массо а ойланаш дIаевлла, автобус лаьмнехьа мел теIа, сапаргIат долуш санна Iара Оччa. Кху тIаьххьарчу беттанийн гIовгIанаш, леларш, бохамаш, лазамаш
– дерриш цкъа а ца хилча я цкъа а хир доцуш санна, дуткъа пардо хилла дайделлера воккхачу стеган даг тIехь. Цундела иза (цхьадика, цуьнан меттиг кора хьалха а нисъеллера) корал арахь тIехлелха машенаш, церан серлонаш, цIенош, дитташ леррина тергалдеш Iара, уьш цхьа башха, дуьххьара гун хIумнаш йолуш санна.
Бакъдерг дийцича, ша иштта синъайаман хьолехь велахь а, Оччин коьрта чу хIара цхьа чекхъяьлла ойла-м иккхира: «Пирсдатало накхаршна тIе стаг вахийтина ма хилахьара...» И ойла цуьнан кхетаман хьалхарчу тIегIанахь яра, ткъа кхетаман уггаре а кIоргерчу тIегIанахь хилла ойла иштта яра: «Шен ницкъ мел кхочу адамашна пайдехь хила хьажа веза. Нагахь и хьан дан ницкъ кхачахь, хьо хьайна а, я нахана а сов вер вац.
Нагахь санна, ца кхачахь, хьуна – дуьне а, нахана – хьо а кIордоран кхерам бу».
Иза Оччин тIаьххьара ойла яра, кхеран автобус
Варш-юьрта боьдучу некъа йисте кхачале. Цига дIакхаьчча, Оччас, хаддаза уггаре хьалхарчуцхьалхачу гIантахь Iачу некъахочунна ша лелийнарг а, цалелийнарг а, шена мел гина а, шена юьйцу мел хезна а авари шех
Iоттаеллачуха хаддаза хабар дуьйцучу шопаре, и юкъах а воккхуш, элира:
– Со кхузахь охьавоссийталахь.
– ХIокху сохьта, ас автобус сацошшехь ахь сом кечде, – шовкъе хилла вистхилира шопар.
Амма Оччa шен киснара бохча схьа а даьккхина, цу чуьра сом схьа эцна валале, хевшина Iачарна юккъера, вовшел тола гIерташ санна, вовшех а хьерчаш, масех мохь бийкира. Церан массеран а юкъара

маьIна хIара дара: «Цо хIунда ло хьуна ахча, ма лолахь, иза оцу охьавоьссинчу накъостан билетца ма веъна».
Иштта маьхьарий хезча, шен соьме болу безам мел алсам белахь а, шопаран ала дийзира:
– ДIадовла, ас-м оьцур дацара цуьнгара ахча, ас-м бегаш бой, – шена хьалха ша вистхуьлуш «бегаш» боху дош дага а ца деъаншехь.
Автобуса чуьра охьавоьссина Очча, йолучу бIаьстенан, денлучу Iаламан гIовгIанехь висира. Екхна, дуккха а седарчий долуш, Iаьржа бIаьстенан буьйса яра ламчохь. Амма Оччина, шен бIаьрса къеналле хьаьжжина ледара делахь а, шерра гора Орган чу буссу некъ, гора кху новкъара мел жима чхар. Аьлча а, цунна и ган ца гора, дерриге а цуьнан дегIана хаалора. Кхузара массо хIума а, Органан гIовгIа а тIехь, хIаваъ а тIехь, стиглара седарчий а тIехь Оччина девзаш а, хьоме, гергара а, кхуьнан дагца, кхуьнан цIийца, сица гуш йоцу, амма цкъа а йоха йиш йоцу уьйр йолуш а дара.
Некъ Органна тиллинчу тIай тIе кхечира. ХIаъ, хIара ду и Орга, Башламан кийрара даьлла, чхернех, бердехдетталушохьадогIург.Шеца нохчийн халкъан хийла хилларш, хиндерш доьзна долу. Оччина дагадогIу хIара Орга бераллехь дуьйна. ХIетахь ма дарра ду-кх хIинца а, я къан а ца делла, я кIад а ца делла, даима а къонах хилла дисна-кх и. Иза-м иштта хила а деза. ХIун ду Очча къанваларх, Очча санна берш хийла къанбелла хьуна йистехь. Ткъа хьо, Орга, даима къона, даима къонахалла йолуш хилла, хьо ишта хила а деза. Оччина-м атта ду вала а, лаьтте дIаверза а, хьо даим иштта къона хилчхьана.
Даима къийсаме ду-кх хьо, Орга. Ахьа хьаьнца къуьйсу? Саьрмикца. ТIулгийн бердийн вастехь хьуна дуьхьал баьлла и. Амма хьо-м къар ца ло цунна, я къарлур а дац...
ТIай. ХIара тIай-м бетонах когаш дуттуш, тIе аьчган рама а юьллуш дина ду. Хьалха-м, Очча жима волуш, наха халла, даккъаш туьйсуш туьллура. Иза, хIоразза а, догIа моссаза догIу, дистинчу Органо дIахьора.
Амма наха, юха а малх схьа ма кхийттинехь, керланиг туьллура...
Кху меттиган цIе Муьж-агана ю. Эцца лахахь, бердах схьаболуш муж болу дела... Дарбане хи ду. Кхуза-м геннара дуьйна цомгаш нах оьху, дарбанаш лело.
АюбгIар бара кхузахь Iаш. ХIинца церан цIа хиллачохь кегъелла кибарчигаш бен хIумма а ца йисна. Цхьа беш а йисна, хIинца гIа

даккха тохаелла йолу. Церан тIаьхьенах берш лахенца цхьанхьа бехаш-м бу.
Дешначу лайн айманаш хIиттина ккхузахь. Баьццара буц йолуш, мелчумохехь гIа доккхухьаннаша. Пхьидаш! Пхьидаш а ю екаш. Дерриге а Iалам меттахдаьлла. Цхьа аьхна, тамехь, хих, бацах, седарчех, пхьидийн эшарех юьзна гIовгIа. Гуьйренца хIаллакьхилла дахар юха денлуш, юха кхоллалуш ду...
ХIокху некъан шина агIор яьлла хьун. Беркате хьун.
Кхухьуьнхахь йоцуш хIун ю: кхораш, Iежаш, хьаьмцаш, стеш... Йовхо кхухьуьно ло, цIа-хIусам кху хьуьнах йо, упха а кху хьуьнхарчу ножах доккху... Дуккха а бахархой букхухьуьнхахь: ча, борз, пхьагал, цхьогал, цIокъ, саллор, массарал а хьоме, гергара хета лу а. Миска лунаш яI! ХIаллакьхуьлуш лаьтта шун хIу. Шун мостагIий дуккха а бу: борз, цIокъ, кхидолу акхарой. Цул сов, адамаша а хIаллакдо шу, масийтта метр генахь хилча а ши Iуьрг долу чIижаргIа тIе а ерзайой. Iаламо хазалла, догдикалла, семалла елла шуна, амма и кIезга ду-кх дахарехь дисархьама. Дахарехь къийса ницкъ а, хьуьнар а хила деза-кх, Саьрмикца къийса. Саьрмик-м вон хIума яй, ахь хьайн къийсам жимма а лахбахь, цо хIаллаквийр ву хьо.
Седарчий. ХIинццалц тидам хIунда ца хуьлура теша седарчийн. Муха ду-техь уьш уллохь? Генахь дуй-техь уьш, мел?.. ЭхI, хьо къайленаш. Тамашийна хIума ду-кх хIинццалц седарчийн тидам цахилар. ГIала ца вахнехь, хIинца а хир бацар-кха церан тидам. Хьажахь, хийла гIаланаш, хийла адамаш, хийла мехкаш ду-кх хIокхулаьттахь. Хийла гIуллакхаш до цара кхочуш, хийла цIенош до цара, хийла готанаш оху бIаьста. Аьхка мангал хьокху. Цаьрца цхьа а бала боцуш санна Iий-кх хIокху дезткъа шарахь... Бакъдерг дийцича, йиш яцара иштта ойланаш ян. Хьайн баланаш, хьайн гергарчийн баланаш дIа ца бевлча, нехан баланех ойла ма ца яло...
Къайленаш! Ког мел баьккхинчохь ястаза! ЭхI, маржа, кхин дезткъа шарахь ваха йишхилча. Ма тамашийна а, кIордор доцуш а ду-кх дахар! Некъан тIаьххьара гуолатуху меттиг. Некъ. ХIара
Варша боьду некъ даима лаьттина, яраш а ца йовлуш.
Хийла, хийла хьалха баьккхина хьо. ХIетахь-м халла бен ворда йоьдуш а ца хилла. Цул тIаьхьа, Шемал вохийнчул тIаьхьа, хьо паччахьан салташа шор а бира, дика то а бира... ХIинца-м хьох боккха, шуьйра тIулган некъ хилла. Хьуна тIехула хийла адамаш лелла, тайп-тайпана.

Кхузара дIа лахенца шайн гIийла баккхал а эцна базара ихна нах, кхуза а ихна хьеший. Цхьаберш ахь шена тIевуьгучу юьртара бахархой лорурш, церан сий дийраш, вуьйш царна бала, бIаьрхиш, къизалла хьош а... Хьан йистош баланийн бIаьрхиша тIадийна. ХIетте а хIинца хаза бай баьлла хьан йистошца, хьаннаш а дебна.
ХIинца хьуна тIехь хазахетаран къамелаш хеза. Хьуна тIехула а буьйлуш, машенаш чохь а, гIаш а охьаоьху гIалара бу, я мичара бу а хуур доцу къонанаш.
Уьш футболе, театре, кино, кхечухьа, кхечухьа дIаоьху. Уьш хIун ю? Шайн цхьа хIумнаш хир ю-кх, керла хIумнаш... Хьуна тIе-м цкъа а яраш евр яц хIинца, яьлларг а машено хьаьшна дIайоккхур ю.
Юьртан йист. Кешнаш. Ах кегделла а, кегдалаза а чурташ долу а, уьш доцу а кешнаш. Кхузахь Iохку хийла, хийла хьалха къонахий хилла баьхнарш, шайн сий дахарал а деза хеттарш, тIемаш бинарш, машаречухьеша-ден куьйгаш лецнарш, хьаяза йолу хIара яккхий хьаннаш хедош, хIараюрт йиллинарш... Кхиберш, кхиберш... церан тIаьхьенийн тIаьхьенаш. ХIокхукешнашкахь шен каш хуьлийла луушхийла кхелхир-кх геннахь.
Оччина а лаьа-кх кхузахь ша лаьттах гIойла.
Юрт. МаьI-маьIIехь дуцуьнан цIенош. Хийла, хийла хьалха, цхьана гена махкара хIордаца, хIордан кеманаш тIе а хевшина, баьхкинчу бIонах тIаьхьависинчу цхьана стага (гIаш волавелла вогIуш кхуза кхаьчначух тера ду иза), Варшахойн тайпанан дас йиллина ю хIара, дийцарехь. ЧIаьнтийн-чIожаца бехаш хиллачу наьртийн зуда а ялийна, ваха хиъна и кхузахь. Цунах схьабевлла бу варшахой. Цара бежнаш лелош а хилла, гIишлош еш а хилла, ловзарш а... Амма баланаш хьега дезна церан, къийса дезна. Саьрмикца къийса дезна...
ХIинца-м бIаьсте юьюьртахь йолуш. Хьаннийн варшашкахула хьийзачумелчу мохо шуш-ш до. Лайн Iоврех дуьзна, гIад стамделла, йиш гIаргIъелла догIу ахк.
Юкъ-юкъа лета жIаьлеш, кхойкху боргIалш... Массо хIума а хьаделла. ЦIа. ХIара ду-кх хIокху ткъех шарахь Оччин, Анун хIусам хилла лаьттинарг. ХIумма а хийца а ца делла, цхьа кираш жимма охьаэгар доцург. Кораш дика лаьтта, атталла куьзган бIаьрг а ца кагбина цхьамма а. Оччас ша дира хIара цIа. Хьуьнха а вахна, дечигаш а ехира. Колхозан трактор а ехна, уьш цIа а еара. Лула-кулара накъостий а кхойкхуш, хьалахIиттийра цIенош. ТIаккха, белхий а бина, поппар

хьаьхира. Анус кир а туьйхира, чохь пеш а йира. Дуьххьара кхарна чохь буьйса яккха чувахча, ма самукъаделира, цхьана ханна дицделира дахарехь мел хьегнарг, мел лайнарг. ТIаккха...
ТIаккха – юха а Iаьржа а, кIайн а даьхкира денош. ХIинца-м резадоцуш санна хета шу, цIенош. ВаллахI, шух къаста а лууш-м ца къаьстира шуна Оччa а. ХIан-хIа, хера-м ца девлла шу Оччина. Шух схьаетталург, Оччас ца Iебаш чууьйзург кхунна масийтта шо хьалха евзина, йицлур йоцу хьоме хьожа ю.
Шийло ю чохь а. И-м хIумма а дацара. Кхана доккхур ду-кх дечиг. Йоккха цIе а латор ю. Мохьсума и хIумнаш хьалайохьур хир ю. Амади вогIур ву кхана.
Ву-те. Жимма агIорваьлча дика хир дара. Буха таса хIумма а яц теша кху чохь. Ю хIара черт-м. ЭхI, ма хаза ду-кх цIахь. «Шен цIа – цIиэн цIа», – эрна олуш ца хилла-кх халкъо. ЭхI, и пхьидаш. Ма хаза а хета уьш екаш. БоргIалш а ма ю кхойкхуш. Сатосуш ду-кх вайна... Ма меллаша хилла Оччин болар. Малхбале ю серлайолуш. ХIан-хIа, кхунах наб хир яц
Сатосу хан. Iуьйре. Малх богIу, буьйсанан къайленаш гучуйохуш. Буса хьуна инзаре-инзар хеттарг, дийнахь цхьа миска колл хуьлу. Iуьйре, хьо а ю-кх, массо хIума санна, юха денлуш, къонлуш. Хьан стигал а ю сов сийна а, сов къона а. Хьан малх а бу эсала. Селхана зуда ялийча санна. Кхуюьртара-м цхьа а стаг хьала а ца гIаьттина. ЭхI, алкханч яц и екарг? Алкханч гIаьттина хьала. Хийла мехкаш теллина цIа кхечи хьо. «Шен цIа – цIиэн цIа», – олуш ца хезна хьуна?
Эвла йистера Iам, хьох лаьцна дуккха а хабарш дуьйцу. Хьун чу а вахна, хийла стаг велла боху. Хьан бух а бац боху. Хьуна гондIа яьлла шач ю, хьан хи дIахьулдеш, тIеэгна мажделла гIаш ду. ХIинца хьуна чохь, шайн той хIоттийна, гIовгIанаш еш йохку пхьидаш...
Ирзу. Юьрта боьдучу некъа уллохь ду хIара. Ботас хийла некъахо, и вевзаш хилча а, ца хилча а, чу а валийна, сискал шена чохь елла хIусам лаьттина меттиг а яйна. Стоьмийн беш ю гIа доккхуш. Можа зезагаш а девлла бешан бухахь. Оччас-м цхьалха, байлахь дуьтур дац хIара ирзу. Цо кхуза схьа а деана, колхозан накхармозий дIахIиттор ду. Шена чохь Iен цIа а дийр ду кхузахь. Амади кхуьйлур ву кхуза, цунна туьйранаш а дуьйцуш, цуьнга хабарш а дуьйцуьйтуш, хийла суьйренаш дIахьур ю. ЭхI, и хьайба кагъелла хилла-кх, миска. ХIаъ, къаналла ю-кх. ХIетте а, ша йоьжна йоллушехь, гIа а даькхина.

–Воккхадада, Воккхадада, Воккхадада! – аьлла, цIеххьана бекначу маьхьаро шен ойланех юкъахваьккхира
Очча. Малх, гIеххьа лакха а баьлла, богура. Ткъа кху ирзунна тIебогIучу новкъахула, Амади хьалха а ваьлла, девдда догIура кегий бераш.
– Ой, схьавадалахь Воккхададина, схьавадалахь, – аьлла, царна дуьхьал хьаьдира Очча, Амади гина боккъал чIогIа хаза а хетта.
– Воккхадада, хьо цIа маца веана? – хаьттира Амадис, шен ненаден марахь воллушехь.
– Сийсара. Са-м ца гатлора хьан Воккхададина?
– ХIаъ. Дийнахь-м ца гатлора сан, буьйсанна гатлор-кх.
– Ой, хьо ваха Воккхададина дукха! – аьлла, Оччас
Амади, хьала а кхоьссина, схьалецира.
Амадица хилла бераш, шаьш Оччас кхин тергал а ца дича, ловзуш, леташ дIасадаьржира. Оччий, Амадий шаьшшиъ висира. Очча Амади хьистина а, цуьнца вийлина а ваьлча, цунна коьртах куьг хьоькхуш, цхьаьннан-м ойла ешша Iаччохь дIатийра. Иштта тийна, куьйго, малхо вохвина, Оччин карахь дика дIатарвелла Iара Амади. Эххар а цо, Очче хьала а хьаьжна, хаьттира:
– Хьо кхин цкъа а дIа-м гIур вац, Воккхадада?
Оччас, гIеххьа вист ца хуьлуш а Iийна, эххар а элира:
– ГIур ву, лаьтта бухарчу дуьнен тIе-м.
– ХIунда? – хаьттира жимчо.
– Саьрмик бен.
– Оцу кIанта бен ца бийна и Саьрмик?
– Цо и цхьаъ берах, дуккха а ма ду уьш.
– Воккхадада, со а вигахьа цига.
– ХIан-хIа, хьо жима ву.
– Воккхадада, со жима вац хьуна, ас стохка хIоккхуза яраш юккъехь гIаж тоьхна моьлкъа а бийра хьуна, – элира кIанта, ненаден карара охьа а иккхина, ша моьлкъа бийна меттиг а гойтуш.
– Кхуза кест-кеста воьллахь, Амади, со дIавахча.
Кхузахь яраш йовлийтахь, моьлкъарчий дуккха а хир ду хьуна...
ВогIур вуй хьо, Амади?
– Ву со-м.
– Воьллахь. Ткъа цига дIаваха-м кхуьур ву хьо...
ГIеххьа хан елира цушиннах цхьа а вист ца хуьлуш.

ТӀаккха Очча, воккха стаг санна, ойлане вахначу Амадига а хьаьжна, велавелира.
– Амади, ас-м бегаш борий, со цкъа а дӀагӀур вац.
Вайшимма, кхуза схьа а деана, колхозан накхарш дӀахӀиттор ду.
Вайшинна кхузахь жима цхьа цӀа а дина, ас хьуна туьйранаш а дуьйцуш, Ӏийр ву вайша… – иштта
Амадица къамел а деш, и кара а эцна, яккхийчу гӀулчашца юьрта боьдучу новкъа велира Очча.

# МОХК БЕГИЙЧА

**Мохк бегийча**[83]

Ло догIу даккхийчу чимашца, массо хIума а хьулдеш. Цкъадолчунна. Малх ма-кхийтти, гуча-м дер ду дерриге а. Дуьненчохь ахь мел лелийнарг, замано дицдаларан пардо тасахь а, мел тIаьхьа а цхьанхьахула гучудолу. Вон а, дика а. Жаьмбикна-м гуттар а и иштта дуйла хаьара. ХIинца санна ца хиънехь а, геннахь, кхетаман кIоргенехь ехара и ойла. Цо сецавора цхьадолчу некъашна тIе ца волуьйтуш. Хало-о-м дара иза, хIетте а и хало лан а лайна, тIехъяьлча, декхна хетара денош а, буьйсанаш а…

Юкъ-юккъера екхна ю стигал. Мархашна юккъехула Iеначу беттасин серлонехь лепа чимаш. Куй дIа а баькккхина лаьттачуцуьнан коьрта тIехь соьцууьш, юха деша.

Цо дIатуьллу куй. ТIаккха хьаннашлахь Iуьллучу жимчу юьрте бIаьрг бетта. ДIатийна юрт. Юкъ-юккъехь бен стогарш а гац. Iаьржа гIаларташ а хилла лаьтта цIенош а, царна гонахара бошмаш а. Тийна ю кхуьнан хIусам а. Цхьанаэшшарехь синош дохуш Iохкубераш а, зуда а. ХIара хьоьгу царех: кхунна хаьа кхин цкъа а, мел дукха вахарх, иштта синхааме наб шена кхетарг цахилар. Масех бутт хьалха дIабаьлла и синтем.

– Маржа дуьне яI! – доккха са а доккхий, кетIахула бай-й ког а боккхуш, волало иза.

ТIаккха цIийна тIехьа, беша волу. Iежийн, кхорийн, хьайбанийн дитташ лай кIелахь лаьтта.

– Шелло-кх шу лайлахь. Я ца шелло?Ма дукха хан яра вай ишта къамелаш даза…ХIетахь, шу дIадоьгIна масех шо даьлча, дIаделира вайн къамелаш дар. Сан бехкенна. Саййиш ца хуьлура бIаьстенанюьххьехь шун гонаш ахка, совнаха га дIахадош, асар дан. ТIаккха шун цIен-кIайн заза ган, аьхка муттанех дузучу стоьмех воккха а веш, шун IиндагIехь Iен а… Гурахь, шуьца чекхъяьлла аьхке а юьйцуш, охьаэгна гIаш тIегулдеш лела а…ТIаккха Iаьнан ехачу буьйсанашкахь боданах, шелонах хорам хилча, ара а ваьлла, иштта хилларш, лелларш дуьйцуш, шун сапаргIатдаккха а. Со сиха вара. ХIинца со вухавирзина. Со аш тIеэцахь.

Сан кхор, суна дагадогIу – хьо цхьа жима, эгIаза синтар дара. ДIо колхозана беш югIуш, стоьмаш а луш дитт хир дац аьлла, юьстах а

кхоьссина битинера хьо…
Хьан дегI, худа а делла, дIадолуш лаьттара бIаьстенан малхехь. Ас хьо, цIа а беъна, дIабуьйгIира. Хала летира хьо лаьттах дIа. Денна а хи тухуш, го самсабохуш лийлира… Ахь дуккха а къахьегийтира.
Цундела дарий а хаац, хьо уггар а дукхадезаш дитт дара…хилла.
Сан Iаж, ахь дIабоьгIначу шаррехь зазадаьккхира.
Шортта стоьмаш а латийра. Дерриге а генаш охьа а охкош. Ас буха гIортораш хIиттийра царна. ХIетте а цхьа га кагделира… Ас сайна ма-хуъу лоьралла дира хьуна.
Сан хьайба, хьо кертан йистехь нисъяларна, атто шозза айиира. ШозлагIа хьо йиъча, суна моьттура, хьан ницкъ кхочур бацюха а маргIал хеца. Амма ахь, бIаьсте ма-елли, гIа даьккхира. ТIаккха аса хьуна гонаха керт йира еакIов, кегий дечигаш а югIуш…
Стаг вехха лела бешахула волалой, хIора диттана юххехь сеца а соьцуш, къамел а деш. ТIаккха бешара ураме волу иза. Малхбузехь лекха арц Органа чу буссучохь, кIайчулай тIехь Iаьржа къеста ах хаьрцина бIов.
БIов тIулгех лаьтта. Кегийчу а, даккхийчу а тIулгех.
Уьшша-ша даьхча тIулгаш ду, цхьаьна – бIов.
Стеган сий а ду-кха бIов. Иза а лаьтта цуьнан даккхийчу а, кегийчу а гIуллакхех. Цо денна а дечу дикачу гIуллакхаша ирх бохуьйту цуьнан бохь.
БIаьвнех терра, лекха деш хилла-кх наха куйнаш а хьалха.
Ткъа бIаьвнаш – лаьмнех таръеш.
Керта тIера оьций, ло кхоллу цо.
Лайн хин чам…Маржа…Хьо цкъа а бицлур бац…
ХIетахь, ешначу арахула текхаш, хIотта а хIоьттина, бертал воьжча, ма мерза хетара лайн хи.
ХIаъ, цудийнахь хилира цуьнан кхетамехь уггаре а къиза тIом.
«Хьан хIун гIуллакх ду, сел дукха тIулгаш, даккхий тIулгаш лома буьххье а дохуш, царах бIов йотта? ХIун хаьа,ког шершина бердах воьдий а? Цулла а нийсачухула лела. Тоьла а тоьар юхьуна чохь Iен. Дахар цкъа а юха хир долуш ма дац… Мича ваха гIерта хьо?.. ТIееттачу яккхийчу тоьпашна бухахула? Иза велла хир ма ву. Ца веллехь…Хьуна бехк кхачац. Цунна тIекхача гIоьртича, хьо хьуо а вуьйр ву-кх…Вухаверза!..»

Иштта тӀаьхьа мохь биттинехь а, хьайн даго хьоьхург дира ахь, хӀетахьлера Жаьмбик! Хьуна хаьара хӀетахь хьайн даге ладогӀа, цуьнан аз хаза. ТӀаккха цо бохург дора. Со хӀинца къарвелла… Къорачу соьга мохь биттина, йиш хаьлла, аз а дайна деган…
…Лайн хин чам… И гӀовгӀа, хӀаваъ цоьстуш йоьду… ХӀара хӀун ду?…
«Маржа ЖанарӀела, вайшиъ-м лаьттах дӀаэвора хьуна цо… ХӀаъ, йоккхачу тоьпан хӀоьо. Кхин цхьаъ а…ХӀей, Ӏожалла! Ахь хьошур вац тхойшиъ, тхойшиъ вехар ву, хьуна мел ца лаахь а. Тхойша тоьлур ву хьол. Хьо йоккхачу тоьпан хӀоъ хилла ягӀахь а, со кхин соьцур вац хьуна. Ас «хӀуп» аьлча, иза лоппаг санна хӀаваэхула дӀагӀур бу…
«ХӀинцца, хӀинцца, ЖанарӀела, цкъа кхухих къурд а бина…»
Лайн хин чам…
Стаг некъа юккъе а хӀоьттина лаьтта, буйнахь ло а
Ӏуьйдуш. Дешачу лайн хи пхьуьйша оьху, лаьтта Ӏена тӀадамаш…
Чевнех вирзира ЖанарӀела.
ХӀетахь коьрта чуьра цӀенна дӀаелира атто еза ойла, цкъа а кхин юхайогӀур йоцуш санна. Цкъа а ца хилча санна. ХӀетахь кхунна къеггина гира шен сийн гӀала.
Иза лаьттара малхехь лепа а лепаш, бамба санна кӀайн, марха санна яйн. Иза кхуьнан толам бара уггаре а халчу, атто лоьхучу ойланца хиллачу тӀамехь. Цундела кхуьнан цкъа а дезар дац, маьлхан серлонах къехкаш, буьйсанехь лела.
И кӀайн гӀала, тӀеман кӀуркӀаманехула лелаш, кхин а керлачу гӀуллакхашцца хӀокхо йоккха хуьлуьйтура.
ТӀаккха тӀом чекхбаьлча, лепа нур хилла кхуьнан юьрта а еана, цӀийна юххе дӀахӀоьттира иза.
«Жаьмбик ца хилла мел халчу меттехь а кӀилло…
Иза тӀехьа ца личкъина накъосташна…Мелхо а и хьалхавийлла…
Цунна тоьшалла ду и нур…И гӀалин хьесапехь цунна тӀаьхьа лела нур. Дика къонах ян а ма ю гӀала…»
Иштта яра ерриге а юьртан ойла. ТӀаьхьа ша юьртда а хаьржина дӀаволавелча, некъ тобойтуш, ахкана тӀай туьллуьйтуш, воккхачун докъар, дечиг цӀа доуьйтуш, кхин тайпа гӀуллакхаш деш, цо лакхаяккха йиш яра и, стигланах бохь гӀортталц. Ткъа стигал мел лекха ю?
Амма, жим-жима йицлуш, кхунна эххар а ерриге а йицъелира иза. Бакъдерг дийцича, наггахь, молуш а, дууш а лелла, цӀа веъча, дага-м

йогӀура. Делахь а, цуьнга бӀаьргтохар а, цуьнан хьал довзар а кханенга а тоттий, юха а дӀавоьдура хабарш дийца…
«Махьарлахь жим санна Ӏаш ву Жаьмбик». И маца хезира кхунна дуьххьара? Хаац. ХӀара хила а хилла махьарла бахана жим. Ткъа махьарлахь йовха ю, таме а хета. Мерза наб а кхета.
Бакъду, оцу буса…
И буьйса, аьхкенан дийнан тов шовданаший, хьаннаший шайна чу а хуьйдина, шийло-тӀуьна еанера аьрцнашкахь. Сарахь нах шайн-шайн чу бирзира. Хьелий узуш шуьреш ведарех етталуш хилла зов, юкъа-кара, бажал тӀаьхьа а дисина, цӀа оьхучухьайбанийн цхьалха Ӏехарш, маьӀ-маьӀИехь ловзучу берийн гӀовгӀанаш дӀатийра маьркӀаже буьйсане йоьрзуш.
ТӀаккха доьзалш пхьуьйре хевшира, Ӏуьйкъе хуьлуш, серлонаш кхуьйлира цӀеношкара. Цхьанаэшшарехь доьӀучу синоша дехира уьш. Дерриге Ӏалам синтемах дуьзира.
Масех сохьтехь лаьттира тийна. ТӀаккха – дуьненнал боккха яй кхихкина тӀехбахча санна, цхьана къорачу гӀовгӀанан, ницкъан тулгӀе денъелира лаьттаца дӀаса. Кхерамо, Ӏадоро хийцира синтем. Цхьа сихха, къила даххана, уьгӀира жӀаьлеш, йийкира котамаш, кхайкхира нӀаьнеш, дӀасатеххкира хьаннаш. ТӀаккха лесто долийра латта. ЦӀенойх, цацанах санна, чекхбуьйлура дохоран ницкъ. Шен гӀорасизаллех эхь хеташ, делахь а дан хӀума доцуш, дӀасатехкара бӀешарахьлера поп…
Поп, поп, поп…Дала орца доху бохам хала бу хьуна. Поп, поп, поп…
Хьо лесточу ницкъана дуьхьал вай хӀун доккхур ду? Хийла дарц, мох, хьуна дан хӀума доцуш, юьстахо, пе а тухий, тӀехболура. Хьуна тӀехьа лечкъина, шело а кхераме яцара. ХӀинца…ХӀинца вай хӀун дийр ду, поп?…
ЦӀенкъа етталуш юхучу пхьегӀийн, берийн делхаран гӀовгӀанаш хезара цӀенош чуьра схьа. Адамаш уьдуш, попана хьалхарчумайданахь гуллуш дара, йиллинчохь неӀарш а, кевнаш а дуьтуш…Уьш, вовшашка дистхилар доцуш, когаш Ӏуьйра а, мачаш туьйдина а, массо а агӀор анайисте бӀаьргаш а доьгӀна, шаьш долччохь оза а делла лаьттара. Адамаш, адамаш… Шун гӀайгӀа яйян, шуна товрриг дан, шун даге хьажа, шубохамах кӀелхьарадаха…
Иза дара-кх стагана хаа дезарг, хиъча, замано а ца дойу дерг…
Уггаре а тамашениг, уггаре а дезаниг ду-кх, адамаш, вайн вовшашна орцах кхачар.

Цул тӀаьхьа бутт баьлча йицъелира и ойла а. Кхин цкъа а мохк бегор боцуш санна. «Махьарлахь жим санна». Цигахь йовха а ю, тамехь а ду…Кхин мичахь дара иштта?
ЭгӀаза, аьрха бер. ПӀелггал бен дац пхьаьрсаш а, настарш а. «ЧӀа-а-й, чӀи-и-й». «Ма велхал, ма велхал нанина, ма велхал… ХӀинцца, хӀинцца гӀоли ер ю».
ЦӀий. Бежанан неӀ. Чуьйраш. Лоппаг санна юсаелла лаьтта гай а ятӀайой, цу чу хаадо эгӀаза бер. ТӀаккха жим-жима гӀеллуш, гӀелло цуьнан делхар. Эххар а наб кхета кхеллин йовхонехь…
Стаг шен севсинчу дегӀе охьахьоьжу. Доккха хӀума ду-кх оцу эгӀазчуберах хӀара хилла бохург!
«Махьарлахь жим санна». Мохь шера ма ю. Цу тӀехула хахка а велла, бердах ваха а тарло…
Иза кхунна оцу дийнахь хиира, синтемо ша вуьтучу дийнахь.
Оцу дийнахь Ӏуьйранна, сатоссучу хенахь гӀарагӀулеш яхара дӀа.
ХӀетта самаваьлла, цаьрга ладоьгӀуш, меттахь дӀаса а керчаш, вехха Ӏиллира иза.
Цхьа сингаттам кхоьллира цуьнан даг чохь оцу гӀарагӀулеша. Цара карлабаьккхира иттех шо хьалха иэсан чалхехь тесна битина цхьа дагалацам.
ХӀорш тӀаме боьлхучу дийнахь а яра-кх иштта дӀайоьлхуш и гӀарагӀулеш…
Диван а цӀовзош, цӀенкъа а воьссина, шен туду мачаш леха велира иза. Уьш кара а йина, аравелира.
Юьхь-куьг а дилина, кечвелла ваьлча бен, дага ца деара цунна хӀора денна деш долчу хӀуманех цхьаъ шена дицделла хилар. «Тахана ца яьшча а мегар хир ю-кх хӀара», – элира цо, куьзган чохь шен юьхь тергал а еш.
Цхьа а стаг ца кхийтира цунна дуьхьал оцу дийнахь: дукха хьалхе дара.
Юьртсоветан цӀийнан догӀа дӀа а даьккхина, чуваьлча, чохь цӀена а, тӀуьна а хиларан тидам бира цо.
Дехьачу волу неӀ схьа а йиллина, вехха лаьттира иза, тӀаккха – коре а вахана, арахьоьжуш а.
ЦӀен-можа бос эцна хьаннаш. Хьуьнан бӀараш охьаэгна хир ду.
Эххар а, шен гӀанта охьа а хиъна, дӀатийра. Кестта хьалха чу схьабаьхкира вуьйш а.

Шиъ сакъералуш вара. Важа-м йистхуьлуш а яцара.
– Мохк бегор а хьаха ду, Махьма, цхьана агIор дика хIума…
Иза Маккхалан аз дара. И стенна веана кхуза? ХIаа-и, мохк бегорехула йолчу комиссин пирсдатал ма ву иза.
– ХIаъ, – Махьма чот етта хIоьттира.
– Дера хилла мохк бегор а дика…
– Ой, и хIун ду ахь дуьйцург, мохк бегор муха хуьлу дика?… – хезира зудчун аз.
– Зезаг, хьо яц иза, хьо кхетар яц ас дуьйцучух, хьо заманал тIаьхьайисна.
– Со хьол хьалха йолаелла хIара латта хьеша.
– Эззар шарахь ваьхча а ма ца кхета цхьаверг.
Зезаг а, гIарагIулеш а… Тахана дерригено а дагатуьйсу и де. Стенна ду теша хIара?..
– Цо иштта ма ца боху, йоккха стаг. Хьуьлла эвла йистера Беччаркъий, ахкал дехьара Берсий, гуттар а дов хуьлуш волу, мохк бегийча кхера а велла, тан а тайна дIа ма вахара. И дац ткъа дика? – юкъагIоьртира Махьма.
– Иза-м ду.
– И ду-кх цо дуьйцург а. Вайн баккхийчу нахана цхьацца хIумнаш хаа ма ца хаьа. Масала, мохк стенна бегабо. Хьо а яра оцу буса, дуьне стеран маIаш тIехь лаьтташ ду, цо корта дIасаластийча мохк бегабо, бохуш… – чот дIасатуьйхира Махьмас.
– Дера йисна хьо а, йоккха стаг, заманал тIаьхьа…
– Маккхал кисана ши куьг а диллина, чухула дIасаволавелла лелара.
– Ткъа стенна бегабо иза?
– Иза дера бегабо лаьттан кийрахь магма меттахъялар бахьнехь…
– ХIаъ, иштта ду хьуна иза, Зезаг… Кхузза куьг таIадел ахь… ХIара хьайн ахча дIа а оьцуш. Ши туьмий ворхI соммий итт кепеккий…
– И хIун ахча ду?
– Мохк бегорна пачхьалкхо хьуна луш…
– Деллахь, йоккха стаг, оцу буса и дуьйцуш хьо хьуо а тешарий цунах?
– Махьмин аз цхьа кIеда декара.
– Ца хаьа суна-м. Иза суна тхан ненананас дуьйцуш хезна. ХIун бен ду иза мухха хилча а. Дерриге а хууш долчу аша ма дегадайтийша иза, шайн и «махьма» саца а яй…

– Ткъа оцухьан старана бута еъча хIун хир дара вайн кху лаьттах? Вахь-хьа-хьа!
– ОьгIаз ма гIолахь, йоккха стаг, хIара иштта шен бегаш болуш ву хьуна…
Iаж, оцу дийнахь дерриге а бIаьрнегIар тухучуюкъана хилира. ЧIогIа сиха. Амма и дерриге а масийтта шарахь гулделла хиллера. Жим-жимма гуллуш. Ткъа цу дийнахь IаьIна а даьлла, тIехдахара.
ХIума гул ма ло сихха. Къаьсттина вон хIума. ЦIоз санна деба иза. Гой хьуна, Iаж, хIара лайн чимаш. Мохо ловзадо, чекх хьаьжча са а гуш дайн ду. Делахь а, цхьаъ цхьаннах а тийсалуш, хьуна тIехь IаьIа уьш. Хьо берриге а букар сеттина. Хьан генаш а кегдийр ду цо. ДIа ца даккхахь. Шен хеннахь.
Стага лестабо Iаж. Юх-юха а. Мукъадевлла генаш, дIаса а техкаш, хьаланисло. Иза верриге а лайх вуьзна.
Iожа бухара сехьа а волий, цо бегабо куй а, кетар а.
– Сан кхор, сан хьайба… Ас шуьшиъ а хIинцца паргIатдоккхур ду. Иштта. ХIинццалц муха лаьттина шу?ХIоккхумасийтташарахь?Иштта дIа лаьттина-кх…
Генаш а кеглуш. Ас хIинцца…Сайна тIехь IаьIна чалх, кху тIаьххьарчуитт шарахь IаьIна чалх охьаего ницкъ-м ца кхечи… БукъадаьIахк кагъяллалц. Хьаланислур вуй теша юха цкъа а? Оцу дийнахь хиллачо а, хIокху дазделлачу дегIо а хьалха чуийзаво, лаьтта тIе. ХIара иштта дIадодахь, лан-м лур дац. Ши ког дIа а иккхина, бертал кхетар ву… Сан кхор, ас хIинцца…
РогI-рогIана тIе а воьдуш, бешара дитташ лестадо стага. Юха а лайх вузу. Амма вегавала сих ца луш, шелонах хаба а хебий, вехха лаьтта иза, малхбузехьа бIаьрг а бетташ.
– Мохк бегор а хилла цхьана агIор дика…Адамаш, кега-мерса хIумнаш а, хьаьгIнаш а юьтий, яккхий ойланаш ян дуьйлало…– чот дIасаеттараМахьмас хьашт хилча а, ца хилча а.
– Дера дуьйлало. Ас хIун ойла йира хаьий хьуна оцу буса?Суна хIара вайн миска латта дагадеара. ХIун дийр ду кху мискано термоядерни тIом эккхахь?... –
Маккхал ши бIаьрг стигла а боьгIна дIатийра.
Йоккхачу тоьпан хIоьо хIаваъ цоьсту. Дуьне а къардеш тата. Лайн хин чам. «ЖанарIела! ЖанарIела…»
Жаьмбик, корта схьа а лаьцна, шен гIанта чохь дIахебира.

ДогIучу лайлахь лаьттачу стага а къуьйлушен корта. Вехха дIасатехка иза. ХIаъ, хIумма а ца дира кхо тIаккха а.
– …Хьо йист ма ца хуьлу, ва тхан керла сикиртар.
– Цуьнан йистхила йиш а ма яц, Махьма. И сан нус ма ю.
– Муха?
– Сан шичин кIанта ялийна, ши кIира хьалха.
– Мотт бастийта беза-кх ткъа, Маккхал Даудович.
– ХIара дIа ма-дирззи…
– Хьо хIун деш Iа кху чохь?
– Газеташ доьшуш дIа Iара со-м.
И аз хьенан ду? Кхунна хезна-м дац иза.
– Хьо кху чу маца веана? Мила ву хьо ван? – Махьма мелла а воьхна хьаьвзира.
– Оцу йоккхачу стагана тIаьххье…ХьошалгIа веана ву со…
– ХIа-а, дика ду-кх. ХьошалгIа-м ван веза. Хазанеха санна, кест-кеста а вогIуш. Гергарло леладаре терра бен ма ца хуьлу…
Эццахь, неI йиллина, юха а чоьхьаелира Зезаг, ехьа а ехьаш:
– ХIей, заманал хьалхаваьлларг. ХIара ахча суна ма кIезиг делла ахь?
– Кхин ахь дIадиллина-м дацара кхузахь… – ирах кхоссавелира Махьма.
– Ткъа сан лулахочунна Сулаймина стенна делла аша ялх туьма?
– ТIаьхьадиснарг хьуна оцу старо доуьйтур ду хьуна…Вахь-хьа-хьа!..
– Муха ялх туьма?Оцу ведомость тIехь шийтта туьма ма ду цунна, – оцу дийнахь дуьххьара йистхилира
Заза.
– Ой, йист ца хили иза суна хьалхахь?
– Ахча чохь диси хьуна, Маккхал Даудович.
– ЙоI, шийтта туьма хир а ду хьуна иза… Цо хIун бохурий, ялх шена схьа а делла, ялх шайна дитина бохура.
– Туьйранаш…Оцу буса а яра хьо цхьацца туьйранаш дуьйцуш…И сту а, маIаш а юьйцуш…
– Собардехьа цкъа…
– Ой, соьга луьйш яц иза… Хьовсийша, нус ю бохуш ма ю иза…
– Дика ду. Адамов Iадлан – пхийтта туьма, Масаева Бикату – диъ. Муха? Iадланан цIеношна хилла хIумма а дац, вукхуьнан пенаш раз а девлла лаьтта…

– Йохий ма хьовза хьо, йоI. Оха хьан нанна а кхачийтина хьуна… – чот еттар сихдира Махьмас.
– ХIара-м йогIуш ма ю вай хьехошшехь… Кебийрат, оцу хьан йоIа соьга мотт кхаба декхар дуй?.. – дегабааме, веза а веш, вистхилира Маккхал.
– Ватта, мотт а ца кхобу цо хьоьга? Деллахь, Маккхал, оьгIаз ма гIолахь, жима ма юиза. Ишколехь дешна а ю.
– Мотт кхабар стенна дуьйцу ахь. И лаьтташ волу шен марваша хIаллакван гIерташ-м ю.
– Ватта, иштта ницкъ болуш ю, ткъа, сан йоI… И хIун ду, йоI, хьер-м ца яьлла хьо?..
– ХIинцца кхетта йогIу.
– ДIасаца, дIасаца!.. Ас хьоь хIун аьлла?
– ХIай-хIай, иштта човхае ахь… ХIинца схьайола хIара хьайн ахча дIаэца…
– Нана, ахь оьцур яц хьуна цхьа а кепек. Ас цкъа районе а яхана хIара къасттолц, – чIоггIа элира Зазас.
– Хьажахь цо дуьйцург? ХIара ду-кх аса ша балха яхийтича кхо суна олуш долу баркалла…– мохь хьоькхураМаккхала.
– Со халкъо хаьржина кхуза… – къар ца лора Заза.
– Хьахь-хьа, «халкъо»…ХIокху районехула хьаькимашна корта бетташ лелларг-м со ву…
– Ас лела-м ца аьллера цхьаьнгга а.
– Ахь ца аьллехь а, ша аьллачунна хаьа хьуна иза-м.
– Ватта, и-м ахь маьхза ца динера, Маккхал. Цу тIе, хьоь мич-миччахьа и дийца а ма ца баьхнера аса-м, – девне елира Кебийрат.
Хьалаэккха тоха а велла, юха а шен гIанта охьахиира Жаьмбик. ХIаъ, къадийнера цо иза. Иштта бакъахьара йоI а яра Кебийрат хала а йоллура, аьлла. Къастийна даьллачул тIаьхьа.Юьртсоветехь цхьаъ зуда хилча дика хир ду кхуьнга а аьллера. Ткъа Заза… Иза яркха кху балхана хьакъ. Ткъа хIокхо…
Жаьмбикна хIетахь лергашкахь потт хIоьттира. Цу йоккхачу тоьпан хIоъ иккхира юха а кхунна уллохь, тIом чекхбаьлла шовзткъа шо даьллачул тIаьхьа.
ТIаккха цунна йилбазмох дагабеара. Шерачу арахь шена гина. Цо бIаьрнегIар тухучу юкъана тIепаза дайира цхьа хаза дIадоьттина лаьтта сийначу элан литта.

ХIаваэхь хьийза масех чемхалг бен, хIумма а ца йиснера и хиллачохь.
– И стенна дагадеара теша суна, – шабарш до буьйсанехь лайла хIоьттина лаьттачу гIаларто. Юха меллаша некъаца хьалий-охьий лела долало.
– Бакъ хилла-кх хьуна и, Маккхал Даудович, декъазчунна ден цIера а йогIу бохург, – Махьмас хаддаза шен чот еттара.
– И хьанна еана боху аша ден цIера?.. – воккха стаг велира чоьхьа.
– Марша вогIийла хьо, Докка…Ма дика ду-кх хьо веана. Шайн тайпанан хьалхе йолуш стаг ма ву хьо, – тIекаравелира Маккхал.
– Ву бохуш-м ву со…
– Велахь, и хьайн тайпана йиша дIасацаехьа.
– Ой, Кебиратан йоI яц иза. Дукха лачкъа а лечкъий, шайтIа…
Лайлахь лаьтта дитташ. Шело кхийда орамашка.
ГIорийна дIа ца довлуш дика а дуьсу… Мел шийла хилахь а, ницкъ кхочушайн дахаран йовхо Iалашъян – бIаьста гIашца, зазанца денло. Иштта IаьнтIехь хилир-кха иза а. ХIан-хIа, кхин а шийла яра.
Хьуьнхара схьа шелонах схьавогIучу цунна – куй чIогIа дика куй бара, сирчу холхазан, лекха – коьллаш юккъехула схьа а яийтина, дега тIе топ хIоттийнера. ТIаккха – пханарш юккъе тIехьара тIе а.
– Я куй, я корта, – аьллера цара. (ХIетахь баржа а баьржинера и нах – тоьпан хьокха кара а оьций: «Со обарг ву».)
– Суна куй а, корта а цхьаъ бу. Царах цхьа а шуна хир дац моьттуш а ву-кх со, – иза Доккас ша кхоссавелла кIоргачу Iинах чувоьдуш аьллера. Масийтта даьндарго шок тоьхнера цуьнан коьрта тIехула. Кхо Iин чуьра хьала тIом а бина, шинна чов йинера. Иштта цIа веънера Докка хIетахь, Iин чуьра хьала а ваьлла, гоьллец кхочуш диллинчу лайлахулла.
Ткъа хIинца, Докка, хIинца хьох хIун хилла?..
Мичахь ву хьо, хIетахьлера Докка? Докка, Докка…
ДIаяхана хан къоналла эцна яхана а ца Iийн теша?..
Ца Iийн теша?.. ХIахI?..
– …Иза-м ас дIасацор ю хьуна. Со цхьа шайнаш…
– …Шайнаш а ю…Схьавола, куьг таIаде…
– Ой, суна пхи туьма бен ца яздина аш? Оцу сан лулахочунна-м яздина аш пхийтта. Суна меллаший, цунна чIогIий бегийна хилла-кх и мохк. Шайна дита и ахча а…Эхь а ца хетий?!. ЙоI, хьайга далург делахь кхарна, эхь дац хьуна…

– Деллахь, Докка, хьох воккха стаг ву. И пайдабоцурш дийца воллухьо. Вайша-х вовшийн тезетахь латта везаш ву, – кIедда элира Махьмас.
– Ахь хIун дей? И зурма суна ма лекхалахь кхин. Со
Iехалур вац хьоьга. Хьуна хIинца а дика ца вевза Iадун кIант Докка. Шуна дало Iедал а карор ду суна…Эхь а ца хетий…
– ХIорш-м массо а гал ма ваьлла, Махьма… – цецвелира Маккхал.
– Оцу буса, мохк бегийна ца Iаш, кхеран кортош а дегийна моьтту суна…
Сан Iаж, Маккхала и аьлча, суна юха а мохк бегош санна хийтира. Амма, цхьадика, и суна тарделла хиллера. ТIаккха суна шудагадаьхкира. БIаьста цIен-кIайн заза а даькkхина лаьтташ, тIехь полларчий а, накхармозий а хьийзаш. ХIара лайн чимаш санна, цIена долчу шун заза дагатесча, сан жимма сапаргIатделира.
Аьхкенан довхачу дийнахь шийла хи мелча санна.
Сан Iаж, сан кхор, сан хьайба, ас ло гулдийр душуна гонах. Шун орамаш гIора ца дайта. Иштта…
Стага когашца ло тIе а хьоькхуш, боккха барз бо
Iожана гонаха. ТIаккха кхурана… Иштта волавелла лела иза.
– …Сан тайпа дац моьтту хьуна? Сан тукхам дац моьтту хьуна?! Ахь суна хIоккхул хIума дийр дац хьуна. Я дахь дуьтур а дац. Цу тIе, ахь кIезиг хан а йоккхур ю-кха хьуна оцу кертахь, и кIант цIа веанчул тIаьхьа…
– чуьравуьйлура Маккхал.
– Ватта, и ду хаза!.. И шайга еъча-м, Къуръанор, тоьур дара шуна… Шун хIун дара Арснакъин кIентан
Лом-Iелин йоIана ала…– дуьхьал хIоьттира Кебийрат.
– ХIумма а дац, Кебийрат… Ша и оцу кIантана тIаьхьа а хIоьттина, хьаннаш юккъехула йолаелла лелла ца алахь, маре а яле…И шедаг лоькхуХьаван кIант вуьйцу ас.
– Ахь хIун дийр дай, хIай Маккхал аьлча а, ва гIиргIа? Кхин сан йоIах лаций бага хьала ма гIаттаелахь. Цунна, миччахьа леллехь а, хиъна хьуна, ша хIун лело деза… Цулла а ведда лелачу Дамина айхьа ахчанах йоьхкина хьайн шичин йоI йийца.
– Ма хьахаелаш, ма хьахаелаш, – хьалаиккхира Зезаг. –Шайн гIуллакхшаьш къастаделаш, сан йишин йоI а йитий… Иза-м и эхь ца лалуш иккхирий бердах.

Цуьнан ваша велахьара, хьо иштта лелаш а ма хир вацара хьуна, ва Маккхал…Ва-а, сан Румиса, сан Румиса…
– Иза-м цундела ца иккхинера бердах, шена яха кIорда а дина иккхинера.
– Муха?.. Малх муха кхета хьуна тIехула? Буц муха йолу ахь ког левзинчу?.. Нах, суна хаьашуна, мохк стенна бегабо. ХIара тайпа адамаш кху лаьтта тIехь долу дела…Ткъа ахь стенна хьехайо, Кебийрат, сан йишин йоI кхузахь?Цулла хьуо йийцахьа, хьуо. ЦIийнда тIаме вахана шо а далале, маре яхана йолу хьуо…
– Ватта, и ду хаза!.. Дохко-м ца яьлла яхана. Цундела сайн доьзал а болуш Iаш ю-кх, ешап санна цхьалха а йоцуш. Хьо Iе, хьо. ТIом дIабаьлла шовзткъа шо даьлча а…
– ХIаъ, со ешап ду, со Iовдал ю, со заманал тIаьхьайисна…Амма яц хьуна со хьо санна, я хьо санна а, Маккхал… Хьан эр ду, Iабдуллин йоIа Зезага шен сий дайина, и тешаме ца хилла, цо шен дош ца лардина, аьшпаш боьттина?… Цхьамма а. ХIаъ, со Iовдал ю, цхьалха ю, со ешап ду…
Хьо елха а йоьлхущдIаяхара хIетахь, Зезаг. Уьшкъиза хилира хьоьца. Хьан цкъа а ца йоьрзу чов – дог
Iовжийра цара. Муха лайра ахьа иза? Хьо екха йилхина хир яра хьайн цхьаллех юьззинчу шийлачу хIусамехь.
Юхxе неIарш тIе а оьзна, шогачу паднара йисте а хиъна, дIаса а техкаш. Мел хала хила деза, догъэца стаг а воцуш, гуттар а ша-шена велхар. Хьан яхар а ду, Зезаг, къонахалла.
Тховса, кху Iаьнан шийлачу буса хIун деш ю-техьа хьо? Наб ца кхеташ, гIайгIанечу ойланаша са дууш Iатехьа хьо?Я гIенан кхоьлах хьайна Iаламат кIезиг даьхкина малх кхетта денош дуьхьалтуьйсу хьуна?.. ХIокху масийтта шарахь цхьана а буса уьйтIара чиркх дIа ца бойу ахьа, Зезаг. Цу серлонца хьайн хIусамна хорам бина бода мелла а эккхо гIерта хьо?
Я хьуо хьоьжург буьйсанна керта кхаьчча (хIаъ, хьан тешам ца байна хIинца а), цунна, шен цIа хIинца а шелдалаза ду-кх аьлла, хазахетийта буьту ахь и чиркх?..
– Заза, оцу ахчанах дакъа хьуна а дийр ду аьлла, дийцина ду хьуна тхан.
– Суна-м ца оьшу.

– Муха ца оьшу? Бельгийски пальто, японски магнитофон, фирменни халат, кхин хьайна мел оьшург…
Хьайн алапех уьш эца йолахь, къан а елла юьсур ю хьо.
И шиъ, Маккхаллий, Зазий, ара а даьлла, кхуьнан кора кІел лаьттара.
– …Ахь хІун дуьйцу? Цул тІаьхьа, жимма ахча вовшах а тоьхна, Іаьржа хІорд болчу гІур ду вай. СадаІа.
Мел хаза хуьлу хаьий хьуна цигахь, цхьа эсала тулгІеш а йолуш… Реза яц хьо?.. Ткъа хьайна и дІааьлча мидал уллур ю моьтту хьуна?Мичара. Мелхо а «моттбеттарг» бохуш, кхаьрдар бу-кх. Дикка ойла ел ахь. Хьо хІинца а жима ма ю, селхана-стомара ишкол чекхъяьккхина. Ахь Іамийнчу тептарш тІехь санна хаза ма дац дахар. Ирча ду. Цундела хІора а гІерта-кх и шена хаздан. Со а ву царах. Ткъа хьо санна волчо шен гІуллакх доцург а дуьйций, дерриге а дохадо. Со-м цхьана йоккхачу хозяйствехь коьрта бухгалтер а хилла Іаш хир вара. И цхьа практикант боху маршъоьху хІума дуьхьал а яьлла, хьун хьакха ца вахийтинехьара…
Кхин барт а ца хуьлуш, и шиъ чудеара. Юха а лен велира Маккхал:
– …Ткъа сан тайпа дац моьтту хьуна, сан тукхам дац моьтту хьуна?…
– ДІаяхийтахьа, Маккхал Даудович! Эцца мохе а, малхе а яьлла, цІа йогІур юхьуна, – цІеххьана лен велира Махьма. – Хьенан гІуллакх эцна йоьду иза, хьенан гІуллакх дийца? Цхьа бер дина а, и хьалакхиийна а, вайна юкъараллина цхьа а тайпа пайда база йолчу, хІара дуьне стеран маІаш тІехь лаьтташ ду бохуш хабарш дуьйцучу цхьана мракобесан гІуллакх дадийна йоьду-кх. Цу тІе, ша современни хеташ а ю.
– Ма ца вевза хьуна, Заза, со. Ма ца девза хьуна вайн дайшна юккъехь хилла гергарло. Хьан деда Арсанакъий, сан да Дауддий воккха ши доттагІ ма хилла.
Ший а цІен партизан а волуш. Чахкарахь, «ура!» бохуш, деникинцех лета а летта… Хьан дай, сой вара воккха ши доттагІ, вовшийн багара сискалш а йохуш…
Ой, дІайоьду хьо? Хьайн дех лаьцна дуьйцучуьнга ла а ца дугІушший?
– ДІаяхийтахьа, Маккхал Даудович. ЮьхьІаьржа а хІоьттина, цІа йогІур ю хьуна, – вай цигарчарна догІург а дІа ма делла.
–Цига дІаяха а ца оьшу, со схьавеъна, – ша хьошалгІа веана баьхнарг иштта вистхилча, хІара цецвелира.
Важа шиъ-м Іадийна а хир вара.
Къаьсттина чІогІа Маккхал воьхнера.

– Муха схьавеъна?
– Газете а яздинера шуна арз.
– Газетера ву хьо?.. Сан бехк-м бац хьуна, накъост.
Со хIаллак ма велахь. Сан цIахь зуда а, бераш а ду хьуна. Кегий бераш…ХIокхо ца вуьтуш…
Махьма оьгIазвахна вегавора:
– ХIей, Маккхал вара хьо, я Къиг… Хи тIе а кхачале, мачаш ма яха… Накъост, схьагайтал хьайн документ.
– Дера гойтур ду-кх.
– Ван а ма ву, – иза а аьлла, Маккхал, дог а кIadделла, охьавахара.
– Довели человека![84]
– мохь белира Махьме. – Схьада хи…ХIара лахь, хьан бехк бу хьуна, йоI.
– Дада вуй кху чохь? – Жаьмбикна девзира и беран аз.
Амма иза цхьамма а тергал ца вора. Массо а Маккхална гонаха лаьттара.
– МеттавогIуш ву.
– Ву, ца веъча ца мегаш санна, – бегаш бан гIертара
Махьма. Дукха воьхна, гIантах тасавелла, охьавожжаза а велира иза.
– Махьма, и хIун гIовгIанаш ю, мохк бегош-м бац вайна?..
– Мохк бегор стенна дуьйцу ахь, Маккхал, дуьне духуш ду вайшинна-м..
– Дада вуй кхузахь? – юха а хезира беран аз.
– И кIант хьенан ву, Кебийрат?
– Шун хьаьким волчуЖаьмбикан йоьIан кIант вац иза?
– КIант, хьан дадина а дуьне доьхна моьтту суна.
– Ах…
– Вахь-хьа-хьа!.. Жима велахь а, бегаш бан ца хууш вуй дукха. Хьан дадина ах доьхна Iен а мега, цуьнан мидалш а, бевзаш нах а бу…
ТIаккха дехьа чу велира иза. Цкъа хьалха цхьаьннан а тидам ца хилира кхуьнан. Массо а жимчу кIанта пIелг хьежочу корах дIа арахьоьжуш лаьттара.
ХIара а вахара коре. Малхбузерчу орцахь, ирачу берда буьххьехь лаьтта бIов ах чухаьрцина гира цунна…
ТIаккха кхушимма дира къамел.
– …Маккхална санна, хьуна-м ца деара хIара вайн миска латта оцубуса дага. Иштта кIелхьарадаккхалур дуй-теша иза хила тарлучу

термоядерни бохамах? – хаьттира газетера веанчо.
– Ткъа хIун дича кIелхьарадер ду иза? – элира Жаьмбика.
– Нахшайн ницкъ кхочург дIалуш, машарехьа къуьйсуш бу, ткъа шу мелхо а…
– Ас а лур ду-кх.
– ХIун?
– Сайн дахар а…
Важа гIадваххана велавелира. ХIара оьгIазвахара: хих волушвиранцIога а лацаза волчуцуьнан хIун бакъо ю кхунах, Жаьмбиках, вела?Цунна хIун хаьа, дуьне хIун ю а.
Амма хIара хIумма а ала ца кхиира, елха а йоьлхуш чуиккхинчу Зезага:
– ВаллахI, Жаьмбик, суна ца лаьара хьуна и бохам бан. Елла елара со и ахча хьахочул… КIант,
Iаддадитахьа и гIуллакх. Суо бахьанехь стаггана а бохам бан ца лаьара суна. Тхан МаIин некъех цхьа а ца хилла моттбетташ. Сайн веллачу дена дуьхьал муха хIуттур ю со?..
Зезаг те а йина, дIахьажо кхиале, чоьхьа а ваьлла,
Доккас мохь туьйхира:
– ХIинца хуур ду-кха, цIен погонаш йолчуьнца аш муха дуьйцу. Iадун кIант Докка-м, хьаха, вац шеца бегаш бойтур болуш. Мича ваха хьо, хIей?
– ХIинцца, мачаш цIанъеш ву, – мохь беара арара чу.
– Ахьа а изза динехь бакъахьа а ма дара, – элира редакцера веанчо.
– Сан мачаш боьха елахь а, куьйгаш а, гIуллакхаш а цIена ду, шуьнчех тера а доцуш.
Доккас шеца валийнарг, тIехь милицин хорма а йолуш, бакъахьара жима стаг вара. Лекхачу дегIахь а, хьаьрса а волуш.
– ХIара, хьаха, ву тхан йишин кIант. Я цхьаьнгга а шеца бегаш бойтур болуш а ма вац. Iедало сий а деш, тIеюха хорма а, хаьн тIе олла тапча а елла… Вашин
Бож ю-кх. Жима волуш дуьйна а хаьара суна, кхунах цхьа Бож хир юй…
– Балхахь мичахь ву хьо?
– ГIалийтIахь, участкови. Амма миччахь велахь а, сайн ницкъ а кхочуш, харцо чекхйолуьйтур йолуш-м вац. Суна бен а дац – гIалахь а, юьртахь а – миччахь а.

– Ткъа хIинца хIун харцо нисъян веана хьо?
– Шуна ца хаьа? – чукхоссавелира Докка. – Сан гIишлош йохорна дала деза ахча ца делла-кх.
– Комиссис хьан цIеношна кхин дина хIумма а дац ма элира…
– Муха ца дина? Пенаш херадевллий, бух иккхиний, шипар кагъеллий?.. Божал охьахаьрциний?
Редакцера веанарг (Сайдулла ю элира цо шен цIе),
Доккин фамили дIаязъян воллура, Зезаг IадIийнехь…
– Собардел цкъа, – элира цо. – Докка, и божал мохк бегийча доьхна ду боху ахь? Мохк бегийна кхо де даьлча ма ду суна хьо шайн божал дохош вайча. Керланиг дан воллу хьуна иза, бохуш…
– Деллахь, ма хьашт доцург дуьйцу ахь. Деллахь ма хьайна тIехь доцург дуьйцу ахь. Эхь ца хетий, адамйилбаз!.. – чугIоьртира Докка.
– Бакъдерг дуьйцу дела хир ду со адам-йилбаз, ткъа харцдерг дуьйцуш волу хьо?..
– Моттбетта…Кхин хIун хир яра хьох. ШайтIанан сардам а бахана, тIаьхье ца кхуьучу МаIин тайпанах яцара хьо?..
Уьш дIабахча, вехха Iийра и шиъ вист ца хуьлуш.
ХIара, ши куьг тIехьа а диллина, чухула волавелла лелара. Важа хиъна Iара, корах ара бIаьрг а бетташ. Эххар а Сайдулла вистхилира.
– Ахь элира, Жаьмбик, дахар а дIалур ду. Кхузахь и дан а ца дезара, я атталла чов хилийта а. ХIетте а…
Ткъа нагахь боккъал цхьа киртиг тIехIоьттича, сий я дахар къасто дезаш…
ХIара юха а оьгIазвахара цунна. Амма кхо лачкъийра иза.
– Оцукиртигех чекхвийлла-кх со хьан хенахь. Наха дийцарехь, вон и ца вуьйлуш…ХIан, хIара дешахьа.
Жаьмбик шина даггахь хилира и кехат цуьнга дIаделлачул тIаьхьа. Иза дуьхьал а лаьцна, кху гIуллакхах кIелхьаравала гIертарг хир ву-кх. Я вац?
Важа кехат доьшуш вара:
– «…Сан кIант, со вехаш ву! ХIун хир ду тIам тIехь волчу стагана цул доккха. Со дийна висаран «бехк»
Жаьмбикан бу. Нагахь со тIамера цIа ца верзахь, хаалахь, айхьа иза, хьайн да санна, лара везийла».
…Лайн хин чам. ХIаваъ цоьстуш, йогIу гIовгIа.
«ЖанарIела! ЖанарIела…»

– ЦIа верза доьгIна ца хиллера ЖанарIелин мисканна. ТIом чекхбала кхо де дисча, вийра иза…
Шен бIаьргех йовлакх а хьоккхуш, дIахьаьжначуцунна Сайдулла а гира велха а кхохкийна лаьтташ.
– Сан да а вайна тIамехь, – элира цо.
Эццахь веана чуиккхинчуМахьмас гIовгIанах юьзира чоь.
–Шуьша хIун деш ву?Жаьмбик, хьо воьлхуш-м вац?
Велха хьо, Жаьмбик. Велха а мегар ду хьуна, тийжа а, гор хIотта а, дехарш дан а мегар ду хьуна, цушийлачу махка садаIа ца воьдуш. Накъост хьаьким, къа ца хета хьуна цунах, воккхачу стагах?Фронтовик а волчу. ХIара велхий ахьа. Вукхуьнан дог а гIелдалийти…Ой, хьо а ма ву бIаьргаш чу хиш а хIиттина! Даьдиса, Жаьмбик, хьан молханан. Ахьа-м милла а велхориг хилла. Я хьо сел дог-кIеда хилла-те, накъост журналист? И дика амал ю хьуна. Дог кIеда нах кIезиг ма бу вайн заманахь, къаьсттина шу санна болчу хьаькимашна юккъехь. Адамаллин дефицитю-кха. Амма гуманист-м хила веза хьуна. Гуманист – иза курра дека.
– Тхойша цхьан витахьа, Махьма, хьуо дийцина ваьллехь.
– Дера вуьтур ву-кх хIинцца-м. Ткъа хьо, накъост журналист, айхьа статья я фельетон язъеш, виц ма лолахь: со бухгалтер бен вац хьуна, хIокху сайн хьаькимо бохург дичахьана волуш.
Сан кхор, цо иза аьлча а со цец ца велира. Суна къахийтира цуьнан дех. Иштта тIаьхье хьакъ яцара цунна. ДIо лахенца цхьана синкъераме ваханчохь, накъостий бевдда кIелхьара а бевлла, вада ка ца йолуш висна хиллера иза. Дов кхуьнан бехкенна даьлла а ца хиллера. Кхеран цхьана накъосто хьашт доцург а дийцина…
Чучча хахкабелла, шаьлтанашйиттина хиллера цара вовшашна. Бухарчарах цхьанна лен чов йича, хIорш бевддера. Ткъа цуМахьмин да, Атаби, вукхарна каравахнера.
– Кху тхан веллачунна шаьлта тоьхнарг хьо-м вац?
– хаьттинера цара, хIара верина охьавилла кеч а белла.
– Суна ца хаьа. Сан шаьлта хила а тарло…Тхо дукха сиха хьийзаш дара…
Бакъдерг аьллера, аьшпаш ца ботта.
Ткъа вукхара иза, хIинца воьй, тIаккха воьй бохуш, кIиранах лела а вина, эххар а лоруш болчу наха чIир эцахь а, иштта эца ца еза аьлла,

цIа ваийтинера. ХIетахь цара «ХIинций-хIинций» бохуш са ийдина, коьртаца мелла а телхина а бохура иза.
Иштта хала киртиг тIехIоьттича а, ца дийцинера
Атабис харцдерг…
Ткъа цуьнан кIанта Махьмас, бIаьрга тIе бIаьрг а хIоттийна…
Бехк-м сан а бара, кхор. Оцу комиссин пирсдатал
Маккхал хIоттавахьара аьлла, Махьма сайна тIевеъча, ас дира цо бохург. Суо шек воллушехь царах. ТIаккха теша а тешна IаддаIийра.
Иза а ма бу бехк. Сан бакъо ма яцара, сайн даге ла ца догIа. Царах теша а тешна,
IаддаIе. Цундела, сан кхор, со вист а ца хилира цуьнга. Тадала хIумма а дацара, хилларг хилла даьллера.
Ши куьг пхьуьйшашна чучча а дохкий, кхурах букъ а тухий дIахIуттуЖаьмбик.
Махьма араваьлча а Iийра и шиъ вист а ца хуьлуш вехха. Кхуьнан дийца хIумма а дацара. ХIан-хIа, ца гIертара бехказвийла, Iадда хиъна Iара. ХIинца важа вара волавелла лелаш.
– Жаьмбик, хIинца хьоьгара даьлларг стенах тера дуй? – чIоггIа декара Сайдуллин дешнаш. Цец а ваьлла, хьоьжура хIара цуьнга. Тамашийна хIума ду-кх стаг, масех минот а ялале, иштта хийцавалар.
– …Уггаре а лекхачу лаьмнийн баххьаш тIе а вуьйлуш лелачу альпинистан цхьана жимчу, масийтта метр болчу гу тIехь корта хьовзарх тера ду-кх. Ткъа нийса хир дарий вай, оцу альпиниста яьхна лакхенаш тидаме а ца оьцуш, цуьнан корта хьовзар нахала даькххича? Дацара. Иштта хьал ду кхузахь а. Хьо реза велахь, вай и гIуллакх Iаддадуьтур ду. Амма иза, хьуна ма-хаъара, сох цхьаннах доьзна Iаш дац. Цундела… Хьуна хаьа-кх иштта йолчуметтигашкахь наха хIун леладо.
– Жима къонах, хьо а Iемина хIинцале а…
– Ас хьоь хIумма а ца боху. Дера ца боху…Со бегаш беш ма вара. Ахь хIун до хьожуш…Ас сайн фельетон язйийр ю, аьлча а, ас цунах йоккха статья йийр ю морально-нравственни темина лерина. «Сийн мах» аьлла цIе а туьллуш…Ахь айхьа хьайн сийн хIоттийна мах…
Iодика йойла.
– Iодика йойла, Iодика йойла…
ТIаккха иза ара а ваьлла, цIийна тIехьа йолчу бешахула лийлира сохьтехь гергга. Малх чубуза лахбеллера.

Наггахь мохо, схьадоккхий, коьрта тӀе мажделла гӀа а кхуссура.
Ванах, Зазех а хир ду теша оцукӀантах хилларг, масех шо даьлча?..
Цуьнан хӀинцалерчу кӀайллех цхьа дагалацам бен хӀумма а дуьсур дац теша? Цо а бохур ду техьа: «Іовдал хиллера со хӀетахь, наха дийрриг а деш, Іад ца Іийна?…» Массара а изза дича, кӀайлла юьсур а ма яц дуьненчохь…
Къа дара оцу сийначу элан литтан, йилбазмохо тӀепаза дайинчу…
Шен кӀайлла хуьйцур ю теша цо атта. Атта махьарлахь ду. Цигахь йовха а ю, тамехь а ду. Кхин мичахь дара иштта? Аьттан ге чохь…
БӀов… Хьо стенна хаьрци теша чу? Иштта чӀогӀа къанъеллера хьо?
Хьо-х ехха латта дезаш яра.
Чувоьдуш, Заза гира цунна шен стоьла хьалха а хиъна Іаш, елхарна ши бӀаьрг а цӀийбелла.
ХӀара бешахула волавелла лелаш, цуьнан майра веара кху чу. Цо аьлча, юхаели техьа хӀара шена хетачунна тӀера?
Иза, Зазе вист а ца хуьлуш, шен кабинет чу вахара.
Кестта Кебийратан аз а хезира цунна дехьачуьра схьа :
– ЙоІ, и хӀун ду суна хезнарг? Шуьша ийгІина ма боху. Ой, хӀун ду ахьа дуьйцург? Цара юьтур ма ю хьо!
ТІаккха лелар ю хьо. Хьайн бат дІа а сацаяй, ІаддаІе.
Хьуна дикачохь белхан меттиг, аттачохь марелла а нисдан гІерташ, хьаьддий-еддий, са бага а кхаьчна, со лела. Ткъа хьо? Со ІаддаІийнехь, хьаха, яра хьо оцу,
Хьаван лаппагІи чохь йоллуш, деш-дуьтуш хІума а доцуш, шедаг а лоьkхуш волавелла лелачуцуьнан кІанте а яхана. Ойла ехьа: хІара юьртан шовданаш тодойтуш лела, шен раздаьлла ков а ца гуш.
ЧІогІа хадийра ахь айхьа! Хьайга хадададайтича, хадийра-кх. ИгІуллакх аьлча а, дакъазъялар. Цо хьох лаьцна дийцина бохург асий, Бесланан нанассий тхайггара кхоьллина ма дара. Стенна тов! Хьо дакъаза ца ялийта. Хьой, Бесланний вовшахтоха. Хьо оьгІазъяхана? Кхин со сайн гІуллакх дадийна лелаш ю-м ца моьттухьуна? Кхин ца оьшу боху ахь? Дика ду,
ІаддаІийр ю со-м. Хьо дохко-м ер ю. Дера ю. Дукха сиха а йолуш.
ТІаккха цхьа еса тийналла хІоьттира чохь. Заза меттахъхьовш а яцара.Жаьмбикан гІеххьа сапаргІатделира: цхьадика, ца къаръели цаьрга и йоІ.

Кхунна хаьара, цхьаъ дан дезийла. Дог оьцуш дош аьлла а, Зазин гIо лаца дезийла. Озийна пха санна йолу хIара тийналла цхьанхьахула эккхале. Хьем бахь, тIаьхьа хир ду.
Эххар а дехьа чу а ваьлла:
– Заза, ас Зезагах лаций дийций хьуна? – элира цо.
Цо дийцира цунна Зезагах лаьцна:
– Зезаг чIогIа хаза йоI яра. Вайн варшахойн ярташкахь цIе яххана. Дуккха а кIентий бара цуьнга безам болуш. Иза Наже яхара. Шен гергара нах дикка реза а боццушехь. Нажа чIогIа бегаш болуш, дика дин хьовзо а хууш, тайна кIант вара.
Зезаг ялийна масех бутт балале, Нажига а, цуьнан хенарчаьрга а (царах со а вара) тIаме кхайкхира. Иштта юкъа-кара мархаш а йолуш, гуьйренан хаза де дара иза. ГIарагIулеш яра дIайоьлхуш. Нажас аьлла хиллера оцудийнахь Зезаге: «Иштта кхоьлинчу гуьйренан дийнахь, дIайоьлхуш гIарагIулеш а йолуш, со цIа вогIур ву хьуна»…
ХIетахь дуьйна ткъе ткъаяссана гуьйре ларийна Зезага, гуттар а вайн юьрта чу богIу некъ а тергалбеш.
Юха а тийналла хIоьттира. Амма иза озийна пха бацара. И тийналла синхьааме яра. Ехха яхъелира иза.
– Дуккхачу нахах суна хетарш хирци-кх тахана…
– Ах бIов а чухаьрци…БIов…Ицхьа ша-тайпа бIов ма яра, Заза. Иза мацах-мацах цхьана Турпала генахь, хийрачу махкахь хIаллакьхиллачушен доттагIчун безамна йоьттина хилла. «Хьо лаьттийла иштта, нахана юккъера безам, оьздангалла дIаяллалц. Ткъа уьш хIара дуьне доххалц дIадевр а дац...»
– ХIинца ах бIов чухаьрцина...
– Мохк бегийча, икхина хир яра иза...
– Цхьанна а дага а ца деа цига ваха.
– Цхьаннан а бала ца кхечи...
– ХIун хилла хаьий шуна?.. Хьаван кIант велла, оцу чухаьрцинчу бIов бухахь а висина... – неI бух а йоккхуш, чулилхинчу оцу дешнаша, чиркх санна, «хIуп» аьлла, дIабайира малх.
Сийна бошмаш, къона бошмаш... Латта датIа а даьттIа, къайлаевли уьш. Стиглара кIайн мархаш, лаьттах а етталуш, юху. Уьш хаттех дIаоь.
Малх, малх... Бац иза, уьшалахь къайлабаьлла.
Баланийн Iаьржа кIур баьржа дуьненчухула.

– Орцахдовлийша, хIай, орцахдовлийша, хIай, орцахдовла...
«Дуьне дохар хиллийца-а...»
ГIийлачу узамах дузий, тIехъоьху дуьне. Узамо тIулгаш а делхадо.
Ткъа адамех тIулгаш до цо.
Поп, поп, поп... Тахана юха а уьду хьуна хьалхарчу майдана адамаш.
БIешарал а сов дахарехь болчу ахьа муха лайна и тайпа бохамаш? Поп, поп... Дала орца доцу бохам бу хьуна хала. Вай хIун дийр ду, поп? Вай хIун дийр ду?..
– ...Ма кIант вара иза.
– ...ЧIогIа гIиллакх долуш вара.
– ...Суна йол цIа еара.
– ...Цо ишколехь дика доьшура.
– ...Иза вонехь а, диканехь а карош вара.
– ...Иза ненан цхьаъ бен вацара...
– ...Иза ерриге а юьртан кIант вара...
– ...Нанас хIун дийр ду теша?
– ...Цо бIаьста суна зезагаш лора.
– ...Цо суна дечиг доккхура кест-кеста.
– ...Цунна нийсо езара.
– ...БIаьсте а, эшарш а...
– ...Нанас хIун дийр...
– ...Хелха ма волура.
– ...И дуьненан а меха вара...
– ...«Дуьне духур ду аьлча...»
– ...ХIаъ, и илли дара цунна уггаре а дукхадезарг.
– …Цунна лаьара массо а бIов лаьттийла.
– …И хIун деш хилла бIов юххехь?
– …Цунна даьллa дотIуна бетонаца дIадукъа гIерташ.
– …Иза дукха цIена вара кху дуьненна.
– Нана йогIу.
– …Сан кIа-а-нт… Нах, ас хIун дийр ду?.. Ас хIун дийр ду, нах?..
ДогIанан кIур а хилла, аьрцнаш тIехула хьийза ненан тийжам. Марха а хуьлий, лаьтта боьлху иза. Баьццара хьаннаш леста цуьнан мукъамехь. Iаннашкахь
Iовраш йоьлху.
ГIарагIулийн аьзнаш а хуьлий, дуьне мел ду баьржа ненан тийжам.
Нана, нана…

Цхьаъ бен вацара со сайн ненан – Хьаван. Ткъа да суна дага а ца вогIура. Нанас суна жима волуш туьйранаш дуьйцура, Жоьра-бабин жимчу кIантах лаьцна.
Суна нанаЖоьра-баба хетара, суо – цуьнан жима кIант.
Суна лаьара, цо санна, дика хIуманаш дан.
Суна бIаьстенан маьркIажеш дуккхаезара. Со бер долчу хенахь эвлан йистехь ловзуш Iара, маьркIаже буьйсане ерззалц. ТIаккха суна хазахетара, сайга кхойкхучуненан мохь хезча. Иза кхузза кхайкккхалц IаддаIара
– хIун хаьа, шайтIа хуьлий а. И дан а ненас Iамийнера со. Эххар дуьхьал вистхуьлура. Юха со цIа вогIура.
УьйтIарчу кхалу[85] бухахь цIе а латайой, Iаш хуьлура нана. Цунна юххе охьахуура со, кхерчарчуцIаре а хьоьжуш. Нанас хIетахь тоьпаш олу межаргаш а доттура,
Жоьра-бабин жимчу кIантах туьйранаш а дуьйцура.
Охашимма межаргаш дуура, тIе етташура а муьйлуш.
ТIаккха воккха а хилла, хийисте хIитта волавелча а езара суна бIаьстенан маьркIажеш. Цуьнца, Iаьржа бIаьргаш долчу йоIаца, къамелаш дуьйцуш а лаьттий шовданехь, со эвлан йисте волура. Дийнан серло йойуш богIучу боданца цхьаьна дIасадаьржара сан пондаран аьзнаш. Уьш маьI-маьIIехь хезара.
ТIаккха, цIа а вогIий, тхайн цIийза тиша дечиган ков дIа а доьллий, цуьнан гурах дIа а тевжий, лаьттара со, пеша хьалха межаргаш доттуш йоллунана тергал а еш, уллохь, дохнакертахь, Iохкучу бежнаша нахарш дохуш а хезаш.
Сан ойла хуьлура, и дерриге а тергалдеш: «Ванах, кхин цхьа а хIума ца оьшура-кх дуьненахь хIара бIаьстенан маьркIажеш, и пешан серло, оцу къежлучу зудчун сибат, бежнаша доху нахарш а, тIуьнчу лаьттан хьожа а хилчахьана. И дерриге а иштта лаьттича, лахь а, ирс лан а ца делла лийр вара…»
Нана, нана… Хьо хIинца а Iа маьркIажехь кхалу бухарчу пеша хьалха а хуий. Ахь Iеночу бIаьрхиша масийттаза дIайойу хьан цIе. Кхин межарг барх гIуллакх а ца хуьлий, хьо хIума а яаза дIаюьжу. ХIан-хIа, меца-м ца юьжу. – Юьзна. ГIайгIа юу ахь хьуо юззалц, тIе бIаьрхиш а моьлуш.
Нана, нана… Хьо суна реза яц. ХIан-хIа, сан йиш яцара цига ца ваха. Жоьра-бабин кIанта а дийр дара иза. Ларъян ма еза вайн лаьттан

Лакхенаш. И ца дахь, дуьне цхьа а Лакхе а йоцуш, еккъачу цхьана шералле доьрзур ду. Я бIаьвнаш а, я лаьмнаш а доцуш.
Нана, нана…Дуьне Лакхенех ма лаьтта. Суна а лаьара, нана, Лакхе а хилла, дIахIотта. Со тешара сайх
Лакхе хирг хиларх, адамех хIора а ма ву и дан ницкъ болуш.
Нана, нана…Массара а диццдича иза – шаьш лакхенаш хилар, шаьш лаьмнаш хилар, – хIун хир ду дуьненах?Массо а бIаьвнаш херцар ю, массо а лаьмнаш текхар ду. Царна гIортораш ма оьшу.
Тахана адамаша ечу ойланех ах гергга дуьне дохаран кхерамах ю. И стенна ду, нана, стенна ду?..
Нана, со дагахь вара дуккха а дика дан. Амма ца кхии. Маржа, маржа…Юха а цумаьркIажехь латта…
БIаьста буц йолуш ган…Суьйранна цаьпцалгийн екар саццалц, ойланаш а еш, Iен…Маржа, маржа…
Адамаш, адамаш, адамаш…Вай серлонан бераш ма ду. Вовшашна бода ца луш, серло яла хьакъ долуш.
Оцу дийнахь байна синтем кхин буха а ца бирзи.
Буьйсанна наб а ца кхета. Кхетча а самаволу, гIенах и кIант я ЖанарIела а гой.
Юккъехула ятIа а яьттIа чуйогIучубIаьвнна буха белшаш а гIортийна воллуш хуьлу и кIант, шен гIоригIоддах тасалой. Когаш тIулгех чу а ихна.
ЖанарIела гуттар а кхойкху, ша тIеман арахь ма витахьара бохуш. Наггахь набарха воккхулергаш а къардеш иккхинчу йоккхачу тоьпан хIоьан татано. ТIаккха и тата маьхьаре доьрзу. Дикка ладугIу цо цуьнга. Иза Турпалан аз ду, бIешерийн кIоргенашкара схьадогIуш: «Хьо гуттар а лаьттийла»…
ТIаккха хIара араволу, шена тIе хIума а юхий. Бешахула волавелла лелаш, дитташца къамелаш а деш, мелла а синхьаам хуьлу.
Сатаса гергадахна. Ло дIа а сецна, мархаш дIаса а яхана, екхна…ЦIевзина шело хIоьттина арахь.
Жаьмбика шен кетаран кач хьалакарчабо. Когаш кIелахь лайне «къаз-къаз» а дойтуш, волалой, божал хьалха воьду иза. Цуьнан неIарца хьалалаьтташ йолу гIаж схьа а оьций, кех араволу. Малхбузехьа дIаволало иза. Цкъа хьалха некъан тача охьанехьа доьду, тIаккха, Iин чу а дуссий, дехьарчу орцах ирх доьрзу.
Жаьмбик сих-сиха соцу, кIоргга синош а дохуш.

Некъ хьала мел бели хала ду ваха. ТIулгаш тIе ша бина.
Жимма ког галбалахь, хахкавелла бердах гIур ву.
Иза бердах охьа ца хьожу. Хьалха хьоьжу. Ах некъ бина ваьллачул тIаьхьа, бIаьллинган куллах дIа а тевжий, садаIа хIуттуиза. Дикка серлаяьлла малхбале.Шен цIийне хьоьжу иза вехха. И зуда хьалагIаьттина – туьнкалгах ара буькъа сийна кIур буьйлу.
Лаьтта-а-ш, цуьнан ойла кхуьу, оцу дийнахь шена йилбазмохо тIепаза дайина сийначу элан литта дага стенна деара. И литта санна, лар йоцуш хIаллакьхилла-кх кхуьнца тIамера цIа еана и нуьре гIала. ХIан-хIа, мел чIогIа хьежарх а гац иза, я хилла меттиг а бац…
Жаьмбик юха а хьалаволало. Нисбеш, леррина буьллу цо хIора а ког – галвала йиш яц. ХIинца дукха гена яц иза – ах хаьрцина бIов. Тахана хьожур ву хIара цунна билггал хIун хилла. ТIаккха бIаьста, лайн хиш дIа а девлла, якъаелча вухавогIур ву, шеца кхин накъостий а балош.
Цхьаболчара тIулг тIебохьур бу, вукхара бетон йийр ю, кхоалгIачара – и схьакховдор, ткъа кхуо,
Жаьмбика, бIов юттур ю.
Кхунна хаьа цунах хьалхалерниг цкъа а хир йоций.
ХIетте а…Стагана анайист ма оьшу.
Цундела воьдуиза, и юьхь-бIаьргаш а йистина, къена хеталун стаг, масех ког мосазза боккху садаккха сеца а соьцуш, шераший, гIайгIанаший даздина шен дегI а такхийна, тIехь ша бинчу тIулгашюккъехула ирх берда буьххье, ах хаьрцина бIов йолчу.

# ЗИНГАТИЙН БАРЗ А МА БОХАБЕЛАХЬ

### Зингатийн барз а ма бохабелахь[86]

### 1

Суна тамашийна хета, гуттар а малх а болуш, екъа меттиг ю аьлча. Ян-м ю, суна сайна а гина иза. Кхузахь хIара догIанаш дуьйладелча, теша а ца теша, иштта мохк хир бу бохучух. Дош дацара цу малхехь вижина ца Iиллича, кху дегIехь йолу тIуналла дIаяллалц!

Хьалха и цIе дегIаца яра, цундела хаалуш ца хилла.

Хьо иштта, дIа а товжий, Iиэ хьо, Асхьаб. ЛадогIа ахь дадас хьайна дуьйцудолчуьнга. Хилларг хиъча дика ма ду. ХIинца шун хенахь-м хир дац иштаниг. ХIетте а хаарх новкъа дац-кха. ХIинца и зуда чуйогIур а яц маьркIажа бода къовлабаллалц, бежнаш а Iалашдина, котамийн буьн неI дIа а къевлина, дечиг а дохьуш. Ахь наб кхетийтахь, цо хьо меттах а воккхур ву, ас вижна вац боххушехь: «Мегарма дац маьркIажехь вижийта…»

Ахь соьга хьаьттира, Асхьаб, лулахой ма бац вайн, аьлла. Сан вара хьуна дика лулахо. ДIавелир-кха.

ДогцIена стаг вара иза, нахана дика болх хилахьара аьлла хеташ. Цо хIаллак а ма вира хьуна иза. Нах тайп-тайпана бу-кх, бу-те.

Иштта хIара санна маьркIаже яра иза а. Со мукх оруш вара. Хьалха иза, хIинца санна, ма ца орура.

Хьалха мукх хьакха а хьоккхий, цIевнаш а дой, цIа бохьура. ТIаккха царна тIе стерчий а, говраш а хьийзош, орура. Вайн стерчий дара, Асхьаб. КетIахь боьгIна бIогIам бара, уьш цунах дIа а доьхкий, лохкура. Иштта гонаш а дохуш, цара хьуьйра цIевнаш. Цунах олур-кха мукх арар.

Цу сарахь ЗухIайра вайн керта йисте а хIоьттина лаьттара, наггахь соьца къамеле а волуш. Бажа цIа богIу тергал а беш.

– Ассалам Iалайкум, суьйре дика йойла хьан,

ЗухIайра, – и аз ма-хеззи, лоллу ши сту а битина, керта улло вахара со. И аз кху эвларчу стеган дацара. Суна озаца кху юьртара массо а стаг вевзара. ДIо еттина кибарчигаш ешшиъ пеш хилла волу Iумха луьйш, хара екаш санна хетара, цуьнан лулахочо Коврас чIогIа лерина дуьйцура хабар, дешнаш дIаса а ийзош… БIагас иттех дош аьлча,

хьалхара шиъ бен кхетар а дацара, вуьйш мера чохь дуьсура цуьнан. Исс зуда ялийр-кха цо. Гуттар а кхо зуда хуьлура цуьнан лелош. БІага, берзан цІога ду-кх хьан, ца хилча иштта зударий муха кхуьйлур…
Цо: «Зударшна оьшург дерриге а…»–мера чохь гІамгІим динера. Церга тІера балда а деддера дукха, цуьнан шен боху ас. Ткъа гонаха берш, кхеттачул тІаьхьа, бехха бийлинера. ШолгІачу дийнахь кху юьртахь мел верг вара цунах воьлуш…ХІинца вац-кха, цхьа а вац.
Я БІага а, я Іумха а, я Ковра а… Со цхьаъ висна-кх, уьш Іийна меттигаш а гуш, цара лелийнарг дага а лоьцуш, кхузахула волавелла лела…
Бетарсолтас элир-кха…ХІаъ, иза вуьйцу ас. Шина шарахь Шуьйтахь пинотделехь болх бинарг вац?Юха дукха къаьркъа мийлина, куьйгаш иэгон а долийна, ручка кара а ца лацалуш, дІаваьккхинарг вац? И цІа веана-м иттех шо а ду. Колхозехь учетчик ву. Ас а бина и болх-м, хІетахь вайн эвлахь ТОЗ йиллича, цу ТОЗехь. Я хІара санна кура а вацара. ХІокхо хІинца а галсток охьа а ца юьллу, тІома кІел кехаташ а лоций…
ХІаъ, цо элир-кха, – ас шега бІаьрга тІе бІаьрг а хІоттийна, шен да дІаваларан хьокъехь кадам бича, мет-меттара дош олуш, цуьнан дог эца дагахь, – дера элира, диаклет[87] ю-кх, аьлла. Цкъа а, шозза а цо и аьлча: и хІун ю ян мукъна а? Воккхаверг дІаволу, жимаверг тІекхуьу… Иштта-м дара иза, воккхаверг дІа а ца волуш хила мегар яцара техьа и диаклет…Ма хир дара тІаккха…Бетарсолтас ечух тера а дац иштта ойланаш.
Диаклет ю аьлчхьана сапаргІатдолу. Шена тІекхаьчча, хуур ду-кх и хІун диаклет ю…
Юха дІадуьйцуш ма вара со, Асхьаб, ладогІа ахь.
ХІинца хІара алу та а ялийтина, ас вайшинна хьаьжкІа йоттур ю. Ас хьуна бохь лур бу, хьо хаза хилийта…
ХІан-хІа, лур бац. Хазалла стенна оьшукъонахчунна…
Ас бух лур бу хьуна, майра хилийта.
Оцу маьркІажехь ЗухІайре салам а делла тІехІоьттинарг кху эвлара вацара. Со сайн болх а битина, дІа керта юххе гІоьртира. Суна, тІе ма-хьаьжжи, ца везавелира и стаг а, я цунна тІехьа лаьтта цуьнан ши кІант а. Цуьнан бІаьргаш а ца дезаделира, цхьа ира, ца Іеба бІаьргаш дара цуьнан. И тайпа бІаьргаш долу стаг има доцуш ма хуьлу; ша хІуъу

лелийча а, цуьнан ойла а ца еш, хьерадаьлла жIаьла санна дуьненчухула хьаьдда лела.
ХIун дийр ду цу тайпанчу жIаьлина? Дан хIума а дац, ший а йолуьйтуш, шалго топ ца тохахь. Ткъа и топ тоха а ма ца лаьа нахана, жIаьла а дийна, стаг вийнарг ца хила. Цундела хьаьдда лела иза шех террачунна, я цхьана декъазчунна тIеIоттаваллалц…
– Ва Iалайкум салам, – схьаийцира ЗухIайрас салам. – Марша-могаш хуьлда. Шу лаа лелий?
– Лаа ма лела тхо-м. Де доьхначу дийнахь арадевлла лела-кх. ЧIир хьаьрчина сох, ца хууш сан карах стаг а велла… ХIокху шиннан нана а кхелхи, и цхьа сиха цамгар а кхетта…Иштта тхаьш тIеоьцур долуюрт лоьхуш арадевлла-кх…
– Бохам бу-кх, боккха бохам. Дала гечдойла кхелхинчарна а… Мича эвлара ду шу?
– ХIуьнчIаьнчIуьлгара.
Суна юьйцу а ца хезнера и тайпа юрт.
– Тайпана?
– Оццу хIуьнчIаьнчIуьлгахойн тайпана.
Хетарехь, и тайпа, вайн нохчийн тайпанаш тIехь долчу тептар тIе дIаяздар стенна дуьйцу, цунна улло дахна хиллехь а тамаш бара… ХIинца а ойла йо ас кест-кеста оцу хIуманан, иштта юрт а, я тайпа а хила а хиллий техьа, бохуш. Суна дуьйцу-м ца хезна адамашна юкъахь. Ша шайтIанашна юкъахь ца хиллехь. Хетарехь, и стаг а шайтIанех хилла хир вара, я адам-йилбазех.
– ЦIе хIун ю хьан?
– Жахарбек.
ЛадогIал ахь цу цIаре. Адаман хир юй и цIе? И цIе ма-хеззи, хаа дезара ЗухIайрина и хIун стаг ву. ТIе махьаьжжи, стеган дагахь дерг а хууш ма вара иза, цомгашчун хIун лозу а, йочана маца хир ю а…
Юьртана а дукхавезаш стаг ма вара, Асхьаб,
ЗухIайра. Дера вара цомгашчунна лор, лечунна – молла а, оьшучунна – накъост а, дан хьехар а долуш. Цо аьллачу даша тIера вер волуш цхьа а ма вацара хьуна кху юьртахь.
Жимъелла йогIучу (кест-кеста ун а даьржара цу шерашкахь кхузахь, сингаттамо а, къелло а бIарзбой вовшах а, нахах а леташ хIаллак а хуьлура адамаш) хIокху юьртан да хилла лаьттара иза. Наха цуьнан урд а, бежнаш а леладора. Ша санна, оьзда зуда а яра цуьнан, цкъа а

къа доьхуш я вон дош олуш нахана а, хьайбанна а хезна яцара иза. ХIинцца дагалоцу хьуна ас цуьнан цIе. ХIаъ, Баху яр-кха. Цушиннан цхьа доьзалхо а вара, кхиъна вогIуш кIант – Керим…
Собарде, собарде…Цкъа хIара овкъарш дIаяхийта.
ХIан, хIара бу хьуна бух. Яа ахь, яьгна хилча а хIумма а дац хьуна, майра хир ву хьо.
Дера, Асхьаб, бакъ ма ду хьуна, хила доьгIначунна бIаьрг артло бохург. Оццул хIума хууш волчу
ЗухIайрина ца вевзинера и Жахарбек, суначул башха.
Суьйранна вахара со ЗухIайра волчу. Иза паднара тIехь, гIайбех дIатевжина, суьлхьанаш а хьийзош Iара.
Баху пеша хьалхахь хьийзара.
– Далла воьзийла, схьавало, Бауди, охьахаа, – дегI нисдеш хьалагIаьттира ЗухIайра. Суна стенна дуьйцу ахь, берана а гIоттура иза гуттар а иштта хьала. Ткъа со мича хуур вара хьуна цунна улло, паднар тIехь.
ХIуъу аьлча а ца хиира – цуьнца со нисвалар хир ма дара иза. Паднара хьалха, лоха гIант а хIоттийна, охьахиира.
Бахус дукха хан ялале сискаллий, даьттагIий хIоттийра тхойшинна хьалха. Асхьаб, и мел догдика стаг яра хьуна аьлча, ша санна ерг кхин хир йоцуш яра.
Лахенцара яра иза, Шелара. ЦIерачаьрца кхин гергарло лелош яцара, уьш реза а боццушехь еанера иза кху тIулгашна юккъе, кху къаххашна юккъе хьала,
ЗухIайрина тIаьхьа а хIоьттина, цо йола ма-элли.
ДогIа деанчу аьхкенан Iуьйранна кхечира и шиъ юьрта. Малх а кхетта, екхнера стигал. Бажа дIалалла эвла йисте бевлла зударий, оцу малхал хаза нускал а гина, Iадийна биснера. Тхиша кучан юх а ца тIадийнера цуьнан, иза ду-кх тамашийна, говрал а лекха йовлучу ярашюккъехула схьадеъннехь а…– иштта хабарш дуьйцура юьртарчу зударша хIинц-хIинца а.
Кхин а еза боху ахь? ХьаьжкIаш дукха йиъча дика хир ма дац.
Собарде, хIинцца хIума кхоллур ю вайшимма. ХIоккхузахь, кхакхи тIе дIа а товжий, Iел хьо.
Иштта, дадин борз ю иза.
ТIаккха… ЗухIайрас далийна и нускал – Баху юьртана а дукхаезаш нус а хилла дIахIоьттира. «Бахус санна дика бепиг дийр дац цхьамма а,

цуьнан чIепалгаш чекхъхьаьжча са а гуш хуьлу, цуьнан даьттагIа…» – ишттa къамелаш дора къонахаша, шаьш вовшахкхетча пхьоьханахь.
ТIаккха, гул а лой, ЗухIайра волчу чай мала боьлхура.
Ткъа эвларчукхечу зударшна дезало моьттурий хьуна иза? Мичара?
Делахь а, шайлахь «бур-бур» а дой,
IаддаIара, цIийнадайх гучубовла ца баьхьаш.
Бахус яахIума дика яр стенна дуьйцу ахь, Асхьаб? И кху эвла яллац бевзаш а ца хилла кхачанаш юкъабехира цо. Пулу дуй, стомара вайшимма диъна долу? Иза дуьххьара кху эвлахь Бахус ма дира.
Вайшимма диънарг пулу доцийла хуур дара хьуна, и айхьа диънехь.
ТIаккха, со мича кхаьчнера?.. ХIа-а, Бахус тхойшинна хьалха даьттагIий, сискаллий хIоттийра. ХIетахь биъна и даьттагIа дагабеънера суна сийсара. Цунах ма хьийзайо ас хIара, зуда аьлча а, эла Къахьарма. ХIаъ, со къан а валийтина, эла хила Iийна хилла хIара.
Хуур дар-кха хьалха, дIа ма-элли бийр бара. ХIинца «хIинцхIинца» бохуш лела…
Тхойшиъ даьттагIа а биъна, тIе гIалмакхан чай а мелла, паргIатваьлла Iаш, ас элира ЗухIайре:
– Со реза вац оцу хьешашна…
– Стенна?
– Цуьнан бIаьргашна, дукха ира ду уьш…
– Бохам тIебеъна стаг ву иза, бохамо хийца ма хуьйцу бIаьргаш а, сибат а…
– ХIетте а…
– Сайгара хIумма а дийр дац аса, нахах дага а ваьлла…
Ойла йоьхна велира со и волчуьра ара. Суна хаьара баккхий нах ЗухIайрас аьллачунна реза хир буй.
Вехха лаьттира со, кех араваьллачул тIаьхьа, серий дуцуш йинчукерта улло а хIоьттина, церан жима кIеза а летош, хьешийн отин кора кIелахь.
Цу чохь хIума а йиъна, дикка буза а буьзна, дIабийшинера ЖахарбекагIар. Суна дуьхьалтесира уьш. Шайн хIумнашцa хьала а бевлла, Бахус, IатIаран хьожа йогIу, ло санна кIайн шаршош а йохкуш, кечбинчу тIергIанметтанаш тIехь Iоьхкуш, «хуртIур»а деш.
Оцу буса тIаьхьо бен ца кхийтира суна наб. Корах цхьамма беттачу пIелго ваьккхира со сама.
Берзинчу когашна калош а туьйдина, дIа араваьлча. ЗухIайра ву-кх.

– ХIун хилла? – хоьтту ас.
– Хьеший бахна-кх сан, са а тасале.
Цхьа хIума лачкъийна хьуна.
– Ца лачкъийна, со хьаьжна…
– Делахь, кхин а дика ду-кх, дIабахийтахь, сецо оьшуш хьеший бац хьуна.
– ХIан-хIа, эхь ма ду иза. Хьаша вадар…
– Делахь, ахь бохург дийр ду-кх.
– Уьш юхабало беза, тIаьхьа а вахна…
Орган чукхаьчна боьлхуш бараЖахарбекагIар. Буса арахь стогар латийча, аьнгалхаш санна, могIа а бина: хьалхахь – йоккха аьнгалха, тIаьхьа – жима ши кIорни…
Говр хьалха а эккхийтина, сацийра ас Жахарбек.
– Вухаверза!
Иза дикка соьга хьоьжуш а лаьттина, кхин хIума а ца олуш, вухавирзира. Цо дуьхьало йинехь цунна, ша нелана санна, шад еттар йолуш хьан дада а вар-кха хьуна, Асхьаб.
ХIетахь хьан дада хIинца санна ма вацара. Оззийна нелан цIога дух а доккхур долуш, онда вара.
Тхо юхакхаьчча, эвлаюккъехь гулбелла лаьттара баккхий нах. Шайна юккъехь ЗухIайра а волуш.
Жахарбека элира:
– ЗухIайра, хьуна Дела реза хуьйла. Ахь дика хьошалла а дин, суна эхь хоьтуьйтуш. Цундела, со сайн доьзалца тIеэцахьара аьлла, шуьга дехар а дина…Стаг юьртана тIеэцар а, цунна латта далар а доккха хIума ду… И дехар а дина, шу холчухIитточул, я аша суна дехар ца делча (и тайпа меттигаш сох хIинцале а Iитта а елла), сайна халахоьтуьйтучул аьлла, дIавахнера со.
Хьо суна къинтIера а вала, ЗухIайра…
Цхьа а вист ца хуьлуш тийналла хIоьттича, хьалха
Iаса дIа а гIортийна, шен хиш оьху, хьела бахна ши бIаьрг корта а оллийна лаьттачу Жахарбекана тIе а боьгIна, вистхилира юьртахь уггаре а къена волу Колла:
– Къонах, тхо долчу хьо дуьххьара ца веъна, тIеэцахьара аьлла. Тхо, варшахой-м, игIа[88] борзахошца а, мигIа[89] мартанхошца а дозанаш а долуш, боккха, дIайийнарг хIуъу тIе а йолуш беркате мохк а болуш, мацвелларг вуза а веш, гIо оьшуш, де доьхна веанарг тIе а оьцуш,

даьхна хIинццалц а. Оха дина гIуллакх ахьа а, хьан тIаьхьено а диццдийр дац аьлла, хьан тхуна бала тешам белахь…

**2**

Асхьаб, хьуна наб кхетта? ХIара даьттагIа схьа-м баьлла хьуна. ХьалагIаттахьа дадина. Борз ю иза дадин. Дадас тIаьхьа буьтур бу цунна даьттагIа, Iуьйранна баа. Мерзий? Мерза-м бу. Бахун даьттагIий? Мичара!

Иштта даьттагIа ас цул тIаьхьа баа ца биъна. Бахуга кхача-м дукха къахьега дезар дара эла Къахьармин.

Кхарна, хIокху баккхийчу зударшна, елча а ма ца еза иза. Шайл тоьлаш хилла дела.

А-а, мичахь сецнера со?.. ХIаъ, юьртан меттигах дакъа а дина, эвла йистехь ваха хаийра Жахарбек, – хьажал хьо цу цIаре! Муха ю? Делан неIалт цу цIарна!

Сотин миска вара цунна лулахь. Иза а вара иштта юьрто тIеэцна стаг. Иза кху эвла кхачар цуьнан зудчун Самартан бехк бу олура. Иза хаза дилхалахь а йолуш, куц хьарам стаг яра. Кхахьпа зуда яра, цо цIога ластийча, цунна тIаьхьа ца волуш саца онда ницкъ безара боьршачу стагана.

Кху эвла еъчахьана-м мелла а синтеме еанера иза.

– Цунна дан дезарг дан-м хьо стаг а вацара, иза шен ден цIа мукъна а яхийтахьа, йита а йитий, хьо мерчашла хьерчаварг, – аьлла бохура цуьнан тайпанан наха.

– Йитийша иза, буьйсанна и чуеъча а тоьар-кха суна, цо хIуъу леладахь а.

Дера бохура иштта аьлла-м. Тамашийна бу-кх хьуна нах. Соь ма алалур дацара и хIума. Цу хенахь-м муххале а. Бакъду, цхьаболу зударий гIемаш хуьлубоху, боьршачу нахах шайна луъург деш, кешнаш а достуш.

Оццу Коллас дуьйцур-кха ша лула юьртарчу кешнех тIехволуш гIемаш лецар. Цхьа серло а гина, кешнийн керта гIоьртина хIара. Муха хета хьуна, бохкуш хилла, шайна чу стогар а хIоттийна. ХIара герга ма гIоьртти, шайн месаш охьа а оьхкина, царна буьххье оьхкина мIерий, Iайгаш вовшахдетта хIиттина хIорш. Ткъа Колла ма вац кхералур волчех. Месаш тIера а лоьцуш, цхьацца коша чуьра хьала а йоккхуш, церан дерзинчу догIмаш тIе шед а етташ, лаьхкина цIа бигна цо и гIамзударий.

Бакъ ду-дац, ца хаьа, Коллас и дийцар-м бакъду, со
Потин кIант Бауди хилар санна.
– Делахь, ахь хIун де аьлча, хIокхуюьртара дIавала, и хьайн кхахьпа зуда а эций, тхо юьхьIаьржа а ца хIиттош. Кхо де хан ю хьуна… Ца валахь, оха гуттаренна а долуьйтур ду шуьшиъ кху юьртах а, дуьненах а, – иштта аьллера Соте цуьнан тайпанчу наха.
Иштта кхаьчнера иза кхуюьрта…
Зуда, хIара чай шийла ма духьан. Кхехкачуьра схьадоьттинехь а, шийла-м ду. Со ву боху ахь шийланиг?
Бакъдерг бакъ ду-кх. ТIехилабе ахь пешана яй…
Схьавеъначу юьххьехь, цхьана-шина шарахь хаза дика Iийра Жахарбек. Кху вайн юьртахошца гIиллакх а лелош, къаьсттина ЗухIайрица. ТIаккха хийцавала волавелира иза – варста. Нелан хьесапе воьрзуш. Мекхаш ирах а хьаьвзина, цкъоцкъамаш бIаьргаш тIе охьа а даьхкина. Дошондда а олуш. Нахана тIе мохь бетта а велира. Хьажал хьо цуьнга, ша латта а делла, стаг а вина, охьахаийча олучу баркале. Зударша шайн бераш а кхерош, «Жахарбекана дIалур ву хьо» бохуш, буьрса стаг хилира цунах.
Юьртахь хабарш даьржира, Самарта юха а шен гIуллакхаш дIадолийна бохуш оцуЖахарбекаца. Иза-м кхин лачкъийна а дацара церан, бIаьргаш баьлла воцчунна гур долуш дара…
Иза уггаре а чIогIа халонга даьлларг ЗухIайра вара.
Иштта а эгIаза волу иза, худавелла, дIаволуш лаьттара.
Цхьана Iуьйранна шайн уьйтIа а ваьлла, малхбале а хьоьжуш, шабарш деш лаьтташ гира суна иза. Керта улло а таьIна, ладоьгIча суна къаьстира: иза Деле доьхуш вара и стаг хIокху эвлара, зен-зулам доцуш, дIаэцахьара бохуш. Маьлхан зIаьнаршца а дехначунна
Дала жоп ло, олуш Iедал дара цуьнан.
Дукха хан ялале кху юьртарчу цхьаболчу зударийн бIаьргаш чохь оцуСамартанчийн гIомаллин цIе хааяла юьйлира. Боьршачу нахана юккъехь а бара, Жахарбек санна, нелах тарбала кечбелларш.
Схьайола, зуда, дIаяха хIара пхьегIаш.
АлхьамдулиллахI. Вуьзи хьуна со-м…Схьакховдабе и гIайба, жимма дIатовжа со. Чудаийта и цициг а, стенна цIуьйзуьйту ахь иза. Шура йотта ахьа цунна. Иштта.
ТIаккха-а…ХIаъ.

БӀаьстенан юьхь яра. Доккха кхетта беттаса а долуш, екхна буьйса юккъе лестинера, оцу дӀо лома буьххьера мохь беъча:
– ХӀей нах, хӀей! ЛадогӀалаш! ЛадогӀалаш! Эвлайистехь Ӏаш волуЖахарбек Сотин зудчунна тӀехьийзаш ву шуна…Шаьш ца тешарг, де делкъал тӀаьхьа лестича, Коллин элан литта лаьттачу гӀо.
Шен аз хуьйцуш, мара дӀакъевлинера мохь беттачо.
ТӀаккха цӀеххьана и велавелира, мара дӀа а хецна. Суна девзира и велар. Иза Жахарбекан дара. Со цецвелира: ша-шена и хӀума муха дуьйцур ду? ТӀаккха кхийтира со цунах. Хьалха-МартантӀе воьду аьлла, цӀера ваьллера иза оцу дийнахь.
«Хьера кхайкхор» дихкинера иттех шо хьалха
ЗухӀайрас. Бакъ а, харц а дуьйцуш, нахана юккъе зуламаш туьйсу аьлла. Юьртахь мел волчуьнга дӀахьедира, и гӀуллакх динарг шаьш дӀавуллур вац аьлла.
ХӀетахь дуьйна, кхин цхьа а юкъа а ца ваьллера и бехкам бохош.
ШолгӀачу дийнахь, Жахарбек цӀа веъча, Сотас аьллера:
– Хьуна хезний иза?..
– Хезна, иза бакъ а ду, хӀун дан воллура хьо? – шен тоьпан чаппагӀа дӀасатоьхнера нело.
Сотас оцу буьйсанна сатассалц дехарш динера Самарте, хӀокху эвлара шеца дӀаягӀахьара хьо бохуш. Иза кхин тӀе ца тайча, «Дала бекхам бийр бу-кх хьуна» а аьлла, шен сал-пал шад бина ги а тоьхна, сатоссуш, чӀоб дӀасецча дӀавахнера, дӀо цанаш йолчухула хьала а ваьлла, ши ког а текхош, тхилахь лар юьтуш.
Доккха хӀума дар-кха и стаг ламаро хиллехь…Бакъду, наггахь нис-м ло иштаниг. ТӀулгашюккъехь зезаг а долу.
Юха масийтта шо а даьлла, Соьлжа-гӀали тӀе балха хӀотта со вахча, цигахь гира суна иза. Мехкадаьттан тӀехь. Кхин зуда а ца ялош, ша Ӏаш вара миска.
Сота юьртара дӀавахначудийнахь, юьртахошка хаьттиний, аьллий хӀума доцуш, цуьнан керт шена схьа чулецираЖахарбека. ТӀаккха совца ца туьгуш догӀанаш дуьйладелира. Дийнахь а, буса а хаддаза оьхура уьш.
ХӀокху эвлахуьшал хуьлуш лаьттара. Ярашма деббера моьттахь, стагал а лакха а евлла. ЦӀенойл лакхайовлушлаьттара. ЗухӀайрас ша волчу гулбеллачунахе, хӀара юрт хин буха яхарна кхеравелла ша элира, доӀанаш а де, сагӀина хӀума а ло. ТӀаккха цо иштта догӀанаш эхаран

бахьна эвлайистехь Iен и ши адам-тайпа хила мега элира. ЧIагIдан йиш яц, Делан къайле йоккха ю.
ТIаккха цо оцу суьйранна шеца ши накъост а эцна вахна мах, бира Самартаний, Жахарбеканий, цушимма биэ а ца боххушехь. Юрт хин буха ца яхийта. Тьфу, неIалт цушинна, эхь а ца хеташ Iаш ма дубохура хьуна хиъна, боккъал чIогIа кIант-стаг, нускал а хилла.
ДогIа цул тIаьхьа а дIа ца сецира. ШолгIачу дийнахь, маьркIажехь эвла йистехь орца дохуш хезира.
Массо а дIахьаьлхира цига. Амма сиха баха ца лора, яраш а, хатт а хиларна. Цига дIакхачале масех сахьт делира (хьалха-м итт минотехь а дIакхочура).
ДIакхаьчча, гуш хIума а дац. ЖахарбекагIар, ков дIа а къевлина, чу левчкъина. Эццахь дIаса гонах бIаьрг тоьхча, Губи-миска ги-кх тхуна догIанан Iовраш чохь
Iуьллуш, тIе гIум а, чалх а тоьхна…
ШолгIачу дийнахь дIавоьллира Губа. Иза цхьалха стаг вара, сагIа деха кхуза веъначохь юьрто латта а делла висна. Иза Жахарбекан шина кIанта Махьарбекий,
Шахьарбекий (цIерашка хьажал хьо, цIерашка, неIалт цу цIерашна!) хьокхий диттина, вийна хиллера, шайн дош дашера даьлча.
ШолгIачу дийнахь, Жахарбеккий, цуьнан ши кIанттий воцург, массо а кешнашка вахара, Губа дIаволла.
Цигахь тIеоьхучу догIанехь и дIавоьллина бевлча, кошан коьрте а хиъна, еса доьшуш Iен ЗухIайра хIинца а дуьхьал лаьтта суна. ХIетахь дукха къила ваххана дийшира цо иза, дагах чекхдуьйлура цуьнан аьзнаш, дегIа тIера массо чо ира а хIоттош…Цул тIаьхьа кхин дийна ца гира суна иза.
ЭхI, эхI, Асхьаб, къонах воьлхуш товш ца хуьлура…
ХIетте а и дагадеъча со ца вилхича Iен-м ца ло. ХIа-а, схьавола дадина. Вайшинна мотт охьабиллина. Иштта, аьтту агIо буха а биллий, вижа, иштта. Дадин борз ю иза…
ТIаккха, Асхьаб, ЗухIайра Жахарбек волчу вахнера.
Ша цхьаъ, нахе ша чувоьду а аьлла. Цунна ша юьртана хьалха бехке хетара и зуламан да тIелацийтина дела.
ХIара дIакхаьчча, Жахарбек Губин-мискин керт чулоцуш хиллера, лаьттах хьокхий а детташ. Латта тIеда а долуш, хьокха кIоргга боьдуш хиллера, цунна тIе хатташ а бетташ, иза виснарг а нелах тарвеш.

– Ас Делан цIарца дехар до хьоьга, дIавала кхуюьртара, – аьллера ЗухIайрас.
– Стенна? Ахь тIаьхьа стаг а ваийтина, юхавеана ма ву со.
– Маьрша стаг вийна аш.
– ХIа-хI? Стаг вара иза? СагIадоьху…Сан херсешна хаьа хьуна, хьанна кIомсарш тоха еза.
– Хьо бахьнехь догIанаш а оьхучуьра ца совцу, яраша хьулдеш лаьтта цIенош..
– Яраш хилча дикахо а ду-кха нелана…хур…хур…
– цIунала керча яьллера нал.
– Ас Делан цIарца доьху хьоьга…
– Латта хьена ду шун, хьокха кIорга боьду, хьажал хьо…Иштта орам кIорга тесна ас кхузахь…
– ДIагIахьара хьо..
– Мича гIо боху ахь, мича?
– Хьуо схьавеанчуХIуьнчIаьнчIуьлга дIагIохьа.
– Цига, хьаха, ву ас хьо вохуьйтур, – чу а хьаьдда, дега тIе кIомсар а тоьхна, вожийнера цо ЗухIайра…
Со-м юха а воьлхуш ву хьуна, Асхьаб. И дагадеъча зуда санна ца вилхича Iен а ца ло. Я тховса наб а кхетар яц, яц дера. И дагадеъча наб муха кхета. Аравер вара, догIа дацахьара. Волавелча жимма сапаргIат хуьлура. ХIинца догIа ду. Ду-те. ДогIа.

**3**

ШолгIачу дийнахь дIасецира догIа. И ца саца йиш а яцара – доккха сагIа дара юьрто динарг. Къеггина малх а кхийтира. И дIавоьллинчул тIаьхьа доцца маьлхан догIа а туьйхира – стаг декъалхиларан билгало ю иза. Мел дукха адам листаделира кху эвла. Ши де а далале, бакъийра цара вайн эвла богIу некъ. Вуьшта-м кIирнах а бакъалур бацара иза.
И нал а, цуьнан херсеш а тIаккха а ца евлира юьртах. Доккха гIуда хиллера кху юьртах хьаьрчинарг.
Шайн кертан го чIагIбеш хьийзара уьш.
Кертан еа а маьIIехь цара дIахIиттийнчушалго-тоьпийн бархI бIаьрг хьоьжура юьрте.
ХIетахь даккхий хIумнаш хуьлуш дара лахенца, Асхьаб. Паччахь вохийна-м иттех шо а дара… Стенна велакъежа хьо, наб кхетта воллушехь. ХIахI? Дадин борз ю иза, дера ю…

ХIинца и хийцамаш кху юьрта а кхаьчнера. Со хIетахь пинагент вара. Нахера налогаш схьайохуш лелаш. ДоттагI а вара сан. Цхьа тайна жима стаг. Шуьйтара ваийтина, вайн эвлахь комсомолан ячейка кхолла. Асхьаб яра цуьнан цIе а. ХIаъ, хIаъ, велакъежа хьо.
Цундела ма тиллина ас хьуна и цIе. И санна хилахь-м, ледара кIант хир вац хьо, дадин борз. Мел куц долуш вара. ХIетахь юкъадевлла цIенчу исхарин галпеш йолу хеча а, кийтал а лелош. Цуьнгахь хилла и мачаш – хIинца батянкаш олу-кх царах – йолуш дукха бацара хIокху вайн варшахойн кIоштахь.
Ткъа майра бохий ахь, цул майра волуш стаг маьлха кIелхула дIаволавелла хир вацара… ХIинца а дуьхьал лаьтта суна иза, вела а къежаш, тал санна ирах а вахна, тоьпан биргIи тIе воьдуш, тапчи тIе ка а диллина…
Мел тамашийна стаг вара хаьий хьуна иза. ЧIогIа тамашийна хIумнаш дуьйцура. Вайн ардаш охуш аьчган говраш хир ю бохура, тIаккха массо хьал долуш а хир ву, шен долахь цхьацца конка а йолуш. Кху юьртана тIе богIуш боккха тIулгийн некъ а буьллур бу. Цо-м седарчех лаьцна а дуьйцура, уьш вайна гуш болу малх санна ду бохуш. Дуьне ду бохура хьийзаш, малх а боцуш. И хезначуКоллас цуьнга аьллера:
– ХIара дуьне хьийзар ца хьийзар-м ца хаьа суна, хIара хьийза бохучу хьан корта-м хьаьвзина хьуна.
ХIаъ, аьллера-те Коллас. Воккха хиллехь а, хIума дика олуш вара Колла а.
Нах ца тешара Асхьабах, я со а ца тешара (Цо дийцинчех цхьадерш-м хIинца кхочушхилла. И аьчган говраш тарахторш хилла, хIинца хIокху береша аравала а ца вуьтуш урамехула хоьхкуш йолу). Ткъа хIетахь, цо дуьйцучух со цхьаннах а ца тешара. Теша-м лаьара суна, цо дуьйцург хаза а хетара. Бакъду, хIеттехь цхьана хIумнан тидам бира ас. Нах Асхьаба и къамелаш дийцинчул тIаьхьа кест-кеста седарчашка хьийса буьйлабелира, багахь «цIок-цIок-цIок» деш, кортош а лестош…
ДогIа дIасоцуш ду аьлла хета суна арара. Кхана мукъна а малх кхетар бац-теша…
ЗухIайра дIавоьллинчушолгIачудийнахь со Бахой,
Кериммий долчу вахара. Ялхийтта шо дуьзна жима стаг вара Керим. Цхьаверг оцу хенахь а хуьлу зоьртала. ХIара, бер санна, эгIаза вара. Со цецвелира Бахух. Шен леларца, йистхиларца ша цуьрриг йоьхна ца гайтира цо, шен дог доьхна дамардарц хилла дIадаьллашехь. Хьалха

санна, пеша хьалхахь хиъна Іара, цІаре а хьоьжуш, ша-шена гІийла къежа а къежаш. ОстопируллахІ, доккха собар долуш стаг яра иза, ЗухІайрин хила хьакъ а йолуш.
– Керим, бакъо лохьа суна оцу стагера чІир эца, – элира ас. – Хьуна санна-м хила йиш яц, хІетте а чІогІа гергара стаг вар-кха суна хьан да.
Керим вехха Іийра куза тІе букар а вахна.
ТІаккха цо, суйнаш чохь къегачубІаьргашца соьга а хьаьжна, элира:
– Хьо ялхалгІа стаг ву-кх и гІуллакх а дохьуш суна тІевеънарг… Со хІинца а дийна ма ву сайн ден чІир эца…Нагахь со цара вехь (оцу хенахь Баху ша йолохь тохалуш хааелира суна)…
ХІаъ, элира те, нагахь ша вехь, цхьаъ дийр ду ахь, аьлла.
Кхин ши бутт баьлча, цхьана дийнахь (базаран де дара иза) сой, Асхьаббий Іамин-ирзе вахара – со сайн налог схьаеха, иза цигахь ликбез йилларан гІуллакх хьалха-тІаьхьа даккха.
Керим шайн ши сту а лаьллина, Шуьйта базара ваха ваьлла хиллера.
Кхелина шаьлта йоцург, ЗухІайрин кертахь герзах хІумма а яцара.
Я цунна и оьшур ду аьлла а ца хетара цхьанна а.
Ши сту дІа а боьхкина, топ эца дагахь новкъаваьлла хиллера Керим.
Вайн юьртаний, Лакха-Варшаний юккъехь долчу
Іинах дехьаваьлча, некъ басах чубоьрзу-кх. ХІаъ, хІаъ, дадас цкъа цига йол хьоккхучу хенахь хьо а вигир-кха.
Басе дІайолалуччохь кІайчумехнийн хьун а йолуш. Буц дика йолу цигахь.
Оцу басахь ши сту а лаьллина вогІучуКеримна говрашца тІаьхьаккхиъна хиллераЖахарбекан ши кІант –
Махьарбеккий, Шахьарбеккий (церан цІерашка хьажал хьо, цІерашка – неІалт цу цІерашна!).
– Стерчийн мах хІун бу хьан? – аьллера цхьамма.
– ЦІога а цхьаьна бухку ахь сту я цІога ша духку ахь?
– аьллера вукхо.
ТІаккха ший а, аркъал а сетташ, вийлинера.
Керима хІумма а ца аьллера, шен ши сту а лаьллина, лаьттан бІаьра а хьоьжуш, дІаоьхуш хиллера.
Вукхушимма, хьуьнан юккъе а вуьйлуш, барт беш хиллера:
– Басах чу ма воьсси дІакарчаве вайшимма иза…
–Юха базарара цІа вогІуш виэ вайшимма иза, жимма цуьнан дог а этІадай…

ТIаккха а хьийзинера цушимма иза, къийгаш санна гонах а ваьлла, зIакарш етташ. Ткъа Керим, лаьтта бIаьра хьаьжначуьра кхин хьала а ца хьожуш, дIаихнера. Шуьйта базара дIакхаьчча, мах ца къийсинера цо я ши сту дIабухкуш а, я цунах хиллачу ахчанах пхоьазза йолу топ ша оьцуш а. ТIаккха и топ йоьхкинчуьнга дехнера цо, и муха кхуссуш ю гайтахьара, аьлла. ТIаккха цо иза Хазбизне хьала тIе а ваьккхина (эцца
ГIуш-Коьрта хьала воьддучохь ю-кх и меттиг),
Iамийнера иза топ кхосса.
Шен топ ги а тесна, цIехьа волавеллера иза. Юха а вайний, Лакха-Варшаний юккъехь йолчу басах ирхвоьдучу цунна тIаьхьакхиънера и ши херси.
– И тоьпан хьокха бежнаш лахка эцна хир бу ахь, – аьллера цхьамма.
– Цунна ца эцна цо, цуьнан биргIи чухула хьатI кхийса, – аьллера вукхо.
ТIаккха велавеллера ший а. Кхуо топ хьала а айина, шаьшшинна тIелаьцча а ца соцуш. Юха цуьнан дошо шен жимахволчу вешин бат дIаюькъча, хиънера Махьарбекана уьш бегаш боцийла. Амма тапча схьаэцца кисана дахийтина куьг хьаладаккха ца кхиавеллера иза.
Цунна кхеттарг аьрру агIор, дагана буххехула чекхъяьллера.
Шен топ хьуьн чу а ластийна (кхин а шо даьлча, цига йол хьакха вахча, суна карийра иза, берриге а хен бахка а белла, мекха а йиъна Iуьллуш) цIа веъна, шен нана а эцна юьртах ваьлла иза, хIинца а, кхузткъа шо даьлча а, цIа ванза ву. Цхьаболчара дуьйцура, иза шен ненахой болчохь Шелахь Iаш ву бохуш. Миччахь велахь а, вайна ву-кх иза кхуюьртана а, цуьнан да дукхавезначу кху юьртарчу нахана а.

**4**

МаьркIажа бода къовлалушкхечира декъий дохьуш богIу нах юьрта. Уьш эвлаюккъехь совца а бина, Колла вахара шеца масех воккха стаг а эцна Жахарбекана тIе.
– Жахарбек, Дала кхоьллина а, Делан эхарте дIадерза дезаш а ду вай…
– Делахь, соьга хIун де боху аш? Шух цхьа а-м вац цига дIаваха дагадеъна. Велахь…
Эццахь Жахарбек тасавеллачохь висира, нехан лаьтта доьгIна бIаьргаш а гина.
– ХIун хилла? ХIун…

– Жахарбек, сатоха деза, нахана тІе а деана…Цхьана керта диъ, пхиъ дакъа хьош меттигаш а хилла…
– ХІун хилла?.. – аьтту ког беттабала буьйлира Жахарбекан.
– И ши кІант… Делан кхиэл ю-кх. Валар хилла цу шиннан… ЗухІайрин кІентан карах.
– Ший аъ? Сан Махьарбеккий, Шахьарбеккий?
Хьан? Оцу кІиллочун кІантий? Мичахь ву и шиъ, мичахь ву? – нах дІаса а тоьттуш, эвлаюккъе хьаьдира
Жахарбек.
Маьждиган хьалхарчу майданахь тІе вертанаш а тесна Іуьллура Жахарбекан шина кІентан декъий.
– ХІаъ, вийна… Стаг йоцу ши хІума, ас ЗухІайрин кІиллочуьнга вейта кхиийнерашуьша, хІа-хІ?Стаг йоцу хІумнаш! – чу а уьдуш, вийна Іуьллучу шен шина кІантана мийра бетта велира да.
Наха схьалаьцча а, карара вала гІерташ, ветталора иза.
Жахарбекан гергарчу нахе хилларг хаийтича, бакъахь ма дара аьлла хьаьвзира нах. Амма
ХІуьнчІаьнчІуьлга боху юрт мичахь ю хууш стагга а вацара.
ТІаккха наха Жахарбеке хаьттира, мичахь ю шун юрт аьлла. Цо:
– Іинчохь ю, – элира.
– Муьлхачу Іинчохь ю? – аьлча, и вист а ца хилира.
ТІаккха тоьллачу говраш тІе а хевшина, кхо стаг вахара кху нохчийн махкахь и юрт евзаш стагга а вуйла хьажа. Ца карийра.
Ши кІант дІаверзийначул тІаьхьа, Жахарбекшен кел араваьлла ца гора цхьанна а.
Наггахь кетІа ара а эккхий, топ а карахь, мохь хьекха волалора:
– Ас бийр бу шун болх, ас бийр бу шун болх!
И хьенан болх бан гІерташ ву хууш стагга а вацара юьртахь.
Цхьана буса, дикка тІаьхьа ду иза-м, Бетин-ирзе налог схьаеха а вахна, хье а велла, тІаккха синкъерамехь а Іийна, цІа вогІу со Жахарбекан керта уллохь сацавелира, цу чуьра схьа гІовгІанаш а хезна.
– …Хезий хьуна, ахь суна кІант ван веза хьуна. Кху шарахь. Хезий хьуна. Ца вахь, ас дуьйр ду хьо гІам…
– Ас муха во кІант, хьо хІуманна а пайде а ца хилча, ва къанделла къуккъуз…
– Ас топ еттар ю хьуна, гІам…

– Эшш, хьо санна болчара топ йиттинехь со, иссаза боху ахь, цкъа маре яхна а хир яцара… ХIан, дIалаца…
Бетах чопаш а йина, хьалаиккхина Жахарбек тоьпа тIекхачале, гIам кел араэккха кхиира. Цунна тIаьххье арахьаьддачу Жахарбека бодашка топ ялийтича, гIам дIога гу буьххьехь деладелира, ерриге хIара хотеш а екош.
Цу буса дуьйна кхин кхуюьртахь гучу ца елира Самарт.
Масех кIира делира Жахарбек ша ву-вац а ца хоуьйтуш Iаш. Амма тIаьхьо, де делкъе доллучу хенахь уьйтIа а волий, мохь хьекха, велха, цергаш хьекхо хIуттура.
Цкъа иштта и воллучу хенахь, Колла хIоьттинера цуьнан керта юххе.
– Жахарбек, ва-а Жахарбек! Сатоха, Деле собар деха. Делан кхиэл ма ю иза, Делан кхиэл. Сатоха.
– ХIа-хI, Делан кхиэл ю боху ахь? – аьлла, хьаьдда чу а вахна, топ а эцна, араиккхинера важа.
– Мичахь ву хьо, Дела, мичахь ву? Схьа гучувала, хьуо майра велахь. Мичахь ву хьо? – стигал топ етташ, бетах чопаш а йина, кертахула дIасаида ваьллера иза.
Цул тIаьхьа нах кхин а чIогIа Далла Iамал ян буьйлабелира, и адам-йилбаз кхуюьртара дIаэцахьара ахьа, бохуш, доIанаш а деш.
Ткъа важа-м хIора денна стигла топ кхийса велира.
Шен цIенна уллохула тIехволуш юьртара стаг хаавелча, цунна а тIаьхьа топ кхуссура цо.
Цхьана дийнахь асарара цIа йогIучу Боччин зудчунна когах чов йира цо.
Оцу дийнахь, малх орца тIе лахбеллачу хенахь веара со волчу Асхьаб.
Со ши ког а Iуьйра кетIарчу Iожа буха а хиъна Iара.
– Цунна хIун дича бакъахь дара теша? – элира цо.
– Цунна, хьаха, еза, нелана санна, топ тоха. Ас и тухур а ю-кх, хIинцца топ схьа а эцна.
– Иза хьалха дан мегар дара, хIинца мегар дац.
– ХIинца хIун хилла?
– ХIинца кхин Iедал ду.
– ХIа-а…
– Цундела иза схьа а лаьцна, Шуьйта хьала а вигна, халкъан суьде дIавала веза.
– Иза атта каравогIур вац.

– Ас къамел дийр ду цуьнца. И тайпа нах кIиллой ма бу, хьо дикка бIаьра хьаьжча а тоьаш…
– Асхьаб, дитахьа иза.
– Кхераме хIумма а дац. Суна дукха гина и кIиллой.
ХIаъ, иштта хилира иза. Оф-фай, хьанна моьттура и хир ду, айса цул тIаьхьа хIоккхул хан дуьненчохь йоккхур ю а. ТIаьххьара нIаьнеш ю кхойкхуш. Ас ма дукха дийхир-кх хьоьга, Асхьаб, хьо ца Iийра-кх. Малх, цIий а белла, орцаца хьалаевллачу баьццарчу хьаннех а тийсалуш, чубузуш бара. Тапчанна тIе ка а диллина, тал санна ирах а вахна, и малх букъа тIехьа а буьтуш, шена тIехьажийначу биргIина тIеволавелира иза, мохь а бетташ:
– Жахарбек! Охьайилла топ. Вайна Iедал хийцаделла. Паччахь вохийна. Советан Iедал ду вайна тIедеънарг. Халкъан Iедал. Со цу Iедалан векал ву. Оха хьуна хIумма а дийр дац. Шуьйта хьала а вигна, хьалкъан суьде дIалур ву. Схьа аравала…
ТIаккха бух хадийна тал санна аркъал кхийтира иза, нийсса цIийбеллачу маьлха тIе. Яьллачу тоьпал чIогIа бара бохура наха ас хIетахь тоьхна мохь. БIаьрнегIар тухучу юкъана тIекхечира со оцу кертана. ТIаккха цунах хьала а тасавелла, шолгIа и топ ялийта ца кхиавойтуш, тоьпан биргIа схьатоьхна, кертаца чуваийтира ас иза. Юха и хьалагIаттале, кIесаркIаг чу а гIортийна, топ ялийтира. Цул тIаьхьа сайна гинарг ас дийцича, цунах тешаш стаг ца ваьлла суна хIетахь дуьйна. Амма и бакъ а-м ду. Хьо а, хьайна ца лаахь, теша ма теша, Асхьаб.
Ас цунна тIегIортийначу тоьпан биргIанах, цуьнан дегIах схьа а къаьстина, ши лаьхьа хьаьрчира. Топ охьа а кхоьссина, юьстахвелира со.
Оцу буса догIа деара, стигал а къекъаш. ШолгIачу дийнахь цхьамма цIе а тесна, дагийраЖахарбекан цIа.
Наха хьуьна йистехь лаьттах воьллира иза, цхьа а тайпа барз а ца беш. Ткъа цуьнан цIа хиллачохь уллохула тIехвол-волучо неIалт а олуш, тIулг я дечиг кхуссуш, кIарлагIа йира.
Со дийнахь шозза волура цигахула охьий-хьалий, цу тIе шозза хIума кхоссархьама. ХIинца-м диццдина наха иза. Оцу борза тIе гIундалгIеш евлла.
ЭхI, наб тIегIерта. Сатаса гергадахна-кх. ХIинца цхьана сохьтана набаран тар тосур ю. ТIаккха самавер ву, и ю-кх сан наб…

ХӀаъ, дӀаели буьйса а, наб а дӀаели. Сатесна. Цхьадика, догӀа а сецна. Тахана декхна, довха де хир ду.
ЭйтӀ, дуьне яӀ… Могаш волчунна мерза дуьне ду-кх хьо.
Хастам бу-кх, Дела, хьуна. Иштта догӀа деъча схьакхета малх а болуш, йоькхана Ӏаьткъича дан догӀа а долуш, буц а йолуш, адамаш дуьненчу а довлуш, уьш юха дӀа а доьрзуш, Ӏуьйккъехь беъначу сингаттамо хьовза а веш, юха Ӏуьйранна сатоссуш хезначу олхазаран декаро и дӀа а боккхуш, хьалахьажа луучунна, тхов боцуш, лекха, шена чохь седарчий а лепаш стигал а, охьахьажа луучунна бух боцу Ӏаннаш а долу дуьне кхолларна, хастам бу-кх хьуна, Дела.
Аьхка де дохделлачу хенахь бердах чукхуьйсучу шовданах хиллачу чахчари бухахь лийча а луьйчуш, малхо деттинчу лаьтто когаш а багош, цигара хьаьдда цӀа а вогӀуш, ӀаьнтӀехь куьйгаш гӀоро доллалц салазаш а хоьхкуш, гӀоро а доьлла чувеъча, йовхонах уьш лазадовларна велха а воьлхуш, тӀаккха аз гӀаргӀлуш, юьхь тӀе чо болуш, массо хӀума а кхечу кепара гуш, шовдан йистехь малх санна йогучуйоӀаца бегаш а. беш тӀаккха иза а ялийна, цӀенош дуттуш хьийзаш, тӀаккха кхуьучу доьзалх воккхавеш, безачехкъастаро велхавеш, тӀаккха дийнера де мел дели коьртара къоьжа чо алсамболуш, лаьтта тӀе букар оьхуш, самукъадалар цӀарах а, хьайн чкъурах болчу нахах а долуш, дӀадахна дахар даларна хастам бу-кх хьуна, Дела.
Юьрта тӀе дижинчу дахарх чекххьоьжу малх а балош, баца тӀе диссина догӀанан тӀадамаш а лепош, дӀо лома буьххьехь гулъелла мархаш а, коьртера Ӏаьржа ойланаш а дӀасаяржош йогӀу Ӏуьйре йовзийтарна а хьуна хастам...
Асхьаб вац иза, учи йисте а хӀоьттина лаьттарг.
ХьалагӀеттиний-ца…
– ДӀавала суна хьалхара. Вало, хьайн хеча тӀеюхийта
Бабига. Къонах, жима хилча а, къонах ма ву. Кхин ма гайталахь суна тӀехь хеча а йоцуш.
ХӀан, хӀинца схьавола. Къонах тӀехь хеча йоцуш хила йиш ма яц. Дадин доттагӀ санна хилахь-м, кӀант хир ву хьох.
Хьайн да санна, оцу кӀуьрах юьзначу гӀалитӀехь, кӀунзал а баьлла, кехаташ юккъе воьлла а ца Ӏаш, кхузахь Ӏе хьо, хьала а волий.

Дадин доттагIчо хир ду баьхначех дерриш кхочуш ца хилла хьуна хIинца а. Ахь чекхдаха уьш. ТIулгийн некъ а баккхийта вайн юьрта богIуш, тIаккха нах дIа а оьхур бац.
ХIуьнчIаьнчIуьлгара веана стаг тIе а ма эцалахь.
Цунах дика болх ца хуьлу хьуна.
Лаьтта тIехь цкъа а вуон хIума а ма делахь, зингатийн барз бохабай а. ХIаъ, зингатийн барз а ма бохабелахь. Мангал хьокхуш, ца хууш а ахь зингатийн барз бохабахь, догIа догIур ду хьуна. ТIаккха йол, догIанехь а йисна, яхкалур ю. Кхийтирий хьо, дадин борз?

# ЛАЬТТА ТIЕХЬ ЛАЬМНАШ А ХIИТТОШ

**Лаьтта тIехь лаьмнаш а хIиттош**[90]

Нохчийн, гIалгIайн ярташкахь Деникинан эскарех леташ хIаллакьхиллачу нехан безамна.

**Автор.**

**1**

Буьйса чекхъяла гергаяхнера, кхе тиллина гуьйриг тоххарехь яьгна, пеш а, цуьнца цхьаьна чоь а шелъяла йолаеллера, паднар а цIовзош, метта хьалахиъна воккха стаг, гIеххьа бIаьргаш детташ а Iийна, тIаккха лаьтта а воьссина, пенах тоьхначу дечган хьостамах кхозучу гIовталан хьалхарчу кисанара дато сахьт схьа а эцна, цунна тIехьежа хIоьттинчухенахь. Сатаса хIинца а ши сахьт сов хан яра. Иштта хир дуйла-м кхунна шена а хаьара. ХIарашовзткъа шо дара иза буьйсанна хIоккху хенахь гIуьтту, хIетте а, хIоразза а ша Iамарна, хIинца санна, сохьта тIе а хьожура иза.
ГIийлла йовхарш тоьхна, уча йолу неI йиллича, иза кIожехь хIинццалц ца цIевзинчу кепара цIевзича, стенна делахь а, ца дезаделира цунна. Бусулба дино цу тайпанчухIумнашна хьесап дар дехкар хууш-м дуккха а хан яра, хIетте а деса ведарш дуьхьал кхетча, я вон гIан гича, ойла лаамза кхулура.
«Хьакхар хьакха деза неIарна тахана...» – элира цо ша-шега, тIаккха цIеххьана сацавелира ша волччохь.
Эххар шабарш дира цо: «ДоьгIний техьа иза?»
Даго кхунна боккха сингаттам хьоьхура. Наггахь иштта шена тосаделла хIума кхо нахехьахадора, тIаккха и хилча, цара хIара хIума

хууш, Дала дика дина стаг ву олура. Кхо и тайпа хIума шена хезча, я ишта а, я вуьшта а хIумма а ца олура. ХIаъ, ву со хIума хууш, ала кхунна шех гучудаьлла хIумма а дацара, делахь а, и ца олуьйтуш дехккалшаюьстара а цахетара... «ХIун хаьа... тIаьхьарчу заманахь эвлаяаш шайна буйла а ца хууш хир бума боху». ХIан-хIа, и ойла ца кхоллало хlара ткъе итт шо дIадаьллера. И ойла къона волуш, хlара, шена гергахь, Iаьрбийн дешарх кIоргга кхета воьлча кхоллаелира. ТIаккха масех шо даьлча, гIеххьа кIоргачу ор чу а хиъна, хи малар бен кхин дууш хIума а доцуш, гIийлачу къуьданехь Къуръан а, жайнаш а доьшуш, шовзткъа дей-буьйсий даьккхича, и ойла кIезиг хийтира. Вела а къежна, гуттаренна а йиццйира цо иза.

Халбата хиъча, кхин хIара ю аьлла Делан къайле гучу ца яьллехь а, шена дуьне гарехь дуккха а хийцамаш хаабелира цунна. Иза хьалхачул къегина а, мерза а дара. Хьалха мархаш, хиш, буц, тIулгаш гучохь хIинца церан кIоргера маьIна а, церан вовшашца йолу зIенаш а, оцу зIенийн шатайпа мукъам а хаалора. Iаламехь массо а хIума кIорга а, лекха а, цIена а дара, хIораннан а шен са а, лазам а, синкъерам а болуш, ура-аттала тIулган а. ХIара кхийтира цхьана хIуманах – дуьненийн, Iаьршийн, седарчийн къайленаш, цхьана дийнахь стагана гучуяла йиш йоцуш, царах кхетархьама, эзарнаш шераш а кIезга долуш, я цкъа а кхоччуш тIаьхьакхиа йиш йоцуш, яьстинчу къайлено кхин керланиг гучуйоккхуш, цхьа а чаккхе а, юьхь а йоцуш хиларх.

«Ткъа стаг, – ойла йора цо халбата хиъна ткъе дейтта де дIадаьлча, – шен цIеналлица денна а лакхаволуш, велла дIаваллалц ломах хьалаэха веза. Оцу новкъахь цуьнан гIортор хир ю бакъдерг а, нийсо а, массанхьа а са кхуьуш волу вайн сийлахь Дела а».

НаьIармачаш а туьйдина араваьлла воккха стаг мохо юьхь тIе деттачу тIедачу лайно сацавалийтира. Iай, бIаьстей къаста кхо кIира сов хан бен яцахь а, шело хIинца а гIелъяла ца туьгура. Гобаьккхина тIетаьIначу боданехь юкъ-юккъехь хеза жIаьлийн летар, хIокху буькъачу бодано лаг Iовдий, тIепаза дойура.

Дуккха Iеламнах болчуйоккхачуШелгахь а цIеяхна ша хиллехь а, кху гIойтIархоша шайна къеда хила аьлла дIакхайкхича, мелла а воьхна хилира иза: гIойтIархой цхьа шайн амал йолуш нах бара, цара кхаа шарачохь кхо молла эккхийнера, шайна ца оьшу хьо тайпа Iеламстаг, хьайн цIа гIо а олуш.

Бакъду, цара дийлийтина гIалаташ шех дийларна-м ца кхоьрура иза. ХIетте а, хьанна хаьа?..
ХIара ГIойтIа кхоллаялале хьалха гонахара хьаннаш хедош даьхначу ирзошкахь бехара нах, шайн-шайна кIотарш а ехкина. ТIаккха юрт йилла дагадеъча, хIокху жимчу (хьалха-ммелла а доккха хиллачух тера духIара)
ГIой-хин йистехь гулбелла маьI-маьIIера лаьмнашкара охьаихинчу тайпанийн: цIоьнтаройн, бенойн, варандойн, гендарганойн, дишнийн, чунгаройн, эгIашбатойн, лаьшкаройн, саьрбалойн, чIинхойн, чермойн, вашандаройн, пхьамтойн, туркойн, цIесийн, маьршалойн, кхечийн векалш.
– ХIа-хIа, нах, – аьлла царах цхьамма, дишнийн
Гелас. – Вай кхузахь дуккха а IаIа а IаьIна, хIинца вай кху ГIой йистехь ГIойтIа аьлла юрт юьллур ю. Шуна ма-хаъара, бухе хьаьжжина чIогIа хуьлу бIов а, цIа а, иштта юрт ю. Кхунна бухе вай оьздангалла, яхь, сий диллахь, кхунахюрт хир ю. Нагахь бухахь тешнабехк, къизалла, осалалла йиллахь а хир ю хIара-м юрт. Делахь а и шатайпа юрт хир ю. ХIун до вай?
Наха хьалхара некъ хаьржинера. ХIетахь дуьйна хIокху юьртахь – шайтIанан лерг къора хуьлда – вервакхар а, зен-зулам а, осалдерг а ца даьллера. Масийтта тайпанах лаьтташ йолчу оцу юьрто кхечу ярташкахьчул а чIогIа лелавора хьаша, амма гуттаренна а Iен стаг тIе ца оьцура.
Иза денна а дебачу юьртахойн лаьттан къелла хилла а ца Iара. «Кхечу орамах волчу стага вай кхуюьртана сел хала боьттина бух атта бохорна кхерам бу, – олура къаноша. – Цундела баже хIотта веанарг а, чу ца воуьйтуш, эвла йисттехь мах дIа а лой, дIавахийта...»
ГIойтIа схьавеъча хIара, ИбрахIим, ша волчул сов нисвала а ца гIерташ, я юьхьарлаьцначу син цIеналле боьдучунекъахдIаса а ца таьIаш, дIаэха вуьйлира, кхин хIума гIойтIархошна оьшуш а ца хиллера, уьш массо а доьIу са а сацийна, баккхийбеш хьуьйсура и сел хала некъ а эцна воьдучу кхуьнга, тIаккха цара, ахча вовшах а тоьхна, генарчу Макка кхаччалц дIабахбира цуьнан и некъ, ткъа хIокхо, цигахь хьаьжа хилла цIа веъча, кхин а холчу баькхира иза, хIора дийнахь марха кхабарца шен иштта а беза мохь кхин тIе а базбеш.
Иштта марха кхобуш ворхI шо даьлча, цуьнан чуо тIе жима гIайба билла дийзира, хеча чIагIъярхьама.

ХІинца кхунна кхачанан марзонаш йицъелла дуккха а хан яра, амма церан метта кхечу – син марзонаша воккхавевора иза.
– Къу-берзан буьйса ю-кх, къу-берзан. ХІокху тайпанчу буьйсано Іехабо-кх хехой. Кхара хІун дина теша?.. – ша-шега шабарш деш лаьтта ИбрахІим-хьаьжа цІеххьана, хІинццалц хилла боцчу, керлачу сингаттамо хорам вира.
Иза, юха а неІ а цІовзош, чувеъна, ламаз карла а даьккхина, Далла гІуллакх дан хІоьттира. Шина чоьнан юккъехь даьккхинчужимчу корехь лаьттачу стогаран гІийлачу серлоно къагийначу пена тІехь детталора суждане оьхучу цуьнан деха ІиндагІа.
Ламазаш дина ваьлча, ши куьг хьала а лаьцна, доІа дан волавелира:
– Веза хилла волу Дела, ворххІе а латта а, ворххІе стигла а кхоьллинарг, массо хІума ган а, тидам бан а ницкъ кхочург, адамашна рицкъа даккха аренаш а, лакхалла гайта лаьмнаш а кхоьллинарг, экханна хьаннаш а, чІерана хІордаш а леринарг, Хьуна бу-кха хастам а, шукру а.
ДоІа цо гІийлачу шабаршца дора, бІаьргаш дІа а хьаббина, къила ваххана. Наггахь цо аз ойура, бодане тийналла а йохош.
– Хьуна дукхадезна гІиллакхаш: оьздангалла, яхь, цІеналла, нийсо – тхайлахь Іалашдан а гІерташ, цхьанна а леш ца хуьлуш, корта маьрша хила а лууш, мацахмацах дуьйна шайл тІаьхьа дагийна латтий, дахкалучу декъийн хьожий бен хІума ца дуьтуш баьхкинчу уьнхойх[91], тІаьхьа ах сов хІаллак а хуьлуш, эххар ша къар а велла, зумсочунна машарна цо тур даллалц дуьнецна а кур бетташ веъначу АстагІчу Тимарх а, гІирмахойн, ногІийн, гІумкийн, таркхойн элех а леташ, тІаьхьа
Шемална тІаьхьа а хІиттина, тхайл бІозза сов мостагІна хьалха гора ца оьгуш, масийтта шарахь тІемаш беш, яккхийчутоьпашна дуьхьал шаьлтанашца гІуьттуш, бер когашка даха а кхиале герз кхосса а Іамош, доккхачу дуьненахь хьо воцург кхин накъост а воцуш, цхьа лаьмнаш доцург, букъ тоха гІортор а, тІехьа лачкъа дуьхьало а йоцуш (хастам бу-кх хьуна, Веза-Сийлахь верг, тхо лаьмнашна юххехь кхолларна, есачуарахь тхо хиллехь мел хала хир дара тхуна дуьненчохь нах а хилла даха), тхо теттина-теттина дуьненан маьІІе а даьхна, чуэхарх цкъа а кхача ца лучу Іин чу кхийса гІертачарна дуьхьал а лаьтташ, тхайн иштта а кІезиг долу цІий Іенош, хІара латта а хьандеш, схьадаьхкина тхо Іалашделахь, Веза Хилла Верг. Хьо тхуна

орцахвалалахь, тхуна тIехIоьттинчу хIокху кхерамечу киртигех, зуламечу оьрнех тхо кIелхьара а дохуш, хьайн комаьршачу къинхетамех тхо ма дахалахь…
ДоIа дина а ваьлла, ша хиъна Iаччохь ойланаш ян велира иза.
Нохчийчоьнан дукхахболчумолланаша а, Iеламнаха а, БухIан-Юьртахь шайн межлисе[92] гул а белла, шен эскаршца дуьхьало йоцуш чекхвалийта Деникин, цо бохург а деш, Делан мостагIий балшекашдIа а луш аьлла, сацам бинера. ХIара, ИбрахIим-хьаьжа, ца вахара цу гуламе. Цара кхунна тIе нах бахкийтира: халкъ хIаллакдан а ца гIерташ IаддаIе, хьайга бохург а деш.
«Сан бакъо яц и дан, аш дешна Iилма дешна аса а, шуна хуург ца хууш а вац», – элира кхо.
«Ахь кериста жайнаш дукхаха дешна, цунна ду хьан дуьхьалвалар», – дог датIо гIоьртира цхьаъ. Амма хIара дуьхьал вист а ца хуьлуш, суьлхьанашхьийзо хIоьттира, къамел чекхдаьллийла хоуьйтуш.
Оьрсийн маттахь газеташ а, киншкаш а йоьшура
ИбрахIим-хьаьжас, Соьлжа-гIалара кхехьа а кхоьхьуьйтуш, царна тIехь шена ца хуу дуккха а хIумнаш а хаалуш. И бахьанехь масийттаза эладита долийнера хIара цавезачара, кериста дине верза гIерташ ву хьенех бохуш…Иза дара межлисан векало кхуьнга аьлларг а.
ИбрахIим-хьаьжина хаьара царна халкъан бала кIезиг буйла, церан садуург шайн даьхни а, шайн латтанаш а, шайн бахамаш а буй. Изза ду ХьалхаМартантIехь гулделлачу доккхачухалкъана хьалха дIа а хIоьттина: «ХIей, нах, хIей! Вайна, паччахь а хилла, тIеван гIерташ верг цхьа а махьар-шахьар а доцуш, чалахь вина муьжги ву. Латта дерг лаьттан да хир вац шух, даьхни дерг даьхнин да а хир вац шух, я шайн доьзалан, я шайн коьртан да а хир вац. Цундела шайга бохург де, вайн мехкан а, лаьттан а дола вайга ваьшка дайта…» – боху къамел динчу Чермойн Тапин садуург а. ХIетахь наха цуьнга: «ХIинццалц ахьа бина дика болх а гина тхуна, хIинца тхо тхайн лаамехь дита ахь…»
– аьллера.
Кхуьнан, ИбрахIим-хьаьжин, бахам а бацара хIара вага, я хилча а цунах озавелла даго хьоьхург ца деш а
Iийр вацара, дуьненан белхаша, галваьkkхина, харцахьахула чухьовзавал гIийла некъахо а вацара иза.
Кхин цхьаъ а хаьара ИбрахIим-хьаьжина – нагахь, ша царна тIетайча, наха шега ладугIур доцийла. Нахана масийтта шерашкахь шаьш

сатийсинарг: маршо, латта, адамаш санна даха таро лур ю аьлла дӀакхайкхийнера керлачуӀедалан векалша. Цундела уьш ларбеш, церан мостагӀех леташ гӀойтӀархой юхабевр бацара.
БӀаьрнегӀарш тӀе а дехкииа Ӏачу ИбрахӀим-хьаьжина дуьхьал хӀоьттира кхузахь, ГӀойтӀахь, шо хьалха хиллачу гуламехь къамел дина Шуьйтарчу Джамалдин кӀант Асланбек.
«Тхан ламаройн я пабрикаш, я заводашяц, тхан дерриге хьал дозуш ду лаьттаца... – дагатесира цунна цхьана газета тӀера ша дешна Асланбекан къамелана юкъара могӀанаш. – ...ХӀинца тхоьга кхаьчна, шегахьа къуьйсуш, цхьамзанех накхош а детташ, тхан дай летта йолу маршо оха цхьанна а дӀалур яц...» – цуьнан кхин могӀанаш а дуьхьал тесира.
«ХӀаъ, нийса кхетта и кӀант: маршой, латтий ду нахана оьшург, – ойла йора цо. – Доккха хӀума а ду-кх сел жима воллушехь иза оццул хьекъал долуш хилар.
Цхьа суй бу-кх, дерриге халкъ ашена тӀаьхьа а хӀотталур долуш, цунах боккъал дог а лозуш. Амма и тайпа нах дукха ца беха. Дала вахавойла хьо кху декъазчу халкъана... Цуьнга а, Дикалуга а кхойкхуш стаг вахийта веза
Шуьйта...»
– ХӀума охьайиллина хьуна, – йистхилира стогаран серло къайлаяьккхина лаьтта зуда.
ИбрахӀим-хьаьжа вист а ца хилира дуьхьал.
Зуда меллаша дехьачу елира.
ХӀума ца яалора.
«ГӀиллакхаш, шайна цхьа хало тӀе ма хӀоьтти дохош хиллехь, хир а дацара. ГӀиллакхаш, оьшучохь цӀий а
Ӏенош, лардан деза», – ойла йора цо кора тӀе деттачу ткъарше ла а доьгӀуш.
Эццахь:
– ХӀе-хӀей, орца дала! Орца дала! Вай яьхна саьнгарш мостагӀаша дӀалаьцна! Орца дала!
«Цанин Шида... – девзира ИбрахӀим-хьаьжина кхойкхучун аз. – Со кхийринарг хили-кх. Буьйса шийла юаьлла дӀасабевлла. Ткъа вуьйш схьабаьхкина, хьан чохь охьахевшина, хьо вижна Ӏуьллушехь».
– ХӀе-хӀей, орца дала! – мел чӀогӀа наб кхеттарш а самабохуш, нехан неӀарех детталора аз.

Стогаран милт хьала а оьзна, тIе хIума юха хIоьттира ИбрахIим-хьаьжа. Цунна гIо деш, гIовтал тIера тилортай дIадоккхуш, маьхьсеш дIалуш, куй бегош, гонах хьийзара хIусамнана.
Дукха хан ялале маьждиган лекхачу момсар тIера дIасадаьржира ИбрахIим-хьаьжин дуткъа-зевне аз. Нах чIоггIа неIарш а, йовхарш а етташ, кетар, верта богIуш лаьтташехь тIе а ийзош, маьждиге хьаьлхира.

**2**

КIудал хьала а юьзна, тIехъоьхучу шовдан чу хуьйшу лайн чимаш дешаш, хи чохь къайладуьйлура.
КIудал йисттехь, лаьтта бIаьра а йогIаелла, лаьттара кху ГIойтIахь, цунна гонахарчу ярташкахь
ГIайтакъин Себила аьлла йоккхуш йоккха цIе йолуйоI.
Цуьнга а хьоьжуш, шен говран кхесах куьг хьоькхура вуткъа-лекхачу жимчу стага – Довтин Айдас.
И шиъ иштта лаьтта ах сахьт дара.
Шовдана йистехь кхин стагга а вацара, массо шайншайн гIуллакхе дIасаваьллера: къонахий маьждиге бахнера тIамна кечбала, бакххий нах, бераш, зударий катоьхна, ворданашца юьртара арабевлла ламчу доьлхучу некъашкахула ирхъоьхура.
Ткъа цу шимма хIара доьхна де, гуттар а санна, сатасарций хIокхушовдана йисте а деъна дIадолийнера.
Иллешца, эшаршца, хелхаршца муьлхха а синкъерам я ловзар хаздечу, шайн оьздачу юкъаметтигех хийла да а хьоьгуш, дийнахь шозза – сарахь, Iуьйранний – кху шовдана йистехь вовшахкхетта къамелаш ца дича ца
Iелуш хилла и шиъ – жима стаг, йоIIий – тахана кхоьлина лаьттара, хIинццалц къоначу ницкъах кхихкина, доккхучу сица а, цIийца а дехачу, керла кхерч кхолла хан гергакхачаран хазахетаро дерриге а хIума товщдина лелла шиъ, таханлерчу дийно шайн и хазахетар хьовха, шаьшшиъ а кху сел мерзачу дуьненара гуттаренна а дIадаккхаран кхерамо лаьцна.
ХIетте а ишиъ кIел ца соцура цукхерамна, кхукхоьлинчу, шийлачудийнахь делакъежара вовшашна. Шаьшшинна оццул а вовшашца латта, къамелаш дан хан хиларх доккхадеш. ХIора а ша-шена реза а дацара, хIинццалц иштта доладелла лелла, шаьшшинна кхерч а латийна, охьа а хиъна, цхьа буьйса мукъна а ца яьккхина.

Ишиъ сакъоьруш лийлира синкъерамашкахь, шовдана йистехь, ловзаршкахь, белхешкахь, даха а кхуьур ду-кха бохуш.
Маьждигера схьахеза аьзнашцкъа чIагIлора, тIаккха гIеллора, Айдин кхин хьем бан йиш яцара.
– Себила, хьо гIуо ткъа. Катоххий тIаьхьакхиа юьртахошна.
– Со юьртах ер яц.
– ХIунда?
– Со кхузахь а оьшу.
И шиъ юха а дист ца хуьлуш лаьттира. ТIаккха Себила, шен кIудал белша тIе а хIоттийна, дIайолаелира.
Айда хьаьгира цунах, хьаьгира цуьнгарчу кIудалх, цо ког буьллучунекъах, цо молучу хих. Цунна ша дуьненчохь мел ваьхначу стагал ирсе хийтира: ишттачуйоIана везна хилча, кхин хIун оьшу? Цунна цуьрриг а кхоам ца хийтира Iуьйкъехь сама а вуьйлуш, цунах йина ойланаш, тIаккха сатассалц ца Iаш, лелориг шена а билггала хIун ду а ца хууш, тIе хIума а юхий, тIелешачу лайн чимашна бухахула вола а лой, Iаьржачу буьйсанехула, наггахь жIаьло цкъа-шозза гIалх а олуш, шийлачу тийналло дIалецначу урамашкахула а ваьлла, и ехачуцIийнан кора хьалха а вахна, вехха латтар, тIаккха эвла йисте а ваьлла, сатассалц волавелла лелар а, сатесча уьйтIа йолуш цо диллинчу зIаран гIовгIа а хезий, шовданна тIе сихвалар а, нахе: «Оцу йоIа цхьа дарбанаш лелийна, талхийна и кIант», – бохуш, хабарш дийцийтар а (кхо ойла йора: цуьнан хазалла ма ю дерригенна а бехке, и стенна ца хаьа техьа нахана)... Ткъа цхьаболчара даггара хьехарш а дора, жимма шекьхила айхьа лелочух, тIаккха меттавогIур ву хьо, хьуо лела некъ хийца; цхьамма цуьнан мачи чу а доттий хи мала а элира. Ткъа кхунна-м ца лаьара меттаван, иза оьгIаз а ца воьдура хьехарш дечарна, иза, вела а къежаш,
IаддаIара.
Иштта лаьтташ иза цIеххьана кхийтира: кхин цкъа а гур яц Себилин бIаьргийн массо а хIума дицден серло. Иза кхера ца велира шена хIинцца гучуяьллачукъайленах, иза кхийтира тIаьххьарчу масех баттахь шен хьалхалера дуьненан самукъадалар дIа стенна даьлла: хIара кху дуьненчохь вехаш а ца хилла, дегI хиллехь а, са ца хилла... И иштта доллушехь Себилин ницкъ кхочуш хилла-кх кхуьнан кхетаман кIоргенехь болу сингаттам бицбан. Делахь иза, Себила, кхуьнан кхечу дуьненахь долчу сина хазахетар дан а ницкъ болуш ю-кх.

Оцу ойлано цунна мелла а хьаам бира.
ТІаккха иза стигала хьежа хІоьттира: можачу дахкарлара, дуьйсинчу кит чуьра санна, чукхийсало лайн чимаш бен хІумма а ца гора. ХІара тешна вара оцу мархел а, дахкарал а лакхахь, сирла-сийначу стиглахь шен син хинйолу меттиг хиларх.
Айда корта а ластийна, оцу ойланех цІан а велла, маьждигехьа волавелира. Къонахчо тІаме хІуттуш ен ойланаш яц хІорш – оьгІазвахара иза ша-шена.
ДІа а кхачале девзира Айдина къамел дечу къеначу
Данин аз:
– ...Ца оьшу хабарш ду ахь дуьйцурш, Доша, хьашт доцурш. Тахана тІаме хІотта ца луург юьртах вала маьрша ву-кх.
– Дана, со тахана юьртах а ваьлла, сайн са а лардина, вехар воцийла ца хууш вац хьо. Ас-м, вай ца тулу тІом а ца беш, ламчу духадевлча хІун дара техьа бохура. И де бохуш вайга мартанхой а, атагІой а, ву мел боху стаг а хилча. Адам жим ма делла вайн. ХІу хадарна кхоьру-кх со вайн а, берриге а нохчийн а.
– ...Доша, вай хазахета ма ца Іенийна и цІий. И-х вай хиллачу маьршачу дахарна тІера даьккхина сагІа ма дара. СагІано бен буха ма ца туху бала. И ца динехь, цхьаьнга маре а дахна, нускалан кеп лело дезар-кх вайн гуттар а. Ткъа цул эхье хІун хир ду къонахашна.
«Маржа, Дана яІ! Заманна кІел ца виса гІерташ схьавогІу хьо. Хьан аьтту куьйгашшиъ – цІазаниг, цунна юххерниг – пІелг а бац – и лар ю хьан дегІа тІехь
Шемилан тІамо йитина. Шалха гІагІ а дуьйхина ваьлла хьо тахана а ара. ХІинцалерчу тоьпашна дуьхьало хир юй-те иза…»
Данех йолушен ойланаш кхидІа ян ца кхиира Айда, малхбузерчу эвлайистехьара схьа сих-сиха дуьйлу татанаш а хезна.
– Мичахь беш бу и тІом? – хаьттира Данас шена уллорчу нахе.
– Хьаччакъин кІотарара схьахезаш ду герзаш дийлар-м.
– ИйтІ, маржа, Новраб-хьаьжа яІ! Къена борз ю иза шен кІезашца тасалуш, – вела а къежна, шен мекхех хьакха куьг хьалаайа бен ца кхиира Дана. Юткъа шок а тухуш, беъна маьждиган тІулгийн пенах кхийтира йоккхачу тоьпан хІоъ.
ТІаккха тийналла хІоьттира. Жимма хан яьлча, тоьпан хІоьънах къаьхкина, дІасакхийсабеллачуьра меттабаьхкинчу нахана гира, ши

куьг дIаса а тесна, бета юххехула цIийн тача а долуш, воьжна Iуьллу Доша.
Цуьнан даг тIе лерг а диллина, хьалаайвеллачу Айдин бIаьрг кхийтира Дошин аьтту когахь йоллучу неIармачин боьхначу буьххьехула араяьллачу хьаьжкIийн лоьдгах а, нана-пIелган IаржъеллачумIерах а.
– СадоьIуш вац, – хазийра цо.
Цхьа а вист а ца хуьлуш, тийналла хIоьттира цхьана юкъана.
– ДIадоладели хьуна, – цхьамма деншабарш чIоггIа дийкира майданахь.
ТIаккха ИбрахIим-хьаьжас, ши куьг хьала а лаьцна, мохь туххуш доIа дира, кегийрхоша буха верта а тесна, къилбехьа верзийна Iуьллучу Дошин коьрте а хIоьттина.
– ХIинца дIасадовла, нах! Дала гIо дойла-кх вайна, – элира цо тIаккха.
– ХIа-хIа, кIентий, схьадовла сан тобанера дерш, тIаьхьахIитта, юьртан малхбалехьа хIуьттур ду вай йовсаршна дуьхьал, – вистхилира Йошуркъин Чода.
– Шу суна тIаьхьахIитта, юьртан важа агIо вайн ю, – шен бIона хьалхавелира Девлин Хьату.
– Собардел, нах, – вистхилира Дана. – Вайна хан еза. Юьртах волург, юьртах валийта, тIамна кечдала а.
Дукха мел хили а дика ду.
– Бакъдуи, Дана. Ткъа вайна хан яла кечвелла стагга а ма вац… – Чодин дин цхьана меттахь ца сецалуш дIасакхийсалора.
– Хаьа суна. Вай жимма хIилла дан деза. Машар бийца стаг вахийта веза вай. Цара бохучун ойла ян ши сахьт хан а йоьхуш.
– Лур яц. Вай царна жоп делла ши де а даьлла.
– ХIетте а, вайна мелла а хан хир яра…
– Дана бакълоь, бакълоь Дана, – маьхьарий хезира маьI-маьIера схьа.
– Дана бакъ а лоь, цаьрца къамел дан со вахча бакъахьа а хетара суна, – майдана юккъе велира Цанин
Шида.
– Хьо ца вахча ца мега цига? – вистхилира Чода.
– Суна мотт а хаьа. Цу тIе сан делха а дац, я дека а…
– Хьо ваха а мегар ду цига-м, хабар дахдан хьажа веза, – резахилла велакъежира Дана.
Оцу минотехь, буьххьехь кIайн кIадин кийсиг а йихкина, еха гIаж еара. Иза кара а лаьцна, дIаволавалале нахе бIаьрг а тухуш, Шида сецча,

Айдина цхьа хIинццалц шена гина йоцчу серлонца лепаш хийтира цуьнан юьхь. Хадда йоллуш гIодаюкъ а, кIайн юьхь-сибат, жимдешдIалергина маж-мекх а долу
Шида цунна шена мел гинчу нахал оьзда а, куц долуш а хийтира. Вахна, цунна улло дIахIоьттира Айда.
– Со вуха ца верзахь, оцу сан хIусамнанна шеран коьртехь цхьа боьзан коч а, закатна ялта а лолаш, – элира цо шена уллохь лаьттачу кегийчу нахе.
ТIаккха голаш таIийна дин дIаэкkхийтира. Айда а, кхин цхьа тIемало а хIоьттира цунна улло.
Говра тIехь, дечгах вича санна, вогIа а велла Iара
Цанин Шида. Иза генаваллалц лаьттира юьртахой, цунна тIаьхьахьуьйсуш.
– ИбрахIим-хьаьжа, вайн хьешаша шайна герз доьху, шаьш тIаме ца хIуьттуш Iийр дац боху.
– Хьеший ларбийр бу вай, тIаме а ца хIуьттуьйтуш.
Уьш ларбеш ца хилча, хIара дуола а стенна дора?..
– Нийса ду, нийса ду, – массо а резахиларца кортош теIо велира.
ТIаккха бIаьрзе Иэлада велира нахана юккъера майдана схьа.
Лерга улло куьг а диллина, илли долийра цо:
Вай делча денлур дац,
Къанделча къонлур дац,
Вайн динчу наноша
Вай духа дийра дац.
Пхи бIе илли хаьа Иэладина. Цуьнгара ши бIе гергга схьаэцна Айдас. Кхин схьаэца кхуьур вуй теша?
Мичахь Iемина Иэладина уьш? НогIийн махка цхьана хьоладен рема лалла вахханчохь коьртах чов а хилла, цIа а веана, цу чевнах ца воьрзуш, бIарз а велла, ша висча, дуьненах дог диллина бохамна кIел а ца соцуш, МартантIехула, Терка йистехула, Шелахула, Веданхула, Шуьйтахула, лакха лаьмнашца – Нашхахула, ГаланЧIожахула, Маьлхистахула, шарой, шикъарой, чIебарлой, дзумсой бехачухула – хIокху йоккхачуНохчийчохь ша вевза-везаш а, шена бевза-безаш а нах болчухула волавелла лелаш, баккхийчу нахе а, илланчашка а, суьйранна мохо чубожийначу шен бенна доьлхучу олхазаре а, бердах чукхийсалучу хин чахчарешка а, довхачу тIулгаш тIехь духучу маьлхан догIане а, Органан гIовгIане а, боьранашкахьшок

етташхьийзачударце а ла а доьгIуш, Iамийна цо уьш. БIаьрса дIадаьлча, шен мехкан лерса хилира цунах. Цунна наханчул хьалха хаалора мостагI тIевогIуш. Масийтта чаккхарма генахь хиларх хезара мостагIийн говрийн бергийн татанаш.
Уьш стенна дуьйцу, царна, мостагIашна, шайна тIелата дагадар а хезара цунна. ТIаккха цо иза нахе дийца а дуьйцура. Уьш кхунах, дуккхахьолахь, теша а ца тешара, бакъду, кхо бохург кхочушхилча, дохкобовлура.
Шена хуучех бIе гергга илли цо ша кхоьллинера, лерсино мел хазочух коьртаниг схьа а къастош, цу тIе хьалха бIаьрса а долуш хиллачу шен дахарера иэсехь
Iалашделла басарш жим-жима тIе а тухуш.
Иллино дIалаьцначуИэладинашен къоначушерашкахьлера суьрташ хIуьттура, цо леккха айинера корта, дIасаяржийнера белш, цунна хетара ша шерачу арахула дин хаьхкина воьдуш санна, бIаьрнегIар тухучуюкъана, хехой дIаса а човхийна, барзо санна, реманна го тесна, иза хьалха а лаьллина вогIуш; тIаккха юьрта йисте а хIоьттина: «ХIей-хIей, юьртахой, хIара душуна оха ялийнчуреманах суна кхаьчна дакъа, хIорш дIаекъа байшна, жоьра бисинчу зударшна, мискачу нахана», – бохуш, мохь бетташлаьтташ, тIаккха екхначу буьйсанна юьртана тIехула екаш, хьаьжкIийн белхехь цIарна цIе яхначу мехкарша лоькху: «Схьакхета малх гирий шуна, чубузу малх гирий шуна, рема лоьллуш, сирчу динахь Довкин Иэлада гирий шуна…» – боху йиш а хезаш, волавелла лелаш…
Илли ерриге а майдано айина, хIора а минотехь чIагIлуш, лакхадолуш дIасадаьржара, цо дог ира-кара хIиттийна нах юьрта йисте боьлхура.

**3**

ЦанинШидий, цуьнан ши накъосттий ах некъ бина ваьллера, хьоькхучу мохо иллин аьзнаш тIаьхьакхиочу хенахь. Хазахийтира царна, хIораннан а, дог ира-кара а хIоьттина, бIаьрг серлабаьлла, самалхаделира.
– Эйт, горалера илли яI, – шед туьйхира Цанин
Шидас.
Вукхушимма а тIаьхьахьайира говраш.
ДIакхаьчча къамел дан дуьхьалваьлла эпсар куралла кхаьрга схьахьажа вешаш а вацара.
– ХIун боху аш?

– Тханюрт Iаддайитахьара аш, охашуна дина хIумма а дацара.
– Iаддаюьтур ю, аш большевикаш а, ИбрахIим-хьаьжа а, Йошуркъин Чода а, Девлин Хьату а схьалахь.
Пхийтта минот ю шуна.
– Пхийтта минот кIезиг ю, полколаг, ши сахьт мукъна а лохьа.
– И хIун ю цо юьйцург?! Ши сахьт! Акхарой! Пхийтта минот ю шуна…
Эццахь шен пхьалгIа дагаеара Шидина, цу чохь маьрсаш, дагарш, гаьмнаш, ворданан меженаш йора цо, хIан-хIа, шаьлтанаш-м ца йора, уьш ян дуккха а хан езара, и хан кхуьнан яцара, уьш ДаьргIарий, ЖугIуртарий кхоьхьура, кхуо юьртахь нахана балха тIехь оьшу гIирсаш бора, уьш кхуо дечунна чIогIа реза а хуьлура, хIара волчохь гул а лора, хабарш дийца а, забарш ян а, кхуо царах хIораннах а, шен балха тIехь цхьацца хIума дойтуш, пайда а оьцура, къаьсттина уьш оьшуш хуьлура эчиг хадочу хенахь тукаран га охьаозо, ялх стаг таса а велла, кхузза тохавелча, хададора цо эчиг. Бегашна тIера хIара ша а вара, уллохула тIехдолу бер а ца дуьтура, схьа а лоций, цIийдина эчиг шелдечу хи чу ца Iуттуш, чуьра хьаладаькккхича дерриге а кIормодех а дузий, «Ва-а-а», – бохуш, доьлхуш, урамехула хьаьдда доьдучу берана тIаьхьа а хьоьжуш, воьлуш лаьттара; цкъа цхьа ламаро – уьш-м вон бегаш а бара, тIаьхьа дохко а велира хIара, – хIаъ, цхьа ламаро вогIура шен говр-вордана а хиъна урамехула схьа, иза геннахь волуш кхуо цIийдина эчиг кхоьссира новкъа, – чIогIа эчиган къелла йолуш ма буй ламарой, оццул долчу эчигна тIех мича валалур вара хьуна; – дIаса а хьаьжна, цхьапъаьлла вордана тIера чутиллачу ламарочо, цIийдар схьа а эцна, вагийна, ша волччохь кхосса а луш, охьакхоьссира. Оцухенахь пхьалгIин неIарехь схьагучуваьлла хIара вела ца луш Iевелирий, ткъа...
– Къежаш дац и экха! Яхийта кхузара. Шайн нанна... Пхийтта минот хан ю шуна!
– Стенна, оццул дукха? Ас хьуна цхьа а минот а ца ло, – аларций, чои кIелхьара хьалалаьцна топ полколаган некхан уьн тIе а лаьцна ялийтича, цкьабосса девллачу герзаша цестина, лаьтта вожале, шена уллора Айдас говр дIаоьккхуьйтуш а хааелла, цунна тIаьхьа: «ПхьалгIе хьажалахь!» – аьлла, мохь тоха кхиавелира
Шида.
Важа накъост, тарраша цестина, кхунна улло охьавахара. Кхетам дIабале, Шидин дагахьбалламе ойла хилира: «Цхьаъ вожо бен ца кхии-

кх со. ДIо, дадас вуьйцуш хиллачу, Оччархьаьжас Гезлой-эвлахь, иштта шен сий дайъича, шаьлтанца шиъ цестинера... хIара тайпа ши жIаьла...»
Кхетамчуьра волуш шена тIекхаьчнарг чаккхе ю моьттинехь а, дукха хан ялалеШидина юха а хаза юьйлаелира гIовгIанаш. Говрийн бергийн татанаш доьлхучу агIор дIатекхира иза – цу агIор хила езара ГIойтIа. Кест-кеста юьхь тIе гIорийначу лаьттан цинц тухура бергаша, амма цхьа а цунна тIе ца кхетара. И халла меттахъхье цIийх юьзна адаман чарх гуттаренна а дIатейта тоьар яра цхьа берг, амма иза цунах ларвеш, юрт йолчу агIор меллаша дIавуьгура цхьана боккхачу ницкъо. Стенна? Хьанна оьшура ца верза чевнаш хиллачу цуьнан оьмар яхъяр?
Иза вехха ихира. КIадвелла, хIотта а хIоьттина, сецча, цунна хезира Иэладин аз:
И муьжгий, балшекаш тхан хьеший бу хьуна,
Ткъа хьеший дIалуш тхан гIиллакх дац хьуна, –
ДIавелча виса ИбрахIим-хьаьжа вац хьуна,
Олуш, шен мажар-топ инарлин некха тIе хIоттийна
Йолуйтуш ма хилира и Цанин ва Шида…
Айда дIакхаьчна хилла-кх юьрта. Цо дийцина хир.
ХIинца вала а мегар ду. Зайтан Шихмирзех а санна, илли ду кхунах… Таймин Бийболтах а, Хорачойн Зеламхех а дерш санна, нахана юккъехь гуттар а даха дуьсур ду иза.
БIаьрзечу Иэладас эр а ду кест-кеста.
Илли хезча хиллачу хазахетаро тIаьххьара ша вохвича, и ойла ян а кхиира Цанин Шида. ТIаккха иза шелоно а, бодано а дIакхаьллира.

**4**

– ДIадовла, бераш, кхузара! ДIадовла! Шаьш гIуллакх дахь, патармаш дIасакхехьа.
– Уьш дIакхоьхьуштдуккха а бу.
– Аш а кхехьа.
– Ахь тхуна тоьпаш ло тIаккха.
– Тоьпаш муха ло, топ хьала а ца айалучу берашка?
– Тхоьга-м айало, кхосса а хаьа.
– Мел хан ю шун?
– Пхийтта!..
– Пхийтта шераш хилча-м, шу къонахий хир дара… шийтта а хир дац
– Ду хьуна.

– Делахь, хIун дийр ду шуна. Схьадуьйла, дIаэца, – эгIаза воккха стаг шен рагIун сонехь лаьттачу тоьпашна тIеволавелира. – ХIан, цхьацца топ ю шуна, пхиппа патарма а.
Самукъадаьлла дIалилхина бераш, гена довлале севцира. Царах цхьамма, юха а рагIу улло а веана:
– Ваши, кхин пхи патарма а лохьа, – элира.
– ДIавала кхузара, пхи салти вийча тоьар ду хьуна… – шен мерах кхозу седа пхьош а хьаькхна дIабаьккхира воккхачу стага.
– Пхий а патарма дIаккхета аьлла а ма дац.
– Схьая топ, схьая! Хьо генара кхийса воллу.
– Воха ма вохалахь, Къайсар, ас хIинцца чов дIайоьхку хьан…
– Со…со-м вухур вац, Iеламха…топ хьажош кхосса ахь…
– Юьрта чу яккхий тоьпаш етта йолийна варраша.
– И тоьпаш схьа а яьхна, царна дуьхьал ерзо езара…
– Уьш мича яхалур ю схьа…
– Яхалур яра, стелахаьштигаш хилча…
– Муха, стелахаьштигаш хилча?..
– Стелахаьштигаш а хилла, уьш болччу тIелетча…
Иза тоьпо а ма ца лоцу.
– Харц луьйш ву-кх хьо…Делан цIе яккха.
– Вац хьуна со харц луьйш… Хила йиш ю хьуна стагах стелахаьштиг…
– Кхин цхьаъ а туьйхи йоккха топ. Беччаркъин цIа а демадарц дина дIадаьккхи.
– Беччаркъин цIа дохорх-м хIумма а дацара, муьста берам чохь болучерма дохийнийла дIахаийтахь, тIама юккъе а иккхина лийр ву-кх иза…Ва-хьа-хьа…
– Ма вела, чевнна ницкъ бо ахь.
– Ва-хьа-хьа…Ва-хьа-хьа…
– Къайсар! Къайсар! Меттах хьовш а вац. Воьлуш, дерриг цIий дIадахийти-кх ахь, Къайсар! Дала атто йойла-кх хьан сина…
– ИйтI, йовссарш. Хьежош кхуьйсушуна. ОхьатаIа, йоI, хенал хьалха яла а ца гIерташ.
– Ану, хан ца кхаьчча вала йиш юй стеган?
– Хан стеган бархI ю олу ИбрахIим-хьаьжас.
– Муха бархI?

– ВорхI, стага бахьна лелийна, тIехъяла йиш йолуш ю. БархIалгIаниг – хьо лоцу ерг ю.
– Делахь, цхьаъ суна юххехула тIехтили хьуна!
– Схьайола, суна юххе хIокху вордана чу охьайижа…Иштта…Аннийн херонашкахула ара а хьоьжуш.
– Ану, цхьаъ ву хьуна дIогахь Iуьллуш.
– Тпру, саца. ДIалаца хIара архаш. Дела, хьуна бу-кх хастам, сел генара текхна кхуюьрта йисте кхаччал схьаван ницкъ белла хилла-кх ахь кхунна, сел дукха чевнаш хиллачу. ДIалаца хIара… Иэга а ма е, елха а ма гIерта. ДIайуола. Иштта ду хьуна хIара дуьне. Оьзда кIант вара хьуна хIара. Ларвеш виллалахь. Иштта.
ХIинца дIайолаялийта. Охьалачкъа. ХIумма а хир дац хьуна, кхунах дIахьакхаяларх…
– Ану, кхин цхьаъ а ву хьуна дIогахь Iуьллуш.
– Велахь, сацал. Иштта. Меттахъхьуьйш ву. Воха-м ца воьхна хьо, кIант?
– Ану… хьо муха кхаьчна?
– Иштта. Схьайола, йоI, хIара хIокху вертан тIе а виллина, хьалаойур ву вайшимма. Иштта коьртехьа яла. Шек дIа а вуй, ткъа. Къежа а къежаш, Iуьллуш ву.
Ой, и хIун ду, йоI, ахь лелориг? Верта охьа ма хийци ахь?Ши куьг-м ца лехна хьан?
– Иза лазийна а вац.
– Муха вац, ца го хьуна цуьнан чевнаш?..
– И суна тIекхийдаш ву-кх.
– Бакъ кхийда-кх, къонах ма ву иза. Схьалаца и верта, яларна-м ца кхоьру хьо, и хьайх хьакхавелча. Меллаша виллалахь, иштта. ХIинца дIайолаялийта. Иштта.
– Ану… Ану…
– ХIун боху ахь, Къайсар.
– ХIокху йоьIан цIе хIун ю?
– Хьуна ца хаьа, Къайсар? Шун куьпахь Iийначу
Эдисолтин ю-кх хIара, хIинца соьца Iаш. Совдат ю-кх кхуьнан цIе.
– Совдат…Со цIахь наггахь бен хуьлуш а ма вацара… Совдат!
– ХIун боху ахь?
– Вайн гурахь хьаьжкIийн белхи хIоьттича, со дага а лаций цхьа йиш лакхалахь… «Гу лекхачу лома юьйлуш…» бохуйиш.

– Ахь хIун дуьйцу, Къайсар? Хьо толур ма ву…
– …Суна къинтIера а яьллахь, ас бегаш… хIаъ… къинтIера… йиш а лакхалахь… Совдат… Суна йиш лакха сан йиша а яц хьуна…
– Ану, Ану…ХIара леш ву хьуна.
– Ма елха, йоI…Цул а бисмилла деша.
Нах бехачу дуккхачу меттигашкахула чекхбевллера хIорш, мацалла а, шелонна а кIел а бисна, лайла, цIунала охьа ца оьгуш. Амма тIе а эцна, буза а бина, Iа чекхдаллалц хIорш шайца бита лууш стаг ца велира цхьа а, хIокху ГIойтIа кхаччалц. Оцу бехачу новкъахь кхарах дуккха а накъостий а къистира, ткъа цхьана юьртахула тIехдовлуш кхаьргара мегар йолу коч-хеча а, йолчуьнгара этгаш дIаехира…ТIаккха мачийн метта тIелхигаш а хьерчийна, шелоно когаш а морцуш, хIокху хийрачу мехкашкахула, дохдала цIе лоьхуш, кхидIа а некъ бира.
Кхунна, Сергейна, дуьххьара хIокхукерлачу Iедалан бIонна тIаьхьахIуттуш моьттура, цхьана шина-кхаа дийнахь тоьхна-тоьхна ширaниг хIаллак а дина, керла Iедал а хIоттийна, дIаде шортта латта а, бераш дуьзна а, тIедуьйхина а долуш, шен Акулиниций ваха охахуур ву аьлла. Амма и де дахдели. ХIинца хIун деш ю-те
Акулина? ХIара велла моьттуш хир ю… Дохковаьлча а, вухавала меттиг а бац хIинца. ХIинца валлалц я дуьхьал хIоьттинарг къарваллалц лета веза.
Коре хIоьттина лаьттачуСергейн бIаьргех хи делира. Шаьш деникинхошна дIаделлехь а, дагчохь хIокху гIойтIархошна бехк ца буьллура кхуо. Церан хIун гIуллакхдара хIорш, мезех, модехюьзнахIара тIелхигаш бахьанехь, шаьш а, шайн юрт а хIаллакьян. Амма дагахь а доцург хилира. Ца белира. И ца деш, тахана бала хIитти юьртахой, хIорш тIаме а ца хIуьттуьйтуш. Шен оьмарехь кхунна дукха гинера адамаш, тIаьххьарчу хенахь царах вуониг бен кхин ойла а ца ялора цуьнга, массо а вовшийн вен, вовшашкара тIаьххьара баьпган юьхк схьаяккха араваьлча санна хетара. Дукха гинера цунна адамашкахь бухбоцуIин. Ткъа кхузахь, ГIойтIахь, цунна гира адамийн лакхе.
Оцу лакхахь, лахарчарах схьакъаьсташ, кхин гIиллакхаш дара, Сергейна кхета хала а долуш. И иштта делахь а, коре а хIоьттина, дуьйлучу герзашка ла а доьгIуш, лаьттачукхунна цхьа хIума хиира: оццул дукха юьртахой а леш, баьккхина толам, дийна а волуш, шена

ган йиш цахилар. ХӀара тӀаме чухьодур ву, герз ца хилча а дац хӀумма а, хирг дӀа хир кхунах.
НеӀарх вала кхуьнан йиш яцара, хӀусамдас ша тӀаме воьдуш тӀехула зайл боьллинера. Корера рама схьаяьккхира цо. ТӀаккха ара а ваьлла, ша ма-хиллара рама дӀа а хӀоттийна, юьрта йисте хьаьдира.
– Хьаьжа, вайн хьеший ца Ӏий тӀаме ца хӀуьттуш.
Делккъалц ас хала сецийра уьш.
– ХӀун дийр ду ткъа. Дала аьтто бойла-кх церан.
– Хьаьжа, юьрта чубоьлла мостагӀий.
– Хаьа суна. Ӏумхин керта тӀекхаччалц бен чубахка йиш яц хьуна церан. ДӀагӀой, дӀаала нахе, уьш кхин сехьабовла йиш яц алий.
– Хьаьжа, наха доӀа де боху хьоьга…
– Хаддаза деш ма ву со и доӀа, ва Сардал…
– Мохь тоххий, шайна а хозуьйтуш. Деле вай толийта алий.
– Веза хилла волу Дела…

**5**

ИбрахӀим-хьаьжа доӀа дина а ваьлла, тийналла хӀоьттича, шен илли дӀа ца долош лаьттачу бӀаьрзечу
Иэладина хаалора шега ца кхеташ хьуьйсучу, ша санна, юьртах а ца бовлуш севцачу баккхийчу нехан бӀаьргаш. Уьшмассо а кийча вара цо дӀадолийна илли, лаьтта ца доссуьйтуш, айдина стиглахула дӀадахийта. ХӀетте а, сица гуллуш, куьг лерга улло а диллина, аз ца хозуьйтуш лаьттара иза. Цунна хаьара ша илли муха ала деза – Чхьайнин Чийрика ворхӀ вешин йишина кхозлагӀа пондар ма-лакхара.
Баттахь гергга бина Чийрика пондар, зарзаран эшаре ла а доьгӀуш тадина мерзаш, тӀаккха, охьа а хиъна, цхьана дийнахь сарралц лекхна цо. Цуьнан эшаре ладоьгӀуш дӀатийна хьуьнхара олхазарш, акхарой, цуьнан эшаре ладоьгӀуш дӀатийна дуьненчохь мел долу адамаш. Амма ворхӀ вешин йиша схьа а ца хьаьжна.
ТӀулгех тоьхна, шен пондар а бохийна, цӀа вахна Чийрик. ТӀаккха…
– ИбрахӀим-хьаьжа, Ӏумхин цӀенна тӀе кхаьчна тӀом, – шена уллохь Сардалан вистхиларо ойланех юкъахваьккхира Иэлада.
– Кхин сехьабовла йиш яц церан, – элира ИбрахӀимхьаьжас хаддош. – ДӀа а гӀой, дӀаала и нахе.
Илли доло дезаш хиларан билгало яра иза.
ЦӀеххьана а, зевне а дийкира Иэладин аз:
Вай езаш ва йина, вайн гӀийла хӀусамаш,

Корах алу ва туьйсуш йогучу цу дийнахь…
Юрт юьллуш дехкина вайн шуьйра урамаш,
ХIотта меттиг ва йоцуш, сийсачу цу дийнахь!
– Iа-а-а, – тIаьхьара элира баккхийчу наха. Царна тIаьххье тIамехь бохкучара айина, ерриге а Нохчийн арахула лаьмнийн когашка кхаччалц дIадахара Дадинюрт яккхарх долчу иллин доладалар. Чхьайнин Чийрика дуьххьара лекхначу эшаран ницкъаца нисъеш элира Иэладас хьалхара байт. ТIаккха цо оцу Чхьайнин Чийрика, керла пондар а бина, ваха а вахна, доьду хиш, шовданаш совцош, лекха лаьмнаш чухерцош лекхначу эшаре (оццул чIогIа лекхча а дIа а хьаьжний, ткъа, ворхI вешин йиша! – Дог чIогIа стаг хилла) дIакхочуш хила езара шолгIа байт:
Вай керлах балийна вайн хьомсар несарий,
Марзойн цIераш ва йохуш, кхойкхучу цу дийнахь!
Вай дина дай-наной, совца меттиг ва йоцуш,
Орцана ва кхойкхуш хьийзачу цу дийнахь
Сема ла догIалаш дехачу цу юьрта.
Наношна ва доьлхуш бераш хезар ду шуна!
Вайна безна мехкарий, шайний-шайний ва бохуш,
Вайна цIераш ва етташ, вайга хьуьйсуш бу шуна!
ТIаьхьара олучийн аьзнашка ла а доьгIуш, цхьана юкъана сих-сиха шийла хIаваъ чу а уьйзуш, сацавелира Иэлада. ХIинца илли уггаре а лакхарчу дарже дала дезара…
КхозлагIа а пондар бина Чхьайнин Чийрика.
КхозлагIа а вахана иза ворхI вешин йиша ехачубIаьвна кIел. КхозлагIа а лекхна цо йиш. Оцу эшаран чIагIалло дерриге а дуьне а цецдаькккхина, оцу эшаро, чу синош а кхоьллина, белла нах кешнашкара гIовттийна…
Иэгор бу вай, кIентий, эхь дайна мостагIий,
Бохор бу вай, кIентий, сий доцу мостагIий.
Болатах ва дина терсмаймал ва тарраш,
Лаккха хьала ва уьйуш, вай царна деттар ду!
Нохчийн пхьераша ва йина хьенапан шаьлтанаш,
Вовшашка ва кхийдош, вай царна Iуьттур ю…
ХIан-хIа, ницкъ бацара Иэладин иллин белларш гIовтто, амма ца берза чевнаш хиллачеран оьмар ях-м йора цо. ТIаьххьара садоьIучарна а

тоьпан лаг озо ницкъ лора. МостагIашка ца ланбелира и ши ницкъ – адамийниг а, иллиниг а. Уьш бухаберза буьйлира…
ТIехьа лаьттачу эпсарша маьхьарий детташ сецабора уьш. Амма иллин декар кхин а чIагIлуш дара, цо и маьхьарий дойура, цо къарйора герзийн гIовгIа а, цо поттанаш хIиттайора мостагIийн лергашкахь; царах масех оцу иллин ницкъ лан а ца белла, коьртах а телхина, хьайбанаш санна, Iеха а Iоьхуш, герзаш охьа а кхуьйсуш, юханехьа ведира…

**6**

Данин цхьа дагахьбаллам бара, легашкахь хорам беш. Уьш ша цкъа а ца хьастар. Мел кегий болуш а.
Кхуьнан цаьрга болу безам къайлах а, чIогIа а бара.
Амма уьш хьестар осала хетара, и мел лаахь а. Цундела кегий долуш берашшайна чохь кхуьура, кхунна уьш, дуьххьара кога а дахна, дIадуьйладелча гора.
Цкъа уггаре а жиманиг, воьалгIаниг, хIаъ, хIара вукх, узарш а деш Iуьллург…
– Узарш стенна до ахь, велла ма валарг, кху кхааннах эхь ца хета хьуна. ЧIикъ а ца олуш дIавирзинчу кху кхааннах.
ДIатий…ХIаъ, хIетахь. Бераш долчохь горгам хьокхуш, ага сехьа чу хIоттийнера хIусамнанас хIара Iаш волчу.
ОьгIазвахна корах араластийра цо ага. ХIаъ, хIара хIинца леш волужиманиг вара цучохь. Эвхьазло дика ма яц берашний, дений юккъехь.
Тоьпашшортта йити аш, берзан кIезий, цхьаъ йохъелча, важа хьала а оьцуш, иштта дIаеттар ю-кх. Велла ма валарг, узарш а ма совций ахь.
Дана, ша кхуьйсу топ а сацийна, леш воллучун коьрте охьа а хиъна, шабаршца тахана доьазлагIа еса деша хIоьттира. Есанна юккъе воллучу хенахь, са дIаделира кIентан. БIаьргаш дIакъовла охьатаьIиначуДанина шен кIентан юьхь ца гира. Бода беъна теша, ма Iаржъелла вайна? БIаьргех куьйгаш хьаькхира цо. ТIаккха иза кхийтира, шена тIаьххьара малх а дIабуьзна хиларх, ша гутаренна а Iаьржачу боданехь а вуьтуш. Хорам хилира цунна, велха дог а деара. Амма цо сатуьйхира, халла къурд бина. «Къанвелла-кх со…» – ойла хилира цуьнан.
ТIаккха куьйгашца схьа а лоьхуш, шен кIентийн коьртех куьг хьекха хIоьттира иза:

– Сан Ида, сан Ича, сан Ахьмад, сан Мада, – йиъ цIе янькхира. Цо эххар а, веллачул тIаьхьа, хьаьстира шен виъ кIант.
Виъ кIант а вийна, орам а хаьдда, бIарз а велла, гIорийначу лаьтта а хиъна, корта тоьпа тIе а биллина
Iачу воккхачу стагана шен дерриге а дахар дуьхьал тесира.
Пхийтта шо ма-кхеччи хIоьттира тIаме, хIинца ша тIе а хиъна Iаш волу хIара латта а, маршо а бахьанехь, хIинц-хIинца тIом чекх а баьлла, нах санна, бIаьста латта а охуш, гурахь ялта чу а дерзош, аьхка маша а, Iай лахьа а деш, хIусамнана а ялийна, Iийр ву-кх бохуш хийла шераш дIаихира. ТIаккха тIом сецча а, даима пха санна вула а велла, мичча хенахь а мостагIчунна дуьхьалхIотта кийчча лела дезара: зуда а ялийна охьа а хиъна, хIара доьзал болийча, дог хIетталц бевзаш ца хиллачу синхаамо – кхерамо дIалецира. Амма кхуо цхьаьнгга а ца буьйцура и синхаам, ша-шех а лечкъабора иза. Амма иза бара. Эрна хилла а ца хилла, хIетахь, масийтта шо хьалха дуьйна, таханлерчу хIокху дийнан сингаттам хилла-кх даго лелош берг, хIара кхета хIинца цунах. Оцу масийтта шарахь даго хьоьхура цунна хIара сингаттам, ворхI вешех а, дех-ненах а, шен чкъурарчу нахах а къаьстинчул тIаьхьа мукъна а синтеме зама йогIур яц теша, аьлла а хетара. Наггахь дагадогIура цхьа агIо схьа а лаьцна – малхбале я малбузе, къилбе я къилбаседе – бен а яц – масийтта шарахь дIаэха, цхьа а тIом бан а, цкъа а кхера а ца дезачу махка кхаччалц. Амма кхуо иза ца дора шина бахьанина: цкъа-делахь, хIара тешна вара тIехь да воцу латта хIокху дуьненчохь цхьанхьа а дац аьлла, ша цкъа а даста ца лучу шаша хьулдинарг доцург, ткъа цу махкахь кхуьнан кийрарчушен лаьттах къастаран а, цигахь йолчу а шина а шелоно гIора а вина, гуттаренна а цхьана меттахь латта вуьсур ву; шолгIа-делахь, кхуьнга бутт а баккхалур бацара хIоккумахках, нана-Нохчийчоьнах а ваьлла, цундела ворхIе дегара шена кхаьчначу лаьтта тIера дIа ца волуш хIаллакьхилар гIолею, хьо дIаволла тIаьхьа стаг хилча-м мухалле а…
Данина эхь хетара хIара бохам лан а ца белла ша бIарзвалар, эхь хетара ша-шена хьалха а, хенал хьалха хIара дуьне дитина Делан кхеле дIабирзинчушен нийсархошна хьалха а. Кхунна дуьххьара доьхна ма ца Iара хIара дуьне, хийланна а доьхна. Бу аьллачу къонахашна а, иллешкахь буьйцучарна а. Массо накъост а вийна, чевнаш а хилла вала воьжча, туьрца шен накха а батIийна, кийра куьг а дахийтина, дог схьа а даькхина: «Давелла диса хьо, доттагIий а байича, цIе йолуш мел

волу стаг а дIаваьлча, ца иккхина хьо болатан ду ма моьттура суна, хьо-м ца хилла иштта, хьо дилхан хилла», – бохуш, дечиг санна шен дог туьраца хьекха а хьоькхуш, велла ЗайтанШихмирза. Хьалха нах турпала хилла, хилла-те…
– Дана, Дала гечдойла-кх кхарна. Дала иманца собар лойла-кх хьуна а.
– Ану, хьо ю иза… Дела реза хуьлда хьуна а. Хьо хьуо ю?
– Яц. Совдат а ю соьца, Эдисолтин йоI.
– ИбрахIим-хьаьже дIаберзабе алалахь уьш. Хьайн доIанна юккъе гуттар лаца бохура а ала ас.
– Дика ду, Дана. Дала собар…
Собар…И ду-кх велла дIаваллалц хила дезарг. Собар деш, нахала а ца волуш, лан беза мел беза бала а, мел хуьлу хало а. Собарца совцо деза бIаьрхиш а, оьгIазло а. Гуттар а – собар. Делахь а и бала а, и бIаьрхиш а, и оьгIазло а IаIа ма IаьIа кийрахь, уьш тIепаза дIа ма ца йов, IаьIа йоккха бог а хуьлуш. Кхуьнан кийрахь ца латталуш юсаелла иза, лоппаг санна.
– ХIа-а-а, – цIеххьана иккхира иза. – ХIа-а-а.
– ХIа-а-а, – гIовгIанца хаьара цунна мостагIий мичахь бу. Аьтту куьйган шина пIелга юккъехь шаьлта а лаьцна чухьаьдира иза, аьтту а, аьрру а агIор иза етта а етташ. Вуьйш тоьпаш юла а ца кхиабора, кхуьнан шаьлта ткъесах етталора церан кортош тIе. Доккха кес дуьллуш, царна юккъехула генна чувахара иза, эххар а евлира церан тоьпаш, цхьабосса.
Амма царах цхьамма а ца дохийра кхуьнан шалха гIагI.
– ХIей-хIей! – мохь туьйхира цо юха а. Юха а цистира цо аьрру а, аьтту а агIорнаш.
Вуьйш цецбевлла, Iадийра.
– Иза тоьпо а ца лоцу.
– Иза адам-йилбаз ду.
– Иза оцу акхаройн дела ву.
– Цхьамзанаш тIехь ирхъайа, – мохь белира эпсаре.
Ирх айира Дана цхьамзанаш тIехь. Амма и хьалаайинарш лаг озо ца кхиира – шаьлтанца уьш массо а ата а аьтта, юха а лаьтта воьссира Дана. Кхин шозза а дира цо изза.
ТIаккха:
– Схьататта йоккха топ! Йоккха топ! – мохь белира эпсаре.

Данина хааделира шена тIеерзийначу биргIин шийла садеIар, бух боцчу Iинчуьра, Iожаллин Iинчуьра схьадогIура иза.
– Iа-а-а, – чухьаьдира иза биргIина. Амма эццахь, кхуьнан мохь а къарбеш, дуьхьал Iаьхира йоккха топ, шен кийрара сийна цIе а Iеттош. ТIаккха, цхьа хан яьлча, дерриге а тийна дара. Дана юха а шаьлта лесто велира. Делахь а кхуьнан шаьлтанах цхьа а охьа-м ца вужура, цу тIе дукха яй а яра иза.
ХIетте а кхуо лестайора…
Эццахь цунна шен жимах волчу кIентан аз хезира:
– Дада, дада, хьайна эрна ницкъ ма бехьа…
ТIаккха кхийтира Дана ша велла хиларх.

**7**

Шина а агIор тур лестош, кхаамма бинчу гонна юккъера вала гIерташ воллучу Айдина, Данин мохь хезча, хиира дуьненчохь уггаре беза бохам цунна тIекхаьчнийла а, кхудуьненчохь цхьанхьа делахь, миччахьара а цунна орца кхача дезийла а. Цо алсамбаьккхира цуьнан ницкъ а, каделла а – шиъ цестира туьрца, цхьамма, юьстах а таьIна, некъ битира. Цуьнан дин пха санна озабелла, лаьтта тIехула айабелча санна боьдура Данас мостагIехдаьккхинчукесара юккъехула, ши лерг тIехьа а диллина. Йоккха топ яьллачул тIаьхьа, тата дIадале тIекхиира Айда цу тоьпана юххехь лаьттачу шина салтичунна. КIур дIабаьлча, Дана хиллачу меттехь хIумма а ца гина, воккхавер гучудаккха тохавеллачохь висира и шиъ, Айдин туьро цестина. Амма кхин дIа тIом бан ца кхиавелира иза – цхьабосса евллачу тоьпаша лецира. Делахь а чу ца вужуш, кхесах тасавала кхиира иза, ткъа говр ма-хьаддалу сиха юхахьаьдира.
ГIойтIархойн могIаршна тIекхоччуш, кхес карара а яьлла, чувоьжна Айда, цхьа ког луьйтан чохь а бисина, гIеххьа текхош ваьхьира говро. ТIаккха цIеххьана иза сецира, тарса а терсаш. Саьнгар чуьра хьала а иккхина, дуьхьал хьаьддачу Iеламхас, кара а лаьцна, юьстахваьккхина охьавиллира халла садоьIуш волуАйда.
ЦIеххьана Данас юхалаьхкина мостагIий болчохь маьхьарий девлира:
– Вай церан дела вий!
– Акхаройн дела вий… Ура!
Чухьаьлхина уьш, гIойтIархой бухатоьттуш, юьртан дуьххьарлерчу цIеношна тIекхаччалц чубахара.

Эццахь тIеман арахула яьржира хелхаран йиш а, еттачу вотанан татанаш а. Юхахьовсабеллачу тIемалошна гира гу лекхачохь ах го бина лаьтта мехкарийн тоба. Царах цхьаъ стигла кхача гIерташ санна, оза а елла, мохехь ловзу гIа-патар санна, яйн хелха хьийзара.
– И хIун ду, Iеламха? – шабарш дира Айдас.
– Мехкарий бу-кх хелхаран йиш локхуш, Себила хелхайолуш а ю…
– ЙоI муха йолу?
– ЙоI дика йолу.
– Цхьана къонахчунна кхаьчча, бакъахьа стаг ю хьуна иза, Iеламха.
– Хаьа суна.
– ГIо хуьлий хелхарх?
– Хуьлу. Юхалаьхкина йовсарш.
– Тхан дас хIун олура хаьий хьуна, Iеламха. Лечу дийнахь… хIаъ… лечу дийнахь гучуволу олура стаг. И де тIекхаччалц берг бегаш бу.
– Дера бу бегаш-м.
– Со ледара-м ца ле, Iеламха?
– ХIан-хIа… Ахь хIун дуьйцу, Айда, хьо толур ву.
Вай хьоьга иллеш а олуьйтуш, хийла буьйсанаш йойур ю.
Цхьаъ ала тохавелла Айда, и ца далуш, ши бIаьрг стигла а боьгIна дIатийра. Цуьнан еха кIайн юьхь кхин а яхъелча санна хийтира Iеламхина. Кегийчу, хIинцца боьрша стеган чоьн бос эца доьллачу мекхаш тIе йис йиллинера. Маржа, ойла хилира Iеламхин, Iаьнан цхьана ехачубуса паднара тIехь Iохкучуккхеккхеш тIехь го бина охьа а хевшина, сирла сахиллалц хьоь, ахь олучуиллига ладогIа йишхир яц-кха кхин цкъа а, юкъакара иллино шовкъ йоссийча: «ЭйтI, горалера дуьне яI!» – бохуш, мохь а бетташ, иллин турпалхой балано гатбича бIаьргаш чохь хиш а хIуьттуш, юха, бала а эшийна, уьш толаме кхаьчча, бела а къежаш, дегнаш дох а луш…ХIан-хIа, дIадели иза. Доккха хIума ду-кх, тоьл-тоьлларг дIавели. Мила хир вухIокхуАйдин метта илли ала? Мила хир ву Цанин Шидин метта пхьалгIа лело?.. Мила хир Къайсаран метта? ХIуманна а пайден воцу хIара хIинца а лелаш ву, ткъа уггаре а чIогIа оьшурш дIабевли…
Ойланех юкъах а волуш, Айдига хьаьжча, иза велакъежаш гира цунна. Цуьнан лере а таьIна:
– Айда, Айда, хьо вела стенна къежа? – хаьттира цо.
– Хьо а воьлур вара, Iеламха… Суна гург хьайна гича, – халла къаьстира Iеламхина Айдас ден шабарш.

– ХIун го хьуна, Айда? ХIун го хьуна?
Амма Айда цунна дуьхьал жоп а ца луш, стигла а вогIавелла вела а къежаш Iаьллура.
– Iеламха, Iеламха, – кхайкхира цхьа хан яьлча Айда.
– Стаг мел боккхачуницкъал тола йишюхьуна…Цунна чIогIа лаахь… Маьлхан дуьне дита а и кийча хилахь…кхийтирий хьо?.. Со кхаьчна хьуна айса сатуьйсучу, сан дуьне дIадаьллехь а… цунах велакъежа со. Айдин аз, гIеллуш, дIадайра. Цуьнан коьрте а хиъна Iачу Iеламхина хийтира, хIора стаг а, дуьххьалдIа са чохь хIума хилла ца Iаш, гуш йоцчу зIенашцца цхьана боккхачу ницкъаца дозаделла, шен девзина ца валлал доккха маьIна а, къайле йолуш хилар. Цхьаьннан валар тергалдар а тоьаш хиллера-кх хIора стеган а йозалла йовза, цунах кхета хьо стеган дуьненчуьра тIаьххьара хан тергалъечу хенахь. КIажъоьхура, Iаьршашка кхийдара хелхаран йиш.
Эвлайистехь детта герзаш, дуьйлу маьхьарий, ден узарш, терса говраш, Iено цIий – тIом боху къематде, ткъа кхузахь гу тIехь – хелхар, дуьненан хазахетар, дахаре безам.
Гонах лаьттачу мехкаршна къайле хилла юьсура гIорийнчу терхеш тIехула, шерачуша тIехь санна, Себилас когашмуха шершабо.
ЦIийх, цIарах дуьзначу сеттачуСебилин дегIан мел жима сиз а ехачу, шуьйрачу куча кIелахь а хаалора хелхаран хьийзарехь, цуьнан, массо а хIума кхуллу латта санна, оьзда а, хьекъале а ноналла бIаьрла а доккхуш, юьхь лепара, дуьненчуьра массо а ирс долчу нехан делакъежаран серло шегахь йолуш санна, бIаьргаша –
Iаьржачу, даккхийчу – хIинццалц нахала баха ийзалуш лелийна эвхье синхаамаш буьйцура. Дуьненчу йолуш шен ерриге а оьмарна схьахецна дахаран серло – хIинцца кхузахь, хIокху цхьана шен хелхарна дIалора цо, кхоа а ца еш.
Оцу серлоно къагийнера гонаха мел лаьттарг. И серло а, и хелхар а гуттаренна кхетамехь дуьсур ду и гинчех дийна бисинчарна, ца диццдеш леш а шайца коша хьур ду цара уьш. Хьалха дуьйна а хилла иза – мехкарий а, зударий а, тIаме хIиттинчу шайн вежаршна, безаршна, цIийндайшна тIехьа лаьтташ, иштта баккхий нах хуьлуш а хилла.
Хьуьйсуш уьш буйла хуучу тIемалойн майралла а, каделла а алсамйолуш хилла. Иштта летта уьш мацахмацах баьхкинчу уьнахойх, цул тIаьхьа мIаьмгалойх[93], тIаьхьа АстагIчу Тимарх а…

АстагӀчу Тимарца тӀом бечу заманахь, шен сил дахар дуккха а дезна, тӀамах вухаведда вогӀуш хилла цхьаъ. Цуьнан къона хӀусамнана цунна дуьхьал хьаьдда, карахь жима кӀант а волуш.
– Вухаверза! ХӀокху кӀентан мукъна а ойла е, нахана юкъахь дӀалела везачу!
Амма ца вирзина и вуха, кхерам хилла цуьнан бӀаьргаш чохь, ткъа кхерамо кхуллукӀиллолла. ТӀаккха нанас шен карара кӀант (цуьнан хӀун бехк хилла – хета
Себилина) ластийна тӀулгаш тӀе лаьттах тоьхна:
– Хьайн дех хилларг бен хир ярий хьох, – олуш.
ТӀаккха герз а карахь, шен месаш охьа а хецна, тӀамна чу а хьаьдда, хӀалакьхилла иза…
Ткъа хӀетахь кхечу зудчо, Седас, боьршачу нехан хӀуманаш а юьйхина, къонахашца нийсса тӀом бина.
Цул дуккха а тӀаьхьа, Дадин-юрт йоккхуш, мостагӀашка шайна тӀе куьг ца дохьуьйтуш, Терка чу а кхийсалуш, гуттаренна а цӀена а, маьрша а йисина шовзткъа йоӀ.
Иза дан а хуур дара эшахь кхунна, Себилина а, кхуьнан накъосташна а. Ткъа хӀинца и хелхаюьйлура юьртахой боьхна ца хьовзийта, пондаран эшарца, хелхаран шовкъаца дуьненан хазалла карлайоккхуш, царна керла гӀора а луш.
Цуьнан куьйгаш – цӀеран алун меттанаш – лайн чимаш оьгучу хӀаваэхула, уьш а дашош, хьийзара, и ша а яра яьлла цӀе. Юьртахой а, тӀелеттарш а – массо а
Ӏадийна хьуьйсура цуьнга, шаьш кху шийлачу, цӀевзинчу дийнахь тарраш, тоьпаш а эцна, вовшашна дуьхь-дуьхьал стенна хӀиттина а дицделла. Ткъа оьшурий и дан, дуьненчохь оццул хазалла хилча?
Юьртахой цецбевлира: царна хӀинццалц ца хиъныра шайн эвла оццул хьалдолуш юйла. Уьш кхийтира: хӀуъа дина а ларъян езара и хазалла, ларъяхь, уьш цкъа а оьшур бац, гуттар а кӀежтуьйсуш, гӀорийначу лаьтта бухара а гучудуьйлуш хир ду церан дахар.
Хелхар шен чӀагӀдаларе кхаьчнера. Хетара, иза кхин дӀадахлахь, кхоьлина стигал а екха а екхна, гӀорийна латта даша а дешна, Ӏаламера ерриге а шело а, оьгӀазалла а дӀаер ю аьлла.
ТӀом Ӏадийнера хелхаро. Амма и деха ца дахделира. ТӀелеттарш хьалха баьхкира Ӏадорах метта.
– И хӀун театр ю?

– Хьежош, тоьпаш тоха цунна! – буьйр дира Данина кхиэл кхайкхийначу эпсаро.
– Зуда ма ю иза, хьан сийлалла!
– Зуда яц, гIам ду, гIам!
– Хаза гIам-м ду иза.
– ТIеяхийта тоьпаш!
Юьртахой ца кхиира Себилина хьалха пен хилла дIахIитта. Иша а ца кхиира тIаьхь-тIаьхьа чехкадолуш доьду шен хелхар тоьпо ца лаццал сиха дан. Цхьана мIаьргонна севцира цуьнан стигал кховдийна куьйгаш. ТIаккха иза лаьтта юьйжира, аркъал, некхауьн тIехула, даьндарго гечо а даькkхина, шовданах духдуьйлу цIий гIорийначу лаьтта тIехь детара. ТIедуьллучу лайно къайладоккхур дуиза, тIаккха бIаьстенан Iоврех а кхетта, дIауьйр ду, къастам ца беш, велларг а, вийнарг а, ун кхеттарг а, цIенаниг а, оьзданиг а, осалниг а, къинхетамениг а, къизаниг а, дечиг а, коьллаш а, гIаш а, гIенаш а, бIаьрхиш а…чуоьцучу, тIаккха массо хIума а, шех иэдеш, карладолуш, керлачу бацаца, зезагца, синтарца хIоразза а цIинлучу лаьттах.
Юха а тийналла хIоьттира. ЦIеххьана оьгIазалло марсабаьхначу дуьхьало ечаьргара цхьабосса:
– Iа-а, – аьлла, мохь-узар делира.
ТIаккха шайна тIедетта даш а ца тергалдеш, саьнгарш чуьра хьала а лелхаш, чухьаьлхира уьш. Царна тIаьххье Себилина гобина зударий: къенанаш, мехкарий – шайн кара йогI-йогIург – шада, шаьлта, бел эцна, мацахширчузаманахь санна, шайн кIозаршохьа а хецна, тIама юкъа тилира.
Ворданара охьа а иккхина, яькkхинчу шаьлтанца царна тIаьхьа хьаьдира Совдат а.
– ЙоI, юхаерза, хьо кхузахь а оьшу…
Амма ца хезара цунна Анус бетта мохь…
Шена дуьхьал Iиттало мостагIий тергал а ца беш, нагахь царах цхьаъ шен некъ бехка ца хIоьттича
(тIаккха-м туьре болх ца байтича ца волура), цхьа
Iалашо билгал а йина, цунна тIекхача пха санна булабелла шен дин а лаьллина, тIеман аре цоьстуш воьдура Iеламха. Эххар а дог лаьттачу дIакхечира иза. Кхеравелла, легаш Iаьвдича санна дара эпсаран аз, цо вуха а хьодушмохь тоьхча:
– Схьататта йоккха…

Амма кхин дIа шен буьйр дан ца кхиира Данина а,
Себилина а кхиэл йина эпсар.
Iеламхин туьро йира цунна кхиэл, нийсса ши ах а веш.

**8**

Отуш, тухуш, Iуттуш, лен чов хилларг а охьа ца вужуш, цкъа шена дуьхьал лаьттарг ца вожош, Дана а, вуьйш юьртахой а байарой, бIешераш хьалха дуьйна тахханалц шайна мел Iиткъинчу харцонаший дарбина, кхин бухабовла меттиг йоцуш, тIехьахь лаьтташ баккхий нах а, зударий а, хIусамаш а, хIораннан а чохь сатоссуш латийнчохь, тIе дечиг тилла стаг воцуш, тIаьххьара кIегий дIадовш лаьтташ кхерчаш а долуш, тIаме хIиттина юьртахой мел чIогIа латарх эшалуш бацара мостагIий; уьш, дIа мел хадийнчун метта керла тIедуьйлу саьрмикан кортош санна, цхьаъ вожийча, шиъ дIахIуттуш, шиъ вожийча – виъ дIахIуттуш дебара.

Дукхалло меллаша духатоьттура тIаьхь-тIаьхьа нилхадовлуюьртахойн могIанаш.

И дерриге а тергалдеш, кест-кеста тIама юккъера веъначу геланчас дуьйцучухьоле волавелла леллашехь ла а доьгIуш, багахь хаддаза дечуьра доIа ца хадош, маьждиган хьалхарчу майданахь дIасахьийзара ИбрахIим-хьаьжа.

Иэлада шен чохь са доцу бIаьргаш аренга а доьгIна, дерриге а лерса а хилла, орца далош йогIучу говрийн бергийн татанаш ма тосаделли нахе кхаъ баккха кеч а велла Iара. Амма тийна дара ГIойтIа догIу некъаш…

– ИбрахIим-хьаьжа, юха а Iумхин цIийна тIе кхаьчна тIом, – элира къеначу Сардала.

– Кхин сехьабовла йиш яц церан, – цергаш вовшах хьакхош, мочхалш тIе а дохуш, элира вукхо.

ХIинца дуьххьара ИбрахIим-хьаьжин дешнех шекьхилла Сардал, меллаша цуьнга хьалахьаьжча вуьйхира, шен ойланех иза кхеттийла а хиъна.

–Шек ма вийла, Сардал. Иштта атта шайтIане хьуо
Iеха а ма вайта, – элира ИбрахIим-хьаьжас дог-кIеда.

– Шек вац со-м, ИбрахIим-хьаьжа, – эхь хетта Сардал лаьтта бIаьра вогIавелира, верриге а дохковаларо дIа а лаьцна.

Ткъа тIом, юьртахоша уьш кхин сехьа а ца бовлуьйтуш, я вукхеран кхеран дуьхьало кагъян ницкъ а ца кхочуш, цхьана юкъана Iумхин

керта йистехь сацабелира. ТӀелеттарш хьердевлла, цӀий гина дарделла, маӀаш, кӀомсарш ирйина чууьду хьайбанаш делахь а, царна дуьхьал лаьттарг онда керт яра. Цкъа тӀекхийтира хьайбанийн тулгӀе оцу дийначу кертана, шолгӀа а, кхоалгӀа а.
ТӀаккха цхьаьнга мохь белира:
– Маржа Нохчийчоь яӀ! Тахана, де доьхначу дийнахь, орцахвала къонах а воцуш, къийели техьа хьо!
И мохь хезча, тахана дуьххьара шеконо хьовзийра
ИбрахӀим-хьаьжа, амма иза уллорчарна хаа ца йолуьйтуш, шен кийрахь Ӏаьвшира цо. «ХӀан-хӀа, эша йиш яц юьртахойн. Орца кхача деза, – ша-шен тешо гӀертара иза. – Кхузахь беш болу тӀом ца хезаш Ӏа техьа гонахарчу ярташкара нах. Массо а къарвелла теша», – дегабаам бира цо лулахошна.
– Орца! – цӀеххьана мохь белира Иэладига. – Орца догӀушуна, чӀагӀлолаш! Орца!
– Мичахьара.
– МартӀантӀа агӀорхьа…
Амма цу агӀор дӀахьаьвсинчарна, еса анайист бен хӀумма а ца гира.
– Мичахь ду?
– Ду шуна, хӀинцца гучудер ду…
Иэладина шерра хезара кхечарна ца хезарг, цуьнан коьрта чохь вота еттара МартантӀера схьахьаьвдда йогӀучу говрийн бергаша.
ТӀаккха царна кхин а, кхин а татанаш тӀекхийтира, дерриге дуьне а тата а хилла доладелла теша аллал дукха, тайп-тайпанчу агӀонхьара.
«Орца алсамдолуш ду», – ойла хилира Иэладин. Бакъ вара Иэлада.
Охьанехьа хьоькхучу мохо тӀеман гӀовгӀа ца хозуьйтуш, Ӏуьйранна шайн-шайн гӀуллакхашка дӀасабекъабеллачохь хьебеллехь а, лерг сема долчарна эххар а ГӀойтӀахь хӀоьттинарг тоса ма делли, дукха сиха гулбелла схьахахкабела богӀумартанхой а, Олхазаран, СоӀдин – шина кӀотарарнаш а, сихха схьакхача
Ӏуьйрре новкъабевлла, амма некъ а хадийна лаьттачу
Деникинан полколаг волчу Хьаж-Мурдан бӀаьхошца тӀом болийча, шаьш боьлхучудӀа ца кхачарна кхоьруш, дийцарш деш, юкъа-кара чучча а хьодуш, уьш къарбан гӀерташ, хан а яйина, тӀаьххьара а къар а бина, хьаьвдда богӀушелахой а, цоцин-эвлахой а, чечанхой а, кхечу ярташкара царна тӀаьхьахӀиттинарш а хьалхийтӀаьхьий ГӀойтӀа чутилча, Сардал кхийтира шена моьттинарг эрна хиларх. Амма

дохковаларал сов дара цуьнан хазахетар. ИбрахIим-хьаьже а хьаьжна, шена къинтIера валар дийхира цо бIаьргашца, амма важа хIара кхин тергалвеш а вацара. Иза тIом болчу агIор хьоьжура.
Кхиъна орца доккхачу, бердах чухьаьддачухин юьхь яра, дийначу адамийн хин юьхь. Иза ма йоггIура тIекхийтира тоьпийн цхьамзанех, тIедеттачу дошах, йоккхачу тоьпийн хIоьънех йолчу дуьхьалонна, цхьана юкъана сецира, амма шолгIа тохаелча, цо чуяьхьира иза, цунах катоьхнна духахьаьвдда доьлхучу баккъийн керт хилира; говрашца тIе а кхуьуш, тарраш детташ, я тоьпаш эгош, оцу кертах хийла ков даькккхира орцахоша.
Ло диллинчу арахула ерриге а анайист дIалаьцна хахкаелла йоьдура Iаьржачу томмагIийн, маьхьарийн, узарийн, говрийн терсарийн, цара дезза дохучу синойн тулгIе. ЦIеххьана эвла йистехь болчу губуьххьера схьа,
«та-та-та», – аьлла, ека йолаеллачушина пилмото хьалхара могIа а цестина, совцийра орцахой. ТIаккха юха а чухьаьвдира уьш. Юха а оцу татано бух боцчу Iинчу
– Iожалле эгийра царах дуккха а. Кхин цкъа а.
– Собарде, собарде, – мохь белира Девлин Хьатуга, – иштта чугIертахь, вайх дийна стагга а вуьсур вац.
– ХIун де вай?
– Иши пилмот схьаякkха еза.
Цуьнан и багах доллушехь, пилмоташ лаьттачу гу болчу агIор шайн дой лаьхкира иттех беречо. Амма царах цхьа а дIа ца кхечира. ТIаккха Iеламхина дагадеараКъайсара аьлларг, цунна шерра гира шех цо боххург хирг хилар.
– Суна хаьа хIун дан деза, – элира цо.
– ХIун дан деза?
– Стелахаьштигаш хила деза.
– Хьо эгIийна?
– ХIан-хIа. Хила йиш ю шуна стелахаьштигаш…
– Елахь, хьох хилахь, эрна хабар а ца дуьйцуш.
Иза и аьлла а валале, ткъес туьйхира – иштта чIогIа бара Iеламхас тоьхна мохь.
ТIаккха, Iаьржачу гIаларташий, герга гIертачу маьркIаженой бодане йина аре а хадош, стелахаьштиг а хилла, гу тIе дIакхечира иза, цуьнан Iеминчу аьтту куьйго шен болх бира. Цунна тIаьххье тIекхиинчу

тIемалоша, говраш тIера охьа а лилхина, СоьлжагIалехьа кхерамо хьеребина бухахьаьвдда боьлхучарна тIедерзийра шина пилмотан дарц.

– ХIа-хIа-а! – цIогIа делира царна тIаьхьа кхиъна богIучу гIойтIархошна а, орцахошна а хьалхаваьлла вогIучу цхьаьнга.

– ХIа-хIа-а! – цхьабосса делира бIеннийн кийрара.

Оцу бекхаман озо кхин а кхерийна, Iадийна, шаьш хIун леладо а ца хууш, кхин тIе а чехкабовлуш, дIахьаьвдда мостагIий, тIаьхьабевлларш БухIан-юьрта а кхаьчна севццачул тIаьхьа а и мохь тIаьхьара ца болуш, масех чаккхарма бевдда бахара, шаьш СоьлжагIали йистехь яьхна саьнгарш а юьтуш.

– Вай тIаьхьа дахийтийша царна! – мохь туьйхира Iеламхас.

– Мича кхаччалц ваха воллу хьо?

– Дуьненан маьIIе кхаччалц, тIаккха кхуза юхабахка де хир дацара церан.

Цецваьлла, кхуьнга хьаьжира Йошуркъин Чода.

– ХIан-хIа, ца оьшу. Белларш а бу вайн дIаберзо безаш.

## 9

Сагатдеш ма хьийза шу, хIай юьртахойн мерза синош, хIокху арахь Iохкучу шайн догIмийн чархашна тIехула. Царна тIехIуьттушлеларг церан голашяжа еъна меца борз яц шуна, царна го туьйсург церан шелделла бIаьргашмийла еъна бос Iаьржа хьаргIа яц шуна. ХIара со, со, къена, жоьрахь еха Ану ю, сайн говра-ворданца, хIара къуьда а латийна, шух хIоранна тIехIуьттуш лелаш. Юьрта маьIIера дIайолаелла со. Шух цхьацца сайн вордан тIе а вуьллуш, чекхъер ю. Иштта-м со цхьаъ хилла ца Iа, тIом сецначул тIаьхьа дуккха а серлонаш къега хIокхуарахь.Шуна-м хаьа хир думостагIчо букъ берзийний, иза, цунна эхь деш, аьтта дIавахийтинийла. Цунах мелла а сина маршо хилла хир юшуна.

ХIаъ, хIара Себила ю. Иштта Бабина, иштта дIанисйо ас хьанкоч, иштта оьзда ю. Баба къайлах хьоьгуш ерг хьо цхьаъ яра хьуна, Себила. Юьхь-сибатца а, леларца а, йистхиларца а кхачьелла [94] яьлла стаг яра хьо, кхин хьайна тIеоьшуш хIума доцуш, оьздангаллехь чIагIъелла яьлла. Ткъа массо хIума а кхачделла даьлча, стаг кхераме ву. И тайпа стаг ца вуьсу кху дуьненахь ваха. Мацах санна, вайн махкахь мехкан йоI хоржуш хилча, хьоьга кхочушхир яцара хьуна цхьа а хIокхумалх

кхетачу дуьненахь. Іеламнаха дуьйцург бакъ делахь – ткъа цара дуьйцург бакъ ца хила йиш а яц, – эхартахь а хир ю-кх хьо хІуьрлаІийн мехкарийн[95] тобанехь.
И ца хила йиш ма яц. Кху дуьненахь марзо ца гича, цигахь кхин марзо, эхартан марзо хила ма еза.
Кхин доккха ирс суна а ца гина хьуна, Себила. Нийсса кІиранах Іийра со сайн кІентан деца. Юьртара кура кІентий хІонцана[96] боьлхуш, ша цІахь Іийр вац, хІонцана вахча иштта къелла хир яц вайгахь аьлла, дІа а вахна, цхьанхьа докъах мах боьхучу есачу арешкахь шен накъосташца цхьаьна хІаллакьхилла, тІепаза вайра.
ТІаккха цунах хилла кІант а лелош, вайн юьртарчу къонахашна дола а деш, эвла йисте а хиъна ехира, дерриг а дуьне а и кІант а волуш, цунах самукъа а долуш, иза цхьана гуьйренан дийнахь Соьлжа-гІала дечиг дохка вахханчохь паччахьан пурстопо, дош-дашера даьлча топ а тоьхна, вен а вийна, цІа ваийтталц.
ТІаккха ас хІун дира? Цуьрриг суо охьатаьІна а ца гойтуш, нахана диканиг бен ала хІума а ца дуьтуш, дІаверзийра-кх иза. Хилла даьллачунна дан хІума ма дац. Хьо мел юхаидарх ойланца, и дІа ма дахна. Дийнахь сатухура, буса йоьлхура. ТІаккха сан бІаьрхиш а кхачийра. Сох ерриге а гІайгІа хилира, тІулг санна чІагІъелла гІайгІа. БІаьрхиш а оцу тІулга юккъехь, дата а детта, лацаделира.
Сох Жоьра-баба хилира. Юьртарчу берашна туьйранаш а дуьйцуш, царна тоьпан межаргаш а, тІергІан пазаташ а еш (тІаргІа схьабеъча, вуьшта-м мичара хир бара сан оццул тІаргІа), воьдуш-висинчунна буьйса яккха чоь, мотт-гІайба а латтош, генахь валар хиллачу кху юьртарчу муьлххачу жимчу стагана а нана хилла йоьлхуш, байлахь дисинчу берашна сайга далун гІо а деш… Иштта ма ялийра ас со йолчу Совдат, цуьнан гергара нах халла тІе а табина. Цунах йоккхаеш ехара, цо, маре а яхана, керлачу адамийн хІу долоре сатуьйсура.
ХІинца хІун хилла те хьох, чов хилла мукъна а ца йисна техьа хьо?
– ЭхІ, хІара… хІара… ХІара ю-кх Совдат. Совдат!
Совдат! Хьо ца йина нана лойла хьан! Бабас хІун дан деза хІокхудуьненахь, хьох къаьстина йисча. Веза хилла волуДела, оццул къона, оццул хаза, оццул дика хІара адамаш, дуьненах доккхаден а, дуьне кхолла а айхьа кхоьллина долу адамаш хІаллакдеш хьийзачарна, тІаьхьенга ца тоьттуш, хьайн бекхам стенна ца бо ахь?!
ОстогІпируллахІ, со реза юхьуна, веза хилла волуДела.

Йист йоцуш ду хьан собар. Хьо дерриге гуш а, дерригенан а хьесап деш а ву.
Маржа, сан Совдат! ХIинца Бабас хьаьнца дийр ду сарахь чуйирзичашен къамелаш?Хьанна IаIор дудаьтта а, кIалд а, совдаьлла ялта а духкуш оьцу ахча?Мила кечйийр ю маре яха, махкахь а цIарна а цIеяхана хаза мехкарий а буьйцуш?Маха баккха а, сискал ятта а, хьешашка маршалла хатта а, Зайтан Шихмирзин хIусамнана санна, оьзда хила а Iамош?
ХIан-хIа, Къайсар, хьуна йиш локхур яц Совдата, юьртахь гуьйренан белхи хIоьттича. Локхур яц:
Гу лекхачу лома юьйлуш,
Бай шерачу ара юьйлуш, Адам доцчу къайла юьйлуш
Елха езара, везнарг, хьуна, – бохур дац Совдата, хьо дага а лоьцуш. Иза а ю хIинца ша дагалаца стаг оьшуш. Со цхьаъ бен дагалаца стаг а воцуш…
Кху суьйренийн ойла йо ас,
Кху Iуьйренийн ойла йо ас,
Ойла йо ас, сан нийсархой,
Со безамца йоцу дела…
Я иштта а локхур яц, я вуьшта а локхур яц. Я цкъа а йист а хир яц. Я сатоссуш гIаьттина, етт а оьзна, и дIалалла эвла йисте а ер яц. И суна гIенан кхоьлах дуьхьал йогIур ю. ХIора буса. ТIаккха дуьйцур ду ас сайн дагахь мел дерг. Эшарш а локхур ю, цунна мел езаш хилларш. Цо лакхаза мел йиснарг.
Къайсар, ахь лакха аьлла цунна тIейиллинарг а локхур ю. Ас хьо а лелор ву цуьнцанна сайн дагчохь, Себила а, Айда а…
Схьайола Бабина, иштта. Себилина юххе дIатарйийр ю хьо Бабас. Иштта.
ДIайолало, къена алаша. КIадъелла хьо? КIадъялар хьехо буьйса яц хьуна хIара. Иштта меллаша яхча а мегар ду хьуна. Хьо-х ногIийн махкара ялийнчу цIоькъа айгIарх хилла бекъа ю. ХIинца къанъеллехь а. Дагалаца ахь хьайн жималла. Чахкара арахь уьтталгIа, тIаьххьара го бисча, хьоло вукъвинчу, куралло саттийначу шелахойн Шемилан дин айхьа тIаьхьабитина.
ДагадогIий хьуна? Хьан да Эдисолта а вацара хьуна ледара къонах. Со мила яра цунна? ХIумма а яцара, лулахо хилар бен. Амма шаьш дина цхьа а пхьор соьца дакъа ца деш ца дуура цара. Хьо а елира Эдисолтас

суна. Жимчохь дика дин ма-хиллара, къанъелча суна дика алаша а хилира хьох…
Ун кхетта делир-кха ший а, Эдисолта а, цуьнан цIенана Марха а. Делира-те. ХIинца хIара Совдат а кхелхи. ХIу хеди-кх Эдисолтин а… Вай-й, шаьш ца динарг яла шун!
Оьшурий техьа, оццул адам хIаллак а деш, хIара керла Iедал лардан? Лур дуй техьа цо латта а, маршо а?
Ткъа нагахь ца лахь? Хабар а хилла дIадалахь дерриге? ТIаккха хIун дан деза? ХIинцачул а доккха къематде тIаккха хир ма ду.
Собар, алаша, собар. Мила ву хIара шиъ? Мовлий,
Коврнакъий ву-кх. Нуц, стунваший. Коврнакъина коьртах чов хилла хилла-кх. Кхузза, лаьттах, дIабиттина-кх цо шен корта. Ткъа Мовлина чов чоьжехь хилла.
ИйтI, маржа дуьне яI! Дукха гIиллакхах воьхна хиллий Мовла, леш а? Шен стунвешин коьрта буха шен куй билла куьг дIакховддийнчохь садаьлла. Дукха гIиллакхах воьхна хиллий? Ледара кIентий-м ца бахна хьуна тховса оцу бакъдуьненчудIа. Ткъа массо цига дIавирзича, тIаьхьа мила вуьсур ву? Хьан лелор ду оьзда гIиллакхаш, хьан хоьцур ду кху лаьтта тIехь оьзда хIу, хьан дагалоьцур бу шайн дай, хьан доладийр ду байшна, жоьра бисинчу зударшна тIехь?.. Вай, шаьш ца дина нана яла шун! У-хIу-хIу!
Сагатдеш ма хьийза шу, хIай, юьртахойн мерза синош! Кхушийлачу арахь угIург ардангах хаьдда цхьалха борз яц шуна. ХIара со ю, шун юьрта йистехь жоьрахь ехаш йолу къена Ану, шуна тийжаш, шуна йоьлхуш, шен месаш а ийзош, юьхь тIе мIараш а туьйсуш, шуна сагатдеш. У-у-хIу! У-хIу-хIу! У-хIу-хIу!..

**10**

Байинарш, лазийнаршхаддаза схьаузучу ворданийн семанийн цIийзар, зударийн тийжар, берийн делхарш, жIаьлийн угIар ца соцуш, Iуьйрене лестира буьйса.
Маьждига хьалха, цхьана моггIара, охьадохкура декъий. Нах дIабохкарна кечамаш бечарна цхьацца дан дезарш хьоьхуш, волавелла лела ИбрахIим-хьаьжа марха дастаза а, юха и лацаза а висира.
Дуьххьарлера сатасаран билгалонаш гучуевлча, кхин а язъелира гIайгIа.
Кхетамо къайллах догдаьхнера хIара дерриге а, буьйса дIаяьлча, боданца цхьаьна, гIан а хилла, дIадер ду аьлла. Амма и ца хилира.

Ирча хилларг кхин а серладелира. Адаме лан ца даллал доккха дара иза.
ИбрахIим-хьаьжа кхетара, и доккха вуон, чухьаьжча корта хьаьвза Iаьржа Iин а хилла, гуттар а дехар ду кхуьнан дагчохь. Яц цунах кIелхьараволийла, хьо хьуо цу Iинчу вожжалц.
Кхин а доьхна де хилла маца-мацах цIергахойн тхьамдина ЦIурина тIекхаьчнарг. Кху махка уьнахойн бIо беъча, цара бохург тIе ца лоцуш, шен тайпа летийна цо. ХIоразза шаьш тIаме хIиттале, цхьана лекхачу гу тIе а волий, къамел деш хилла ЦIурас:
– ЛадогIалаш, нах! ЛадогIалаш дикка! – олий, мохь а тухуш.
ЦIурин къамеле ладоьгIча, дегнаш кхехка дуьйлий, тIаме чухьовдуш хилла вуьйш. Жима а, воккха а, зуда а, бер а. Юха а, юха а, юха а дина цо къамелаш.
Ткъа цхьана дийнахь, гуттар а санна, ши бIаьрг лаьмнашка а боьгIна, къамел дича, ца хезна цунна гуттар а санна нехан шовкъе маьхьарий, герзийн декар.
Тийналло Iадийна, шен бIаьргаш лаьтта хьовсийча, цунна еса майда гина. Кхетта иза: ца висна цIергахойх цхьа а, хIара воцург, кхачийна уьш тIамо, хаьдда церан орам.
ТIаккха мохь тоьхна цо Деле:
– Бакъо ярий техьа сан, веза хилла волу Дела, иштта хIара адамаш тIаме лехка? Я уьнхоша бохург а дина, маршо а, сий а, оьздангалла а йоьхкина, царах цхьаболчарна дахар эца дезаш хилла техьа? Муьлха некъ бу царах нийсаниг?
Амма ца хезна ЦIурина цу хаттарна дуьхьал стиглара охьа жоп. Ца карийна цунна шена а иза, мел лехарх. Иза хьекъалх тилла. ХIинца нохчийн тайпанашна юккъехь цIергахой бохург карон йиш яц. Иза лар йоцуш дайна.
Шен яхьийнчуюьхьа тIехула куьг а хьаькхна:
– Везан Дела, собар а, иман а лолахь тхуна хIара бала лан... – шабарш дан вуьйлира ИбрахIим-хьаьжа.
Эццахь тидам хилира цуьнан шега леррина хьоьжуш лаьттачуСардалан.
– Ахь хIумма а-м ца элира, Сардал?
– Оцу хьешашна хIун до вай, ИбрахIим-хьаьжа.
– ХIун до, дIабухку-кх юьртахошца цхьаьна...
– Делахь а, уьш кхечу динехь ма бу, шаьш боьхкича хIун дара техьа.

– ХIан-хIа, Сардал, тахана церан массеран а цхьа дин дара. Далла хьалха а цхьаъ бууьш. Цхьаьна дIабохкка а беза. Кхийтирий хьо, Сардал?
– Кхетта, ИбрахIим-Хьаьжа.
– Дика ду, кхеттехь.
Сардал тIаьхьа а хIоттийна, маьждиг чу вахара ИбрахIим-хьаьжа.

**11**

Ма йолахьа, хаза суьйре, малх дIабуьзча, бода бохьуш,
Бодабоьлла цIа дирзича, тхайндай-нанойца го тхуна.
Ма йолахьа,хаза Iуьйре, малх схьакхеташсерлойохьуш,
Серлаяьлла арадевлча, мерза уьйрашца го тхуна.
Ма кхетахьа,хIай дашомалх, серлабалийкху дуьненчу,
Серлабаьлла хьосхьакхетча, эзар ойла ахьма йойту.
Ма ялахьа, хаза бIаьсте, толой-хазлой кху дуьненчу,
Хьо хазъелла еънакхаьчча, тхандегнашка хьоца лало.
Ма хазлойша, хIайаренаш,сийна духаршайна духий,
Шу хазъелла дIахIиттича, бIаьргех догIу хица соцу,
Ма угIахьа, хIай йора борз, иштта гIелчу цу эшарехь,
Ардангаххаьдда угIушелахь, цхьалхачувешех дагаяла.
Iаьржачукошахь цхьалхависар халадуьйцу Iеламнаха,
Цулхала душен хIусамехь, уьйрех ваьлла, цхьалха висар.
Ма елхийша, хIай отйокхаш, гIелчу озахьцу ирзошкахь,
Екашоза лере деъча, тхайндоттагIий карлабуьйлу.
Ма лекхийша, хIайалкханчаш,коре хьийзаш, иэшараш,
Шунэшарийн оза хезча, мерза уьйраш карлайовлу.
Ма ловзахьа,можа полла,сенчу байтIехь зезагашца,
Ловзушхьоьга гIийла хьуьйсуш, къена нанойгIийла боьлху.
Мадекийша, накхармозий, сенчу байтIехь зезагашца,
Тера доьлху накхармозийнана йоцчужимчу берех.
Ма тебахьа, хIай цIоькъалом,хьо къанделча,цу ижунна,
Иштаааьтто буху хьуна тIаьхье йоцчу къонахчуьнан.
Ма гIертахьа, сурхар леча,хьо къанделча,моха йилла,
Иштта хьуьнар духу хьуна доьзал боцчу дикчу кIентан.
Ма гIергIахьа, хIайсира сай, хьо къанбелча, цу гIелашна,
Иштта аьтто буху хьуна шен воI воцчу къеначу дадин.
Ма гIертахьа, сийнакхокха, хьайнтIамбойча,стигал бала,

Иштта хьуьнар духу хьуна ваша воцчуцхьалхачу йишин.
И гIийла узам бекара бIаьстенан хIаваэхь. Буц йолуш, сенлуш яра ГIойтIана гонахара ареш, басеш.
ТIеттIа бохлуш кхетачу малха кIелахь денлора тIуналлех Iаьбна латта. Массо хIуманна а синхьааме болчу баьццарчу басо доккхуш дара дуьне, оцу басо дIахьулйира тIом кхихкинчу арахь лаьттана мел хилла чов а. ХIуъу хилча а шен амал ца хуьйцуш, адамийн вуон а, дика а бен ца хеташ тIеоьцуш долу Iалам, шен гуттарлерчу новкъа догIура, сибатца хийцалуш, карладолуш.
Адамна хета-м хета шена тIе бохам беъча, малх а стенна кхета теша, бутт а стенна бузу теша, догIа а стенна догIу теша, мох а стенна хьоькху теша, олий. Амма
Iаламан шен Iедал ду, шен хьекъале, адам шех ма-дарра кхиа йиш йоцу маьIна долу, массаьрца цхьабосса хиларан Iедал. Цуьнан кхечу агIор хила йиш а яц.
И ойла Иэладин хилла масийтта шо хьалха, бодано шен бIаьрса хьулдинчушарахь. Жима волуш иштта ца хетара. Къиза хетара Iалам. Узам бина а ваьлла, чубуза лахбеллачумалхана букъ а тоьхна Iачу Иэладина цIа оьхучу бежнийн, девлла лелачу берийн, чохь пешашкахь леточу цIерийн, пхьор кечдеш боганех детталучу цацанийн, бай тIехь чу са деъна хьийзачу дийнатийн, кхуьуш йоьдучу бецан, латто худучу а, таьIначухула хахкаделла догIучу а хийн а – бIаьстенан ерриге а гIовгIанаш хаалора.
Цара а, тайп-тайпанчухьожанаша а кхетамехь дендинчу суьрташа Iеха а вина, долуш долчух вицвелла
Iара иза.
– Ваши, Ваши, – элира бага а гIаттийна цуьнга хьалахьоьжуш Iачужимчу кIанта, – кхин а алахьа.
Иэладас коьртах куьг хьаькхира цунна.
– Схьахила Вашина юххе... хазахетий хьуна Вашас олуш.
– ХIаъ.
– ЭхI, когаш Iуьйра вац хьо. Мегар ма вац, – шен кара хаийра Иэладас кIант. ТIаккха иза юха а узам бан велира.
Иштта, воккхачо жимчунна иллеш а бохуш, бIаьстенца сту я говр дужий ялта а дуьйш, ша хIаллакдан гIерташ хаддаза тIелетачарна ца къарлуш, я сина, дегIана паргIато лехна, шен амал ца хуьйцуш, шен цIийца богу майраллин, оьздангаллин суй дIа ца бойтуш (ткъа и суй

хIаллакбан тIаьхьабевлла ма бара цуьнан дегIах кийсигаш йохуш хьийзарш), бIаьрго а ца лоцуш сиха хьаьдда йоьдучу заманахь дуьненан а меха къонахий кхолла а, бIаьвнаш йотта а, дина зулам бекхам боцуш ца дита а, иллеш даха а, керла чкъор хьалахIотто а – ша дан хьакъдерг дерриге дан а кхиош, оцу сиха йоьдучу замано Iаьржачу, шийлачу, къизачу паналлехула дадийна дуьгучуЛаьтта тIехь Iен меттиг, цхьаьнгга а дIа ца йоккхуьйтуш, лар а еш, оцу паналлин шелоне Лаьттан дог гIора ца дайта цIарал а сиха хелхарш а деш, кхолламо дуьхьал хIитточухалчу зерех чекхдуьйлуш, ойланца цIанлуш, са серладолуш, дикчу гIуллакхийн лаьмнаш хIиттош, азаллера дуьйна схьадогIура халкъ. Иза тIепаза дан йиш яцара цкъа а.

# ИШТТА, ДІАВОЬДУШ, ЦУ НЕКЪАХ ЦА ТУЬЛУШ, ЧЕКХВАЛА…

**Иштта, дIавоьдуш, цу некъах ца туьлуш, чекхвала…**[97]

**1**

КIайн кир тоьхначу жимчу цIийна хьалхахь боьгIначу Iежо а, цул жимма лахахь болчу кхуро а зазадаьккхинера. Iежан заза цIен-кIайн дара, кхуран заза

– деккъа кIайчу басахь. Зазашна тIехуьйшуш, юха царна тIера гIуьттуш, цкъа хьаьвзий цхьанхьа дIадоьлхуш, тIаккха хьаьвзий юхадогIуш, гонаш туьйсучу накхармозийн «зузз» лаьттара хIаваэхь. Кхура бухахь динчудехачубукътухийла йолчу гIанта хиъна Iара воккхастаг ТIайба. Цунна уллохь лаьттара цуьнан кIант ХIаваил. Да лекхочу дегIахь, дилхалахь,

Iаьржачу аматехь вара, юьхь тIехь жимма гуш къоьжа маж-мекх а долуш: юьхь уьрсаца ца цIанъеш, тукарца лоргура цо. КIант а вара вуткъа-лекха. БIаьрг-цкъоцкъам – Iаьржа, амат – кIайн. Да къамел деш вара:

– КIант, со мел веха а ца хаьа. Со дIаваьлча, хьуна хьехар дан воккха а вац. Цундела ас дуьйцучуьнга дикка ла а догIа, цкъа а диц а ма де…

– ЛадугIуш ву-кх со, дада…

– ЛадугIуш вац, дегI кхузахь делахь а, хьан ойла генахула кхерсташ ю, дIо шовдана йистехула, – реза вацара да.

КIентан юьхь цIийъелира, иза цецвелира: дена муха хиъна кхуьнан дагахь дерг, хIара боккъал ван а ма вара дIо Ломан-хьостерчу шовдана йистехь, иза, цу шовданна генахь доццуш Iашъерг схьаяре хьоьжуш, юха цо шайн зIар доьллуш гуш…

ХIаваила шен бIаьргаш лаьтта хьовсийра, эхь хетта.

Иза ойла ян волало шега дуьйцучун, цунна цIеххьана хьалха хIоьттира дас кест-кеста олучу, «со дIаваьлча» бохучу дешнийн бакъдолу маьIна. Кхунна яьлла лаьтта бIаьсте а йицъелира, накхармозийн «зузз» дIадайра, хIара чIогIа вуьйхира, хIара чIогIа кхеравелира, мохь хьакха лиира: «Дада, дада, со а витий ма гIолахь, ас хIун дийр ду хIокху

лаьттахь, суна гур яц накхармозаша зевне яьккхина бIаьсте, мелчу мохехь хьийза зазанийн патарш…»

Чухиш хIиттина бIаьргаш лаьтта хьовсадо ХIаваила.

Цуьнан кхетаме кхочу ден дешнаш:

– Хьарам хIумнах ларлолахь, цIарах санна… Хьо мел чIогIа хьераваьлла хьийзахь а, хьарам некъаш деш, я хьанал бахьнаш леладахь а, хьуна каракхочург цхьа рицкъа бен дац хьуна…Дала азаллехь хьуна яздинарг.

…Хьайн сий ларделахь, сий дайча юхадогIуш дац хьуна. Гуттар а хьанал къахьоьгуш хила. Тидам бел оцу накхармозийн, гуттар а къахьоьгуш ду уьш. Доьлхий, цара зезагашна, дитташна, зазашна тIера дургал гулйо, хIора мозо шен дегIе хьожжий, дургал йохьу никх чу. Иштта жим-жима хIумнех, и никх буззий моз а хуьлу.

Ахьа а, массо хIума цхьана дийнахь дан а ца гIерташ, хьайга далург деш хьанал къахьегахь, дуьненан хIума а

IаьIар ду, нахана юккъехь дIалела юьхькIайн а хир ву…

ЛадугIуш вуй хьо?

– Ву, дада, ву, – кIанта корта хьала а ца айъира.

ХIаваилна цхьа тамашийна, цхьа ира хаалора хIокху дахаран галморзахалла: хьийзачу зазанийн патаршца, пхенашкахь кхехкачуцIийца, Iаннашкахь карзахъюьйлучу дешначу лайн Iоврашца, Iаьржа бIаьргаш долчу, гуттар а шена гергаийзочу йоIаца еана хIара бIаьсте – цхьана агIор, вукху агIор – ден къаналла, герга гIерта цуьнан маьркIаже…

«Дада! Дада! ХIетахь, со жима волуш, иштта ма дацара…ДагадогIий хьуна, сан пхи шо долуш…Иштта, сан хенара вара вайн лулара кIант Ваха а. Ахь тхойшиъ ший а хьайна хьалха дIахIоттавора…Хьо хIинца санна, хIокху гIантахь хиъна Iара… Ахь элира тхойшинга, хьалхаваларх вада аьлла… Тхойшиъ ший а дIаэккха тохавелча, ахь со жимма сацийра. Ваха хьалхавелира… Ас дегабаам бира… хьо воьлура… Юха ахь Ваха сацавора…цо дегабаам бора…хьо юха а воьлура… воьлура… ткъа хIинца хьо ца воьлу, Дада…»

– ДIавала, дIагIуо хьайн гIуллакхе, ламазна кечамбе ас, – ТIайба, везза шен гIожа тIе а тевжаш хьалаайавелира. Амма ши ког а баккхале, ша волччохь карара гIаж а южуш, охьавахара иза.

– Дада! Дада! – дена гонах хьаьвзира ХIаваил.

Кхуо хьоькхумохь а хезна, хьаьдда схьакхечира цуьнан нана ХIазан а.

Иза чIогIа эгIаза йоккха стаг яра, пелаг санна яйн, мелчу мохо дIаяьхьча а цецвала ца оьшуш.
Цушимма халла айина, уча хьалаваьkkхира ТIайба, тIаккха цигара чу а вигна, паднара тIехь биллинчу метта охьа а виллира. Цуьнан мерах цIий оьхура ца соцуш, ша хин тIайра[98] санна. ХIазан цуьнан мера кIел горгамаш кхехьа а ца ларайора. ХIаваил хьаьдда лулахо воккхастаг волчу а вахна, и чу а хьажийна, эвлаюккъе таьIира лор волчу. Иза а валош, схьакхаьчча, воккхастаг Ауд Къуръан доьшуш Iара, ТIайбин коьрте а хиъна, ХIазан шен горгамаш хуьйцуш яра: цIий жимделлехь а, хIинца а мелла а догIуш дара. Чукхаьчна лор, чуьрчеран гIийла де дика а дина, цомгашчун синпхене ладогIа хIоьттира, тIаккха даге… Цхьа хан яьлча, цо, ХIаваиле хьала а хьаьжна, элира:
– Мер чуьра пха иккхина, цIийн Iаткъам дукха хьала а баьлла… Иза чIогIа дика ду… Коьрта чуьра пха иккхинехь, вуон хьал хир дара… ХIинца гIоле ер ю кхунна…
Цкъа еса дешна а ваьлла, Къуръан карахь Iен Ауд, иза тIе а къевлина, ара а ваьлла дIавахара, гена мел вели булучу маьркIажан боданца дIауьйш.
Цунна тIаьхьа лор а дIавахара, кехата тIе эца еза молханаш а, хьехамаш а язбина. Ишиъ ца хилча санна дIавайра, цу шимма а аьлла: «Дала маршалла дойла
ТIайбина», – боху дешнаш дисира оцу хIусамехь а, цу шина адаман кхетамехь а даха.
Дукха хан ялале меттавеанчу ТIайбас хьаьттира, гIийлла хезачушабаршца:
– И хIун гIовгIанаш ю арара чухезарш…
Ткъа арара чухезарг бIаьстенан гIовгIа яра, дуkkхахьерг – кху юьртана гобаьkkхина гонах йолчу уьшалшкахь самаевллачупхьидийн гIара.
– Дада, иза хьо жима стаг волуш дIо Сорота вахча, хьуна бинчу синкъераман гIовгIанаш ю… мехкарий бу эшарш лоькхуш… хелхаран йиш а локхуш, вота а тухуш.
ТIайба гIийла велакъежира.
ТIаккха:
– Хьайн бегаш битина Iаш вац-кха хьо, – аьлла, шабарш дира цо.
Цхьа сирла, цхьа мерза еара и суьйре. ХIазана дIатохаелла шури тIехь худар дира, ТIайбина кхалла атта хир ду аьлла.

ХIаваил дена гонах хьийзара, иза хьалахаош, цунна букъа тIехьа гIайбеш дохкуш.
Цкъа шозза-кхузза кхаьллина, кхин хIума ца юуш, вухахилира ТIайба. ТIаккха набаран тар тесира цунна…

**2**

ХIаваил, шайн учара неI а йоьллуш, бIаьстенан буьйсане велира. Пхьидаш хаддаза екаш яра. Стиглахь беттан ах, нилхха седарчий а дара. Когаша иза, вуьгушвуьгуш, Кесира ехачу цIийнан кевне вигира. Божлина уллорчу рагIу кIелахь дара КесирагIеран хьелий… МаьркIаже хиллачул тIаьхьа узура хьелий: дажа лаьхкинчуьра малх чубуьзначул тIаьхьа бен ца догIура уьш.
– Хийисте ван ца хилларг, тхан рагIун маьIIе ма гIерта, Дадин иэраша цоьстурий техьа хьо? – некъаца агIор Iаш йоллушехь, хIара тосавелира Кесирина.
– Дадин иэраш совцо а, Бабин Iахар караIамо а суо говза ца хилча, со гIертар варий къеначу Дадин керта? – дуьхьал вистхилира ХIаваил.
– Дадин иэраш совцо хьо гIертташехь, Бабин Iахар хьаьдда кхечу керта гIурий техьа? – етт оьзна а яьлла, кхуьнгахьа йирзира Кесира.
– Хьуна хетахь а, иштта ледара борз яц хьуна хьан ненан нуц хила гIертарг. Цу Iахарна нехан керт дагаеъний хиъча, лаза ца беш, кхакхи тIера цергашца байн лаьцна, бадийна, бадийна, цхьана… цхьана… – тасавелира ХIаваил.
– Борз иштта тасалахь-м, Iахар, охьа а божийна, лазор, – гIараяла ца лууш, гIийлла елаелира Кесира.
– Бадийна, бадийна и Iахар, шортта зезаг-буц йолчу ламтIе кхуссур бу-кх, шортта лешалуш шовданаш долчу, – эххар а шен дагахь дерг аьлла велира ХIаваил.
– И хIетал-металш а дитий, тахана дуьххьара шовдан тIе ца ван хIун хиллера алахьа…И дуьйцуш ма ю хIара ерриге а юрт…
– Хьуна ца хаьа, Кийса, со цхьа доккха бахьана ца хилча, Iийр воций… Дада цомгаш хиллера… цунна лор валош…ХIинца гIоле ву…Ца буьллу ас-м бехк…
Хьан хIун бехк бу?.. Хьуна мичара хуур ду…
Бехкалаяхна Кесира кIелхьарайохура ХIаваила.
Амма цунна оцу буссехь тосаделира, Кесира, кхуьнан
Iаьржа месаш, кхуьнан Iовла Iахар, кхуьнан ламанан лу, шел а сиха кхуьуш хилар; цуьнан йиш яц цхьаьнгга а, аттала кхуьнга а хьежа,

хIокхуо цхьа суьйре тIехтилийтича а, ца лайна цо; иза сиха ю дахар довза; цунна хIинцале а тIемаш девлла, хIинццалц схьа цо
Кесирина далийна дустарш хIинца цунна догIуш дац, иза бIаьстенан олхазар ду – зарзар. Олхазар караIамо бIозза хала ду, ламанан лу-м иштта хала а хир дацара.
ХIаваил цIа воьдура, луьста седарчий долчу буьйсанехула, хIинццалц схьа шен ца хилла дуьненах лазам а, синхьийзам а хаалуш.

**3**

Малх кхетта бIаьстенан декхна де. Лазарх меттавогIу ТIайба уьйтIахь гIант а хIоттийна хиъна
Iара, гIуркхах йинчу кертал дехьа долчу шайн уьрда тIе бIаьрг а бетташ.
Урд ца охуш хьеделлера кху шарахь. Баьццара бай а, можа зезагаш а девллера. ХIинццалц хилла хIума дацара иза. ТIайбас дуьххьара охура урд, ши говр йоьжна гота а кхойкхий мехах.
Цо бехха кечам бора оцу денна. Диэ лерина хIу хуьлура кхуьнан хьалххехь дIаIалашдина, дахка тIекхачарх лардеш, рагIун тховх аьчган сераца хьалаоьллинчу гали чохь. Iуьйра-ламаз а дой, араволура хIара кха тIе. Дагахь Къуръанан сураташ доьшуш, уьрдан еа маьIIе волура, тIаккха кхуо Делан цIе а йоккхий, дIадоладора хIудIатасар. Эцца схьагуллора тайп-тайпана олхазарш.
Цаьрца цхьаьний хIусамнана а кхочура схьа.
– Ва къонах, ахь и хIу дIатасарх буй пайда, хIокху олхазарша иза дерриге а дIадууш хилча.
ТIайба цунна дуьхьал гIийла воьлура:
– ХIумма а хир дац. Шайна йоьгIнарг бен юур яц, – бохуш.
Малх схьакхеташ готанхой схьабогIура. Урд аха доладора, латта тIуьна а, Iаьржа а хуьлура. Олхазарш юха а дIа ца доьлхура, цара аьхначу лаьтта тIера нIаьний лехьадора, «чIир-чIир» деш декара. Делкъахан хуьлуш ах сов аьхна долура урд. Готанхой чубогIура, ламаз дан а, хIума кхалла а. Дакъийна уьстагIан пIендарш тIера жижиг а кхеххкадой (леррина оцу гIуллакхна хьежош
Iалашдора иза ХIазана), ахьаран гала а тосий, кхача а кечбора…
ДаьттагIа а, моз а хIоттадора. Хилларш, лелларш дуьйцуш, ховший Iара, вовшех самукъадуьйлуш, буьйлуш, даьттагIций, мозций чай а муьйлуш. Ший а чIогIа самукъане стаг вара – ТIокказ а, Мохьамбек а…

ТӀокказ гуттар а луьйш, бегаш беш, воьлуш хуьлура,
Мохьамбек, къежа а къежаш, хиъна Ӏара, наггахь бен дош а ца олуш.
Амма и дош меттара а, чӀогӀа беламе а хуьлура.
ХӀинца вац и шиъ, и шиъ дӀаваьлла, синкъерам а дӀабаьлла, марзонаш а дӀаевлла, хӀара ТӀайба ша висна-кх, Ӏожалла а йисна, Далла дуьхьал хӀотта везаран кхерам а…
Иштта ТӀайба хиъна Ӏаш, делкъахан а хилира, готанара яьккхина ши говр баргол а тоьхна кха тӀе яжа а лаьллина, ХӀаваил а, цуьнан накъост а керта схьа а веара.
– Дада, ламазан хан хилла вайна, – элира ХӀаваила.
– ХӀа-а? Ламазан хан? Дика ду.
Чувахна, ламаз а дина, юха а уьйтӀа ваьлла, ша
Ӏийначу гӀанта охьахиира ТӀайба.
Цунна хаалора шегахь хилла хийцамаш: хьалха тӀекӀелтоьхна Ӏаьржа латта гича, самукъадолура, куьйга схьа а оьций, и вовшах а хьекхош, цуьнан тӀуналла толлура. ХӀинца оцу лаьтто цхьа кхерам кхуллу дагчохь, кхунна хала ду и ган…Цу лаьтта буха ваха везакх. Маца? Мацца водахь а, ма гергахь ду иза.
ТӀайба кхин дуккха а Ӏийра, шен гӀанта а хиъна.
ХӀаваиллий, цуьнан накъосттий говраш дӀа а йоьжна, юха а гота аха волавелира, гобаькккхина бӀал тосуш.
ХӀора го мел боккху, бай баьлла латта жимлора, жимлора, баьццаралла тӀегоргъеш, Ӏаржалла совйолура.
Эххар а шина говрана нахарца цхьаьна дӀасахьовззал а ца йисира, цара юх-юха а ленаш тоьхна бергаш етташ, бӀаьстенан ховха буц хӀаллакйора, тӀуьначу лаьттах дӀаэеш.
ТӀайбина и бай баьлла латта шен дахаран аре хетаелира. Хьалха иза йист йоцуш яра, хӀинца хӀора сохьтехь жимлушю. И жимъеш, тӀегӀерта Ӏаьржа латта, тӀегӀерта, мел тӀаьхьа а цо къайлладоккхур ду цуьнан дахар а, хӀара ша а. Ма доккха хӀума ду-кхиза, хӀара дерриге дуьне а дитина, лаьтта буха ваха деза бохург,
Ӏожалла тӀеэца еза бохург.
Сахьаьвзира ТӀайбин, цунна ца гора чубуза регӀа тӀе лахбелла боьдумалх а, сийначустиглахь, лайх хилча санна, кӀайн семса мархаш а, лаьттахь Ӏохку церан
Ӏаьржа ӀиндагӀаш а, цунна ца хезара гӀоматех кӀелхьараевллачу говрийн терсар а, эвла йистехь гуллучу берийн зевне гӀовгӀанаш а.

Оцудерригенна а букъ тоьхна, уьйтIахула дIаса а хьаьвзина, цIа чу вахара
ТIайба.

**4**

– Дера вевза, ТIайба муха ца вевза?Охашимма дукха мерза хан ма яьккхина, МартантIехь Хьаькин-хьуьжарехь доьшуш. Доьшуш аьлча а, сакъоьруш лийлир-кха.
Жималла иштта ма ю. Жима волуш дерриг дуьне а хьайн дуьхьа кхоьллина моьтту, массо хIумнах самукъадолу, схьа сехьавалий, охьалахло, – иштта къамел а деш, вахна паднара йисте охьахиира воккха стаг Iуса, хIара ХIаваил теттина шел лакха а воккхуш.
– Могаш вац боху ахь сан бусалба ваша…ХIун цамгар ю цунах кхеттарг? – воккхачу стага шен Iаьржа бIаьргаш тIедуьйгIира хьешана.
– ХIаъ, могаш воцуш ву… Сингаттаме ву-кх иза чIогIа, гуттар а валар хьехош, валаран ойла еш…
– Делахь хIинцца, ламаз карла а даьккхина, новкъавер ву вайша…
И шиъ новкъавелира, воккхачу стага шен машен а латийна. Машен тиша яра, хIинца и тайпанаш арахоьцуш а яцара.
«ДIа мукъна а кхочурюй техьа хIара, некъ лома хьала а хилча?»
– ТIехьаьжча беркъа хетахь а, дог чIогIа долуш чарх ю хьуна хIара, – кхуьнан ойланах кхетча санна элира
Iусас. Кхин вист а ца хилира, кхеран юьрта дIакхаччалц.
ДIакхаьчча, ТIайба учахь Iара, ураме бIаьрг а бетташ.
– Ассаламу Iалайкум, – вахна тIехIоьттира цунна
Iуса.
– Ва Iалайкум солом… Iуса, хьо вац иза… – везза хьалагIаьттира ТIайба.
Куьйге вахара воккха ши стаг, мар-мара а кхийтира, дIатийра.
– ЭйтI, маржа ТIайба яI!
– Маржа Iуса…
– ЭйтI, маржа дуьне!..
– Маржа, дIаяхна зама…
ТIайбин бIаьргех татолаш хьаьвдира, иза воьлхура, аз доцуш, гIийла, балдаш а дегош. Iуса воьлура, чIоггIа, цхьа тамашийна.
ХIаваилан дог шелделлера, цунна цкъа а ца гинера шен да воьлхуш, иза цкъа а хила йиш ю аьлла а ца хеттера; цунна цкъа а ца хезнера иштта тамашийна воьлу воккха стаг а…

Іуса хьалха веара метта, къайлах шен бІаьргех девлла хиш дІадехира цо, корехьа дІа а воьрзуш. ХІаваил кхийтира цо лелочух: иза воьлура, ца велха гІерташ.
– АлхьамдулиллахІ! Далла бу хастам. Тоийтал,
ТІайба! Тоийтал! Вайшимма лелориг-м кху кІантана хьалхахь а эхь ду…Деллахь, ма дагахь дацара вайшинна, хІетахь, МартантІехь хьуьжарехь доьшуш: «Же, нана, ма Іелахь, тхо сиха ду хьуна», – бохуш, напха[99] деха оьхуш, я тІаьхьа мехкаршка назманан кепехь кехаташ яздеш лелаш, вайшиъ иштта къанлур ву аьлла, – къамеле велира Іуса.
Корта а оллийна, дерриге а дегІ дегош, воьлхучу
ТІайбас куьг ластийра:
– Уьш дІадевлла…массо хІума а дІадаьлла… Со а дІавахна ваьллехь бакъхьа дара…
– ДІагІур ву хьо а, со а, вай массо а, шен хан кхаьчча… Хан кхаччалц сагатдан мегар дац… Хьуна суначул а дика ма хаьа иза… Делан салам хуьлда цунна,
Делан элчано ма аьлла: «Кхана лийр волуш санна Далла гІуллакх а де, цкъа а лийр воцуш санна дуьне а лаха», – шен доттагІчунна тІера бІаьрг ца боккхуш, дуьйцура
Іусас.
– Дера, иза а ма хаьа суна… ХІетте а гуттар а сингаттам лаьтта-кх дагчохь… Іожаллин сингаттам… хІокху дуьненчохь цхьа а чам ца бисна сан, цхьа къаьхьа чам боцург, – бохура ТІайбас, шен карара Іаса цІенкъа а Іуьттуш.
– ХІаъ, хІаъ, евза суна и цамгар. Жинаш ду хьуна тІаьхьадевлла, хьуна дахаркъахьдеш…царна дарба дан деза… ХІинцца вай дарба дийр ду царна. Суна цкъа хьалха…эрз безар бу…кхин ворхІ хІума: саьмгал, мукх, кІа, кІора, даш, эчиг, цІаста. И ерриге хІумнаш ахь вовшахтоха, ХІаваил…Иштта ши ленан хьостам а оьшур бу хьуна… эрз тІе хьарчо кІайн киса а. Ахь уьш вовшахтуххушехь, ас кхин дарба дийр ду…
Цкъа хьалха,
ХІаваил, Іаьржачу котамна урс хьакха ахь…
ХІаваил аравелира, Іусин тІедахкарш кхочушдан.
Эццахь наьІаре хІоьттина ХІазан дукха чІогІа бехкала яхара, ша хитІа яхана, чохь а йоцуш, хьаша кхачарна а, ша дуьхьал а яьлла, цуьнга маршалла хатта аьтто боцуш йисарна а.

– Марша вогIийла хьо! – агIор маракхийтира иза Iусина.

ТIаккха тIекара елира, цIа, доьзалш, гергарнаш, могашалла, болх-некъ хоьттуш.

– АлхьамдулиллахI! Далла бу хастам.. Дика Iаш ду!

Дала иштта Iайтахь. Сан ваша цамгаро лаьцна хилла…Делахь а дукха сагатдан мегар дац. ГIоле Делехь ю, вай бахьнаш лелор ду, – элира Iусас. – ХIинца дама да ахь, ХIазан, боги чохь…Жимма, дукха ца оьшу хьуна, цхьа-ши хьоккхам балла…

ХIазан дама дан яхча, паднара йисте кора хьалха охьа а хиъна, Iаьржачу кIадин тIоьрмиг чуьра схьаэцна доккха жайна дIа а даржийна, деша хIоьттира Iуса.

ТIайба, бIаьргаш тIе а дехкина, гIайби тIе дIа а тевжина Iуьллура. Iусас шен карара жайна вовшах а тоьхна, коре охьадиллича, бIаьргаш схьадиллира цо:

– Доккха хIума ду-кх…

– ХIун ду доккха хIума?

– Хьо кху керта ваьлчхьана, сингаттам дикка байбели-кх суна…

– Дала мукъалахь, цIенна дIабер бу…

БисмиллахIиррохьманиррохьийм! – бод хьакхо волавелира Iуса, хаддаза дагахь доьшуш аяташ а долуш.

ХIара хIун дан гIерта теша бохуш, цуьнга цеце хьоьжура ТIайба. Адаман жима сурт дира цо бадах: горга корта, дегI, ши ког, ши куьг. Оцу хенахь ХIазана арара чуеара ХIаваила урс хьаькхна охьайиллина Iаьржа котам. Адаман суьртехь йинчу тайниган кхаа маьIIе котаман цIий Iоьттира Iусас.

ТIаккха ХIазане элира цо:

– ХIара котам ТIайбина тIера сагIийна луо, цхьана мискачу стагана. Ткъа хIинца хIокху суьртана тIехьарчо кIайн киса дан ахьа.

ХIазан хьие ца луш схьаеара, киса а дохьуш.

– ХIокху тайниган цIе ТIайба ю…ТIайба «велла», хIинца кхунна марчо хьарчор ду вай. ХIара дIаволла веза, кешнашка а ваьхьна. БисмиллахIиррохьманиррохьийм, – юха а багахь шабаршца цхьаъ дуьйцуш, бадах йинчу тайнигна гонах кIайн киса хьарчо волавелира Iуса.

Цуьнга хьоьжуш Iачу ТIайбин бIаьргех ши тIадам керчира къежъеллачу можа тIехула охьа. ХIазан а

Іадийча санна Іара. Оцу хенахь веана чоьхьавелира
ХІаваил. Стоьла тІехь Іуьллу марчо хьарчийна тайниг а гина, воьхна хилира. Цуьнгара хьал гучу Іусас элира:
– Цхьа а хаттар а ма диэ… Кхуьнан цІе ТІайба ю.
ХІара «велла». ХІара, дІа а хьой, юьртан кешнашка цхьана маьІехь дІайолла, кхунна йохалла хиллал кІорга ор а даккхий.
ХІаваил цо бохург кхочущдан вахара.
Іуса эрз язбан охьахиира, кест-кеста шекъадолукъолам хи чу а Іуттуш. ТІедачу лаьтта тІехь зингатан лар санна, нийсса дохкура цо Іарбийн элпаш. Йоза дина ваьлча, цхьа ленан хьостам кІайчу кисин асанах чекх а баьккхина, эрзан буьххье чубоьллира цо, тІаккха и аса эрзах хьарчийра, и берриге а дІахьулбеш. Юха цу асан важа маьІиг а эрзан вукху юьххье йоьллира шолгІачу ленан хьостамца.
И кечамаш бина Іуса воллушехь, юхакхечира
ХІаваил, тІе хин киса хьарчийна эрз дІабелира цуьнга
Іусас:
– ХІара биъ некъ къаьстачу лаьттах болла, цхьа-ши ша кІорга охьа а ахкий…Делан цІе а йоккхуш, хІокху эрз тІе таса и ворхІ хІума! Саьнгал, мукх, кІа, кІора, даш, эчиг, цІаста. ТІаккха хІара хІоа а цу тІе а тохий, дохаде, ТІайбин тІера цамгар кхуьнца йоьхна дІайолийла олуш.
ХІаваил юха а аравелира. Эвлаюккъехь жІара болура ши некъ. Амма цунна ца лаьара нахана ша гойла, иза юьстахо долчу тачанашца эвла йисте велира. Цигахь, хьун дІайолалуччохь, яра ши некъ жІара болу меттиг.
Цигара юхавеъча, ХІаваил наьІар хьалха сацавелира учара схьа ТІайбин, Іусин самукъне аьзнаш а хезна.
– Дера яра хаза хенаш, ТІайба, массо хІумнах а самукъадолуш. ДагадогІий хьуна, МартантІехь хьуьжарехь долуш, вай Жимчу-АтагІарчу мутаІеламашка кехат дахьийтина?.. «Чухьаьжча кедан бух а гуш, сирлачу морзин берам чу сискалан юьхкаш буххехула стенна хьоькху аш?» – аьлла?
– Дера догІу, – велакъежира ТІайба. – Цара дуьхьал даийтина жоп а-м догІу. «КІалдан цуьрг карор яцара техьа бохуш, Делан дикане сатийсар ду-кх!»
– Самукъне зама яра, хала хиллехь а… ХІинца юучуьнца, тІедухучуьнца паргІато ю, самукъадалар кІезиг ду…– бохура Іусас.

– Вайн зама дIаялар ма ду иза, Iуса. Кегийчеран самукъадолу хьуна тахана а, – бохура ТIайбас.
– ХIара кIант-м хаза хьан аьллар тIехь вумоьтту суна,
#ИМЯ?
– Иштта-м ву хIара…
– И доккха хIума ду, ТIайба, вайн заманахь ден-ненан лаамехь доьзалхо хилар… Дукха хьалха, вай кегий долуш, вайн чохь, тхан да волчохь гулбелла бара цхьа безамехь баккхий нах. Луьйш-олуш Iаш, царах цхьамма хьахийра, къонахчунна лан уггар а хала хIума хIун ду, кху дуьненахь цунна тIекхача аьлла. Цхьамма элира: «Доккха хIума хьаха ду, чоь юьззина болчу доьзал тIера нана а елла, кегийчу берашца ша цхьаъ виснача хIусамдена тIекхаьчнарг».
«Иштта ду», – бохуш, кортош теIадора ладоьгIучара.
Амма жимма хан яьлча, кхин воккха стаг вистхилира: «Цул а хала хIума ма хета шена-м, хьенех, шен дегIе ваьлла цхьаъ бен воцу доьзалхо дIа а кхелхина, воI воцуш, къонах цхьалха висар…»Цунна а шаьш реза хилар хаийтира чохь болчара.
Эццахь вистхилира, шена хьалха бIаьргаш а доьгIна, суьлхьанаш хьийзош Iаш волу цхьа къоьжа маж ерг:
«И ший а лан чIогIа хала хIума ду, – элира цо. – Амма царал доккха далатохар хета шена, шен дегIе ваьлла, воккха хилла воI ден аьллар тIехь воцуш, цунна дуьхьал валар».
«Дера, хьо бакъ ма лоь», – тIетайра цучохь мел верг.
И бакъ хилар-м суна сайна хии хьуна, ТIайба, – аьлла, дIатийра Iуса.
– И стенна боху ахь, ва Iуса?
– Дера боху и кIентан ши хIума дуьне мел ду йолаелла лелаш йолу дела…Наггахь кост а, шай-кай а йоуьйту… Ас хIун до кхеран ахчанах, хIорш вуонехь я диканехь а ца хилча?
– Талур ма бу уьш, Iуса… КIант, мел гена валахь а, хьаьвззий шен орам тIе вухавогIу хьуна, – бохура
ТIайбас.
Схьахезачу аьзнех ойла екхаелла, чоьхьаваьлла, наьIарехь сецира ХIаваил. Чохь, лаьттахь, боккхачукуза тIе яржийначу шаршу тIехь лаьттара кхача: сискалан дакъош, тIуо-берам, даьттагIа, шура тоьхна Iаждарбецан чай.
Ма хаза дара, ма товш дара ХIаваилан дагна и сурт: кхуьнан да, хьалха санна, самукъане Iара, шен хенарчу воккхачу стагаца хIума юуш,

хилларш-лелларш дуьйцуш.
Малхбуза-ламаз динчул тIаьхьа, малх аьрцнаш тIе лахбеллачухенахь, дIаваха аравелира Iуса. ТIайба генна тIаьхьавелира цунна.
Цуьнан машен некъо гола а тоьхна, къайлаяллалц тIаьхьахьоьжуш а лаьттира. Вухавирзича, ша леррина тергалвеш лаьтташХIазан а, ХIаваил а хааделира цунна.
«ХIара шиъ ма чIогIа хьоьжу соьга», – ойла хилира
ТIайбин. ТIаккха ша а кхийтира: цомгаш хиллачул тIаьхьа дIабаьллачу кхаа баттахь дуьххьара ваьллера иза кел ара, кетIа, цхьана гуш боцчуницкъо шена тоьхна доза а хадийна.

**5**

Кхийран биргIи чухула даьлла шовда басерчу тIулгийн экъанашна тIедетталуш духура, даккхийчу цинцашка даьржаш. Малх баьццарчу регIах къайлабала сахьт гергга зама яра. Оцу хенахь шовдане йогIура Кесира. ТIайбагIеран уьйтIара дIахьаьжча, шерра схьагора Кесира чохь Iен цIа а, урам а. Церан дечган ринжа куьйгаца саца ца дича, чIоггIа тIекхетара, «тIох» олий тата а доккхуш. И тата, ТIайбагIеран цIийнна тIехьа болчу аьрцнех кхетий, шолгIа а долура.
И хIума ишколехь йоьалгIачу классехь доьшуш волуш дуьххьара гучуделира ХIаваилна. ХIара а, кхуьнан накъост Ваха а ишколера цIа вогIуш, ШаIмангIеран
(Кесирин да вара иза) цIа долчу ма кхеччи, нийсса церан ринжи хьалха саца а соций, мохь бетта волалора: «ХIей! ХIе-хIей!»
ХIан-хIа, цхьамма мохь тухура: «ХIей!» ТIаккхашимма а ладугIура. Цхьа мIаьрго яьлча, изза мохь дуьхьал хезара: «ХIей!»
Вахас: «ХIаваил!», цхьа мIаьрго яьлча, дуьхьал:
«ХIаваил!»
ТIаккха шайна дага мел догIу дешнаш дагардан волалора и шиъ рогI-рогIана. «Хьаьмцаш!» Дуьхьал:
«Хьаьмцаш!»«Нитташ!»–«Нитташ!», «Борз!»–«Борз!»
«Космонавт!» – «Космонавт!», «Пхьид!» – «Пхьид!»,
«Буьрка!» – «Буьрка!», «Iов! – Iов! – Iов! – Iов!»…
Ишиъ иштта вехха лаьттар вара, хIоразза аШаIмана я цуьнан хIусамнанас Кебийрата, тIаьхьа гIаж а кхуьйсуш, лелхош ца хиллехьара, кху тхан кетIа а веана жIаьлех ца летча, кхин меттиг яц шуна бохуш.

Меттигаш-м дуккха а яра юьртахь а, юьртал арахь а, амма иштта дIааьлларг дуьхьал схьаолуш меттиг яцара и йоцург кхушинна евзаш. Цундела ишколе воьдуш, я цигара цIа вогIуш, цкъаШаIмангIеран наьIара хьалха саца везаш вара, цкъа-шозза тоьхна а мохь тоха а, шайтIано дуьхьал тухучу маьхьаре ладогIа а.
Шина-кхаа шарахь дахделира иза, тIаккха, шаьшшиъ воккхахила волавелча, дитира.
Амма церан цIийна уллохула лелар-м ца дитира цу шимма: цу кертахь кхуьуш хаза йоI яра – Кесира. Ший а цуьнга безам болуш вара, цундела ший а чIогIа гIиллакхе а вара цуьнан деций, ненаций.
– И ши кIант ма гIиллакхе ваьлла, – хезира
ХIаваилна ШаIмана шен хIусамнене олуш.
– Дика ду-кх гIиллакхе хилча, мухха делахь а…
– Дика-м дара иза, лаа дуй-техьа.
– Хаза йоI кхиъча, урам а бевза… – елаелира Кебийрат.
– ХIа-а, и ду иза?
– Къа ма дара хьуна сан, хIара шайтIа ледина шиъ нуц ца хилча…
Кебийратан оцу тIаьххьарчудешнаша дог Iовжийра, амма цо цуьрриг жим ца бира цуьнан йоIе болу безам. Кхунна марзделларг марзлуш Ваха а хиллера: иза а тIехьаьвзира Кесирина.
– И муха хир ду? Вайша ши доттагI ву бохуш а ву, – элира кхуо Вахе.
– Зудчун дика шен вешина а ма де, аьлла ду-кх вайн дайн кица, – дуьхьал жоп делира вукхо.
– И Iовла Iахар ас баьхьна тхайн уьйтIа лаьллича, хьуна халахетахь а аьлла бохура ас-м…
– Иза а хуур ду вайна…ЙоI яьккхинчун хуьлуш ю, – юха а кица далийра Вахас, вела а къежаш.
И къамел кхушиннан хилира, итт класс чекх а яьккхина, хIорш буьйса юккъе яххалц ишколехь а, цул тIаьхьа сатассалц эвлайистерчу гу тIехь а Iийна цIехьа воьдуш.
ЙоI хIинца а дешна ялаза яра – уьссалгIачу классехь…Ма сиха дIадер ду-кх и шо. ХIара, ХIаваил-м, и ишкол цуьнга охьатасийтина, и дIайига дагахь вара, амма Кесира яцара иштта сиха. Бакъду, хIара шена тIехьийзарна дуьхьал яцара иза, дуьненан синкъерамна дош а деллера цо. Ткъа Вахина ца деллера, амма иза юхавала дагахь а вацара.
Цунах лаьцна а кица далийра цо. Иза-м кица хилла а ца Iара, иза дийнна дийцар дара: «Цхьана паччахьан йоI хилла корах арахьоьжуш

Iаш. Арахь цхьана зуьдана тIаьхьадаьлла масех пхьу хилла вовшах леташ…
Царах цхьаъ ког лазийна хилла, иза вукхара улло дуьтуш а ца хилла. Цу жIаьле хьаьжна, паччахьан йоIа аьлла:
– ТIаьхьара ма даьллахь, хьо къар ца лахь, гIуллакх хир ду хьан.
И хезна арахь волчу цхьана къечу жимчу стагана.
Паччахьан йоIе безам болуш хилла иза. ЙоIа пхьужIаьлина хьехар мадарра, йоIана тIаьхьара ца волуш, къар ца луш, къахьегна, шен Iалашоне кхаьчна».
– Хьуна хIума кара-м дийр дара ала, Молнесартана санна, – элира ХIаваила цуьнга.
Вукхо хIумма а ца элира дуьхьал. Иза оцу шарахь хIокху юьртара Сибреха ахча даккха боьлхучу нахах а кхетта дIавахара. ХIаваил дика кхийтира Вахин ойланах: ахчанца безам эца гIерташ ву. Амма гIуллакх хир дуй-техьа цуьнан? Иза ахчанна тIаьхьауьдуш леллашехь, кхуо Кесира…
И догIане бIаьсте а, и тов хьийзо аьхке а, и йоькхане гуьйре а цхьа мIаьрго санна дIаяхара, юхахьаьжна а валале.
Цхьана гуьйренан декхначу дийнахь (гIа доьжна даьлла, хьаннаш ерзина евлла нийсса кхо де даьллера хIетахь) Ваха юьрта веара шен кIайчу«Жигули» тIехь.
Цунах доккха дийцар хилира: «Вахас машен ялийна ца боху?» Оцу жимчу юьртахь иттех а яцара долахь машен, хIинца царах цхьаъ – Вахин яра.
Дуьххьара йис теснaчу цхьана шийлачу Iуьйранна шовдана йисте ваханчуХIаваилна бухахь Ваха карийра, шен машенца веана льтташ. Иза шовдана йисте дIа а хIоттийна (цу чуьра гIийла лекхалуш схьахезаш эшарш а яра), Кесирица къамел деш вара.
Кхуьнан дог лазаделира, хIара гIеххьа оьгIаз а вахара, боккъалшен долахь йолухIума цхьамма дIаяьккхича санна. Амма кхуо лачкъийра шегара хьал. ХIара чIогIа самукъадаьллачуха хьаьвзира:
– Ассаламу Iалайкум, махкара воцу хьаша! Хьо ма Iуьйрре гIаьттина.
– Ва Iалайкум салам, дикчу ден-ненан воI! Iуьйрре гIаьттинарг ирсан декъахь хир ву бохуш ма хезнера суна. Цуьнга дегайовхо йолуш ма гIаьттира со сахуьлу седарчий уьдучу ва хенахь… ХIинца сан хан дIаели, шу паргIат дуьтуш, сайн сирчу диннаюткъа нуьйр тиллина,

дIатаIа воллу со аренаш талла… Шун Iодика йойла! – машен чу хиира Ваха.
– Некъ дика хуьлда! Гена мел вели а кхин а дика а хуьлуш, – тIаьхьа мохь туьйхира хIоккхо. Вахас машен дIатохаялийтира, шина чкъурга тIе хIотто гIерташ санна, йоккха гIовгIа а йоккхуш.
Кесира малх санна, ела а къежна, лаьттара, кхушинга ладоьгIуш. Машен къайлаяьлча элира цо:
– Кхуьнан машенах цецъяла кечъелла мила ю?
– ХIетий…машенаш дукха ма юдуьненчохь…Ткъа хIара шовда цхьаъ бен дац.
– Вайшиннан туьйра а дац цхьаъ бен.
– Дера дац.
– Дийцахьа иза.
– КIорда ца дина хьуна?
– Иза суна цкъа а кIордор дац.
– Бакъдуй-техьа… Мехкарийн дог-ойла сих-сиха хийцало олу, бIаьста малх, догIий санна…
– Иза сох аьлла дац… Дийцахьа…
– Цхьана ден-ненан цхьаъ бен йоцу хаза йоI хилла ехаш-Iаш.. – гуттар а санна дIадолийра ХIаваила туьйра.
– Цуьнан цхьа а йиша а, ваша а ца хилла. Цуьнан сагатлуш хилла. Цунна чIогIа хазахетара шурула кIайчу газанан буьхьиг… ло санна кIайн пухIа йолу буьхьиг, – кхидIа дийцира Кесирас. Иштта кар-кара а оьцуш дуьйцура цу шимма и туьйра гуттара.
– Цхьана дийнахь цхьана ненан цхьалхачу кIанта кIайн буьхьиг ялайо цхьанхьара, лекхачу ломара. Баьццарчу бацалахь дежаш долчужа тIе а воьдий, жаIуьнна гирданца узуш дети а, саьхьашца дустуш деши а делла, эцна ялийна хуьлу и буьхьиг.
– Цхьана дийнахь иза, цхьамма диллина дитинчу ринжехула йолий, хьуьнха а йоьдий, йов.
– ГIайгIане южу йоI, буьхьигна сагатдеш, барзо йиъна техьа, я бердах яхна техьа бохуш.
– ТIаккха цуьнан дас олу, и буьхьиг кара а йина, юхаерзийнчуьнга лур ю ша шен йоI олий.
– ТIаккха арабовлу юьртара кегий нах, дуьне толлуш, и буьхьиг лохуш.
– Амма цхьанхьа а ца карайо. Цхьана ненан цхьалхачу кIантана карайо иза. Барзах едда, цхьана берда буьххье даьллачу лохчу дитта тIе а

яьлла Іаш.
– «Чухи, чухи», – кхайкхина цуьнга кІант. «БІе-е», – дуьхьал кхайкхина буьхьиг. Буьхьиг а ялош цІа веана кІант. Хаза йоІІий, ненан кІанттий, кІайн буьхьиггий цхьаьна даха хевшина.
И туьйра ХІаваила пхи шо хьалха дийцира Кесирина. Цкъа цхьана бІаьстенан Іуьйранна ишколе ваха ваьлла ХІаваил тІаьхьакхиира Кесирина. Кхуо, гуттар а ша олушма-хиллара, бегаше дешнаш элира:
Кесира, Сира,
Шун вир ду сира!
Цо дуьхьал ца элира:
ХІаваил, ил-ил…
Хьо мичахь жил-бил…
Иза, дуьхьал йист а ца хуьлуш, лаьтта бІаьра хьоьжуш дІайоьдура. Кхуо букъ тІехь кхозу тІоьрмиг дІаозийча а йист ца хилира иза, я кхуьнга схьа а ца хьаьжира. Цу гІуллакхах цецваьлла, хьалха а иккхина, къаьрззина цуьнга хьаьжираХІаваил: йоІ йоьлхуш яра, къила яххана.
Кхунна чІогІа къахийтирацунах. «Хьажахь, ма чІогІа халахетта цунна ас аьлла и дешнаш», – ойла хилира.
– Хьо стенна йоьлху?
Йист а ца хуьлура.
– Ас кхин эр дац хьуна…
Юха а йист ца хилира.
– Делахь ахь алахьа суна хьайна луъург…– тІаьхьара ца волура хІара.
– Дадас, нанас суна туьйра а ца дуьйцу… Учитало туьйра дан аьлла… тахана дІадийца… – эххар а шен бала балхийра йоІа.
– ХІа-а, и ду иза?! Туьйра-м ас дуьйцур ду хьуна…
Эццахь воьдуш лаьтташехь шеггара дага а лоьцуш, туьйра дийцира ХІаваила, кІайчу буьхьигах долу туьйра.
Иза хьехархочунна дІа а дийцина, Кесирас пхиъ даькхинера.
ХІетахь дуьйна и туьйра кест-кеста дагалоцура цу шимма, цо и шиъ цхьа гергара динера, дегнашкахь вовшашка кхийдар, кест-кеста вовшашна ган лаар кхоьллинера.
И къамел хилла а ах шо дІадаьллера. Ваха шолгІа
Сибреха болх бан вахна а ши бутт кхоччуш боллура.
ЦІахь волуш, ша мухха тІеэцахь а, цхьа де ца долура иза Кесирина дуьхьал ца хІуттуш.

– Эрна къа стенна хьоьгу ахь? – элира ХIаваила цуьнга.
– «ВорхIазза дуьхьал хIоьттича езачу йоIана, цуьнан ойла ца керчаш юьсур яц», – олуш хезна-кх суна
ЖагIаша.
– Хьо-м ворхI эзарзза хIоьттина хир ву…Хьа-хьахьа… хийцаделла хIумма а гой хьуна? – гIадвахна велавелира ХIаваил.
– Цхьацца хийцамаш бу, – къар ца лора Ваха ХIаваилна дагах кхийтира и дешнаш. Дог хьере хилира, боккъал а цхьаъ хила а мегара аьлла. Цундела сихха чекхдаккха деза хIара гIуллакх. «Буьйса яьккхича хударна мотт Iема, – боху нанас а, – хударна мотт ма
Iамийта».
Иштта ойланаш а еш, шовдана йисте кхечира
ХIаваил.
Хьаьрсачухьечийн заза доьжнера, хьаннаш тIера гIа дукълуш дара. БIаьстенан кийрахь кхиъна аьхке яра дуьненчу яла кечъелла.
Кесира цхьа хьалха санна ца хийтира цунна. Цхьа кхунна ца хууш йолукъайле шена гучуяьлча санна, цхьа тамашийна темболуш яра иза. И иштта гича, кхин а чIогIа лиира цунна Кесира а эцна цIа ваха, шен нанас хIора дийнахь шега бохург кхочушдан.
ДуьххьалдIа и ца олуш, кхуо цхьана эшара тIера могIанаш далийра:
ЛадогIал, цхьанделхьа,
Соьга, сан деган езар,
Iуьйранна дайна гIан
Хьоь дийца воллу со.
Шун кертахь лаьтташ
Баккхий нах бай суна.
И йиш Кесирина а хууш яра, иза шина агIор лакха йиш йолуш яра: йоI кIантана реза хилча – цхьана кепара, реза ца хилча – кхечу кепара.
Кесирас, ела а къежна, корта а ластийна, жоп делира:
Диканна хила ду,
Со еха бахка ду.
ХIаваила кхидIа а элира дешнаш:
Цу кертахь ва хьийзаш
Кегий нах бай суна.
Кесирас:
Диканна хила ду,
Ловзаргахь хьийза ду,

ХIаваила:
Цу кертахь ва кхехкаш
Даккхий яйш дай суна.
Кесирас:
Диканна хила ду,
Доккха той хIотто ду.
ХIаваилан озехь кхерам хаало:
Юккъера чохь доруш
КIайн киса дай суна.
Кесирас яржайо кIентан Iаьржа ойланаш:
Диканна хила ду,
Сан кирхьа кечдан ду.
– И иштта делахь, – бохура ХIаваила, – вайшимма катоьхна кхочушдан деза суна гIенах гинарг. Суна хан йилла еза ахь.
Кесира лаьтта бIаьра хьоьжуш дикка лаьттира, тIаккха елаелира, гIадъяхна. Кхунна иза иштта йоьлуш гина а яцара… Цуьнан елар – тIулгаш тIе детталуш духучу шовданан хин цинцаш.
– Хьуна иштта хазахетар дуйла хиънехьара, ас хьалххехь эр ма дара иза, – ша а велавелира ХIаваил.
– Хаза ду иза-м. Делахь а сих ма лохьа…Со хIинца а ишколера яьлла а яц…
– Ишкол чекхъяла ши бутт бисна… Шун дIасахецаран суьйре чекхъяьлча, хан йилла еза ахь.
– Сиха дахна хи хIордах ца кхетта… олуш ду-кх.
– Хьо сан доттагI Ваха санна, кицанаш дало ма йолаелла.
– Ткъа нийса дац иза…Ас паргIат ишкол чекхйоккхур, ахь вайна оьшучунна ойла йийр ю…
– Вайн туьйра хилчхьана, хIумма а ца оьшу ма бохура ахь..
– Ас-м иза хIинца а боху, делахь а нанас…
ХIаваил цхьаъ ала тохавеллачохь, и ца олуш сацавелира. ГIеххьа хан елира, цу шиннах цхьа а дист ца хуьлуш. Кесира ела а къежащ, бехкала яхна, тIулгаш тIехь духучу хин цинцашка хьоьжура, уьшшена дуьххьара гуш санна.
– Хьажахьа, ма хаза а ду хIорш…
– ХIун?
– ХIара хин тIадамаш, чубузучу маьлхан серлонехь…
– Уьш-м схьакхетачу маьлхан серлонехь а хуьлу хаза…

– Иштта-м ца хуьлу…
Юха а тийналла хIоьттира, ХIаваила, эххар а вела а къежаш, элира:
– Мотт Iемина…
– Суна мотт Iемина дуккха хан ю – дегабааме хазийра йоIа.
– Ас хьо ца юьйцу, ва Кесира, – юха а велавелира
ХIаваил. – Ас худар дуьйцу.
– ХIун худар?
– Буьйса яьккхина худар…Буьйса яьккхинчу хударна мотт Iемина боху…
– И хIун ду?
– Нохчийн кица ду… Кицанаш хьайна бен ца хаьа моьтту хьуна?
– Ца моьтту суна-м, – йоI шен ши ведар а эцна дIаяхара, кхин юха а ца хьожуш. ХIаваил лаьттира, чIогIа тIекхеттачу ринжин гIовгIа хаззалц. Ойла йоьхна, маьркIажа хан хиллалц лийлира иза волавелла, эвла йистехула, нах боц-боцчу а вуьйлуш.
ТIаккха шен ойла йохаран бахьна лоьхуш, кхетам листа велира. Гуш хIара ду аьлла цхьа а бахьна а дацара, амма синхьехам бара: хийцаелла Кесира.
Хьалха кхунна, буто тIулг санна, чIогIа хетта кху шиннан юкъаметтиг иштта чIогIа а ца хилла… Иза кхунна а гуш, маллуш, гIеллуш дIайоьдура, басах чухеккалучужагIанах атаелла дIаяла а тарло, гIуллакхаш иштта дIадолхахь. Ткъа оцужагIи юккъехула чуоьхучу чехкачу хи чуьра чIара куьйгашца лаца хала бу, схьалаьцча а, шершший карара болу. ХIара гIиртина цкъа иштта чIерий леца, дIо гена ламчу хьошалгIа вахча.
Кхуьнан хьешо Доккас дика лоцура чIара, кхуьнан карара буьйлура. Иза воьлура, иштта лоцур ду ахь ирс а бохуш. Цул тIаьхьа цу шимма, декъа дечиг а гулдина, цIе латийра, дикка алу а ялийтина, цу тIехь датта а доттуш диира чIерий…
ХIетахь и чIерий санна, шершшина кхуьнан карара яла гIерта-те иза? И иштта хилча, кхуо эшаран могIанаш долийча:
«Шун кертахь лаьтташ баккхий нах бай суна», – аьлча, цо жоп дала дезара: «Тезетна ду хьуна, со кхалха ду хьуна…» Амма цо и ца элира, цо кхин элира.
Цул тIаьхьа: «Цу кертахь ва хьийзашКегий нах бай суна», – аьлча, ца элира цо: «Тезетна духьуна, со кхалха ду хьуна». Юха кхуо шена гIенах гина кIайн киса хьахийча а ца элира: «Тезетна ду хьуна, марчо

ду кечдеш сан». Ца элира, дера ца элира. ТӀаьххьара а кхуо кхехкаш яйш дай шена аьлча, шена лиънехь, цо эр ма дара: «СагӀанаш даха ду, со кхалха ду хьуна».
Ца элира. Нагахь кхуьнца йолу юкъаметтигаш дӀаерзо лууш хиллехь, цо ишттa эр дара.
Делахь, дукха гена а ца даьлла «хударна мотт Ӏамар».
Амма дӀадоладелла.
МаьркӀажан хан хиллалц лийлира иза, чу ца воьрзуш. Шовданан хица охьа а вахна, хьуьн чу вуьйлира.
Хьуьнчохь Ӏаржъелира сихха, бӀаьрга Ӏоьттича пӀелг а гур боцуш.
ХӀара юхавеара тила ца вала. Шовданан хи чохь седарчий гича, мелла а сапаргӀатделира: хьун а, бода а хилла ца Ӏаш, стигал а ю-кх, седарчий а долуш.

**6**

Ши бутт баьллера, ХӀаваил кхуза Омски областан цхьана районе веана. Оцу бӀаьстенан суьйранна, Кесирица шовдана йистехь къамел динчу суьйранна кхоллаелира цуьнан ахча даккха ваха ойла..
Кхунна-м и дага а догӀур дацара, кхуо шен, Кесирин къамел дӀадийцича, нанас элира:
– Дера, кӀант, дуьненан хӀумнах Ӏеха ца луш йоӀ атта хир ма яц. Хьо а вахча хӀун дара техьа цуСибреха балха, нехан санна, аьтто а хилла цӀа вогӀур вацара техьа?
Нана бакълуьйш хетара, амма балха воьдург дӀавахнера. Масехазза бен кхуюьртара ара а ца волуш кхиъначу кхунна хала хӀума дара генахь, дуьненан маьӀӀехь болчу хийрачу махка а вахна, балха хӀоттар.
Амма хӀокхушарахь кхуза ван а, кхузахь рицкъа схьаэца а доьгӀна хиллера. Кхуза балха веана кхеран юьртахо Ӏаьмир, цхьа гӀуллакх а хилла, цӀа веънера. Цо шена белхало оьшу а аьлла, кхуза схьавеара иза. Бакъдерг аьлча, новкъа ма велли дохко а велира,
Ӏаьмира, и хьайн нохчийн куй чамди чу биллахьа, нах цец а ца бохуш, ма элли. ХӀара чӀогӀа цецвелира
Ӏаьмирх, цуьнга и аладаларх. ТӀаккха кхуо цунна дуьхьал жоп хазийра-кха хьуна: «ХӀара нах хьовха, хӀара дерриге а дуьне цецдаьлла, тӀаьхьарчукогаш тӀехь лаьтташ делахь а, ас сайн куй чамди чу буьллур бац хьуна».
Ялх дийнахь-бусий цӀерпоштахь некъ беш,
ӀаьмиргӀара болх бечу дӀакхаьчча, кхин а чӀогӀа дохковелира ХӀаваил.

Цхьа хан елира кхунна ша мича кхаьчча ца хууш, бIагор оьхуш, бIарзвелла хьийзаш. Iаьмирца балхахь цуьнан зуда яра – Дошубика, цуьнан ши ваша – Дарта а, Далхьад а, церан шича – Морис а. ТIаьххьара кхоъ кегий нах бара, ХIаваилан хеннара я жимма баккхий хир болуш. Уьш цхьана чохь Iаш бара, Iаьмиршен зудчуьнца шинна чохь дIатарвеллера.
Церан пхи шо долуш кIант вара, Iаьмира дийцарехь, чIогIа хьекъал долуш а вара, шен хене хьаьжна ца Iаш, жIаккех чIогIа ловзуш вара, хIинцале а шен да а эшош.
Бакъду, ХIаваила атта эшийра иза, мегар ду моьттуш. Дена чIогIа халахийтира. Вукху белхалоша шайл толуьйтуш хиллера иза, денийнанний хазахетар дан.
Ткъа дас-нанас шайн кIентан хиндолчух яккхий паланаш хIиттош хиллера: итт-шийтта шо кхаьчча, Карпов а, Каспаров а, кхидIа берш а эша а бина, кхеран жима
Iаламбек дуьненчохь массарна а везаш хир ву, денийнанний шортта ахча а доккхуш…Ткъа кхуо, и куй ирх бахийтина схьа а веана, дохийра церан мерза туьйра…
ХIаваилна кегий нах болчу маьнга хIоттийра.
ШолгIачу я кхоалгIачудийнахь Морисца дов делира кхуьнан. Бакъдерг дийцича, ХIаваилна схьа ма гиннехь ца тайра и хьенех, цуьнан цIе а яра цхьа тамашийна. Морисна а хеташ хиллера кхуьнан цIе тамашийна. Цо-мюьхьдуьхьал схьа а элира, цхьа шеха, оьрсийн маттахь:
– И цIе мичара яьлла хьуна.
ХIара цунна оьгIазвахара:
– И хIун къамел ду: «Мичара яьлла?» Сан дас тиллина-кх. Бакъйолу нохчийн цIе. Цул а и хьайн цIе мичара яьлла дийцахьа?!
– Сан цIей? Сан цIе дуьненаюкъара цIе ю. Морис
Торез олуш хезний хьуна?
– Ца хезна.
– Муха ца хезна? Дуьненна а вевзаш коммунистически боламан лидер
– Морис Торез? Цуьнан сийнна тиллина-кх суна сан дас и цIе…
ЦIеххьана шен хабар а дитина, чIогIа велавелира иза, кхунна тIе пIелг а хьежош.
– ХIун хилла хьуна? – оьгIазе мохь туьйхира
ХIаваила.

Амма важа, кхуьнан тидам а ца беш, воьлура гІад а оьхуш. Цуьнан велар хезна, схьавеана, Дартий, Далхьаддий лаьттара, кхетаман кхелаш а гуш, къажа а къежна. Эххар а шен велар саца а дина, кхунна тІе пІелг а хьежош, Мориса элира:

– Селхана юьрта юккъехула схьавогІуш ву со…Две телки меня остановили… «Этот новенький вождь вашего племени?»[100] – боху-кх. Хьа-хьа-хьа! «ХІунда боху аш?» – хоьтту ас. «У него такая высокая шапка, и он такой важный, ни на кого не смотрит»… «ХІан-хІа – бохуас. – Он шаман нашего племени».[101] Хьа-хьа-хьа…

Накъост, жимма дІасахьожушхилахь, боьрша боцунах ялсаманехь а ца оьшу боху хьуна… Хьа-хьа-хьа… Хьа…

Эццахь цуьнан велар юкъахдаьккхира бага кхеттачу буйно. ХІаваилна шена а ца хаьара, ша и муха туьйхира. Цхьа ша-шех нисделир-кха. Морис, пенах дІа а кхетта, охьа ца вужуш висира. ТІаккха кхуьнан легашна тІекхийтира иза, коьртара куй а божош. Юкъаиккхинчу Дартассий, Далхьадий дІасаваьккхира и шиъ.

– Ас сайна тоьхна буй буьтур бац! – мохь хьоьккура Мориса.

– Ас сайн коьртара божийна куй буьтур бац! – чугІертара ХІаваил.

Эццахь хьаьдда схьавеъначу Іаьмира маслаІат дира: тоьхна буй а, божийна куй а дуьхь-дуьхьал а лерина, куьйге вахийтира ши довхо. Амма хІетахь дуьйна ХІаваил цу чохь вуьжуш вацара. Іаьмираша схьалаьцначушина чоьнахцхьаъ схьаелира цунна.

– ХІара бахьнехь со гаттехь ялла еза-кх, – цунна хазийта санна дехьа чохь чІоггІа гІовгІа йора Дошубикас. – ХІара стенна сеттош ву?.. Кха тІе йоьгІна мунда… И куй ирх а бахийтина, хІара нах а белош.

– Тсс…ГІовгІа ма е…Цуьнан да мила ву хаьий хьуна?.. Дика стаг ву, юьрто а, махко а лоруш… Цуьнан дуьхьа а лан веза…Сатоха! Гучуяла а ца гІерташ…

И къамел хезначу сарахь, са ма тесси, новкъаваьлла, цІа ваха дагадеара цунна.

Амма ахча дацара, некъана дала а. Цкъа ахча схьадаллалц мукъна а сатоха дезара.

Цхьана дийнахь Далхьада элира кхуьнга:

– Валохьа, вайна яздина жижиг схьаэца вайшимма совхозан искладера…

Вахара и шиъ, жижиг а дохьуш схьавеара. ХIаваила цу дийнахь жижиган чорпа ца йиира – налхий, бепиг диира, тIе чай а молуш.
– ХIара жижиг хьакхин дац хьуна. Хьакхин делхьара, оха а дуур дацара. Бежнан ду, – элира Iаьмира.
– Урс хьаькхна дац, – меллаша хазийтира ХIаваила.
– ХIа-а, урс хьаькхна-м дац. И бакъду, – цхьа шеха велакъежира Iаьмир.
Цуьнан къажар а тоьара вукхарна, уьш гIад а оьхуш, бийла хIиттира. ХIаваил оьгIазвахнера, амма гучу ца волуш садетташ Iара, чайнахкъурд а беш. Чохь хIаваъ дулалуш дара, эккха кечлуш.
– ХIун до аш? – тIе мохь туьйхира Iаьмира. Уьш шен стунцахой белахь а, ша воккха хиларе терра, наггахь оьгIазвахча, аз айдора цо бехкечунахана тIе, амма гена ца волура.
Вуьйш цхьана йоццачу ханна дIатийра. Амма
ХIаваилна гора оцу кхаамма, юха а вела ца вала гIерташ, халла садетташ. Къаьсттина халчу хьолехь вара Морис. Багахь дIакхаьллина хIума а йолуш, буьрка санна вусавеллера иза, ца велавала гIерташ. Амма гIуллакх ца хилира: «хIурт» олуш, багара даарш дIа а кхуьйсуш, чуьра аратилира иза. Юха веларца кхехка велира:
– Вахь-хьа-хьа! Музейный экспонат![102] – хезара арара чу.
И хеззашехь, «парт-парт» аьлла чуьра аралилхира
Дартий, Далхьаддий. Арара белар кхин шозза совделира.
– Ас музейни экспонат йийр ю шуна! – гIийлла элира ХIаваила, хьалагIатта дагахь меттах а хьовш.
Амма эццахь Iаьмира къамел а долийна, сацавала дийзира цуьнан.
– ХIаваил, хьо дукха вахарг! Ас а, вайн юьрто а лоручудикчуден кIнт ву хьо…хьо бакъ а ву…Амма зама хийцаелла… И музейни экспонат Мориса аьлла ма дац хьох…ХIокху совхозан директора хаьттира соьга, хьо нохчийн духар а дуьйхина схьавогIуш гича: «Это что за музейный экспонат?»[103]
И духар а цIахь лелор ду ахь…
ХIаваил цунна дуьхьал вист а ца хуьлуш аравелира, ша-шеца къамел а деш: «Сан дайн, дедайн дахар музей елахь, оцу дахаран экспонат хила а реза ву-кх со… я цхьаннах а эхь а ца хета?»
Цул тIаьхьа кIира дIаделира, ХIаваила жижигах йина хIума ца юуш. Цкъа Iуьйранна ламаз а дина, вирд а доккхуш, коре а хиъна хIара Iаш, «Уазик» еара керта.

Цучуьра охьавоьссинчу Іаьмира, машенан тІехьара неІ схьа а йиллина, цу чуьра боккха уьстагІ охьайийцира, букъ тІера кхакха а лаьцна, айина.
– ХІаваил! – кхайкхира иза кхуьнга. ХІара, суьлхьанаш кора хьалха охьа а дехкина, аравелира.
Іаьмира машен чу кхевдина, цхьанхьара цхьа доккха урс схьаийцира.
– ХІан, хьакха оцу уьстагІна урс… ХІинца дуьйна урс хьаькхна жижиг а дуур ду вай, – элира Іаьмира.
ХІаваил, цунна дуьхьал вист а ца хуьлуш, уьстагІ къилбехьа а берзийна, урс хьакха кечвелира…
Дошубикина а, вукху кхаанна а ца тайра иза чІогІа.
«ХІара стенна сеттаво? Кхунна товриг дан дезаш дукх…» – хабарш хезадора кхунна лере кест-кеста. Амма кхуо дуьхьал хІумма а ца олура, шеца гІиллакхе волчу
Іаьмиран юьхь ларъеш.
Цкъа цхьана буьйсанна, хан яьллачу хенахь, цхьа чІогІа гІовгІанаш евлира кхо жима стаг вехачуцІа чохь:
«Іай-вай! Хьан дений, хьан нанний! Гоп-Гоп-Гоп»!
Ког ма боллу сиха хьаьдда дІакхаьчначу ХІаваилна хьалха хІоьттира ирча сурт: чухуларчу духарехь, батош цІех а юьзна, вовшех леташ воллура Дартий, Мориссий.
– И сан тоьлка ю, хьан хІун гІуллакх ду цунна юххе гІерта, ва боьха хІума! – мохь хьоькхура Мориса, Дартин бага, чу пІелг а тесна, ятІо санна дІа а ийзош.
– И ша ю суна тІегІерташ, хьо ледара хІума йолу дела! – цуьнан пІелг шен багара баккха гІертара Дарта.
И шиъ дІасакъасто гІерташ, царна гонах хьийзачу
Далхьада гІаддайна мохь туьйхира:
– КІентий! Вайн барт хилча, иза вайна массарна а тоьар яра-кх, цкъа собардейша!
Амма важа шиъ, собар деш вацара, леташ вара тІетаьІІина. Кхара къуьйсу«шинар» – хьийкъина хьаьрса зуда – диван тІехь агІоръяьлла Іуьллура, дуьненна а резахилла, къажа а къежна. Иза кху къовсаман муьлххачужамІана резахиллачух тера дара, къовсам бола а балале.
– ДІасавала ший а! – мохь хьаькхира ХІаваила. –
Эхь ца хетий шуна!
Леташ волу шиъ дІасавелира. Хьаьрса зуда, «шуш» аьлла йолаелла, чуьра араелира.

– ХIун ду аш лелориг?! Эхь ца хета шуна!

Далхьад, Морис тIе хIумнаш юха волавелира.

– ХIинца и хьайн къена къамелаш дIа ма доладелахь, экспонат Лувра[104] … Суна хьох а, цхьаннах а эхь ца хета хьуна!.. – бохура Мориса, шен хечин барч дIа а чIагIбеш.

ХIаваилан ойла хилира цунна тоха. И ойла дуьххьара хуьлуш а яцара, хьалха а хиллера масехазза. Амма хIоразза а кхуо халла сатухура. Дов даьккхича, даррехь мостагIалла дара. Ткъа мостагIчуьнца цхьана кертахь муха Iийр ву, цхьана шуьнахь важа а вежаш… Амма хIинца и бахьнаш ца тоьира и юхаваккха, хIинца кхуо шен дог Iабор ду цунах. ТIеволавелира иза. Эццахь цхьа гIаларт хIоьттира наьIаре, доккха кхеттачу беттасин серлонна дуьхьал. Вухахьаьжча, кхунна халла девзира и беттасо гонах серлонан можа сиз дина гIаларт

– Iаьмир.

– ХIаваил, – кхайкхира иза – схьавало, вайшиннан гIуллакх долушметтиг яц хIара.

ХIаваил цунна тIаьххье аравелира. Iаьмира, цIийна хьалха долчу гIанта тIе охьа а хиъна, цигаьрка латийра. ХIаваил цунна уллохь сецира, охьа ца хууш. Цунна хаалора Iаьмир шега цхьаъ ала гIерташ вуй, цундела чу ца воьдуш сацавелира иза.

– Охьахаахьа, – элира цо.

ХIара ца хиира. Цо шолгIа ца элира. Цо шен дагахь дерг дийцира:

– Сан бехк бу берриге а. Ас варрашка санна, болх бойтуш белахьара, дог догIур дацара къаьркъа мийла а, кхаьхьпалла лело а… Со кхарна хьалхара бацо бичаш а балийна, кхаьрга шай-кай яккхийта гIерташ воллу, айса дийриг цхьаъ ду моьттуш… Ткъа хIорш?.. – стунцхой болчу агIор туй а кхоьссина, цигаьрканах боккха кIур баьккхира Iаьмира.

Iаьмира буьйцу «бичаш» цхьа декъаза адамаш дара, къаьркъанехь шайн дахаран маьIна карийна, цIийнах, цIарах бевлла, вокзалашкахула буьйлабелла лелачуьра болх байта схьабалийна. Цара тIетаьIIина къахьоьгура шайна яа а, кIирандийнахь мала а хIума елчахьана.

Ша царна алапа а ду охьадуьллуш, элира Iаьмира, баттахь хIоранна а итт-итт туьма, болх чекх а баьлла уьш цIа боьлхуш дIалур душа, хIинца дIалахь малар муьйлуш, хайраза дойур ду, вуьшта шена хьарам хIума ца оьшу, ша цаьрца бинчу барта тIехь чекхвер ву.

ХIокхеран декхар дара Iаьмира билгалдаькккхина: цаьрга болх байтар а, шайга далург дар а. ТIаьххьарчу хенахь сатассалц сакъоьруш лела Iаьмиран стунцхой болх бечу хьолехь а ца хуьлура, набаран тар а туьйсуш, бIарлагIаш санна, буьйлалой лелара сарралц. Белхалойн Iуналла дар дерриге а кхунна, ХIаваилна, тIехь хуьлура, Iаьмир белхан гIуллакхна цIера ваьлча. Кхуо-м цаьрца нийсса болх а бора, бух буттуш, поппаран кибарчиг еш, тхов туьллуш…
– Дера, ХIаваил, ю хIара хийла да галволуш меттиг, – цигаьрка оьзна а ваьлла, цуьнан юьхк генна дIакхоьссира Iаьмира. – Кхуза балха богIу олий, схьа а богIий, иштта маларш а муьйлуш, харцахьа лелаш, къотIарчий алсамдохуш бу-кх дуккха а нохчий…Дош дац хьуна, шен цIахь доцург… Ван-м мегар дацара кхуза, ша вала а волуш, цIахь жимма а рицкъа даккха аьтто а болуш.
Iаьмир шен чу вахара, цкъа-шозза йовхарш а тоьхна, доккха кхеттачу беттасин серлонехула а ваьлла.
ХIаваил дикка Iийра буьйсанан гIовгIанашка ладоьгIуш. Цхьа чIогIа сахьаьвзира цуьнан. Ойла хилира: «Кхуза дуьненан маьIIе схьа а веана, хатташ кегош лелаш ву со, ткъа цигахь, цIахь, бакъдолу дахар ду дIадоьдуш. ЦIа ваха веза!»
ШолгIачудийнахь делкъал тIаьхьа чукхайкхира кхуьнга Iаьмира.
– Шина баттана ахча делла вайна, – элира цо. –
Хьуна кхочург цхьа бIе, ах бIе туьма ду.
Цецвелира ХIаваил: оццул ахча цунна цкъа а бIаьрга гина а дацара.
– Дукха-м дац-техьа?
– Хьуна догIург ду.
Ахча кисна а диллина, юьстах а ваьлла, ойланаш ян хIоьттира иза. Ишколехь болх бечу хьехархойн а дацара шийтта, кхойтта туьма бен алапа… Директоран уггар а дукха ду бохура – ткъа туьма. Ткъа кхунна шина баттахь цхьа бIе ах бIе туьма, баттана и хуьлу кхузткъе пхийтта туьма. Бакъду, кхуо къа а ма хьегна, шега далург деш, сатоссуш хьалагIоттуш, маьркIажа хан хиллалц, ламазна а, хIума яа а юкъахвалар доцург, кхин хан ца йойуш.
ХIетте а и ахча даллал къа ца хьегна-кх.
ТIаккха кехаттий, къоламмий схьа а эцна, лара хIоьттира иза:
– Хуьлуьйтур вай сан алапа ишколан директорчул жимма сов – 25 (ткъе пхиъ) туьма. Шина баттахь иза хуьлу – 50 (шовзткъе итт) туьма… А-а… ЦIера схьавогIуш ас дайина ахча (билет, яахIума) – 10

(итт туьма), юха цIа воьдуш дайа дезарг – 10 (итт туьма)… некъана дIадолург 20 (ткъа) туьма… мел дукха дайахьа а кхин дер дац… Кхузахь цхьацца кега-мерса хIума оьцуш (цергаш цIанъян паста, шотка, чухула духу барзакъ…) шина баттана дIадаьлларг – 10 (итт) туьма. И дерриге а вовшахтоьхча хуьлург – 800 (бархI бIе) туьма. Важа хьарам ахча ду.
Ахча шина агIор дийкъира ХIаваила: хьанал дерг аьтту агIорчу кисна диллира, хьарам дерг – аьрру агIорчу кисна…
Аьрру агIоно вагавора иза. «Кхунах хIун дийр дара?
– ойла йора цо. – Iаьмирна юхаделча…Ас хIара тIе ца делча а, цуьнгахь шортта ду и хьарам ахча…И декъазнаш а бацош, даьккхина… ХIара тIе а делла, цуьнан иштта а дукха долу къинош алсам стенна доху ас? Оцу декъазчарна дIадекъча? Цара цунах къаьркъа мер ду, бала эггалц. Ткъа къаьркъа динчунна, и эца ахча деллачунна, и охьадиллинчунна, меллачунна… – верриге 10 (итт) стагана, къаьркъанах дIахьакхавеллачунна наьIалт аьлла Делан Элчас – Делан салам хуьлда цунна…»
ТIаккха?.. ХIун дан деза?.. ХIара агIо а ягош, кисна алу а йиллина лела йиш ма яц…ДIа а даьхьна, уьшал чу кхоьссича? ХIан-хIа… ХIара цхьана нехан рицкъа ду…Иза эрна дайъа кхуьнгахь бакъо яц…Кхуо хIара ахча, дIа а даьхьна, Iаьмире и схьаделлачу совхозан директоре дIалур ду. Цо шена луъург диэ-кха цунах…
И кхуьнан бала а бац.
ХIара чуваьлча, совхозан директор – кIунзал болуш, верстина, совса а севсина, лилула-сийна ши бIаьрг болу шовзткъе итт шо хир долу стаг – стоьла хьалха а хиъна Iара, цхьана кехаташ тIе а хьоьжуш, цигаьрка а уьйзуш.
– А-а, хьо ву и… – велакъежира иза, хIара гича, – музейни экспонат…
– Со ву иза, лераме динозавр, со хьоьца цхьа гIуллакх долуш веанера.
Директор хIара иштта вистхиларх чIогIа цецвелира, хIунда аьлча кхуо хIуъу аларх, мел кIоршаме я мел осала хIума аларх, кхуза ахча даккха оьхучарах цхьамма а дуьхьал дош деана дацара кхунна. Цундела цецваьллера иза, амма оьгIаз ца вахара:
– Схьадийцал хьайн гIуллакх.
– Тахана суна ахча деллера.
– А-а, хьайна деллачунна реза вац хьо? Къастор ду.

Охьаязде кехат… ХIун яра хьан хьакиман цIе – турецки султан я ирански шах? Хьа-хьа-хьа…
– Iаьмир.
– ХIа-а, Эмир… арабский эмир в Омских степях устроился… Я ему сделаю![105]
– Цхьаьнгга а, хIумма а ала ца деза… Суна мелхо а сов делла ахча… Ас лерина, суна бархI бIе сом бен ца догIу. ХIара совнаха делла кхузткъе итт бIе сом дIаэца.
– Муха? ХIун? – ца кхеташ, цеце къаьрзира цуьнан бIаьргаш, севсина кедаш чуьра аралелха гIерташ санна. ТIаккха мохь тоьхна, вела хIоьттира, шен доккха гай дегош, цуьнца цхьаьна хьалхара стол а, стоьл тIера хи чохь долу графин а егош.
ТIаккха цIеххьана сецира цуьнан велар, юьхь тIера бос баьхьира, макхвелира, куьйгаш кхитIе а дего дуьйлира.
– ДIадаккха…дIадаккха хьайн ахча…
– Сан дац, хьан ду…Хьарам хIума оьшуш вац со, – сихха цу чуьра аравелира ХIаваил.
ХIара дукха гена валале, кхунна юххехула тIехъиккхира совхозан директоран «Волга». Ченийн кIур а гIаттийна, кхеран биргад йолчу агIор чутилира иза.
ХIара дIакхаьчча, Iаьмир вара кхуьнга хьоьжуш.
– Ва, ХIаваил, и ахча совдаьллехь хьайна…Я цIахь и дала стаг воцуш ву хьо?..
– Суна хьарам хIума ца оьшу…
– Хьарам стенна ду иза… Хьан ворхIе да хIаллаквинчу, хьан дерриге а халкъ махках а даьккхина, хьийзийнчу Iедалера ахь схьаоьцу ши-кхо сом…
– Цунах бекхам хир бац.
– И директор-м чIогIа кхерийна ахь… Хьо КГБ-с ваийтина ву боху… Хала теший ас, хьо цигара вац бохуш…Ва-хьа-хьа…
– Со кхана цIа гIур ву…
– Дала ницкъ лойла хьуна иштта чекхвала. Бакъду, хьо санна иштта нисвелла лелларг, цхьа хан яьлча карзахволуш меттигаш а хуьлу, эхь-бехк а диццдой.
ХIаваила дуьхьал хIумма а ца элира.
И гIуллакх Iаьмира Дошубике а дийцина, цо – кхечаьрга а, оцу сохьтехь нахала делира.

И хазделла, вела волавелла Морис, саца аьлча: «Ца сацало, приход лаьцна ас», – бохуш, сатаса гергадаххалц вийлира. ТӀаккха набаро Іехийна дӀасецира, амма юкъа-кара набарх а велалора иза, «Ма Іовдал а ву!» – олуш, мохь а болуш.
И самавалале аьлла, Іуьйра-ламаз а дина, новкъавелира ХӀаваил.

**7**

ЦӀа кхаьчча, ношъелла гуьйре яра. ХьаьжкӀаш хьакха йолийнера: юьртахь маьӀ-маьӀехь, хьаьжкӀийн хьун лаьттинчохь даккхий ирзош гучудуьйлура. Дитташ тӀера гӀашмажлуш, цӀийлуш, лаьтта оьгура. ХӀара хитӀа воьдура, Кесира шайн ринжех арайолу а ларйина. Синхьехам дика бацара. Ваха кхул а хьалха балхара цӀа а веана, шен кӀайчу машенахь хин коьрте хӀуьттуш ву аьлла дийцира луларчуцхьана зудчо, Човкас. Цо гӀалахь цӀенош а эцна бохура, юха Кесирин наний, Вахин наний чӀогӀа ши доттагӀ хилла а бохура, дийнахь цкъашозза вовшах ца кхетча ца мегаш, шина коьртах цхьа корта хилла, шайн берийн хиндерг дуьйцуш, цхьамма шен кӀентан хьуьнарш хьехош, вукхо –шен йоьӀан оьзда амалш…«КӀант, хьо леллашехь, и тӀам шера кӀайн кхокха нехан гура чохь карорий техьа хьуна?…. Нагахь хьо нехан ирсах а хьоьгуш ваха лууш вацахь, куьйрано дададо котаман меъ санна…ТӀаккха маслаӀатан дайша мотт говза лебеш, дӀадерзор ду хьуна…»
И ма элира Човкас… Кхунна-м ца оьшу, йоӀ реза йоцу захало. ХӀун дахар хир ду цунах?
Иштта ойланаш еш, ХӀаваил шовдана уллохь долчу боча-бӀарийн дитташ бухахь лаьттара. ХӀара а ца гуш, некъан тачи тӀехула аьрру куьйга ши ведар а лаьцна, кхийс-кхийсалуш, йогӀура иза. Аьтту куьйгахь боккха можа Іаж бара, йоӀа цунах«къарш»олуьйтушцерг туьйхира. Іаж хилла бара, муттанех буьзна. ЙоӀ а яра – иштта. ХӀара чӀогӀа хьаьгира цунах, кхера а велира, мегара и кхунна ца кхача. ХӀара гича, ша йолччохь сацаелира иза, кхосса а луш.
– Хьо ву иза? – делира йоьӀан багах, карара Іаж а бужуш. Кхунна кхоам хийтира и Іаж, сел хилла, муттанех буьзна.
– И Іаж…Кхоам ма бу цуьнан…
– Іежаш-м дуккха а дара… Марша вогӀийла хьо! – элира йоӀа.
Иза хийцаелча санна хийтира ХӀаваилна. Хьалха санна ийзаялар дац. «Ишкол чекх а яьккхина, йоккха хилла, – велакъежира иза шен ойланна, – делахь, берийн бегаш дӀабевлла».

– Стенна воьлу хьо?
– Хьо гина хазахеташ.
– Ахча даьккхин ахь? – хIинца иза яра елакъежаш.
Делахь-хIета, кхуза схьакхаьчна-кхкхуо ахча юхаделла боху хаам.
Кхаьчча хIун ду? ХIара-м вац цунах эхь хеташ. Эхь хьарам ахча доккхучунна хета деза-кх.
– Сайга мел даккхалу-м даьккхи…
– ЦIенош эццал? Машен эццал?
– ЦIенош а, ков-керт а долуш ду…машен кху юьртахь оьшуш а ма яц…
– Ца хаьа суна-м… наха лоьруш хIума ма ду и…
– Наха-м дуккха хIумнаш лоьру…Ткъа вайшиннан туьйра диццдина ахь?
– Ца диццдина…Делахь а тхан нанас боху: «Туьйранех дуо бузур бац»…
– Дуо стенах бузу суна а хаьа…
– Стенах бузу.
– ХьаьжкIех…хьаьжкIашбIаьста дIаен еза…гурахь чуерзо…
ХIаваилна хаьа ша дуьйцург цхьа а маьIне доцийла. Уьш деса дешнаш дара, цо дуьххьалдIа тийналла йохо дуьйцуш. Ткъа хIетахь, бIаьстенан юьххьехь Кесирин амалехь кхунна хааелла зIийдигаш, хьаьжкIаш санна, яккхий хиллера, шен нанас а, Вахин нанас а дуьйцучу хабарша ницкъ луш, хьаьжкIашна догIано санна.
ХIаъ, дIадаьлла кхушиннан туьйра. Хьуьнха яхханчохь тилаелла кIайн буьхьиг, барзах кхераелла бердах яхна, кхунна мел лехча а карор яц иза… ХIинца кхуо дIайолийча а, гIан туьду йиш а локхур яц Кесирас. Цуо и берийн хIумнаш дитна, иза йоккха хилла…
Кесирас балдаш хьедеш го цунна, амма цо дуьйцург ца хеза ойланаша лерса къардинчу кхунна.
– ХIун бохура ахь?
– Асий…Даго цхьаъ боху, нанас кхин боху…Суна-м ца хаьа, айса хIун дийр ду… – иза корта а оллабой йоьлху, гIийла, аз доцуш.
Кхунна къахета цунах: шина ницкъо дIасаозийна, холчухIоттийна иза. Кхунна бицло Iадатийн бехкамаш, кхунна дицло наха аьндерг, кхунна чIогIа лаьа ши дакъа хилла, йоьхна, дIасайоьду Кесира шен къинхетамца сацо. Цо коьртах куьг хьокхуцунна, жимчу берана санна,

белша тIехула пхьарс боккху. ЙоIа дуьхьало а ца йо хьастарна, иза кхидIа а йоьлху.
ДIо дехьахь хьаьжкIашхьокхуш йоллу, лаьттаца болх дукха барна, букар яхна Минга, дуьххьара хIокху тIаьххьарчу итт шарахь хьала а нисъелла, кху шинга хьаьжначохь йисира, ша букар хилар а дицлой.
ДIо дехьа басахьмангал хьоькхушволлувоккха стагЖагIаш (бIаьрса дика долуш ву хIинца а, Къуръан а доьшуш, куьзганаш ца хилча а), шен карара мангал хьалаайъинчохь, и дIаласто виц а велла, лаьттара; дехьа маьIIера етт оза хиъна къена Ажуа, кхаьрга хьаьжжинчохь Iара, шура ведара уллохула лаьтта а етташ; говр хаьхкина, шовданна лакхарчу гу тIехула дIавоьдучу
Iибадис шен говр, дуьрста юха а озийна, тIехьарчу шина кога тIе а хIоттош, сацийра, гучу суьртах цецваьлла.
– Даьдиса, моллин кIант!.. Лелар хIаваэхь хиллехь а, воссар-м кхелли тIе хили моьтту суна. Хеча охьа ца йиллахь а, ондда харж ян-м дезар ду моллин кIанта, мел лахара а кхаа говран мах, – гуттар а говрашца воллучу Iибадис массо хIума а оцу хьайбанца дустура.
Массарна а хазийта санна, чIогIа элира иза Iабадис.
ХIаваилна а хезира, цIарах санна дIакъаьхкира иза
Кесирина юххера.
Иза кхийтира: Iибадин бIаьргашца ерриге а юьртана гина кхузахь хилларг; цо шен говрашлечкъор а, уьш йохкар а дуьтур ду, цкъа кхузахь хиллачун йист яллалц.
Маржа дуьне яI! Оцу цхьана мIаьргонна бIарзделла делара хьо, хIара хийист ца гуш!Маржа нур дашо малх яI! Ломах чукерчина бели белара хьо а, хьайн сирлачу зIаьнаршца хIара шовданан хи а ца лепош! Маржа шовда яI! Хьо а цхьана юкъана, хьайн декар сацийна, лаьтта буха дахна, къайладели делара!
Делахь а, хIун дара кхузахь хилларг?! ХIумма а дацара-кха, наха сел харцахьа даккхал. Малх, хьан серло санна сирла яра ХIаваилан ойла. Шовда, хьан хин тIадамаш санна цIена яра иза. Иза къинхетаман ойла яра, иза беран гIан санна, кхин къайле йоцуш, дуьххьалдIа ойла яра. Малх, дуьне, шовда…Шу-м кхетара ХIаваилах. Ткъа нах? Нах ца кхетара.
Кесира, шен ши ведар хьала а дуьзна, юхайирзина дикка генаяллалц лаьттира ХIаваил. ТIаккха цIа вахара.

Юьртан урамашкахь, некъо гола мел тухучохь гулбелла нах гора цунна, шишша-кхоккха, кхин сов. Церан къамелийн кийсигаш хезча, хиира цунна массара а дуьйцург хIинцца шовданехь хилларг дуйла. Ма сиха кхиъна Iибади и даржо. Я цуьнан кхин накъостий а хилла? Мухха делахь а, элан холанах яьлла цIе санна, эладита дара юьртах летта, марсадуьйлуш.
Цхьа масех зуда гулъеллачохь хезира цунна:
«ДIадовлийша, вуьйр а вац, воккхур а вац, я хеча а йоккхур яц… Зуьдо цIога ца ластийча, пхьу тIаьхьа а ца долу. …И йоI оцу кIанте дIа а елла, дIадерзор ду…»

**8**

Дера, Делан къайленаш яккхий ма ю, стагана хаа йишма яц кхана шех хIун хир ду, я шена хIун тIекхочур ду а. Хьо мел тIаьхьаидарх, яздина доцург хила йиш а яц.
Оцу суьйранна цомгаш хилла воьжна ТIайба, вистхилар доцуш кхаа дийнахь Iиллина, дIавелира.
ХIаваилна стигал тIеюьйжира, цунна Iаламат хала дара цу стигалан йозалла лан. «Ванах, иштта бохамаш ган дезачу хIокху дуьненчу ван везаш а ма ца хиллера», – ойла хилира. ТIаккха цунна шен ойла Iеса хийтира: «Цхьаьнгга а хатта ма ца хотту хьуна, дуьненчу ваха лаьа я ца лаьа олий… Бакъду, синошка хотту-м боху маликаша, хьуна мел хан еза олий… Амма сица дина къамел дага ца догIу…Суна-м ца догIу иза, кхечарна дагIахь а, ца дагIахь а…»
Да дIаверзийна кхо бутт болуш, нана а дIаелира.
«ТIайбех къаьстина дукха ца Iеели ХIазан», – элира ЖагIаша.
«Цу шиннах а къаьстинчу аса хIун дийр ду?!» – аз доцу мохь белира ХIаваиле. Цунна тосаделира, нана дIаяьлча, шен когаш кIелара латта а дIадолуш хилар.
Иза хIинца я стигал а, я латта а доцуш, хIаваэхь кхаза висира. Иза а, керта йистехь яьлла гIундалгIи а цхьаъ яра…Иза а лаьттара, шена тIедогIудогIа а, дерз а ловш, уллохула тIехдуьйлучу бежнаша, наха ченаш а етташ.
ХIара а лаьттара шен кертахь, бохамаш, нехан къамелаш, хьехамаш, баланаш ловш…Амма иштта, яр санна, ваьхна вер вацара. Вол-волуш, адаман дахаран хорша вала везара. Мел дог ца дагIахь а, и дан дезара, шена чу садиллина хиллачу шен ден-ненан дуьхьа, дIалела дезара…
ХIан-хIа, мух-мухха лела ца дезара.

– шен да а, деда а ма леллара.
Оцу деношкахь, дех-ненах къаьстинчу оцу халчу деношкахь бакъ хир дацара кхунна Кесира дага ца еъна аьлча. ДагайогIура, кхунна чIогIа эша а оьшура цуьнгара гIо-накъосталла. Амма кхуьнан аьтто бацара Кесирица цхьаьнакхетар лаха, ткъа вукхо цуьнан ойла ечух тера а дацара.
Кхунах ойла ечохь иза хила а ца хиллера. Иза кхунна лулахочо Човкас дийцира, кест-кеста: «Цхьацуьрриг халахета ца оьшу хьуна, зударий хIара дуьне даьккхина бу хьуна, цул а тоьлларш, цул а хазнаш», – олуш, тIе а тухуш.
Цо дийцарехь, кхуьнан да дIаваьлла бутт а балале,
Кесира Вахе дIаелла хиллера. ХIетахь хийистехь хилларг хьахийча, Вахин нанас Меднис аьлла хиллера:
«Нехан куьг кхетарх бех ца ло деши… ГIовгIа яккха оьшуш дац… Катоххий схьаяийта…» Цунна чIогIа резахиллера Кесирин нана а: «Деллахь, ма бакълоьра хьо, Медни…Айса хIун дийр дуца хууш, йоьхна хьийзашма яра со, и хезчахьана. Кхуьнан дена и дIахаахь…»
«Цунна хаийтталц ма Iе… ТIаккха тIаьхьа хир ду…
Эладитанашка дер ду… Хеча яккхий, там баккхий, цуьнга дIалой…» – чуьраюьйлуш хиллера Медни. –
«Деллахь, ма бакхлоь-кх хьо, Медни. ИТIайбин кIант нахах тарвелла охьахуур волчух тера а дац», – аьллера
Кебийрата. «Вац, Кебийрат, вац. Цо дина бохург ца хезна хьуна…Шена делла ахча, дукха ду аьлла, юхаделла…Вахь-хьа-хьа…»
И шиъ гIадъоьхуш, йийлира боху Човкас, бежнаш лахка яханчуьра юхайогIушшайн юьйцинчу керта йисте а хIоьттина. Кертал чоьхьарчукхунна, Човкина, мадарра хезнера церан къамел а, и шиъ кIажъоьхуш елар а. Кхуьнгахьа шен озабезам болу дела, Човкас ма-дарра кхунна довзийтира хилларг, «шегара цхьа хьаьрк тIе а ца тухуш, я тIера дIа а ца доккхуш».
Бакъду, Човкас дийцарехь, Кесира чIогIа дуьхьалъяьллачух тера дара царна, шена ца лаьа хIинццехь маре яха, шена деша яха лаьа, гIала университете, бохуш.
Амма важа шиъ дукха тIетаьIна хиллера: «Ахь хIун дуьйцу, хьо мича йохуьйту хьан дас деша…» – Кебийрата олуш; «Деша а йохуьйтур ю, лаахь, хьо гIалахь Iийр ю гIаланаш санна долчуцIенош чохь», –Меднис олуш.

Човкас бохура, цара ша иштта къиза хьовзийча, Кесирига мохь белира: «Да а, нана а делла висинчу цунна, кхин цхьаъ а тохар муха дийр ду ас?!» – аьлла.
Цул тӀаьхьа Кебийрат, оьгӀазъяхна, кхехкаш яра бохура: «Тохар хьаха дина цо суна, эхь а ца хетий, ерриге а юьртана а хьалхахь, дийнан делккъехь, хийистехь йоӀах куьйгаш детта…Ша вен ца вуьйш, я тӀера хеча а яьккхина, сий ца дойуш витарх воккха а веш Ӏен везара иза-м… Ахь хьайга боххург ца дахь, хӀара наха дуьйцу хабарш хьан дега дӀакхачахь, иза цунна хиндерг а ду-кх хьуна. ТӀаккха Ӏийр ю хьо, къена къанъяллалц, цхьамма а «почем» ца олуш…»
Кесирас кхин дош а ца элира, бохура Човкас. Иза догӀа санна йилхира. Иштта догӀанах Ӏийдалун марха яра иза, бохура Човкас, цӀера араяьккхина, цара гӀала дӀаюьгуш а, цул тӀаьхьа ах шо даьлча гӀалахь чуьрчу базарахь Човкина гича а… «Догдика хилла ехаш яц хьуна цуьрриг а… дуьненах йоккхаеш а яц…» – кхунна хилларг дайдан гӀертара Човка. Оцу дешнаша мелхуо а кхин тӀе а базбира кхунна сингаттам.
«Ирсе хилла елар-кха иза а, иза дакъазъяларх сан хӀун тало», – ойла хилира ХӀаваилан.
ХӀаъ, иштта къастийна хиллера Кесирин некъ. Кхуьнца туьйра дийцинарг, луо санна кӀайчубуьхьигах долу туьйра кхоьллинарг дӀаяхнера, хӀара а витина. Туьйра цхьана ханна даха дисира кхуьнан иэсехь, тӀаккха денош беттанашка девлча, беттанаш шерашка девлча, дицделира. Хьуьнхахь тилаелла кӀайн босболу буьхьиг, гуттаренна а кхерста йисира Ӏаннашкахула, цунна тӀаьхьа а вахна, цуьнан орца доху «бӀе-е» а хезна, и цӀа яло стаг а воцуш.
Човка, и къамел а дийцина, дӀаяханчу сарахь шайн рагӀукӀеларчупаднара тӀе аркъал дӀавуьйжира ХӀаваил:
«ХӀейтӀ, маржа дуьне яӀ!» – аьлла, мохь а болуш. Ткъа дуьне-м диса а ца диснера, и бӀаьстенан зазанех, хазчу хьожанех, хийисте хӀиттарех, Кесира хааяларех, чубузучу маьлхан серлонех, сатосуш серладуьйлучу седарчех, ден-ненан къинхетамех, тамехьчу сатийсамех лаьттинчудуьненах, бохаман хьераша ахьа а аьхьна, цхьа а сирла бос боцу цхьа таьӀна-сийна овгал бинера, дашал а беза иза кхуьнан даг тӀе боьжна
Ӏуьллура, цуьнан цӀе – гӀайгӀа яра.

И гIайгIа яра сарахь а, Iуьйрре а, дийнахь а, буса а…И бара кхача а, и дара хи а. Кхуьнан ойла хуьлура, и гIайгIа йоцург, кхин хIума хила а хиллий техьа кху дуьненахь олий. ТIаккха дагадогIура бераллин денош…Уьш дагадахкаро гIайгIа кхин тIе а язйора.
Оцу гIайгIано хьаьшна, иза дуккха а Iиллира паднара тIехь, уьйтIахь евллачу яраша рагIун хьалхе къайлаяккхалц. ТIаккха хьалагIеттира иза, ша гуттаренна а оцу ярашлахь висарна кхера а велла. Шен юьхь а, уьйтIе а цIанйира. Эвлаюккъе велира. Кхунна тосаделира гIайгIано хьаьшна Iуьллучу хенахь шех лаьцна юьртахь дуккха а хабарш даьржина хилар: коьртаца телхиний; шен бохамаш лан доьналла ца тоьий; къа ду-кх ТIайбин, кхин тIаьхье а йоцуш дIаваьллачу; цхьана зудчо-м: «Дай, наний-м лалур дара цуьнга, Кесира маре яхар ду и вожийнарг», – иштта а аьлла хиллера,
Човкас дийцарехь. Ткъа ишколерчудешархоша, «Бешто» аьлла, керла цIе тиллина хиллера цунна.
ХIаъ, Бештона тIекхаьчна хилла кхо бохам: нана а елла, тIехьийза йоI а, говр а. «Говр… Говр ялар а иштта деза хуьлу техьа, гергара адам далар санна, иштта хала?.. Цхьа са цIена гила нисбича хIун дара техьа аса а сайна…» – ойла хилира цуьнан.
Кху эвларчунахаца къамеле вийлар ца дезаш, тачанашца воьдий, эвлайисте а волий, хьуьнха чувулура.
Хьуьнхахь таьIначуметтехь Iам бара, басах охьаоьхучу шовданийн хиххилла. Цхьа итт-пхийтта шо хьалха иза гIеххьа боккха Iам бара, амма хIорашарахь гонах коьллаш, шач йолуш, тIегатлуш, юккъехь дукха йоккха йоцу хин экъа йиснера. Цу тIехула чIапа тIулгаш хоьхкура кхара, бераша. Гена хьенаниг боьдийла хьоьжуш.
Наг-наггахь хин куьзган тIе а кхетий, хахкалой боьдий, Iома юккъе кхочура, тIаккха чехкалла цIеххьана кхачалой, мIаьргонна цхьана меттехь саца а лой,
«чкъултI» олий, хи чу боьдура чIапа – мел гена бахнарг а.
Цхьана дийнахь цу Iома йистехь сацавелла, тIулгаш гулдина, уьш Iома тIехула хехка велира ХIаваил а, бераллехь санна. Iа-аш, цуьнан ойла хилира, чIапа-тIулг санна, хахкавелла чекхвала везара дуьненчухула, шена тIекхаьчна вуонаш дукха даз а ца деш; даздахь, чехкалла яйна тIулг санна, Iома чу воьжна, дIавер ву; ткъа и
Iам, хIара санна, чохь стигал, мархаш, малх, дитташ гуш, сирла а бац; иза девзаш цахиларан боданах лаьтта, цуьнан бух бу-бац а ца хаьа, цу

чу вахна, юха хьалаваьлла стаг а вац… ГIайгIа ю-кх мел тIаьхьа а цу чу ваха везар а. ГIайгIа…
ТIаккха ХIаваил, и гIайгIа яйа гIерташ, хIокху йоккхачуНохчийчохь массанхьа а: лекхчуламанца а, аренца а, Теркайистаца а йолчу ярташкахь – шена доттагIий а лаьцна, царна тIевуьссуш, дечиг-пондарца иллеш бохуш, шена бинчу синкъерамашкахь бIаьрго йоххол хазчу мехкаршца сакъоьруш, хелхавуьйлуш (амма царах цхьа а шен деган неI йиллина чу ца юьтуш, царах цхьанна а кIайчу буьхьигах долу туьйра ца дуьйцуш: цхьамма дагийнчудагна ца лаьара юха а ша Iехадайта), наггахь жерочо ша хьовзош: «Хьенех, хьо тIехьаьвзина йоI сихха маре йоьду, суна тIехьовзахь», – аьлча: «Массеран а ца хуьлу-кх и аьтто, ахь кхин дарба лаха деза аьлла ма хета суна-м», – дуьхьал бегаш беш; тIаккха цIеххьана шовкъ а юссий, дечиг пондарх пIелг тосий, забаречу иллин байт олуш:
…Ва сарахь гIайгIа ю
Чохь йоцу цIеннана,
Iуьйренца гIайгIа ю
Йоьхна и ши мача; тIаккха: «Тоха тIараш», – олий чухьодий, хелхаран чинк еш, мехкарийн ирчу бIаьргашка ша лоьцуьйтуш, амма церан цхьана а хьажарна кIел ца соцуш; юха хелхаран бал гIелбелча:
«Хьенех, – олий, пондарчин цIе а йоккхий, – и йиш лакхахьа…
«гобаьkkхина лам бу бохург», – дехар деш, дехарна жоп луш пондарчас шен
«кехат-левси» батIо санна дIасаозийча, тIаьхьара дешнаш а далош:
Го баьkkхина лам бу ала,
Цу ламанца со ю ала,
Со езначу дикчу кIанте
Со дIайига вола ала; мехкарша: «ВаллахI, дIайигна вер волуш вац хIара, мел чIогIа дIайига бахахь а», – олий, дешнаш а кхуьйсуш (кхунна хаззал – чIогIа, нахана ца хаззал – гIийла), сатаса гергадаххалц синкъерамехь Iаш, тIаккха доттагI волчу схьавогIий, набарна дIакхетий, шолгIачу дийнан делккъалц Iуьллуш; делкъахан хилча, гIоттий, ша лоруш бинчу кхачанах кхетий, делкъал тIаьхьа хIара веъна аьлла, чугулбеллачукегийчу нахана, цкъа хьалха дечиг-пондаран мерзаш, лергаш хьийзош, ийзош, пIелг туьйсуш, озе а даладой, юха «Маьхьтин Идарзан, Гуьржийн кIентан илли» дагардеш – иштта

мехкан хьаша а, мехкан нуц а хилла волавелла лелаш, итт шо а дӀаделира, итт де санна чехка.
Оцу итт шарахь дукха хӀума хийцаделира, цхьа
ХӀаваил воцург. ХӀаваила, хьалха санна, дайн Ӏедалехь духар леладора: вета-туьдург тесна коч, шуьйра ког болу хеча, гӀовтал, холхазан куй. БӀаьстенца шен урд охуьйтура, мах а лой, хьаьжкӀаш дӀаен, тӀаккха уьш хьалаевлча асар дан белхи бора, юьртара зударий кхойкхий (лулахочо Човкас хьийзавора иза: «Зуда ялоза кӀант юьртан нуц ву олура, хьо-м юьртан марда хили»)…
Дечиг-пхьола а Ӏамийна, нахана рагӀу деш, я цӀеношна тхевнаш тохкуш, я кор-неӀ дӀахӀоттош, къахьоьгура цо шара чохь масех баттахь. И ахча тоьара хене вала.
Совдаьллачух кхуо шена тӀехууш лело говр ийцира.
Цуьнца воьдура иза лула-кsubmit.ларчу ярташка хьошалгӀа.
Кхуьнан доттагӀий а массо а доьзалш болуш бара.
ХӀара жима стаг волуш бераш хиллачех а кегий нах хиллера, цара шехшайлахь «Гость из прошлого»[106] олийла а хаьара ХӀаваилна. «Хьалха суна Омскехь тиллинчу цӀарал тоьлаш ю иза-м», – ша-шена велакъежира ХӀаваил.
Итт шо даьлча а, иштта дӀалелар волуш вара
ХӀаваил, цхьана дийнахь ша волчу а веана, ЖагӀаша – доккха хӀума дар-кха Дала цунна елла могашалла: хӀинца а церг-кхела талхаза, куьзганаш а доцушКъуръан дешалуш, бӀаьрса долуш вара иза – хӀаъ, оцу
ЖагӀаша: «Дечиг-пондар а лоькхуш, синкъерамашкахула лела хан дӀаяьлла хьан; хӀинца хьан дас, дедас лелийнчу новкъа вала… Шен хене хьаьжжина ваха веза стаг…» – боху дешнаш ца аьллехьара.
Оцу дешнаша ХӀаваил чӀогӀа ойлане ваьккхира:
«Кхин ши шо даьлча ткъе итт шо кхочу сан, суо воккха хиллийла а ца хууш, жимхин некъаш идош лелаш хилла-кх со».
ТӀаккха цо хийцира шен некъаш, амма дита-м ца дитира: шен вирдан вежаршца гергарлонаш а тесна, тезета, зихӀарте, сагӀе воьдуш, цкъа цхьана эвлахь, юха вукху эвлахь сохьбаташка[107] гуллуш, зикарш деш, назманаш олуш (уьш а хӀинццалц иллеш санна хьалхара олура ХӀаваила, мурдаша: «Мукъам дика бу хьан, дӀаалал, хьенех», – олий, тӀе а дожош), цхьаьна, вовшах а кхет таДалла Ӏамалъеш, вовшашкара марзо оьцуш, дӀаихира денош, беттанаш, шераш.

**9**

Хьол сийлахь кхоьллина дегI ма дац Дала,
Шен Iарш-курс хьан нуьрах кхоьллина Дала,
Хьо вазварца къинхетам совбаькккхи Дала.
– Мархьаба, маршава я РасулуллахI.
Аренан масаро бала балхийра хьоьга,
ГIийлачу эшарца и кхайкхира хьоьга,
Ахь цунна жоп делира, хьуо кхетта уьшарех.
– Мархьаба, маршава я РасулуллахI.
«Нур долу бIаьргашца хьажахьа, ва Элча,
Ша кхузахь йихкина, вижина Iаьрбо,
Ши кIорни яра шен, шех якхош, кхобуш…»
– Мархьаба, маршава я РасулуллахI.
«Беркате куьйгашца ястахьа, ва Элча,
ХIара самавалале юхайогIур яра ша,
Шен кIорни якхийна, царах бIаьрг тоьхна…»
– Мархьаба, маршава я РасуллуллахI.
Элчано ма элира аренан масаре,
Хьо юха ца ягIахь нийса дац аьлла,
Элчанца тешнабехк мегар бац аьлла…
– Мархьаба, маршава я РасулуллахI.
Масаро ма элира шен жимчу кIорнешка:
«Шу сиха хилалаш, шен жима кIорнеш,
Элча юкъара ва хилла, шуьша якхо еъна ша».
– Мархьаба, маршава, я РасулуллахI.
«Элча юкъарп ва хилла, хьо еъна ва елахь,
Хьо сиха юхагIолахь, шайн нана, ва масар,
Шаьш якхош хьо Iийча, хьо дукха хьелур ю».
– Мархьаба, маршава я РасулуллахI.
Мерзачу набарха ша самаваьлча,
Шена тIе хIоьттина ва Элча вайча,
Iаьрбичо ма элира: «ХIун гIуллакх ду техь хьан»?
– Мархьаба, маршава я РасулуллахI.
«Цхьа гIуллакх дара шен, шен ваша Iаьрбо…
ГIийла ю, миска ю аренан масар,
Шен бена ерзаяй, и паргIатъяккха…»
– Мархьаба, маршава я РасулуллахI.

Элчанан беркатах ша маршаяьлла,
Шен бена йоьдучу масаро аьллера:
Хьо бакъ веш шахIадат даладо ша, Элча…
– Мархьаба, маршава я РасулуллахI.
И назма чIогIа доггах а, хаза а олура ХIаваила, цунах терра ладоьгIуш болчеран дагах а кхетара иза. Гобина охьахевшина мурдаш а, наьIарехь лаьтта Човка а, кхин масех лулара зуда а бIаьргех девлла хиш дIадохуш бара.
Шарахь цкъа-шозза шен накъостий-мурдашша волчу кхойкхура ХIаваила, уьстагI а боьй. Кхача кечбан
Човка йогIура, цуьнца лулара масех зуда а.
Мурдаш, Iуьйранна схьабогIий, сарралц Iара, ламазаш деш, назманаш олуш, зикарш деш, мовладаш доьшуш, юкъа-кара кхачанах а кхеташ, чайн стака а молуш, стоьмийн чоме а хьовсуш, хилларш-лелларшдуьйцуш, цхьацца бегаш беш, вовшийн хьийзош.
Суьйранна дIабоьлхура, шайн машенашка а ховший:
«Буьйса ца йоккху, буьйса а, кIира а доккхур ду, ахь кху керта хIусамнана ялийчхьана, хIинца хьоьга хIара нехан зударий хьийзабойтур бац вай», – бохуш, ХIаваил а хьийзавой. Тахана а, гIа мажлучу гуьйренан дийнахь, малхбузан ламаз а дина, малх регIа тIе лахлуш, каркара оьцуш, Делан Элчанна (Делера салам хуьлда цунна) салават а диллина, хьалагIевттина дIабоьлхуш, царах цхьамма – Жимчу-АтагIарчуЖумас элира:
– Тхо кхукерта кхин юхадогIур дац хьуна, ахь тхуна нус ялаяллалц.
– Делахь, шу тайпа хьеший бахкийта, ас дийр доцуш хIума дац… ХIусамнана ялор стенна дуьйцу, аш алахь, дIо ворхI ломал дехьара дарбане шовда дан а-м гIур ву…
– ГIур ву дера, зуда ца яло-м, хьо ворхI ломал дехьа а, – бохура Лаха-Невреnum Аптис.
– Ца оьшухьуна яло а, – вистхилираШелара Бетарби, – хIинццалц а Iийний хьо, дIа чекхвала… Цхьа а хаза хIума дац хьуна зуда ялор…
– И иштта хилча, ахь стенна ялийна уьш кхоъ? – хоьттура Чечанарчу Элмарзас.
– Яла а йина, ялийна воккхавеш а вац, – воьлура
Бетарби.
– ХIара лелла ца валахь, ас схьа а ялийна, цхьаъ чу охьа-м хаор ю кхунна, – бохура Дами-дукъарчу

ИсмаьIила.
Иштта бегаш а беш, машенаш чу а хевшина, дIабахара ХIаваилан доттагIий, вирдан вежарий.
ПхьегIаш дIалиста юхайирзинчу Човкас элира:
– ХIаваил, ас цхьа хIума дийца хьуна?
– Хаза делахь.
– Хаза чIогIа ду… Селхана сайн дешича волчу яхнера со, Лакха-Варша. Цигахь бIаьрго йоххол хаза йоI кхиъна.
– Мел бу уьш, хазнаш…
– Со дийца йита ахь, юкъа а ца кхийсалуш…И хаза йоI хьо дага а воьхна яла йоллуш ю-кх… Цунна хIун хазделла-м ца хаьа суна… Белисат ю цуьнан цIе.
– Ой, мила ю-те иза, – воьлура ХIаваил – соьга а еана, дакъазъяла лууш ерг?
– Оцу Лакха-Варшахь эвла йистехь Iаш бу-кх уьш.
Бокри ю-кх церан ден цIе…
– ХIа-а, и Молнесарт вуьйций ахь?
– ХIаъ, бегаше волу дела, наха олу-кх цунах…
…ДогцIена адам ду.
– Иза а бакъду… эвла йисте ма кхеччи, шолгIа цIа ду-кх цераниг…Цу кертара йоI товш стаг ю, Човка.
– Хьуна гина иза?
– Ас хийла тидам бина-кх цуьнан. Цо вайн тидам беш а хааделла суна, цигахула говран юьхь а лаьцна тIехволуш.
– Тидам чIогIа бина, хьо дага а воьхна яла йоллуш ю.
– Ой, сан бахам, ас лелориг, сан Iер-дахар девзий цунна?
– Дукха чIогIа девза. Ахь лелориг а товш ду цунна, хьан духар а, хьо Хьаьжин мурд хилар а, ахь назма алар а, хьан говр а – дерриге а, – шовкъе яхара Човка.
– Ой, маса шо ду цуьнан, соьга а еана, когаакха яла гIертачун?
– ВуьрхIийтта шо ду, маре яха хан тоххарехь тIехъялла.
– Ва Човка, иза сол ялхийтта шо жима ма ю…
– Хилча хIун ду?.. Къонахчун хан ян а яц.

**10**

Гуьйренан юккъерчу беттан денош довха а, декхна а лаьттара. Юьртахой тIетаьIIина хьаьжкIаш тилош, уьш дай чуюхкуш хьийзара.

Ишттачу цхьана дийнахь ХIаваилан цIийна хьалха машенаш гулъеллера: Жимчу-АтагIара Жума веанера нелхан басахь «Волга-М-2I» а ялош, Шелара Бетарби
– таьIна-цIечу «Жигулица», Чечанара Элмарза – сирчу «Газ-24» машенахь, Лаха-Неврерчу Аптис ялийна хьаргIин тIам санна Iаьржа машен хIинццалц схьа кху эвларчу нахана цхьанна а гина а яцара… Цуьнан цIе
«Форд» ю элира Аптис. Шайца Човка а эцна, и йиъ машен а, царна тIаьхьахIоьттина юьртара кхин шиъ а («Москвич – 4I2», «Газ-64») юьртах елира, ченийн кIур гIаттийна.
И тайпа зуда ялор, иштта замой а боьлхуш, хилла а дацара кхузахь хIинццалц схьа.
– Даьдиса хьан, ХIаваил! – элира ураме ваьлла лаьттачу Iибадис. – Говр тIе а хиъна леллехь а, зуда яло-м ялх машен дIахьажий… Говраш дош яц, машенашна тIаьхьавала веза.
Ах сахьт далале, замойн ковра дIакхечира ЛакхаВарше. Човка а, моллалла лело валийна Ауд а, кхин воккха ши стаг а чувахара. ХIаваилан доттагIий арахьа лаьттара, нускал ара ма даькккхи, шайн машенаш дIалелхийта кийчча.
Массарал а тIахъаьлла хьаьвзинчуШеларчу Бетарбис шен машен кевна хьалха дIахIоттийра, нускал цу чу хаон дагахь. Цхьа хан яьлла, араяьллачу Човкас Бетарбига элира:
– Хьан машен жима ю ишттачу нускална. Иза вай
Аптин машен чу хаор ду.
Цуо и къамел дича, оьгIазваханчу Бетарбис, Човкас букъ берзошшехь, шен машен хьала а латийна, юханехьа ерзийна, дIаэккхийтира.
Замоша, Бетарби боккъал чIогIа нускал эцна воьду моьттуш, шайн машенаш цунна тIаьхьахаьхкира.
Сигналаш етташ, вовшел хьалхабийла гIерташ, машенаш хоьхкуш, некъ лаца дуьхьалбевллачарна ахчанаш тоьлуш, юьртарчунаха ирх тоьпашкхуьйсуш, богIу замой, «къакъараст» аьлла, ХIаваилан керта чу тилира.
Боккъал чIогIа нускал схьакхаьчна моьттуш (цунна хьалха таса куз а карахь – цхьаъ, цунна каравала жима кIант карахь – кхин, цунна бага билла шекаран бIелиг а эцна – кхоалгIаниг) арахьаьвдда зударий, нускал мичахь ду ца хууш, боьхна хьаьвзира. Машен чуьра охьабиссина замой массо а Бетарбига хьаьвссинчохь бисира. Важа-

мшек дIа а воцуш, охьавоьссина, тIедачу горгамца шен машенан хьалхарчу куьзган тIера чан дIаяккха хIоьттира.
– И машен-м тIаьхьа цIанйийр яра ахь, и нускал охьадаккха цкъа, – элира Жумас.
– Соьца-м дац нускал, – ша дийриг ца сацош, хазийра Бетарбис.
– Муха дац?! – цец хилира адам.
– Иштта дац-кха. Човкас ша иза сан машен чу хаор дац элира. Дацахь, со кхузахь оьшуш а вац аьлла, со схьавеара. Шу стенна даьхкина-м ца хаьа суна.
Цхьана юкъана тийналла хIоьттира, моза боьду а хезар долуш. ТIаккха цхьана зудчуьнга, «хIи-хIиъ» аьлла, елар иккхира, цунна тIаьххье: «Во-хьо-хьо!» – аьлла ветIира Чечанара Элмарза, цунна тIаьхьа Лаха-Неврера Апти гIадвахара, цуьнца нийсса – Жимчу
АтагIара Жума а, цунна тIаьхьа – оцукертахь мел верг
– зуда а, бер а; тIаккха ерриге а юрт ела хIоьттира.
Иштта боьлуш иттех минот яьлча, Чечанарчу Элмарзе мохь белира:
– Маржа ХIаваил яI! Хьуна ца хилла, хьанна хир дара хIара!ХIорд боькъуш, хин куршка ца кхаччал декъаза стаг ма ву вайша!
– ХIа-хIа, вежарий! – мохь туьйхира Дами-дукъарчу ИсмаьIила. – Сихха духадерзаде вайн дой, хIара дукха гена далале.
Амма уьшшайн дойшка хевшина бовлале, тIулг кхоьхьуйоккха машен хIоьттира ХIаваилан кетIа, йоккхачу гIовгIанца. Ченийн кIур бижча, гулбеллачарна гира, цу машен чуьра охьаюссу Човка а, цунна тIаьхьа охьагIерта кIайн нускал а.
Дуьхьал хьаьвддачуЖумас а, Аптис а гIо дира цунна.
– Дела ян хьо марша! – мохь туьйхира ИсмаьIила.
–Шун йоцурш, кхин машен яц моьттушуна?! – мохь беттара Човкас.
– Ой, хIара-м Бокрис болх бен колхозан машен ма ю! – цецвуьйлура Iибади.
– Ю дера! «И замой я сол а Iовдал бу, я суна цхьа тешнабехк бан гIерташ…Же хьалалатае», – аьлла, шен лулахо кхучу а хаийна, тхо кхарна тIаьхьа хийцира-кха са дешичас!
– Даьдиса, Бокри!
– Молнесарт хилла а-м ца Iа!
– ВаллахI дина дан деззарг!
Юха а буьйлура нах.

ТӀаккха доккха ловзар хӀоттийра цара ХӀаваилан уьйтӀахь, кхаа дийнахь кхаа бусий лаьттира иза. Зикарехь санна, хелхарехь а тӀахъаьлла бара ХӀаваилан доттагӀий – мурдаш…
Масех шарахь дийца хӀума хилира ХӀаваила зуда ялорахюьртахошна.

**11**

Ткъа и масех шо дӀа а даьлла, нийсса кхойтта де даьлча, сатоссуш ерриге а юрт Ӏадийра Човкас хьоькхучумаьхьаро:
– Ва, ма йиш яцара хьо валийта! Ва, оха хӀун дийр ду, хьо воцуш?! Буоберийн доладеш вара хьо! Баккхийчийн доладеш вара хьо! Хьо воцуш оха хӀун дийр ду?!
Иштта, мохь тухуш, тийжа а тийжаш, Човка шен кетӀа иккхича, лулахой схьахьаьвдира, хӀинца мила велла теша кхуьнан бохуш.
– Ва хӀун хилла? ХӀун хилла?! – мохь беттара хьаьдда вогӀучу Ӏибадис.
– Велла!.. Велла!..
– Мила велла?..
– Бирежнев… Нана яларг!
– Мила Бирежнев? – ца кхетара Ӏибади.
– Вайн паччахь Бирежнев… Ва-а, ма йиш яцара и валийта…
– Ва хьо йиса, оцу Бирежневн массо а ненахой а, дехой а белла… Кхерийна, дерриге са даьккхи-кх ахь…
Сай-бодий а къастале, алмазах угӀуш…Цуьнан метте хӀотта гӀазкхи ца карорна-м ца кхоьру хьо?! – девне вуьйлура Ӏибади, вуьйш, церан къамелана дика тӀаьхьа ца кхуьуш, къежа а къежаш лаьттара, шаьш хӀун дича бакъхьа дуца хууш.
– Иштта къинхетамениг хир вац…Мискачу нахаца къинхетаме вара иза… Цхьалхачун накъост вара…
Буоберашна ишколаш ехкинера цуо… Дукха бераш дечу зударшна мидалш лора цо! ХӀинца хӀун дийр ду оха, мискачу наха! Ва-а, нана яла хьан! – Човка юхаерза дагахь а яцара.
Цо лелочух эххар а кхетта лулахой, цӀеххьана массаьрга а белар доьссина, гӀадбахара. Церан белар а,
Човкин тийжамца елхар а, вовшах а ийна, цхьана тамашийначу гӀовгӀанца декара, юьртан сатасаран синтем къиза бохош.
Юьртахошна ХӀаваила зуда ялор диццдеш, кхин пхиялх шарна дийца хӀума хилира Брежнев валар а, Човка цунна тийжар а.
Пхи-ялх шо даьлча-м хиира нахана, Човка эрна тийжина ца хиллийла. Мискачу нехан гӀуллакхаш, тишлуш, гӀеллуш дӀадаха дуьйладелча,

юьртахоша дийца даьккхира: «Дера хилла и Човка хиндерг хууш. Делахь, эвлаяаша дийцахь а, я жинаша дийцахь а, – цхьамма хиндерш дуьйцу цуьнга».
ТӀаккха оцу юьртара а, кхечу ярташкара а адамаш эха дуьйладелира цунна тӀе, шайний, шайний хиндерг дийца бохуш. Човка цкъа хьалха дуьхьалъелира, шена хӀумма а ца хаьа, ма хьийзае ша бохуш. Иза а наха шатайпа тидира: «Дера яц, Човка, шена мел хӀума хаахь а, гӀиллакхах юхур йолуш… Эвлаяан гӀиллакхаш ду.
Эвлаяан гӀиллакхаш…»
Кхин нах тӀаьхьара ца бевлла, эххар а Човка ша а тийшира ша хӀума хуушю аьлла. Цо шена хетарш дуьйцура, царах цхьадерш нислора. Цул сов дарбанаш лело а елира иза, дол дилла а. Цо массарна а хӀоттош, муьлхха цамгар елахь а, масех диагноз бен яцара: хьам баьккхина, марздарш я къахьдарш лелийна, бӀаьрг хилла, жинаша хьийзош ву.
Оцу еа а цамгарна дарбанаш а дара цо деш. Хьам баьккхинчунна – сагӀина хӀума ялар а, мовлид ешийтар а тӀедожадора. БӀаьрг хиллачунна
– кӀур тохар, марздарш я къахьдарш лелийнчарна – гӀайбеш, гоьнаш ястийтар, холмач лоьхуш, жинаша хьийзочарна – жайнаш, хӀайкалш дахар…
Оцу цхьана-шина шарачохь и йиъ цамгар кхетаза а, царна Човкас дарба лелоза а наггахь стаг ца висира ламанан кӀоштахь. Брежнев велла байлахь йисинчу, къацахетарша пенсех хадийнчуЧовкин дика гӀуллакх хуьлура уьнхоша «сагӀийна» лучушай-кайнах.
Цул тӀаьхьа чӀогӀа хийцаелира Човка, дарбанаш лелийна ца Ӏаш, йохка-эцар лело а елира. Хийца-м кху эвлахь мел верг а хийцавелира, цхьа кхо стаг воцург – воккха стаг ЖагӀаш, Ӏеламстаг Ауд, ХӀаваил.
Карзахалла йоьссина хьийза юьртахой, цкъа хьовдий гӀала боьлхуш, юха хьовдийХонкара боьлхуш хьийзара, бӀаьста дуьйш а, гурахь дерзош а доцуш, суьйреӀуьйре ца тергалъеш.
ХӀаваил ша гуттар лелачу новкъа лелара: латта дӀадоьра, эханна тӀехь – хьаьжкӀаш, эханна тӀехь – саьрамсекхаш; говра а хуий, лула юьрта а воьдура; доттагӀий-мурдаш болчу а кхочура, бусалба нехан марзо эца; наггахь, нисделча, дечиган пхьола дан балха а воьдура.
Кхуьнга хьаьжжина Белисат а яра, долчух тоам беш, доцчуьнга са а ца туьйсуш.

Белисат ялийнчу шолгIачу шарахь дуьненчу велира кIант ХIарон, кхин цхьа шо даьлча Дала йоI а елира
– Айзан. КIант сийна бIаьргаш а, хьаьрса месаш а йолуш, шен ненах тера вара. Айзан Iаьржа бIаьрг-цкъоцкъам долуш, шен ден аматаш алсам долуш хетара.
КIантана гуттар а хьехарш дора дас, шен да а, деда а хьехош, йоIана туьйра дуьйцура – кIайчу буьхьигах лаьцна. Жима волуш кIант ца кхетара хьехарх, воккха мел хили а цо ла а ца дугIура. ЙоIа жима йолуш чIогIа ладугIура туьйране, дуккха а хеттарш а дора: «Оцу йоьIан ваша хIунда ца хилла?», «Вешин йиша стенна ца хилла?», «Буьхьиг гена хьуьнха дIа стенна яхна?»
Йоккха хила йоьлча, дас ца дуьйцура цунна туьйра, я кIантана санна хьехарш а ца дора. Цунна хьехарш нанас дора. ХIаваила шена йоIе ала луург хIусамнене олура, цо – йоIе. Иштта дара дайн гIиллакх.
Нохчийчохь карзахалла мIакьяьллачу хенахь, стиглара чувеанчу паччахьо (цхьаболчара и кIайчу динахь лаьтта воьссина олура, вукхара иза кема а хаьхкина, кема а далош цIа веъна бохура, нохчийн халкъ паргIатдаккха – ХIаваилна ца хаьара царах бакъ мила ву, хIара цхьаннах а ца тешара) – хIаъ, оцу паччахьо
«пенси, алапи ца хиларх, вай мацалла а лийр дац, хьуьнхахь шортта хьаьмцаш а, кхораш а бу», – аьлла дIакхайкхар динчу шарахь, ишколехь дешна велира
ХIарон.
Бакъду, и паччахьан дIахьедар ХIаваилна шена ца хезнера, хIунда аьлча цуьнан хIусамехь тиливизор цкъа а хилла а яцара, я и цахиларх сагатлуш а вацара. Иза цунна, эвла юккъехь, пхьоьханахь Iибадис дуьйцуш хезира. И дийцина ваьлча, Iибадис цуьнца доьзна кхин цхьа хIума а дийцира.
– Цкъа цхьана хенахь, вайн ламчохь колхозаш йохкучу хенахь, упалмоч веана хилла гIалара хьала. Цо кху кIоштара нах схьа а гулбина, къамел дина хилла:
«Массо колхозе дIа а язло, шайн говр, бежана, котам колхозе дIа а ло, латта юкъара а хир ду», – бохуш.
Ца тайна нахана и къамел. Амма цхьа а вистхила ца хIуттуш (зама буьрса хилла хIетахь, элп алале стаг тIепаза войъуш), тийналла хIоьттича, вайн эвларчу

ЖагIашан дас БIагаша аьллера: «ЛадогIал, нах! Вай хIокху упалмачо бохург а дийр ду, говр, бежан, котам колхозе дIа а лур ю, вай массо а колхозе дIа а язлур ву.
Хьуьнхахь кхораш, хьаьмцашмел бу, ваймацалла а лийр дац. Амма бакъду, – эццахь соцунгIа йина БIагаша, – чуо юкъ а елла, кийра-м цIанлур бац вайн».
– Хьа-хьа-хьа.
– Ма нийса а аьлла!
– Ма дика кхетта хилла иза оцу колхозан маьIнах!
– Палитик чIогIа хилла.
– И дагадар а ду-кх доккха хIума.
Иштта дешнаш кхуьйсуш, гIадъоьхуш буьйлура юьртахой.
Церан белар жимма лагIделча, Iибадис тIетуьйхира:
– Цунна а дайна, вайн паччахьо бохург дахь, кийра-м вайн а цIанлур бац.
Юха а беларш чIагIделира.
И аьхкенан буьйса юккъе яххалц дIа ца севцира эвлаюккъера нехан гIовгIанаш.

**12**

Iуьйр-ламаз а дина, вирд а даькхина, учахь, паднара тIехь дIатаьIна ХIаваил, набаран тар тесна дикка
Iиллира. Самаваьлча, къеггина кхеттачу маьлхан зIаьнарша къагийна яра учи. Кора кIелахь, лоха ши а гIант а хIоттийна, «бур-бур» деш Iара наний, кIанттий.
Юха а селханлерниг дуьйцуш ду…Дера, и шиъ цхьана агIор бакълуьйш ма ду. Дешна ца хилча, дуьне лаха хала а ма ду. Делахь а генахь ю-кх и Москох, цигахь вехаш-Iаш хIокхузудчун ваша Берс велахь а. ХIун хаьа, бIаьрIуналлера дIаваьлча цунах хIун хуьлу. ХIетахь, цуьнан хеннара волуш, кхунна, ХIаваилна, шен дас дуьйцург дерриге ца хазахь а, цхьадерг хезара. Ткъа хIокху кIантана кхуо дуьйцучух хIумма а ца хеза. Цунна шен накъосташа а, газеташа а, тиливизоро а дуьйцург хеза. Цунна шен нийсархойх къаста ца лаьа, цунна царах терра хила лаьа. ХIокхунна ца лаьара цхьаннах а тера хила, кхунна шен даго ма-хьоьххура ваха лаьара, шен дас бохург а деш…
Делахь а, кху кIентан лаам кагбан а ца гIерташ, дIавохуьйтур ву-кхдеша. Iилма, муьлхха делахь а, Iилма ду. «Китай махка гIой а, Iилма

Іамаде», – аьлла, хьадис ду а боху Іеламнаха.
– ХІарон, чувоьл, – мохь туьйхира ХІаваила.
КІант, чу а веана, наьІарехь сецира.
– Деша ваха лууш ву-кх хьо?
ХІарон дуьхьал вист а ца хилира: хаттар жоп оьшуш дацара.
– ХІокху цІенна дола а деш, латта а, даьхни а лелош, вуоне, дикане а воьдуш, Далла Іамал а еш, еарин, оршотан буьйсанаш а ларъеш, ваха луучух тера дац хьуна. Дера, дуьне доккха а ма ду, хаза а ма ду. И довза а ма лаьа…Бакъду, суна-м ца карийна кху дуьненчохь сайн дас бохург дарал деза а, сийлахь а хІума. И айса дичхьана, наха сайх лаьцна хІуъу дийцича бен ца хетта суна. Цхьа хан яра сан хенарчара сох «Музейни экспонат» олуш, сол мелла а кегийчара – «…Гость из прошлого»…Хьан чкъурах болчара хІун олу-м ца хаьа суна.
– Суна хьалха-м хІумма а ца олу, вуьшта…
– Вуьшта къайлах хІун олу кхара?
– «Мамонт».
– Хьа-хьа-хьа…ХІета миллион шо долуш ву-кх со!
ТІаьхьа тІе мел кхуьурш хьекъална кІорге хиларан билгало ю хьуна иза… Хьажал, со реза хилла-кх, нахана гергахь «музейн экспонат» хилла а, «яханчу заманан хьаша» хилла а, «мамонт» хилла а, сайн ден, деден дахаран кепехь ваха… я цкъа а дохко а ца ваьлла…
Амма хьуна и дан ца лаьа. Хьо бакъ хила а тарло…
Іилма Іамийнчу стагера пайда алсам хила хьакъ бу – цу стагана шена а, цуьнан гергарчарна а, юьртахошна а… Цундела хьан лаамна тІе ца тайча ца волу со…
Ахьа новкъавала кечам бе. ТІаьххьара цхьа хьехар дийр ду ас хьуна. Изза хьехар сан дас суна а дина. ЦІарах санна, хьарамчу хІумнах ларлолахь, хьуо мичара ву а, муьлхачу орам тІера вуйла а хууш…
ШолгІачу дийнахь Іуьйранна новкъавелира ХІарон.
Иза чу а хиъна, дІаяханчу автобуса тІаьхьахьоьжуш лаьттара ХІаваил, шайн кетІа а ваьлла. Некъ басах чу а бирзина, автобус къайлаяьлча а лаьттара иза цу агІор дІахьоьжуш, тайп-тайпанчуойланаша садууш. Иза иштта кхин а латта тарлора, урамехь Іибади гучу ца ваьллехь. Салам делла тІехІоьттина Іибади, салам духа а дерзош, шел хьалха кел чоьхьа валийтира ХІаваила.
– Хьо дешна Іелам стаг вацахь а, дикчу ден кІант а, хьуо дика стаг а волу дела, хьох дагавала гІуллакх долуш веанера со.

– Ас хIун хьекъал лур ду хьуна, Iибади, хьо-х сол пхийттех шо воккха ву…
– Хьекъал-м воккха хиларх хуьлуш, жима хиларх ца хуьлуш дац, ХIаваил. И дIадели. Хьуна вайн паччахьо тIаьххьара нахе аьлларг хезний? Хьуна муха хезар ду иза, хьо тиливизоре хьожуш а ца хилча. «Шайн де долчо катоха, де доцчо – сатоха»… Амма сатухуш вайн цхьа юьртахой бен, стагга а вац кху нохчийн махкахь.
Массо а катухуш ву. Цхьаберш бу, дийнна тобанаш а йина, цIерпошташ а сецош, цу тIера дуьненан рицкъа дIасадоккхуш, вуьйш йоккхачу биргIина тIелетта, цIубдарш санна, мехкадаьтта дIаузуш бу, кхоалгIанаш – хIокху вайн гIалара белхан гIирс, станокаш, эчиг дIадухкуш бу, гена дIа а кхоьхьуш, кхин тобанаш ю гIалахь, гIунаш а яьхна, цучуьра мехкадаьтта духкуш…
– массо а цхьацца деш ву-кх, вай доцурш.
– Ткъа вай стенна тIера дIадуьйладелча бакъахь хета хьуна? – хаьттира ХIаваила, шеха вела а къежаш.
– Уггар хьалха вайн юьртара колхозан даьхни нахана дIасадекъа деза. ТIаккха лахенца охьадовла дезакх, кхумехканбахам боькъуш хилча, вайна а дакъа кхача ма деза. Вай кхин нехан когашкара хадийна-х даций!
Я дийначохь девлла ду вай?!
ХIаваил дикка Iийра, вист а ца хуьлуш, Iибади дийцина валлалц. ТIаккха вистхилира:
– Iибади, ахь мел дуьйцург хьарам хIума ду. Масала, и колхоз – юкъара бахам бу. Цуьнан дакъа ду, оцу колхозехь къа а хьегна, беллачеран а, церан берийн а, тIехинйолчу тIаьхьенийн а…Цу массеран а хьакъ тIе а лаьцна, Далла дуьхьал ваххал майра вац со-м.
Iибадина чIогIа ца дезаделира и къамел, цо вагийра иза, оьгIазвахийтира.
– Ткъа хIара дерриге а халкъ, хIара берриге а юьртахой Iовдал бу, хьой, къанвелла шен цIе яккха а ца хууш волу ЖагIашший, жинашца тайна Ауддий кхеташ ву…
– ХIан-хIа, кхеташшу ду…Тхо Iовдал ду…Делахь а тхуна хьарам хIума ца деза…ХIара юьртахой стенна буьйцура ахьа, хIокху дерриге а дуьнено хьо бакъ ву бахахь а, со хьарам рицкъин декъа вогIур вац…И хьарам хилар ас шуьга дIа а боху. Дан шайна луъург де…

ХIаваилан и къамел бахьнехь делахь а, кхин шина баттахь лаьттира колхоз, тIаккха ах даьхни цхьана буса къайладевлла дайра. Вуьйш дIасадоькъуш вовшахлеттачу юьртахойх пхиъ больнице кхечира. Цхьадика, цхьа а вала ца велира, шиъ заьIап виснехь а.

**13**

Доьзалхо цIера а валийтина, цунна сахьийзор а хала хIума хиллера. ДIа ойла йича, сахьийза хIумма а дацара. КIант тIамтIехь а вацара, я эскарехь а вацара. КIант доьшуш вара Москохарчу уггаре а йоккхачу доьшийлехь (цунна хьалха даькххина шен сурт дайийтинера ХIарона: церан институт чохь йолу гIишло-м яккхий тIекIелйина гIаланаш яра – пхийтта эзар стаг ву бохура цигахь доьшуш; оццул-м хIокху ламанан кIоштан бахархой а бацара). Шен ненаваша волчохь Iаш а вара.
ХIинца дешаран шо чекхдаьлча, цIа вогIур ву а аьллера. Иштта-м дара, хIетте а цхьа тамашийна сахьийзара ХIаваилан.
Аьхкенан шолгIа бутт болабелча, цIа веара ХIарон.
ЦIенчу «Камаз» машен хьалха а хиъна. ЧIогIа кечвелла вара.
ХIаваилна ца дезаделира иза: боьрша стаг иштта чIогIа къегина ца хилча а мегар дара. Делахь а кху заманан амалш ю-кх уьш… хIун дийр ду?
– И машен хьан ненавешин хир ю, кIант, – хьаьттира
ХIаваила, иза хIума кхаьллина, чай мелла, паргIатваьлча.
– ХIан-хIа, вайн ю иза.
– Муха, вайн ю? Хьо доьшуш вацара?
– Доьшуш а вара, болх беш а вара.
– Уой, хIокху итт баттахь и машен эццал болх бина ахь?
– И машен эццал а бина, цу машен тIера ши тонна ахча даккхал а бина…
– ХIун ахча? Муха ахча?..
– Иштта ахча ду-кх…
– И ду хаза, – араиккхина ХIаваил, машенан чкъурга тIе хьала а ваьлла, тIетоьхна бирзент дIа а айдина, чухьаьжира: дан а дара ахча, яккхийчу таппашца
Iохкуш.
Вагийча санна, чкъурга тIера охьаиккхина, чухьаьдира ХIаваил.
– Харц ахча! Зуламхойх дIакхетта хьо? – мохь хьаькхира цо.
– ХIун харц ахча?! Цуюккъехь цхьа сом дац харц! И

Iовдал хIумнаш ас стенна лелош ду?! Иза деши санна, цIена ахча ду, банкера схьаэцна, – вела а къежаш дуьйцура ХIарона.
– Ва кIант, оццул ахча хIокхуламчохь мел волчу стаге, хIокху ткъе иттех шарахь къахьегча а, ма ца даккхаделла…массаьрга а… – чуьравуьйлура ХIаваил.
– ХIинца даккхало, Дада. Ас цхьана банке а воьдий, оццул ахча кхечу банке дIатоьхна олий кехаташ кечдо, тоьхна доццушехь, банкирца барт а бой…Юха дIа а воьдий, вукхунна цхьа дакъа дIа а лой схьавогIу, ахча а дохьуш…Воздух…ХIаваъ…ТIаккха банка чуьра кехаташ дIадоху…
– ШайтIанийн базар… – шабарш дира ХIаваила.
– ХIаъ, хIаъ, цхьа шайтIан базар ю-кх…Доцца аьлча, хIун ду хаьий хьуна, Дада. ХIара пачхьалкх йохош ю. ХIора шений, шений дакъа даккха гIерташ ву. Ас вайна догIург схьадеъна.
– ШайтIан базар… Iибадин цамгар, – шабарш дора
ХIаваила. ТIаккха чIоггIа элира:
– КIант, хьох шайтIанийн цамгар кхетта. Катоьхна хьуна дарба ца дахь, цамгар гена ер ю. Цкъа хьалха шайтIанаша хьуна карадаийтина, хьо шайна муьтIахь ван дагахь карадаийтина боьха ахча, цIе а тесна, дагор ду вайшимма. ТIаккха…
– Дада, ахь хIун дуьйцу?.. Ахча дага муха до? Оцу ахчанах вай даккхий цIенош дийр – цхьаъ, шиъ, машенаш оьцур ю, кху юьрта богIуш силаман некъ буьллур бу, Орган тIехула доккха, шуьйра тIай туьллур ду, минирал хи шишанаш чу дуттуш завод йийр ю…
ХIарона, ша дас юкъахваккхале, сихха дуьйцура оцу ахчанах дан тарлуш дерг.
ХIаваил ойлаеш сацавелира цхьана юкъана: «ХIун дара техьа…» Амма и ойла йохийра цIеххьана кхетамехь денделлачу, мацах цкъа Омскехь кхуьнга Iаьмира аьллачу дешнаша: «Дала ницкъ лойла хьуна иштта чекхвала. Бакъду, хьо санна…». «ХIаъ, хIара киртиг хилла-кх цо йийцинарг…ОстопируллахI, цхьа минот ца яьллехь, шайтIано корта хьовзабора-кх сан, – ойланаш йора ХIаваила. – Оцу ахчанца бинчу новкъахула дIаваха а мегар дац, я иштта тиллинчу тIай тIе вала а мегар дац»…
– КIант, хьарам хIума алсам мел хили а, къа алсам ду…Эрна бага а ца лееш, машен кха тIе схьататта, дIо охьайоьхкина кхелли йолчу, – сирникаш а эцна аравелира ХIаваил.

ХӀарона, кхин дуьхьал вист а ца хуьлуш, машен хьалалатийра. Амма цо иза кха тӀе дӀа ца яхийтира, цо и юьртах болучуновкъа дӀахаьхкира, цхьамма ша лацарна кхоьруш санна, чехкалла тӀеттӀа алсам а йоккхуш. Машено гӀаттийна ченийн кӀур охьабижжалц лаьттира ХӀаваил. КхидӀа латта ца лора, настарш чуьра са дӀадаьллера. Дагехь цхьа есалла хаалора, шийла мох чекхбуьйлура дагехула, цигахь дог а доцуш, кор долуш санна. Латтанаш бухдуьйлуш дара, цундела хала дара охьа ца вужуш, меллаша ког боккхуш чуваха…Стигланаш, кеглуш, тӀейоьлхуш яра, уьш еза яра, цара лаьтта тӀе бертал теӀавора, цундела хала дара ирахь латта.
ХӀетте а иза, и йозалла ловш, меллаша ког а боккхуш, чувахара, дӀатаьӀира. Шега цецъяьлла хьоьжу зудий, йоӀӀий тергал а ца еш, паднар тӀехь агӀорвелира.
Суьйренга велира, маьркӀаже, пхьуьйре... Ламазаш дан а вицвелла, Ӏуьйренга велира. ТӀаккха, синбилгалонаш гучуюьйлуш, ламазна кечам бан уьйтӀа велира. Ламаз ийцира, суннат а дира, парз а… Вицвелла диснарш а дира дехха, вирд а даькккхира.
ХӀусамнана а гӀаьттира. Ламаз а дина, етт оза яхара.
Ма бакълуьйш хилла и воккха стаг: шен дегӀе ваьлла доьзалхо дуьхьалваларал доккха хӀума хила а ца хилла. ХӀаъ, и бакъ хилла. ХӀетте а…
Ӏома тӀехула экъа санна, хахкавелла чекхвала веза.
Дукха даздан мегар дац хӀумма а…ХӀара а мегар дац…
Даздахь, чу гӀур ву, бух боцчу Ӏома чу…
ХӀаваила дама чохь долубога паднара тӀе хӀоттийра.
ТӀе хи а доьттина, бод хьакхийра. Мацах Ӏусас санна, адаман сурт дан вуьйлира иза – дегӀ, ши ког, ши куьг, корта. Дика ца нислора, делахь а мегар дара, цхьа тема хилчахьана. Цунна тӀехь кӀайчу кисин кхоалгӀа чкъор деш, чуеара Белисат.
Цецъяьлла, ша йолччохь сацаелира иза.
– Хьо хӀун деш ву? – ша-шах делира багах.
– Вайн кӀант дӀаволла кечвеш, марчо хьарчош.
«ГӀагӀ», – аьлла, охьайилхира Белисат, юхаерза ца туьгуш, етта а луш.
– Елха хьо, елха мегар ду хьуна, хьуо мел елхало…
Амма тийжа мегар дац… Тийжар бусалба дино дихкина ду…– бохуш, тайнигна марчо хьарчийна велира
ХӀаваил. ТӀаккха иза а эцна, уьйтӀа велира.

УьйтIахь шен юьртахой гича, кхин цец а ца велира: кхуьнан кIант дIаваьллачу тезета баьхкина-кх уьш.
– Салам Iалайкум! – салам делира царна хьалхаваьллачу Iибадис.
– Ва Iалайкум салам! – марчо хьарчийна шен «кIант» бай тIе охьа а виллина, куьйгаш хьала а лаьцна доIа дира ХIаваила. Наха куьйгаш хьала а ца лецира. ХIара куьйгаш юьхьах хьаькхна а валале, Iибади вистхилира. Мелла а оьгIазе хийтира цунна иза, цец а велира: тезетан дега оьгIазе вистхуьлуш ма дацара.
Цо дуьйцучун ойла йира. Кхетаме кхечира церан маьIна:
– ХIара пачхьалкх дIасайоькъуш, шерет деш, вайн юьртана кхаьчна ши тонна ахча деана боху хьан кIанта.
Ас сийсара колхозан бугалтер болх бинчуСайдига ларийтича, хIора син цIарах ши кийлий, йиъ бIе гарам кхочу. Со а, хIара нах а шайн-шайна догIург дIадахьа баьхкина.
– Ахча? ХIун ахча?
– ХIаъ, ахча. Хьан кIанта машен йоьттина деана.
– Сан кIант велла… – бай тIера марчо хьарчийна
Iуьллу тайниг схьаийцира ХIаваила. – Со хIара дIаволла воьдуш ву. УьйтIе а хадош, вахна, божлех хьалалаьтта бел схьаийцира цо. Иза белша тIе а йиллина дIаволавелира.
Кевнехь лаьтта нах, цунна некъ буьтуш, дIасахилира.
ХIаваил цаьрга дIа а ца хьаьжира. Иза кешнашка боьдучу новкъавелира. Цунна Iаламат хала дара цу новкъа дIаваха.

**14**

И де дIадаьлча, ХIаваилан дуьненах самукъадалар гIелделира. Хьалха санна, дехьа-сехьа шен накъостий, вирдан вежарий болчу вахар а наггахь бен ца хуьлура.
Вахча а, дог а духий, юхавоьрзура. Кхуьнан доттагIий хьалха санна бацара, вовшакхетча а хьалхалера марзо эцар а ца хуьлура, цхьа вовшашца гIортаделла хилар хаалора, бистхиларехь а, салам-маршалла хаттарехь а, охьаховшарехь а, гIовттарехь а. Дикка хан дIаяхара, кхеран тобанан декъашхой шина декъе бекъабеллехь а, вовшашца эвхьазбовларх ларлуш, амма дийнера де мел дели, церан юкъаметтигийн стигал Iаьржа мархаш гуллуш, Iаткъам лакхаболуш, экккха кечлуш яра. И гуш, хIара, ХIаваил а, Элмарза а, шайн хирг деш, гIерта а ма гIиртира и мархаш дIасалахка, стелахаьштигаш къега доладалале.

Амма цунах гIуллакх ца хилира: стелахаьштигаш а къийгира, ткъес а диттира, ваьснаш а йира, стигал, цхьана вочу тракторхочо латта санна, нахарца охуш, тIекIел а туьйхира.
ХIара цецвуьйлуш цхьа хIума дара: и дуткъий мекхаш долу паччахь, цхьана тобано ма-боххура, махкана а диканиг дохьуш веана, эвлаяан даржехь велахь а, я вукхара ма-вуьйццура халкъ хIаллакдан веана, зуламда велахь а, и милла велахь а: лоьман цIога я виран голаш – и бахьнехь шайна юккъехь хIинццалц схьа хилла и оьзда марзо муха хIаллакйийр ю?
И тайпа юкъаметтигаш, гергарлонаш дохош, даьлла дотIуна Нохчийчухула чекхделира, нехан хIусамашкахула, нехан дегнашкахула.
Цуьнан ойла йича, адамаш декъадаларан, уьш дуьхьдуьхьал латтаран бахьна хилларг дика хила йиш яцара. Иза доккха хьекъал оьшуш хIума а дацара, лай тIе хиъна Iаьржа къиг санна, къеггина гушдара. Шена санна, и массарна а стенна ца го бохуш, оьгIазло а кхоллалора дагчохь. Амма хIара мел хьовзарх, хIинццалц кхуьнан доттагIий бу бохуш лаьттинчеран бIаьргаш тIе еана марха дIаяккха гIортарх, кхуьнан гIуллакх-м ца хилира. ТIаккха хIара, вала а волуш, кхин лахенца охьавер ма вац ша аьлла, нииййат дина, шайн жимчу юьртахь сацавелира.
И юрт чIогIачу мехех а, дорцах а ларйора гобина лаьттачу, тIе хьаннаш евллачу аьрцнаша а, лаьмнаша а, амма уьш а лахенца цIийзачу карзахаллин йилбазмахна дуьхьал гIорасиз дара. И хIуо, жим-жима догIуш, деана, кху юьртахула а даьржаш дара: цхьаъ ши ахтомат а йохьуш веара гIалара, кхин – цIерпошт талош шена кхаьчна кIадин таппашца, кхоалгIачо шекаран галеш деара, воьалгIачо юьртан юкъарчуметтигах йоккха кийсиг яьккхира. Цуьнца йохье бевлла арахьаьлхинчуюьртахоша, вовшашна хьоккхий а детташ, берзалоша дIасайоккху ижу санна, дIасаозийна, вовшашна
«гIигI» деш, декъна даьккхира юьртан юкъара латта.
«Дика ду хьоккхий диттина а дIасакъаьстина, цхьайолчу ярташкахь вовшийн бойъуш меттигаш а хилла», – ойла хилира ХIаваилан.
Цкъа цхьана Iаьнаншийлачу суьйранна, маьркIажан ламаз дIа а дерзийна, вирд доккхушХIаваил Iаш, учахь ло охьадегош, когаш бетташ, татанаш хезира. Татанех хиира уча ваьлларг мила ву: Белисат яра тахана

Іуьйранна ден цІа яхна, Айзан а эцна, и шиъ юхайирзинчух тера дара. Чуяьлла Белисат наьІарехь сацаелира, хІара вирд даьккхина валлалц. Мел дІа а белла, суьлхьанаш хьарчийна хьалхарчу кисна а дехкина:
– ХІун дара лакхахь? Бокри муха Іаш ву?Шун нана?
– хеттаршка велира ХІаваил.
– Дика Іаш ду и шиъ-м. Хьоьга маршалла даийтира. Берс а вара цІа веана…
ХІаваила хІумма а ца элира.
– Цо бохура…. иштта ХІаронна зуда яло дийцина хІума ду, ши кІира даьлча… Дикчу нехан йоІ ю боху, ларочу нехан… Москохахь хІусам а эцна боху
ХІарона… – сихъелла къамел дора Белисата.
– Веллачу стага муха ялайо зуда? – элира ХІаваила.
«ГІагІ» аьлла, охьайилхира Белисат. Йоьлхучура ца соцуш, дехьа чу а яьлла, паднар тІе дІа а кхетта,
Іиллира пхьуьйре хиллалц.
ХІаваила новкъарло ца йира цунна елха, дош аьлла а. Иштта новкъарло ца йира цо, цул тІаьхьа цхьа шой ши бутт болуш Белисата: «Вайн кІентан шиъ доьзалхо дуьненчу ваьлла – йоІ, кІант», – аьлла, кхаъ баьккхича, ша дуьхьал изза: «Веллачун хуьлу доьзал?» – аьлла, хІетахьчул а чІогІа карзахъяьлла, иза елха йолаелча а.
КІант, кхуо велла бахахь а, шех кест-кеста хаамаш беш, цІенна дІа ца волура ХІаваилан дахарера. Цкъа цхьана дийнахь Айзанан лергах, пІелгах дашо чІагарш а гина, шен хІусамнене барт хаьттира ХІаваила:
– Мичара ю уьш?
– Цуьнан ненавашас еана.
– Бакъдерг дийцича?
– Бакъдерг дийцича, цуьнан вашас яийтина, ненавешехула…
– Яийтинехь, юхаяхьийта, катоххий, и йоІ хьарамчу рицкъана юкъа а озаяй, дакъазъяккха а ца гІерташ.
– Юхайохьуьйтур ю… – елхаран къурд бира Белисата. – Амма хьан йоІ йоккха хилла, цунна нехачарна санна, лергех а, пІелгех а деза…
– Хир ду, хир ду… Цуьнан да хІинца а валаза ву.
ШолгІачу дийнахь Іуьйрре шен говра тІе а хиъна,
ТогІичу базара вахара ХІаваил. ЦІа вогІуш юьртахочун машенца веара.
– Стаг, и говр мича яьхьна ахь? – йоьхна хьаьвзира
Белисат.

– Говр дӀайоьхкина… ХӀан, хӀара ду хьуна ахча…
Оцу йоӀана оьшург эца…
Белисат юха а елха хӀоьттира:
– Ас хьоьга и де ма ца бохура. Говр а йоцуш, хьо муха лелар ву?..
– Дера, зуда, сан говр лело зама а дӀаяьлла моьттуш ма ву со… Цу тӀе хӀинца наха говраш лела а ца йо…
Машенца лела… Цу тӀехь мукъна а нахах тера хила со?..
– Ас ахьар, кхоьаш йоьхкина а, цхьаъ дийр дара… говр вуон йоьхкина ахь, – боккъал а халахеттера Белисатна.
– Цунах эца а хӀума хир ю хьуна… Дукха ма ду йоӀана оьшург… КӀантана-м цхьа чкъор хилча а тоьар дара, – аьлла, шен чу вахара ХӀаваил.

**15**

БӀаьстенаш вовшех тера ю цхьана агӀор. ХӀора бӀаьста буц а йолу, зезагаш а довлу. Стоьмийн дитташа зазанаш доху – кӀайн, цӀен, рузу… Царна тӀехь накхармозий а хьийза, шайн дургал гулъеш…ДогӀанаш а оьху, малх а кхета, стелаӀад а хӀутту.
Амма вукху агӀор цхьа а бӀаьсте а яц кхечух тера.
ХӀунда аьлча и бӀаьсте гуш волу хьо вац хьалхалерниг, стохкалерниг, лурчахлерниг, итт шо хьалхалерниг, ткъа шо хьалхалерниг, ткъе итт шо хьалхалерниг-м муххале а…Хьалхалера дуьненах воккхавер а дац, хьалхалера тешамаш, сатийсамашбац, эшамашбу, эшамаш…ХӀора шарахь – эшамаш.
Эшамаш алсамбовлу, шераш а алсамдуьйлу, ткъа некъ бах ца ло, иза мелхуо а бацло, зама а яцло…
Зама…Ма сиха йоьдуш хиллера-кх зама… Селхана долуш санна хета кхуззахь, хӀокху кхура кӀелахь, хӀокху гӀантахь хиъна Ӏийна кхуьнан да ТӀайба. Цо хьалхаваларна хӀарий, Вахий идийтина…
ХӀинца хӀара Ӏара кху гӀантахь, да вац, кӀант а вац…
Кхеран зӀара хьалха кӀайн машен сецира, тӀаьххьара яьлла «Волга». Цу чуьра охьавоьссина, таьӀна-сийна кастом а юьйхина, коьрта Ӏаьржа лаба йолу куй тиллина стаг. Иза кхеран керта хьоьжуш, зӀара хьалха сацавелира.
ГӀантара гӀеттина, ХӀаваил зӀара тӀе схьаволавелча, воьхна-а дӀаса а хьаьвзина, салам делира цо:
– Ассалам Ӏалайкум!

– Ва Іалайкум салам! Марша а вогІийла! – и ца вевзаш, цуьнга хьаьжжинчохь сацавелира ХІаваил.
– Со ца вевза хьуна?
– Ой, Ваха, хьо вац иза…Вовза-м вевзара хьо, вицвеллера-кх.
– Вицвелча а бац бехк… Ткъе итт шо кхочуш ма доллу вайша газа…
– Оццул къехкаш а лелла, хьо кху керта вар ма доккха хІума ду…Схьа чоьхьавала, чоьхьавала…Хьо лаа мукъна а вуй?..
– Лаа ву, лаа ву…Хьо а, хІара керт а ган са а гатделла, схьавеъна-кх…
– Ой, ткъе итт шо даллац са ца гатлуш Іийра хьо,
Ваха… Хьа-хьа-хьа… Хьуна ма марзъелла и гІала, – бегаш бора ХІаваила. – Со-м тахана хьо дагавеъна
Іара…
– Суна а-м догІура дага кест-кеста вайша ТІайбас хьалхаваларех идийтар…Кху кертахь…
– ХІинцца, хьо керта вале, и дагадеъна Іара-кх со…
– Цкъа со схьалоций, хьо хьалхаволуьйтуш, юха хьо дІалоций, со хьалхаволуьйтуш…
– Иштта цкъа хьалхаваьлла, ведда вахна, хьо хІинца а ваза ма ву. ВаллахІ, чехка водуш-м хиллера хьо…Хьахьа-хьа, – юха а воьлура ХІаваил.
Хазахетар а, дагалецамаш а, дагахьбалламаш а цхьаьнаийна, цхьа шатайпана синъайам хаалора
ХІаваилна шегахь.
– Со-м кхин чехка а ца ведира хьуна. Хьо тІаьхьавада аьтто болуш вацара-кх. ТІайбас дІа чІогІа лаьцнера-кх хьо…
– ХІун бен ду иза, хьо тоьлчахьана…
– ХІан-хІа, ХІаваил, тола хьо тоьлла хьуна…
– Тола со муха тулу, ва Ваха, вайшимма къийсина
Іахар ахь хьайн керта лаьллича…Хьа-хьа-хьа…– иштта хІара велаза дуккха а хан яьллера.
– Іахар баьккхинехь а, Іахаран дог-м ца даккхадели хьуна соьга дола… Цхьа де ца дели-кх цуьнан, са кхузара цІа а дирзина…
– ЭйтІ, миска дог яІ! Дог ца Іа…Ша тІекхачаза болу стом уггар мерза хета-кх…Дог ца Іа…
– Яхь массо а хІуман тІехь хила езаш ца хиллера,
ХІаваил…

– ДIавалахьа, Ваха… Хьуо воцург хила а ца гIерташ…Хьо тоьлла, кхин хIун оьшу хьуна…
– Хьуна вевзарг вац хьуна со, ХIаваил… Кху ткъе итт шарахь со хийцавелла… Сан толам а къаьхьа толам бу хьуна. Со дIавоьду…
– Дера ца воьду-кх, цхьа чайнан стака а ца молушм… Хезий хьуна… Хьаша веана хьуна вайга… Сан бераллин накъост…
– Дела реза хуьлда хьуна, ХIаваил… Ахь иштта тIеоьцур вуй хиънехь-м, со хьалххехь вогIур вара…
– Со а хийца ма велла, ва Ваха… ОьгIазалла а дIаяьлла, дагахьбаллам биснехь а… Кху дуьненахь хIумма а даздан ца дезийла а хаьа… Шершшина чекхвала веза, Iома тIехула экъа санна…
– Дела реза хуьлда хьуна, даг тIера боккха тIулг охьабуьйжи-кх хIинца…
Иштта, шен са паргIатдаьлча санна ХIаваилна а хийтира, шеца чай молуш, хилларш-лелларш дуьйцуш
Iийна, Ваха дIавахча.

**16**

Юьртара нах, тобанаш еш вовшахбетталуш, лахенца охьаоьхуш, цхьацցанхьа балхахь бу шаьш бохуш, кепаш хIиттош, тайп-тайпанчу гIишлош чу хуьйшуш, йоьжнарг-йиснарг ядош, цхьаболчара (цкъа а эскарехь ца хиллачара а тIаьхьа) тIеман хорма лелош, чин а (цуьнга хьаьжжина погонаш а) шайн даго къобалдиннарш схьаоьцуш, вукхара нохчийн хорманаш а, лекха куйнаш а лелош, тIе чалбанаш а хьерчош (мегарг ламаз дан ца хуучара а тIаьхьа), карзахе хьийзира, шина шарахь сов. Ши шо дIа а даьлла, кхоалгIаниг доладелча,
Iаьнан хьалхара бутт юккъе боьдуш, царах цхьаберш, хьалхаваьлла Iибади а волуш, ХIаваилан керта баьхкира.
– Шу лаа дарий?
– Дера, тхо лаа а ма ду… ТIом баьлла вайна лахенца… Иза гергагIерташ а бу… Вай хIун дича бакъахь дара техьа аьлла, хьох дагадовла даьхкина-кх тхо…
– Аудах а, ЖагIашах а дагадовла деза…Царах цхьаъ дешна ву, важа массарал а воккха ву…Со шул воккха а вац, я дешна а вац…
– Цигахь хилла тхо, – элира Iибадис. – Цара хьох дагадовла аьлла, схьахьовсийна…
– Иштта делахь-м, цхьаъ ца дича девр дац вай…

Делахь а со кийча вац тахана шуьга хIумма а ала. Ойлаян а еза, Аудах, ЖагIашах а дагавала а веза…Кхана маьждигехь, делкъа-ламаз динчул тIаьхьа къамел хир ду вайн, – нах дIасабахийтира ХIаваила.
Оцу буьйсанна Ауд а, ЖагIаш а волчохь хилира иза.
ТIаккха шолгIачудийнахь, нахаца иштта къамел а дира цо:
– ТIамна дуьхьал вай дан хIума а дац, доггах Далла
Iамалъяр, Деле доIанаш дар бен… И дан деза. И доккха хIума а ду. Цул сов, хIокхумаьждигехь хаддаза доьшуш Къуръан хила а деза. РагI а хIоттийна, цхьамма кхаа сохьтехь, кхечо кхаа сохьтехь… Иштта хаддаза дийнахь а, буса а доьшуш хила деза Къуръан… Кху юьртана гуттар а ха деш, хехой а хила беза. И ас ца богIу, иза Ауда а, ЖагIаша а боху. Со цу шинца реза а ву.
Нах а тIетайра. Вистхуьлуш стаг а воцуш, тийналла хIоьттира маьждиган кертахь.
– ХIара тIом балараан бахьна аш лехахь, иза генахь а дац шуна. Вай, хьарам-хьанал ца къастош, дахар ду шуна, кхин хIумма а дац, – элира ХIаваила, мохь туххуш.
Юха а вистхуьлуш стаг воцуш, тийналла хIоьттира цхьана юкъана.
ТIаккха цIеххьана нахана юккъера схьа ара а иккхина, мохь бетта велира Iибади (ХIаваила дуьйцург
Iоттаделлачух тера дара цунна):
– ХIара тIом хIунда баьллий, соьга хаьттича?.. Цхьа еха палтошйолуш цхьа кегий нахбевлла-кх вайн. Вайн дайн Iедалехь салам луш, куьйге ца богIуш, охьа а теIаш, тIома кIела мара бетталуш… Гиний шуна?.. Цундела баьлла шуна хIара тIом.
Цо дуьйцучух ца кхеташ, цеце хилира адам.
ТIаккха ЖагIаша элира (атта вистхуьлуш Iедал дацара цуьнан):
–Ши шо хьалха, бIаьста, ша Iуьйранна аттера схьаяьккхина шура кхехкон хIоттийра кху чуьрчу йоккхастага. И йиц а елла, шура, тIехъяхна, ах сов яйра…Суна хетарехь, хIара тIом цундела баьлла. Цунах дика кхийтира нах. Цундела цхьатерра массо а вела а велира, «гIагI» аьлла.
ТIекхевссина догIучу лай кIелахь боьлуш латта нах а битина, ХIаваил маьждиган кех а ваьлла, цIехьа вахара.
ТIаккха нах а меттахъхьайра.

Шийла денош, шийла буьйсанаш, кхерамо Іадийна нах, самукъадалар дайна бераш, хаддаза юьйлу герзийн гІовгІанаш, кеманийн гІергІарш, цкъа генахь, юха гергахь етта бомбанаш, яккхийчу тоьпийн хІоьънаш…
Хала киртиг яра тІехІоьттинарг. Адамаш кІелхьардовла гІертара оцу киртигах, шайн хирг деш. Цара ламазаш, доІанаш дора, маьждигехь хаддаза Къуръан а доьшура, юьртана сема ха а дора.
Цхьана шийлачу буса хехойх цхьаъ веара ХІаваил волчу, цхьа герзех боьттина нах баьхкина вайн юьрта, маьждиге, цучохь буьйсанаш яха дагахь а, бу уьш…
– Къуръан доьшучуьра саца-м ца дина?…
– ХІан-хІа.
– Саца ма де ала… Со дІавогІу…
ДІакхаьчча, тІебаьхкинаршмаьждиг чуьра аракхайкхира ХІаваила. Масех аравелира.
– Маьждиг, аш чу буьйсанаш яха, общежити а яц…
Эшахь, буьйса яккха меттиг а карор ю… Шаьш хІун леладо дийцийша, – элира цо.
– Тхо кхуза позици лаца даьхкина. ХІара юрт ларъян. Тхаьш буьйсанашмичахь яха еза ца хууш а дац тхо, ахь ца хьехча а…Цу тІе хьуна атчет яла тхан гІуллакх а дац… – кІоршаме элира коьртах пазатан куй боллучу, яьлла юьхь йолчу жимчу стага, шен белшах кхозу автомат кара а лоцуш.
– И тайпа эвхьаза къамел махьар[108] тІехь винчу стага дан йиш йолуш а дац…И иштта делахь, ахь хІун де хьуна, накъост, хьайн биргад а эций, юмъе дукха сиха!
Сиха! Кху юьртан дай а бу хьуна! ХІара ларъян нах а бу хьуна, ларъян езахь. Теркал дехьара дуьйна кху ламчу кхаччалц кхин позици лаца меттиг йоцуш-м ца веана хьо?..
– ХІетий, хІетий… – веана ХІаваилна улло дІахІоьттира Ібади. – Кху тайпанчара и чІажаргІа стигла а кхуссий, кеманашка тІе бомбанаш а йоьттуьйтий, бехк боцу адам хІаллакдойту.
Цара и къамел дешшехь, маьждиган керта бевлла юьртан хехой, кхиболу нах а, герзаш а карахь, кхарна го беш дІахІиттира.
– ТІе ма гІерта! ТІе ма гІерта! Ас герз тухур душуна, – юла а юьйлина, ахтомат ХІаваилан некха тІе лецира пазатан куй болчо.

Шен дагехь, цкъа мацах ХІарон дІавахча санна, цхьа шийла мох хаабелира ХІаваилна.
– Кху дагах-м кор даьлла хьуна, ахь и тохарх цецвала меттиг бац хьуна сан-м.
Уллохь лаьттачу, салтийн хорма тІехь йолчу вуткъалекхачу стага, куьйгаца схьа а лаьцна, охьаерзийра шен накъостан ахтомат:
– ХІара нах бакълуьйш бу, вай дІадаха деза.
Пазатан куй берг хІумма а ца олуш юхавелира. Вуткъа-лекхачо, маьждиг чу мохь а тоьхна, шайн накъостий аракхайкхира. Маьждиган кех арабевлла дІабоьлхуш, царах цхьамма схьа мохь туьйхира:
– Кхана-лама гІазкхий схьакхаьчча-м, тхох моз тарлур ду шуна.
Цунна дуьхьал цхьамма а хІумма а ца элира.
Уьш дІабахна нийсса кІира даьлча танканийн муцІарш гучуевлира, аре йолчу агІор, уьш юьртана ах го беш, аьрцнаш тІехула дІахІиттира. Ламанца йолу агІо мелла а маьрша яра, цуагІорЛакха-Варша а, Шуьйта а, Итон-Кхаьлла а дІаваха йиш яра.
– Эскаран юьхь чІогІа къиза хуьлу боху…Лахенца дукха адамаш дайина бехк а, гуьнахь а доцуш… Цундела нах Лакха-Варша а, кхечу ярташка а хьалабовла дагахь бу, оцу салтийн къизалла гІелъяллалц, – элира танканаш гучуяьллачушолгІачу дийнахь Іибадис.
– Шайн даго къобалдиннарг дан деза. Со, бакъдерг дийцича, соцур волуш ву, – элира ХІаваила.
ШолгІачу дийнахь, нах, могІа бинна, юьртах бевлира, цхьаберш гІаш, вуьйш тракторна тІаьхьатесначу салазаш тІехь (уьш дукха яцара – ялх, царна тІе баккхий нах а, цомгашнаш а, бераш а ховшийра).
Цхьаболчара бежнаш, уьстагІий дуьгура хьалха а лаьхкина, вукхара даьхни божалш чуьра ара а лаьхкина дитинера: кертахь мелла а докъар дара, хьуьнхахь бІаьллинго чІенигаш а яьхнера – мацалла лийр дацара.
Юьртахь соцуш иттех гергга стаг вара: Ауд, ЖагІаш
– шайн хІусамнаноща, Човка, эвлайистехь Іаш волу ишколан хьехархо Шадид, цуьнан зудаШайман, хІара,
ХІаваил…
Шен хІусамнана а, йоІ а дІаяхийтира цо; Белисат юхагІертташехь: «Юучу хІуманна хІун дийр ду ахьа?»
– Хьо ялаяле айса диннарг – ма дукха Іийна со, зуда а йоцуш… Шуна шаьш ца хилча дуьне духур ду ма моьтту, – бегаш бира цо, доггах вела а луш.

И иштта ойла екъаелла гича, мелла а сапаргӀатделира Белисатан, хӀара йоӀ нахаца дӀаяхнехьара шен ненада волчу, иза соцур яра, амма йоӀ дуьхьалъелира, шуьшиъ дитина гӀур ма яц ша аьлла. Ткъа кхиъна йогӀучу йоӀана кхерам бӀозза сов алсам бу, и ларъян еза…
Юьртах бовлучу нахах дукхахберш ХӀаваилна тӀеоьхура: «Тхан цӀийнах бӀаьрг тохалахь, тхан даьхнийн Ӏуналла делахь…» Кхуо дика ду олура, шен ойла йоллушехь: «Дийнна юьртан доладан кхуьнан хӀун ницкъ кхочур бу?..» Амма и ойла нахе юьйцуш, церан шеца йолу дегайовхо ца йохайора цо.
Оцу тӀуьна шело лаьттачу кхоьлинчу дийнахь юьртах даьлла адам, яккхийчу тоьпаша тӀехула хӀоьънаш детташ, кеманаша уллохь бомбанаш а кхуьйсуш, цхьа
Делан къинхетам хилла лазийний, вийний стаг воцуш, Лакха-Варша чукхечира.

**18**

Юрт цхьана кӀирнахь, даьхнийн Ӏехарш ца лерича, гӀар-гӀовгӀа йоцуш, елча санна Ӏуьллура. Ах гуо бина лаьтта эскар, юьрта чударжа ца хӀуттуш, наггахь шех цхьа дакъа танканашца, бронемашенашца хӀун духьовса, урамашка хьажош(иза, юьрта чудӀаса герзаш а кхуссий, хахкалой, юхадоьдура), кӀиранах сов лаьттира.
ТӀаккха чудаьржира, тӀекхаьчна бежана а, уьстагӀ а буьйш, чохь шайн бӀаьрг тӀехь сецнарг дӀахьош, йиснарг йохош, наггахь, хазахета санна, цӀе тосий цӀа а дагош…
ХӀаваилна хаьара оцу бӀона дуьхьал даккха шен хӀумма а доцийла. Юьрта чохь висначу бархӀ стагах, Къуръан деша хууш ялх вара. Цара сахьташца йийкъира дийнан-буьйсанан хан. ХӀоранна а диъ сахьт кхочура. Шена кхаьчначу деа сохьта чохь, хаддаза Къуръан деша дезара хӀорамма а. ХӀаваила шена буьйсанна шийтта сахьт даьлча Ӏуьйранна диъ даллалц йолу хан ийцира. Диъ даьлча, шийтта даллалц Къуръан деша дезаш ЖагӀаш а, цуьнан хӀусамнана а дара. Царал тӀаьхьа – Ауд а, цуьнан хӀусамнана а, тӀаккха – Шадид.
Юьртахь биснарш шайн чуьра ара ца бовлуш,
Къуръан доьшуш, Далла Ӏамал еш, доӀанаш деш Ӏара, хӀинций-хӀинций шайн наьӀаре хӀотта тарлучу ницкъана дуьхьал хӀотта сица, дагца кечам беш.
Эскар чудаьржина кхо де даьлча, дийнан делккъехь
Човке мохь белира, хӀара дуьне Ӏадо санна:

– Ва-а, орцадала! Ва-а, орцадала!
Хьаьдда вахна ХIаваил, ирчачу суьртана тIеIоттавелира.
Човкин цхьаъ бен боцу етт оьзна вогIуш цхьа салти вара, вукхо, етт тIехьара тIелоллуш, наг-наггахь аьттан букъа тIе, гIаж санна, ахтомат а еттара.
Етт дIа ца бигийта гIерташ, царна дуьхьал лелхаш, мохь хьоьккхуш, шен хирг деш Човка а йоллура. Цунна тIе автомат хьежош, кебертехь лаьттачу салтичо мохь хьоьккхура:
– Ас юьйр ю хьо! ДIаяла! Юьйр ю!
– Накъостий салтий! Салтичун сий стенна дойу аш?
Шу кхуза баккхийчу нехан бежнаш даа аьлла дахкийтина? – мохь туьйхира ХIаваила.
ХIара цIеххьана гучуваьлча, воьхначу салтичо муш дIа а хецна, етт, бедда кех а баьлла, хьуьнчохь къайлабелира.
Кебертехь лаьттачу салтичо (иза эпсар волчух тера дара) мохь туьйхира вукхушинга.
– Пенаца дIахIоттаве иза! Бандиташ берриш а дIабахна ца хилла.
Шина салтичо, вигна пенаца дIахIоттийра ХIаваил.
– И къена гIам а цунна юххе дIахIоттаде!
Човка а кхунна юххе дIахIоттийра, лаьтта ког ца кхочуьйтуш, ядийна, ялийна.
– Ткъа хIинца, хьовсий, кху юьртахь шайна карош верг а валош, схьавола! Катоххий!
Амма цу шиннан дIаваха а ца дезаш, хьалхабаьхна балош нах а болуш, кхин кхо салти а тIехIоьттира.
– ХIорш а хилла тIаьхьабисна…
– Пенаца! ДIахIиттаде бандитийн дай-наной…
Човкиний, ХIаваилний юххе дIахIоттийра Ауд а,
ЖагIаш а, церан хIусамнаной а. Шадид, Шайман ца карийнчух тера дара.
– Къуръан дешар юкъах ца дисна хьуна вайн, – элира ЖагIаша, ХIаваилан лере а таьIна, – со дагахь доьшуш вухьуна.
ХIаваил велакъежира.
– Пенехьа дIадерза! – мохь хьаькхира эпсаро, маларо хьеребина бIаьргаш а къерзош.
Амма цхьа а меттах ца велира.

– Ас дӀадерза ца боху шуьга! – адамийн кортош тӀехула герз тоьхна, кӀайчу пена тӀехь луьстта Ӏуьргаш дехира эпсаро.
– Ахь тхуна тӀе мохь а ма хьекха! И лаьттарш хьан дедайн хеннара хир бу, ткъа со – хьан ден хеннара.
Къена нах а ца хьийзош, хьуо стаг велахь соьца юьстахвала – один на один![109] – чӀоггӀа элира ХӀаваила.
– Хьа-хьа-хьа, – цхьа вуо велавелира эпсар. – Рыцарийн зама дӀаяьлла дукха хан ю. Хьо тӀаьхьависна шина-кхаа бӀешарна. Отвернись, Дон-Кихот хреновый![110] – юха а тӀехула герз кхоьссира эпсаро.
Амма ХӀаваил, хӀун леладо билггал шена а ца хууш, эпсарна тӀеволавелира.
– Саца! Саца ца боху ас!
ХӀаваил соцуш вацара. Герз делира. ХӀаваилна шен коьртехь цхьа шело хааелира. Куьг Ӏоьттича, куй бацара. Иза лай тӀехь Ӏуьллура, лакха маьӀӀехь ахтомато даьккхина Ӏуьрг а гуш.
«Дагах Ӏуьрг даьллачо, куйнах Ӏуьрг даккхар а ловр ду…ХӀумма а дац», – ойла еш, охьа а таьӀна, куй хьалаийцира ХӀаваила.
Эццахь Човкас мохь хьаькхира, массо а гӀовгӀа къаръеш:
– Советски салтий! Орцахдовла! Бандитех кӀелхьардаха тхо! Орцадала! КӀелхьардаха! Спасите![111]
Эццахь шина броневика тӀехь баьхкина, ткъех гергга салти схьахӀоьттира. Уьш машенаш тӀера охьа а лелхаш, кертарчу салташна го бинна дӀахӀиттира.
ТӀебаьхкинчех коьртачо а, бухарчу эпсаро а чӀогӀа кӀоршаме къамелаш дира, вовшашна чучча а гӀерташ, герзаш а дулуш, чаппахаш дӀаса а етташ.
Эххар а бухарнаш, шайн эпсар хьалха а волуш кех бевлла, эвла йистехьа бахара.
– Бехк ма билла! КхидӀа кхерам бац шуна, со кхузахь мел ву! – аьлла тӀевеана эпсар а дӀавахара, шен салтий а эцна. Бронемашенийн гӀовгӀанах юьзира юрт.
ТӀаккха и гӀовгӀа, генайолуш, генайолуш, дӀаяйра.

**19**

БӀаьстенан хьалхара бутт юкъал тӀехбаьлча, цӀа бирзира юьртах бевлла бахнарш.

– ТIамна хьалхара а ца уьдуш, буха а сецна, тIом тIехбалийтар гIоле ю, – элира Iибадис.
Юьртара дахар чIогIа сингаттаме а, таьIна а дара.
Кест-кеста вонаш догIура: бежнашна тIаьхьавахна хьенех тIепаза вайна, эвла йисте ваьлла минех мини тIехь иккхина, кхозлагIниг – йоккхачу тоьпан хIоьан гериг кхетта лазийна, воьалгIаниг – дог иккхина велла, ялхалгIачунна коьрта чу цIий хьаьдда… Зуламаш, бохамаш, вуонаш…
Дийнера де мел долу тIебазлуш кхин цхьа сингаттам а бара: юьртахойн дама а, ахьар а дIадолуш дара.
Бакъду, ахьар дан хаьжкIаш яра, амма юьртахь а цхьаъ бен йоцу, ахка тIехь йина хинхьера, стиглара чу ракеташ тоьхна (и хьанна новкъа хилла-м ца хаьа..), йохийнера. Дийнера де мел дели мацаллин кхерам бара тIебазлуш…Юьртахь цхьа кохьар карийнера, ЖагIаш волчохь… Цу тIехь хьаьжкIех жарж бοккхура наха, рогI-рогIана. Жоржах худар дора.
ХIаваил хьалха а ваьлла, юьртана гобиллинчу эскаран хьаькимашна тIевахара юьртара масех стаг, ялта да лахенца охьадахийтахьара шаьш, гIийла хьал ду шайгахь аьлла.
Некъашмаьрша дац, новкъа довлахь хIаллакьхир ду шу, шайн ерг яа а юуш, сатоха, элира вукхара.
И къамел хилла кIира дузуш, адам эвлаюккъе хьаьдира: «Дама деана, дама деана», – бохуш, вовшашка кхаьънаш а дохуш.
– Уой, Дела реза хуьлда цунна! Мила ву техьа вай, мисканаш, дагадаьхкинарг?
– ХIаваилан кIант ву боху.
– Дела реза хуьлда цунна, хIокху халчу хенахь вайна орцахваьллачу.
– ХIаваила и дIавоьллинехь а, оцу кIанта хаа-м хаийти ша дийна вуйла…
– ВаллахI, цхьа киртиг тIекхаьчча хаа-м хаьа, мила мила ву…
– Дукха ахча дайина боху цо, кхуза шена ван бакъо йоккхуш, эскархошна тоьлуш.
– Дала шен дуьхьа дойла оцу кIанта лелориг!
Иштта дешнаш хезара эвлаюккъе йоьдучу Белисатна, шен кIантах лаьцна. Уьш цунна дуьненчохь болчу массо а мукъамел а хаза мукъам бара, цо доккха зен хуьлуьйтур дара уьш кIентан дена хазийта.

ХIинца, наха иштта мах хадийча мукъна а, дог дасталур дац техьа цуьнан?Цу хаттарна жоп диканиг хирг хиларх дегайовхо кхоллаелла, шена кхаьчна ши ведар дама а дохьуш, кIантаца дукха тIекеръяьлла къамелаш деш хье ца луш, хьаьдда чу еара Белисат, Айзан шен вешица а йитина.
– Суна кхин ца кхечи, – элира цо ХIаваиле, ши ведар дама уча охьа а хIоттош. – Ши-кхо де даьлча вуха а вогIур ву ша боху. Кхин а дама а, шекар а дохьуш.
ХIаваила хIумма а ца элира. Ца элира, хьалха маалара: «Веллачу стага муха…» Иза дика билгало яра, доккха хазахетар а дара Белисатна. Цуьнан бIаьргаш хих дуьзира.
Масех де даьлча, юха а веара ХIарон юьрта, ялта а, шекар а дохьуш. Цига яхна чу еъначу Белисте ХIаваила элира:
– Чу стенна ца кхайкхи ахь цуьнга?..
– Ахь хIун эр ду ца хууш…ДIавахаза вац техьа, нана яларг, – бIаьрхиш оьхуш арахьаьдира Белисат.
Амма, юьртах йолуш йоккха кира кхоьхьу машен а гина, чуйирзира иза, дог доьхна.
– ВухавогIур ву аьлла цо, цхьа кIира даьлча, – элира цо майрачуьнгачул сов ша-шега. – ТIаккха чукхойкхур ву…
Амма ХIарон юьрта ца вогIуш кIира а тIехделира.
ХIаваил, цкъа мацах кIант деша вахча санна, сагатдан а велира. Цхьана буса сатоссуш, цхьа тамашийна гIан гира цунна. Дуккха а нах бара кхунна гобинна лаьтташ…
Царна юккъехь кхуьнан дай-наний а дара. Нахана юккъехь пазатан куй болу тIемало а вара, вела а къежаш, кхунна тIе пIелг а хьежош, цхьаъ гойтуш, шена уллохь лаьттачунна – и мила вара? ХIаъ, топ тоьхна, кхуьнан куйнах Iуьрг даькkхина эпсар ву-кх иза. ХIун гина теша кхарна суна тIехь?Шен дегIа тIехула охьа бIаьрг тоьхча, цунна го шен дог долчохь буй биллал доккха кор…
Цу корехула стигал а го, мархаш а йолуш, шийла мох а хьоькху. Кхуо даг тIе куьг дуьллу, мохо чуийзадо куьг…
ТIаккха ХIарон го, жима ХIарон, ТIайбас цхьана можа месаш йолчу кIантаца хьалхаваларех уьдуьйтуш: цкъа
ХIарон сацавой, и кIант хьалхаволуьйтуш, юха…
Самаваьлча, оцу гIенан халонна гIатта ца луш, дикка Iиллира ХIаваил меттахь. ТIаккха хьалагIаьттина, кечам а бина, Iуьйр-ламаз дира, цкъа

хьалха – суннат а, тIаккха – парз а. Юха дехха доIанаш дира, беллачарна гечдар а, шаьш зенах-зуламах лардар а доьхуш, эхарт а, дуьне а шайн декъалдахьара бохуш.
ТIаккха серладаьллачу коре а хиъна, Къуръан дийшира. Мел белира. Белисат, гIаьттина хааелча, чу кхайкхира.
– Белисат, вала санна, хала ду безачех къастар а ловш, ваха а…
– И стенна боху ахь?
– ХIуъу тIекхачахь а, хьо собаре хила еза дела, ойла
Далла тIе а ерзийна.
– ХIун хилла вайна?..
– Цхьа вуо гIенаш гина суна…
– Дала диканиг дойла… ХIун гIенаш?
– Уьш дийца а ца лаьа суна. ДоIанаш а де, сагIийна хIума а луо.
Дикка де делира, Белисат сагIийна дала чIепалгаш деш йоллуш. Малх кхетта, къегина де дара. Басеш сенъелла йогIура, юкъа-кара можа зезагаш а гора.
Делкъахан хуьллушбаьхкираюьртара нахХIаваилан кетIа, хьалхаваьлла ЖагIаш а, Ауд а волуш. Лоьрийн айъоргана тIе а виллина, юьртарчу кегийчу наха вохьуш ХIарон а вара.
– Юьрта йистехь сецна лаьтташ машен а гина, и йола ца луш ехха лаьттича, тIедахна хьаьвсира тхо.
Чохь дIавоьжна Iуьллуш ву…Автомат кхеттачух тера ду… Сийсара маьркIажехь хиллачух тера ду… Эвла йистехь герзаш дуьйлуш хезира суна… Блок-постехь тIех а валийтина, юха тIехьара тIе герз тоьхна… Вайна дама а, шекар а дохьуш, вогIуш хилла миска.
Iибадин аз цхьана генара схьахезира, цхьа лазамечу, дуькъачу дахкарлара, я иза цунна гIенах хезара?
ХIарон кечвеш делкъал тIаьхье елира. Юьртара массо а: жима а, воккха а – веара кешнашка, «цхьа иттех стаг а тоьар ву, кешнашкахь дукха адамаш гулделча, кеманаша тIе герз тухушметтигаш а хилла», – ХIаваила шайга боххушехь.
ХIарон дIавоьллина девлча, цуьнан кошан борза юххе дIа а хIуьттуш, наха тоьшаллаш дора, кхелхинчун комаьршалла, догцIеналла, доьналла хьехош… Тоьшаллаш дахделира, хIоранна а лаьара вистхила. Амма
Ауда:

– Тоьар ду хIинца! Дика тоьшаллаш ду! ХIинца дIадерза, Дела реза хуьлда шуна… Ламазан хан а ю тIекхаьчна, – аьлла, совцийра уьш. Адам, меллаша доладелла, кешнийн кертара араделира.
ЖагIаш сацавелира ХIаваилна уллохь.
– ХIаваил, ткъе вуьрхIийтта чоьхьара гергара стаг лаьтте верзийна ас… Лан хала хIумнаш ду хIорш…
Хьуна кхин а чIогIа хала дуйла а хаьа суна, шен доьзалхо шозлагIа дIаволлар доккха хIума ду.
– ХIан-хIа, дуьххьара хала дара…хIинца иштта хала а дацара…
– ХIаъ, хIаъ…Кхета со…Дала ийманца собар лойла хьуна, ХIаваил, Дала ийманца собар лойла, – ЖагIаш а дIаволавелира.
ХIаваил дикка лаьттира, юьртахой некъаца долчу дитташ тIехьа къайлабевлча а, чубуза лахбелла малх аьрцнаш тIе хIотталц.
Дагахьбалламаша хорам бинера легашкахь. Амма уьш генабаха безара. ХIунда аьлча, кхуьнан кхидIа а ваха дезара. ХIарон-м ведда чекхъиккхи цу новкъахь.
Оццул нахе тоьшаллаш дойтуш, дIаваха, кхул хьалха а ваьлла. ХIара хIинца а дIаэха деза цу новкъа. КIентан доьзал а схьабало беза. ХIокху зудчунна синтем а хир бу… ХIара хьовр-зIовр дIа а дерзийтина, схьабалор.
АлхьамдулиллахI, Далла бу-кххастам! Доккха хIума ду-кх уьш хилар а.
Хьакъикъат[112] дан деза цу шинна тIера… ХIаронна дагадеъна хир дац иза. Кхин шена хIума ца
Iамадойтуш, дIаваха. Еха хан яккха веана а ца хилла.
ХIаваил, кертал ара а ваьлла, цIехьа волавелча, кеманаш девлира стиглахь гучу…
Уьш стигал этIош, аьрцнаш тIе бомбанаш етташ, карзахе хьаьвзира. Когаш кIелара латта дегадора герзийн ницкъо.
ХIаваила тидам а ца бора цуьнан, гонах лаьттачун: стигал къекъаран а, латта дегоран а. Цуьнан дагчохь дуьненнал боккха лазам бара, цуьнца цхьаьна цхьа тамашийна синтем а хаалора. И лазам а, и синтем а ловш, ХIаваил дIавоьдура.
Ког бай-й баккха безара, хIунда аьлча некъ Iома тIехула дIабоьдура. Амма мохь беза бара, дуьненчохь вахар а мохь базбалар хиллера, мел чIогIа шершина чекхвала гIоьртича а, мел чIогIа хIума тIехтилийта хьаьжча а, кхуьнан белшаш тIехь, даг тIехь Iилла цхьа йозалла ца

юьтуш чекх ца долура цхьа а шо… Дех, ненах къастар, юха Кесира, юха хIара юрт, цкъа кхунах
Iовдал, юха хьерваьлла стаг, хIинца тхьамда ван гIерташ, коча еана хIара юрт, хIара цхьа а къастам боцу адам, хIара кIант, хIара тIом… Хене валлал хьанал рицкъа доккхуш, Далла Iамал а еш, маьркIажехь бода болар а, сатосуш и зарзбалар а тергалдеш, бIаьста гIа даларан а, гурахь и дожаран а тидам беш ваха ца вуьту хIара карзахе зама…И дерриге а дара болар дохош, ког бакkхар даздеш. Амма цхьана мIаьргонна а саца йиш яцара, сацахь, бух боцчу
Iаьржачу Iома чугIур ву– ткъа цигахь хIун хир духьанна хаьа? Цундела, цу Iома тIехула шершина дIаваха везара, шен некъ а эцна, иштта дIаоьхуш, цу некъах ца туьлуш, чекхвала.

# Заметки

[←1]

Дийцар яздина 1974 шарахь. Дуьххьара зорбатоьхна «Біаьстенан хиш» (Соьлжа-гІала, Нохч-ГіалгІайн книжни издательство, 1977 ш.) цІе йолчу авторийн юкъарчу гуларехь.

[←2]

Яздина 1974 шарахь. Дуьххьара зорбатоьхна «БIаьстенан хиш» цIе йолчу гуларехь.

[←3]

Мурай байина корта – иштта цIе йолуш меттиг билггал йолуш ю варандой баьхначу махкахь, Сорота цIе йолу юрт хиллачохь. – (15 агIо).

[←4]

А. Сулеймановн «Ламанан хьостанаш» стихотворени тIера. – (16 агIо).

[←5]

Яздина 1975 шарахь. Дуьххьара зорбатоьхна 1977 шарахь «БІаьстенан хиш» цІе йолчу гуларехь.

[←6]

*ЦIесай* – нохчийн цхьана тайпанан боккъал а йолу цIе. «ЦIеса»боху меттиг ламанца Шаройн кIоштахь ю. Кхузахь дуьйцург автора шеггара кхоьллина ду, исторехь хилла хIума дац. – (22 агIо).

[←7]

Яздина 1975 шарахь. Дуьххьара зорбатоьхна «БІаьстенан хиш» цІе йолчу гуларехь. ШолгІа арадаьлла авторан дуьххьарлерчу «Десачу цІа чохь буьйса» (Соьлжа-гІала, Нохч-ГІалгІайн книжни издательство, 1983 ш.) цІе йолчу жайни тІехь.

[←8]

Нохчийн халкъан йиш. Иштта, йоIий, кIантий дуьхь-дуьхьал лоькхучу эшарийн жанр дикка кхиъна ю нохчийн фольклорехь. – (41 агIо).

[←9]

Iаьржа-Хожа, Маьлх-Аьзни, ЧингIаз – нохчийн фольклоран турпалхой. – (42 агIо).

[←10]

Бешто, Бусана – Бадуев СаьIидан «Бешто» повестан турпалхой. – (42 агIо).

[←11]

Яздина 1976 шарахь. Дуьххьара зорбатоьхна «БІаьстенан хиш» цІе йолчу гуларехь.

[←12]

Ромео, Джульетта – В. Шекспиран трагедин коьрта турпалхой. – (44 агIо).

[←13]

«Алссам ягош долу бIаьрхьажарш» (оьрс.) – (46 агIо).

[←14]

Яздина 1976 шарахь. Дуьххьара зорбатоьхна «Орга» альманахехь (№ 2, I977 ш.). Цул тIаьхьа арадаьлла «Десачу цIа чохь буьйса» гуларехь.

[←15]

Дуьххьара зорбатоьхна «Орга» (№ 1, 1978 ш.) альманахехь. Цул тӀаьхьа иза араделира «Десачу цӀа чохь буьйса» гуларехь.

[←16]

«О, Іалам!» (оьрс.) – (68 агІо).

[←17]

«ЭхI, хьо исбаьхьалла!» (оьрс.) – (69 агIо).

[←18]

«Эхьцахетарг!» (оьрс.) – (70 агIо).

[←19]

«Бехк ма билла» (оьрс.) – (70 агIо).

[←20]

Яздина 1977 шарахь. Дуьххьара зорбатоьхна «МаьркIажехь дитташ» цIе йолчу гуларехь.

[←21]

Яздина 1978 шеран 21 майхь. Дуьххьара зорбатоьхна «Десачу цIа чохь» бохучу сборникехь. ШолгIа зорбатоьхна «МаьркIажехь дитташ» (Соьлжа-гIала, 1989 ш.) жайни тIехь. Оьрсийн маттахь арадаьлла «Литературная учеба» (№ 6, 1984 ш. Гочдархо – Н. Сгарченко) журналехь а, «И муравейник не разрушай» (Москва, «Молодая гвардия», 1990 ш.), «Ночь в пустом доме» (Москва, «Современник», 1991 ш. Гочдархо – Ю. Доброскокин) жайнаш тIехь а.

[←22]

Яздина 1980 шарахь. Дуьххьара зорбатоьхна «Десачу цIа чохь буйса» гуларехь.

[←23]

Яздина 1978 шарахь. Дуьххьара зорбатоьхна «Десачу цIа чохь буьйса» гуларехь.
Оьрсийн маттахь арадаьлла «Ночь в пустом доме» (гочдархо – Н. Крылова) жайни тIехь.

[←24]

*Мах* – кIайн чкъор долу довза (дечиг). – (112 агIо).

[←25]

*Йиппар* – хаза хьожа йогIу буц. – (117 агIо).

[←26]

Яздина 1974 шарахь. Дуьххьара зорбатоьхна «Десачу цӀа чохь буьйса» цӀе йолчу гуларехь.

[←27]

Дикаев Мохьмадан байта юкъара. – (118 агIо).

[←28]

Нохчийн халкъан илли юкъара. – (122 агIо).

[←29]

«Алссам темаш» (оьрс.). – (124 агIо).

[←30]

КАМАЗ, БАМ – Советан Iедал долуш хилла бакkхий белхаш: Камски машенашъяран завод, Байкало-Амурски магистраль. – (124 агIо).

[←31]

Яздина 1980 шарахь. Дуьххьара зорбатоьхна «Десачу цIа чохь буьйса» гуларехь.

[←32]

Яздина 1978 шарахь. Дуьххьара зорбатоьхна Шуьйтарчу «Ленинхо» газетехь (1980 ш.). Арадаьлла «Десачу цIа чохь буьйса», «МаьркIажехь дитташ» (Соьлжа-гIала, Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1989 ш.) цIераш йолчу книгаш тIехь. Оьрсийн маттахь арадаьлла «И муравейник не разрушай…» (гочдархо – автор), «Ночь в пустом доме» (гочдархо – Н. Крылова) жайнаш тIехь.

[←33]

Яздина 1980 шеран июль баттахь, арадаьлла «Десачу цIа чохь буьйса» гуларехь. Цул тIаьхьа «МаьркIажехь дитташ» жайни тIехь а, «Бiе эзар дика гIуллакх» (Нальчик, 2002 ш.) гуларехь а. Оьрсийн маттахь зорбатоьхна «Грозненский рабочий» (1981 ш.) газетехь а, «Костер» (№
12, I983 ш.) журналехь а, ткъа ишта «И муравейник не разрушай…»
(гочдархо – автор), «Ночь в пустом доме» (гочдархо – Н. Крылова) гуларшкахь а.

[←34]

Дуьххьара зорбатоьхна Шуьйтарчу «Ленинхо» (1981 ш.) газетехь. Арадаьлла «Десачу цIа чохь буьйса» гуларехь.

[←35]
Яздина 1983 шарахь. Изза сюжет а йолуш, пьеса язйира авторо 1977 шарахь. Иза нохчийн театран исбаьхьаллин Советехь еша а йийшира. Пьесин текст яйна ю 1978 шарахь. Иза кхин юха метта а ца хIоттош, оццу сюжетана дийцар яздира авторо. Дуьххьара зорбатоьхна «Десачу цIа чохь буьйса» цIе йолчу жайнехь, шолгIа – «МаьркIажехь дитташ» гуларехь. Оьрсийн маттахь арадаьлла «Ночь в пустом доме» (гочдархо – Ю. Доброскокин) жайни тIехь.

[←36]

*Цхарйоьлла* – тишъелла, зарзъелла. – (171 агIо).

[←37]

*ТОЗ* – товарищество по обработке земли (оьрс.) – латталелоран юкъаралла. – (177 агIо).

[←38]

Яздина 1977 шарахь. Зорбатоьхна «МаьркIажехь дитташ» гуларехь.

[←39]

Оцу кицан хьалхара вариант язйина 1980 шарахь. ХIеттехь Шуьйта районан газетехь ара а елира иза. Цуьнан буха тIехь, керла текст а язйина, 1997 шарахь автора видеофильм яьккхира «V канал» телестудехь (Соьлжа-гIала).
И текст «БIе эзар дика гIуллакх» гулара юккъе а яхара. Иштта цунна зорбатоьхна «Орга» журналехь а (№ 1, 2005 ш.).

[←40]

Дийцар яздина 1981 шарахь. Дуьххьара зорбатоьхна Ачхой-Мартанан районан «Иман» газетехь 2001 ш. 27 августехь (№ 11 [6424]). ШолгІа зорбане даьлла «Орга» журналехь (№ 3, 2005 ш.).

[←41]

Яздина 1984 шарахь. Дуьххьара зорбане даьлла «Орга» альманахехь (№ 3, I984 ш.). Цул тIаьхьа иза араделира «МаьркIажехь дитташ» гуларехь. Оьрсийн маттахь арадаьлла шозза: «И муравейник не разрушай» (гочдархо – автор), «Ночь в пустом доме» (гочдархо – Н. Крылова) жайнаш тIехь.

[←42]

Яздина 1986 шарахь. Дуьххьара зорбатоьхна «МаьркІажехь дитташ» гуларехь. Оьрсийн маттахь арадаьлла «Ночь в пустом доме» (гочдархо – Н. Крылова) книгехь.

[←43]

Яздина 1987 шарахь. Дуьххьара зорбатоьхна «МаьркIажехь дитташ» жайни тIехь. Цул тIаьхьа арадаьлла оьрсийн маттахь «И муравейник не разрушай» (авторан гочдарехь), «Ночь в пустом доме» (гочдархо – Н. Крылова) книгаш тIехь.

[←44]

Яздина 1987шарахь, хIеттахь зорбатоьхна «Ленинхо», «Ленинан некъ» газеташ тIехь. Арадаьлла «МаьркIажехь дитташ» жайни тIехь. Оьрсийн маттахь арадаьлла «И была весна» (Соьлжа-гIала, 1991 ш. Гочдархо – А. Магомедов) цIе йолчу юкъарчу гуларехь.

[←45]

Яздина 1983 шарахь. Дуьххьара зорбатоьхна «Орга» альманахехь (№ 1, 1985 ш.), тIаккха «Сатоссуш седачий довш» (Соьлжа-гIала, Нохч-ГIалгIайн книжни издательство, 1986 ш.) цIе йолчу жайнехь. Иза иштта арадаьлла «МаьркIажехь дитташ» гуларехь а. Оьрсийн маттахь зорбатоьхна «И муравейник не разрушай» (авторан гочдар), «И была весна» (гочдархо – И. Окаров), «Ночь в пустом доме» (гочдархо – Н. Крылова) цIераш йолчу гуларшкахь.

[←46]

Яздина 1988 шарахь. Изза цIе а йолуш, оццу сюжетана пьеса язйира автора 1987 шарахь. Иза хIоттийра «Аз» театр-студис 1990 шарахь. Дийцар дуьххьара арадаьлла «МаьркIажехь дитташ» жайнехь. Оьрсийн маттахь арадаьлла «Ночь в пустом доме» (гочдархо – Н. Крылова) гуларехь.

[←47]

Яздина 1983 шарахь. Дуьххьара зорбатоьхна «Орга» журналехь (№3, 1984 ш.). Арадаьлла «Сатоссуш, седарчий довш» гуларехь. Авторо иза «МаьркIажехь дитташ» цIе йолчу романна юкъадахийтира, жимма хийцамаш а бина. Оьрсийн маттахь арадаьлла «И муравейник не разрушай» (авторан гочдар) гуларехь.

[←48]

Яздина 1984 шарахь. Дуьххьара арадаьлла оьрсийн маттахь «Ночь в пустом доме» книгехь (гочдархо – Н. Крылова). Нохчийн маттахь хIинццалц схьа зорбатоьхна дац. ТIаьхьо и дийцар «МаьркIажехь дитташ» романна юкъа дахара, цуьнан чаккхе а хилла.

[←49]

Яздина 1989 шарахь. Оццу шарахь арадаьлла «МаьркIажехь дитташ» гуларехь. Оьрсийн маттахь арадаьлла «И была весна» (гочдархо – И. Окаров) гуларехь.

[←50]

«Суна луур дац-кха вицвелла дІавижа. Амма…» (М. Ю. Лермонтовн стихотворени тІера). – (280 агІо).

[←51]

*Экхе* – талла. – (282 агIо).

[←52]

Яздина 1992 шарахь. Дуьххьара зорбатоьхна «Орга» журналехь (№1, 1993 ш.). Оьрсийн маттахь арадаьлла «Вайнах» журналехь (№ 2, 2004 ш. Гочдархо – М. Эльдиев).

[←53]

«Со сийлахь суртдиллархо ву!» (оьрс.). – (293 агIо)

[←54]

*Кхера* – тIулг. – (296 агIо).

[←55]

Яздина I993 шарахь. Дуьххьара зорбатоьхна «Орга» журналехь (№2, 1993 ш.). Оьрсийн маттахь арадаьлла «Вайнах» журналехь (№ 12, 2004 ш. Гочдархо – М. Эльдиев).

[←56]

Яздина 1992 шарахь. Дуьххьара зорбатоьхна «Орга» журналехь (№3, I992 ш.).

[←57]

Яздина 2001 шарахь. Арадаьлла «БІе эзар дика гІуллакх» цІе йолчу гуларехь.

[←58]

*Аьста* – метиг. – (319 агIо).

[←59]

Яздина 2003 шарахь. Зорбатоьхна «Орга» журналехь (№ 3, 2004 ш.) Оьрсийн маттахь арадаьлла «Вайнах» журналехь (№ 12, 2004 ш. Гочдархо – М. Эльдиев).

[←60]

*Туркх* – нахе тезета, сагIе, зихIарте кхайкха хаьржина стаг. – (322 агIо).

[←61]

*Омра* – де аьлла, тӀедуьллуш дерг; нехӀи – ма де аьлла, доьхкуш дерг. – (325 агӀо).

[←62]

*Тежвид* – Къуръан дешаран бакъо. – (327 агIо).

[←63]

*Жуз* – Къуръанан цхьа дакъа. – (327 агIо).

[←64]

*Жаз* – гIан цхьа курс. – (328 агIо).

[←65]

Яздина 2004 шарахь. Оццу шарахь арадаьлла «Орга» журналехь (№7). Оьрсийн маттахь арадаьлла «Вайнах» журналехь (№ 1, 2005 ш. Гочдархо – Э. Минкаилов). И дийцар французийн маттахь а арадаьлла 2005 шарахь (Париж).

[←66]

«Со СССР-н журналистийн Союзан декъашхо ву…» (оьрс.). – (337 агIо).

[←67]

«Хьо велара космонавт! Суна бен а дац! Яхийта!» (оьрс.). – (337 агIо).

[←68]

«…нагахь Нохчийчоь Россин субъект елахь, цуьнан гражданашна даха йолу бакъо ларъе…» (оьрс.). – (338 агIо).

[←69]

Хьалдолуш хир ву хьо (оьрс.). – (345 агIо).

[←70]

И кица яздина 1997 шарахь. Оццу шарахь цуьнан буха тIехь автаро видеофильм яьккхира «V канал» телестудехь. Дуьххьара зорбатоьхна «Орга» журналехь (№ 1, 2005 ш.).

[←71]

Яздина 2004 шарахь. Зорбатоьхна «Орга» журналехь (№ 1, 2005 ш.).

[←72]

*Омранат* – комендатура – (366 агIо).

[←73]

*Хамталла* – резавацар. – (367 агIо).

[←74]

Яздина 2004 шарахь. Зорбатоьхна «Орга» журналехь (№ 1, 2005 ш.).

[←75]

Яздина 2005 шарахь. Зорбатоьхна «Орга» журналехь (№ 1, 2005 ш.).

[←76]

«Маршалла, бехк ма билла, баркалла» (фр.). – (377 агIо)

[←77]

Кхузахь а, кхидIа а – Л. Абдулаевн стихаш. – (382 агIо).

[←78]

Яздина 2005 шарахь. Зорбатоьхна «Вайнах» журналехь (№ 2, 2005 ш.)

[←79]

Мониатораш – балхана тIехьовса хIиттийнарш. – (388 агIо).

[←80]

*Тилигар* – керла дош, телевидени бохучу маьIнехь. – (400 агIо).

[←81]

Язйина 1978 шарахь. Зорбатоьхна «Десачу цIа чохь» цIе йолчу сборникехь.

[←82]

*Пхьоьха* – хьалха заманахь юьрта юккъехь хилларг-лелларг дийца нах вовшахкхеташ хилла меттиг. – (446 агIо).

[←83]

Иштта цIе йолчу пьесин буха тIехь язйина 1985 шарахь. Оццу шарахь зорбатоьхна «Орга» альманахехь (№ 3). ХIетахь цуьнан цIе яра «Стагана анайист оьшу». ШолгIа араяьлла «МаьркIажехь дитташ» жайни тIехь. Оьрсийн маттахь зорбатоьхна «Ночь в пустом доме» (гочдархо – А. Смородина) гуларехь.

[←84]

ДIакхачий аш стаг! (оьрс.). – (479 агIо).

[←85]

*Кхалу* – жима рагIу, тховкIело. – (489 агIо).

[←86]

Язйина 1985 шарахь. Зорбатоьхна «Орга» альманахехь (№ 2, I986 ш.). Цул тIаьхьа араяьлла «МаьркIажехь дитташ» жайни тIехь. Оьрсийн маттахь араяьлла «И муравейник не разрушай» (авторан гочдар), «Ночь в пустом доме» (гочдархо – Ю. Добросконин), «Песня над Сунжей» (Дагестанан книжни издательство, 1988 ш. Нохчийн яздархойн прозин гулар. Гочдархо – Хь. Юнусов) гуларшкахь

[←87]

Диалектика. – (495 arIo).

[←88]

*ИгIа* – лакхахь (диал.). – (500 агIо).

[←89]

*МигIа* – лахахь (диал.). – (500 агIо).

[←90]

Язйина 1986 шарахь. Араяьлла «Орга» альманахехь (№ 3, 1987 ш.). ШолгIа зорбатоьхна «МаьркIажехь дитташ» цIе йолчу книги тIехь. Оьрсийн маттахь араяьлла «Ночь в пустом доме» (гочдархо – А. Магомедов) гуларехь а, «Вайнах» журналехь а (№№ 5-6, 2003).

[←91]

*Уьнхой* – гуннаш. – (519 агIо).

[←92]

*Межлис* – кхузахь: кхеташо. – (519 агIо).

[←93]

*МIаьмгалой* – монголаш. – (545 агIо).

[←94]

*Кхачвелла стаг* – массо а хIума нисделла оьзда стаг. – (553 агIо).

[←95]

*ХIуьрлаьIийн мехкарий* – ялсаманехь хинболумехкарий. – (553 агIо).

[←96]

*ХIонц* – мостагIашна тIе а летта, доккху дуьненан хIума. – (553 агIо).

[←97]

Язйна 2004 шарахь. Зорбатоьхна «Орга» журналехь (№№ 7-8, 2004 ш.). Оьрсийн маттахь зорбатоьхна «Вайнах» журналехь (№ 3, 2005 ш. Гочдархо – М. Эльдиев).

[←98]

*ТIайра* – хин дуткъа схьакхийсар. – (563 агIо).

[←99]

*Напха* – мутаӀеламашна наха лун яахӀума. – (569 агӀо).

[←100]

«– …Шина шинаро саций со…»– «И керланиг шун тайпанан тхьамда ву?» (оьрс.). – (587 агIо).

[←101]

«Цуьнан куй бу лекха, ша а ву чIогIа нисвелла…» – «…Иза тхан цIу ву» (оьрс.). – (587 агIо).

[←102]

«Музейн гойтург» (оьрс.). – (589 агӀо).

[←103]

«И хIун музейн гойтург ю?» (оьрс.). – (589 агIо).

[←104]

*Лувр* – Францин уггаре йоккха, Парижехь йолу музей. – (591 агIо).

[←105]

«Іаьрбойн эмир Омскан аренашкахь паргІатваьлла… Ас бийр бу цуьнан болх!» (оьрс.). – (594 агІо).

[←106]

«ДІаяханчу заманера хьаша» (оьрс.). – (606 агІо).

[←107]

*Сохьбаташ дар* – бусалба нах Далла Іамалъян вовшахкхетар. – (606 агІо).

[←108]

*Махьар* – ден, ненан бусалба динехь мах хилла хилар. – (633 агIо)

[←109]

«– …Цхьанна дуьхьал цхьаъ!» (оьрс.). – (638 агIо).

[←110]

«– …ДӀаверза, кӀовбецан Дон-Кихот!» (оьрс.). – (638 агӀо).

[←111]

«– …КIелхьарадаха!» (оьрс.). – (638 агIо).

[←112]

*Хьакъикъат* – бусалба динехь берана тIера сагIадоккхуш уьстагIна урс хьакхар. – (643 агIо).